ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОН

ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ИСТОРИ

4-æм чиныг

(ИРОН ПОЭЗИЙЫ ÆВЗИСТ ДУГ)

Сфидар æй кодта Республикæ Хуссар Ирыстоны Ахуырад æмæ фæсивæды политикæйы министрад

ЦХИНВАЛ 2014

83.3(2Рос.Сев)
Хъ–16

Зонадон редактор – Безаты Фаризæ,
педагогон зонæдты кандидат, ЦИПУ доцент

Р е ц е н з е н т т æ:

Битарты Маринæ – филологон зонæдты кандидат, ЦИПУ-ы доцент,
Асаты Наташæ – филологон зонæдты кандидат, ЦИПУ-ы доцент

Хъазиты М.
Хъ–16 Ирон литературæйы истори, 4-æм чиныг [Текст] (Ирон поэзийы æвзист рæстæг) / Хъазиты Мелитон – Цхинвал: Южная Алания, 2014 - … ф.

Казиты (Казиев) М.
История осетинской литературы. 4-ая книга

Казиев М. Р.

ФЫЦЦАГ СÆР

ÆВЗИСТ ТЫНТÆЙ БЫД ПОЭЗИ

Фæскъæвда хуры цæстæн æнæразынгæ нæй. Æртынæм азты кæд ирон нывæфтыд литературæ æмæ йæ разагътадæр астæуцæджынгтæ, зæгъæн ис, æгъатырæй дæрæн æрцыдысты Коцойты Арсен æмæ Нигерæй дарддæр; кæд «30-æм азты гуымиры критикæ рæзти, уымæл рæстæджы зокъотæ куыд зайынц, афтæ»,[1] уæддæр ирон литературæ йæ кæнон кодта. «Критикон «зокъотæ» уыдысты маргджын, хæрамхъæстæ æмæ фыццаг састой курдиатты хъару, фæстагмæ та æркодтой 1937 азы трагедимæ».[2] Адæймаг йæ ауунæй дæр тарст. Æмæ Хъодзаты Æхсар бæргæ раст зæгъы Джиоты Х. æмæ Хъыбызты Т. ирон поэттыл цъыфкалæн уацы[3] тыххæй: «Аивад вульгаризаци чи кæны, ахæм критикæ йæ койы аккаг дæр нæу, чи зоны, фæлæ замана уый у, æмæ йын «ма кæ» зæгъæг куынæ вæййы, уæд та иуахæмы ногæй йæ кæнон райдайы».[4] Уый æнаккаг адæймæгтæн сæ туджы ис. Уæддæр 30-æм азты тасæй дзыллæйы уæнгты баст райхæлдта Фыдыбæстæйон Стыр хæст. Литературæ фыццагау цардмæ акаст реалон цæстæнгасæй. Фæлæ культы дуг афтæ ныффидар адæмы ′хсæн æмæ ахъардта сæ туджы. Бирæтæ æнæ хъадамантæ нал фæрæзтой æмæ лæгмаræн кæрдтæ хастой алкæмæ дæр.

Фыдыбæстæйон хæсты фæстæ, уæддæр цензурæ кодта йæхион – сæрибаræй сулæфын никæй уагъта: «50-æм азты райдайæны рацыд политикон фыдæхы ног уылæн. Хъаймæт скодта истори, культурæ æмæ рæстдзинадыл. Урс фестади сау. Сырх цы нæ уыд, уымæн нал уыд уæвыны бар»,[5] – загъта Шамил. Æмæ ма йæм бафтауæн уаид: сырх цы уыд, уый дæр цæстцухты (дальтоникты) цæсты зындис сау.

---

[1] Джыккайты Шамил. Ирон литературæйы истори (1917 – 1956). – Дзæуджыхъæу, 2003. – 212 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] Æрыгон большевик, 1952. – 21 сентябрь.
[4] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 152 ф.
[5] Джыккайты Шамил. Ирон литературæйы истори (1917 – 1956). – Дзæуджыхъæу, 2003. – 205 ф.

Ходы Камал йæ зындгонд æмдзæвгæ «Гаджидау»-ы уый тыххæй фæстæдæр æргомæй зæгъдзæнис хъæлæсыдзагæй:

Мæймæбулкъау, кæмæн у йе сконд афтæ:
Йæ бакаст – сырх, йæ гуырдзон хъапп та – урс,
Уæддæр ма 'ндæртыл чи фæмысы даутæ –
О Уастырджи, дæ фыдæх сыл ныххуырс![1]

Критикон «зокъотæ» Ирыстоныл ногæй суадзынмæ хъавыдысты чъырын арт. Уыцы дымыстæрты фæндыд æмæ хицæутты цæстмæ сæ удæй арт цагътой (æмбыдæй цы хъуамæ ссудза?), цæмæй фыссæг нæ, дзыхæйдзурæг дæр мауал уыдаид. Уыдон æмæ ахæмты тыххæй Дзуццаты Хадзы-Мурат загъта: «Ирæттæй гуырдзиагау, уырыссагау кæнæ æндæйрагау чи фыста æмæ фыссы, уыдонæй дзæвгар ис ахъаззаг курдиаты хицæуттæ, фæлæ уыдон сты ирон адæмы иувæрсты цæуджытæ кæнæ ирон адæмы куынæггæнджытæ: се 'взаг сæ ферох уа, сæ культурæ бахуысса, сæ национ уидæгтæ бахус уой æмæ цадæггай суой гуырдзиæгтæ, уырыссæгтæ кæнæ æндæйрæгтæ. Ома, цæуой æнæмæлæтмæ нæ, фæлæ мæлæтмæ».[2] Хорз уыдис æмæ Компартийы XX-æм съезд 1956-æм азы фæуæгъд кодта фысджыты хъуыртыл æфтыд ауындзæн цасмтæ. Æмæ уæд чысыл сæрибардæрæй дзурыны бон фæци Плиты Грис, Гафез, Цæрукъаты Алыксандр, Джусойты Нафи æмæ ма сæм бафтауæн уаид цалдæр фыссæджы.

Фæлæ уыцы «сæрибар» дуг бирæ нæ ахаста. «Уæд нæм сталинон тас нæма банымæг, не уæнджы цы мигъ бадт, уый демократон дымгæ нæма фæхаста, нæ тоталитарон зондахаст æмæ психологийæ нæма схицæн стæм. Уæд нын хицауад цы кадавар сæрибар радта, уымæй, цыма, йæхæдæг фæтарст, æмæ йын бар-ænæбары цадæггай йæхи къухæй йæ хурх балхъывта»,[3] – уый тыххæй уыд Дзуццаты Хадзы-Мураты хъуыды. Фæлæ

[1] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 2 т. Т., 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 341 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 101 – 102 ф.
[3] Уый дæр уым, 153 – 154 ф.

Бестауты Гиуæргийы загъдау: «Нæ, зынгæй зынг зæгъæн нæй хуыстæй…»[1] («Стай зоопарчы»). Сæрибарæй чи ахæта, уый дурты бын куы бакæнай, уæддæр нал суыдзæнис фæдылцу, къæбæрахуыр урс уæрыкк.

Æниу, «идеологон зондамонджытæн» сæ бон нæ уыдис сæхиуыл фæхæцын. Фысджытæн зæндтæ амыдтой: «Мах афтæ нæ зæгъæм æмæ Ирыстоны тыххæй фыссæн нæй. Фæлæ Ирыстоныл фысгæйæ, ænæмæнг æвдисын хъæуы царды æцæгдзинад, социалистон Ирыстоны обрæз. Ирыстоныл фысгæйæ, поэт кæнæ фыссæг хъуамæ уый иунæгæй, иннæ адæмтæй, не стыр Фыдыбæстæйæ иппæрдæй ма ‘вдисой, фæлæ йæ æвдисой советон адæмы иумæйаг царды тыхджын уылæнты…»[2] Æмæ фæстæдæр нæ литературæйы классиктæ æмæ зындгонд журналисттæ чи систы, уыдон ахæмтæ кæм фыстой, уым иннæтæй цы хъуамæ домдæуа. Фæлæ их зæй фенкъуыст æмæ йæ бауромæн нал уыди.

Ивгъуыд æнусы 50-æм азты кæрон, 60-æм азты тæккæ райдианы ирон поэзимæ цы ног литературон, уымæйдæр, тынг курдиатджын фæлтæр æрбацыд, уыдон уайтагъд систон, сæ разæй чи цыд, уыцы хистæрты зарæг æмæ йæм дзыллæ фесты хъусыныл. Уымæн æмæ уæдмæ нал уыдысты барджын ныхасмæ хъусын ахуыр.

Хъынцъымгæнгæ, хауд зæрдæйæ афтæ чи дзырдта: «…цы стæм? Чысыл æмæ ænæбон»,[3] – уыдон фыдæнæн Козаты Исидор ныццæлхъ ласта йæ хъæлæсыдзаг:

Дунейы стыр цинау – нæ цин,
Фæлæ йыл ма кæн хахуыр.
Зæххыл куынæ цæриккой Ир,
Уæд уаид дуне къахыр!

(«Ды мын зæгъыс»)

[1] Бестауты Гиуæргийы. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 136 ф.
[2] Мамсыраты Д., Хъаныхъуаты В. Ирон поэтты иуæй-иу уацмысты идеологион рæдыдты тыххæй / Рæстдзинад, 1952. – 23 июль.
[3] Козаты Исидор. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989. – 45 ф.

Поэтæн Ирыстоны арæн у æнæкæрон. Уымæн æмæ: «Арвæрдæм – нæ къæбæр дæр, нæ цæхх», – æмæ уыцырдæм рæзæм. Фидарæй йæ уырныдта: «Адæмæн сæ зæрдæ у сæ барæн, Адæмæн сæ зæрдæ у сæ зæхх!..» Кæд афтæ у, – ууыл та мур нæ дызæрдыг кодта, – уæд, æрвылбон къахдзæфгай кæй бары, уыцы Иры зæххæн нæй кæрон: «Уæдæ ма цы фæхонæм ыстыр!» («Æмæ, дам, чысыл у…»). Ирыстон, кæмæй не ′фсæст, йæ уыцы зарæджы сæр ын уый охыл ссис. Боциты Барон куыд бæллыд: «Тæхуды, арвыйас уæрæх риу, Йæ мидæг хурыйас зæрдæ, Уæд дунетыл, мæ Ир, фæхæссин…»[1] («Республикæ»), – йæ цины зард. Исидорæн йæ бон уыдис афтæ загътаид æнæ гуызавæйæ.

Уый у, Фыдыбæстæйыл хицæнæй фыссæн нæй, хъуамæ йæ, зæгъгæ, уарзай æнæмæнг Советон Цæдисимæ, уыдонимæ йыл зарай, ома, æдылы лозунгтæ чи сидтысты, уыдон фыдæнæн, уыдон цыбырзонд хъуыдытæ ныххах кæнынæн æмæ сæ адæмы цæсты æфтауынæн. Уый хыгъд аивады кусджытæн сæ фæндæгтæ байгом сты стыр уацмыстæ фæлдисынæн. Гафез уымæн дзырдта: «Нæ фысджыты организаци у æнæниз, куыстхъом æмæ æндыгънæгæй кæнынц сфæлдыстадон куыст».[2]

37-æм азмæ аздæхыны сидджытæ уыдис, фæлæ, табу – Хуыцауæн, уыцы дуг нал уыд. Æнхъæл куыд уыдысты, ныфс сæ цæмæй уыдис, зæгъгæ, Ерыстау æлдар Хъуды комы сывæллæтты бæхтæй куыд банай кодта[3] («Арагуийы æлдар Нугзар»), афтæ Ирыстоны дзырдаивадыл ногæй тугзæй рауадздзыстæм, уымæй сæ фæсайдта сæ фын, кæд фысджытæн цъус хъыцъыдæттæ нæ дардтой, уæддæр. Иу лæджы культы дуг фæцис. Ирыстон бабын кæныны тыххæй Лаврентии Бериайæн йæ фæндтæ йæ хъуыры фæбадтысты. Ирон нывæфтыд литературæйæн ныллæууыд рæзыны рæстæг.

Æмæ, царды зæрдæдургæнæг фыдтæй дзæвгар бавзарæг, Дзаболаты Хазби фидарæй зыдта не ‘гъатыр дуджы мæнгард, тыхысæрылхæст, цъаммар митæ. Адæймаг цас æхсондурау ныффидар кæны йæхи, уый бæрц ыл

[1] Б о ц и т ы Б а р о н. Æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ. – Дзæуджыхъæу, 1958. – 18 ф.
[2] Г а ф е з. Ирон литературæйы æнтыстытæ æмæ дарддæры хæстæ // Фидиуæг, 1959. № 1. – 80 ф.
[3] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 231 ф.

стырдæр цæфтæ фембæлы рæстæджы зынг лæдзæгæй. Царды гауыртæ йæ фæхъавынц физонæг кæнынмæ. Фæлæ йын æнæзындгонд нæ уыд, поэтæн фæдисæй сонеты ‘лвæст дзырдмæ сидыны рæстæг ногæй кæй ныллæууыд, кæй нал ис фæстæ фæлæууæн:

Тызмæг у цард… Кæдмæ хъæдхъуыр трибунтæй
Кæнгæ дзырды цæнгæт уынаффæ хъуыса,
Зæхх йедзаг уа бынатагур тæппудтæй,
Æнæхъуыды куырмыты бын æнкъуыса,

Æмвæндаг уой рæстуд æмæ мæнгард, –
Æхсиддзæн туг, æндзæвдзæн кардыл кард![1]
(«Сонет»)

Фæлæ, табу – Хуыцауæн, кæд æхсарджын, рæстаг аивадон дзырды тыххæй нырма хъæдхъуыр трибунтæй поэттæ ирвæзт нæ уыдысты, уæддæр сæ уæхстытыл физонæг кæныны дуг аивгъуыдта, куыд загътам, афтæмæй. Æмæ цæугæ дон иу хатт йæ гæрæнты сæрты куыд акæлы, афтæ нывæфтыд аивад, кæд æппынæдзух нæ, уæддæр рæстæгæй-рæстæгмæ дзырдаивады удуæлдай дæсныты фæрцы хæццæ кодта ирон чиныгкæсæгмæ. Æмæ сæ уый алкæмæн дæр уыдис ныфсы хос.

Джусойты Нафи 1950-æм азы сидт ирон фысджытæм: «Нæ поэтты бирæ бакусын хъæуы æмдзæвгæйы арæзтыл, цæмæй фæрсаг мотивтæ арвистон ма кæной сæйраг хъуыдыйæ æмæ-иу адæммæ фæхæццæ уа авторы хъуыды æнæ дзæлгъæды ныхæстæй». «… нæ фысджыты се ‘ппæты дæр карз тох самайын хъæуы аивдзинады сæрыл»,[2] – фæлæ уыцы «тохгæнæг» йæхæдæг аив дзырд куынæ хата, йæ туджы йæ куынæ хæсса, уæд йæ сæрыл хъазуаты нæ рацæудзæн. Цæугæ дон йæхæдæг куыд сыгъдæг кæны йæхи,

[1] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 154 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 84 – 85 ф.

афтæ аив дзырд йæхæдæг тох кæны йæхи сæрыл. Йæхи хъаруйæ фæлæгæрды размæ, хуыздæр фидæнмæ. Ærмæст æй фæхъæуы рæстæг æмæ, кæм стох кæна, ахæм «быдыр».

Цы дыууæ дæсазы кой кæнæм, – 50-æм азты кæрон æмæ 60-æм азты райдайæн, – уæд уыдис ахæм рæстæг. Компартийы XX-æм съезды хæнтфæстæ Нафийы хъуыды бæлвырд уыд: «Нæ… фысджыты сфæлдыстады стæм ис ахæм уацмыс, ног æхсæнадон фарст кæм æвæрдæуы, царды ныхмæдзыдты искæцы ælхынцъ равдисын кæнæ райхалын кæм фæлвæрдæуы. Ныртæккæйы æхсæнадон цардыл фыст уацмыстæ нæм ис, фæлæ сын ис иллюстративон ахаст, ома, царды цы ног фæзынд стыхджын вæййы, уый хицæн нывтæй кæм æвдыстæуы, ахæмтæ. Аивадæй та ног фæзынд домы иллюстрацитæ нæ, фæлæ уый мидхиæдтæ æмæ миниуджытæ раргом кæнын, йæ нысаниуæг, иннæ фæзындты ‘хсæн йæ бынат равдисын, кæнæ та ног фæзынд, цалынмæ бæстон нæ рабæрæг æмæ стыхджын, уæдмæ фенын, равдисын æмæ йæ сæрыл рахæцын».[1] Фæлæ, критик цахæм уацмыстæ домы, уыдон цæмæннæ уыдысты æмæ, цы партийы кой кæны, уый нын, ахæм уацмыстæ чи фыстой, уыцы фысджыты кæй фæцæгъдын кодта, уый дæр ма куы загътаид, уæд уыдаид хорз. Фæлæ уæд фыццаджы тасæй ахæмтæ дзурæн нæма уыд.

Фæлæ уый афтæ нæ нысан кæны, раздæры фæндаг ирон поэттæ ферох кодтой, цæхгæр ныззылдысты реализммæ. Нæ поэтты хуыздæртæй иу, Бестауты Гиуæрги дзырдта: «Ирон адæм Ленинæн кæнынц националон хъайтары цыт. Нæ фольклоры Ленины зарджытæ иууыл æвæджиагдæр зарджытæм хауынц».[2] Æмæ йæ бæлвырд дæр кодта.

Стæй, Нафи цахæм уацмысты кой кæны, ахæмтæ Цæгат Ирыстоны ирон театр «Сосланыл»[3] истуг дыууæ спектаклы сарæзтой, дыууæйы дæр иумæ бацæттæ кодтон, æртæ хатты сæм æркастысты, цыппæрæм хатт æрæмбырд кодтой обкомы бюройы уæнгты, республикæйы хицауады æмæ

[1] Уый дæр уым, 170 ф.
[2] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Æнæаскъуыйгæ зарæг // Фидиуæг, 1959. № 11. – 71 ф.
[3] Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Ирон театр Давид-Сосланы тыххæй сæвæрдта спектакль Грисы пьесæ «Сослан Цæразон»-мæ гæсгæ.

æркастысты æмæ сæхгæдтой спектакль, нæ йæ бауагътой равдисын. ЦК, дам, ныртæккæ историон темæтыл спектаклтæ æвдисын нæ уадзы, сымах та, дам, дыууæ спектаклы бацæттæ кодтат. Гуырдзы, дам, Сосланы сæхи хонынц, стæй йæ æгæр тыхджын æвдисыс, а «нам дворцовые интриги не нужны» æмæ а. д. Загътой мын, рацараз æй тагъд æмæ йæ чысыл фæстæдæр сæвæрдзыстæм. Æз сын загътон, мæнæн ныр æндæр куыст ис, уымæ мæ нал æвдæлы!»[1]

Нæ литературæсафджытæ, йæ ныхдурæвæрджытæ нын æрымысынц троцкизмтæ, обкомтæ æмæ литературæйæн рагæй фæстæмæ тæрхонгæнджытæ свæййынц алы зæвæтыстъæрджытæ. Фælæ фыссæгæн йæ хæс у, куырд зынг æфсæны коммæгæс куыд скæны, афтæ æнæфæтасгæ проблемæты коммæгæс скæнын.

С. Маршак дзырдта: «Мы знаем немало поэтов и прозаиков, отнюдь не лишенных дарования, которые так и не могли вырваться из однозвучия и однообразия только потому, что у них не было достаточного кругозора – жизненного и литературного – и они до конца своих дней перебирали три-четыре струны, не подозревая даже, сколько неисчерпаемых возможностей таит их искусство».[2] Нодджы сын бæрзонд бынæтты бадджытæ паддзахады номæй сæхи куы скæнынц тæрхонгæнджытæ, уæд бынтон фæиппæрд вæййынц се ′цæг фæндагæй. Афтæмæй ныл æрцæуы, хæдзары чи нæ бæззыд æмæ цуаны чи цыд, уыцы цуанон-куыдзы æмбисонд. Фælæ сæ иу хатт иуæн «астæмæ» зæгъæг нæ фæвæййы æмæ нын нæ артыл дон фæуадзынц. Алы хуызты фехгæнынц литературæйы фæндæгтæ.

Æмæ та ирон поэттæн фадат куы фæци, цæмæ арæхсынц, уыцы аивад равдисынæн, уæд, куыд æхсарджынæйдæр бафæлдæхтой сæ дыстæ æмæ уæхскуæзæй æрлæууыдысты аивад фæлдисыныл. «Фæлæуут. Нырма раджы у»-тæ сын чи дзырдтой, уыдонæн Бестауты Гиуæрги, куыд æмбæлд, афтæ мæстæйдзагæй сæ ных къуырдта уайдзæфгæнгæ:

---

[1] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 71 ф.
[2] М а р ш а к С. Собр. соч. в 4 т. Т. 4. – М., 1990. – 129 ф.

Ма, мæ хæлар, сойбыл зарæг ма кæн,
Афтæ ‘нцон дæр нæу зæххыл фæцæрын.
Цардвæндаг дæрзæгтæ конд у, какон:
Ис æвзонгæй урс хилтæ мæ сæры.

Ис æвзонгæй урс хилтæ мæ сæры,
У мæ ных æрыгонæй дыдæгътæ.
Бавзæрстон дзы уалдзæджы къæсæрыл
Судзгæ уарзты цинимæ фыдæх дæр.

Ды фæзарыс: хæхтыл цъити тайы…
– Тайы, фæлæ, – басæтт ыл, – нæма стад.
Ды фæзарыс: зæрдæ цинæй райы…
– Райы, фæлæ цас æвзары маст та?[1]
(«Ма, мæ хæлар, сойбыл зарæг ма кæн…»)

Шиллер францаг фыссæг æмæ философ Жан Жау Руссойæ загъта: «Мира в жизни ты искал напрасно – Мыр нашел ты, но в земле сырой».[2] Ирон поэттæ зыдтой, се ′хсарджын ныхас цы нысан кæны, фæлæ æндæр хуызы цæрын нæ уыдис сæ бон.

Бестау романтик уыдис. Æмæ символикон æгъдауæй фенын кодта, цы дуджы кой кæнæм, уый цинтæ æмæ риссæгтæ. Алы кæркуасæнты сыстын афон кæй нæма вæййы, фæлæ уд кæй базмæлы æмæ хивæнд фæндтæ кæй фæнывæнды, уый йын зындгонд уыд. Кæд бынаты лæгтæ сæрибар хъуыдыйы ныхмæ зынг уæхстæй фæхæцынц, уæддæр зæрдæ йæхион кæны.

Дзуццаты Хадзы-Мураты хъуыды нывæфтыд литературæйы тыххæй ацы фарсты бæлвырд æмæ иугъæдон уыд: «Мах фæдзурæм: литературæ у

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 149 ф.
[2] Ш и л л е р Ф р и д р и х. Избр. произв. в 2 т. Т. 1. – М., 1959. – 87 ф.

хъомылады хотых, литературæ хъæуы прпагандæ кæнын адæмы ‘хсæн. Фæдзурæм, фæлæ хъуамæ нæ зæрдыл даргæм: литературæ дæр æмæ пропагандæ дæр вæййынц ахадæн, кæд æмæ судзынц, пиллон уадзынц рæстдзинадæй. Хъомыл кæнын хъæуы æрмæст рæстдзинадæй, пропагандæ кæнын хъæуы æрмæст рæстдзинад. Литературæ æмæ рæстдзинад фыдæлтæй фæстæмæ сты синонимтæ, уымæн æмæ, рæстдзинад кæм нæй, уый литературæ нæу».[1] Æмæ йæ хъуыдымæ нæ уыдис азым æрхæссæн. Царды рохтæ цы мæнг «сæрхъызойты» къухты вæййынц, уыдонæн фысджытæ æмæ литературæ сæ рæстдзинады тыххæй фестынц сæ удхæссæг.

Уыцы «сæрхъуызойтæ» дзыллæйы фæсайынц, цыма аив литературæ сæ уд, сæ дзæцц у, хаттæй-хатт дзы се ‘рхъуыды равдисыны тыххæй цахæмдæр дæнцæгтæ фæхæссынц, цыма сыл æнæ аив дзырд дуне талынг кæны, хуры рухс нал фæуынынц. Æцæгæй та А. Грибоедовы комеди Чацкий сæ цуры куы уаид, уæд, сайæгой Репетиловæн цæйау загъта, уый æнæбатъæппгæнгæ нæ фæуаид уыдонæн дæр: «Послушай! ври, да знай же меру…»[2]

Фæлæ литературæ уæддæр бакæны йæхион. Æгъатырæй, царды рæстдзинадæй ныппырх кæны цыфæнды тоталитарон фæткæвæрдтæ. Фæтых вæййы цахæмфæнды тугхортыл дæр. Рæстæг алцы дæр æрæвæры йæ гаччы. Абайты Васо загъта: «К счастью, история произносит рано или поздно свой приговор и над королями, и над поэтами».[3] Æмæ дзы алкæй дæр æрæвæры йæ бынаты. Æндæр гæнæн нæй. Васо дарддæр уымæн загъта: «Путь к общечеловеческому лежит через национальное. Другого пути нет. Чтобы стать представителем человечества, надо быть лучшим представителем своего народа… Так вершина национального становится вместе с тем вершиной человеческого».[4]

Цы поэтты кой кæнæм, уыдон, поэзийы бæрзæндмæ куы хызтысты, уæд æвдыстой æрмæст сæхи удты рис нæ, фæлæ сæ раттæг адæмы зæрдæты хъынцъым, нацийы уды хъизæмæрттæ. Алкæй дæр сæ тыхсын кодта, иу

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 101 – 102 ф.
[2] Г р и б о е д о в А. С. Горе от ума. – Л., 1987. – 126 ф.
[3] А б а е в В. И. Избранные произведения. – Владикавказ, 1990. – 550 ф.
[4] Уый дæр уым.

фæхæцæг ныл кæй нæй. Гафезы хъынцъым уымæн уыдис: «Райгуыræн Ир, / иунæг дæ, чысыл дæ…»,[1] – уæддæр нæ сæтты: «иунæджы фылдæр фæуарзы мад», – фæлæ уымæй Ирыстонæн æнцондæр никуы уыдис.

Цæрукъаты Алыксандр уымæн хъæрзыдта Гамлеты «низæй»:

О дун-дуне,
Зындон мын дæ
Дзæнæты 'фсон!..
О дун-дуне,
Дæ цъыссымы фæмæлын![2]
(«Гамлеты Хъынцъым»)

Дзуццаты Хадзы-Мурат «Ме ‘взаг» куы ныффыста, уæд хицæутты быныбырдтæй бирæтæ нæ мадæлон æвзагыл сулæфын дæр нæ уæндыдысты. Иронау дзурын сæ йæ сæрмæ ничи хаста. Ægæрыстæмæй, искæй æвзаг чи нæ зыдта, уыдонæй дæр – бирæтæ. Сидтысты, цæмæй кæмæндæр, кæйдæр нацитæн суыдаиккам хомыс. Нæ сæ фындыд, нæ фыдæлты билцъ кæй хус кæнынц, уый хатын. Æрмæст сæ едзаг тæгæнаты сæ хъустæм тъыст уыдаиккой сæ сæртæ. Поэт та, кæд зыдта, уый тыххæй йын «уæллæгтæй» йæ къух ничи райсдзæнис, уæддæр ныббогъ кодта, сагæн йæ хурхыл кард куы сæвæрай, уыйау æмæ йæ фехъуыста æнæхъæн Ирыстон:

Æз мæ ингæны
амонджын уыдзынæн,
ме ‘взаг мæ цыртыл
куы ныффысса ‘нцойы ныхæстæ,
ме ‘взаджы зæлтæй
цъæх-цъæхид куы дара мæ бæстæ.

[1] Г а ф е з. Фыды артдзæст. – Цхинвал, 1983. – 155 ф.
[2] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз… – Дзæуджыхъæу, 1968. – 107 ф.

Æз мæ ингæны ниудзынæн,
хъæрздзынæн,
Ирыстоны суадæттау,
зæххы бынæй кæудзынæн,
æз фæстаг поэт куы уон,
поэттæ мæ фæстæ куынæ уал уа,
Ирыстоны хæхтыл
сау туг куы ныууара,
æз мæрдтæм дæр куынæ хъусон
иронау
Къостайы сидт тохмæ,
иронау
Отеллойы богътæ![1]

Расул Гамзатов афтæ куы загъта: «Кто-то исцеляет от болезней Другой язык, но мне на нем не петь, И если завтра мой язык исчезнет, То я готов сегодня умереть»,[2] – уæд æй æнæхъæн Раздæры Советон Цæдис, чи зоны, Ныгуылæн дæр, фехъуыстой. Уымæн æмæ алчи йæ хуыздæрты уæлæмæ исы. Мах та сыл цъыф фæкалæм. Сæ хъуыртыл сын ауындзæн бæндæнтæ фефтауæм, цæмæй нæ разæй ма фæуой. Æгæрыстæмæй, нæ фæауæрдæм нæ классиктæ кæнæ удæгас классиктыл дæр: «Арсен æппæлы Бекъойты Дзипкайæ, зæгъгæ, «уый тынг зæрдиагæй бавнæлдта хъуыддаг рæвдз кæнынмæ» (ома, «Малусæг»[3] рæвдз кæнынмæ), уый та у ацы контрреволюцион раздзырды автор. Афтæмæй уæддæр уыцы къуыппытæ алæгъз кодтой, Брытъиаты Елбыздыхъойы ном мысгæйæ. Уый раст нæу. Дзыллæйæн алы хъуыддаг дæр хъæуы йæ номæй хонын, æмæ кæсæджы сæр ма кæна дзæгъæлтæ, раст æмбара хъуыддаг. Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ редакци йæхицæй ницы загъта Елбыздыхъойы тыххæй, æмæ кæсæг нæ зоны,

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, 1990. – 24 – 25 ф.
[2] Г а м з а т о в Р а с у л. Стихи и поэмы. – М., 1974. – 83 ф.
[3] Альманахы ном.

цавæр аргъ кæнын хъæуы Елбыздыхъойæн, уый»,[1] – дзырдта ирон литературæйы «сæрхъызой», Елбыздыхъо, Арсен, Дзипкæ æмæ журнал «Мах дуджы» цъыфы змæнтгæйæ.

Хадзы-Мураты «Ирон æвзаг» абоны онг, уæлæмæ схæцæг ыл кæй нæй, уый тыххæй ничи ма фехъуыста нæхицæй дарддæр. Нæ архайæм нæ аив дзырд искæмæн равдисыныл. Афтæмæй нæм хъæздыг литературæ кæй ис, уый иннæ адæмтæ махæй хуыздæр зонынц. Кæсгон фыссæг æмæ филологон зонæдты доктор, пефессор Алим Теппеев æй хоны «богатейшая осетинская литература».[2] Мах та æвдисæ ахæм хуыз, цыма йæ нæ уынæм.

Æмæ нæм, ирон литературæйы цы дугыл цæуы дзырд, уæд поэзимæ фыццаг ныфсджын къахдзæфтæ чи кодтой, уыдонæй иу, ныртæккæ Ирыстоны адæмон поэт, Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат Ходы Камал, уымæн зæгъы:

Кæд базондзыстæм царды бонтæн аргъ?
Адзал – хъызт зымæг! – къæсæргæрон ниуы…
Нæхи йеддæмæ никæй хъæуæм мах,
Нæхæдæг та
Нæ ауæрдæм нæхиуыл.[3]

(«Мæ хæлæрттæн»)

Йæхиуыл чи нæ ауæрды, уый Хуыцау дæр куыд дардзæнис йæ роны. Æндæра уæд не ‘взонг поэттæ ахæм ирд хъуыдытæ, ахадгæ фæлгонцтæ хастой поэзимæ æмæ сæ мачи уыдтаид, уый, зæгъæн ис, æцæг тæригъæд хъуыддаг уыд. Сæхæдæг уынгæ та бирæ фæкодтой: уæдæ, æхсæнадон фæллойы дуг, стонггуыбын астæ, Фыдыбæстæйон Стыр хæсты тугкалд, фæсхæсты удхайраг бонтæ…

Дзасохты Музафер 1962-æм азы фыста зæрдæрисгæйæ:

---

[1] Б æ д о а т ы Х ъ а з ы б е г. Мах дуг // Мах дуг, 1935. – №№ 1 – 2.
[2] Т е п л е е в А л и м. Аланский всадник / НВ, 2012. – 20 март.
[3] Х о д ы К а м а л. Мæ хæлæрттæн // Мах дуг, 1998. № 7. – 8 ф.

«Ænæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»
О, уыцы дзырдтæй ис ыскæнæн хъарæг!
О, уыцы дзырдтæ сты мæ фыды марæг!
О, уыдон фехъусгæйæ ‘рхизы бæхæй барæг!
«Ænæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»
Сымах æрдæгыл аскъуынут мæ зарæг.
Ысты æнусмæ уыцы дзырдтæ арæн
Сымах æхсæн, хъæбул æмæ ныййарæг![1]
(«Ænæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»)

Мæнгæй нæ акæнынц, иумæйаг трагеди æнцондæр уромæн у. Æниу, хъаймæт кæд нæ уыд иумæйаг. Абайты Арбилянæ уымæн зæгъы: «Ирон поэзийы хæзнадоны Дзасохты Музаферы æмдзæвгæ «Ænæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»-ы хуызæн аккаг бынат бацахста Уырымты Петяйы æмдзæвгæ «Мах федтам хæст» дæр.[2]

Æмæ, æцæгдæр, æмдзæвгæ, уæлдайдæр, йæ кæрон агайы адæймаджы зæрдæ. Мад нал уыд хæстмæ йе ‘мкъаймæ æнхъæлмæ кæсынæй. Йæ цæссыгтæй æнахъом лæппуйы сæрыл дæр æрбадт халас. Фæлæ дзы нæ рох кæны, постхæссæг фæстаг фыстæг куы радта мадмæ, уæд ыл уый кæсгæ-кæсын цы æрцыд:

Фæстаг писмо нæм постхæссæг куы радта,
Нæ ферохис уый абон дæр мæнæй.
Кæсгæ-кæсын мæ мады къухæй ‘рхаудта,
Цы ныл æрцыд, цæмæй зыдтон, цæмæй?

Цæмæй зыдтон, мæ фыд кæй фæмард хæсты.

[1] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Фыды фарн. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 11 ф.
[2] А б а й т ы А р б и л я н æ. Мæнæн мæ фæндыр адæймагыл зардзæн / Рæстдзинад, 2007. – 7 август.

Уыдтон, æхсæв кæй фæкæуы мæ мад.
Цæмæй зыдтон Созырыхъойы бæсты
Мæ номæй нæм кæй дзурдзæни сыхаг.[1]
(«Мах федтам хæст»)

«Мæ номæй нæм кæй дзурдзæни сыхаг» цы нысан кæны, уый, чи зоны, æндæр дзыхæйдзурæг ауадза йæ хъусы иувæрсты, ома, кæй номæй сæм дзурой цы мары, фæлæ иронæн уый национ поэзийы цæстуынгæ гакк у. Джыккайты Шамилы фидарæй уымæн уырныдта: «Курдиат уынаг æмæ куырыхон у».[2] Æмæ нæ поэттæ сæ зæрдæйы цæстытæй уыдтой цард æмæ йын аргъ кодтой, куырыхон адæймагæн куыд æмбæлы, афтæ.

Уæд нал уыдис кæнгæ æфсæрмытæ, фæскъулты рамбæхс-бамбæхсы дуг. Рæстæг поэтæй домдта æргом ныхас, кæд ма йын бирæтæ йæ фæндæгтæ зынг уæхстæй æрæхгæнынмæ хъавыдысты, уæддæр. Æмæ, табу – Хуыцауæн, уыцы уавæрæй нæ поэтты сæрæндæртæ спайда кодтой сæ уавæр æмæ сæ курдиатмæ гæсгæ. Сæ рæстæгыл дæр æмæ ирон литературæйыл дæр нывæрдтой сæ барнджын æмæ тыхджын æрмдзæф.

Бестауты Гиуæрги афтæ кæй поэзийыл хъуыдыгæнгæйæ загъта: «Мах искæй куы фæуарзæм, уæд уымæй сæйраг æхцондзинад дæттæм нæхи удæн, фæлæ уыйæмрæстæджы хæрзиуæг кæнæм дунейæн дæр».[3] Уырныдта йæ фидарæй, «уарзæг адæймаг зæххыл иууыл сыгъдæгдæр æмæ лæгуарзондæр у, иууыл разæнгарддæр хæрзиуæг тауынмæ».[4]

Æмæ афтæ кæй поэзийæ сагъта, уыцы Хостыхъоты Зинæ йæ дуджы æцæг цæсгом равдисынмæ, ирон удыхъæд фенын кæнынмæ, нæлгоймæгты æмбæрц царды фæндтæ кæнын æмæ йæ аразынмæ раскъуыхт бирæтæй хуыздæр. Йæ поэзи ныццæхæр калдта, йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ æмæ дуджы зæгъинæгтыл дзырдта уæндон æмæ ныфсджынæй. Уый нæлгоймæгты æхсæн уыдис сылыстæджы ардбахæрды хуызæн:

[1] У ы р ы м т ы П е т я. Мæ хуымгæнды хай. – Дзæуджыхъæу, 1971. – 29 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 220 ф.
[3] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 219 ф.
[4] Уый дæр уым.

Æз сылгоймаг – цардаразæг фарн дæн,
Кувут, лæгтæ, иууылдæр мæнæн.
Æз бæллиц дæн, дидинæджы тау дæн,
Æз цъæх уалдзæг, цины зарæг дæн.

Æз æфсарм дæн, нуазæн дæн уæ къухы.
Æз – хæдзары минбæркады фынг.
Æз æдзухдæр – уе ‘мдзу царды дугъы,
Фарн – мæ дзырд, ныххуыссын кæны зынг.

Сисут, лæгтæ, бануазут мæ кадæн,
Æз уæ раттæг, уе стыр мæт, уæ хур.
Æз уæ къухы бахъуаджы бон кард дæн,
Æз – уæ фидæн, уе ‘нхъæлцау бындур.[1]
(«Æз – сылгоймаг, цардаразæг фарн дæн…»)

Ирон поэтæн дыууынæм азтæй, хæсты азтæй фæстæмæ кæдæй-уæдæй фæцис æргом дзурыны фадат æмæ, кæд нырма бынтон æргом нæ, уæддæр сæ хистæр æмсисонтимæ сæ кæрæдзийы хынцмæ нал æфсæстысты нæ чысыл, фæлæ налхъуыт-налмазы хуызæн Фыдыбæстæйыл цины зарджытæ зарынæй. Бестауты Гиуæрги хурмæ къæмдзæстыгæй уымæн хатыд: «Хур, мæ цæсгом дæм нæ хъæцы – Райсом раджыдæр куы худис».[2] Цæмæй бафсæстаид цардыл цин кæнынæй.

Харебаты Леонид, йæ фыдæлтæ паддзахы дуджы хуыздæр цардæнхъæл, фæлæ æвæндонæй кæдæм фæлыгъдысты, – Къахетмæ, – сыгъзæринæй зæххытæ кæм балхæдтой æмæ царды уидаг кæм уагътой, уырдыгæй фæстæмæ æрцыд йæ Фыдызæх – Ирыстонмæ æмæ йыл нал æфсæстис цин кæнынæй:

[1] Хостыхъоты Зинæ. Цин æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 6 ф.
[2] Бестауты Гиуæрги. Царды цин // Фидиуæг, 1959. № 12. – 15 ф.

Дæумæ мæ зæрдæ маргъау тахтис,
Дæумæ, мæ рухс фыдæлты къуым!
Дзырдтон: мæ фыды зæххыл ногæй
Кæндзынæн хуым, кæндзынæн хуым.

Мæ цин мын риуыл арт æфтыдта.
Мæ зæрдæйæн йæ худын цыд.
Æз хъуыстон хæхты джис-хъус дзурын:
«Нæ фырт æрцыд, нæ фырт æрцыд!»

Æз загътон уæд: нæ хæхтæн хъуамæ
Мæ туджы цъыртт ысуа сæ уарт,
Æмæ та ног фыдæлты зæххыл
Ыскодтон арт, ыскодтон арт!..»[1]

(«Фыдызæхх»)

Ирыстонæн йæ фадат, йæ фезмæлд йæхи бар кæй сты, йæ сæр нымад æмæ кадджын кæй у, «Къоста ‘мæ Чермены цæрæццаджы бæстæ – Хъæбатыр Иссæйæн йæ ныфс» кæй ссис, Хуыцау нын æй лæвары хуызы кæй радта,[2] сомбоны рухсмæ кæй цæуы, уый тыххæй йыл зарынæй не ‘фсæст Гаджиты Георги:

Фæрнæй мын фæцæрай, мæ райгуырæн бæстæ,
Мæ зæрдæйы уидаг, мæ цард.
Тæхуды, тæхуды, дæу аккаг ныхæстæ
Нæ рæсугъд æвзагыл ыссар.[3]

(«Кад Ирыстонæн»)

[1] Х а р е б а т ы Л е о н и д. Мæ уарзт. – Цхинвал, 1964. – 4 ф.
[2] Х ъ а з и т ы Р е с о. Дзæнæты къуым // Мах дуг, 2002. № 6. – 121 ф.
[3] Г а д ж и т ы Г е о р г и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 57 ф.

Геор, кæд ын уа бирæ рацæрын нæ бантыст, уæддæр ирд поэтикон курдиаты хицау уыдис. Хозиты Барис афтæ зæгъы: «Фæскъæвда хурбон куыд уарзон у, даргъ зымæгон æхсæвы фæстæ уалдзыгон боны сатæг куыд адджын у, афтæ æхсызгон у адæймагæн æцæг поэты сфæлдыстад. Георгийæн йæ уарзт, йе ‘фсарм, йæ дунеæмбарынад æмæ йæ рæстдзинад ис йе ‘мдзæвгæты. Уый та дзурæг у, йæ рæдау зæрдæйы тæгтæй нывæзт уацмыстæ йæ иубæстон адæмы хъуыддаджы æнустæм кæй баззайдзысты, ууыл».[1] Куыннæ ардта, афтæ бирæ кæй уарзта, уыцы Ирыстоны аккаг ныхæстæ нæ рæсугъд æвзагыл, фæлæ нæ Фыдыбæстæм ахæм хуызы кæй дзырдта, уый дæр æнæмæнг дзурæг у йе ‘гæрон уарзтыл.

Дзаболаты Хазби бæрæг деталтæ, ирд фæлгонцтæ, дурæй лæмæрст ирон дзырдтæй ныв кæнын ахуыр куыд уыдис, фæстæдæр афтæ поэтиконæй куыннæ афыстаид нæ Фыдыбæстæйы фæлгонц:

Куыствæллад лæджы куыствæллад уæхскыл
Иу хæссинаджы дыууæ æмбисау –
Хæхты рæхысæн йæ фæйнæ фахсыл
Иры дыууæ Иры ныххæлиу ысты.
Зæгъынц сæ: «Хуссар», «Цæгат-ирæттæ»,
Ныхгæдтой фæндаг хъæдæмбæрзт рæгътæ,
Фæлæ сын дзурынц чырсбазыр дæттæ
Сæ иу фыдæлты нæртон таурæгътæ…
Ныддих и се ‘взаг дыууæ нымд зæлыл.
Хæд-зад бындзыджы дыууæ æвзарау.
Æмæ сын райгуырд сæ тохы сæрыл
Сæ иу хъыджы фырт – Къостайы зарæг.[2]

(«Ир»)

[1] Х о з и т ы Б а р и с. Царди лæг, æнæхинæй куыста… // Г а д ж и т ы Г е о р г и. Фыдыбæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1997. – 7 ф.
[2] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 281 ф.

Дыууæ Иры – уый нæ рагон рис у. «Чидæртæ тынг архайдтой Хуссар Ирæй хицæн адæм саразыныл. Æгæрыстæмæй, паспортты дæр фыстой «Хуссар ирыстойнаг адæм». Æмæ ма ныр дæр газеты хаттæй-хатт фæзыны: «Цæгат-ирыстойнаг литературæ», «Цæгат-ирыстойнаг поэт» æмæ æнд.»,[1] – зæгъы Джусойты Нафи.

Нæ фыдбоны сыхæгты афтæ дзурыны сæр хъуыдис æмæ йæ аразгæ дæр кодтой, цæмæй нын сæрылхæцæг мауал баззадаид. «Чысыл импери саразыны идейæ сын æнцон нæ лæвæрдта. Националисттæ ныр та большевиктæй агæпп ластой (ивгъуыд æнусы 90-æм азты сæ коммунисттæ националисттæй куыд агæпп ластой, афтæ – Хъ. М.), æниу, ном йеддæмæ сæ фæндты, сæ сæрызонды æппындæр ницы аивта»,[2] – рæстагæй зæгъы Хозиты Петр.

Дыууæ Ирыстон дæр нæ уымæн сарæзтой. Петр дарддæр зæгъы: «Автаномитыл ныхас куы рацыд, уæд ацы фарст Сталин бахæс кодта Гуырдзыстоны мидхъуыддæгты комиссариатæн. Мæнæ, уæрыччы бирæгъы дзыхмæ куыд баппарай, афтæ. Æмæ йæ уыдон дæр сфæнд кодтой дыууæ дихы ныккæнын, ома, афтæмæй ам цыбыр рæстæгмæ ирондзинадæн йæ кой дæр нал уыдзæн, зæгъгæ».[3] Æмæ сын куыддæр фадат фæуыдаид, афтæ нæ аныхъуырдтаиккой. Куыд æмæ цæмæн, уый, хъыгагæн, бирæ хæттыты федтам. «Æмæ сын, чи зоны, уый æнтысгæ дæр бакодтаид, фæлæ уæдмæ Хуссар Ирыстоны уæды разамонджытæ бамбæрстой ацы сау фæндтæ æмæ сын сæ фæндæгтæ æрæхгæдтой."[4]

Афтæмæй, ирон фысджытæн уыцы æвыд-дывыдоны дуджы фæстæ куыддæр рæстæг фæцис сæ зæрдæйы дуæрттæ байтындзынæн, Ирыстонмæ сæ уарзт æххæстæй æмæ парахатæй равдисынæн, афтæ сæхиуыл фæстæ нал хæцыдысты æмæ абон дæр нал хæцынц. Стæй йыл, чи зоны, фæстæмæ хæцын ницæмæн хъæуы. Фыссæг куыннæ равдиса йæ адæмы ахаст йæ Фыдыбæстæмæ, æндæр, уæдæ, чи.

---

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 15 ф.
[2] Х о з и т ы П е т р. Æцæгдзинад зонгæйæ нал уыдзæн иллюзитæ… // Мах дуг, 2013. № 12. – 95 ф.
[3] Уый дæр уым, 96 ф.
[4] Уый дæр уым.

Æниу, Бестауты Гиуæрги, цыма, уыцы æргом уарзт æмæ ардбахæрдтытæй йæхи раз къæмдзæстыг кодта, уыйау дзуры æфсæрмгæнгæйæ, Ирыстоны уарзтæй æрратæ чи кæнынц, уыдонмæ:

Ма кæ, ма мын дзур иудадзыг
Рухс Ирыстонæй «Уарзын æй»,
Цинæй зæрдæйыл чи 'ндæдза,
Уый æмбæхстдæр ран дардзынæ!

Æз мæ судзгæ уарзт не 'вдисын,
Хъазы ме уæнгты мады 'хсыр,
Фæлæ ме схæссæг – ме 'вдисæн,
Никуы, никуы йыл атыхсын.[1]

(«Ма кæ»)

Æнæмæнг исчи зæгъдзæнис, ома, дæ уарзтыл æргом куы дзурай, дæ алыварс уæвæг адæмæн æй куы æвдисай, уæд уым æвзæрæй цы ис. Фæлæ Диоген Лаэртский загъта: «Платон увидел одного человека за игрой в кости и стал его корить. «Это же мелочь», – ответил тот. «Но привычка не мелочь»,[2] – йæ ныхмæ рацыд Платон.

Бестауы лирикон хъайтарæн цæйнæфæлтау Ирыстон мæнгсомыгæнæн суа, – хъыгагæн, кæйдæр хынцмæ фæзынынц ахæмтæ дæр: «Æрымысæггаг хъизæмар, æнæбæрæг тох, æнæбындур, æнæуидаг хъуырдухæн æмæ хъынцъым, уарзондзинадæй къæцælын чындзытау хъазын…»[3] – кæй хоны Малиты Васо, уый бæсты Гиуæргийы лирикон хъайтар фæлтау йæхимидæг судздзæни, фæлæ аивæй райдзæн: «Иры хуримæ худдзынæн, Иры цъититы тайдзынæн…» Æмæ Ираен хорз æгъдау чи кæна, «Гъе, кæй рухс нæмттæ басагъта Уый йæ зæрдæйыл хорзæхтау», уыдонæн дæндагæй уаз алдзæн

[1] Бестауты Гиуæрги. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 105 ф.
[2] Лаэртский Диоген. О жизни, учениях знаменитых философов. – М., 1986. – 147 ф.
[3] Малиты Васо. Рæстдзинады тæразыл // Авторты коллектив. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 55 ф.

цырагъ дардзæни. Зардзæнис сын кады зарджытæ. Уый хыгъд æхсины лæгтыл, Иры æгъдау æмæ æвзагыл былысчъилтæ чи кæна, уыдон та ингæнмæ нымайдзæнис йæ тудждзыныл, йе знагыл.

Йæ дзуринæгтæй чысыл чи нæ афæсауæрц кæна, уымæ, поэты хъуыдымæ гæсгæ, уыйбæрц зæгъинаг дæр уа диссаг ницы вæййы. Фæлæ уыцы дуджы ирон поэттæ зæ зæрдæты æмбæхст дзуринæгтæ хурмæ, бирæтæ кæд нырма чъызгæ, уæддæр хæлофæй кæй хастой, уым бауайдзæф кæнинагæй ницы ис. Уый ирон адæмы иумæйаг хъуыды уыдис æмæ йын нæ уыд æнæравдисгæ. Уый нæ адæмæн царды ныфс уыд. Сæ хъаруйыл афтæмæй æууæндыдысты тынгдæр. Литвайаг поэт Эдуардас Межелайтис йе ′мдзæвгæты цикл «Человек»-ы тыххæй загъта: «Мне ничего не пришлось изобретать и придумывать в своей книге. Случилось так, что сама жизнь сконцетрировала все внимание на объекте, наиболее достойном для поэта – Человеке».[1] Ирон поэттæ сæ хъусдард æнæхъæнæй уымæн аздæхтой адæймаджы, се ′мрæстæгоны удыхъæд йе ′ппæт цинтæ æмæ сагъæстимæ равдисынмæ. Джыккайты Шамил дзырдта: «Ælгъыст у, тохы бон Хуыцауы лæвар зынг мæсыг кæнæ обауыл фæдисæн чи нæ ссыгъта, тæссæй кæнæ йæ пайдайы сæраппонд чи бамбæхста, уыцы стихфыссæг».[2] Ирон поэттæ тохы тырыса æхсарджынæй хастой æмæ сын æнтысгæ дæр бакодта.

Стæй æрмæст ацы темæты нæ уыдысты цæвиттойнаг. Бирæ дзуринæгтæ сæм уыдис. Æмæ сæ дзырдтой поэтикон æвзагæй. Дзуццаты Хадзы-Мураты хъуыды уыд: «Абон нæ поэзи цы у, уый куы абарæм 30 – 40-æм азты поэзиимæ, уæд алчи дæр бафиппайдзæн, ныртæккæ нæ поэтты стихы культурæ бæрзонддæр кæй у. Поэттæ фыссынц алы алыхуызон стихы бæрцбарæнтæй, хорз арæхсынц рифмæ кæнынмæ, ритмикон хæрзконддзинадмæ. Сур, тутт риторикæ нæм арæх кæй уыдис, уыцы хабар 50-æм азты æмбис бирæтæм равзæрын кодта протест – поэзи йе ‘ргом скодта фæлгонцтæм, абарстытæм, метафорæтæм, конкретон детализацимæ. Уый нæ

[1] М е ж е л а й т и с Э д у а р д а с. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1977. – 5 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 279 ф.

поэзийæн егъау æнтыст уыдис, дзæвгар æй æрхæстæг кодта нырыккон реалистон уынынадмæ».[1] Реалистон уынынад нæ поэзийæн ногæй ссис цæстырухс, астæумагъз.

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «…лирикæйы реализм у хæдхуыз, спецификон, уымæн æмæ лирикæ цард, æддаг дуне уыйбæрц не ′вдисы, цас æвдисы, уыцы цард æмæ дуне поэтмæ цы ′нкъарæнтæ æмæ хъуыдытæ равзæрын кæнынц, уыдон, æмæ уыцы æнкъарæнтæ æмæ хъуыдыты фæрцы уынын кæны цард æмæ æддаг дуне».[2]

Алы æмæ алы зондыл хæст адæймæгтæ царды алы хуызон фæзындтæн сæхиæрдыгонау фæаргъ кæнынц. Даниаг фыссæг Сёрен Киркегор загъта, зæгъгæ, поэт у: «Утхар чи кæны, ахæм æнамонд».[3] Æмæ, дам, хъæрзын æмæ дзыназын йæ сыгъзæрин дзыхæй райхъуысынц алæмæтон зарæгæй.

Ныртæккæ мах ирон поэзийæн цы цыбыр дуджы кой кæнæм, уый мæгуыры бонтæ æмæ адæмы удхæрттæй йедзаг уыдис, адæм хъизæмарæй дарддæр цардæй уадиссаг ницы уыдтой, хистæрты дæлфадстъæрджытæ цæстмæ цы ‘ппæлыдысты нæ размæцыдæй, не ‘нтыстытæй, æндæр фылдæр фыдæбойнаг уыд. Уæддæр, фидарæй зæгъæн ис, уый уыд ирон поэзийы æвзист тæгтæй быд дуг. Уыцы дуг радта Дзаболаты Хазби æмæ Бестауты Гиуæргийы, Дзуццаты Хадзы-Мурат æмæ Козаты Исидоры, Хостыхъоты Зинæ… Æмæ сæ ноджыдæр ис нымайæн. Уыцы дуг ирон литературæйы историйы баззадис æвзист дамгъæтæй фыстæй.

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 106 – 107 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Хетæгкаты Къостайы реализмы тыххæй. – Тбилис, 1979. – 18 ф.
[3] Киркегор Сёрен. Наслаждение и долг. – Киев, 1994. – 15 ф.

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

А б а е в В. И. Избранные произведения. – Владикавказ, 1990;
А б а й т ы А р б и л я н æ. Мæнæн мæ фæндыр адæймагыл зардзæн / Рæстдзинад, 2007. – 7 август;
Æрыгон большевик, 1952. – 21 сентябрь;
Б æ д о а т ы Х ъ а з ы б е г. Мах дуг // Мах дуг, 1935. - №№ 1 – 2;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Царды цин // Фидиуæг, 1959. № 12;
Г а ф е з. Фыды артдзæст. – Цхинвал, 1983;
Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979;
Г а д ж и т ы Г е о р г и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2012;
Г а м з а т о в Р а с у л. Стихи и поэмы. – М., 1974;
Г р и б о е д о в А. С. Горе от ума. – Л., 1987;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори (1917 – 1956). – Дзæуджыхъæу, 2003;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Фыды фарн. – Дзæуджыхъæу, 1964;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, 1990;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хетæгкаты Къостайы реализмы тыххæй. – Тбилис, 1979;
К и р к е г о р С ё р е н. Наслаждение и долг. – Киев, 1994;
К о з а т ы И с и д о р. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989;
Л а э р т с к и й Д и о г е н. О жизни, учениях знаменитых философов. – М., 1986;
М а л и т ы В а с о. Рæстдзинады тæразыл // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
М а м с ы р а т ы Д., Х ъ а н ы х ъ у а т ы В. Ирон поэтты иуæй-иу уацмысты идеологион рæдыдты тыххæй / Рæстдзинад, 1952. – 23 июль;
М е ж е л а й т и с Э д у а р д а с. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1977;
П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013;
Т е п л е е в А л и м. Аланский всадник / НВ, 2012. – 20 март;
У ы р ы м т ы П е т я. Мæ хуымгæнды хай. – Дзæуджыхъæу, 1971;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Мæ уарзт. – Цхинвал, 1964;
Х о д ы К а м а л. Мæ хæлæрттæн // Мах дуг, 1998. – № 7;
Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;
Х о з и т ы Б а р и с. Царди лæг, æнæхинæй куыста… // Г а д ж и т ы Г е о р г и. Фыдыбæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1997;
Х о з и т ы П е т р. Æцæгдзинад зонгæйæ нал уыдзæн иллюзитæ… // Мах дуг, 2013. № 12;
Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Цин æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012;
Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011;
Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз… – Дзæуджыхъæу, 1968.

ДЫККАГ СÆР

ФЫДЫБÆСТÆ – ЙÆ УД, ЙÆ ДЗÆЦЦ

Ирыстоны цæрайæ уыд йæ цард. Райгуырæн уæзæджы фарнæй. Фыдыбæстæйы уарзтæй – Къостамæ. Фæллой æмæ хæст. Зæрдæйы кæсæнтæ

«Цард хæлæгæй нæу», – зæгъы ирон æмбисонд. Æмæ уыцы хъуыддагæн рæстæг йæхæдæг разыны æвдисæн. Вæййы афтæ, адæймаг æхсæв æмæ бон куынæ фæзоны, алы хъуыддæгтыл куы фæхъары йæ уд, æмæ дзы иу дæр куынæ бафты йæ къухы. Вæййы афтæ дæр, адæймаг сæрмагондæй иу хъуыддагæн куы фæнывонд кæны йæ уд, фæлæ алцы дæр хъазгæ-худгæйæ куы фæзоны. Æмæ уый, кæй зæгъын æй хъæуы, ænæнхъæлæджы нæ вæййы афтæ. Америкæйаг буржуазон атеист Ингерсолл Роберт Грин уымæн дзырдта: «Я не могу представить себе, как из ничего возникает нечто, и тем более не могу я представить, как нечто возвращается в ничто».[1]

Хъысмæт хивæнд у. Сæдæ-сæдæ, æрдзæ сæдæ адæймæгтæй алкæуыл йæ гакк афтæ æрæвæры, æмæ милуангай азты фæстæ дæр йæ удыхъæд, йæ хъуыдыкæнынад нал æрцæуы фæлхатгонд, уымæ адæймаг йæхæдæг тынг куы тырна, уæддæр. Афтæмæй цард кæны йæхион. Гете цæйау загъта: «Теория, мой друг суха, Но зеленеет жизни древо»,[2] – цард махмæ нæ хъусы, йæхи гаккмæ гæсгæ æфтауы дидинæг.

Козаты Исидорæн йæхи сæрмагонд гакк уыдис хъысмæтæй. Йæ удысконд ын никæй ахастытимæ уыдис фæхæццæгæнæн. Уыцы гаччы, хъысмæтæй йын хæларгонд амонды фæрцы æфтыдис йæ къухы æппæт дæр Хуыцауæй дæттæгау: куыд хъæбул, куыд æмкъай, куыд фыд, куыд æмбал, куыд поэт æмæ сæйраджы-сæйраг та – куыд Адæймаг, афтæ.

---

[1] Г е р д е р И о г а н н Г о т ф р и д. Ежегодник Музея истории религии и атеизма. Вып. III. – М. – Л. 1959. – 160 ф.

[2] Г е т е И о г а н н В о л ь ф г а н г. Избр. проив. в 2 т. Т. 2. – М., 1985. – 198 ф.

Цæмæй ахæм уыдаид, царды цыдаид йæхи мыхуыræвæрдимæ, уый тыххæй йын præзыны, размæ цæуыны фадæттæ бирæ бæрцæй радтой, компартийы XX-æм уанелы уынаффæтæ советон адæймагæн йæ сæрибар æмæ сфæлдыстадон уавæртæ кæй рауæрæх кодтой, уыцы хъуыддаг. Поэтæн фадат уыдис, цæмæй хъуыды кодтаид йæхиæрдыгонау, дзырдтаид, æгæр-æгæр нæ, фæлæ йæ цы фæндыдис, уый. Гафез дзы уымæн загъта: «Поэты лирикон хъайтар йæхимæ æрбайста абоны раззаг фæсивæды, ног цардаразæджы характерон миниуджытæ æмæ уыдон цæстæй кæсы йæ адæмы цардмæ».[1]

Козаты Софроны фырт Исидор (кæнæ йæ йе ‘мбæлттæ буцæй куыд хуыдтой – Иссæ) райгуырд 1929-æм азы уалдзæджы хъæбысы – кæхцгæнæны мæйы 1-аг бон Ирыстоны хуссар хайы, Знауыры районы, Хъорнисы хъæуы мæгуыр, зæхкусæг бинонты ‘хсæн.

Æниу, уæд, 1920-æм азы геноциды фæстæ Ирыстоны хуссар хайы чи нæ уыдис мæгуыр. Хъуылаты Созырыхъо цæйау дзырдта: «Лыгъд чи уыд, уыдон та сæ бынæтты æрцардысты, аразынц ног цард».[2] Адæмы бахъуыд сæ цард сæ сыгъд хæдзæртты бындурыл афтид армæй ногæй аразын. Алчи дæр сæ йæ къухтæм æмхасæнтæ кодта.

Исидорæн йæ фыд уыдис сырх партизантимæ. Йæ бон куыд уыд, афтæ тох кодта адæймаджы бартыл. Амард 1937-æм азы æмæ йе ‘нахъом сабитæ йæ саударæджы æвджид фæкæсынхъуагæй баззадысты уынджы къæйыл. Фæлæ, сæ алыварс цы мадджын-фыдджынтæ уыдысты, уыдон дæр мæнæ хæл-хæлладжы цард нæ кодтой – уæды дуджы адæм иууыл дæр мæгуыры лæдзæгимæ цыдысты. Æмбæрстой сæ кæрæдзийы рис. Æмæ сын ахæм рæстæджы цæрын æнцондæр вæййы.

Дзуццаты Хадзы-Мурат Исидорæй афтæ кæй зæгъы: «Поэт уарзтæй йæ дойны никуы басаста, цин дзы нæ федта…»,[3] – уый дзурæг у æмткæй йæ цардыл. Адæм сæ сабибонты, се ‘взонджы азты цины денджызты куы фæленк кæнынц, уæд нæ ирон сабитæн та царды хæрзтæ нæ иувæрсты фæцæуынц.

---

[1] Г а ф е з. Козаты Исидор / А в т о р т ы к о л л е к т и в.Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 200 ф.
[2] Х ъ у ы л а т ы С о з ы р ы х ъ о. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1957. – 102 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 236 ф.

Джыккайты Шамил дзырдта, Хъамбердиаты Мысосты хъысмætыл хъуыдыгæнгæйæ: «Курдиатджын адæймаг цин дæр æмæ рыст дæр арфдæр æнкъары. Мысост йæ уарзон чызгмæ цы фыстæджытæ фыста, уыдон сты уарзт æмæ удхары кадæг, уыдоны зыны фæлмæн, фæлæ уæздан æмæ сæрыстыр адæймаг».[1] Æмæ нæ сæрыстырæй «Уæуу!» дæр нæ фæдзурæм. Цалынмæ нæ хъысмæт æркъуыры, уæдмæ. «Рог æмæ æнцон нæ уыд Мысосты цард. Сабийæ фæстæмæ рахау-бахау кодта ахуыр, куыст æмæ къæбæры фæдыл. Фыдцардæй бахауд низы уацары… Сахъ лæппу йæ уавæрмæ каст стоикы цæстæй. Йæ фыстæджы фыссы: «… Мæн фæнды хъæр кæнын, фæлæ мæ дзых æхгæд у. О, цас мæм уыд сфæлдыстадон хъару, фæлæ ныр батади… Мæ бон фыссын нал у. Ирон литературæйы зындгонд уыдтæн æрыгон æмæ цардбæллон поэтæй. Ныр ма цæуыл кæнон зарджытæ, кæд мæ уды тæгтæ атыдтой, уæд! Куыд ма зарон хъæлдзæг æмæ сидтон хъæлæсæй, кæд мæ цардæн йæ хурныгуылд уынын, уæд!..»[2] Æмæ уыцы хъуыддаг иу кæнæ иннæ фыссæгыл дæр фæзыны йæхи хуызы. Æххуыс нын кæй бон вæййы, уыдон та нын, стыр хъыгагæн, фыдызнæгтау фæхъавынц нæ фæскъæбутмæ.

Исидор йæ цардбонтæ арвыста йæ райгуырæн хъæуы афтидгуыбын, æмпъызтрагъæй, фæлæ рæстагæй – дзырдхъомæй. Æмæ уыцы хъуыддагæй йæ цардбонты сæрыстыр уыд. Йæ лæджы кары дæр уый тыххæй никуы тыхст хистæрты рæвдыдмæ æнхъæлмæ кæсыныл. Мæгуырты тæригъæдæй никуы лыгъд дард.

Исидор 1936-æм азы ахуыр кæнын райдыдта сæхи, Хъорнисы скъолайы æмæ йæ æнтысгæйæ каст фæцис 1947-æм азы. Бæргæ йæ фæндыд йæ ахуыр уæлдæр ахуыргæнæндоны адарддæр кæнын, фæлæ хæдзар уыд æххуысцух. Цæмæй сидзæргæс æмæ йæ сидзæртæ стонгæй ма амардаиккой, уый тыххæй сæ хъуыд кусæгтых. Æмæ æвзонг лæппу астæуккаг скъолайы фæстæ баззад хъæуы. Куыста йæ райгуырæн хъæуы колхозы. Æрмæстдæр ын 1950-æм азы, йæ кæстæр мадызæнæгтæ хæдзармæ кæсынхъом куы фесты, сæхицæн хус

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори (1917 – 1956). – Дзæуджыхъæй, 2003. – 204 ф.
[2] Уый дæр уым, 204 – 205 ф.

къæбæр кусын куы райдыдтой, уæд ын бантыст йæ ахуыр Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ирон æвзаг æмæ литературæйы факультеты адарддæр кæнын.

Кæддæриддæр йæ бон уыдис дзырдтаид сæрыстырæй:

Лæг дæ, – мæнæн мæ хъысмæт загъта, –
Ыссар зæххыл дæхицæн ном.
Мæ къухты мын фæндыр ныссагъта,
Æндæр хæрзиуджытæй – хæрзбон.

Цыбыр æви мæ фæндаг даргъ у, –
Нæ хъуысы зарæг кæд хъæрæй,
Уæддæр цæуын, лæджы ном – ме ‘ргъом,
Мæрдты дæр ын æрисæн нæй.

Афтид – мæ арм, мæ къуымтæ – хастау,
Фæлæ сæрыстыр дæн уæддæр.
Нæ тасы алцæмæ мæ астæу,
Нæ дарын алцæмæ мæ сæр.

Мæнæн уый баззадис фыдæлтæй,
Нæ гакк нæ лæджыхъæд уыдис…
Лæгбæрц бæрзонддæр куы дæн зæххæй,
Уæд мын ныллæг уæвæн куыд ис!

Гамлет йæ фыдæй куыд зæгъы: «Он человек был, человек во всем».[1] Лæджы уаргъæй чи ‘фсæрм кæны, ныллæг уæвын йæ сæрмæ чи нæ хæссы, ууыл цард стыр хæстæ æвæры. Уæлдайдæр, Фыдыбæстæ, райгуырæн уæзæджы раз. Исидор кæд горæтмæ рацыд, ныллæууыд ахуыры фæндагыл,

[1] Ш е к с п и р У и л ь я м. Пол. собр. соч. в 8 т. Т. 6. – М., 1960. – 20 ф.

уæддæр йæ уд, зæгъæн ис, баззад йæ райгуырæн хъæуы. Йе ‘мхъæуккаг Хадзы-Мурат уымæн загъта: «Уым, Хъорнисы, уыдысты йæ уидæгтæ æмæ кæдæмфæнды дæр нæ цыдаид, уæддæр сæ уырдыгæй никуы ратыдта – уый нæ, фæлæ сæ уым ноджы арфдæр уагъта, ноджы сæ къабазджындæр кодта. Кæмфæнды дæр ын паспорт уыд йæ райгуырæн хъæу, йæ революцион æмæ хæстон æхсар, йæ фæразон хъару, йæ ныфсхаст, йæ уазæгуарз, йæ дзырдарæхст, йæ цыргъзонд, йæ хъæлдзæг юмор. Æнæ уый, æнæ йæ хъæу, нæ уыдаид нæдæр адæймаг, нæдæр поэт».[1]

Фæлæ уæлдæр ахуырад райсыны тыххæй уæд æххæстæй кæронмæ нæ сæххæст æвзонг лæппуйы хъуыды. Ахуырмæ бæргæ разæнгардæй æрæвнæлдта, æхсæвыгæтты дæр-иу бæргæ сбон кодта чингуытæ кæсгæйæ, йæ зонындзинæдтæ фылдæр кæнгæйæ, фæлæ уæд æвзонг лæппутæй алчи дæр Фыдыбæстæйы раз хъуамæ бафыстаид йæ хæс, баслужбæ кодтаид Советон Æфсады рæнхъыты. Æмæ æвзонг поэтмæ фыццаг курсы фæстæ, 1951-æм азы, æрсидтысты æфсадмæ.

Уым хæстон цæттæдзинад райсыны фæстæ хъахъхъæдта нæ уæды æгæрон Цæдис. 1953-æм азы йæ куы сдемобилизаци кодтой, уæд фæстæмæ æрыздæхт афицеры чинимæ. Уыйфæстæ-иу хайад иста æфсæддон ахуырты. Уыд фæсауæрцон æфсады капитан. Ныр та уал йæ ахуыр тынг разæнгардæй адарддæр кодта педагогон институты. Йе ‘ппæт тыхтæ дæр не ‘вгъау кодта йæ зонындзинæдтæ фылдæр æмæ хуыздæр кæнынæн. Æмæ институт каст фæцис 1957-æм азы. Фыссæг Харебаты Леонид араех æрымысы: «Козаты Исидоримæ иумæ ахуыр кодтам, æцæг, уый инситут каст фæцис сырх дипломыл».[2]

Йæ хорз ахуыры тыххæй йæ ныууагътой уæлдæр ахуыргæнæндоны æмæ ирон æвзагæй лекцитæ кастис студенттæн. Цымыдисон уыдис йæ куыст. Æнхъæлмæ йæм каст фидæны ахуыргонды рухс цард æмæ æнтыстыты фæндаг. Уый фадат ын лæвæрдтой, уæлдæр ахуыргæнæндоны цы

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Ныхас поэты тыххæй / Козаты Исидор. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989. – 526 ф.
[2] Джиоты Е., Кокайты З. Козаты Исидоры мысгæйæ. – Хурзæрин, 2014. – 29 апрель.

зонындзинæдтæ райста, уыдон. Ничи дызæрдыг кодта, аспирантурæ дæр æнтысгæйæ кæй фæуыдаид каст, ууыл.

Фæлæ æвзонг поэты уыдæттæй сæхимæ тынгдæр ælвæстой аив дзырды зæлланг, дзыллон информацийы фæрæзтæ. Æрдæгæхсæвты йæ фынты дæр рифмæгонд дзырдтæ, зæлланггæнаг ритмтæй хъазыд. Нæ ацыд ахуырад, зонады фæндагыл. Йæ куыст барвæндæй ныууагъта Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты. Аив дзырды кæлæнтæ йæ асайдтой сæ фæдыл æмæ кусын райдыдта областон газет «Советон Ирыстон»-ы редакцийы. 1961-æм азы йæ аивтой Хуссар Ирыстоны радиоалæвæрдтыты редакцийы редакторæй. Фæстæдæр та йæ снысан кодтой сæйраг редакторæй.

Уыцы рæстæджы, æппынæдзух йæ профессионалон дæсныйад æмæ поэтикæйыл зæрдæбынæй кæй куыста, уый тыххæй æвзонг поэт дзæвгар сырæзт аив дзырды. Йæ поэтикон æмбырдгæндтæй иуæй иннæмæн уыдис стырдæр æнтыст. Ссис зынгæ журналист æмæ поэт. Уымæн æмæ уымæ тырныдта сæрмагондæй.

Америкæйаг фыссæг Уолт Уитмен 1891-æм азы цæйау дзырдта: «Соединенные Штаты пока, разумеется, не блещут поэзией, первоклассной литературой, ни одним из так называемых искусств…»,[1] – Исидор тынг хорз зыдта ирон нывæфтыд литературæйæн цы фидар бындур æрцыдис æвæрд, фæлæ уыцы бындур 30-æм азты, уæлдайдæр, троцкизмы дуджы нæ фыдбоны сыхæгты меньшевикты ардыдæй æмæ нæхи дзырдхæсджыты аххосæй куыд хус кодта уидагмæ æмæ йæ кæй хъуыдис ног таутæ суадзын. Уæдмæ кæд «хæрзхъæд аивадыл нымад цыди, советон цард æрттиваг ахорæнтæй æвдыст кæм цыд, ахæм уацмыс»,[2] – уæд ныр ныллæууыд æндæр дуг. Æрхæццæ рæзгæ талатыл аудыны рæстæг. Уыцы талатæн ныр сæрибардæрæй уыдис сырæзæн æмæ йæ аивадыл куыста зæрдæбынæй адæймаджы авналæнтæ æмæ рæстæджы радтгæ фадæттæ сæ кæрæдзийыл бæтгæйæ. Адæмы цæстыты раз рæзт иу чиныгæй иннæмæ. Ирыстоны рыст зæхх ын, Туркмæ фæлидзæг

[1] У и т м е н У о л д. Американская национальная литература / К о л л е к т и в а в т о р о в. Писатели США о литературе в 2 т. Т. 1. – М., 1982. – 126 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 367 ф.

ирæттау фестад æвæджиаг. Уыдон дæр, дам: «Ирыстонмæ-иу чи цыдис, ууыл-иу æрæмбырд сты лыгъд адæм се ′гас дæр: зæрондæй, ногæй нæлгоймагæй, сылгоймагæй æмæ йæм-иу лæвæрдтой, рагæй сæм æфснайдæй чи лæууыд, уыцы дзæкъултæ: мæ райгуырæн бæстæйы зæххæй мын иу армыдзаг æрхæсс, зæгъгæ. Сæ фыдæлты зæххæй иу армыдзаг куы уыдаид, уæд сын цыма æцæгæлон бæстæйы æнцондæр мæлæн уыдзæн, афтæ сæм каст»,[1] – дзырдта Гæдиаты Цомахъ.

Исидор дæр, æгæрыстæмæй йæ царды кæрон дæр цин кодта, сæхимæ Хъорнисы уæлмæрды кæй æрцæудзæнис ныгæд, ууыл: «уымæй дæр ме ′рдæм фæкъул цард».[2]

Нæ Фыдыбæстæйыл афтæ æнувыд кæй уыдис, Хуссар Ирыстоны фысджытæ йæ 1972-æм азы уый тыххæй равзæрстой Фысджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады бæрнон нымæрдарæй. Кæд нырма æвзонг уыдис, уæддæр сæ уырныдта, иумæйаг хъуыддагæн кæй нæ бавгъау кодтаид йæ хъару, фысджыты кæй нæ дих кодтаид къордтыл. Йæхи хъуыды дæр афтæ уыд, фæлæ адæймаг фæндтæ фæкæны, Хуыцау – лыг.

Бакуыста уым 1975-æм азмæ, фæлæ йæ куыст йæхи зæрдæмæ нæ цыд æмæ йæ ныууагъта йæхи куырдиатмæ гæсгæ. Кусын райдыдта газет «Советон Ирыстон»-ы культурæйы хайады сæргълæууæгæй. Дзæвгар рæстæджы уыдис йæ сæйраг нымæрдар æмæ газеты сфæлдыстадон фæсивæдæн куырыхон разамонæг, хистæртæн – æрдхорд æмбал.

1986-æм азы та йæ Хуссар Ирыстоны фысджытæ сæ конференцийы сусæг хъæлæсæппæрстæй ногæй равзæрстой Советон Цæдисы Фысджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады бæрнон нымæрдарæй. Уыцы аз ссис Гуырдзыстоны Фысджыты цæдисы нымæрдар æмæ Советон Цæдисы Фысджыты цæдисы ревизион къамисы уæнг.

«Исидор… Ацы ном зæлыд Ирыстоны алы къуымты дæр. Йæ номы размæ йын йæ мыггаг дзургæ дæр нал кодтой. Уый тыххæй нæ, стæм ном кæй уыд,

[1] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 436 ф.
[2] Авторы архивæй.

æмæ æнæ Козаты зæгъгæйæ дæр бæрæг кæй уыд, дзырд кæуыл цæуы, уый. Йæ курдиат, йæ рæсугъд уды фарн æмæ йын йæ адæмуарзондзинад скодтой йæ ном афтæ зынаргъ æмæ кадджын»,[1] – зæгъы Гæбæраты Юри.

Йæ куыстмæ æрвылхатт дæр æвнæлдта стыр разæнгардæй. Фæндыдис æй, цас гæнæн и, уымæй ирон аив литературæйы рæзтæн фадæттæ саразын æмæ йæ Ирыстонæй дарддæр иннæ адæмтæн ноджы уæрæхдæрæй фенын кæнын. Уымæн ис æрмæстдæр иунæг фæндаг – ирон литературæ æндæр адæмты æвзæгтæм, куыд æмбæлы, афтæ тæлмац кæнын. Уыцы нывæстытæ йын, уæдмæ, стыр бынæтты цы бынатылæгтæ куыстой, уыдонимæ цы хъарм ахастытæ сарæзта, уыдон фæрцы æнтысгæ дæр æнæмæнг бакодтаиккой. Ницæуыл дызæрдыг кодта, фæлæ мæлæт æгъатыр у. П. Вяземскийы загъдау:

Как много уж имен прекрасных
Она отторгла от живых,
И сколько лир висит безгласных
На кипарисах молодых.[2]
(«Смерт жатву жизни косит…»)

Козаты Исидор йæ тæккæ сфæлдыстадон куысты хъаруйыл куы уыдис, уæд курдиатджын поэт, прозаик, публицист, æнувыд хæлар æмæ аудæг фыдæн фыдадзал æнæнхъæлæджы йæ цард аскъуыдта 1986-æм азы Майрæмкуадзæны мæйы 15-æм бон.

«Арвæй рахаудта æхсидав æмæ сæмбæлдис Ирыстоныл. Сæмбæлдис ирон поэзийы аргъуаныл. Сæмбæлдис ыл æмæ йын, арвы ныццæфау, афæлдæхта йæ хъаймагдæр цæджынгтæй иу. Не ′хсæнæй атыдта нæ уарзон хæлар, нæ худгæбыл æмбалы. Цыфæнды къæрццæмдзæгъд æмæ зыны дæр адæймаджы иунæгæй чи никуы уагъта, нæ циныл-иу чи рад, нæ масты-иу æрхæмзæрдæ чи уыд, тыхст лæджы-иу йæ зæрдæ æмæ йæ аивады хъармæй чи батавта, йæ

[1] Г æ б æ р а т ы Ю р и. Исидор / Хурзæрин, 2014. – 13 май.
[2] В я з е м с к и й П. А. Сочинения в 2 т. Т. 1. – М., 1982. – 230 ф.

райгуыræн Ирыстон æмæ йæ раттæг адæмæн стыр хæрзты бацæуын æппынæдзух йæ хъуыдыйы кæмæн тæлфыд æмæ сын, кæстæр лæппуйау, уырдыг чи лæууыд уыцы поэты – нæ иузæрдыг Иссæйы».[1]

«Исидоræн йæ уидæгтæ йæ райгуыræн зæххæй ратонын кæй нæ куымдтой, ирон дунеæнкъарынадæй кæй нæ иппæрд кодтой, уымæй гуыргæ æмæ цæугæ у йæ аивадон уагахаст»,[2] – дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат.

Уæд, стæй нæ ныр дæр æнкъардзæрдæйæ алчидæр афтæ хъуыды кæны. Адæм æй дзургæ кодтой æмæ кæнынц, поэттæ та йæ сæ уацмысты æвдыстой æмæ æвдисынц:

Ныр дæхи зынгæй æхсид, арв!
Ракалдтæ æмæ кæуыл?
Судзгæ раппæрстай æхсидав…
Ох-хай,
Иссæ, сæмбæлдис дæуыл.

Сæмбæлдис дыл сæрды тарфы,
Арвыл мигъ куынæ уал зындис, уæд.
Дудгæ ацыд риуы арфы:
Арвы цæф бæрзонд хох исы кæд?

Сæмбæлдис дыл уисхæсгæйæ
Буррихи быдыры зад.
Не 'рхаудтай уæддæр хъæрзгæйæ –
У лæгæй амæлын кад.

Сæмбæлдис дыл карды бын лæугæйæ,
Тæсæй сау низ дæр куыдта.

[1] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Нæ ис, нæ бис. 1-аг ч. – Цхинвал, 2008. – 277 – 278 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Ныхас поэты тыххæй // К о з а т ы И с и д о р. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989. – 526 ф.

Тар мæрдырохмæ цæугæйæ,
«Цæр, мæ Ир!» – дзырдтай ды та.[1]
(«Поэт Козаты Исидоры мысгæйæ»)

Цард йæхион кæны æмæ йæ ныхмæ фæлæууын никæй бон у. Фæлæ хъуыдыйæн дæр нæй ныссæлынгæнæн. К. Батюшков загъта: «О, память сердца! Ты сильней Рассудка памяти печальной…»[2] Нæ йæ рох кæны йе студентон бонты хæлар, йæ иузæрдыг æмсисон Харебаты Леонид:

Сабыргай, мæ сабыр æмбал,
Ахъуызыдтæ цардæй…
Фæлæ уадзыс мигъ йæ онджы
Иу кæмæндæр мардæй…

Нал зæгъдзынæ: «Хохы сæрмæ
Ме стыр уаргъ ысхæссон».
Де знæгтимæ ныр дæ бæсты
Чи зæгъдзæн: «Ысхæцон?!»

Ма банхъæл æмæ дыл куыйтæ
Нал рæйынц дæ фæстæ…
Фæлæ сын дæ нæртон зарæг
Ранæмы сæ фæрстæ.[3]
(«Ды райгуырдтæ поэтæй»)

Удæгас адæймаджы хъуыддаг афтæ у: кæнæ дæм исчи æрбакæсдзæнис зулмæ кæнæ дæхæдæг искæуыл акъуырдзынæ дæ былтæ. Фæлæ уыдæтты тыххæй знæгтæгæнæн нæй. Амондджын уый у, знагæй дæр хæлар скæнын

[1] Р О К С А Л А Н. Цатыр. – Цхинвал, 2012. – 172 ф.
[2] Б а т ю ш к о в К о н с т а н т и н Н и к о л а е в и ч. Мой Гений // К о л л е к т и в а в т о р о в. Чудное мгновенье. Любовная лирика в 2 к. Книга 1. – М., 1988. – 83 ф.
[3] Х а р е б а т ы Л е о н и д. Мæ уды хуызтæ. – Цхинвал, 2010. – 69 – 70 ф.

кæй бон бавæййы. Уырыссаг поэт С. Я. Надсон нæм хæлары номæй йе ′нусон дунейæ уарзгæйæ уымæн сиды:

Друг мой, брат мой, усталый, страдающий брат,
Кто б ты ни был, не падай душой.
Пусть неправда и зло полновластно царят
Над омытой слезами землей,
Пусть разбит и поруган святой идеал
И струится невинная кровь, –
Верь: настанет пора – и погибнет Ваал,
И вернется на землю любовь![1]
(«Друг мой, брат мой, усталый, страдающий брат…»)

Исидорæн йæ бон бирæ цыдæртæ уыд. Фæлæ сайдæй куыд никуы никæуыл цыд, афтæ искæй былтæ дæр никуы надта. Нæ уыд йæ туджы. Уый поэтикон амал у. Хуыцау ын кæй радта, уыцы музæйыл та сайдæй никуы цыд. «Дуне диссаг у. Фæлæ ма, æвæццæгæн, æрдзы диссæгтæ адæймаджы парахат фантазихъуаг уыдысты»,[2] – зæгъы Хъодзаты Æхсар. Æмæ йæ, Исидор рæсугъд кодта йæ курдиат æмæ йæ фантазийы фæрцы. Æвзонджы бонтау, æй уымæн мысы Бахъаты Нугзар:

Дысон фыны рæгътыл уарыд мит…
Дысон фыны… Æви уый мæ хъалы?..
Леуахи æбуалгъы хабар сидт,
Æмæ ныр мæ зæрдæмæ куыд хъары!

Булæмæргъмæ ′нæхин кастис цард,
Фæлæ уый дæр ферхæцыд… Ныхъхъуси…

[1] Надсон С. Я. Друг мой, брат мой, усталый, страдающий брат … // Коллектив авторов. Путешествие в страну поэзия в 2 к. Книга 1. – Л., 1968. – 217 ф.
[2] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 139 ф.

Хъорнисы цы уаз мæсыг ныккалд…
Уымæн æз йæ рагон кадæг хъусын…

Уымæн судзы абон дæр йæ арт…
Мысы йын нæ комы дон йæ кадæг.
Къарасет дзы уымæн хæры ард,
Азфыссæг æй уымæн мысы кадæн.[1]
(«Хæлары ном мысгæйæ»)

Бар-ænæбары æвзæры фарст: Исидорæн йæ цардбонтæ йæ раттæгæй кадавар куы уыдысты, уæд ын уыйбæрц хорздзинædтæ – хъулон хъæбул, уарзон æмкъай, зондамонæг фыд, ænувыд æмбал, курдиатджын поэт, хæларзæрдæ адæймаг, Фыдыбæстæйы фæдисон æмæ бирæ, бирæ ændæр хорздзинædтæ куыд бауарзта Хуыцауы цæст?

Царды ænænхъæлæджы ницы вæййы. Нæ уыдысты уыдон дæр ænænхъæлæджы. Ахæм удыхъæдимæ райгуырд. Дзуццаты Хадзы-Мурат ын йæ поэтикон рæнхъытæ: «Кæй хъæуы сæдæ азы цæрæнбон, Кæй – æрмæстдæр иунæг уысмы цард» – комментари кæнгæйæ уымæн дзырдта: «цъус фæцæр, фæлæ рæстæджы аккаг исты равдис».[2]

Йæ амæлæты бон йæ бирæ хиуæттæ, æрдхæрдтæ, зонгæтæ, чиныгкæсджыты зæрдæтæ нызмæлын кодта уидагмæ. Мæскуыйы рынчындоны йæ маст куы сисын кодта, уæд хъазгæйæ æрæрвыста – ныр ænæ мастæй цæрдзынæн, зæгъгæ,[3] фæлæ сын мастау маст уæд скодта. Кæмдæр йæ дадзинты туджы æртах ацахстис æмæ… ныуурæдта зæрдæйы куыст. Йæ раздахын никæй уал бон уыд æмæ, йæ фæстæ цы дзыллæ ныууагъта, уыдонæн сæ маст калд сæ цæссыгимæ.

Мæрддзыгой адæм зæххæн уæз кодтой. Поэт сын аивадæй цы балæггад кодта, уый йын фыстой цæссыгæй. «Дунейы æмыдзаг зæхх ænæ Ирыстон къахыр чи схуыдта, уый йæхæдæг къахырæй ныууагъта уыцы Ирыстон. Йæ

[1] Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Æхгæд фыстæг. – Цхинвал, 1990. – 199 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 235 ф.
[3] А в т о р ы а р х и в.

ацыдæй йæхи мæгуыр удыл дæр ницы бафтыд, йæ тæхудиаг бæллиц цы сæххæст, уый йеддæмæ: сæ уæлмæрды æрцыд ныгæд, йæ фæстагæтты нæ бахъуыд «æбæрæг сæфт фæкодта» зæгъыны сæр»,[1] – зæгъы Гæбæраты Юри, поэты æмдзæвгæ «Цы дæн æнæ дæу» зæрдыл даргæйæ. Фæлæ фыны диссаг уый нæу. Диссæгты диссаг уыдис, уыцы хъуыддæгтæ Иссæ развæлгъау йæхæдæг, фыны фенæгау, æргомæй кæй зыдта. «Когда человек знает, что он на Самом Деле, он знает, что будет с ним!»[2] – бæлвырд кæнæ Евгений Цветков. Исидормæ фыныгъдауæй цы разæнкъарæнтæ цыдысты, уыдон йæ поэтикон дзырдæй ныв кодта:

Цы гæнæн ис? – цæссыгтимæ цæуын,
Æз цардмæ дæр цæссыгтимæ фæзындтæн…

Фæлæ нæ кæнын ницæуыл фæсмон,
Хъæрзынтæ æмæ хъаст кæнын нæ уарзын.
Фæстæмæ та нæ Ирыстон – хæстхъом, –
Фыдыуæзæг æгуыдзæгæй нæ уадзын…

Аланыстон зæхх – хуры ‘хсæн ныззылд,
Йæ бæлццон дæр, йæ фæдисон, йæ барæг,
Нæ йыл фæдæн тæргæ бæхыл дæр цыд.
Нæ айхъуысти йæ кæронмæ мæ зарæг…

Æмæ зæгъынц, чысыл, дам у, æмпылд,
Йæ иу тигъæй хъæр иннæмæ фæхъуысы.
Фæлæ уынут, цæйбæрц адæм æрцыд,
Сæ цæстысыгæй къадатæ æккуырсы…

(«Хъуыдытæ иунæгæй»)

[1] Гæбæраты Юри. Исидор / Хурзæрин, 2014. – 13 май.
[2] Цветков Евгений. Толкование снов. – Ставраполь, 1990. – 7 ф.

Нырма – цардбæллон, афтæмæй фыныгъдауæй уыдта, цы йæм æнхъæлмæ каст, куыд уыдзæнис йе ′ввахс фидæн, æппæт уыдæттæ. Зыдта, куыд æй фæндараст кæндзысты йæ фæстаг фæндагыл; фæдзæхста, кæм æмæ йæ куыд хъуамæ бавæрой.

«Исидор литературæмæ æрбацыд 50-æм азты райдианы, фæлæ йæ поэтикон æцæг курдиат фæбæрæг фæстаг азты»,[1] – дзырдта Гафез, поэт йе ‘ртыккаг чиныг «Цин æмæ сагъæстæ» (1966) куы ныммыхуыр кодта, уæд. Фæлæ йæхицæй никуы уыд разы, уæлейæ дæлæмæ никуы каст, кæд ын йе ‘мдзæвгæтæ, кадджытæ, радзырдтæ æмæ очерктæ газеттæ æмæ журналтæ райгондæй мыхуыр кодтой, чиныгкæсджытæ сыл газеттæ, журналтæ æмæ чингуыты зæрдиагæй æмбæлдысты, уæддæр. Уымæн æмæ æвзонг поэты æцæг дзуринæгтæ фæстæдæр раргом сты. Адæмы æцæг цин æмæ удмаræн сагъæстæ йæ зæрдæйы арфмæ уæд тынгдæр райдыдтой хъарын æмæ сæ адæмы рæгъмæ уæд аивадондæрæй райдыдта хæссын. Аивад ын хиирхæфсæн æмæ сæрыстыры хос нæ уыдис, фæлæ дзы æвзæрста уды хъизæмар. Æргом дзы кодта царды рæстдзинад. Аив дзырды фæрцы стыр лæггад кодта йæ райгуыræн бæстæ Ирыстонæн.

Советон литературон критик ахуырады тыххæй цæвиттон æрхаста Герценæй: «Вспомним Герцена: «Без чтения нет настоящего образования, нет и не может быть ни вкуса, ни слога, ни многосторонней шири понимания: Гете и Шекспир равняются целому университету. Чтением человек переживает века».[2] Исидоræн йæ сабийæ фæстæмæ чиныг йæ хуыздæр хæлар кæй ссис, уый йын бираæ бæрцæй араæзта йæ къух.

Ирон аив литературæмæ Исидор бындурон къахдзæф сарæзта 1959-æм азы, Хуссар Ирыстоны паддзахадон рауагъдад æвзонг фысджытæн цы иумæйаг æмбырдгонд рауагъта, уым цы æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ нымыхуыр кодта, уыдонæй. Иу азы фæстæ та рухс федта йæ поэтикон æмбырдгонд

[1] Г а ф е з. Козаты Исидор // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 200 ф.
[2] К у з н е ц о в Ф е л и к с. Беседы о литературе. – М., 1977. – 3 ф.

«Арвæрттывд» (1960), стæй – кадджыты чиныг «Хæхты фæдисон» (1963), «Цин æмæ сагъæстæ» (1966) æмæ йæ фæндаг сарæзта ирон нывæфтыд литературæйы историмæ. Уымæн æмæ йæ алы ног поэтикон æмбырдгонд дæр дзурæг уыд йæ ног æнтыстыл, аив дзырдмæ йæ бæрнон ахаст æмæ йæ поэтикон дæсныйадыл. Гафез ын «Цин æмæ сагъæстæ»-йæ уымæн зæгъы, зæгъгæ, «ацы æмбырдгонд равзæрд райгуырæн бæстыл, адæмыл, лæгыл, рæсугъддзинадыл сагъæстæй».[1]

Исидорæн хъæу у фыдыуæзæг, йæ «цардбæрзæнды тигъ», йæхæдæг та йын у йæ «хæхты цæрæг маргъ», йæ халдих, йæ сих.

З. А. Веселая Николай Алексеевич Некрасовы кадæг «Кому на Руси жить хорошо»-йы тыххæй зæгъы: «На Руси лишь тот счастлив, кто самоотверженно борется за народное благо».[2]

Исидоры лирикон хъайтар йæхицæй буц æмæ разы у, Ирыстоны тыххæй, сæр куы бахъæуа, уæд йæ цард раттыныл дæр фæстæ кæй нæ фæлæудзæнис, уый тыххæй:

Æз хъæрзын, нæ дæн мæ сæрæн,
Хъусын, амонынц мын хос:
Аив, дам, дæ дон, дæ цæрæн
Æмæ раивдзынæ хорз.

Æз куы фæиппæрд уон Ирæй,
Уæд æнæбон дæн, æдых.
Низ ысуыдзæн ноджы бирæ,
Ноджы мыл ысуыдзæн тых.

Æз йæ хъæбул дæн, æмбæстаг,
Ир – мæ удæнцой, мæ цин.

[1] Г а ф е з. Козаты Исидор // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 201 ф.
[2] В е с е л а я З. А. Николай Алексеевич Некрасов // К о л л е к т и в а в т о р о в. Люблю Отчизну я… – М., 1982. – 340 ф.

Зон, мæ аххосæй æвæстаг
Никуы бауыдзæнис Ир!
(«Ир – мæ цардбæрзæнды тигъ»)

Гафезы хъуыды фæстæр æндæр дзырдтæй бафидар кодта æмæ уæрæхдæрæй равдыста Дзуццаты Хадзы-Мурат: «Адæймаг æмæ рæстæг – уый у йæ сæйраг сагъæс: цахæм ахастытæ сын ис кæрæдзимæ, иу дзы иннæйыл куыд зыны æмæ куыд хъуамæ зына, уымæн æмæ поэт æвдисы, канд цы ис, уый нæ, фæлæ ма йæ эстетикон идеал дæр».[1]

Фыдыбæстæ, адæймаг, рæстæг – Козайы-фыртæн уыдон систы йæ цин æмæ йæ сагъæс. Æппынæдзух уыдысты йæ зæрдæ æмæ йæ сæры. Нæ сæ улæфыд йæ хъуыды. Никуы дæр сæ йæхи тылиф кодта. Йæ райгуырæн уæзæг у йæ «цардбæрзæнды тигъ». Уый цæрайæ цæры. Æмæ йæ лирикон хъайтар йæ сæрæн куынæ у, куы йын амонынц: «Аив, дам, дæ дон, дæ цæрæн Æмæ раивдзынæ хорз», – уæд æм диссаг кæсы сæ зонд – куы фæиппæрд уа йæ Ирæй, уæд æнæбон, æдых кæй у, йæ низ ноджы кæй стыхджын уыдзæн, уый куыннæ хатынц. Бердзенаг мифологон хъайтар Антей,[2] зæххæй куынæ фæхицæн уыдаид, уæд ын мæлæт куыннæ уыдис, афтæ уымæн дæр йæ тых йæ Ирыстонимæ кæй у баст, уымæй у сæрыстыр:

Æз цæуын, мæ фыдызæхх ысгарын,
Уафын ыл мæ къахвæндæгтæй тын.
Куы мæ фæндаг сæрсæфæнтæм дарын,
Куы æнæдон быдырты хæтын.

Разыны мæ нысан ноджы дарддæй,
Фæлæ зын нæ тæрсын кæны мæн.
Хъарм хуыссæн нæ агурын фæлладæй,

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 234 ф.
[2] Советский энциклобедический словарь. – М., 1983. – 62 ф.

Сты нæ хæхтæ гобанау фæлмæн.

Уыдонæн сæ риуы цæф æнкъарын,
Баиу ис нæ зæрдæтæн сæ куыст,
Мæн æййафы фæндæгтыл сæ уарын,
Мæн æрсуры фæндæгтыл сæ хъызт…

Хур – æмбæлццон сæвдулы мæн доны,
Бафæллайын, уæнгты тых сæтты.
Мæн нæ фыййау арты фарсмæ хоны,
Цуанон мын æмбæлæггаг дæтты.

Æз цæуын, æрлæууæн нæй мæ науæн,
Не ‘фсæды нæ хæхты уындæй цæст.
Кæд фæцудон – бæрзæндæй мæ хауæн,
Кæд мæлон, уæд – бæрзæндыл мæ дзæхст!

(«Бæрзæндмæ»)

М. Горький Шевченко, Пушкин æмæ Мицкевичæй фыста, зæгъгæ, сты, «люди, воплощаюающие дух народа с наибольшей красой, силой и полностью».[1] Исидоры æмдзæвгæтæ, Фыдыбæстæ цы у, уый чи нæ зоны, ахæм адæймаг куы кæса, уæддæр ын йæ райгуырæн уæзæгмæ уарзт ма райхъал кæной, уый гæнæн нæй. Поэт æнæ йæ Ирыстон йæхи нымайгæ дæр нæ кодта. Æнæ Ирыстон ын бон боны адæн нæ уыд, цард царды адæн. Козайы-фыртмæ, зæгъæн ис, хур арвæй нæ каст, фæлæ Ирыстонæй. Æмæ йын йæ поэзийы уыцы миниуæг Хостыхъоты Зинæ уый тыххæй нымадта æмбæстагон рæзт æмæ поэтикон æнтыстыл: «Абонмæ ирон поэзийы цы сарæзта, – йе ‘ртыккаг чиныг «Цин æмæ сагъæстæ»-йы фæстæ йын йæ куыстæн аргъ кодта Зинæ, – уыдон

[1]Р ы л ь с к и й М. Великий польский поэт Адам Мицкевич // М и ц к е в и ч А д а м. Избранное. – М., 1948. – 21 ф.

нын фадат дæттынц, цæмæй йæ банымайæм нæ курдиатджын литературон фæсивæды æмрæнхъ.

Йе сфæлдыстадыл нæ цæст куы ахæссæм, уæд дзы, фыццаджыдæр, бафиппайдзыстæм иу хабар – уарзы нæ райгуырæн бæстæ». [1] Стæй йын, йæ чиныджы æнтыстытæ нымайгæйæ, рецензент дарддæр фæконкретондæр кодта йæ ныхас: «Нæ урссæр хæхтæ, нæ цъæх фæзтæ, нæ цардхос суæрттæ, æгъдауджын зæрдæтæ, ныфсхаст кæстæртæ, гуырвидыц чызджытæ, – уый у нæ Ирыстон, афтæмæй уайы поэты цæстытыл… Поэт уарзы йæ мадæлон æвзаг, æнкъары йын йæ диссаджы миниуджытæ…»[2] – Зинæ нымадта поэты æнтыстытæ.

Уыцы хъуыдыйыл фидарæй хæцыдис йе ‘ртыккаг поэтикон æмбырдгонды æндæр рецензент Пухаты Алыксандр[3] дæр. Æмæ нæ фæрæдыдысты.

Йæ фыдæлты уæзгуытæ бонцау нæ, афæдзцаутæй нымад чи нæ фæуыдзæнис, уымæн йæ бон нæ бауыдзæн, йæ райгуырæн къуым уырзæййас кæмæн у, уый сагъæс æххæстæй бамбарын. Бинонтæ æппæты кæстæры, цæсты гагуыйау, куыд фæхъахъхъæнынц, йæ Райгуырæн бæстæ боны бонцауæй чи бары, уыдон дæр ын афтæ фæтæрсынц, авгау, æрхауынæй. Фыдæлты зæхх сын мад дæр басгуыхы, хъæбулы бæсты дæр сын вæййы.

Нæ поэтæн йæ фыццаг аивадон уацмысты фергом, йæ райгуырæн Ирыстоны цæрайæ кæй цæры, кæй йыл тайы æмæ ‘руайы, уый. Фыдыбæстæ йын уыдис æвæджиаг. Нæ йыл æфсæст зарынæй. Ирыстон рæсугъдæй, сæрыстырæй, æппæтхъомæй уыдис йæ былалгъыл, йæ хъуыдыйы, йæ уды. Уыдта æмæ йæ æвдыста алыварсонæй. Ныв æй кодта, йæхи удæй йæ фылдæр уарзта, афтæмæй. Йæхи удæй фылдæр, фæлæ цахæм уарзтæй! Не ‘фсæст алыхуызон рæвдауæн дзырдтæй йæ хонынæй.

Куы амæла, уæддæр æй фæнды, цæмæй йæ, æгъдау куыд у, афтæ хурыскæсæнæрдæм ма баныгой, фæлæ йын скæной «нæ урс хæхты ‘рдæм йе ‘ргом» («Ыскæнут мын нæ хæхтæм ме ‘ргом»). Райгуырæн бæстæ уыд йæ

[1] Хостыхъоты Зинæ. Бæрзондæй-бæрзондмæ / Фидиуæг, 1966. № 7. – 70 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] Пухаты Алыксандр. Цин æмæ сагъæстæ // Советон Ирыстон. – Цхинвал, 1966. – 3 август.

цин дæр, йæ зын дæр, иудадзыг нæ хæхтæм уыд йе ‘ргом, уымæн æмæ не ‘фсæст сæ уарзтæй:

Хæхтæ, уæ зымæг, уæ тъæнг дæр сæрд у,
Худистæй уымæн фæцæуын уæ рæзты.
Искæй цæсты, дам, уынæм мах æрду.
Хæхты куыннæ уынут, ау, уæд мæ цæсты?!

Мæнæ та ногæй сымахмæ – мæ каст,
Раст цыма Иры дзуар ыстут, Реком.
Мæнæ та цæстæнгас фестади уарзт,
Мæнæ та зæрдæйы мадзура фергом…

Дадзинты феккуырсы знæт туджы зæй,
Зæрдæ нæ кæны дæ сагъæстæй ривад…
Райгуырæн бæстæйæн синоним нæй,
Райгуырæн бæстæ нæ кæны кæривæн…

(«Мæ цин дæр, мæ зын»)

Йæ амæлæты размæ Исидор, цыма йæ бонæмгъуыд зыдта, сæрыстыræй æви, æгæрыстæмæй, «цингæнгæйæ» фыста: «Мæ фæндаджы райдайæн ирон хъæдæрмæгæй, ирон къухæй арæзт авдæнæй æмæ Ирыстоны зæххæй кæй байдыдта, уымæй мердæм фæкъул цард. Мæ фæндаджы кæрон дæр Ирыстоны зæххы, нæхи уæлмæрды, Хъорнисы кæй фæуыдзæн, уымæй дæр мердæм фæкъул цард».[1]

Зæрдæйыл æнæ ′рбалæугæ нæ фæвæййынц Тарас Шевченкойы зындгонд ныхæстæ: «Как умру – похороните Вы меня в могиле На кургане, над простором Украины милой…»[2] («Завещание»).

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Ныхас поэты тыххæй // К о з а т ы И с и д о р. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989. – 526 ф.
[2] Ш е в ч е н к о Т а р а с. Кобзарь. – Киев, 1983. – 306 ф.

Цас бæллиццаг у, адæймаг йе ‘нусон дунемæ кæй фæцæуы, уый. Къоста дæр ма куы дзырдта: «Нæ дæ тæрсын, мæлæт!.. дæ сау ингæны уазал Йæ тар уынгæг къуыммæ ныр рагæй хоны мæн, Фæлæ цæрын уæддæр, раст цалынмæ ма хъаза Тыхы мур ме уæнгты мæ райгуырæн бæстæн»[1] («Нæ дæ тæрсын, мæлæт!..», Плиты Грисы тæлмац).

Иссæ, йæ фыдæлты уæзæджы сыджыты хайыл тагъддæр кæй бафтдзæнис, йемæ кæй сиу уыдзæнис, ууыл дæр цин кодта. Æмæ, уæдæ, туг æмæ стæгæй ирон уæвыныл уадзгуытæ чи кодта, уымæн йæ зарæджы сæр куыннæ уыдаид Ирыстон?!

Æрмæстдæр Исидоры хуызæн поэт ныффысдзæнис йæ Райгуырæн бæстæйыл ахæм хъарм, зæрдæйы æрфытæй цæуæг æмæ зæрдæйы рæбинаг уидæгтыл æмбæлæг рæнхъытæ:

Нæ Иры уалдзæг дидинæг куы уаин,
Уæд хæхтыл æз бæрзонддæр ран æрзаин,
Цæмæй рæудымгæ м‘ алывæрсты кафа,
Хæсса хæрздæф, Ирыстон æй улæфа.

Сæрдыгон та къæвдайы ‘ртах куы уаин,
Æрвылизæр нæ быдыртыл куы уарин,
Цъæх нартхæрттæ, нæрст мæнæутæн сæ дойны
Куы ныссæдтин æмбойны.

Фæззæг та – дыргъ, уæд бæлæстæй æртасин,
Нæ бахъæуид мæ ратонынæн асин.
Зымæг та-иу ыстъалыйау куы ‘рттивин,
Цырагъдарæй Ирыстоныл фæзилин.

Фæлæ сындз къутæр æз зæххыл куы уаин,

[1]К ъ о с т а. Ысхъомыл дæн уырысимæ. – Цхинвал, 2009. – 73 ф.

Æрмæстдæр уæд Ирыстоны нæ заин.

(«Ам алцы дæр куы уаин»)

Ацы æмдзæвгæ йе ‘взонджы бонты фыст у. Йæ нуар куы сфидар, уæд æй куы ранывæстаид, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, поэтикон æгъдауæй тыхджындæр уаид. Сæйраг уый дæр цæмæннæ хъуамæ уаид, фæлæ нын ныртæккæ ахсджиаг, йæ Фыдыбæстæйыл уыцы зæрдæйы уаг кæй никуы сивта, уый у. Ноджы йын уыцы уарзт кодта тыхджынæй-тыхджындæр, сатæгæй-сатæгдæр. Ирыстон ын уыдис дунейы цæст. Ирыстон æй уыдта æнæхъæн дуне. Æхсызгон ын уыдис, Ирыстон нæргæ къæбицау кæй у, лæгуарзонад йæ зæрдæйы цæугæ дæр кæй нæ кæны: «Кæцы фæндаг нæ райдайы Ирыстонæй, Кæцы фæндаг Ирыстонмæ нæ кæны!..» («Зæххы сæмæн»). А. С. Грибоедов æнæнхъæлæджы нæ загъта: «И дым отечества нам сладок и приятен».[1]

Алчи дæр фæхатдзæнис, поэт астæуккагæнусон æмбисондæй, ома, «фæндæгтæ иууылдæр кæнынц Риммæ»-йæ кæй спайда кодта. Фæлæ уый размæ уыцы æмбисонд уынæм францаг зындгонд фыссæг Лафонтенмæ йæ басни «Третейский судья, брат милосердия и пустынник»-ы. Стæй дзы Лафонтены фæстæ спайда чындæуыд Октябры революцийыл æртын азы сæххæсты цытæн Моссоветы цытджын æмбырды 1947 азы джиуæргуыбайы мæйы 6-æм бон,[2] ома, уæд коммунизм кæй «арæзтам», уый тыххæй нæ уырныдта тагъд фæндæгтæ иууылдæр уырдæм кæй цæудзысты. Фæлæ уырдæм æхсадцæсгом æмæ æхсад къухтимæ цæугæ у, мах та куыд хистæрæй иууылдæр куырм кæны мулк. Æхцайы æхцон къыбар-къыбур нын ферох кæнын кæны æппæт дæр. Æгæрыстæмæй, нæ царды сæйраг идейæ дæр.

Фæлæ йæ В. Маяковский сыгъдæгзæрдæйæ рацарæзтаид йæхирдыгонау: «Все к большевизму ведут пути».[3] Фæстæдæр лозунг ссис – «Æппæт фæндæгтæ дæр кæнынц коммунизммæ». Фæлæ нын уый нырма дæр рухс бæллиц у. Поэт Исидорæн та æппæт фæндæгтæ дæр Ирыстонæй кæй цыдысты

[1] Г р и б о е д о в А. С. Горе от ума. – Л., 1987. – 55 ф.
[2] Правда, 1947. – 7 ноябрь.
[3] Коммунисти, все руки тянутся к вам. РОСТа №44. – 1920, III.

æмæ Ирыстонмæ кæй здæхтысты, уый Фыдыбæстæйы уарзон хъæбулы зæрдæйыуаг у æмæ уыдзæнис.

«Фæндаг, ома, царды фæндаг цы хуызæн у, ууыл раст дзургæйæ («Цыдысты дыл алыхуызон адæм _ Нæртон лæг, Уæйгæнæг, фыдхуысæнг. Кæмæн уыд йæ фæлвараен кадæн, Кæмæн та æнустæм – æлгъыстæн»), поэт фæндаджы фæлгонц фæсаджил кодта: «Фæндæгтæ дыууæ сты æрмæстдæр – Мæлæт æмæ 'нæмæлгæ цардмæ»,[1] – дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат.

Æнæуый та фæндаджы темæ ирон поэзийы аккаг бынат кæй æрцахста, уый хуымæтæджы нæу. Адæмон æмбисонд: «Ирон лæг – уæрдонджын, фæстагмæ сбонджын»,[2] – дзурæг у нæ рагфыдæлты цардуагыл, сæ уæрдæттæ æппынæдзух ифтыгъд кæй уыдысты, цæугæцард кæй кодтой, ууыл.

Фæндæгты темæ афтæ арф уымæн бацыд нæ поэзимæ: Токаты Алихан – «Хæтын»,[3] Гафез – «Фæндæгтæ, алыхуызон фæндæгтæ…», [4] Цæрукъаты Алыксандр – «Фæрвкъутæр астымы – фæндаг»,[5] Джусойты Нафи – «Æнусон бæлццонау»,[6] Дзаболаты Хазби – «Фæндараст»,[7] Бестауты Гиуæрги – «Фæндæгтæ», [8] Бахъаты Нугзар _ «Къахвæндаг тыгъдбыдырты фæраст…»,[9] Дзуццаты Хадзы-Мурат – «Фæндаг»[10]… Æмæ сæ афтæ бирæ ис нымайæн.

Зæххы къори кæд зæрин хурæй афæдзы цафонфæнды дæр рæвдыд æййафы, бирæ рæтты та кæд зæхх тæфсгæ дæр не скæны, уæддæр поэтмæ уый нæ кæсы диссаг. Дис ууыл кæны, куы фæцæуы нæ Ирæй, уæд ыл йæ зын, йæ фæллад кæй æртæфсынц. Фæлæ цыфæнды фыдты куы вæййы, уæддæр, «сыгъдæг уа арв æви ныббада сау мигъ», уæддæр æй йæ фæндæгтæ Ирыстонмæ кæй æркæнынц («Мæ фæндаг мæ Ирыстонмæ æркæны»), сæйраг уый у. Æгæрон æм у йæ уарзт:

---

[1] Д у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 239 ф.
[2] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал, Дзæуджыхъæу, 3013. – 172 ф.
[3] Т о к а т ы А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 88 ф.
[4] Г а ф е з. Фыды артдзæст. – Цхинвал, 1983. – 122 ф.
[5] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз. – Дзæуджыхъæу, 1868. – 58 ф.
[6] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Æнæном чиныг. – Цхинвал, 1967. – 83 ф.
[7] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 18 ф.
[8] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 222 ф.
[9] Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Æхгæд фыстæг. – Цхинвал, 1990. – 334 ф.
[10] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, 1990. – 26 ф.

Куы ‘рлæууин æз тæрхоны раз дæу тыххæй,
Куы йæ зонин: сæ карз тæрхон – мæлæт,
Куы зæгъиккой лæгмарджытæ æмдзыхæй:
«Цы ма курыс, цы у дæ фæстаг мæт?»

Уæддæр зæгъин: «Мæ Ирыстон, мæ дарæг
Куыд никуы фæуа царды цинтæй цух.
Æнусбонтæм йæ зарæг дæр, йæ хъарæг
Куыд агайой лæджы зæрдæ æдзух».

Уæддæр зæгъин: «Ирон мады рæвдыдæн
Йæ кæстæртæ куыд бафæразой кад.
Йæ бæллицон-иу куыд ыздæха æвыдæй,
Сатанайау – йæ хæдзары бæркад».

Уæддæр зæгъин: «Ирон чызджы нымдæнгас –
Мæйдар æхсæв ыстъалыты æрттывд.
Йæ хъæбултæ куыд ысгуыхой фыдæнгæс
Æмæ кæм уой сæ хæлæрттæм æрмтыгъд»…

Уæддæр зæгъин… цы ма зæгъин, нæ зонын,
Цы уын раттон мæ цардбонтæй хуыздæр?
Мæхицæн та… Мæхицæн та цы домын? –
Нымады уæм куы разынин æз дæр…

(«Фыдызæхх»)

Æппæт уыдон поэтæн цурон ныхас не сты, фæлæ цæуынц йæ зæрдæйы арфæй. Сты царды рæстдзинад. Сты йæ цард. Анна Ахматова йе ‘мдзæвгæтæй куыд дзырдта: «Для меня в них связь моя с временем…».[1] Йæхицæй,

[1] А х м а т о в а А н н а. Стихотворения. – М., 1961. – 10 ф.

Ирыстоны сæрвæлтау йæ уд рауæлдай кæнынмæ дæр цæттæ кæй у, æгæрыстымæй, уымæй дæр æппынæдзух никуы уыд сæрыстыр. Дзуццаты Хадзы-Мурат уый тыххæй загъта: «Поэт разы нæу, цы сарæзта, уымæй. Ирыстоны стырдæр адæймаг Къостайы фæлгонц дæнцæгæн равзаргæйæ, поэт æнкъардæй дзуры, зæгъгæ, кæд Къостайы æмбай сси, уæддæр цъæмæлджын у йæ фæззыгон най æмæ йæ риуæй цæхгæр стоны йæ фæндон, йæ бæллиц: «Судзгæ ыстъалыйау иу хатт ныррухс кæ Æмæ фæйнæрдæм зынджытау фæхау!»[1] Уый – Ирыстоны сæрвæлтау.

Аивады кусæг цалынмæ йæхиуыл нæ февваерса, цардмæ бæрзондæй ныллæгмæ нæ ракæса, уæдмæ йæм ис æнхъæлмæ кæсæн цыдæр хуыздæр сфæлдисынмæ, чиныгкæсджыты зæрдæтæ ног фæлгонцтæй, ног чингуытæй балхæнынмæ. Поэтæн-иу Ирыстоны тыххæй иу уацмыс иннæйы фæдыл сфæлдисын уый охыл бафтыд йæ къухы.

Исидор æрдзæй рахаста иу стыр æвæджиауы хорзæх – йæ райгуырæн уæзæг, нæ фыдæлты зæхх æгæрон уарзтæй уарзын, йæ рисæй риссын, йæ циныл цин кæнын, æмæ йын æппæт йе ‘ннæ хорздзинæдты дæр йæ алыварс тыхта уыцы æгæрон стыр æнкъарæн. Уымæн æмæ, йæхæдæг æргомзæрдæ æмæ ныфсджынæй цæйау дзырдта:

Нæ арæзтон мæхи номы цытæн
Æз мисхал дæр, аслам цыт мæ нæ хъæуы.
Ирыстонæн уырдыглæууæг цыдтæн…
(«Ыскæнут мын нæ хæхтæм ме ‘ргом»)

«Сындз къутæр» уæвгæйæ йæ райгуырæн уæзæгыл чи никуы æрзайдзæнис, цæмæй йæ Ирыстоны буары ма ныхса, удхарæй йæ ма мара, æнæ йæ раттæг адæм дуне къахыр кæмæн у, йæ ингæнæй йæ райгуырæн къуым фæцæрдхъом кæнынмæ чи хъавы, уый æнæмæнг хъуамæ уыдаид ахæм – Ирыстонæн уырдыглæууæг. Стæй – счъилдыс, æппынæдзух цыфæнды сæруæлдай тохмæ

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 235 ф.

дæр фæдисы къахыллæуд сæрхъызой. Уыимæ – хæд-зонд, хæдæфсарм æмæ бонзонгæ. Йæхицæн æй фагæй фылдæр нæ хъуыдис, искæмæн – бирæ. Стæй йæ уыцы фæндиаг – йæ Фыдыбæстæйæн лæггад кæнын, исчи дзы хорз загътаид, уый охыл нæ арæзта. Æрдзон æгъдауæй йæм цыдис, фидаугæ дæр ыл уый тыххæй кодта. Йе ‘мбæстагон лирикæйы сæйраг ратæдзæн дæр уырдыгæй уыд. Æмæ йыл æууæндыд Хадзы-Мурат: «Исидоры уацмыстæй рæстæг цы равзара, уым уыдзæн йæ «æз», йæхи æмæ Ирыстоны реалон, æрдзон рæстдзинад».[1]

Æмæ йе сфæлдыстады бирæ дæсгай æмдзæвгæтæ æмæ кадджытæй алы хатт дæр сыгъдæг кодта æмæ бæрзонд иста æмæ исы йæ иузæрдыг чиныгкæсджыты удтæ. Уымæн æмæ, йæ Фыдыбæстæ æгæрон уарзтæй чи уарзы, сыгъдæг æнкъарæнтæ, патриотон хъуыдыты бындур кæмæн у, уымæн æвзæр уæвæн нæй. Козайы-фырт алы хатт дæр йæ ацы темæйыл амад уацмысты архитектурон æмæ архитектоникон амæлттæм йæ хъус læмбынæгдæр уый тыххæй дардта.

Диссаг уыд иу хъуыддаг – поэт царды уыдис æви поэзийы, кæмфæнды ма фестадаид, цыфæнды хъуыддаджы сæр ма лæууыдаид, уæддæр, фæцу æмæ æрцу – хъуамæ февзæрдаид йæ райгуырæн уæзæгыл. Æмæ йын йæ поэзи уыцы хъуыддаг бирæ бæрцæй кæны цæрдхъом æмæ цымыдисондæр. Уæлдайдæр, райгуырæн уæзæджы нывтæ æмæ æгъдæутты афыстимæ. Ирыстонæй йæ дард балцы уымæн мысы йæ уæзæг:

Мæ хъæуыл, мæ уынгыл фæцæуыс, хæлар,
Нæ хæхты æгъдæуттæ дæ зæрдыл уæд дар:
Куы уынай, мæ ердойæ скалди фæздæг,
Æнæмæнг нæм фездæх мæ зымæг – фæззæг…

Фælладæй куы фенай мæ уæзæгмæ фæд,

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Ныхас поэты тыххæй // К о з а т ы И с и д о р. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989. – 528 ф.

Уæд хъуамæ дæ зæрдæ ыскæрда йæ фæнд:
Цы уазæг фысымæй фæцæуы дæрдты, –
Йæхæдæг йæ къæбæр чъындыйæ дæтты…

Цы кæнæм, фыдæлтæй нын афтæ у хæс:
Дæ уасæг ныууасыд, уæд уазæгмæ кæс.
Куы фæзына иугæр, уæд ракæс, фæхуд,
Æрхæсс ын рæдауæй дæ къæбæр – дæ уд…

Мыдау ын куыд фæуой дæ цæхх æмæ дон,
Дæхицæн æрвитыс фæндаггаг, уый зон…
Мæгуырæй дæр уазæгæн самоны къух, –
Кæрæдзийыл узæлдæй ма фæуæм цух…

Нæ уазæг нын ма байсæд макæд хуыцау,
Нæ мæгуыр къæбæрæй йын мах та – хуындзау.
Цы кæнæм, мах а-зæхх цæрынæн хъæуы,
Дунейы фæндаг та нæ рæзты цæуы…

(«Куыд хорз у нæхимæ!..»)

Æрмæст ацы æмдзæвгæйы цы алыхуызон æмбисæндтæ, афоризмтæ, æгъдæуттæ, метафорæтæ, абарстытæ, сидæнтæ æмæ алы æмæ алы бирæ поэтикон амæлттæ ацыдысты æддæг-мидæг, уыдон дæр дзурæг сты нæ поэты курдиатыл, йæ уæрæх аивадон авналæнтыл. «Поэты хъуыды æмæ æнкъарæны культурæимæ иумæ дырыстæр, ирддæр кæны йе 'мдзæвгæйы формалон культурæ.»[1] Радта йын сæ, цы дуджы цардис, уый æмæ сæ пайда кодта, йæ фадæттæ йæ куыд амыдтой, афтæ, йæ радтæг уæзæг æгæрон уарзтæй уарзгæйæ. Дзуццаты Хадзы-Мураты загъдау: «Йæ райгуыраен хъæу, йæ райгуыраен Ирыстон Исидор уарзта цыдæрхуызон æнахуыр уарзтæй. Уымæн

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 238 ф.

хуымæтæг логикæйæ бамбарæн нæй. Кæмфæндыдæр нæ уыдаид, цæуылфæндыдæр нæ фыстаид – иугæндзон йæ цæстыты раз лæууыд Ирыстон. Ирыстоны хæрзæбонæй барста иннæ бæстæты хæрзæбон. Ирыстонæн хорз куынæ уа, уæд хорз нæ уыдзæн æндæр бæстæтæн, æмæ иннæрдæм – æндæр бæстæтæн хорз куынæ уа, уæд хорз нæ уыдзæн Ирыстонæн».[1] Царды уыцы рæстаг философийы фæрцы тынг хорз æмбæрст цæуы йæ Фыдыбæстæм йе ‘гæрон уарзты логикæ. Уый уыдис рæстаг, фæллойгæнæг æмæ фидыдадтауæг фыссæджы философии. Æмæ уый æнæмæнг афтæ хъуамæ уа.

Фæлæ ма иу чысыл байхъусæм Хадзы-Муратмæ: «Исидор йæ уд хъардта, цæмæй Ирыстоны тыххæй фысгæйæ, иу æмдзæвгæйæ иннæмæ йæ пафос, йæ лейтмотив ма ива, фæлæ йæм бафтауа ног цыдæр, фæуæрæхдæр æмæ йæ феххæстдæр кæна. Цыма фæлхатт кодта йæ сæйраг фæлгонцтæ, йæ сæйраг хъуыдытæ, фæлæ сæ фæлхатт дæр нæ кодта. Ирыстон ын уыд æвидигæ, æнæсысгæ, æнæнцой темæ».[2] Бæргæ, æцæг афтæ куы уыдаид. Фæлæ фæлхатт кæнын хорзыл нымад никуы уыдис. Æндæр хабар у, иу уацмысæй иннæйы кæй хъæздыгдæр кодта æмæ уымæн æвдисæн Ирыстоны фæндæгты тыххæй йе ‘мдзæвгæтæ. Фæлæ-иу йæ алы уацмыс дæр рафидауын кодта цыдæр ног хъуыды, ног деталæй æмæ-иу уый æнæхъæн æмдзæвгæйы сфидыцджын, схæрзуынд кодта.

Сæ хуыздæртæй, чи зоны, сæ иууыл хуыздæр у æмдзæвгæ «Ды мын зæгъыс…» Йæ ныхас здахы, æппынæдзух царды уæзыл сæхицæй иуварс ахæцынмæ чи фæхъавынц, хъыс-хъысгæнгæ, хъынцъымгæнгæ чи фæдзурынц: «… цы стæм? Чысыл æмæ æнæном. Æдæппæт – армыдзаг, ыстæй Дзыллæты ‘хсæн – æнæном»; афтæмæй рæстæджы сойтæм къæппæй чи фæлæууынц, уыцы дæлæ-уæлæгæндтæм:

Дæуæй куыд ысирвæзы уæд,

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Ныхас поэты тыххæй // К о з а т ы И с и д о р. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989. – 527 ф.
[2] Уый дæр уым.

Зæгъ-ма, нæ бæрц цы давы?
Æрфæнау баззадис нæ фæд
Историйы цъæх арвыл.

Къоста! Нæ рухс зарæг, нæ зонд,
Йæ ном, йæ цыт у Ирæн.
Нæ хæхтау слæууыдис бæрзонд
Æмæ нæры йæ лирæ.

Йæ сидт æнусты сæрты тахт,
Йæ зардмæ цъити тайы.
Уæдæ куыннæ стæм дардыл мах,
Кæм нæ зонынц Къостайы!

Æмæ поэт афтæ, йæ размæ чи уыд æмæ йæ фæстæ чи сты, уыдонæй бирæтау нымайы, Ирыстон сæрыстыр кæмæй у, уыцы адæймæгты нæмттæ: Плиты æфсадхон Иссæ, дунейыл нæ хъуыстгонд ахуыргонд Абайты Васо, Отеллойы фæлгонц дунейы æмвæзадмæ сисæг Тæбæхсауты Балойы. Уыдис сæ, фылдæр хатт куыд фæкæнæм, афтæ ноджы дарддæргæнæн (Дзугаты Георгийы «Мæ Иры бæстæ»,[1] Дзуццаты Хадзы-Мураты «Иумæ»,[2] «Къостамæ уазæг»[3] æмæ сæ ноджы иудзæвгар уаид нымайæн).

Ирыстоны, табу Хуыцауæн, тынг бирæ адæм уыдис, нырма дæр нæм ис (Бæх кæм стулы, уым ма æрду аззайы), нæ Фыдыбæстæйы кад бæрзонд чи исынц, дæлæмæ йæ чи никуы ‘руадздзысты, ахæм кады гуырдтæ.

Исидор сæрыстыр цæмæннæ хъуамæ уыдаид нæ фыдæлты рагисторийæ, сæ ном дзурынæй уымæн не ′фсæст æмæ: «осетини являются прямыми потомками скифо-сармато-аланских племен, некогда обитающих от реки Дона до дуная, от восточно-европейских равнин до Северного

[1] Дзугаты Георги. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Цхинвал, 1971. – 366 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Фыццаг ныхас. – Сталинир, 1956. – 12 – 13 ф.
[3] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Романтикæ. – Сталинир, 1959. – 32 ф.

Причерноморья и Кавказких гор».[1] Сæрбæрзондæй цæмæннæ хъуамæ цыдаид нæ «адæмы цырагъ»[2] Къостайæ!

Ægæрыстæмæй, кæд тугкалæн хæсты, цахæмфæнды стыр хъæбатырдзинад æвдисгæйæ дæр, бæллиццагæй уадиссаг ницы ис, уæддæр ын æхсызгон уыд стыр адæймæгтæй нæ туг, не стæджы тыххæй ахæм ныхæстæ хъусын æмæ кæсын: «Один из самых передовых, культурных народов Северного Кавказа – осетинский народ дал стране уже (Фыдыбæстæйон хæсты райдайæны – Хъ. М.) четырех Героев Советского Союза и более трехсот орденоносцев. Слово «осетин» с уважением произносится на всех фронтах Отечественной войны, ибо осетины показали себя храбрыми и честными воинами».[3]

Ахæм хъуыддæгтæ адæмæн номгæнæг сты. Нафийы загъдау: «Лæгыл фидауынц хорз ном æмæ номдзыд, Кæд сæ лæгау йæ удвæллойæ ссара, Нæ йын уой хаст рæстаг туг æмæ рондзæй, Уынгæджы бон сæ, хъарм кæрцау, нæ дара».[4] Табу – Хуыцауæн, сæ нымайынæн-иу уæддæр куы уаиккам.

Фæлæ фыдæлты сгуыхт хъуыддæгты номхыгъд аразын аивадон уацмыс нæу. Кæронмæ сæ ничи дæр нымайгæ ракæндзæн. Аивадон уацмысы сæ ницæмæн дæр нымайыны сæр хъæуы. Фылдæрæй сæ ранымайыныл чи ацархайы, уый йæ уацмысы, кæд ын афтæ схонæн вæййы, уæд аивадон æгъдауæй фылдæр фæрæдийы.

Поэтæн ацы æмдзæвгæйы, кæй æрнымадта, уыдон фаг уыдысты, цæмæй æмбæлон хатдзæг сарæзтаид, цы зæгъын æй фæндыд, уымæн æмæ йæ аразгæ дæр хорз скодта:

Сæдæтæ ноджы дæр зæгъин
Нæргæ нæмттæ æз ахæм,
Фæлæ æппæлыныл ælгъин
Фыдæлтæй баззад махæн.

[1] К о з а е в А. И. Анахарсис. – Цхинвал, 1982. – 23 ф.
[2] А б а е в В. И. Избр. труды. Т. 1. – Владикавказ, 1990. – 555 – 559 ф.
[3] П а в л е н к о П. Честь и слава защитникам Осетии // К о л л е к т и в а в т о р о в. Осетия в русской литературе. – Владикавказ, 1963. – 334 ф.
[4] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Æнæном чиныг. – Цхинвал, 1967. – 3 ф.

Дунейы стыр цинау – нæ цин,
Фæлæ йыл ма кæн хахуыр.
Зæххыл куынæ цæриккой Ир,
Уæд дуне уаид къахыр!

Ацы дзырдтæ æрмæстдæр зæгъдзæнис, Иры уарзт, йæ Фыдыбæстæйы уарзт йæ зæрдæйы арф уидæгтæ кæмæн ауадза, ахæм. Козаты Исидор у ахæм поэт. Йæ радтæг зæхмæ йæ зæрдæйы уыцы ахаст, ома, йæ дзырдты уаздæртæ æмæ зæгъинæгты хъаймагдæртæ йæ райгуырæн уæзæгимæ кæй фæбæтты, уый йе сфæлдыстады зыны суанг фæндзайæм азтæй райдайгæйæ, ирон аив литературæмæ фыццаг фидар кахдзæфтæ куы ‘рбакодта, уæдæй фæстæмæ.

Уыцы хъуыддаг уæлдай æхсызгондæр уымæн у, æмæ адæмæн сæ райгуырæн бæстæ хъуамæ уарзын кæна, йæхæдæг æм былысчъилæй чи нæ кæсы, фæлæ йæ зæрдæйы цавд йæ радтæг уæзæджы тугдадзинты цавдимæ кæмæн иу кæны, Фыдыбæстæм, дунемæ, стæй æмткæй цардмæ йæхи, æндæр искæй цæстæнгасимæ кæй нæ фæивддзаг кæнай, уыцы ахаст кæмæн ис, ахæм адæймаг. Стæй ахæм фыссæг!

Дзуццаты Хадзы-Мураты фидарæй уырныдта: «Аксо (Колыты – Хъ. М.) куы дзуры Мады Майрæмæн, зæгъгæ, Дæ кадджын фырт Чырыстийæ «курыс алыхуызон хæрзтæ махæн, мæгуыртæн»,[1] фервæзын нæ кæн «нæ уынгæг бонтæй», нæ зæрдæтæй нын «фæсур фыдбылыз дардмæ», Хуыцауæй куы куры, зæгъгæ, «нæ бахиз рагæй-æрæгмæ нæ фыдызнагæй, æвзæр фыдвæндтæй, хæйрæджы митæй», фыдæбонтæй, «уды талынгæй», «фыды фыдуагæй», уæд дзы уынæм ирон царды реалон уавæр, ирон удыхъæды фауинаг бæрджытæ, абон дæр ма кæмæй нæ фервæзтыстæм, уыдон.[2] Аксо Хуыцауыл æууæндынмæ сидгæйæ сиды Ирыстоныл æууæндынмæ, уымæн æмæ Ирыстоныл куыннæ бауæндæм, нæхиуыл куыннæ бауæндæм, уæд

[1] К о л ы т ы А к с о. Мады Майрæмы куывд // К а л о т ы Г. Ирон литературæ (хрестомати), 1-аг хай. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 46 – 50 ф.
[2] Уый дæр уым, 50 – 51 ф.

фесæфдзысты ирон адæм».[1] Æмæ иннæрдæм: Исидор нæ ахуыр кодта Ирыстоны уарзын, Ирыстоныл æууæндынмæ, уымæн æмæ Ирыстоныл, нæхиуыл куыннæ æууæндæм, уæд нæ уый æркæндзæнис сæфтмæ. Йæ царды нысан Ирыстонимæ уый тыххæй сбаста.

Исидор цард уыдта æмæ æвдыста йæхирдыгонау. Уыдис ын йæхи поэтикон хъæлæс, йæхи «æз», æмæ йæ аивад уагъта уыцы джиппы. Ома, йæхи поэтикон джиппы. Æмæ йæ уый бирæ бæрцæй кодта оригиналондæр, зæрдæмæдзæугæдæр.

Ælборты Хадзы-Умар дзырдта: «Царды æнæ истыйæ исты нæ равзæры æмæ æвæдæй дæр нæ сæфы».[2] Ацы æмдзæвгæйы – «Ды мын зæгъыс»-ы кæрон: «Зæххыл куынæ цæриккой Ир, Уæд дуне уаид къахыр» – нæ адæмы фæндон у; дунейы æнæмæнг хъæуæм, уый нæ фæнды, стæй ссис афоризм, адæмы зæрдæмæ иууыл тынгдæр уымæн цæуы. Æмæ Исидоры æмдзæвгæты, уацмысы кæрон афоризм кæй свæййы, уый фыццаг цæвиттон нæу. Йе ‘мдзæвгæты уыцы сфæлдыстадон амалæй арæх кодта зæрдæмæдзæугæ: «Фæндæгтæ дыууæ сты æрмæстдæр – Мæлæт æмæ ‘нæмæлгæ цардмæ…» («Фæндаг»); «Æнусты а-зæххыл цæрæм, – Зынаргъ цы у, вæййы уый барстæй, – Мæлгæ дæр иу низæй кæнæм: Ирыстон æмæ иры уарзтæй!» («Хъæбулы куывд»); «Ныллæджыты кæнынц ыссæндæн цъиутæ, Зырнæгæн та уæлæрвты у йæ тахт…» («Фæззæджы комулæфт»); «Сырд кæм вæййы, фæниуынц уырдæм куыйтæ…» («Фæлæ уæддæр…»); «Ирыстоны куынæ хъуыса дæ нæрын, Уæд денджызы æхгæд дзых дæ – нæй зарæнтæ…» («Фæлæ нын цу!..»)… Гафез, гъай-гъай, фæлтæрд поэт æмæ цырддзаст литературон критик уыдис, куд нæ фæхатыд поэты сфæлдыстады райдайæны: «Фыдыбæстæйы комулæфтæй» (æмдзæвгæты цикл) рæгъмæ рахæссинаг»,[3] адæмы раз æнæкъæмдзæстыгæй æрæвæрыны аккаг æнæмæнгæй сты, «Ирыстоны тыххæй цы хъуыдытæ æмæ аив ныхæстæ загъта, уыдон: «Дæ цинæй æз æрулæфын нæ зонын», «Цырагъдарæй Ирыстоны фæзилын»,

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 103 ф.
[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Чиныг – царды айдæн. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 177 ф.
[3] Г а ф е з. Козаты Исидор // Хуссар Ирыстоны фыссджытæ. – Цхинвал, 1967. – 201 ф.

«Фælæ сындз къутæр а-зæххыл куы фестин, æрмæстдæр уæд Ирыстоны нæ заин» æмæ æнд.

Æрмæст, хатт ацы хъуыдытæ вæййынц æвиппайды февзæрæг – нæ гуырынц, цардыл арф чи мæт кæны, уыцы адæймаджы сагъæстæ æмæ философийæ».[1]

Куырыхон Гафез цæмæн афтæ загъта, уый æвзонг поэт йæ рæстæджы тынг хорз бамбæрста æмæ дзы цахæм фæстиуджытæ сарæзта, уымæн нæхæдæг – æвдисæн, чысыл раздæр цы цæвиттон æрхастам, уымæй.

Козайы-фырты сфæлдыстады уæлдай цымыдтсондæр сты, арф психологизм æмæ удыл тайæг æмæ руайæг лиризм кæм ис, уыдон. Ахæм æнкъарæнтæм-иу ахызт, адæймаг æмæ царды, рæстæг æмæ уавæртыл хъуыды кæнгæйæ, йæ поэзи философон фæндагыл кæм лæууыд, уыцы уацмысты. Цъус æм не сты, уæлдайдæр, йæ «Сæрдыгон равг» æмæ йæ царды фæстаг рæстæджы кæй сфæлдыста, уыцы уацмысты.

Æмæ дзы æвзонгады зарджытæ чи домы, уайдзæфы хуызы йын чи дзуры, чи йæ фæрсы, зæгъгæ, де ‘взонгад фæцыбыр, фæзæронд дæ, «ыстæрты нал уыдзынæ барæг, Æви фæдисы нал хъуысдзæн дæ хъæр!» – уыдонæн поэт йæ лирикон хъайтары номæй уымæн дæтты поэтикон дзуапп:

Мæнæн дæр рæстæг бонтæй кодта кайæн,
Мæнмæ гæсгæ – æгæр дæр ма ныддаргъ.
Æмæ æрлæууыд бæркæдтæ нымайæн, –
Цы чындæуа, фæуæзгæдæр мæ уаргъ…

Æмæ йæ быны къахдзæф дæр фæхъавгæ,
Æмæ лæгæн фæзындæри ныхас.
Фæззæг у ныр, нæу искæй фæллой давгæ,
Дæхæдæг бафид зымæгæн йæ хæс…

[1] Г а ф е з. Козаты Исидор // Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 201 ф.

Фæззæг у ныр, йæ алы уысм – нымады,
Дæ уалдзæг-сæрдыл афæлгæс бæстон.
Зымæджы лæг афтид къуымы куы бады,
Уæд не скодта уый уалдзæджы ахстон…

Фæззæг у ныр, уыныс, хæрынц сæ хъиутæ
Фæндаджы мæргътæ. Атæхдзысты тагъд.
Ныллæджыты кæнынц ыссæндæн цъиутæ,
Зырнæгæн та уæлæрвты у йæ тахт…

(«Фæззæджы комулæфт»)

Поэт, «ныллæджыты кæнынц ыссæндæн цъиутæ» кæмæй зæгъы, уыдон кæй нæ фæзмы, уымæй йæхицæй позæ нæ аразы, искæмæй йæхи бæрзонддæр не ‘вæры, мыййаг. Æргомæй куы зæгъы: «Зырнæгæн та уæлæрвты у йæ тахт…» Æмæ уæлæрвтæй ныллæгмæ куы ‘рцæуа, уымæй хуыздæр нæ фæуыдзæнис. Уый йе ‘гад, йе сæфт у. Сæ уды ‘хцондзинад уæлæрвты ис. Уый йын æрдзы стыр лæвар у.

Максим Горький «Гуырдзæй хилæгæн Тæхæн нæ вæййы!..»[1] цы Донгалмæй зæгъы, уымæн æнæнхъæлæджы нæ дзурын кæны мæргъты тыххæй: «Æнкъардгæнгæйæ, Тæхынц уæлæмæ, Уæлæмæ æрвтæм, Æмæ сæ тыгъды Фæнды ыссарын Бæллиццаг рухс цард…»[2] (Ирон æвзагмæ Нигеры тæлмац). Тæхæг маргъæн зæххыл цæуын, адæймагыл хъадамантæ куы бакæнай, уымæй фыддæр у.

Исидоры лирикон хъайтар уымæн тырны фарны, æгъдауы, уарзты бæрзæндтæм. Лæгау-лæгæн, йæ фыдæлтæн чи кад кæны, йæ фæстæ фарны фæд ныууадзынмæ чи хъавы, уыдонæн æнæмæнг дæр уым ис сæ бынат. Адæймаджы хъысмætыл сагъæсмæ йæ уыцы хъуыды æркæны. Адæймаджы ном уæлæрвтæм уымæн исы.

[1] Г о р ь к и й М а к с и м. Уарийы зарæг / Нигер. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 387 ф.
[2] Уый дæр уым, 388 ф.

Уыцы зондахаст æй æркодта уыцы хъуыдымæ дæр, зæгъгæ, нæ гени Къоста куы федта рухс, уæд йæ мад Гуыбаты Мариайы зынг æнафоны уымæн ахуыссыд – æгæрон стыр уд чи ратты, уый йын снывонд кæны йæ цард æмæ йæхицæн æнæ бахусуæвгæ нал вæййы. Æппæт йæ тых, йæ фарн, йæ цардыбонтæ иууылдæр, иууылдæр ацæуынц уымæ. Кæй ратты, уымæ.

Къоста æппæт ирон адæмæн, æнæхъæн Ирыстонæн, стæй Кавказæн дæр ахæм æгæрон стыр адæймаг кæй уыдис, Козайы-фырт ын уый тыххæй никуы æвгъау кодта йæ райстбавæрд зæгъинæгтæ.

Ирон уырнынадмæ гæсгæ, саби царды ацæуæнтæ æмæ æрбацæуæнтæ куынæ ма зона, афтæмæй йыл иу аз куы сæххæст уа, уæд ын йæ алыварс хъуамæ æрæвæрай алы дæсныйадтыл дзурæг дзаумæттæ. Фыццаг дзы кæй райса йæ къухмæ, уыцы дæсныйад равзардзæн фидæны. Æмæ уыцы адæмон уырнынадæй спада кодта поэт Къостайы – «Иры зæд, нæ ном æмæ нæ кад»-ы,[1] «нæртон поэт – хуыцау»-ы[2] фарн равдисынæн:

Саби сыл йæ цæстæнгас æрхаста,
Хæдон фехста, тæрхъусæй фæтарсти.
Стæй «Ирон фæндыр»-ы чиныг систа
Æмæ йæм æмбаргæйау ныккасти.

Фынджы хистæр бадты сæрæй сыстад
Æмæ райхъуыст хорз дзырдтæ йæ дзыхæй:
– Ды дæ къухмæ Иры намыс систай,
Макæд ыл уæд сау ыстъæлф дæу тыххæй!

(«Райгуыræн бон»)

Хистæры уыцы фæдзæхст – Иры намысыл нæ цæмæй макæй тыххæй уа сау стъæлф, уый хауы алкæмæ дæр. Поэтæн хаудта йæхимæ дæр. Дзырды

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сагъадахъ. – Дзæуджыхъæу, 1980. – 9 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Æз райгуырдтæн хохы. – Сталинир, 1960. – 32 ф.

фарнæн уый алфæн табу кодта, дзуарау æм уымæн кастис. Цас йæ бон уыд, уый бæрц ыл нæ цыдис сайдæй. Æмæ фидаræй зæгъæн ис, йæ уыцы фарнæй Иры намысыл кæй нæ уагъта сау стъæлф абадын. Къоста æмæ нын Къоста цы «Библи» – «Ирон фæндыр» ныууагъта, уыдонмæ йæ цард-цæрæнбонты кастис Хуыцау æмæ Хуыцауы кувæндонау. Йæ удæй дæр, йе сфæлдыстадæй дæр сын табу кодта æмæ сын, зæгъæн ис, не ‘фсæстис табу кæнынæй. Къостайы зарджытæй йыл каст хур. Къостайы зарджытæм ын тад цъити дæр. Уымæн æмæ, Абайты Васойы загъдау: «Основоположник нашей литературы стал вместе с тем ее сияющей вершиной»,[1] йæ «бадæн – зæдты фарсмæ ныр»[2] («Фæрсын Къостайы»). Йæхæдæг та зарыд уымæн æмæ зыдта – Теркæн цас фылдæр къабæзтæ уа, уыййас тыхджындæр кæй уыдзæнис («Ме скаст – хохмæ»). Къостайау кæд йæхицæн дæр йæ «тæргайдон» нæ хæхтæ сты, уæддæр ын: «Ды – булæмæргъ, æз та – дзылы мæ хъузджы», æмæ йæхицæн цард куынæ уал фæкæны адджын, уæд йæ хъуыды æрæнцайы Къостайы генийыл æмæ, кæрддзæмы кардау, абады уайтагъд йæ гаччы. Уый йын æрдзы лæвар у.

Исидор ахæм, æрмæстдæр ахæм поэт кæй уыдис, йæ лирикон хъайтары фыццаг куывд фынгыл Ирыстоны тыххæй уымæн у, Ирыстоны нуазæн фыццаг Къостайы уымæн вæййы. Æмæ уымæй, Къостайæн кадгæнгæйæ, йæхи ном дæр исы бæрзонд:

Фæлæ мæ куывд дæ гаджидауы фæстæ
Нæ фынгæн дæр йæ кæронмæ нæ хъуысы.
Æниу, дæуау, мæ тæргайдон – нæ хæхтæ,
Мæ зæрдæ та дæуыл дарын æххуысы…

Æмæ вæййы: мæ зонд нындзыг, ныкъкъуытты,
Мæхицæн цард æз нал фæкæнын адджын.

[1] А б а е в В. И. Избранные труды. 1 т. – Владикавказ, 1990. – 555 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Хуыцауы бон. – Дзæуджыхъæу, 1998. – 42 ф.

Æрæнцайы дæ генийыл мæ хъуыды, –
Кæрддзæмы кардау абадын мæ гаччы…

Ныр дæр та мæнæ дзæбидыр æристон,
Нæй иунæг æртах сыкъайы ныууадзæн:
Нæ фынгыл у нæ фыццаг сидт Ирыстон,
Къостайæн та – Ирыстоны нуазæн!..

(«Къостамæ кæсгæйæ»)

Ирон æмбисонд раст зæгъы – æвзæр бæргæнаг у. къоста уымæн дзырдта: «Æхсины лæг ælдар кæны»[1] («Æхсины лæг»). Нæ поэт, Козайы-фырты сагъæс ууыл уыд, хæмпælгæрдæг, рувæстæ æмæ алы зианхæссæг мыггæгтæ æгæр тагъд кæй фылдæр кæнынц. Фæлæ нæм «булæмæргъ фæтæргай, стæм хатт ма ныййазælы йæ лирæ…» Фæцагътам нæ хæхбæсты фидыц – дзæбидырты. «Сæрджын сагæн ма агуræм йæ фæдтæ…» æмæ ахæм рæстæджы диссаг никæмæ уал кæсы: «Къостайы уæхскыл абадти дзæгъындзæг, йæ къæрры-къæрры ацарыдта хъустæ…»

Зæххы цъарыл фарнимæ фыдми дæр æмкъахдзæф кæй кæны, уый диссаг никæмæ уал кæсы, фæлæ йыл поэт дис кодта, фæдзæхста нæ æмæ нæ фæдзæхсы, цалынмæ нæ байрæджы, уæдмæ йæм цæмæй мах дæр рæстæгыл аздахæм не ‘ргом, фенын кæнæм адæмæн:

Ныхджын цы у, нæ фæкæны уый уисæн,
Хæрамдзинадмæ аздахы йæ тыхтæ.
Нæй байсæфынæй никæд тас хæрисæн,
Ныссагъта фæрæт тулдз-къохы йæ ныхтæ.

(«Уæд баййæфтам дзуарса…»)

[1] К о с т а. Осетинская лира. – Владикавказ, 2014. – 199 ф.

Хъуыддæгтæ цæмæй афтæ ма цæуой дарддæр, къæйных æмæ мæнгард сайдæй ма зилой растыл, уый тыххæй йæхæдæг тынг хорз æвзæрста «рувасы ыстайæ», дунейыл цы бæрзæндтæ ис, уыдонæй та «радгæс» лæууыдис æмæ табу кодта дыууæйæн: «Ирыстон – мæ цин æмæ мæ рис, æмæ Къоста – нæ номы сæр, нæ сагъæс!..» («Къоста Очаковайы»).

Къоста махæн «Адæмы хъæбул» дæр уыдис,[1] нæ цард, нæ бон дæр,[2] йæ «Ирон фæндыр» та нæ «хæстон æмбал»[3] басгуыхы.

Куыд уынæм, афтæмæй Козайы-фырты сæйраг дзуринаг уыдис Ирыстон. Ирыстон та йын сæйраджы-сæйраг фидыдта Къостайæ. Уыцы дыууæйыл – Ирыстон æмæ Къостайыл куыд тад æмæ руад, уый зыдта иунæг йæ уд. Мах æй æрмæстдæр хатæм, уыдон тыххæй цы диссаджы аив рæнхъытæ æмæ поэтикон хъуыдытæ, æнкъарæнтæ гуырдысты йæ сæр æмæ йæ зæрдæйы, æрмæстдæр уыдонæй.

Æгæрыстæмæй нæм, зæгъгæ, хорз поэт куы нал скъуыхы, уæд æм «афтæ кæсы», Къоста нын йæ тугæй иу æртах куы ныууагътаид æмæ дзы судзинтæ куы саразиккам, уæд æндзыгты хуызæттæ нал уаиккам. Фæхæццæ нæм уаид йæ уды цырв æмæ адæммæ хъуысид нæ зарæг («Нæ фæразын»).

Исидор афтæ поэтикон фæлгонцы тыххæй загъта, фæлæ йæм фæхæццæ раздзоджы уды цырвæй. Уый фæрцы йыл зарыд ныфсджын æмæ хъæлæсыдзагæй. Йæ фæлгонц ын иууыл ирддæрæй цы уацмысты равдыста, уыдонæй иу у æмдзæвгæ «Лæгвулкан»:

Фæрсыс, вулканæй æз тæрсын,
Тæрсын зæххæнкъуыстæй нæ Ирæн?
Вæййы, æз хæхтырдæм кæсын:

[1] Г а й т ы Е в г е н. Адæмы хъæбул // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирыстоны кад. – Цхинвал, 1959. – 80 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Хуыцауы бон. – Дзæуджыхъæу, 1998. – 41 ф.
[3] Б у к у ы л т ы А л ы к с ы. Хæстон æмбал // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирыстоны кад. – Цхинвал, 1959. – 168 – 176 ф.

Кæнынц, мыййаг, æртхъирæн?

Уыдис, ыстыдта нæм кæддæр
Вулкан, ныр дæр нæ хуыссы.
Ыслæууыд Ресæй уый уæлдæр,
Бæстыл йæ нæрын хъуысы…

Ныннæрыд Наргомæй зæххыл,
Фыддуг цыди лæзæргæ.
Уæдæй æнкъусы уый бæстыл
Ыстырдæр хох – лæгзæрдæ.

Уый уымæн афтæ уыдис, йæ раттæг Ирыстонæй йын фæхицæн уымæн нæ уыд æмæ «Йæ зæрдæйы Иры хъысмæт æрцард, Йæхæдæг та – Ирыстоны зæрдæйы!» («Хасты размæ»). Нæ сын уыдис уд æмæ удæгас буарау сæ кæрæдзийæ фæхицæн.

Исидор тынг хорз зыдта, цы дзы домдтой йæ чиныгкæсджытæ. Фыдыбæстæ, раттæг зæххæн иууыл стырдæр лæггæдты чи бацыд, цæсты гагуыйау æй чи хъахъхъæнынц, æппæт уыдон уый тыххæй систы йæ зарæджы сæр. Кæд æм Фыдыбæстæйон Стыр хæсты гæрæхтæ дардæй хъуыстысты, сæ азарæй дарддæр сын сæ цæхæр нæ федта, уæддæр йæ зæрдæйы риссæгтæй иу уый тыххæй ссис фашисты ныхмæ тугкалæн хæст.

Хостыхъоты Зинæ дзы дзырдта: «Хæст царды рæзты цыфыддæр знаг у. Хæсты ныхмæ тох кæнын йæ хæс у алы сæрибаруарзаг адæймагæн дæр. Уый йе стыр хæсыл нымайы Козаты Исидор æмæ йын карз тæрхон хæссы «Хъысмæт», «Нæмыг», «Цин æмæ сагъæс» æмæ æндæр æмдзæвгæты».[1]

Уымæй дæр уыцы тугкалæн хæстмæ каст, чи дзы тох кодта, йæ туг дзы æгъатырæй донау кæмæн калд, Фыдыбæстæйы уыцы удуæлдай хæстонты цæстæй. Æмæ йæ цæмæй æвдыстаид реалонæй, уымæн ын стыр æххуыс

[1] Хостыхъоты Зинæ. Бæрзондæй-бæрзондмæ / Фидиуæг, 1966. № 7. – 71 ф.

кодта йæ царды фæлтæрддзинад æмæ поэтикон уынынад. Стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ зæрдæйы рæстдзинад. Зындгонд уырыссаг поэт Сергей Орлов ændæр зындгонд уырыссаг поэт Михаил Дудины тыххæй загъта: «Поэтами рождаются и становятся вопреки войне, а не с помощью ее».[1] Исидор кæд Фыдыбæстæйон Стыр хæст йæхи дыууæ цæстæй нæ федта, уæддæр æм сабибонты хъуыст йæ уæззау нæрын, æнцад ыл йæ уæз æмæ йæм хæсты фыдæнæн æвзæрын кодта зæрдæмæгæсгæ уацмыстæ.

Хæсты чи фæмард, уыцы салдат йæ фырты чындзæхсæвмæ куы «фæзыны», уæд уый тыххæй æфсæрм кæны, къæмдзæстыг уымæн у: «Уый у сæ риссагдæр мæ ристæн, – Æз астæн нал зонын сæ цыд. Мæ фырт мæхицæй абон – хистæр, Фæкæнынц хистæрæн та цыт…» («Ермæст кæм æрбадон…»). Йæ хъæбулæн æй хистæры цыт хъуыдис, кæд иу боны хъуыдыйæ худæггонд зыны, уæддæр.

Исидоры хæстонæн мард уæгæйæ дæр стыр кадтæ, стыр цыртытæ нæ домы. Уæлæуыл куыд хуымæтæг уыд, уымы бæсты дæр – афтæ. Нæдæр лæгмар сси: «О, макуы схонут мæн лæгмартæй, Æниу, ныккалдтон туг æз тохы…», фæлæ-иу уымæн йæ аххос уыдис, хæст йæхи лæгуартæй кæй æмбæрзта, уый – «фæирвæзтис-иу хотых...»

Лæгмар нæ дæн, æз мардтон хæсты,
Мæ фæринк уый хурхмæ ыссадтон
Æмæ нæ аирвæзт мæ фæрсты, –
Æнустæм иу ингæн ыссардтам…

Къуыхтæ. Æз иунæг ныфсæй цардтæн:
Хæрам куыд байсæфа мæ дуджы.
Æз тохы тугдзыдæй фæмард дæн.
Фыдхæст ныххуыдуг ис мæ туджы…

[1] О р л о в С е р г е й. Соб. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1979. – 11 ф.

Уæдæ, æбæрæг æз кæцæй дæн!
Уынут, æнусон арт рæмудзы,
Хæстон зарæг кæуы кæцæйдæр,
Уæд зонут: уый мæ зæрдæ судзы…
(«Зынгхуыст хæстоны ныстуан»)

Исидоры хъайтар искæмæ нæ лæбуры, нæу лæгмар, тыхгæнæг. Хæсты хурхыл кæй хæцы, уый тыххæй йæхимæ æрхауы фыдбылыз. Уымæй дæр, уд кæмæй аирвæзы, ахæм фыдбылыз нæ, фæлæ… фыддæр. Фæлæ уæддæр у йæхи, ирон салдаты хуызæн. Александр Твардовский йæ хæстон-хъайтар Васили Теркинæй цæйау дзырдта: «Человек он сам собой *Необыкновенный*»,[1] уыйау.

Козайы-фырты хæстон алы хатт дæр цæттæ у, йæ цард Фыдыбæстæйы, рæстаг хъуыддаджы, рæстаг адæймаджы тыххæй æрхæсса нывондæн. Йæ цардæй æндæртæн цард кæй ратты, уый тыххæй нæу разы, «фæмарди хæсты» дзы чи дзуры, уыдонимæ.

Лирикон хъайтар мард нæ, фæлæ сæрыстыр у йæхицæй: «Æз мæлæтимæ æмбæлдтæн, Уый йæ тона домдта махæй. Æмæ-иу сæ цард æмбæлттæн Бахызтон мæ туджы ‘ртахæй». Уый тыххæй æрзылдис Европæйыл къахæй.

Ахæм адæймаг йæхицæй разы хъуамæ уа, уæдæ цы. Æмæ Исидоры хъайтар йæ уыцы лæджыхъæд уынын кæны, сæр куы бахъæуы, уæд – «нæмыг – удхæссæг ысхъистæн», йæхи цардыл хъуыды дæр нæ акæны, афтæмæй сын йæ царды аргъæй æрæхгæны сæ тугкалæн фæндаг. Фæлæ ууыл фæсмон нæ кæны. Кæмæндæрты сæ царды бонтæ кæй адарддæр кæны, уымæй у сæрыстыр. Йæ цардæй цард кæмæн балæвар кæны, уыдонæн сæ цинæй ницæмæ уал фæдары «дудгæ хъизæмæрттæ, ристæ». Цæрынæй йæм искæмæн цард дæттын стырдæр амонд кæсы æмæ йын, бæргæ хъыгаг у, фæлæ йе ‘ргом ныхасыл æууæндæм мах дæр:

[1] Твардовский Александр. Собр. соч. в 6 т. Т. 5. – М., 1980. – 106 ф.

Ма дзурут, ыспырх мыл минæ, –
Æз дзæбæх зыдтон сæ хинтæ, –
Систон æй мæхæдæг милмæ,
Æмæ фервæзтысты минтæ…

Æз нæ ауæрзтон мæхиуыл,
Цард, æниу, мæхиау уарзтон.
Нæмыг не сæмбæлд мæ риуыл,
Нæмгуыты мæхæдæг ахстон…

Æмæ байдзаг дæн, мæ боныл,
Иу лæгъз бынат мыл нæ зыны.
Æз æфсæйнаджы æргъомæн
Уæд фæтасыдтæн сæ быны…

Æмæ нал æрцыдтæн хæстæй.
Цал нæмыджы мæ ныууазал,
Уал цæрæццагæн æмбæхстæй
Ахастон мæрдтæм сæ адзал…

(«Ма дзурут, фæмарди хæсты»)

Уый нæдæр псевдо хъæбатырдзинад у, нæдæр романтикæ. Ævдисы уыцы дуджы тынг бирæ хæстонты удыхъæд. Чи зоны, поэт ацы æмдзæвгæ куы фыста, уæд йæ зæрдыл Дзотты Лаврентийы хъæбатырдзинад дæр лæууыдис.[1]

Козаты Исидоры курдиат уыдис хæдхуыз æмæ хæдбындур. Поэт, цас гæнæн уыдис, уымæй йæхи хызта æмхуызондзинадæй, цæмæй йæ дзуринæгтæ уыдаиккой æрмæст йæхи. Фæлæ уый афтæ нæ амоны, йæ алы дзырд, йæ алы хъуыды дæр, арвæй стъалытæ скъæфæгау уыдис; уый цы загътаид, уыдæттыл, ома, æндæр никæмæ ис фембæлæн. Иухуызон дуг,

[1] Дзотты Лаврентий – ??7

иухуызон цаутæ бирæ аивадон кусджыты æркæнынц æнгæс цаутæ, æнгæс деталтæм. Дзуццайы-фырт ахæм уацмыстæй зæгъы: «номарæн æмдзæвгæтæн се ‘ппæтæн дæр æнæуæрст сты се ‘ууæлтæ».[1] Æмæ сæ уыцы «‘ууæлтæ», хæстон поэттæй, хъыгагæн, рахызтысты, ирон литературæмæ фæсхæст цы фысджытæ æрбацыдысты, уыдон сфæлдыстадмæ дæр. Хæст уыдтой хæстон фысджыты цæстæнгасæй.

Нæ сæ аирвæзтис Исидор дæр. Се ‘нæуæрст æууæлтæй фæхайджын уый дæр, фæлæ-иу æй куы бафæндыд, йæ уацмысыл-иу læмбынæг кæм ныхъхъуыды кодта, уым-иу йæ дзырд афтæ бæлвырд, афтæ конкретон рауад æмæ йæ ирд деталты фæрцы адæймаджы уд фæисы сатæг комулæфтау.

Кæд йæ кæрон карды æрцъыккау у, уæддæр йæ ахæм æмдзæвгæтæм хауы «Уæддæр нæ уæзæг ма уа куырм». Æмæ йæ исы зæрдæ.

Адæймаг æй куы кæсы, уæд йæ цæстытыл ауайы, дыууæ æфсымæры-хæстонтæ куыд цыдысты сæ дард балцы рæстдзинады сæрыл тугкалæн тохмæ. Сæ «хæдзар та – æнкъард, гуыбыр», «йæ дуæртты уæззау гуыдыр фæстæмæ» бакæной, уый куыд домдта. Æгæрыстæмæй, сæ фæстæ цы иунæг удгоймаг уагътой хæдзары – сæ куыдз Мила дæр кодта «æнкъард хъуырдухæнтæ, тыхст цин… Йæ фæстæгтыл æрбадти рындзыл», фæлæ сыл амонд сайдæй кæм разылд, Фыдыбæстæйы сæрыл сын уыцы удуæлдай, тугкалæн тохмæ æнæ цæугæ нæ уыд. Владимир Луговской Николай Тихоновы поэзийæ цæйау загъта: «Эту поэзию выковал молот мировой войны»[2] – æфсымæрты хæсты фæдис хаста йæ базыртыл.

Æмæ кæд æдзардæй фæхъуыдысты, уæддæр сæ иууыл стырдæр катай ууыл нæу. Сæ фæстаг фæдзæхст сæ цардцухæй сæхи удты амондæй тынгдæр æндавы. Æмæ уыцы фæдзæхсты раргом вæййы Исидор-поэты удыхъæд:

Нæ хъæубæстæ, нæ аххос нæу,
Нæ уынг кæй фæкодтам æдзæрæг.

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966. – 27 ф.
[2] Луговской Владимир. Собр. соч в 3 т. Т. 3. – М., 1989. – 458 ф.

Уым кæртмæ бацæуæн ыснæуу,
Фæлæ-иу ыл æруадзут цæвæг!

Кæд дзы нæ самайат цъына,
Уæддæр уæ хорз уыдзæни махыл.
Æрмæст дзы царды фæд зына,
Нæ чысыл хъæу куыннæ уа къахыр.

Уæддæр нæ хæдзар ма уа куырм,
Йæ рудзгуытæ йын уадзут гомæй.
Цæмæй йыл ма зына æрхуым,
Уый дзура цардимæ æрхуымæй…

Николай Тихонов йæ рæстæджы дзырдта: «Правда о войне – это рассказ, который должен потрясти души и сердца, раскрыть все моральные богатства, всю глубину могучего духа советского человека».[1] Æмæ Козайы-фырты æмдзæвгæмæ зæрдыл æрбалæууы Мæргъиты Къостайы кадæг «Уæзæг». Уым та Хуыры хъæуы цæрæг Хатизæтæн йе ‘мкъай æмæ йæ дыууæ фырты Фыдыбæстæйон Стыр хæсты куы фæмард сты, уыйфæстæ хъæу дæлæмæ, æнцондæрцæрæн бынатмæ куы лыгъдысты, уæд сидзæргæс сылгоймаг не сразы семæ – куыд ныууадза йæ цардцух хæстонты къæс æдзæрæгæй.

Æмæ куынæ уал уыд, уæддæр йæ уæзæг нæ фæци æдзæрæг – йæ фарсмæ ингæны сæрмæ фæзынынц йæ зынгхуыст хæстонтæ: «Æртæ цырагъæй уым фæсудзынц, Ус-мад, Хадизæты уæлхъус. Æрвылæхсæв дæр, – адæм дзурынц, – Сæ уæзæгæй фæкæлы рухс».[2]

Уыцы хъуыддаг хуымæтæджы нæу. Не знаджы фæнды афтæ – цæмæй нæ уæзгуытæ æдзæрæг фæуой. Рухс сæ мауал кæла. Æрмæстдæр нæ уæд бауыдзæнис сæ бон басæттын. Уый фæстæ сæхæдæг нæ Фыдыбæстæйы

[1] Большевик, 1944. № 3 – 4. – 32 ф.
[2] М æ р г ъ и т ы К ъ о с т а. Æвзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 1972. – 182 ф.

ауадздзысты сæ марг уидæгтæ. Цъирдзысты йын йæ сой. Хъæрздзысты сæ цъыф цырыхъхъыты бын нæ рыст уæзгуытæ. Не знæгтæ та не ‘дыхыл цинæй мæлдзысты, ома, сæ сæрæн нæ уыдысты, сæ уæзæгмæ æцæгælон цæстæй кастысты æмæ сын цы ‘мбæлд, уый райстой.

Уымæй Хуыцау бахизæд. Фæлæ йыл цыфæнды уавæрты дæр хъуамæ судзой нæ рухсытæ. Ма сын уа банымæг. Уыцы рухсытæ иу фæлтæр иннæмæ хъуамæ дæтта цырæгътау. Уыцы рухсытæ нын хъуамæ уой табуйаг.

Цалдæр зынгæ автормæ уыцы æнгæс хъуыдытæ æнæнхъæлæджы не ‘рцæуынц. Æнæнхъæлæджы нæ фæтæрсынц сæ уæзгуытæн федзæрæгæй. Æмæ Исидор афтæ кæй загъта: «Зон, мæ аххосæй æвæстаг Никуы бауыдзæнис Ир!» («Ир – мæ цардбæрзæнды тигъ»), – уый ирон цардмонц удыл ныфсæфтауæг у æмæ йын кад кæнын æмбæлы.

Фæлæ, цы цæвиттонтæ федтам, уыдоны, нæлгоймаг кæд Фыдыбæстæ, фарн, бинонты хъахъхъæнæг у, уæд сылгоймаг та у артдзæст схъауæг, хъæбултæ хъомылгæнæг, бæркадыл бæркадæфтауæг. Сылыстæг цы къуымты не змæла, уымæй фарн дардмæ лидзы.

Æмæ зæрдыл ærлæууы Задæлескаг Нана. Тугмондаг Тимуры æнæнымæц æфсад армыдзаг адæмыл тугуарæн куы ныккодта, сылгоймагæй-нæлгоймагæй нæ сухты цагъд куы кодта, уæд Задалескаг Нана, цы иуæггай сывæллæттæ ма дзы баззад, уыдон сусæгæй æртымбыл ласта æмбæхст лæгætмæ æмæ нæ бауагъта ирон туг-стæг сыскъуынын. Афтæмæй Мады ном систа авд лæджы бæрзæндмæ.[1]

Уыдæттæ зындгонд кæмæн сты, – Исидорæн та тынг хорз зындгонд уыдысты, – мады æцæг уарзт чи банкъардта, уыдонæй цас адæмы фæфæнды сæ ныййарджытæн къухылтухгæ кæстæртæ уæвын, фæлæ сын уый, арвмæ æнцойлæууæгау вæййы. Исидор та:

Цы у дæ ном? –
Цы хосы тых ын ис! –

[1] Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 477 ф.

Лæмаргæйæ,
Куыддæр ысхауы дзыхæй,
Ысулæфын,
Фæрогдæр вæййы низ,
Цыма æрбафты
Ме уæнгтæм дæ тыхæй… –

мælætдзаг рынчынæй дзырдта йæ мадæй. Æмæ йæ фæстаг хъынцъымтæй иу, чысыл ма уæддæр куы рацæрид, мыййаг, нæу. Фылдæр фæцæрыны бæллиц, æвæццæгæн, алы удисæг адæймагмæ дæр æрцæуы. Исидоры лирикон хъайтар ахæм амондмæ куы бæллид, уæддæр уый диссаг нæу – æвзонгæй лæууы мæрдты къæсæрыл. Фæлæ шаблон уаид, низæфхæрдæй йæ фыды хæдзармæ куы фæзыны, уæд ыл уый, райгуырæн къæс, куыд сæмбæлы, куыд æй фæфæрсы: «Цæй горæт у, Цы йæм кæныс тæхуды?» Уынын: Гыццийы цæстытæй кæсы, Гыццийы мидбылхудтæй худы…»

Зæрдæйæ ратæдзгæ ацы уарзон æнкъарæн цæмæй ног фæзындау рарттывтаид, уый тыххæй йæ хъуыдис бæрзонд сисын. Джыккайты Шамил дзырдта: «Лирикæ, иуæй, у авторы уд æмæ зонды поэтикон нывæст, иннæмæй, у рæстæджы æууæлты аивадон æвдисæн».[1] Нæ поэт уацмыс балхынцъ кæнынмæ стыр дæсны кæй уыдис, уый тыххæй кадæгæн ссардта ахæм кæрон, æмæ хъæбулы уарзт йæ ныййарæг мадмæ фæвæййы хурæргом. Кæд хъуыды асудзы, уæддæр дзы аззайы мыхуыræвæрдæй:

Мælætæй фыддæр
Ницы ис зынтæй,
Фæлæ зындæр –
Хъæбулы тухæн мадæн.
Æвæццæгæн, нæ баззади æрдзæй,
Æндæра ныр

[1] Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 168 ф.

Дæ мады цонгыл амæл…

Фæлæ хуыссын,
Мæ сагъæстæй – æлгъæд.
Цыма хæрын
Гыццийæн ард нæ уæлхæрд:
Дæ фарсмæ æз
Куынæ ‘рцæуон ныгæд,
Зындоны арфы
Уæд уыдзæн мæ уæлмæрд!..

(«Мады æндæрг»)

Уыцы хъуыды – мады цонгыл амæлын, йæ фарсмæ ныгæд æрцæуын æм ныййарæджы уарзтимæ хъардта уæзæджы уарзтæй дæр. Æрæнцой, æрулæфт ын нæ лæвæрдта, йæ райгуыраен уæзæг кæй афтид кæны, æгæрыстæмæй, сæ уæлмæрдтæ дæр дзæгъæлæй кæй зайдзысты, ног ингæн дзы кæддæр кæй нал уыдзæнис, уыцы хъуыды.

Джусойты Нафи зæгъы Гуыцмæзты Алешы уацау «Урс фынтæ»-йы сæйраг хъайтартæ Есеты Местъа æмæ Матейы тыххæй: «Цы кæной, цæрынц, уавæртæ куыд амонынц, афтæ. Фылдæр тыхсынц сæ иунæгдзинадæй, дунейæ иппæрд кæй сты, уымæй».[1] Афтæ тыхсынц Нафийæн йæхи бирæ поэтикон æмæ уацаутæ «Урс-урсид мит»,[2] «Зарæг дыууæ хъæлæсæй»-ы,[3] Исидорæн йæхи уацау «Къонайы стъæлфæнтæ»[4] æмæ тынг бирæ уацмысты сæйраг хъайтартæ. Ногæй та сæм куы фæзынд йæ лирикон хъайтар, уæд сæргуы-быраей уымæн лæууы сæ разы. Дзæнæты бадинæгтæй нырма бирæтæн ахсы сæ хуыз. Сæ хъæлæс æм фехъуысы дардæй. Æмæ уый дзурæг у рæстæг æмæ адæймаджы иудзинадыл. Цыма йæм уыцы дзæнæттæгтæ ингæнæй дзурынц,

[1] Джусойты Нафи, Мамиаты Изетæ, Хъазиты Мелитон. Ирон литературтæйы истори. 11 кълас. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 239 ф.
[2] Джусойты Нафи. Дæймаджы мæлæт. – Цхинвал, 1976. – 3 – 60 ф.
[3] Уый дæр уым, 182 – 248 ф.
[4] Козаты Исидор. Хæрзбон. – Цхинвал,1989. – 393 – 450 ф.

уыйау ныхас кæны сæ дуртимæ, æмæ йæ фæрсынц уайдзæфгæнгæ, ныфсмард хъæлæсы уагæй:

«Æппындæр махмæ нал зыны цæуæг.
Зæгъ-ма: цы хабар у, цы ‘рцыди?
Æви уæлæуыл нал баззад цæрæг,
Нæ уæзæг абæстæй фæлыгъди?»

Æмæ мæн дæр куыннæ бацыди мæт!
Мæ фыны дæр цы чысыл къуым фæуынын,
Гъе, уым ыснæуу мæ фыдæлты уæлмæрд,
Нæуæг ингæнтæ дзы нæ зыны.

(«Фыдæлты уæлмæрд»)

Иссæйы хуызæн хъуыдыгæнæг поэт æнæнхъæлæджы не ‘рцæуы ахæм хатдзæгмæ, ома нæм фæлтау нæуæг ингæнтæ уæнт. Адæймаг табæты размæ фыццаг авдæны фæхуыссы. Авдæн æмæ табæт сæ кæрæдзийыл баст сты. Уыдон кæм уой уым цард нæ ахуысдзæнис. Ирон фыдæлгъыстытæй иу афтæ уымæн у: «О мæнæ хъæу, хъæууатæй дæ иунæг хуыцау баззайын кæнæд: гал галиуæг кæм нал кæны, лæг лæгиуæг кæм нал фæразы!»[1]

Цæмæй дæ уæзæгыл цард цæлхъ-цæлхъ кæна, уый тыххæй, хорзæй цæмæн ис аразæн, уыдонæй дардмæ лидзгæйæ нæу. Æмæ сæ нæ лыгъд Исидор. Хистæрæн цыт раттын, адæмæн лæггад кæнын, фæдисы разæй уæвын нымадта кадыл. Йæ сæр кæм хъуыдис, уым алы хатт дæр цæттæ уыд тыхст лæджы къух саразынмæ, кæд-иу йæхи цух ныууагъта, уæддæр.

Уыцы удыхъæд хаста аивадмæ дæр:

Куыннæ федтон мæ царды зын:
Æз калдтон туг, æвзæрстон хъыг,

[1] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 341 ф.

Фæлæ мæ не сирвæзт хъæрзын,
Нæ куымдта цæстытæй цæссыг.

Ам, хæхты, алцæмæн – æгъдау.
Ам, хæхты, алцы дæр у барст.
Æрхæссæн ницæмæ ис фау:
Æфхæрд – æфхæрдæн, уарзтæн – уарзт.

(«Хæххон дæн æз»)

Уыдон иууылдæр цыдысты поэты уарзæгой, хурæргом зæрдæйæ. Чи йæ зыдта, уыдонæй нæ рох кæны, искæй æнтыстытыл-иу, сывæллонау, куыд рад, уарзтæй йын куыннæ уыдис бафсис. Уыцы парахат зæрдæйы уарзт æй æфтыдта поэзийыл. Уый цы нысан кæны, уыдæтты тыххæй Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл университеты раздæры ректор, ныр – йæ Президент, академик Мæхæмæтты Ахуырбег Ходы Камалмæ йæ фыстæджы афтæ зæгъы: «Фидæны цæсгом ныррухс вæййы аивады цæхæрæй, æмæ адæм хуыздæр уынын байдайынц сæ развæндаг».[1] Исидон уыд уыцы аивадаразджытæй.

Йæ поэзи æнæхъæнæй йæ зæрдæйы æнкъарæнтæй быд кæй уыдис, уый тыххæй йын у æрдзон. Тыхмитæ йын нæ кодта. Фæлдыста, уарзта, цард, йæ зæрдæ йæм куыд дзырдта, афтæ. Йæ зæрдæ та уыд рæсугъд. Æппынæдзух, суанг мæлæты къæсæрыл дæр, – уымæн уыдис сæрыстыр. Куысты уыдаид, балцы æви фынджы фарсмæ бадтаид; галстучы уыдаид æви иударон дзаумæтты, алы хатт дæр – къæрццитy.

Йæ уд æнæкъæлæсытæй зынд йæ царды. Сыгъдæгæй, зæрдæмæдзæугæ æмæ рухсæй баззад йæ аивады дæр. Чиныгкæсæджы уыцы рухс сайы йæхимæ. Уый тыххæй Исидоры поэзийæ, куыд дæ фæнды, афтæ удылныдзæвгæ цæвиттонтæ хæсс алыхуызон темæтæй. Æгæрыстæмæй,

[1] М æ х æ м æ т т ы А х у ы р б е г. Лæгæн йæ дзырд йæ намысы ‘мсæр у / А в т о р т ы к о л л е к т и в. Камал. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 329 ф.

ærдзыл аив афыстытæй дæр, кæд пейзажон лирикæмæ æмхиц нæ уыдис, йæхимæ йæ мæнæ-мæнæ не ‘лвæста, уæддæр:

Æрныгуылд хур, фæтархуыз бæстæ,
Зæрæндæрг арф кæмтты ныццахст.
Æрвхаxx фæмил, цъæхвæлыст фæзтæй
Уый систа цъысцъысаг цъæхахст.

Йæ уацмысты сыгъдæг, адæмон, æнæ тыхкъæлæсытæ æвзаг, æвæццæгæн, алчи дæр фæхатдзæнис. Дзырдаивады уый афтæ хъуамæ уа, уæдæ куыд. Фæлæ ацы иунæг строфайы поэты дыууæ аразгæ дзырдыл кæй æмбæлæм: «зæрæндæрг» – ома, зæрин æндæрг æмæ «æрвхаxx»-ыл – зæгъгæ, арв æмæ зæххы ‘хсæн хаххыл, уым æнæзæгъгæ нæй иу æргом хъуыддагæн.

Исидор тынг хорз зыдта æвзаг æмæ йæ алыхуызон фæзилæнтæ. Цы уæлдæр ахуыргæнæндон фæцис, уым æй мадæлон æвзаджы ахуыргæнæгæй хуымæтæджы нæ ныууагътой, кæд йæ царды лекцитæ кæсгæйæ нæ баззад, уæддæр. Рæвдз уыдис ног дзырдтæ аразынмæ. Арæзта сæ ирон æвзаджы фæткойтæм гæсгæ. Кæд сæ искуы зына-нæзына хæлдта, уæддæр – зонгæ-зонын. Æвзаг куыд хъæздыг кодта, уымæн дзырдтæ сæхæдæг æвдисæн: «æфсирком», «цæрмысчъилтæ», «уарзтардау», «сæруæз», «фыдбылыздзау» æмæ афтæ дарддæр. Ног, аразгæ дзырдты хъуыды æххæстæй хауы Козаты Исидоры сфæлдыстадмæ дæр: «Æвзаг у ахæм фæрæз, хуызтæ индивидуализацигонд кæй фæрцы цæуынц. Фыссæг цы хуызтæ, цы нывтæ февдисы, йе ‘взаг дæр уыцы хуызтыл, уыцы нывтыл баст вæййы».[1]

Фæлæ йын нæ пейзажон æмдзæвгæмæ æркæсæм кæронмæ:

Ыстылди мæй, йæ фæлурс тынтæй
Ыскодта æхсæвыл уый кæрц.
Æрулæфт нæй, æфсирком хуымтæй

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 274 ф.

Зæххыл ныффæдис кодта уæрцц.

Тæппуд тæрхъус та фестад хъустæ,
Йæ «антеннæтæ» арвмæ – хъил.
Фæлæ та фесхъиудта – раст пустъа –
Уый базмæлыд йæ фарсмæ цил…

Æрсабыр хъæд, йæ фæллад уадзы,
Йæ быны ауусттæ – æнцад.
Ыстъалы гудзиццытæй хъазы,
Цыкурайау æй тулы цад…

Æхсæрдзæн ма кæм кæны уисæн! –
Æхсæвгæсау ын нæй æрхуыст.
Цæмæй та раста æрдз фæдисæй
Сæумæйæ, райхъал та уа куыст…
(«Æрныгуылд хур, фæтархуыз бæстæ…»)

Уый Козайы-фыртæн, фæллоимæ, цардимæ æнгом баст чи у, ахæм фыццаг пейзажон æмдзæвгæ нæу. Ахæм хуызы нывæст сты: «Фæскъæвда», «Сæурайсом», «Мæйдар æхсæв», «Æрдзы нывтæм кæсгæйæ», «Хæххон изæр», «Уалдзыгон сагъæс», «Скæсын арвмæ»… Уæлдай арæхдæр æм уыдысты йе сфæлдыстады райдианы.

«Естественное, кровное родство человека со всеми жизнями земли делает его «другом» не только птицы, зверя, скота, но и всей природы»,[1] – дзырдта В. Брюсов. Уыйфæстæ йæ æндæр темæтæ тынгдæр райдыдтой æндавын. Уæлдайдæр, куыд загътам, афтæмæй, Фыдыбæстæйы, адæймаг æмæ рæстæджы, мады… Уыдонимæ – интимон темæ дæр. Уæлдайдæр, йæхихуызонæй.

[1] Б р ю с о в В. Я. Соб. соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1987. – 261 ф.

«Творчество – не только самоотдача, хотя и она, безусловно, тоже. Поэзия должна обязательно опитаться на высокие идеалы – это подтверждает весь накопленный ею опыт, от Гомера и до наших дней»,[1] – дзырдта Джыккайты Шамил. Æмæ уыцы бæрзонд идеалтæй иу у сыгъдæг уарзт.

Цас адæм фæтырнынц уарзæгой æмæ æппæтхъом æмкъæйттæ суæвынмæ, фæлæ сын хъысмæты дымгæ уыцы амонд аскъæфы сæ иувæрсты. Аивады æрмæст йæ равдисын дæр мæнæ-мæнæ æнцон хъуыддæгтæй нæу. Иу æмæ йæм дыууæ поэты не ‘ргуыбыр сты. Уыдонæй дæр амонд аклæмæ нæ бахудт.

Исидор æй равдыста йæхиæрдыгонау. Равдыста йæ, дыууæ ‘мкъайæ иу рынчын куы вæййы æмæ та «‘фсин йæ уæрджытæ хоста, кодта зынтухæн, фæлтæр», уæд диссаг нæу уарзон æмкъай дзура: «Мæ дзыппыты – хостæ, Зæрдæ фыдмастæй – фæлтæрд».

Æмæ лирикон хъайтар цынæ хостæ агуры йæ рынчын æмкъайæн – «Чидæр ма загъта: Ысфыцæд мыдимæ Ногмард тæрхъусы игæр». Ногæргæвст тæрхъусы игæр – нæ, уæд уый хæдзарон уыдзæнис, фæлæ – «ногмард», ома, хъæддаг тæрхъусы игæр. Æрмæстдæр ын уый игæр фæхос уыдзæнис. Æмæ сæ цынæ æххæстгæнгæ ис уарзæгой æмкъайæн:

Аргъæутты уарзонау,
Теркæй, зæгъ, Туркæй, –
Хостыл фæзылдтæн æз дæр.
Ме ‘фсин куынæ уа,
Цы хъавын уæд мулкæй!
Фæлæ… нæ кæны хуыздæр.

Даргъ æхсæв арвиты
Афтæ хæдудæй,
Æз дæн йæ уæлхъус – «хуындзау»…

[1] Д ж и к а е в Ш а м и л ь. Без романтики жизнь станет серой… // Г а й д и н а Е л е н а. Без романтики жизнь станет серой… – Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 147 ф.

Радтин æз хосæн
Мæ зæрдæйы тугæй,
Фæлæ кæм и, кæ, хуыцау.

Дысон та батыхст,
Йæ уæрджытæ хоста,
Зæрдæ ныджджихи, ныммыр.
Æмæ та мæнæ
Æз агурын хостæ,
Фæлæ… мæхицæн дæр ныр…

(«Хостæ»)

Хуымætæджы дзырдтæ. Хуымætæджы композици. Нæй дзы зынæмбарæн философон хъуыдытæ, модæйон фæлгонцтæ, дидактикон зондамындтæ, фæлæ уæлмонц æнкъарæн æмæ царды рæстдзинадæй, зæрдæйы тæлмæнтæй йæхимæ здахы цæстæнгас.

Дзуццаты Хадзы-Мурат уый тыххæй афтæ загъта: «Фидар æмæ фæлмас, тызмæг æмæ тæригъæд – адонæй йæм иу иннæйы ныхмæ нæу, кæннод къахыр уаид йæ адæймагдзинад».[1]

Иссæйы аивад тыхкæнгæ нæу. Уæлдай митæ йын нæ кодта. Хызта йæ, хъуыды, зæрдæ æмæ хъус кæмæй фæлмæцынц, ахæм дæлæ-уæлæтæй. Иууылдæр ын цыд сыгъдæг æмæ бæрзонд уарзтæй.

Францаг зындгонд киноактрисæ Брижит Бардойæ дзырдæуы: «В юности она часто влюбляется в партнеров по фильмам. Со временем ее мужчины становятся все моложе, а род их занятий – все невнятней. Некоторые уже очень смахивают на альфонсов».[2] Исидорæн æппæт дæр йæ зæрдæйы æгæрон уарзтæй цыдис, цардæн фылдæр йæхи фæлтæрддзинадæй арæзта хатдзæгтæ, йæ уды рæстдзинад адæймаджы фылдæр уый тыххæй уырны. Уарзт кæм нæй,

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 236 – 237 ф.
[2] Муромов И. А. Сто великих любовниц. – М., 2000. – 157 ф.

уый цыфæнды бибитимæ дæр уазалы ад фæкæны, кæд уыцы фæндагыл бирæ поэтгæндтæ фæцæуынц, уæддæр.

Уырыссаг æвзагыл поэты уацмыстæ «Еще вчера…»-йы тыххæй чиныджы редактор А. Каныкин фыста: «Мысль о неразрывном единстве человеческого рода, о том, что все люди на земле рождены братьями, пронзительно звучит через всю эту исповедальную книгу-завещание, в которой не мало стихов о любви, порой неутоленной, но всегда возвышенной до самоотречения, о любви к женщинее, к древнему краю отцов и дедов, к его удивительной природе, исполненной аскетического величия и одухотворенности».[1]

Козаты Исидор сæрæстыр уæвгæйæ, куыд поэт, афтæ сæрныллæг уыдис. Цыфæнды комæйкургæ уацмыс сфæлдыстаид, йæ сины сæртыл дзы никуы æрхæцыд. Йæ аивад æппынæдзух уый тыххæй кодта нуарджынæй-нуарджындæр, поэтиконæй-поэтикондæр. Иу æнтыст иннæйы фæдыл уымæн æфтыдис йæ къухы.

Цæвиттон æрхæссынæн дардмæ цæуын нæ хъæуы. Интимон темæйыл цы уацмыстæ сфæлдыста, уыдон æнкъарæнтæ кæд иууылдæр йæ зæрдæйы райгуырдысты, уæддæр сæ иууыл аивадондæр йæ удæй рантыст йæ царды фæстаг уысмты:

Æз федтон фын, – фын уыд, уæдæ, цы уыд, –
Æппæтæн нæй ыснывгæнæн ныхæстæй!
Мæ разы зæд, нæ хæххон зæд, лæууыд,
Йæ цæстытæ зæрин тынтæ нывæзтой.

Кæцæй фæзынд, цы базыртыл æртахт?
Æви мæ разы ферттывта ыскæсæн?
Рæсугъддзинадæй сау мæлæт фæтарст,
Мæ цæстытæй мæ бауагъта ыскæсын…

[1] К а н ы к и н А. И. Еще вчера… // К о з а е в И с и д о р. Еще вчера… – М., 1990. – 144 ф.

«Рæсугъддзинадæй сау мæлæт» кæмæн фæтарст, уыцы уатон рынчын куыд федта: «тымбыл уæхсчытыл сау дзыккутæ – пырх», «дæллагхъуыр – донхъазы æфцæгау», «астæу – дидинæджы зæнг», «йæ цæстытыл сынтцæстыхау» куыд æрцæгау – зæрдæйыл уыцы цæвæнтæ, кæд аив загъд сты, зæды сихы рæсугъддзинад æвдисынц, уæддæр сæ кæддæрты кæй фехъуыстам, уый тыххæй нал æмбæлынц. Уадиссаг нæ цыфæнды къæлæсытæй дæр дисы не ‘фтауынц.

Адæймаджы сконд диссаг у: цы фехъуыста, цы федта, цы зоны, уымæ йæ нуар, йæ хъуыды цасфæнды змæлæнт, уæддæр нал стъæлфы. Зæрдæ, æвзæрдæр куы уа, уæддæр ногдзинадмæ тырны. Уæлдайдæр, аивады. Æмæ Исидор рæхстис уыцы ногдзинæдтæ ахсынмæ.

Чи зоны, уый у царды нысан? Уыцы «ног цыдæр». Чи зоны, афтæ куыннæ уаид, уæд адæймаг сæпп-сæпп кæнид иу бынаты, æмæ нæ къухы цы ис, уый дæр фесафиккам. Чи зоны…

Фæлæ нæ, табу Хуыцауæн, размæ хæссы, ногæй цыдæр базонынмæ кæй фæтырнæм, уыцы хъуыды. Исидор та, куыд уынæм, афтæмæй алы хатт дæр тырнытда уыцы ног хъуыды зæгъынмæ. Хадзы-Мураты хъуыдымæ гæсгæ: «нæ поэзи нырма фаг дзуапп нæ дæтты дуг æмæ адæмы домæнтæн».[1] Фæлæ Иссæ тырнытда уымæ. Æмæ чиныгкæсæг сулæфы, ацы æмдзæвгæйæн дæр поэт, куыд зытда, ахæм йæхирдыгон кæрон куы сарæзта, æцæг æй куы саивадон уацмыс кодта, уæд:

Тымбыл уæхсчытыл сау дзыккутæ – пырх,
Йæ урс дæллагхъуыр – донхъазы æфцæгау,
Йæ уадултæ – сæуæхсиды фæсырх,
Йæ цæстытыл сынтцæстыхау æрцæгау.

Йæ нарæг астæу – дидинæджы зæнг,
Йæ уæнгты айст – зæрватыччы фæпæррæст.

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 155 ф.

Йæ мидбылхудт – æрцъыккæхсоны зынг,
Йæ иу фæкаст – Хæмыцы фат-фæцарæзт…

Дыууæ риуы – дыууæ ракетæ баст,
Цъæх уалдзæджы ныггуыппæввонг къуыбыртæ.
Æнæ дæгъæлæй бакодтой æваст
Мæ зæрдæйы дæгъæлæхгæд гуыдыртæ…

Мæ æфхæрд уæнгтæн нал æнцад сæ риз.
Ныллæууыди сæ уазал хид-тæдзынæг.
Æз банкъардтон: æнусон у мæ низ,
Цæрæнбонты дзы хъизæмар кæндзынæн…
(«Ныфс æви сагъæс»)

Фæстаг строфæйы, «уазал хид тæдзынæг» куыд ныллæууыд, уый хъусы чысыл хъыгдары (авторæн куы бантыстаид мыхуырмæ йæ бацæттæ кæнын, – кæд æм ахæм фæзилæн арæх у, уæддæр, – уæд æй, мæнмæ гæсгæ, æнæмæнг фæивтаид – дзырд уарзтыл кæй цæуы, уый тыххæй ам хиды кой аив нæу), фæлæ æмдзæвгæ æцæг аивадон уацмыс у. Иссæйæн йæ бон фæлдисын кæй уыдис, ахæм æцæг аивадон уацмыс.

Уыцы уацмыстæ искæмæ гæсгæ, искæй фæзмгæйæ нæ ныв кодта. Æцæг аивадон уацмыс, искæй надвæдыл згъоргæйæ, нæ райгуыры.

Æниу, уыцы хъуыддаджы тыххæй, Нафи, Гуыцмæзты Алешы уацау «Урс фынтæ»-йыл хъуыдыгæнгæйæ, зæгъы: «Зындгонд уырыссаг советон фыссæг Александр Фадеев аивады процессы ацы фæзынды тыххæй афтæ зæгъы йæ иу уацы: «Курдиатджын фыссæг искæцы классикон уацмысы æндæвдады фæстиуæгæй цы уацмыс сфæлдисы, уый уæддæр вæййы курдиатджын». Алешы Местъа æмæ Мате дæр, кæд Тедо æмæ Симоны[1] æнгæс сты, уæддæр

[1] Коцойты Арсены новеллæ «Цуанонтæ»-йы сæйраг хъайтартæ // К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971. – 31 – 37 ф.

æвæджиауы фæлгонцтæ сты, стæй ирон новеллистикæйы дыууæ аивнывгонд характеры».[1] Æмæ сын зындгонд литературæиртасæг бары се 'нгæс миниуджытæ.

Исидорæн йе 'нтыстытæ йæхи курдиаты фæрцы æфтыдысты йæ къухы. Хуыцауы радтгæ йын уыдысты. Ærдзон æгъдауæй сæ фæлдыста. Ноджы йыл кары уæз куыд тынгдæр æнцад, афтæ адæмы раз æмæ аивады раз йе ‘мбæстагон хæс æнкъардта тынгæй-тынгдæр. Уымæн, æмæ йæ, кæд цард цыбыр уыд, уæддæр æй хъуыдис рæстæгæн, цардæн йæхи рухс кæнынæн. Рухс чи кæны, уый нæ мæлы.

Поэт зыдта, «ивылд донау у цард» – кæм гуылфгæнгæ фæбырсы, кæм ныхъхъус вæййы, цуангæнæг стайау. Фæлæ йæ уарзын, аргъ ын кæнын фæхъæуы, куыд у, афтæмæй. Рæстæджы цыдимæ базыдта: «Хатт цины фынгыл мах фæкæнæм рухс, Хъыджы фынгыл та… сисут-иу нуазæн.»

Цины фынгыл – рухс, хъыджы фынгыл – нуазæн, уыдон царды ныхæй ныхмæ æвæрд æгъдæуттæ сты, фæлæ иумæйаг рæстдзинады сæрты нæ агæпп кæндзынæ. Уыцы ныхмæвæрдты-иу Иссæйы бон бацис йæ зæрдæйы риссаг нуармæ нывналын, æмæ-иу азæлыд йæ зæлланг:

Æгъатыр у, тызмæг нæм у хъысмæт,
Фæливæг у йæ рагуалдзæджы айдæн.
Гъе, ууыл у æрæджиауы мæт, –
Мæн дæр мæ уалдзæг, сабийау, фæсайдта…

Йæ хурзæрин дæндæгтæй мæм фæхудт,
Фæзынди мæм кæркæ-мæркæ фæлысты.
Зæххон дзæнæты банхъæлдтон мæ уд,
Фæлм абадти мæ фæззæджы фæрыстыл…

[1] Джусойты Нафи, Мамиаты Изетæ, Хъазиты Мелитон. Ирон литературæ. 11 кълас. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 240 ф.

Рæсугъд уалдзæгау банхъæлдтон æз цард,
Йæ дидинвæз мæн рог уддзæфæй баста.
Куы скодта зымæг алы къуымты арт,
Мæнæн мæ сугдон разынди уæд хастау…

Æмæ ысурси, зымæгау, мæ сæр –
Куыд бакуымдтон æз, цъысцъысагау, сайын!
Ныр базыдтон, – æрæджыйау уæддæр, –
Рæсугъд дидин сындзыты ‘хсæн кæй зайы…

(«Хъуыдытæ иунæгæй»)

Исидор йæхæдæг дæр дидинджыты ‘хсæн нæ райгуырд. Дзул æмæ мыдæй нæ цард. Гъе, бæмбæджытыл нæ цыд йæ фæндаг. Фæлæ йæ царды уыдæттæй йæхицæн ныхдуртæ никуы арæзта. Тыхджын адæймаг æмæ стыр поэтæн куыд æмбæлы, афтæ архайдта, цæмæй сæ ма хатыдаид. Дон йæ ауæзты уæлæ куыд акæлы, афтæ-иу ахызт сæ сæрты. Йæ нысан – цард аивадононæй, алыварсонæй æвдисгæйæ, стыр, рухс фидæнмæ цæуын уыдис. Æмæ йæм цыд. Цыдис æм, стыр адæймагæн куыд æмбæлы, афтæ. Никæцы дамтæ æмæ думтæ, никæцы ныхдуртæ йæ урæдтой. Йæ ас, йæ физикон тыхæй, – кæд ныллæг æмæ æдых нæ уыд, уæддæр, – йæ удвидар бирæ фылдæр уыдис. Æнæнхъæлæджы нæ. Уый нын фыдæлтæй баззад. «Образ ветра, как мы знаем, тесно связан и с образом Батраза»,[1] – зæгъы Туаллæгаты Алан.

Исидорæн йæ уыцы фæндвидар цыд йæ хъару, йæ уды рæстдзинад æмæ курдиатæй. Уыдон кæмæ уой, уымæн цыфæнды фыдæвзарæнты дæр æгады сæфтæй тас нæу, йæ сæрæн кад кæнын куы зона, уæд.

Æмæ Исидормæ тыхджынæй уыдысты.

Цас адæм фæхæрынц сæ былты цъæрттæ зондджын æмæ амондджын ныййарæг уæвынмæ! Фæлæ уыцы хъуыддаджы бæллын цъус у. Дон æмæ кæстæрæн фæндаг рагагъоммæ фæхъæуы амонын. Исидоры æмдзæвгæйы

[1] Туаллагов А. А. Меч и фандыр. – Владикавказ, 2011. – 150 ф.

лирикон хъайтар йæ кæстæрæн йæ райгуырæн бон афтæ уымæн кувы, зæгъгæ, ныр фаг у дæ номыл гаджидаутæ уадзынæн – мæ хæрæфырты гуырæн бонæн мæ ракувын кæн.

Цы у уый? Ома, хъæбулæй хъæбулы хъæбул адджындæр кæй у, уыцы æмбисонд? Нæ, ахæм надвæдыл цæуын нæ уарзта Иссæ. Хъуамæ адæймаг йæ амонд ара рæстæгыл. Алкæмæн дæр афоныл æххæстгæнгæ у, царды йыл цы иууыл стырдæр хæс ис, уый – фылдæр кæна йæ туг, йе стæг. Алы иронмæ дæр йе ‘вæллайгæ сидт сусæг-æргомæй аивады хуызы уый уыдис.

Фыссæджы, æмткæй, аивады кусæджы цард алы хатт дæр хорз цæвиттон хъуамæ уа адæмæн, фæлæ йе ‘мсисонтæн бафæзминаг вæййы, хуымæтæджы адæймаджы цæст кæй не ‘взары, йæ хъус кæй нæ ахсы, уыцы цаутæ æмæ фæзындтытæм уый поэтикон уд цас бæрцæй фестъæлфы, уымæй. Уыдон та Исидоры зæрдæйы куыд зынынц, Фыдыбæстæйы уарзт дзы цы стыр бынат скодта, уый бæрæг у, ирон, гуырдзиаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл кæй рауагъта, йе ‘мдзæвгæтæ æмæ поэмæты уыцы дæс æмбырдгондæй, уæлдайдæр чингуытæ «Мæ зарæг – Ирыстон», «Сæрдыгон равг», «Æгъуыссæджы сагъæстæ»-йы.

Фæлæ уый – йæ поэтикон æмбырдгæндты.

Нæ чиныгкæсæг æй фыццаг базыдта, куыд поэт-прозаик, афтæ. Фæлæ йыл поэзи йæхирдæм тынгдæр ахæцыд. Йæ лæджы кары куы бацыд, уæд ногæй йе ‘ргом аздæхта прозæйы жанрмæ. Йæ поэзи йын лæмбынæг чи каст, уый æнæмæнг рахатдзæнис, Исидор поэзийы йæ дзуринæгтæ, стæй уым рæстæг æмæ адæмы раз цы бæрн æнкъары, уый прозæмæ дæр кæй рахаста йемæ, æрмæст уæрæхдæрæй, алыварсондæрæй. Уыимæ ацы жанры дæр искæй, мыййаг, нæ фæзмыдта, фæлæ уыд йæхи хуызæн.

Мæ хъуыдыйæн æвдисæн – фыссæджы дзæвгар уацмыстæ, уæлдайдæр, йæ радтæг уæзæгмæ йæ зæрдæйы хъарм бирæ бæрцæй кæм нывæрдта, йæ уарзт ын æнæхъæнæй кæм æргом кæны, йæ уыцы публицистон уацау «Къонайы стъæлфæнтæ».[1]

[1] К о з а т ы И с и д о р. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989. – 393 ф.

Ацы уацауы йæ къонайы арт, йæ райгуырæн Хъорнисы ивгъуыд æмæ абоныл афтæ уарзгæ, афтæ сагъæсгæнгæ фæдзырдта æмæ кæд бирæ хатт уацмысы цыд хъыгдаргæ дæр фæкæнынц, уæддæр æй фæндыд йæ хъæубæсты алы къуылдым, алы зайæгхал, алы удгоймаджы тыххæй дæр бæстон куы зæгъид. Сæ равдисынæн та сын фылдæр хатт ссары, зæрдæ кæмæй фестъæлфы, ахæм дзырдтæ: «Æниу, цы мад нæ уарзы, æмæ йын йæ цæсты раз йæ хъæбулæй æппæлой! Дыргъдоны дæр дзы Дзыццайæн алкæй номыл хицæн бæлас ис. Уый Агуыбейы æнгуз у… Уый Исидоры кæрдо… Миридайы фæткъуы… Зауыры бал… Хазбийы сæнæфсир… Петъройы сасело. Æмæ сæм бавналæн нæй. Сæ дыргъ дæр алкæмæн – йæхи. Хъæбултæй йæ зæрдыл чи æрлæууы, уый бæласы бынмæ йæхи айсы æмæ фæбады».

Æвæццæгæн, ахæм дзырдтæ мадæй хуыздæр никæуыл сфидаудзысты.

Кæнæ радзырд «Сæуæхсиды размæ»-йы хæсты дуджы ирон лæппу Джигит уæззау цæфæй, сæ тых кæмæн басаст, уыцы æвзонг саби æмæ мадимæ куы баззад, æхсæвы саби уазалы куы стыхст, уыцы дзæгъæл быдыры та лæг куыдзцæвæн къæцæл куынæ ссардтаид, уæддæр, кæд чиныгкæсæджы зынæй уырны, нæ фæтыхст: «Йæ лæдзгуытæм та куыд фæцæйæвнæлдта, афтæ йæ сæры цыдæр хъуыды фæмидæг. Фæстæмæ йæхи æруагъта. Йæ фæндон арабар-бабар кодта. Хъæмпын арты дыдзы рухсмæ дæр бæрæгæй зынд йæ фæлурс æмæ фæлмаст цæсгом. Лæдзæг йæ уæрагмæ фæцарæзта. Йæ дыууæ кæроныл ын æрбахæцыд æмæ йæ къæрцц фæцыд. Йæ саджилтæ йын фæхæцын кодта. Дуарæй йæ дуармæ лыстæгдæр цъæлтæ æрбакодта æмæ сæ хъавгæ артыл аввæрдта. Хус къæцæлтæ ссыгъдысты. Арт чысылтæ æндавын райдыдта…»[1]

Ахæм нысаныл æмбæлæг хицæн бынæттæ цъус нæй Исидоры прозæйы. Раппæлинаг у, Исидорæн йæ хъайтартæ иууылдæр кæй сты цардбæллон, ныфсхаст, хъаруджын.

Æмткæй фыссæджы сфæлдыстад у ритмикон, музыкалон. Бирæ уацмыстæ сæхæдæг зæлланг кæнынц хъусты æмæ сæ комкоммæ зар, сæрмагонд музыкæ

[1] К о з а т ы И с и д о р. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989. – 467 ф.

æвæрын сыл нал фæхъæуы. Се ‘рдзон ритм фаг у, цæмæй сын адæймаг йæхæдæг ахса сæ музыкалон фæзилæнтæ:

Судзут, мæ цæстытæ, судзут,
Зæрдæйæ исут цæхæр.
Адæммæ уарзонæй худут,
Доны куы зилат, уæддæр.

Зæрдæйæн фестут кæсæнтæ –
Дзыллæ йæ феной æргом.
Масты сын – доны лæсæнтæ,
Цины сын – уалдзыгон бон…

Зæгъгæ мыл абон æрмæйдар,
Мисхал дæр не ‘ркæнин мæт:
Исты кæнин æз куырмæй дæр –
Дзыллæтæ худæндзаст уæнт…

(«Худут, мæ цæстытæ»)

Исидоры сфæлдыстады сæйраг хорздзинад уый у, æмæ дзы иумæйагæй цурон, сайæн ныхас кæй нæ кæны, чиныгкæсæг ын йæ дзырды рæстдзинадыл кæй æууæнды. «Æнæхъуаджы нæу – æмæ ма дæр хъуамæ уа! – Козаты Исидоры поэтикон дзырд».[1] Уый та уымæн афтæ у, æмæ уыцы дзырд хъардта йæ зæрдæйы уарзт æмæ сагъæсæй, йæ мидхъуырдухæнтæй. Йæхæдæг куыд загъта: «Зæххыл куынæ цæриккой Ир, Уæд дуне уаид къахыр!» – афтæ зæгъæн ис, æнæ Исидоры сфæлдыстад нæ литературæ уаид къахыр.

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 240 ф.

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

А б а е в В. И. Избранные труды. 1 т. – Владикавказ, 1990;
А в т о р ы а р х и в.
А х м а т о в а А н н а. Стихотворения. – М., 1961;
Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Чиныг – царды айдæн. – Дзæуджыхъæу, 2009;
Б а т ю ш к о в К о н с т а н т и н Н и к о л а е в и ч. Мой Гений // К о л л е к т и в а в т о р о в. Чудное мгновенье. Любовная лирика в 2 к. Книга 1. – М., 1988;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Æхгæд фыстæг. – Цхинвал, 1990;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003;
Большевик, 1944. – № 3 – 4;
Б р ю с о в В. Я. Соб. соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1987;
Б у к у ы л т ы А л ы к с ы. Хæстон æмбал // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирыстоны кад. – Цхинвал, 1959;
В е с е л а я З. А. Николай Алексеевич Некрасов // К о л л е к т и в а в т о р о в. Люблю Отчизну я… – М., 1982;
В я з е м с к и й П. А. Сочинения в 2 т. Т. 1. – М., 1982;
Г а й т ы Е в г е н. Адæмы хъæбул // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирыстоны кад. – Цхинвал, 1959;
Г а ф е з. Козаты Исидор / А в т о р ы к о л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967;
Г а ф е з. Фыды артдзæст. – Цхинвал, 1983;
Г æ б æ р а т ы Ю р и. Исидор / Хурзæрин, 1914;
Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959;
Г е р д е р И о г а н н Г о т ф р и д. Ежегодник Музея истории религии и атеизма. Вып. III. М. – Л., 1959;
Г е т е И о г а н н В о л ь ф г а н г. Избр. произ. в 2 т. Т. 2. – М., 1985;
Г о р ь к и й М а к с и м. Уарийы зарæг / Н и г е р. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Д з æ у д ж ы х ъ æ у, 1966;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Æз райгуырдтæн хохы. – Сталинир, 1960;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Æнæном чиныг. – Цхинвал, 1967;
Д ж у с о й т ы Н а ф и, М а м и а т ы И з е т æ, Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон литературæйы истори. 11кълас. – Дзæуджыхъæу, 2013;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сагъадахъ. – Дзæуджыхъæу, 1980;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011;
Д з у г а т ы Г е р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Цхинвал, 1971;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, 1990;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Ныхас поэты тыххæй / К о з а т ы И с и д о р. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Романтикæ. – Сталинир, 1959;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Фыццаг ныхас. – Сталинир, 1956;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2007;
К а л о т ы Г. Ирон литературæ (хрестомати), 1-аг чиныг. – Дзæуджыхъæу, 2010;
К а н ы к и н А. И. Еще вчера… // К о з а е в И с и д о р. Еще вчера… – М., 1990;

К о з а е в А. И. Анахарсис. – Цхинвал, 1982;
К о з а т ы И с и д о р. Ægъуыссæг æхсæвы сагъæстæ. – Цхинвал, 1981;
К о з а т ы И с и д о р. Арвæрттывд. – Сталинир, 1960;
К о з а т ы И с и д о р. Мæ зарæг – Ирыстон. – Цхинвал, 1969;
К о з а т ы И с и д о р. Сæрдыгон равг. – Цхинвал, 1978;
К о з а т ы И с и д о р. Уæзæджы фарн. – Цхинвал, 1984;
К о з а т ы И с и д о р. Хæрзбон. – Цхинвал, 1989;
К о з а т ы И с и д о р. Хæхты фæдисон. – Сталинир, 1963;
К о з а т ы И с и д о р. Хурхæтæн. – Цхинвал, 1972;
К о з а т ы И с и д о р. Цардиваен. – Цхинвал, 1975;
К о з а т ы И с и д о р. Цин æмæ сагъæстæ. – Цхинвал, 1966;
К о з а т ы И с и д о р. Фæззыгон хуызивæнтæ.– Цхинвал, 1987;
К о з а т ы И с и д о р. Æнæныгæд мард.– Цхинвал, 1990;
К о з а т ы И с и д о р. Ægъуыссæджы сагъæстæ.– Цхинвал, 1981;
Коммунисти, все руки тянутся к вам. РОСТа №44. – 1920, III;
К о с т а. Осетинская лира. – Владикавказ, 2014;
К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971;
К у з н е ц о в Ф е л и к с. Беседы о литературе. – М., 1977;
К ъ о с т а. Ысхъомыл дæн уырысимæ. – Цхинвал, 2009;
Л у г о в с к о й В л а д и м и р. Собр. соч в 3 т. Т. 3. – М., 1989;
М æ р г ъ и т ы К ъ о с т а. Ævзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 1972;
М у р о м о в И. А. Сто великих любовниц. – М., 2000;
Н а д с о н С. Я. Друг мой, брат мой, усталый, страдающий брат… // К о л л е к т и в а в т о р о в. Путешествие в страну поэзия в 2 к. Книга 1. – Л., 1968;
О р л о в С е р г е й. Соб. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1979;
П а в л е н к о П. Честь и слава защитникам Осетии // К о л л е к т и в а в т о р о в. Осетия в русской литературе. – Владикавказ, 1963;
П у х а т ы А л ы к с а н д р. Цин æмæ сагъæстæ // Советон Ирыстон, 1966. – 3 август;
Правда, 1947. – 7 ноябрь;
Р ы л ь с к и й М. Великий польский поэт Адам Мицкевич // М и ц к е в и ч А д а м. Избранное. – М., 1948;
Советский энциклобедический словарь. – М., 1983;
Т в а р д о в с к и й А л ы к с а н д р. Собр. соч. в 6 т. Т. 5. – М., 1980;
Т о к а т ы А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004;
Т у а л л а г о в А. А. Меч и фандыр. – Владикавказ, 2011;
У и т м е н У о л д. Американская национальная литература / К о л л е к т и в а в т о р о в. Писатели США о литературе в 2 т. Т. 1. – М., 1982;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Мæ уды хуызтæ. – Цхинвал, 2010;
Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Бæрзондæй-бæрзондмæ / Фидиуæг, 1966. – № 7;
Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал, Дзæуджыхъæу, 3013;
Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Нæ ис, нæ бис. 1-аг ч. – Цхинвал, 2008;
Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011;
Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Хуыцауы бон. – Дзæуджыхъæу, 1998;
Х ъ у ы л а т ы С о з ы р ы х ъ о. Ævзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1957;
Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз. – Дзæуджыхъæу, 1868;
Ш е в ч е н к о Т а р а с. Кобзарь. – Киев, 1983;
Ш е к с п и р У и л ь я м. Пол. собр. соч. в 8 т. Т. 6. – М., 1960.

ÆРТЫККАГ СÆР

РÆСТДЗИНАД – ЦАРДЫ ÆМÆ АИВАДЫ

Дзаболаты Хазбийы сидзæры хъынцъым æмæ царды хабæрттæ. Куыст æмæ фæллойы дуг. Рæстдзинады хæстон. Поэты æмбæстагон лирикæ

Ирыстон йæ сины сæртыл кæй аивадæй æрхæцыд, ныр мæ авналæнтæ фæуæрæхдæр сты, «мæ аив дзырды æцæг фæдисонтыл ноджыдæр иу бафтыд, мæгуырæй тас мын нал у!» – кæмæй загъта æмæ ænæнхъæлæджы афтид кæмæй абадт, йæ уыцы ахсджиаг хъæбултæй, йæ дзырдаивады уыцы фæдисонтæй иу уыд стыр курдиатджын поэт Дзаболаты Хазби.

Бынтон афтид дзы нæ абадт – йæ лæппуты хуыздæртæй йын сæ иу, Дзаболайы-фырт, ныууагъта йæ дзадджын, сойбын æмæ, суадоны донау, рæсугъд, адæймаджы уд чи рæвдауы, уыцы аивад. Зындгонд ирон поэт Ходы Камал уымæн зæгъы: «Фæцис поэты зæххон биографи æмæ райдыдта йæ цард дзыллæйы зæрдæйы».[1]

Бирæ фыссæггæндтæ сæхиуыл, сæ чиныггæндтыл уыйбæрц диссæгтæ æмæ алæмæттæгтæ фæдзурын кæнынц æмæ сæ фыстытæй уыдон цалдæр хатты фæфылдæр вæййынц, фæлæ нæ дæр сæхæдæг, нæ дæр – сæ автортæ, нæ дæр – чиныгкæсджытæ фæзонынц, цы сæ хъæуы æмæ цы дзурынц. Уымæн æмæ, кæй кой фæкæнынц, уымæй дæр, сæ уацмысгæндтæй дæр аллайагæй дарддæр ницы вæййы рæгъмæ рахæссинаг.

Уый хыгъд нæ хорз зæгъын кæмæй фæхъæуы, уыдон сфæлдыстадмæ кæнæ æххæстæй нæ ныфс нæ фæхæссæм – нæ бон куынæ баua, æмбæлон аргъ ын скæнæм, кæнæ раст зæгъын нæ цæст нæ фæуарзы. Ныр кæй тыххæй ныхас

[1] Х о д ы К а м а л. Рухс фæндтæ хæссæг // Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацамонгæ. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 3 ф.

кænæм æмæ дарддæр кæй цард æмæ сфæлдыстадыл хъуыды кæндзыстæм, уый бынтон æндæр поэтты скондмæ хауы. Йæ кой-иу куы кодтой, æвзонг ма куы уыдис, уыцы рæстæджы, уæд дзырдтой: «…кусы, дам, Буроны æрзæткъахæнты, у дæсны хохкъæртгæнæг, йæ хæстæ æххæст кæны дзæвгар фылдæртæй, стæй, дам, дзæбæх æмдзæвгæтæ дæр фыссы».[1]

Æмдзæвгæтæ, уæлдайдæр, йæ цыбыр царды кæронмæ, адæм куыд акæнынц, цин уын фенон, куыд æмæ цахæмтæ сфæлдыста нæ фæрнджын зæххыл. Бынтон алæмæттаг уыдис йæ уарзон адæмыл зарджытæ фæлдисынмæ. Йæ уды рухсмæ йæ зæрдæйы арфæй цы зарæг калд æхсæрдзæнау, уымæн æмбал нæй, куы зæгъæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм, йæ зæлмырæй, йæ арæзтæй афтæ диссаг у. Адæймаг æм хъусынæй нал фефсæды. Амондæвзарæны уый уыдис йæхи фæндон:

Ис бирæ,
тынг бирæ бынуагъд хæзнатæ цардамондæн,
Цæмæй æнусæн ма рох кæна йе стыр фарн æнус.
Фæлæ дзы равзæрстон æз
иунæг хæзна, – уацамонгæ, –
Нæ фыдæлты рæстæвзарæн уацамонгæ-къус.

Зын у мæ хæс,
Фæлæ сæркъулæй агуырд номы бæсты
Сыгъдæгуд царды азарæй мæ номыл сбадæд сæг.
Куыдфæнды уæд, фæлæ мæ зарæджы нывгонд ныхæстæ
Уыдзысты уацамонгæ – раст тæрхон хæссæг.

Æнхъиз, о ме ‘рвонг ронг!
Æмæ цæстмæхъус кады аууон
Мæнгдзурæг лæджы ‘фсæст былтыл ды ма ныууадз дæ фæд.

[1] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 153 ф.

Фæхæсс дæ нæртон фарн, ælхæнгæ удтыл макуы баууæнд,
Уæд ныфс – дæ аходæг, рæстдзинад уæд – дæ фæтк![1]
(«Ис бирæ, тынг бирæ бынуагъд хæзнатæ цардамондæн…»)

Исчи, ænæмæнг, ахъуыды кæндзæнис, ома, уый йæ иууыл хуыздæр æмдзæвгæ у? Нырма хуыздæртыл сæмбæлдзыстæм, фæлæ ацы уацмысы кой хуымæтæджы не скодтам. Ис ын йæхи бындур. Уырыссаг поэт Михаил Луконин æндæр уырыссаг поэт Семен Гудзенкойæ цæйау загъта: «Это было обаяние подлинности и правды светлого таланта»,[2] – уыцы зæрдæскъæф, цинхæссæг кæлæнтæ æмæ адæймагæн ныфсдæттæг рæстдзинад æрттивынц ацы рæстаг дзырдтæ æмæ хъуыдытæй.

Ацы æмдзæвгæ фыст куы æрцыдис, – æхсайæм азты, – уыцы дуджы, æххæстæй нæма, фæлæ адæмы фæцис рæстдзинад зæгъыны фадат. «Уæд нын хицауад цы кадавар сæрибар радта, уымæй цыма йæхæдæг фæтарст æмæ йын бар-ænæбары цадæггай йæхи къухтæй йæ хурх балхъывта», –Дзуццаты Хадзы-Мурат катайгæнгæ хуымæтæджы нæ дзырдта. Фæлæ дзы ирон поэттæ уæддæр спайда кодтой. Рæстдзинад, нæ литературæйы райдайæны куыд уыдис, афтæ ссис сæ Хуыцау æмæ сæ дзуар.

Плиты Грис, уæды иуæггай ирон поэттау, нырма алы хатт мыхуыры æргомæй нæ (уырдæм «ультрабдительные» «подхалимтæй»[3] дуæрттæ æхгæд уыдысты), фæлæ фидаræй лæууыд йæ равзæрст фæндагыл æмæ йыл, табу – Хуыцауæн, никуы фæцудыдта йæ куырыхон царды кæронмæ:

Дæ фарсмæ чифæнды уæд хицау, –
Зæххон зæд уа æви хайуан, –
Мæрдты къæй фест, поэт, дæхицæй
Куы скæнай искæмæн айуан!

[1] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 215 ф.
[2] Л у к о н и н М и х а и л. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1979. – 358 ф.
[3] Н и г е р / Пролетарий Осетии, 1937. – 18 апрель.

Ды дæ дæхи бæрзонддæр бардуаг,
Дæ хаст уынаффæ дын – уæлдæр,
Дæ цард мыд уа æви дын марг уа –
Дæ мæсыг амай æмæ цæр!

Худ хъæлдзæг мидбылты æнкъардæй,
Дæ зæрдæ тонæд, фæлæ худ!
Куы скæнай лидзынвæнд зындзардæй,
Уæд лæг нæ дæ, фæлæ тæппуд!

Æмбæхс дæ маст æмæ дæ цинад,
Дæ сыгъдæг миддуне дын – дзуар, –
Зæххыл ис иу хуыцау – Рæстдзинад,
Ды иунæг уымæн дæ цагъар.[1]

(«Поэт»)

Æвæццæгæн, адæймаг, уæлдайдæр, поэт куы фæхуды «хъæлдзæг мидбылты æнкъардæй» æмæ лидзынвæнд куынæ кæны зындзардæй, уæд йæ ныфс йæ сыгъдæг миддунейы æцæг свæййы дзуар æмæ йæ фæхæссы йæ зæрдæйы иууыл сыгъдæгдæр бæллицтæм, фефтауы йæ иууыл сыгъдæгдæр хъуыдытæ æмæ рæстдзинадыл, кæд Г. Плехановы хъуыдымæ гæсгæ «…чудо непримиримо с законосообразностью»,[2] – уæддæр. Нигер, нарты удыхъæдыл дзургæйæ, уымæн нысан кодта: «Цыфæнды хорз цард куы кæнай, цыфæнды хорз миниуджытæ дæм куы уа, уæддæр искæцырдыгæй знагæй æфхæрд дæ æмæ афтæмæй дæ цард дæхицæн адджын кæныс, дæ хъарутæ, дæ хорз миниуджытæй разы дæ, – уæд дæ цард æмæ дæ хъару, дæ хорз миниуджытæ ницы сты. Æмæ цалынмæ уыцы къæм дæхицæй сисай, уæдмæ разы ма у дæ цардæй».[3] Нæ фыдæлтæ æппынæдзух худинаджы бæсты уымæн æвзæрстой

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 302 ф.
[2] П л е х а н о в Г. В. Об атеизме и религии в истории общества и культуры. – М., 1977. – 104 ф.
[3] Н и г е р. Уац. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 372 ф.

кады мæлæт. Æмæ уый æрмæст зæххон царды, адæмы ‘хсæн ахастыты нæ, фæлæ аив литературæйы дæр хъуамæ уа афтæ.

«Сыгъдæг æмæ судзгæ уарзт кæддæриддæр удуæлдай у»,[1] – уымæн фæндвидар уыдис Бестауты Гиуæрги. Хорз зыдта, поэт удуæлдай куынæ уа, уæд ын цыбæйлагæй ницы бантысдзæнис. Уæлдайдæр, рæстдзинад зæгъын йæ бон никуы бауыдзæнис æмæ цæрдзæн, поэтæн нæ, фæлæ алы адæймагæн дæр сæрмæхæссинаг чи нæу, ахæм цардæй – дæллаггалæй.

Хазби хæнт æвзонгæй сæрыстыр уымæн уыдис уæлæрвтæй адæмæн зынграскъæфæг Амранæй. Уæлæрвты бадджытæ сын æй нæ лæвæрдтой сæ æдзæстуарзонæй, цæмæй цард цыдаид зæххыл «куырмæг æмæ æмыræй», фæлæ сæ Амыран нæ фæтарст. Адæмæн æрхаста зынг. Æмæ дзы буц у поэт:

Дæу, царды цин, æз ахæм уысмыл ратин,
Цæмæй лæгæн уон баххуысхъом йæ тыхсты,
Уый федта арв, уый хуыцæуттимæ бадти,
Фæлæ нæ фæтарст тигъæлвæст рæхыстæй.

Нæ, уый тыхæй нæ ныллæууыди давæг,
Нæ уыд, фыццаг арт, уый тыххæй дæ бандзæрст,
Цæмæй дæм лæг йæ æфсæст хъæбыс тава
Æмæ йын уадза алайы тæф артдзæст.

Нæ, уый фæндыд, куыд уына лæг йæ развæд,
Куыд судза, куыд, цæхæр артау йæ зæрдæ,
Куыннæ кома рæстыл тохы æртасын,
Куыннæ хæсса лæгъстæйæ цард йæ сæрмæ.[2]

(«Артдзæст»)

[1] Б у с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 218 ф.
[2] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Артдзæст. – Дзæуджыхъæу, 1963. – 29 ф.

Афтæмæй фенæм, поэт, йæхи пайдайæн чи фæаразы истытæ, уыдон фарс кæй нæу, фæлæ йын сæйраг адæм кæй сты. Йæ зæрдæйы уыцы уаг цæуы рæстдзинадыл иузæрдыг æмæ æнувыд уæвынæй. Рæстдзинады сæрыл тох кæнын у йæ царды сæйраг нысаниуæг – æцæг поэты бæллиц.

Дзырдаивады дзурæнтæ цъуттабастæй чысыл куы фæуæгъд сты, уæд Джусойты Нафийы æхсайæм азты лирикон хъайтар фæрсы хохы: «Зæгъ-ма мын, Хох, йæ рæстдзинад зæгъын Куынæ уæнда мæлæты тасæй лæг?..» – ома, ахæм дуджы йын цы кæнгæ у. Æмæ Хох дисы бахауд: «Æмæ æцæг ис ахæмтæ зæххыл?.. Ныхъхъус дæн æз – къæмдзæстыг æмæ ‘рхуым… Æруагъта Хох йæ рагон сæр ныллæг»[1] («Ныхас Хохимæ»).

Поэт Хазбийæн йæ дуджы цæстмæмитæм кæсынæй йæ зæрдæйы туг цæвæнтæ кæны, адæмæн сæ хъуыды сæ сæрты кæй ахсы, «фыдæлты хотых – топхосдон бæрцытæ уæлæдарæс, уынды дзаума» кæй систы æмæ сонет нæ дугмæ, «сывæллон хъама йе ‘рттывдæй куыд мысы», афтæмæй кæй æрцыд.

Сонет æнусты рæстдзинады, рæсугъд æмæ уарзты сагъадахъ уыдис. Махмæ йæ XX-æм æнусы райдайæны æрхаста Токаты Алихан йæ «Цыкурайы фæрдыг»-æй.[2] Уæдæй фæстæмæ нæм бирæ поэттæ сонеты зæйтæ уадзынц, фæлæ Хазбийы уацмыс се ‘хсæн сæрыстырæй лæууы. Уымæн æмæ, куыд æнхъæлæм, афтæ нæма фæци сонеты дуг – «Поэт фæдисæй де ‘лвæст дзырдмæ сиды». Поэты къухы сонет у хотых. Цæмæн, уый фенæм, Дзаболайы-фырты сонет кæронæй царды рæстдзинадæй арвæрттывдау куы ныццæхæр калы, йæ сатæг хъæлæс æрвнæрæгау куы нынæры, уæд:

Тызмæг у цард… кæдмæ хъæдхъуыр трибунтæй
Кæнгæ дзырдты цæнгæт уынаффæ хъуыса,
Зæхх йедзаг уа бынатагур тæппудтæй,
Æнæхъуыды куырмыты бын æнкъуыса,

[1] Джусойты Нафи. Æнæном чиныг. – Цхинвал, 1967. – 140 ф.
[2] Токаты Алихан. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 5 ф.

Æмвæндаг уой рæстуд æмæ мæнгард, –
Æхсиддзæн туг, æндзæвдзæн кардыл кард!
(«Сонет»)

Уæдæ, Хазби рæстдзинад æвзарыны тыххæй йе ‘ргом нарты алæмæтон Уацамонгæмæ кæй скодта, уый хуымæтæджы нæу: «Нартæн се стырдæр хæзнатæй иу уыди Уацамонгæ. Уымæ ахæм миниуæг уыд æмæ, æвæдза, адæймаг йе сгуыхтдзинæдты тыххæй æцæгтæ дзуры, уæд-иу æнæвналгæйæ йæхи систа æмæ-иу адæймаджы дзыхы размæ бацыд, на ‘мæ-иу йæ бынатæй змæлгæ дæр нæ фæкодта».[1]

Абайты Васойæн, стæй ирон адæмæн нарт сты «…образ чудесного легендарного мира, воссозданный с такой могучей простотой и пластической силой, что он становится нам близок и понятен, и мы отдаем невольную дань поэтическому гению создавшего его народа».[2] Æмæ Хазби рæстдзинад, лæгдзинадагурæг иу æмæ дыууæ хатты нæ цыдис нарты дунемæ. Йæ уды ныфс, йæ зæрдæйы сыгъдæгыл дзурæг, раст адæймаг кæй у, уый символ ын уыдис Уацамонгæ. Поэт Ирыстонмæ Уацамонгæйы фæрцы «хъавыдис» рæстдзинад æрхæссынмæ. Цæмæй, чи цы у, зæххыл чи цы тауы, уый уыдаид хурæргом. Куы йын бантыстаид цæрын, уæд æй йæ парахат удыхъæдæй, йæ аив дзырдæй хæсгæ дæр кодта. Уацамонгæйæ уымæн буц уыд йæ фидар, æнæцудгæ рæстдзинады тыххæй. Ног æмæ та-иу æм ногæй уымæн æрыздæхт. Афтæхуыйнæг, «мæлгъæвзæгтæ», хъуыддагхуыз кадвæлгъаутыл сæрыстыр æмæ бæрзондæй уымæн худт:

Уый тæрхоны
Сатанайы урс цонгæй
Æрхызти фынгмæ Нарты уацамонгæ.
Нæ бацæудзæн уый къулбылæй уæ размæ, –

[1] Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 217 ф.
[2] А б а е в В. И. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982. – 100 ф.

Уый фезмæлдзæн æрмæст

æцæг Ныхасмæ.

Уый хъусы дардмæ,

зонды хъæр,

ныфсы хъæр,

Æмæ йæ сисдзæн

зонджындæр,

ныфсджындæр!

(«Уацамонгæ»)

Уый царды гакк кæй у, уыдæттæ амонын нæ хъуыд бонзонгæ æмæ цырддзаст поэтæн. Хазби цардмæ куыд læмбынæг каст, хъæдхъуыр трибунтæ йын цардрохгæнæн куыннæ уыдысты æмæ рæстдзинады фæдыл куыд æхсарджынæй цыдис, уый бæллиццаг уыд. Царды змæлд алыфарсонæй, арф æмæ зæрдæйыл æндзæвгæйæ куыд ахста æмæ йын йæ алы цауæн дæр куыд аргъ кодта, уый æцæг поэты миниуæг у. Джусойты Нафи зæгъы: «Бирæтæ ныр дæр æмæ раздæр дæр афтæ цæрынц: хъуыды – иуæрдæм, дзургæ – аннæрдæм, кæнгæ та – бынтон æндæрхуызон. Хазби та цардис афтæ: куыд хъуыды кодта, дзургæ дæр – афтæ, кæнгæ дæр… Мæн фæнды, цæмæй мах не ‘ппæт дæр Хазбийы фæзмæм йæ диссаджы миниуджыты, куыд дардта йæхи, уыдæтты».[1]

Царды чи цæуыл лæуд у, чи цы аразы, куыд «зарынц бæлццæттæ фæндаджы даргъыл», «фæндæгтæ рæстæджы уаргъыл», «зæхх йæ хох-къухтæ» куыд ивазы арвмæ, «дуне фæндаггоны змæлдæй» куыд змæлы, «чи кæйдæр мастыл» куыд риссы, «чи кæйдæр амонд» куыд исы, цыма æппæтхъом стæм, афтæмæй топпыхосы боцкъайыл куыд бадæм, уыдæттæ йæм иууылдæр нымад уыдысты. Пахуымпарау нæ уымæн фæдзæхста æмæ нæ фæдзæхсы ныр дæр:

[1] Б у т а т ы Э л ь з æ. Дзаболаты Хазбийы номыл. – Рæстдзинад, 2014. – 19 апрель.

Тох – хæрам æмæ царзты æндзæвдæй,
Зæхх рæмыгъдæввонг ризы æргъæвдæй,
Зонд ын хъахъхъæнæг баззад.
Къæрцхъусæй
Хъусы дуне фæдисон æнусмæ.
(«Зарæг фæдисон æнусыл»)

Æмæ нын фæдисон æнус нæ дæтты зæрдæнцой. А. Пушкин бæргæ загъта: «Блажен, кто вовремя созрел»,[1] – æмæ Дзаболайы-фырт бæргæ афоныл слæг, фæлæ, хорзгæнæг искуы хорз куы арид, Хуыцау фарнаразынхъомæй кæй радты, уыдоныл-иу кæронмæ аудгæ дæр куы кæнид, уæд, нæ бирæ курдиатджын фæсивæдæй бирæтау, Хазбийæн йæ рæзгæ цард хæрз æвзонгæй æрдæгыл нæ аскъуыдаид. Йе ‘нусон дунейы цардцухæй мæрдты Барастыры раз, фæдисы цæуæгау, нæ балæууыдаид.

Æви йæ «Аласа»-йы цæйау зæгъы кады дугътæн райгуырæг хайуанæй, зæгъгæ, «уыд рæсугъд. Йæ цъæх егъау цæстытæ Зæрдæбын тæмæн калдтой, Æууæнчы суадæттау. Йæ зæлдаг барц, хæххон чызджы дзыккуйау, Бæрзонд къубалыл дымгæмæ фæйлыдта, Йæ лæгъз тæрныхыл амонды нысанау, Дзыхъхъынног мæйау, урс зыгъар æрбадти… Лæг загътаид: уый рухс хъысмætæн равзæрд, Хæрдзæн сысджы, нæрдзæн йæ намыс дугъты!» – «йæ хицау – бинондар куыстхæрд лæг – Уыдта æрмæстдæр байрагæн йæ уæнгдых, Æмæ йын хъавгæ, стъалыты мæнг рухсмæ Хуыйæндагæй дæрзæг хамут рæхсадта…»

Æмдзæвгæйы тасæфтауæг дзырдтæ кæсгæйæ дæ фæнды, цæмæй æрлæууай афоныл, ма базонай æнамонд хайуаны цард кæронмæ, фæлæ дæ æвæджиаг уацмыс уыцы иугъæдонæй хингондау сайы æмæ сайы йæ фæдыл: кæд поэт аласайы хъысмæты йæхи цард уыдта? Æмæ цас уыдысты æмæ цас сты, «рухс хъысмætæн» чи равзæрд, афтæмæй дуг фыры сыйы кæй фездыхта æмæ здухы, уыдон?

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975. – 144 ф.

Поэты адæмæн, Ираен цы фæндыдис, уый æххæст кæны йæ цæрæццаг поэзи. Йæхи бæсты, – уыимæ йæхæдæг дæр, – цæры йе сфæлдыстад.

***

Дзаболаты Дударыхъойы фырт Хазби райгуырдис 1931-æм азы, хуымгæнæны мæйы 16-æм бон Ирыстоны цæгат хайы, Салыгæрдæны районы, Ногхъæуы бонзонгæ, хъæууон бинонты ‘хсæн. Йæ сабибонтæ æрвыста йæ райгуыраен уæзæгыл. Фæлæ мады рæвдыдæй хæрзсабийæ фæцух. Адæм мæнгæй нæ акæнынц: «Мадæй сидзæр – æцæг сидзæр, фыдæй сидзæр – æрдæг сидзæр».[1] Фæлæ йын цынæ быхсгæ уыд. Астæуккаг ахуырад райста сæхимæ. Уыд æнæзивæг. Хистæрты къух куыд фæрогдæр уыдаид, уый уыд йæ уд, йæ дзæцц. Кодта хæдзары митæ. Куыста, хъæууон лæппуйæн куыд æмбæлд, афтæ йе ‘мхъæуккæгтимæ колхозы.

Фæстæдæр йе скъолайон ахуыры рæстæг поэт йæ зæрдæфысты уындзæнис æмæ нын æй ныв кæндзæнис поэтикон дзырды фæрцы:

Æз чысылæй чингуытыл фæцалх дæн,
Æз чысылæй ахуырыл фæдæн,
Æз мæ фæндты тахтæн æмæ тахтæн,
Гъе æрмæст нæма зыдтон – кæдæм…

Мад хуыдта мæн рагацау «инджинер»,
Мад йæ бæллиц ме скасты уыдта,
Мад!..
Йæ дæрдджын къабайы фæдджийæ
Уый мæнæн цыбыр хæлаф хуыдта…

Чи сдæрзæг и халас бæхы рохтыл,
Уыцы къухæй хойгæйæ мæ уæхск,

[1] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 26 ф.

Фыд дзырдта: «Ысуыдзынæ ды дохтыр…»
Æмæ цин йæ ныхы ‘нцъылдты ‘мбæхст…

Фæлæ, йæ цин нæма раргом, афтæ йæм æрсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм æмæ 1951 – 1954-æм азты нæ уæды Стыр Фыдыбæстæйы раз фырты хæс бафыста, цæсгомджын лæппуйæн куыд æмбæлд, афтæ. Адæм раст фæдзурынц: «Лæппу æфсады лæг кæны». Уæлдайдæр, поэт. «Нæ фæзонынц, Цы фæзæгъыс дæ бахудтæй, Нæ фæзонынц, Дæ тухитæ, Дæ рыст…»[1] Нафи уымæн зæгъы: «Поэт у йæ Фыдыбæстæйы раззагдæр æмбæстæгтæй иу, цардаразæг æмæ тохы бон та – йæ сæрыл хъайтарон хæцæг, салдат»,[2] – æмæ салдатыл сабыр дуджы цы хæс ис, уый Хазби сæххæст кодта зæрдæргъæвдæй. Йæ райгуырæн уæзæгмæ æрыздæхт цæттæ лæгæй.

Æфсады фæстæ дæр ын нæ уыдис иуран бадыны рæстæг æмæ уавæртæ. Демобилизацийæ 1956-æм азмæ фæкуыста Садоны геологон-развæдсгæрстон партийы. Уырдыгæй ахызт Буроны æрзæткъахæнты шахтæмæ – хохкъæрттгæнæг æмæ æрзæткъахæгæй цæсгомджынæй бакуыста 1956-æм азæй 1960-æм азмæ. Æмæ нымæцтæй нымайгæйæ уый æнцон у. Фыдæбон, хид калын та дзы дзæвгар хъæуы.

Фæлæ, уæддæр, йæ фæндты тахт бынтон æндæр бæллицты базыртыл. Камал йе ‘рдхорд уыд, хорз æй зыдта æмæ афтæ зæгъы: «Хазбийы дзæбæх чи хъуыды кæны, йемæ чи æмбæлди æмæ куыста, уыдоны дисы æфтыдта иу хъуыддаг: поэты удыхъæды æмцард кодтой, фыццаг бакастæй фæйнæхуызон чи зынди, ахæм дыууæ миниуæджы – æрвон хæдæфсармдзинад æмæ æнауæрдон, æгъатыр принципиалондзинад».[3] Куыд, уыцы иу цармы æмцард куыд кодтой «фæйнæхуызон» «дыууæ миниуæджы», уый поэтæн йæхицæй бæлвырддæр æмæ аивдæр ничи зæгъдзæнис:

Фæлæ ‘ндæр, æндæр балцы нæ уынгты

[1] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 80 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 47 ф.
[3] Х о д ы К а м а л. Рухс фæндтæ хæссæг // Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацамонгæ. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 3 ф.

Мæн хуыдта мæ нудæсæм фæззæг…
Æз æфсæддон хъахъхъæнæг лæууыдтæн, –
Æз æвгæдтон хохы бын æрзæт, –

Æз мæцъисæй цъити –къултæ къахтон…
Фæлæ риуы арф хъуыды хуыссыд,
Æмæ-иу куы айзæлд комы тагъд дон,
Мæй-иу тары комрæбын куы ссыгъд,
Уæд мæ фæндты тахтæн æмæ тахтæн…[1]
(«Æз мæ фæндты тахтæн æмæ тахтæн»)

Уыцы фæндтæн ныццауазæн, ныцъцъистгæнæн нæ уыдис. Уыцы фæндтæ йæ се ‘взист базыртыл 1960-æм азы ахастой цыбæйлаг Мæскуымæ – М. Горькийы номыл Литературон институтмæ. Сæххæст йæ рагбонты бæллиц – фыссæджы дæсныйадыл ахуыр кæныны уæлдæр ахуыргæнæндон каст фæцис æнтысгæйæ. Фæстæмæ Ирыстонмæ æрыздæхт цæттæ поэтæй. Фæлæ уыцы рæстæджы, – стæй, æвæццæгæн, алы хатт дæр афтæ вæййы, – уæлейæ дыл стыр фæхæцæг куынæ уа, уæд дæ Хуыцауы хайæ лæвæрд бынаты дæр никуы æрбаддзынæ. Зæрдæзæгъгæ куыст тынг зын ссарæн уыд мыхуыры фæрæзты. Уымæ гæсгæ, йæхи, йæ бинонты дарыны тыххæй, Хазби цалдæр ныддаргъуæвæг азы куыста Цæгат Ирыстоны телеуынынады редакторæй. «Йæ адзалæй цалдæр боны размæ та кусын райдыдта чиныгуадзæн «Ир»-ы – аив литературæйы хайады».[2]

Бæрцæй цалдæр боны размæ! Куыд æмбæлы, афтæ дзы йæ уæнгтæ нæма айвæзта. Йе ‘ннæ хæлар Хъодзаты Æхсар æй æнкъардзæрдæйæ афтæ мысы: «1960 азы 17 январы уыд нæ фæстаг фембæлд… Хазбийы уый хæдразмæ бон снысан кодтой чиныгуадзæны редакторæй. Райсом иу-дæс сахатыл сæмбæлдыстæм – Хазби, Джыккайты Шамил, Ходы Камал æмæ æз.

[1] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 207 ф.
[2] Х о д ы К а м а л. Рухс фæндтæ хæссæг // Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацамонгæ. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 5 ф.

Телеуынæнмæ цыдæр хъуыддæгты фæдыл ссыдыстæм. Хазби уыди хъæлдзæг: йæ зæрдæ кæмæй рад, ахæм куыст æм кæй æрхауд, уый тыххæй æви цæмæн – мæгъа».[1] Куыст ссарын дæр ын цины хос уыдис, уæдæ цы. Стыр хицау-фæхæцæг кæмæн нæй, тона æмæ æвзонайæ чи нæ цæры, уыцы рæстаг адæймагæн маамæлайы къæбæр ссарын дæр æнцон никуы уыдис. «Æфсымæр, фырт, æрвад – уыдон адæймагæн вазыгджын цивилизацигонд дунейы хæрзчысыл æмæ æдых æнцæйттæ сты»,[2] – зæгъы Джусойты Нафи. Хазбийыл дæр уæлейæ нæ уыд фæхæцæг. Зæрдæзæгъгæ куыст, кæд мæлæты куыст нæ уыд, уæддæр йæхи лæджыхъæды фæрцы ссардта. Цæмæннæ уыдаид «ногдаст, йæ сæрыхъуынтæ дæр – аив».[3] Ægæрыстæмæй йын сæ быцæу ныхас нæ литературæйы тыххæй: «Йæ цæрæнбонты, дам, ирон чиныг чи нæ бакасти, литературæйæн мисхалы бæрц дæр чи ницы ‘мбары, хъуамæ, дам, нын нæ фыстытæн ахæмтæ аргъгæнæг суой (ныхас хауди обкомы кусджытæй кæмæдæрты, йæ цæргæбонты карьерæдзуан чи кодта, бæрзонд æмæ хъарм бынатыл фæхæст уæвын йе стырдæр монц кæмæн уыд, уыдонмæ)»,[4] – нæ уыд æнкъарды хос. «Цæмæй тæрсут, цæмæй!» – æваст райхъуыст Хазбийы фидар хъæлæс. Уый не ‘ппæтæн дæр ныфсы хос фæци, не ‘нтъыснæгдзинад æрбадæлдзæх, раздæры гаччы та сбадтыстæм»,[5] – зæгъы Æхсар. Афтæмæй йæм, Хъодзаты Æхсармæ, æмбисæхсæв йæ «фысымты ус фæфæдис, Бицъоты Гришæ, дам, телефонæй дзуры, Хазбийыл топп феваст, зæгъгæ».[6]

Хазбийы ‘мкъай Люсяйы ныхасæй ма авд азы фæстæ бахъуыды кодта: «Æхсæвы иуæндæс сахатыл æрбацыд нæхимæ. Æз хуысгæ кодтон. Райсом цуаны цæуын, зæгъгæ, топп рахаста æмæ гилдзытимæ архайы. Æз ын цалдæр хатты загътон, æнафон у, райсом сæ сифтындздзынæ, зæгъгæ, фæлæ нæ бакоммæ касти. Иуафон гæрахæй мæ хъустæ акъуырма сты. Фæкастæн, æмæ

[1] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу. – 169 ф.
[2] Джусойты Нафи. Къубалты Алыксандр // Къубалты Алыксандр. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1978. – 7 ф.
[3] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу. – 169 ф.
[4] Уый дæр уым, 169 – 170 ф.
[5] Уый дæр уым, 170 ф.
[6] Уый дæр уым.

Хазби пъолыл катай кæны. Топп ын йæ къухæй райсон, зæгъгæ, йемæ куы схъуырдухæн дæн, афтæ райхъуысти дыккаг гæрах дæр. Гъер уыцы хъуырдухæнты рæстæг топп дыккаг хатт кæд мæхи къухы схæцыд, уæддæр нæ зонын».[1]

Уыцы аз йæ хæнтфæстæ Плиты Грис æртхъирæны мæйы 5-æм бон Бестауты Гиуæргийæн йæ фыстæджы, гуызавæтæгæнгæ, дзырдта ацы æнамонд хабары тыххæй: «Хазби (Дзаболаты) куыд фесæфт – ницы ма йын зонын. Хъус-хъус кæнынц æрмæст: чидæр æй амардта. Фæлæ чи – бæрæг ницыма у».[2] Æмæ диссаг у, стыр адæймæгтæн цыдæр хъуыддæгтæ, æгæрыстæмæй, бирæтæн сæ адзалы хабар дæр куыд баззайы сусæггагæй. Ходы Камал йæ иу æмдзæвгæйы цæйау зæгъы:

Денджызæй куы не ‘рбаздæхы нау,
уæд
чиновниктæ ‘ддæг-мидæг ысвæййынц:
чи йæ бынатæн ыстæрсы,
чи – йæ ном, йæ кадæн,
чи фæкæны матростæн тæригъæд.
(«Денджызæй куы не ‘рбаздæхы нау…»)

Фæлæ ничи фæхъуыды кæны, «Денджызæй куы не ‘рбаздæхы нау, / уæд тархъæды – / науы райгуырæн бæстæйы – / бындзарæйлыг бæлæсты зиллаччытæй / хъарм цæссыгтæ»[3] кæй схъарынц, ууыл. Уый никæй фендавы.

Афтæмæй 1969-æм азы тъæнджы мæйы 18-æм бон, сабаты, йæ цардæй ахицæн, ирон поэзийæн йæ уд чи нывонд кодта, ирон чиныгкæсæг ноджы стырдæр поэтикон æнтыстытæм кæмæ æнхъæлмæ каст, уыцы курдиатджын поэт æмæ, рæстдзинадæн йæ уд чи нывонд кодта, уыцы зæрдæхæлар ирон лæппу-лæг Дзаболаты Хазби.

[1] Уый дæр уым, 170 – 171 ф.
[2] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 65 ф.
[3] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 168 ф.

Хазбийы чидæриддæр зыдта, – хиуæттæ сты, хъæубæстæ, хæлæрттæ, – се ‘ппæт дæр цыма æмдзырд бакодтой, уыйау зæгъынц, кæй уыд æцæг ирон лæг: уæздан удыхъæды хицау, куырыхон зондыл хæст, барон, фæлæ уыдонимæ – æргомдзырд, рæстдзинады тыххæй мæлæтмæ дæр цæттæ чи уыд, йæ сæрыл æнауæрдонæй чи тох кодта. Дзырд загъта, зæгъгæ, уæд ыл дызæрдыггæнæн нæ уыд, алы хатт дæр уыдис йæ дзырды хицау.

Тынг бирæ ирон поэттæн уымæн ссис хъарæджы сайраг.

Джусойты Нафиимæ хæларæй цард йæ нымад бонты. Сæ кæрæдзимæ дзургæ дæр хæлары номæй кодтой.[1] Йе ‘нæнхъæлæджы, æнафоны адзал ын йæ зæрдæ куыннæ фæдих кодтаид:

Æрбауынгæг, æрбамæгуыр, кæуы
Мæ уд…
Ныр цæстыл тугхъулонæй уайдзæн!..
Хъæбатырдæр
йæхицæй лæг нæ уыд, –
Куыд ын кæнон
йæ тæсмæ мийæн
уайдзæф?..

Цæмæй фæтарст?
Цæмæн систа йæ къух
Йæхимæ уыцы цардуарзон цыбæл лæг?..
Æви йæ тых æрцыд æфсармæй къуых,
Æви, Быцентау, фидис уыд йæ мæлæт?..[2]

(«Дзаболаты Хазбийы маст»)

[1] Дж у с о й т ы Н а ф и. Слово о друге // Д з а б о л а т ы Х а з б и. Обелиск и всадник. – Владикавказ, 1970. – 99 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Хæрзбон, ссæдзæм æнус. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 228 – 229 ф.

Быценты мыггаг фидис нæ хастой. Се сæфт дзы уыдтой.[1] Нафийæн уыцы хъуыддагмæ дæр уымæн ахсайдта йæ зæрдæ. Фæлæ зæрдæхсайынæй адæймаг нæ удæгас кæны. Кæд, уæрдон куы афæлдæхы, уæд ын бирæ фæндæгтæ разыны, уæддæр.

Поэт нæ рæдийы, Хазбийы æнафоны мæлæт, чи йæ зыдта, æрмæст уыдонæн нæ, фæлæ «Йæ тых, йæ ныфс, йæ раст уды фæлмæн Уыдзысты махæн ныр мæт æмæ сонæн Цæрæнбонтæм…» Уымæн æмæ æмбал у: «Искæмæ йæ хъуыдытæй, йæ куыст, йæ царды уавæртæй æввахс чи у, хæлардзинадæй баст чи у, уый».[2]

Хъуыдыйæ, цардæй, куыстæй сæ кæрæдзимæ хæстæг чи фæлæууынц, ахæм æмбæлттæ сæ кæрæдзийы тыххæй, æгæрыстæмæй, сæ цард куынæ бахæлæг кæнынц, сæ иуы фæдыл иннæйæн дæр цард ад куынæ уал фæкæны, йæ фæдыл цæрддзу куы бакæны, ахæм цæвиттонтæ дзæвгар ис æрхæссæн, цардæй, историйæ, аив литературæйæ[3]. Цæссыгкалгæ йыл уымæн дзынæзта Хостыхъоты Зинæ:

Æндзыг ныpма, рыст зæрдæйау, нæ быдыр,
Нæ хæхты зымæг бакодта йæ бар.
Рæхджы та ‘фтаудзæн рагуалдзæг цъæх къуыбыр,
Æрмæст, дæуыл уый не ‘рцæудзæн, æмгар.

Ды йыл фыццаг хатт нал кæндзынæ зарæг,
Нæ уыдзæн д‘ амонд рухс хуры тынты.
Сæумæраджы фæлмæн къæвда куы уара,
Уæд æм дæ къух нæ бадардзынæ ды.

Фæлæ æдзух кæмæн кодтай йæ цæра,
Цы Ир уарзтай дæхи удæй фылдæр,

[1] Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 186 – 188 ф.
[2] Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат. – М., 2007. – 259 ф.
[3] Ц а л и к о в А х м е д. Избранное. – Владикавказ, 2002. – 46 ф.

Ныр уымæ райсом ног амонд куы ‘рцæуа,
Уæд-иу ыл немæ бацин кæн ды дæр.[1]

(«Зынгхуыст æмгарæн»)

Æрдхорд цас удмæ хæстæгдæр лæууа, уыйбæрц йæ зын, уæлдайдæр, йæ адзал зæрдæйæ фылдæр кайы. Йæ трагеди адæймаджы удæн æрвыл бон дæр хæссы зынтæ. Нæу æй ферох кæнын йæ бон. Йæ рæстæджы Хъодзаты Æхсар, йе ‘мгары мысгæйæ, катайгæнгæ загъта: «…мæн ныртæккæ жанры мæт нæй. Авд азы размæ ирон литературæйыл æрцыд стыр зиан – цæрынхъуагæй фæхъуыд поэт Дзаболаты Хазби».[2]

Æнкъараг адæймагæн æмбалы фесæфтæй йæ удæй цыдæр кæй фæхъæуы, Ходы Камал сæрныллæгæй уымæн зæгъы йæ ивгъуыды цардцух æрдхæрдтæ Дзаболаты Хазби æмæ Бестауты Гиуæргийæн:

Кæддæрты мын
Хох дæр
уыди
къæсæр…
Нæ уыди
мæ ныфсæн
фæцудæн…
Гуыбырæй
гуыбырдæр
кæны
мæ сæр,
йæ рæстæмбис
айстат
мæ удæн…[3]

[1] Хостыхъоты Зинæ. Цинн æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 30 ф.
[2] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 153 ф.
[3] Ходы Камал. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 302 ф.

(«Хазби æмæ Бестауæн»)

Царды ænæмælгæ, ænусон ничи æмæ ницы ис. Чи райгуыры, уымæн искуы йæ адзал ænæмæнг æрцæуы. Уымæн фæдзуræм стыр адæймаджы адзалы тыххæй, ахæм лæгтæ цы адæмæй мæлынц, уыдон амондджын сты, зæгъгæ. Хазби стыр поэт æмæ рæстаг адæймаг кæй уыдис, йæ саразинæгтæ йæм нырма фæстейæ кæй ænхъæлмæ кастысты, уый тыххæй йыл рыстысты æмæ риссынц, йæ поэзи йын чи ‘мбæрста æмæ æмбарынц, уыдон зæрдæтæ.

***

Хазби поэзийы ад банкъардта йæ тæккæ æвзонджы бонты. Йе ‘мгæртты уæлдай-иу уый дзæгъæлтæ кодта алыхуызон, стæй цымыдисон сæнтты. Йæ фæндты-иу ænænхъæлæджы нæ тахт æмæ нæ тахт. Уый охыл йæхæдæг афтæ загъта: «Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдтон иу-фынддæсаздзыдæй, фæлæ сæ мыхуыр кæнын мæ зæрды нæ уыд. Фыстон бирæ. Æфсады службæ кæнгæйæ ныффыстон бирæ лирикон æмдзæвгæтæ æмæ æртæ стыр кадæджы. Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ бæззыдысты æмæ сæ фæстæдæр басыгътон. Ныртæккæ йыл фæсмон кæнын, фæлæ 1956 азæй размæ цыдæриддæр ныффыстон, уыдон сыгъд æрцыдысты»,[1] – уымæн æмæ нын рæстæгыл зондамонæг нæ фæвæййы. Нæхæдæг та, æвзонджы бонты цы фæаразæм, ууыл æххæстæй нæ феууæндæм. Нæ йын фæзонæм бæлвырд-бæрæгæй йæ фидæн. Фыдæлтæй нын нæ баззадысты уыдон.

Бæргæ сыл фæсмон кодта, чи зоны, фæстæдæр сæ афтæ сарæзтаид æмæ цыдаиккой йæ зæрдæмæ. Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм Нигеры хъуыды: «У фадат аразæг».[2] Йæ «равзаргæтæ» дæр кæуинаггаг кæмæн сты, афтæмæй йæхимæ гени чи ныззыны æмæ йæ сабион фæлварæнтæ, фадат фæзынгæйæ чи амыхуыр кæны, ома, æз дæр гени дæн, уыдон сæхи удæгасæй фæныгænынц. Йæ лæмæгъ уацмыстæ чиныгкæсджытæм чи нæ хæццæ кæны,

[1] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Мæ биографи / Рæстдзинад, 2011. – 9 июнь.
[2] Н и г е р. Уац. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 211 ф.

уый йæхихуызон хъайтар у. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн дзырдта: «Мах æгъатыр не стæм нæхимæ. Мах активон поэтикон цард нæ кæнæм».[1] Ома, нæ лæмæгъ уацмыстæ ныххах кæныны бæсты сæ мыхуырмæ фæцæй скъæфæм. Æмæ раст уыдис Хазби, йæ лæмæгъ уацмыстæ кæй басыгъта, уымæй. Чи зоны, уыдон æхсæнæй йæ поэтикон курдиат афтæ æвиппайд æмæ афтæ ирдæй нæ рарттывтаид æмæ йыл ирон чиныгкæсæг уайтагъд не ‘ræвæрдтаид йæ цæст. Фæлæ уый «чи зоны», æнæуый та семæ, æвæццæгæн, æнустæм басыгъдысты бирæ поэтикон фæзилæнтæ, аив рæнхъытæ, фæлгонцтæ… Æмæ сын никуы уа лис раздахæн, Цæрукъаты Алыксандры æмдзæвгæ «Мæхи æнахуыр хуызы федтон æз мæ фыны…»-йы лирикон хъайтармæ сау къæйты рæдзæгъдты бынæй тæргайæ чысыл саби фæстæмæ куыд нал раздæхт, афтæ. Уымæн ын уыдис стыр æфсон:

– О раздæх мæм!.. Мæхи фæсмонгондæй ælгъитын…
– Æгъгъæд!..Æхсидавæн нæй бафснайæн зыгуымы,
Нæ лæууы кæф ысмаггæнаг хуыдымы,
Титанæн нæй цæуæн къæцælтæй конд мæнг хидыл.
Ныр ардыгæй цæугæ!
Æз та, хъæрзгæйæ,
Кæнон фынæй дæхи арæзт ныккæнды.
Уæлæуыл хил,
æдзух мæ мыс дæ сæнтты,
Уæлæуыл цу,
сырдау дæ аууонæй тæрсгæйæ![2]

Адæймаг йæ къухæй йæхæдæг кæй аппары, фесафы, бабын кæны, уый йæм афтæ æгъатыр разыны æмæ йын нал вæййы ссарæн. Нал ын вæййы æнусты дæр фæстæмæ раздахæн, йæ аппарæг цыфæнды йæхи хæрæд

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 108 ф.
[2] Цæрукъаты Алыксандр. Цыма лæууын æз кувæндоны раз… – Дзæуджыхъæу, 1968. – 128 – 129 ф.

фæсмонæй. Йæ мардæрцыд уый у. Дзаболайы-фырты уыцы сыгъд уацмыстæн, чи зоны гениалон уыдысты, фæлæ сæ койæ дарддæр нæ уæлион царды нал баззад сæ фæд дæр.

Сæ басудзыны аххосаг уый уыд æмæ Хазби тынг хорз кæй зыдта поэзийы нысаниуæг. Æмæ сæ нæ уыдта уыцы бæрзæндыл. Уымæн дзырдта: «Иуæй-иутæ поэзи раздæхтой хынджылæгмæ æмæ сæгад кодтой поэзийы цытджын ном. Чиныгкæсæг нал æууæнды æмдзæвгæты рæстдзинадыл. Адæмы иу хай та сахуыр уæлæнгай фыстытыл æмæ нал æмбары æцæг арф хъуыды, рæстылдзурæг æмдзæвгæтæ – уый нæ, фæлæ ма сæ тæрсын дæр райдыдта».[1] Хицауады «ныхмæ» мацы бакæсой, макуы сæ мацы сирвæза.

Уый у нæ рагон ирон низ, кæд æй зонæм, уæддæр. Уый охыл 1966-æм азы Джусойты Нафи мæстæйдзагæй фыста йе ‘мсис Цоциты Резойы фелетон-радзырд «Поэзийы колумбтæ»-йы[2] тыххæй: «Резойыл бауууæнд, уæд литературæйы сырæзт дыууæ къорды: «корсерватортæ» æмæ «мæнг новатортæ». Уыдон кæрæдзийы хурхмæ лæбурынц, лæгмæрдтæ æрцæуид, фæлæ сæ адæм баиргъæвынц».[3]

Дзаболаты Хазби тынг хорз зыдта уыцы ракæ-бакæтæ. Æцæг аивадон уацмыс цы уыдис, уый йын нæ хъуыд амонын. Уымæн дзырдта: «Нæ литературон фыдæлтæ ахæм хъуыддæгтæ сæ сæрмæ нæ хастой. Уыдон никуы кодтой цæстмæфыстытæ, цæстмæныхæстæ, сæ дзырды уыд стыр уæз, стыр фарн, адæмы ‘хсæн уыдысты нымаддæр лæгтæ. Цæмæн афтæ уыд? Уымæн æмæ поэт фыццагдæр хъуамæ уа лæг. Чъизизæрдæ, хахуыргæнæг, ædзæсгом, цæстмæмиты фæрцы бынæттæм тырнæг адæймаг хорз поэт никуы суыдзæн… цъымарайæ сыгъдæг суадон нæ гуыры».[4]

Йæхицæн бынтон æндæр уыдис йæ поэтикон кредо. Уый бæлвырдæй зыны йæ ацы хурæргом æмæ хъуыддагзонæг хъуыдытæй. Фидарæй

[1] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Нæ фыдæлты бынтæ æмæ поэтикон культурæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 78 – 79 ф.
[2] Ц о ц и т ы Р е з о. Поэзийы колумбтæ // Мах дуг, 1966. № 6. – 55 – 62 ф.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 352 ф.
[4] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Нæ фыдæлты бынтæ æмæ поэтикон культурæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 78 – 79 ф.

лæууыдис æцæг аивады фæндагыл. Æмæ йыл никуы иста йæ къух. Уый фæрцы ахста йæ зæрдæйы цавд. Уый йын уыдис сæйраг:

Зæрдæ! Ды æвдисæн
Дæ мæ цин, мæ зынæн.
Æз цæгъдын дæ хъистыл
Æмæ кæд сæ зæлланг

Искæйы рæвдауа,
Уæд рæстмæ стæм, науæд
Сты дзæгъæл нæ зæлтæ,
Æмæ зон, мæ зæрдæ:

Цас уой ‘лвæстдæр хъистæ,
Уыйбæрц тонынц тагъддæр,
Фæлæ уыйбæрц искæй
Агайы сæ цагъд дæр…

А. Твардовский дзырдта: «Не удивительно и наивное стремление сельских грамотеев выразиться, особенно в письменном виде, звонче и значительнее обиходной речи («докладная записка»!).[1] Исты бæллиццаг хъуыддагмæ тырнын хорз у, фæлæ афтæ араз, дæхи куынæ худинаг кæнай.

Дзаболайы-фырт, бирæ æвзонг поэттау, нæ тагъд кодта мыхуырмæ. Адæмы ‘хсæн нæ агуырдта йæхицæн кад. Йæ уацмыстæ æппæты фыццаг йæ сусæгæй федтой рухс. Куыд дзырдта, афтæмæй: «1952 азы ме ‘фсæдтон æмбæлттæ, ирон лæппутæ, мæ сусæгæй ме ‘мдзæвгæтæй цалдæр рафыстой æмæ сæ сæрвыстой газет «Æрыгон коммунист»-мæ. Уым сæ иу мыхуыргонд æрцыд».[2]

[1] Твардовский А. Т. Собр. соч. в 6 т. Т. 5. – М., 1980. – 225 ф.
[2] Дзаболаты Хазби. Мæ биографи / Рæстдзинад, 2011. – 9 июнь.

Поэт æнæнхъæлæджы нæ хъавы дзырдты хуымæтæг æмæ ælвæстдæртæм. Уыдонæй тынгдæр æмæ æнцондæрæй цæвы чиныгкæсæджы зæрдæ. Уæлдайдæр, рæстаг æмæ зырнæйзылд хъуыдытæ кæй дзуры, уый тыххæй. Чи зоны, ахæм дзырдты бæсты фæрæтæйамад, тыхаразгæ дзырдтæ куы ныррæдзагъд кодтаид, уæд нæм рухсхæссæг æмдзæвгæйы аив хъуыды нæдæр бахъардтаид æмæ йæ ауадзиккам нæ хъусы иувæрсты. Цыма ницы уыдис загъд. Цыма ницы æрцыд.

Фæлæ, йæхи загъдау, сау зæххыл йæ цыд уыдис йæ цыд, йæ «ærдзæй ист уæнгты змæлд». Йæ дзырд дæр уыд йæ дзырд. Хурмæ хаста йæхи зæгъинæгтæ, йæхи уды цинтæ æмæ сагъæстæ. Уымæн ын ис йæхи æрмдзæф, йæхи хъæлæс. Никæимæ йæ фæивддзаг кæндзынæ. Уыцы хъуыддаг фыццаджы-фыццаг фидарæй зыдта йæхæдæг. Арæзта йæ йæхи зæрдæмæдзæугæйæ æмæ йæ дзырдта æргомæй:

Фыссын мæ хъуыдытæ…
Мæ фыст – уый у мæ фыст,
Гуырдзæй фæзмæн нæй искæй:
Мæ фыст – мæ сонт улæфт,
Мæ тугдадзинты схуыст,
Мæ сагъæсты фæдис-хъæр.
(«Цæуын æз сау зæххыл…»)

Йæ цыд сусæггаг кæй нæ уыд, йæ къахфындзтыл хъуызгæ кæй нæ кодта, «нæ дзыллæйы рæстагдæр» удтæн сцыт кæныны къахыл лæуд кæй уыдис, йæ туджы змæлды уымæн хъуыстысты «нæ дуджы сагъæстæ, куырыхон лæджы дзырд». В. Белинский дзырдта: «Живой человек носит в своем духе, в своем сердце, в своей крови жизнь общества; он болеет его недугами, мучится его страданиями, цветет его здоровьем, блаженствует его счастием, вне своих собственных, своих личных обстоятельств».[1]

[1] Белинский Виссарион Григорьевич. Полн. собр. соч. в 13 т. Т. 4. – М., 1954. – 488 ф.

Хазби, йæ алыварс цы ‘хсænад уыдис, æрмæст уый цардæй нæ цард, иунæг уый нæ хаста йæ зæрдæйы. Йæ уды тæлфыдысты нæ Фыдыбæстæйы ивгъуыд æмæ фидæн. Æнцой йын нæ лæвæрдтой нæ царды ныхмæдзыдтæ. Малиты Васо афтæ зæгъы: «Рæстæг æмæ хи уды карз ныхмæлæуддзинæдтæй фæтылифгæнæн нæй поэтæн. Цас ахадгæдæр уа йæ курдиат, уыйас æй тынгдæр ælвасдзысты сæхимæ уыцы ныхмæлæуддзинæдтæ, тынгдæр зилдзысты куыройы фыдтау йæ хъысмæтыл».[1]

Дзаболайы-фыртæн ирвæзт никуы уыдис уыцы куыройы фыдтæй. Йæ Хуыцауы хайæ радтгæ курдиаты тыххæй æппынæдзух зылдысты йæ аивадыл дæр, йæ хъысмæтыл дæр. Уыцы хъуыддаджы тыххæй ирон æмбисонд цардзонгæйæ зæгъы: «Рæстдзинад мæгуыр лæг æмæ Хуыцауæй дарддæр никæй хъæуы».[2] Фælæ йæ фæдыл цы къуыдыртæ вæййы баст, адæмæй уый дæр нæ айрох: «Рæстдзинад зæгъ æмæ цæргæ-цæрæнбонты йæ бæлвырд кæныныл дæхи хæр».[3]

Царды хъæнты ныхмæ тох кæнын, ома, рæстдзинады сæрыл хи уд дæттыны охыл Джыккайты Шамил дзырдта: «Æцæг оптимист чи у, уый уыны царды хъæнтæ, æхсænады социалон низтæ æмæ тох кæны сæ ныхмæ – хуыздæр царды сæраппонд»,[4] – æмæ Дзаболайы-фырт æнæмæнг хауы уыцы удуæлдай оптимисттæм. Адæмы цард уыдис йæ цард. Æппынæдзух архайдта йæ фæхуыздæр кæныныл. Æмæ йыл æндæрхуызы нæ хъуыды кодта. Йæ уды фарн адæмæй цыд æмæ адæммæ здæхт: «Чем шире коллектив, перспективы которого являются для человека перспективами личными, тем человек красивее и выше»,[5] – дзырдта зындгонд уырыссаг педагог æмæ фыссæг А. Макаренко æмæ уыцы хъуыддаг фæд-фæдылонæй æргомæй уынæм нæ поэты цард æмæ сфæлдыстады. Диссаг уаид, поэт, æцæг поэт, мыстау, кæцæй цы ратонон, кæм цы бахæроны цардæй куы цæрид!

---

[1] М а л и т ы В а с о. Рæстдзинады тæразыл // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 47 ф.
[2] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 237 ф.
[3] Уый дæр уым.
[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Поэзийы фарн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 64 ф.
[5] М а к а р е н к о А. С. Сочин. в 7 т. Т. 5. – М., 1958. – 74 ф.

Фæд-фæдылонæй та уымæн зæгъæм æмæ Хазбимæ ахæм хъуыды уыдис хæрз æвзонгæй дæр. Цæмæй йæ цард уыдаид йæ Райгуырæнбæстæйы аккаг, ууыл æнæхъуаджы нæ хъардта йæ уд. Цыдис æм зонгæ-зонын. Цыдис æм нысанмæздæхт æмæ хъаруджынæй. Суанг йæ фыццаг чиныг «Хæс» уыцы хъуыдыйæ уымæн райдыдта:

Мæнæн нæу иппæрд дзыллæтæй мæ амонд,
Æмбæхстаг нæу мæ цин æмæ мæ мæт.
Куы хъæуа, уæд Фыдыбæсты сæраппонд
Æз дæр æдæрсгæ райсдзынæн мæлæт.

Йæ лирикон хъайтар йæ риу нæ хойы, йæхи Хуыцауы цъупмæ сисыны тыххæй нæ дзуры афтæ. Разы у æмæ дызæрдыггаг нæ кæны, куы хъæуа сæр, уæд Фыдыбæстæйы сæраппонд мæлæт чи райстой кæнæ чи райсдзысты, уыдон нымады лæууыныл. Плиты Грисы Иунæгау уæрмы никуы ныббырдзæнис æмæ уым нæ ныххæдмæл уыдзæн,[1] – фæлæ «куы хъæуа, уæд Фыдыбæсты[2] сæраппонд» уый «дæр æдæрсгæ» райсдзæн мæлæт. Ома, Фыдыбæстæйы сæраппонд фæстæ ницæмæй фæлæудзынæн.

Уыцы æргом ныхас нæ хауы, Малиты Васо афтæ кæмæй загъта: «Поэзийы номыл цы «продукци» уадзынц мыхуыры органтæ, уый æмткæй куы райсæм, уæд дзы фендзыстæм иу зæрдæмæгуыргæнæг хъуыддаг: æгæр мæгуыр у цардæй иппæрд уацмысты нымæц. Æрымысæггаг хъизæмар, æнæбæрæг тох, æнæбындур, æнæуидаг хъуырдухæн æмæ хъынцъым, уарзондзинадæй къæцælчындзытæй хъазæгау хъазын… Дзырды армукъа байдзаг хъæр æмæ ахстæй, хъазæнты дзæгъ-дзæгъæй. Литературон хыссæйæ конд куклатæ бахаудтой «трагедион» уаваеры, сæ цард æдæрсгæ æрхæссынц стыр идеалты, рæстдзинады сæраппонд. Кæцæй фæзындысты уыцы «дзырд-тымыгътæ», кæцæй фæзындысты метафорætæ æмæ символты «вазыгджын»

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 238 – 248 ф.
[2] Ф ы д ы б æ с т æ й ы бæсты Ф ы д ы б æ с т ы кæй фыссы, уый поэтикон уæгъдибар (вольность) у (Авт.).

æвзаг, мифологийы сурæттæй дзурыны фæлтæрæнтæ?»[1] – уыцы поэтæм. Æгæрыстæмæй нæм фæзындысты ахæм поэтгæндтæ æмæ, цыма кæуылдæр, Шамилы загъдау, «стишки»,[2] Мызыка-Музыка фыссынц – афтæмæй дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр сæхицæй æппæлынæй се ‘взæгтæ сдæрзæг вæййынц. Искæй ном æрымысын цы «уацмысты» фæхъавынц, уыдоны дæр сæ уыцы «исчи» айрох вæййы æмæ, чысыл гагитау, фæкæнынц æрмæстдæр сæхицæй æппæлыны кой.

Хазби æцæг поэт уымæн уыдис, æмæ Васойы уыцы «мифологон сурæтты» схемæйæ дæр атыдта йæхи. Кæнгæ митæй, кæнгæ мæстытæ æмæ «хъизæмæрттæ» поэзи не сты. Гæдыйы къах цыбыр у. Чиныгкæсæджы нæй цъæмæлтæй сайæн. Æмæ нын Хазби бæлвырдæй фенын кодта æцæг зæххон поэты зæххон, сыгъдæг бæллицтæ:

Фæлæ цы у æнæбæркад фæндаггаг? –
Нæ кæнын æз мæ егъаудæр хæс рох:
Мæ цард куыд уа, Фыдыбæстæ, дæу аккаг,
Мæнæн уал абон ууыл у мæ тох.[3]
(«Мæнæн нæу иппæрд дзыллæтæй мæ амонд…»)

Уыцы тохы Хазби йæхи иунæг никуы хатыд. Кæд бирæ фысджытæ уырыссаг æмбисонд «Один в поле не воин» сæхирдыгонау рацарæзтой, – æнæнхъæлæджы нæ, – æмæ сæ уацмыстæ схуыдтой «И один в поле воин»,[4] уæддæр Хазби уыдонæй нæ уыд. Сæрыстыр уыдис, йæ алфæмблай, йæ удæн ныфс чи уыдысты, йæ цард цæуыл хæцыд, ахæм удæгас «рæсугъд удты цæггонд» кæй уыдис.

Бердзенаг мифологийы хъайтар Антей зæххыл аныдзæвгæйæ царды хъомыс куыд иста, афтæ Дзаболайы-фыртæн адæм уыдысты, йæ хъысмæт

[1] М а л и т ы В а с о. Рæстдзинады тæразыл // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 55 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 253 ф.
[3] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Хæс. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 3 ф.
[4] Д о л ь д-М и х а й л и к Ю. П. И один в поле воин. – М., 1960.

цæуыл хæцыд, уыцы æнæбасæтгæ тых, уыцы цæугæ мæсыг. Адæмимæ йын басæттæн ницæмæй уыдис. Йе сфæлдыстады хæлар, æфсымæрон ахастытæн стыр бынат уый тыххæй уыд.

Поэт тынг хорз зыдта, адæймагæн йæ алыварс цы ныфсытæ ис, уыдон ын исчи исынмæ, иуварс кæнынмæ куы хъава, уæд ын æрæвнæлдта йæхи дæлдзиныг, скуынæг кæнынмæ. Сæрыстыр æмæ катайгæнгæйæ поэтиконæй уый тыххæй дзырдта:

Ис м‘ алфæмблай цыдæр – цæуыл хæцы мæ цард,
Рæсугъд удты цæггонд мæ алыварс æрбазылд,
Æртыхст мыл рухс тынау – æндонуидаг бæласыл
Куыд тыхсы цардхæссæг – уырынгæнцъылдтæ цъар.
Æмæ тæссаг сахат мæхинымæр тыхсын:
Ис м‘ алыварс цыдæр – цæуыл хæцы мæ хъысмæт,
Æмæ фæлтау фæрисс, дæхи удæн райс зын,
Фæлæ уый ма бауадз фыдамонды хъæбысмæ!
Ис м‘ алфæмблай цыдæр – цæуыл хæцы мæ цард,
Мæнæн та иу фенд ныв мæ цæстыл уайы ахæм:
Бæласы дыргъдоны куы сфæнд кæнынц фæлдахын,
Уæд ын йæ алыварс æрыстъигъынц йæ цъар
Æмæ уæлхъæдæй бахус вæййы…

(«Ис м‘ алфамблай цыдæр…»)

Поэт тадзгæ-баргæйæ æвнæлдта æрмæст йæхи удмæ, Ирыстонмæ хæстæгдæр дзуринæгтæм нæ, фæлæ, нæ Фыдыбæстæн хæрзты чи бацыд, æппæт уыдон æвæджиаг нæмттæ æмæ кадгæнæг хъуыддæгтæм дæр.

Фыдыбæстæйон Стыр хæстмæ æдзард, курдиатджын поэт Кочысаты Мухарбег Къостайы «Ирон фæндыр» кæй ахаста йемæ, «æмæ дзы йæ амæлæты онг нæ фæхицæн»,[1] – уый нæ поэттæй бирæты бафтыдта уæлтæмæн

[1] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 250 ф.

аивадон æнкъарæнтыл. Ацы поэтикон деталь аив æмдзæвгæтæ ныффыссын кодта Гафезæн – «Ирон фæндыр»,[1] Цæгæраты Гигойæн – «Ирон фæндыр»[2] æмæ бирæ æндæртæн. Фæлæ йыл Дзаболайы-фырт цы ‘мдзæвгæ сфæлдыста – «Куы хæссай зæрдæйы æмбуар…», – уымæн дзы æмбал нæй.

Куы хæссай зæрдæйы æмбуар
Дæ Иры сагъæстæй конд чиныг,
Уæд нæй тæппуд уæвынæн бар,
Уæд нæй мæлæтдзаг тохы чиуæн.

Куы уа хæстон фæндæгты даргъ
Поэты сонт хъæлæс æвзарæг,
Уæд у зæрдæбын дзырд зынаргъ,
Уæд судзы тугдадзинтæ зарæг!

У адджын рухс хуры тæмæн,
Фæлæ кæд къаддæр вæййы риссаг
Дæ хъæдгом сгаргæйæ, фæлмæн
«Ирон фæндыр»-ыл къух куы риза!

Мæлæт! Кæй дæм фæнды бæллын,
Æдзард цæхæр туджы мæцгæйæ?
Фæлæ æнцондæр у мæлын
Дæ Иры сагъæстыл хæцгæйæ!

Зæрдæйæ цы цæуы, уый зæрдæйы рæбинæгтæ хæссы. Æмæ Хазби фæстæ ницæмæй уал фæхæцыд йæ поэтикон дæсныйадæй. Æмдзæвгæйы дзы спайдагænæн кæмæй уыд: æмдзæвгæбыды аивтæ, зæлланггæнаг рифмæтæ,

[1] Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948. – 61 ф.
[2] Ц æ г æ р а т ы Г и г о. Ирон фæндыр // Мах дуг, 1979. № 10. – 45 ф.

афоризм, æвастхъæр, эпитет, абарст, риторикон фæхъæр, анафорæ æмæ æндæр аивадон амæлттæ уацмыс исынц бæрзонд. Фæлæ уæддæр поэты сæйраг хъуыды – Фыдыбæстæйы сагъæстыл хæцгæйæ, æнцондæр у мæлыны, зæгъгæ, уыцы æнкъарæн лæууы æппæты сæрæй. Æмæ уымæй æмдзæвгæ ахадыдæр цæсты.

Дзаболаты Хазбийы поэзи бирæбæрцæй æмбулы йæ поэтикон техникæйæ, стæй æмткæй йæ поэтикæйæ æмæ уыцы хъуыддаг бæрæгæй фæзыны йæ кæцыфæнды уацмысы дæр. Хъодзаты Æхсар ын йе ‘мдзæвгæтæ фыццаг куы бакаст, уый тыххæй æнæнхъæлæджы нæ фыссы: «Раст зæгъын хъæуы, журналы («Мах дуджы» – Хъ. М.) цы бирæ лæмæгъ уацмыстæ цыд, уыдоны фарсмæ Хазбийы ‘мдзæвгæтæ ахадыдтой, техникæйы ‘рдыгæй та сæм мисхалы бæрц дæр фау æрхæссæн нæ уыд».[1]

Æвзонг поэтмæ стыр фидæн кæй æнхъæлмæ каст, æнæмæнг ууыл дзурæг уыд фæлтæрд æмæ зынгæ поэт Плиты Харитоны (Хадойы) æргом хъуыды дæр: «Мæнмæ гæсгæ, ацы лæппу тынг суинаг у».[2] Æмæ уый хистæр фæлтæрæй æрмæст Харитоны хъуыды нæ уыд, кæд æй йæхи номæй дзырдта, уæддæр. Ахæм зондыл хæст уыдысты, йæ уацмыстимæ йын чи базонгæ, уыдон се ‘ппæт дæр.

Æхсар дæр хуымæтæджы не скодта Хазбийы уацмысты техникæйы кой. Рагæй фæстæмæ нæ поэттæ иууыл тынгдæр кæуыл фæкæл-фæкæл кæнынц, нæ уыцы ахадгæдæр рæдыдтытæй иу у (уæлдайдæр, сæрмагонд филологон ахуырад чи нæ райсынц, уыдонмæ), поэтикон техникæ нæм фаг кæй нæ вæййы æмæ поэтикæйæ кæй ныссулæ-мулæ вæййæм, уый. Нафийы ныхас аппаринаг нæу: «Мæ фæлтæр иууылдæр хъæутæй рацæугæ фæсивæд сты, горæтæй – дард, фысджытæ та горæтты цæрынц. Æз æфсадæй куы ‘рыздæхтæн, æрмæст уæд фехъуыстон ирон фыссæджы ныхас литературæйы фæдыл. Уæды онг мæ эстетикон хъомылад уыдис ахуыргæнджыты бæрны. Уыдонæй та иумæ дæр нæ уыд филологон ахуырад».[3] Æмæ ахæм рæстæджы

[1] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 153 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] Джусойты Нафи. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 9 ф.

цæй поэтикон дæсныйадыл ис дзурæн. Хазбийы æмдзæвгæтæм «мисхалы бæрц дæр фау æрхæссæн» кæй нæ уыд, уый сæ уый тыххæй æфтыдта дисы. Хуыцауы комулæфтæй хайджын чи фæвæййы, уый поэтикæ зæрдæйы хъустæй фæахсы. Уæллагæй йын афтæ вæййы лæвæрд. Æмæ уый æппæты фыццаг разынд фæллойы тыххæй Хазбийы сфæлдыстады. Хъодзаты Æхсар дæр ын йæ фыццаг æмдзæвгæтæй афтæ куы загъта: «æрзæткъахджыты цардæй хицæн нывтæ».[1] Фæллой ссис поэты сфæлдыстады астæуцæджындзтæ иу. Иста дзы удæнцой, царды цин:

Дзурынц мæм «Æгас цу!» зымтæ,
Дæттимæ хъæрæй ныззарын.
Тигътыл, арф кæмтты фысымтæ
Æз кæддæриддæр ыссарын.

Акувын мæ сæрæй бæрзæн, –
Къæйыл авæрын мæ «хæдзар»,
Дæлæ коммæ хауы ‘хсæрдзæн, –
Уый дæр ме ‘рдхорд у, мæ хæлар.

Дымгæ мын фæкæны батæ,
Уарзынц мæ бæрзонд къæдзæхтæ.
Сгарын алы ран – хæзнатæ
Агурын сæ хуылфы хæхтæн.

Цыма схъомыл дæн ам семæ,
Цыма ‘рвад дæн хæхтæн, фæхстæн –
Арæх уыдонæн æз, Семау,
Базонын сæ арф æмбæхсæн.

(«Геолог»)

[1] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 153 ф.

«Адæмон таурæгъмæ гæсгæ Санаты Сем райгуырд 250 азы размæ Захъагомы Санаты хъæуы. Йæ фыды ном хуынд Бердыхъ, уыди Санахъоты хæрæфырт. Иннæ адæмон таурæгътæм гæсгæ та царди æмæ амарди Уæллаг Хъæнийы, Хохы Санибайы æмæ ма Цымытийы дæр.»[1] Блиты Макс æмæ Бзарты Руслан зæгъынц: «Самый известный Сем из тагаурской фамилии уазданов Шанаевых жил в XVII веке».[2] Æмæ æмбæрста æрдзы, мæргъты æвзаг, зыдта, цы уыд æмæ цы æрцæудзæнис, уыдон иууылдæр.

Æрдзмæ уыцы цæстæй каст Дзаболайы-фырт. Цыма йын æрдзы уарзтæй исчи судзин сарæзта. Марина Цветаева Пушкинæй цæйау загъта: «Пушкин меня заразил любовью».[3] Æрдз йæ дзуринæгтæм цыд йæхæдæг. Барджынæй, ныфсджынæй, уарзгæйæ æцæг æрдхордау, æцæг хæларау. Æмæ йын поэты афыстмæ гæсгæ æнæ уарзгæ нæй. Уæлдайдæр, алæмæттаг æрдзы нывтæ цардимæ кæй фæбæтты, уый тыххæй. Анна Ахматова Михаил Лермонтовæй загъта: «Слово слушает его, как змея заклинателя».[4]

Арф Æрыдонмæ Мызуры
Фабричы бынæй лæбуры
Лакъон дон чысыл уылæнтæй.

Фæлæ хъал, сыгъдæг Æрыдон
Химæ уый нæ уадзы ‘мгæрон,
Дуртыл æй ныццæвы знæтæй.

Згъоры, абухы: «Куыд уæнды
Чъизи дон мæ ирд уылæнты
Ныр йæхи найын æдасæй?!»

[1] Рæстдзинад, 2014. – 22 март.
[2] Б л и е в М. М., Бзаров Р. С. История Осетии с древнейших времен до конца XIX в. – Владикавказ, 2000. – 182 ф.
[3] Ц в е т а е в а М а р и н а. Мой Пушкин. – Баку, 1988. – 14 ф.
[4] А х м а т о в а А н н а. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1986. – 180 ф.

Фæлæ лакъон дон нæ лæууы,
Дзуры: «Мæн дæ цыт нæ хъæуы,
Ма у хъал дæ ирд, дæ асæй, –

Æз уæгъд уылæнтæ нæ хæссын, –
Æз дæсгай тонтæ æрæхсын,
Алы сахат дæр хæзнатæ.

Уæд дæ цæсгом загъд куыд хъæцы? –
Ды вæййыс куыстхуыз мæ фæрцы
Æмæ хайджын дæ мæ кадæй».

(«Дæтты быцæу»)

Афтæмæй поэты бон бацис пейзажы, стæй царды конкретон цæвиттоны хуызы, адæймаг кæуыл æууæнды, ахæм æмбисонд сфæлдисын. Конкретон уымæн зæгъæм, æмæ дыууæ доны абон дæр сты уыцы уавæры. Садон Уæрæсейы паддзахы заманæй зындгонд у йе ‘рзæткъахæнтæй. Сæ сой сын цъырдтой фæсарæйнаг буржуйтæ: «Франц æмæ Бельги Садоны рудник, Мызуры бын фабриктæ куы скодтой…»[1] Садон ныр дæр нæ сафы йæ кад. Уырыссаг поэт Ярослав Смеляковæй дæр ма куынæ рох кодта: «…вернувшись из Северной Осетии, где я впервые увидал прославленный Терек и пахнущее серой Садонское ущелье».[2] Чысыл «лакъон дон» уыцы хæзнатæй у сæрыстыр. Æрыдон хъалæй кæй згъоры, пайда кæй ницы хæссы, уымæн æм мæсты кæны.

Æмæ Хазби, цыма, никуы æмæ ницы, уыцы чысыл Садоны куыстæллад доны фæллой æмæ сæрыстыр Æрыдоны быцæу «ныхас» равдыста аивады хуызы.

[1] Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 615 ф.
[2] С м е л я к о в Я р о с л а в. Избранное. – М., 1986. – 7 ф.

Дзаболайы-фырты поэтикон уынынадимæ куы сиу вæййынц уацмысы аив композици, алыхуызон поэтикон фæзилæнтæ, уæд æмдзæвгæ чиныгкæсæджы поэзиуарзаг зæрдæйы аззайы нывгондæй. Æмæ йæ сисы уаз бæрзæндмæ. Поэт-иу йе ‘мдзæвгæ скодта æцæг аивадон суанг йе ‘взонджы бонтæй фæстæмæ. Уыдон та, В. Брюсовы загъдау: «Создания искусства вечны».[1] Уый тыххæй сæ уарзæм.

Цæстыл уайы рог фын:
Ме ‘взонг бонты уалдзæг, –
Хъисуадул зæронд фыд,
Урс рихиты андзæвд.

Бонвæллад уæрджытæм
Мæйы айдæн рахауд.
Æмæ, ехх, фæрнджындæр
Дуне фестад аргъау!..

Халонбадæн къæйыл
Аргъæутты бæстæйы,
Талынгмæ бæлгæйæ,
Рувас хурмæ срæйы.

Афтæмæй удæгас æрдзимæ иу кæны удгоймæгты. Кæны сæ цæрдхъом. Æууæнды сын сæ диссæгтæ æмæ тæмæссæгтыл. Æмæ сыл æууæндын кæны мах дæр. Уымæн æмæ сæм аив фæлгонцтæ æмæ æвзаджы рæсугъд, фæлæ къæрццгæнаг фæзилæнты фæрцы фæкæсæм поэты цæстæй. Михаил Луконин йæхицæй цæйау дзырдта: «Надо бы сказать о том, какое счастье жить в поэзии, жить поэзией, иметь друзей и быть другом. Все это есть в стихах и

[1] Б р ю с о в В. Я. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1987. – 238 ф.

поэмах».[1] Хазби цард поэзийы цæрайæ æмæ йæ цард æнæхъæнæй уыдис поэзийы. Цыбыр рæстæджы йæ Уæлладжы цæст æрмæстæр поэзийы тыххæй бауарзта зæххон адæмæн равдисын. Былдауæн митæй, цæстмæхъус æппæлдæй нæ, фæлæ хъуыддагæй. Афтæ тынг нæ уымæн уырны йæ ныхас.

Ноджы ма – зæрдæйы рæбынæй цы дзырдта, уыдон тайынц чиныгкæсæджы удыл. Æмæ уый æнæмæнг дзурæг у поэты æвæджиаг ирд курдиатыл:

Донбеттырты комы
Саудалынг мæйдары
Уазал къада-доны
Арс æнгуырæй дары.

Худы фæрвы хихтæй
Æхсæрæг йæ мидбыл.
Рагæпп кодта тигъæй
Здыхстсыкъа дзæбидыр…

Паддзахы рæсугъд чызг –
Йе ‘мхъæздгуыты фауæн –
Радта уарзты хъусцæг
Артзæрдæ фыййауæн.

Раст лæг фос фæкодта,
Хин лæг арты бахауд…
Ехх, мæ сонты бонтæ –
Хъулонбазыр аргъау!..

(«Аргъау»)

[1] А н т а к о л с к и й П. Путь поэта //Л у к о н и н М и х а и л. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1978. – 11 ф.

Иу нывы фæстæ цæстытыл ауайы иннæ, ноджы аивдæр, ноджы цымыдисондæр ныв. Фольклорон абарстытæ, фæзилæнтæ, хуызтæй æмдзæвгæ йæхимæ ælвасы чиныгкæсæджы. Ærдзы хуызивæнтæ, удæгас, тæркзæрдæ цæрæгойты динамикон змæлд æй кæнынц уддзыд. Æмæ адæймаджы нæ уадзы йæхицæй фæхицæн.

Фæлæ уый – бæллиццаг аргъауы. Цард та йæхион домы. Поэты лирикон хъайтар уымæн бæллы сонты бонты хъулонбазыр аргъаумæ. Аргъау зæрдæйы фæндонæй цæуы. Раст лæг уымæн фæкæны фос, хин лæг арты уымæн бахауы. Цард йæхæдæг та галиу æмæ хивæнд у. Хин йæ кæнон кæны алы хатт дæр. Галиу ныццæвы расты, фæлæ йæ мардæрцыд уый у, алы хатт рæстдзинад кæй нæ уæлахиз кæны.

Уæддæр Хазбийы лирикон хъайтар фæндвидар у. М. Горький цæйау загъта: «Превосходная должность – быть на земле человеком».[1] Хазби уыдис æцæг адæймаг æмæ адæймаджы ном æвæрдта бæрзонд. Ægæрыстæмæй, йæ пейзажон лирикæйы дæр уынæм царды æнæрлæугæ тох. Дзаболайы-фырт тырны рæстдзинад дзурынмæ æмæ, цыма, рæстдзинад æфты йæ къухы.

Уый афтæ хъуамæ уыдаид. Нафи йын, йе сфæлдыстадыл хъуыдыгæнгæйæ, уымæн зæгъы: «Литература только тогда подлинное искусство, когда в ней находят свое выражение думы и заботы, тревоги и надежды людей. Это особенно важно в наш век с его исключительно напряженной духовной жизнью, с его неизменной тревогой за будущее».[2] Хазби, дзырд дæр ыл нæй, уыдис ахæм. Йæ пейзажон лирикæ дæр-иу уымæн сбаста адæймагимæ:

Комы гуылфгæнгæ, сæр-сæргæнгæ тагъд,
Уылæнтæ, абухгæ згъорут сымах.

Цавæрдæр суцца тых уе змæлды ис,

[1] Г о р ь к и й М. Собр. соч. в 16 т. Т. 7. – М., 1979. – 6 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Слово о друге // Д з а б о л а т ы Х а з б и. Обелиск и всадник. – Владикавказ, 1970. – 102 ф.

Къæйдуртæ фестынц уæ хъæбысы змис.

Сбады уæ сæрмæ уæ пырхæнтæй мигъ,
Зилæнты байгæрдут къæдзæхы тигъ.

Арс дæр ма стæрсы уæ абухтæй, арс…
Зæрдæ дæр уымæн у, зæрдæ, уæ фарс.

Уый дæр сымахау нæ зоны æнцой,
Æмæ йын уымæн у адджын уæ кой.

(«Уылæнтæ»)

Хазбийæн ærдз æцæгælон кæй нæ уыдис, удæй кæй иу кодта йемæ, зæрдæйæ æмцард кæй кодтой, уый тыххæй поэты сфæлдыстадæй дзæвгар ис цæвиттонтæ хæссæн. Дисы йæ æфтыдтой: «Хæхтæй æрбазынæг рухс хуры тын, Арвыл фæскъæвда сырх-хъулон ærдын, Уалдзыгон быдырты кæрдæджы цъæх, Цины цæссыгау ærттиваг æртæх, Райсомæй хъæдгæрон мæргъты пæр-пæр, Хохы фæсахсæвæр дæтты уынæр, Цъити-къæдзæхты рæгъамад æвзист», – æппæт дæр, æппæт. Уымæн æмæ тынг хорз зыдта, «уыдонæй аив, рæсугъддæр» кæй ницы ис. Ærдз йæхæдæг йæхи рæсугъд кæны. Йæхи хосгæнæг дæр йæхæдæг у. Æрмæст, А. К. Толстой куыд загъта: «Лишь больное сердце не залечит раны!» («Острой секирой ранена береза…»).[1]

Хазбийы зæрдæ-иу цы диссаджы нывтæ, цаутæ, хабæрттæ бакъуырдтой, поэтикон дзырды уацары-иу æй чи бакодтой, уыдон тыххæй аив мысы Хъодзаты Æхсар. Хъæды æнæнхъæлæджы сæгуытимæ хæрхæмбæлд куыд фесты æмæ куыд сфæлдыста диссаджы æмдзæвгæ «Сæгуыт». Кæнæ Хъæриуы хохыл куы уыдысты: «Рæстæгæй-рæстæгмæ айнæджы ныхыл ауындзынæ цæргæс. Бады ‘мæ дæрдтыл фæлгæсы, цыма фыййау йæ нымæты тыхтæй йæ фосы дзугтыл йæ цæст ахæссы. Куы дæ

[1] К о л л е к т и в а в т о р о в. Люблю Отчизну я… – М., 1982. – 287 ф.

ауына, уæд йæ базыртæ айтынг кæндзæн æмæ арвы цъæхмæ йæхи сисдзæни. Дæрддзæфæй сывæллоны хъазæнтау зынынц быдираг хъæутæ, сæрвæттæ, карст мæнæуы хуымтæ, хъæдтæ. Тæнæг донхуыз фæлм сыл цыллæхызау æрхауди. Нæ фæстæ та æрдзы сфæлдисгæ егъау мæсыгау арвы цъæх-цъæхид къæй йæ фæтæн уæхсчытыл систа Хъæриу».[1]

Уыцы алæмæтон нывтæ Дзаболайы-фыртæн ныффыссын кодтой аив æмдзæвгæ «Хъæриуы хохы рæбын» æмæ йæ схæлар кодта йе ‘мбæлццон Хъодзаты Æхсарæн:

Зымты уаст – сусæг катайау,
Хæхтæ – бæрзонд, сæрыстыр.
Къултыл чырынтæ куатæйы
Апырх хъæугай Ирыстон.

Мигъ-цæргæс урссис базыртæй
Схæцыд сындæг Хъæриуыл…
Рæгътæ мæ бынмæ – каузылдæй,
Иунæг бæллиц – мæ риуы:

Бавæр, ныуулæф зарæджы
Иры сæрвæлтау зæрдæ!
Къуылдымтыл, комы нарæджы
Судзгæ фæтæх зынг зæлтæй!

Бар-ænæбары зæрдыл æрбалæууы К. Пигаревы хъуыды Ф. Тютчевы тыххæй: «В поэтические образы он облекал лишь то, что было передумано и перечувствовано им самим».[2] Ахæм хуызы чи райгуыры, уый зæрдæ агайыдæр. Дзаболайы-фырты æмдзæвгæтæ чиныгкæсæджы æнкъарæнтæм

[1] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 163 – 164 ф.
[2] Пигарев К. Ф. И. Тютчев и его поэтическое наследие // Тютчев Ф. И. Сочинения в 2 т. Т. 1. – М., 1980. – 22 ф.

уымæн æвналынц, йæ зæрдæйы кæй бахсыстысты æмæ уырдыгæй кæй райгуырдысты. Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ ардзыл фыст уацмыстæ дæр.

Фæлæ, «ардз æмæ адæймаджы ‘хсæн иудзинад кæй ис, уый зæрдыл даргæйæ, рох кæнын нæ хъæуы, се ‘хсæн ахъаззаг хицæндзинад кæй ис, уый дæр»,[1] – дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат. Æмæ Хазбийæн уый дæр æнæзындгонд нæ уыдис, адæймаг куынæ уа, уæд уыцы æппæт рæсугъддзинад афтæ ахсджиагæй, афтæ зæрдæбынæй æндæр искæй кæй нæ хъæуиккой («Ардз æмæ адæймаг»). Хазбийæн сæйраг уымæн уыдис адæймаг:

Хæхтæй æрбазынæг рухс хуры тын,
Арвыл фæскъæвда сырх-хъулон æрдын,

Уалдзыгон быдырты кæрдæджы цъæх,
Цины цæссыгау æрттиваг æртæх,

Райсомæй хъæдгæрон мæргъты пæр-пæр,
Хохы фæсахсæвæр дæтты уынæр,

Цъити-къæдзæхты рæгъамад æвзист –
Уыдонæй аив, рæсугъддæр цы ис?!

Æмæ поэт уацмысы кæрон уыцы иу ныццæфæй раргом кæны, афтæ уарзгæйæ цы ардзы диссæгтæ æмæ рæсугъды кой кæны, уыдон нæ алыварс дунейæн, стæй мах дæр цæй тыххæй хъæуынц, уый:

Фæлæ куынæ уаид адæймаг, уæд
Цымæ кæй хъæуиккой, уыдон æппæт?!

[1] Д у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 123 ф.

Уацмыс поэты фыццаг æмдзæвгæтæй у.[1] Фæлæ бонзонгæ гоймаг æмæ поэт æвзонгæй дæр тынг хорз æмбæрста æрдзы нысаниуæг дæр æмæ, царды адæймаг чи у, уый дæр. Æцæгæлон ын нæ уыдис А. Герцены философон хъуыды: «Природа бережет любимое дитя свое – человека».[2]

Уымæйдæр, поэт кæмæндæр кæнæ цæмæндæр йе ‘ддаг бакастмæ нæ дардта йæ хъус, фæлæ йын сыгъдæгзæрдæйæ, бæлвырдæй уыдта йæ миддуне. Кæддæриддæр æнæкъуылымпыйæ цыдис уыцы дунемæ. Æвдыста уыцы бæллиццаджы дуне. Алыхуызонæй. Алыварсонæй.

Уый æнæмæнг афтæ хъуамæ уа. Швейцайраг философ Анри Амиель уымæн дзырдта: «Гераклит говорил: «Нельзя выкупаться два раза в одной и той же реке». Я бы сказаль: нельзя видеть два раза один и тот же пейзаж».[3] Æрдзы алчи йæхи æмбарынадмæ гæсгæ, йæхи зæрдæйы цæстытæй уыны.

Хазбийæн æрдзмæ, цардмæ йæхи зæрдæйы ахаст уыдис, йæхи цæстæнгасæй сæм каст. Æмæ сæ уый фæрцы иу кодта йæ поэтикон уынынад æмæ аивадон авналæнты фæрцы. Уыдон ын, йæ поэтикон уынынад æмæ аивадон авналæнтæ, йæ къух æххæстæй æмæ арæхстджынæй кæй арæзтой, фыццаджы уый, æмæ-иу цаутæ иу кæны фæрцы йæ уацмыс, зæгъæн ис, алы хатт дæр рауад аив æмæ зæрдæмæдзæугæ:

Кæмæй ферох уа райгуырæн хæдзар,
Уый не ‘рымысдзæн райгуырæн хъæуы дæр,
Æмæ йæ дард фæхаста, зæгъгæ, цард,
Уæд не стыхсдзæн, Фыдыбæстæ, дæуыл дæр!

Кæмæ нæ фæкаст мады ‘хсыр хæрзад,
Уый адæмæн нæ фæлæудзæни дзагдар.
Кæмæн нæу адджын мадæлон æвзаг,
Уый никуы уарздзæн искæйы æвзаг дæр.

[1] Дзаболаты Хазби. Хæс. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 6 ф.
[2] Герцен Александр Иванович. Соч. в 2 т. Т. 1. – М., 1985. – 65 ф.
[3] Амиель Анри. Отрывки задушевного дневника // Коллектив авторов. Посредник. – СПб, 1894. – 64 ф.

(«Хуымætæджы æцæгдзинад»)

Поэт æмдзæвгæйы хъуыды сбаста рæхысы цæгтау: йæ райгуырæн хæдзар кæмæй ферох уа, уый райгуырæн хъæу дæр не ‘рымысдзæн; нæ дæр Фыдыбæстæйыл стыхсдзæн; йæ мады æхсырыл чи ælгъ кæны, уый адæмæн дзагдарæн никуы бабæздзæнис.

Æмæ стæй кæронæй рагæпп кæны уацмысы сæйраг æмæ зæрдæагайæг хъуыды: «Кæмæн нæу адджын мадæлон æвзаг, Уый никуы уарздзæн искæйы æвзаг дæр». Никуы дæр æй зонгæ кæндзæнис. Куы йæ зона, уæддæр былалгъæй. Камалæн цы ног зонгæ фембæлццон, уыйау: «Вагон-рестораны мæ фарсмæ бадт фæци иу ирон лæг. Тынг æгуыдзæг дзырдта иронау. Иуахæмы загъта: «Мæнæй аразгæ куы уаид, уæд Ирыстоны скъолаты мадæлон æвзаг æппындæр нал ахуыр кæниккой». Официант нæм куы ‘рбацыд, уæд рабæрæг, мæ ног зонгæ уырыссагау дæр тыхамæлттæй кæй дзуры, уый».[1] Æмæ йæ уыцы æмбæлццон барвæндæй йæхи ацауыгъта поэты цыргъ сисыл: «Фæдар, мæ хур, дæ зондджын сæр фæрнæй, Къæбæртæ кус дæ цæуæтæн, дæ усæн… Пайда нæ уыд, нæ уыдзæн æмæ нæй Дæу хуызæттæй нæ – ирæн, нæ – уырысæн!»[2] Æмæ уыцы судзаг æмæ дудаг проблемæ ирон разагъды поэттæн уымæн ссис бирæ уацмысты рахæцæн.

Стыр уырыссаг фыссæг В. Вересаев дзырдта: «…Только величайшая художественная **честность** перед собою, благоговейно-строгое внимание к голосу художественной своей совести дает право работать в литературе».[3] Æмæ нæ поэт раст ахæм зæрдæимæ куыста ирон поэзийы. Йæ зæрдæйы сыгъдæг æмæ рæстдзинад хаста поэзимæ. Райгуырæн къона æмæ йын мадæлон æвзаг уыдысты, æцæгæй царды æнæмæнг куыд хъуамæ уа, баивæн кæмæн нæй, уыцы дыууæ символы. Æмæ сæ тохы тырысайау дардта бæрзонд, йæ амæлæты бонмæ сæ хаста сæрыстырæй.

---

[1] Х о д ы К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 149 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] Ф о х т-Б а б у ш к и н Ю. Миссия писателя – служение литературе и людям // В е р е с а е в В. Литературные портреты. – М., 2000. – 6 ф.

«Сæгъæй сæныкк гуыры, фысæй – уæрыкк»,[1] – зæгъы ирон æмбисонд. Хазби уыцы фарн йæ фыдæй рахаста. Уый «йæ ивгъуыд бонты цытæн нæ дарда цухъхъа æмæ хъама», «Нæ уыд æвзистарæзт йæ рон дæр», «Уæддæр æй хъæу хуыдтой ирон лæг, Ирон – зæрдæ æмæ æгъдауæй»:

Æз ын йæ дзырд мæ зæрдыл дарын:
«Уындæй нæй кад, мæ хур, нæ зæххыл.
Цæмæй дæ хоной адæм уари,
Хъæуы дæу уый тыххæй ыстæхын!»
(«Мæ фыд йæ ивгъуыд бонты цытæн…»)

Йæ фыды ахæм зондамынды охыл Ходы Камал афтæ зæгъы: «Адæйаг сфæлтæры зындзинæтты, йæ ном æнусон сваййы сыгъдæгзæрдæ фæллойы руаджы, иудадзыг бæрзонд нысанмæ тырныны фæрцы».[2] Бæрзондмæ чи нæ тырны, уый цъыфдзасты фæтухæн кæны. Уырдыгæй фæаргъ кæны цардæн. Æцæг, уый у цардмæ гæлир цæстæнгасæй кæсын.

Хазби – ирон лæг, нæ хаста уый йæ сæрмæ, йæ уацмысты хъайтар – Адæймаджы бæрзонд уый охыл æвæрдта. Суанг сабийæ зæры кармæ уый тыххæй нæ хицæн кодта йæ хъуыдыйæ Адæймаг.

А. С. Макаренкойы уацмысты диссаджы хъомыладон нысаниуæг дызæрдыггаг никæмæн у. Тынг хорз зыдта, цы арæзта æмæ йæ кæй тыххæй арæзта, уый. Йæ чиныг «Книга для родителей»-ы райдайæны афтæ загъта: «Воспитывая детей, нынешние родители воспитывают будущую историю нашей страны и, значит, и историю мира».[3]

Бæлас талайæ тасы æмæ, йæ фидæныл чи хъуыды кæны, уый кæстæртæм сабийæ, растдæр уаид, куы зæгъиккам: саби цалынмæ йæ мадимæ æмуд вæййынц, уæд ардары йæ хъус. Дзаболайы-фырт «Авдæны зарджытæ» уымæн кæны сабитæн, кæд ын авдæны зарджытæй сабитыл фыст уацмыстæ

[1] Хъазиты Мелитон. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 246 ф.
[2] Ходы Камал. Рухс фæндтæ хæссæг // Дзаболаты Хазби. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 8 ф.
[3] Макаранко А. С. Собр. соч. в 4 т. Т. 4. – М., 1987. – 5 ф.

сты, уæддæр. Æмæ арт-цæст саби куы райхъал, йæ цæнгтæ куы ивазы, уæд уымæн сиды: «Райхал-ма йын, райхал Й‘ авдæны бæттæнтæ…»

Равдис-ма йын ирд арв,
Арвыл дзаг зынг мæй дæр, –
Хъуамæ уа сæрибар
Удæй дæр, уæнгæй дæр.

Хъуамæ йе ‘взонг азты
Ма сахуыр уа бастæй,
Хъуамæ ‘ппæт дæр дома
Адæймаджы номæй…

(«Авдæны уæлхъус»)

Адæймаджы номæй чи райгуыра æмæ бахъомыл уа, уый адæймаджы ном никуы фесафдзæнис. Никуы дæр æй дæлæмæ æруадздзæн æмæ æрмæстдæр ахæмыл ис бауувæндæн адæймагады фидæнæн.

Адæймагæн кад кæнын, йæ ном ын бæрзонд исын ирон литературæйы сæйрагдæр хæстæй иу рагæй уыдис. Рæстдзинады сæрыл тохы йæ хъæбатырдзинадæй диссагæн дзуринаг фæцис нæ аив литературæйы фыццагдæр уацмыстæй Къубалты Алыксандры «Æфхæрдты Хæсанæ». Нафи зæгъы: «Рæстдзинад хæлд æрцыд, иу иннæйы тæригъæды бацыд, уæд фехæлдис адæмы царды гармони æмæ цалынмæ фыдгæнæг æфхæрд æрцæуа, уæдмæ нæй зæххыл рæстдзинад».[1] Æмæ дзы кæд Къоста нæ уыдта «тихой вдумчивости в смысл и цель жизни и поэзи»,[2] – уæддæр, Нафийы хъуыдымæ гæсгæ, царды рæстдзинады сæрыл тохы тыххæй цыд йæ зæрдæмæ: «Йæ иу фыстæджы афтæ фыссы, зæгъгæ, Дзæуджыхъæумæ куы ныццæуон, уæд-иу мæ размæ рацæут æмæ мын декламаци кæнут «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы

[1] Джусойты Нафи. Къубалты Алыксандр // Къубалты Алыксандр. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 5 ф.
[2] Хетагуров Коста. Собр. соч. в 5 т. Т. 5. – М., 1961. – 179 ф.

кадæг. Поэт афтæ æрмæст йæ уарзон уацмысæй зæгъдзæн».[1] Æмæ кадæг Къостайы зæрдæмæ кæй цыд, ууыл дызæрдыг кæнын нæ хъæуы.

Уыцы рæстдзинады тыххæй уарзæм Къостайы Хъуыбады, стæй йæ хъайтартæй бирæты. Афтæ Секъайы, Елбыздыхъо æмæ бирæ разагъды фысджыты уацмыстæ. Цæрукъаты Алыксандрæн сусæггаг нæ уыдис, цæргæсæн арвы зиллакк «кæрæй-кæронмæ дæр зындгонд» кæй уыдис, кæсагæн «денджызты ‘мæ фурдты æнæсгæрст иунæг ран дæр нæй», фæлæ адæймаджы тыххæй комкоммæ зæгъы:

Фæлæ, о адæймаг, дæ кадæн
Фæнды милуан азты цæрон, –
Дæ зонд, дæ зæрдæйы тыгъдадæн
Æз никуы ссардзынæн кæрон![2]
(«Цæргæс нæ хæхты сæрмæ зилаг…»)

Кæй амынд фæндагыл цыдаид, йæхицæн цæвиттонæн кæй хастаид кæнæ кæй фæзмыдтаид, уыдон ын уыдысты. Иуæй – ирон литературæ, иннæмæй – дунеон литературæйы классикты сфæлдыстад. Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы фæсивæды республикон библиотекæйы директоры хæдивæг Цырыхаты Ритæ уымæн зæгъы: «Йæ курдиаты авналæнтæ, ирон æмæ уырыссаг литературæйы традицитыл хæст кæй уыд æмæ уыцы иу рæстæг ногдзинæдтыл дæр, уый йын йе сфæлдыстадæн дæтты сæрмагонд зæлынад».[3] Фæзмгæ сæ, мыййаг, нæ кодта. Æппынæдзух агуырдта йæхи. Йе ‘взонджы бонты ныффысгæ уацмысæ дæр уымæн ныскъуыдтæ кодта. Æмæ йе сфæлдыстады райдайæныл нымадта 1956-æм аз: «Уæд ныффыстон, мæ сæрмагонд æрмдзæф кæм фæзынд, ахæм къорд æмдзæвгæйы. Уæдæй фæстæмæ райдыдтон мыхуыр кæнын дæр».[4]

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Къубалты Алыксандр // К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 7 ф.
[2] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз… – Дзæуджыхъæу, 1968. – 4 ф.
[3] Ц ы р ы х а т ы Р и т æ. Номарæн / Рæстдзинад, 2011. – 9 июнь.
[4] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Мæ биографии / Рæстдзинад, 2011. – 9 июнь.

Йæ разы адæймаджы удыхъæд æвдисыны тыххæй цы стыр æмæ зæрдæзæгъгæ хæс æвæрдта, адæймаг æм бæллиццаг цæмæй каст, уый бæрæгæй зыны «Ноггуырды арфæ»-йы:

Ды райгуырдтæ дзæнхъа хæхты хъæбысы,
Уæлмигъ фæрсыгъд æхсæрдзæнты дæлбазыр,
Æмæ дын дардыл арфæтæ нæ мысын –
Фыды зæрдæ йæ хъæбулæн цы уарзы,
Уый бирæ у хыгъд ныхæстæй зæгъгæйæ, –
Фæлæ уыдзæн мæ фæндиаг дæ фидæн,
Куы уай сыгъдæг æхсæрдзæнтау – зæрдæйæ
Æмæ нæ урс дзæнхъа-къул хæхтау – фидар!

Адæймаг, æцæг адæймаг æрмæст йæ хъуыддæгтæй нæ, йæ бакастæй дæр дзыллæйæн амонд куыд фæхæссы, уый Хазбийæн амонын нæ хъуыдис. Йæ удыкондæй йæ зыдта: «Лæгмæ куыд фæцæуы цæрын, Куыд рæсугъд æм фæкæсы дуне, Куы фенай хорз адæймаг. Тын Цыма ныххауы риумæ хурæй» («Лæгмæ куыд фæцæуы цæрын…»). Уымæн æмæ уыд, В. Маяковский афтæ кæмæй дзырдта: «А мне / в действительности / единственное надо – / Чтоб больше поэтов / хороших / и разных»,[1] – уыдонæй. Адæймаджы ном йæ курдиаты фæрцы нæ уагъта дæлæмæ. Æмæ йын уыцы Хуыцауы радтгæ хæзна никæй бон ницы хуызы уыдис байсын.

Æмæ хорз уæвын, адæймаг цы хъуыддагыл хæст уа, цы дæсныйадыл куса, алы хатт, ууыл нæ вæййы баст. Бæрзонд æй феваерынц йæ удыхъæд, адæммæ йын цы зæрдæахаст вæййы, куыд сын аргъ кæны, æппæт уыдæттæ. Йæ уыцы удыхъæд-иу ссис поэты дзуринаг: «Ныгæнынц шофыры… Тæхы зæрдæскъуыд уасын – Кæуынц чырындуар машинæтæ уынджы… Цъæх зазкъалиу – йæ ногбонты фыццаг цин – Йæ фæстаг боныл сау хъыгæй æркъул и…» («Ныгæнынц шофыры»).

[1] М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 4. – М., 1978. – 58 ф.

Æмæ ам, æвæццæгæн, æнæзæгъгæ нæй поэт куыд диссаг уыд эпитеттæ аразынмæ. Алы хуызты йæм æмбæлынц зæрдæйыл. Уый бæрæг у ацы цæвиттонæй дæр: «*зæрдæскъуыд* уасын», «*цъæх* зазкъалиу», «*сау* хъыгæй»… Фæлæ-иу йæхæдæг цы эпитеттæ сарæзта, уыдон диссаг сты: «*чырындуар* машинæтæ», «*топпхосдон* бæрцытæ», «*æргъæвд* зæххон тых», «*хъæдхъуыр* трибунтæй», «дзырдты *цæнгæт* уынаффæ», «*бынатагур* тæппудтæй»… («Сонет»). Уыдон фæрцы поэты арф хъуыды стæхы ноджы бæрзонддæр бынатмæ. Свæййы ноджы аивадондæр. Дзуццаты Хадзы-Мураты хъуыдымæ гæсгæ: «Æмдзæвгæйы æппæт компоненттæ дæр аразынц иу цардæгас системæ æмæ се ‘ппæт дæр кусынц, лæггад кæнынц поэты идейон-аивадон нысан æмæ хæс сæххæст кæнынæн».[1] Æмæ уый уынæм ацы аивадон амалы.

Ирон литературæйæн йæхи традицитæ, йæхи фæндаг ис аивады. Æмæ Хазби уыдоныл уыдис фидар хæст. Афтæмæй уыцы иу рæстæджы, Нафийы хъуыдымæ гæсгæ, уыд «…землепашец, шахтер, салдат, поэт».[2] Æмæ уыцы нæмттæ йæ царды цыбыр кæронмæ фæхаста фарнимæ. «Любовь к земле в душе Хазби была неистребима, как сыновняя любовь к матери. Он любил землю всю – от теплой пыли немощеных сельских улиц до величавых вершин гор»,[3] – зæгъы Нафи æмæ йæ хъуыдыйæн Дзаболайы-фырты сфæлдыстад æнæхъæнæй у æвдисæн.

Суанг йæ фыццаг æмдзæвгæтыл фæзындис, зæхмæ йе ‘гæрон уарзт. Йемæ бирæ, бирæ æнæуынгæ тæгтæй кæй уыдис барст, уыцы бæллиццаг хъуыддаг. Ис æм сæрмагонд æмдзæвгæ «Зæхх». Æмæ кæд иударон, ихсыд дзырдтæ æмæ хъуыдытæй райдайынц фыццаг дыууæ строфайы:

Зæххы мит æрвылзымæг нымбæрзы,
Фæлæ уый æвæлмæцгæ фæразы.
Зæхх æгæнон уадты бын нæ хъæрзы,
Зæхх, зыдгæнгæ, уарын-дæттæ нуазы.

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 134 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Слово о друге / Северная Осетия, 2001. – 14 апрель.
[3] Уый дæр уым.

Арф йæхимæ хуры тынтæ исы,
Æмæ, цыма йе стыр хæс фæхаты, –
Сабыргай йæхимидæг æнхъизы,
Стæй æлутон стыр лæвæрттæ ратты, –

уæддæр æмдзæвгæйы фæстаг строфайы поэты курдиатимæ рарттивы æцæг поэзи æмæ уымæй уайтагъд йæ бон бацис чиныгкæсæджы зæрдæ балхæнын. Нæ радтæг зæхх нын адджын æмæ зынаргъ цæмæн у, уый йын бантыст поэтикон æмæ конкретонæй зæгъын:

...Царды фæндтæ базырджын кæм не сты,
Æмæ æз мæхинымæр фæзæгъын:
«Уа цæмæй æцæг хъæбул йæ бæстæн –
У поэтæн ахуыргæнгæ зæххыл».

Цæмæй афтæ уыдаид, уый тыххæй, А. Пушкин цæйау загъта: «Да ведают потомки православных Земли родной минувшую судьбу»,[1] – адæймаг хæсджын у, цæмæй йæ райгуырæн уæзæгæй зона алцы дæр. Йæхи ма тылиф кæна йæ зиууон хъуыддæгтæй.

Хазбийæн фæллой йæ уды сконды уыд. Йæхи йыл никуы атагъ кодта. Счъилдысæй æвнæлтта алы куыстмæ дæр. Суанг уыцы фæллой поэтикон дзырдæй ныв кænынмæ дæр.

Кæй зæгъын æй хъæуы, кусæг-зæхкусджыты фæллой ирон нывæфтыд литературæмæ фыццаг Дзаболайы-фырт не ‘рбахаста. Йæ кой нæм рагæй уыд. Нафи зæгъы: «Мах, ирон фысджытæ дæр, фагæй фылдæр бахардз кодтам ахæм æппæлой ныхæстæ, ахæм «кады зарджытæ», кæд нын кад не скодтой, кæд сæ ничи зарыдис, уæддæр сæ кады зарджытæ хуыдтам. Хаттæй-хатт-иу уыййæнгты ахæццæ стæм, æмæ-иу не ‘мдзæвгæты дзырдтæн сæ

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975. – 192 ф.

фылдæр фæтæджы номæй конд уыд, кæнæ та зарыдыстæм, дон кæм нæ цыд, ахæм къанаутыл; бæллыдыстæм, нæ хæдфарсмæ цы рагон арæзтæдтæ уыдис, уыдон фенынмæ. Иу поэт нæм йæ кады зарæг комкоммæ афтæ райдыдта: «Тæхуды, Чъехы ГЭС куы фенин!»[1] Афтæмæй йæ Чъехмæ къахæй бацæуынæн иу сахатæй фылдæр нæ хъуыд.

Æнæбындур цин, кæнгæ куыстыл зарын сын уыдис æнтысты сæр. Дзагурты Губади æппæлыд Хуытъинаты Цыппуйæ (стæй æрмæст уымæй нæ): «Цыппуйы æмдзæвгæтæ сæ хъуыдытæм гæсгæ сты, нæ рæстæг цы агуры, ахæмтæ».[2] Сæ аивадон уæфт, сæ идейон нысаниуæг æм нымады дæр нæ уыдис. Уæд сæйраг уыдис темæ. Джыккайты Шамил загъта: «Поэзийы алы жанрты зарæджы сæр сси **куыст, фæллойы цин**, куыстадон хъазуат».

Боциты Барон зарыд:

Мæ царды сæрибар,
Мæ адæмы фидар,
Ыстыр бæсты цинтæ,
Зынг хуры æфсинтæ,
Мæ заводты зарын, –
Уæ дзырд уын æмбарын, –
Кæнын уæ хъæбыс!

Мæ хæхтæ, цъæх рæгътæ,
Къолхозон рæгъæуттæ,
Фæйлаугæ мæнæутæ,
Мæ денджызы наутæ,
Сæрибар быдыртæ, –
Æмбарын уæ дзырдтæ, –
Кæнын уæ хъæбыс![3]

[1] Джусойты Нафи. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 276 ф.
[2] Дзагурти Губади. Разныхас // Хуытъинаты Цыппу. Сидт. – Дзæуджыхъæу, 1931. – 16 ф.
[3] Боциты Барон. Æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ. – Дзæуджыхъæу, 1958. – 5 ф.

Епхиты Тætæри йын хъырныдта:

Дæу дæн, фæллой, дæу дæн, нæ дзыллæ! –
Дæуæн мæ зард, мæ уд – дæ фæхъхъау!
Цæттæ дæн æз æдзух дæ дзырдмæ, –
Мæ ныфс дæуимæ – стыр, æнæвгъау.

Хъæлæсæй дæр æмæ æнгасæй
Мæнæн мæ лирæ нæу æрхæндæг…
Фæтæг, дæуæн мæ зард – æгасæй,
Ды дæ нæ дзыллæтæн сæ зæрдæ![1]
(«Поэт йæ хъæлæс дæтты дæуæн»)

Фæстæ сæ нæ задысты кæстæртæ дæр. Нигер Боциты Баронæй катайгæнгæ уымæн загъта: «…кæд йæхимæ уыйбæрц хæс райста, цæмæй Ирыстоны зарджытæн куырд уа,[2] уæд æй бирæ фылдæр бакусын хъæуы нырма поэтикон дæснызинадыл. Куырд та хъуамæ уа, кæд йæ байраг дыууадæс азы дæргъы бæх нæма сси,[3] уæд хъуамæ суа æмæ хъуамæ йæ уадыл ахуыр кæной æцæг «байрæгтæ» – æвзонг фæсивæд».[4] Æмæ уыцы псевдотемæйæн нал æмæ нал æнтыст ныууадзын.

Фæллойыл бынтон æндæр зарæг ныккодта Дзаболаты Хазби. Уымæн куыст, æцæгæй куыд у, афтæ баиу цардимæ. Фæллой æмæ цардæн сæ кæрæдзийæ фæхицæн куыд нæй, уый хус ныхæстæй нæ фæлæ æрдзы нывтæ, адæймаджы хъуыддæгтимæ уынæм æмиуæй. Æмæ нын афтæмæй хæссынц æцæг цин, уымæн æмæ ирд ахорæнтæй нæ цæстыты раз февзæрынц цæрдхъом æмæ цæрæццагæй:

[1] Е п х и т ы Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1961. – 17 ф.
[2] Дзырд цæуы Боциты Бароны æмдзæвгæ «Республикæ»-йыл. Уым поэт загъта: «Республикæ у ныр мæ бæстæ, Æз та йæ зарджытæн сæ куырд».
[3] Дзырд цæуы Боциты Бароны æмдзæвгæтæ «Мæ байраг» æмæ «Ногæй мæ байрагыл», ома йын нал æнтысы сбæх уа, уый.
[4] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 241 ф.

Бындзарæй айнæг хох ныррызт,
Ныккодта шахт æмызмæлд,
Динамит бакодта йæ куыст:
Æрзæт къæртгай æрызгъæлд.

Бæзæрхыг лæг нæ цурмæ схызт,
Æрæвæрдта йæ хызын,
Фæллойы арфæйаг æнтыст
Зынди йæ хъæлдзæг хуызыл.

– Дæсныйад мын ныууагъта хæст, –
Уый загъта худгæ махæн, –
Уым знаджы дзоттæ хæлдтон æз,
Ныр та хæзнатæ къахын.

(«Рæмудзæг»)

Зын фæхатæн нæу, «цины» зарджытæ кæнын сæ хæсыл чи нымадтой, – мардæй æвзæр ничи дзуры, – уыдон уацмыстæ æмæ Хазбийы æмдзæвгæйы ‘хсæн цы хицæндзинад ис, уый, кæд æй хуыздæрæн сæрмагондæй нæ равзæрстам æмæ йæ фыццагдæр фæлварæнтæй у, уæддæр.[1]

Дзаболайы-фыртæн, хæрз æвзонгæй сидзæрæй кæй баззадис, уый охыл рагæй ссис «куыст – цардæн фæрæз!» [2] («Чи дæ»). Йæ хид кæм нæ рацыдаид, уым йæ гуыбыны дзаг къæбæр нæ бахордтаид. Фæлæ сæйраг уый у, уыцы куыстæй, йе ‘мдзæвгæтæм гæсгæ, йæ лирикон хъайтар уды æхцондзинад кæй иста, куыстмæ бæрæгбонмæ цæуæгау кæй цыдис. Ахæм зæндтæ йын чи амыдта: «Фæнизджын, дам, уыдзынæ ‘взонгæй, Дæ рæуджыты ныббаддзæн рыг…», – уыдонæн йæ дзуапп цæттæ уымæн уыдис: «Зынтæ куынæ уаид,

[1] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Хæс. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 10 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 63 ф.

хælærттæ, Куы уаид алцыдæр æнцон, Уырнæд уæ, уæд, уырнæд, мæ зæрдæ Нæ зонид циндзинады бон» («Куы уаид алцы дæр æнцон…»).

Н. Добролюбов А. Островскийы драмæ «Гроза»-йы тыххæй йæ уац «Луч света в темном царстве»-йы загъта: «Критика – не судейская, а обыкновенная, как мы ее понимаем, – хороша уже и тем, что людям, не привыкшем сосредоточивать своих мыслей на литературе, дает, так сказать, экстракт писателя и тем облегчает возможность понимать характер и значение его произведений».[1]

Махмæ, хъыгагæн, «критикты» цæстытæ цæхæртæ акалынц, исчи сын сæ къахыл куы фæлæууы, уæд. Æмæ, фыссæг хорз исты аразы æви йæ хуынтæ дзыхы акæнинаг дæр не сты, уый нæ нал фендавы – мард, дзуар ын нал ныууадзæм. Бакæнæм æй куыйты хæринаг. Хазбийæн дæр йæ рæстæджы, йæ фæллойадон поэзи хорз цæмæй у, раппæлын дзы цæмæй хъæуы, уый ничи загъта, кæнæ та йæ æргом зæгъын никуы никæй цæст бауарзта. Уый мæнæй цæмæй хуыздæр у, мæ разæй цæмæн хъуамæ фæуа, зæгъгæ. Кæнæ та…

Мæ зæрдыл ма хорз лæууы, къорд азы размæ Фыстджыты цæдисы нæ иууыл хистæр фыссæг Мæргъиты Къоста куыд æппæлыд, зæгъгæ, мын мæ радзырдтæ ногæй каст æмæ сæ барста Тургенев æмæ æндæр классикты радзырдтимæ, æмæ, дам, уыдонæй дæлдæр бынтондæр ницæмæй лæууынц.

Æгæр æй фæкарз кодта. Æмæ йæм Харебаты Леонид нал фæлæууыд: «Омæ, уыцы ныхæстæ фысгæ ныккæн, фысгæ». Афтæмæй лæджы фефсæрм кодта: «Æмæ фысгæ… Æз критик нæ дæн…» Афтæмæй критиктыл дæр дыгай сæртæ нæ вæййы.

Хазбийæн йæ удæгасæй йæ фæллойадон темæйыл нывæст уацмысты хорздзинæдтыл кæд мыхуыры ничи ницы загъта, уæддæр бæрæг дарынц, уыцы ссадвæдыл нæм цы бирæ уацмысгæндтæ сæвзæрд, уыдон æхсæн. Ныр сæ дзурæм – Нафи: «Как пахарь, он возделывал землю, как шахтер – бурил, как солдат – охранял, и как поэт – воспевал ее»[2] (Бафтауæн ма йæм уаид:

[1] Д о б р о л ю б о в Н. А. Литературная критика в 2 т. Т. 2. – Л., 1984. – 343 – 344 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Слово о друге // Д з а б о л а т ы Х а з б и. Обелиск и всадник. – Владикавказ, 1970. – 100 ф.

куыд геолог, афтæ сгæрста нæ бæстæйы хъæздыгдзинæдтæ. Йæхæдæг куы загъта: «Сгарын алы ран, – хæзнатæ Агурын сæ хуылфы хæхтæн» («Геолог»); Камал: «Суанг ма шахты куы куыста, уæды уацмыстыл дæр зыны, нæ поэт кæй архайдта, цы предметыл кæнæ фæзындыл фыссы, уымæн йæ социалон-философон кæнæ аивадон-эстетикон æууæлтæ бамбарыныл, йæ апп ын феныныл, ома, цардмæ нывгæнæджы цæстæй кæсыныл».[1]

Хазби куысты, уыимæ литературон куысты дæр, фæлой кæныны кæй ардта зæрдæйы цин, уымæй йын кæй нæ уыдис фæхицæн, уымæн бæлвырд æмæ ирд æвдисæн – йе ‘мдзæвгæ «Амонд»:

Æз нæ зонын, цы фæхоны «амонд»,
Искуы исчи куы фæкæны арфæ.
Фæлæ зонын, кæйдæр фарнæй абон
Уый цæттæйæ кæй не ‘рхаудзæн арвæй.

Ныр, кæддæрау, чысыл саби нал дæн,
Цардæй федтон цыдæртæ нæ зæххыл,
Æмæ иуæй-иу буцæйхаст хъалтæн
Æз «цæй амонджын фестут» – нæ зæгъын.

Мæнмæ дуне фæкæсы уæрæхдæр,
Сайд ми фесты мæнæн уæд цæсты сындз –
Куыст фæуæвгæйæ, хиды æртæхтæ,
Хус фæд уадзгæ, мæ ныхыл куы сысынц.

Æз æгад цард мæ сæрмæ нæ хæссын,
Никуы никæуыл рацыдтæн хинæй,
Æмæ амонджын уымæн фæкæсын

[1] Х о д ы К а м а л. Рухс фæндтæ хæссæг // А в т о р т ы к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 37 ф.

Æз тыхст сахат дæр арæх мæхимæ.

Хазби æцæгæй ахæм уды хицау уыдис. Ælборты Хадзы-Умар афтæ дзырдта: «Хурыскæсæны поэзийы классикты чингкуытæм куы ‘ркæсай, уæд дзы арæх фембæлдзынæ ахæм нывыл: поэт бады цъæх нæууыл, гъе та рæсугъд нывæфтыд гауызыл. Йæ дарæсæй, æппæт йæ кондæй у йæ алфæмбылай ærдзау идиллион. Йæ къухы – сырх сæнæй йедзаг нуазæн, йæ зæрдæйы хъæлдзæгæн гаджидæуттæ уадзы.

Зынтæй æрымысдзæн чифæнды дæр ахæм æвæджиаг, зæрдæфæндон цард. Чи ма зæгъа, уый поэт нæ, фæлæ хуыцауы ‘мсæр паддзах у».[1]

Ирон поэтæн, цасфæнды уый аккаг ма уа, уæддæр ахæм цард ничи раттдзæнис. Никуы уыд Хазбийæн дæр уыцы цард. Никуы дæр – йæ хъайтартæн. Амондджын уыдысты æрмæстдæр сæ удты фæллойæ. Æмæ уый абон дæр ирдæй зыны йе ‘мдзæвгæтæй тынг бирæйы:

Урс сæрбæттæн æрбазылд
Сау æрфыджы къæлæтыл,
Хуры хæрдгæ тын хъазы
Цæстыхауты кæрæттыл.

Къусы былтæй æнхъæвзы
Æнгуылдзты сæрты сылы.
Урс къухты змæлд æмбæхсы
Урс гуымбылы сыр-сыры.

Чызджы цæсгомыл бандзыг
Хъуыды – бæллиц нывæндæг,
Цыма тæлфгæ уд уадзы
Урс дзæнхъайы нывгæнæг.

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 238 ф.

(«Цыхтахсæг»)

Поэт чиныгкæсæджы уацмысмæ æрмæст æвзаджы сыгъдæг, композици æмæ æмзæлланггæнæг дзырдтæй нæ цымыдис кæны, фæлæ æмткæй йе сфæлдыстадау, ам дæр баскъуыхт зарæгзæл рифмætæй: «æрбазылд» – «тын хъазы», «къæлæтыл» – «кæрæттыл», «сылы» – «сыр-сыры», «нывæндæг» – «нывгæнæг»…

Поэты уацмыстæ уæлæнгæйтты чи кæса, уый дæр æнæфæхатгæ нæ фæуыдзæнис, Хазби йæ хъус куыд лæмбынæг дардта æрмæст æмдзæвгæйы арæзтмæ нæ, фæлæ æмткæй дзырдарæзтмæ. Ис æм тынг бирæ ног дзырдтæ, адæмон сфæлдыстад кæнæ не ‘рвылбонон цардæй чи цæуынц. Цыма сæ адæймаг хатгæ дæр нæ фæкæны, афтæ аив абадынц уацмысыл, стæй ирон æвзагыл дæр: «цардæфцæг» («Мæ мадмæ»), «рохбаст» («Сылгоймаг»), «халасбæх» («Гутон æмæ кард»)…

Арæх æм æмбæлы иу æмдзæвгæйы цалдæр кæнгæ дзырды дæр: «хуымриу», «нæуу-тæрттæ», «зыст», «уæнгрыст» («Быдырон хъуыдытæ»), «зынгдзаст», «къæрцц-цæхæр», «их-къæйтæ», «къæй-риу» («Æз хæхты райгуырдтæн»), «цывзвкъоппа», «хъазгæ-æртхъирæн», «æнæхъæнфых», «хæлдфын» («Гимн хæдзары æфсинтæн»), «мæсыгтигъ», «уыгæрдæн-фæз», «фыдæлтон» («Ис ахæм лæг хæхты»)…

Се ‘ппæты нымайын æмæ сыл æрдзурынæн сæрмагонд рæстæг æмæ сæрмагонд зонадон куыст æмбæлы, фæлæ дзырд ууыл у, тынг дæсны кæй уыдис ног дзырдтæ аразынмæ æмæ йын кæй сты зæххон.

Зæххæн хъусын æмбæлы йæ сулæфтмæ. Æмбарын ын хъæуы йæ цин æмæ йæ рыст. Аудай йыл хъуамæ ныййарæг мадау. Цæмæй дæ ма сайа.

Уыцы поэтикон æнкъарæнты, кæй зæгъын æй хъæуы, Хазби фыццаг нæ уыдис. Фыдыбæстæйы уарзтæй Къоста диссаг фæцис йæ «Ирон фæндыр»-æй.[1] Райгуырæн зæххы фарн Секъайы сфæлдыстады абухæнтæ кæны. Уæдæ, советон дуджы раттæг къуымы тыххæй дзурын дæр нæ уагътой, æрмæст не

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1899.

стыр Фыдыбæстæйы кой кæнут, зæгъгæ, дзырдтой æмæ нын нæ хуыздæр фысджыты хъуыдис, нæ хъуыдис æфхæрдтой: «Ирыстоныл фысгæйæ, поэт кæнæ фыссæг (Цыма поэт, драматург, литературон критик нæ, фæлæ æрмæст прозаик у фыссæг – Хъ. М.) хъуамæ уый иунæгæй, иннæ адæмтæй, не стыр Фыдыбæстæйæ иппæрдæй ма ‘вдисой, фæлæ йæ ‘вдисой советон адæмы иумæйаг царды тыхджын уылæнты, сæ уацмысты хъуамæ зыной, советон хицаудзинады рæстæг Ирыстоны цы ногдзинæдтæ фæзынд, уыдон».[1] А. Твардовский 1958-æм азы йæ зындгонд уац «О родине большой и малой»[2] куы ныффыста ахæмты ныхмæ, уæддæр нæ «хъайтартæ» нæ састысты. Фæлæ ирон поэзийы радтæг зæхмæ йæ разахта хъæбулты уарзт никуы банымæг.

Нафи уыцы хъуыддаг Фыдыбæстæйон Стыр хæсты хæнтфæстæ фæхатыд Гафезы сфæлдыстады. Поэтæн йæ Фыдыбæстæ Ирыстонмæ йæ уарзт афтæ тыхджын уыдис æмæ йын иу кодта ныййарæг мады уарзтимæ: «Поэт-салдаты æнкъарæнты, хъуыдыты сæйраг мотив у уарзондзинад Фыдыбæстæмæ. Поэтæн йæ ныййарæг мады фæлгонц нæ хиæн кæны Райгуыræн бæстæйы фæлгонцæй».[3] Уыцы хъуыддаг абон дæр бафæзмыны аккаг у, кæй зæгъын æй хъæуы.

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Гафез цыдæриддæр хорзæй сфæлдыста, уыдоны кад кæны ирон зæххæн, ирон намысджын адæймæгтæн тохы дæр æмæ куысты дæр, æргом сын кæны сæ хъæздыг æмæ алыхуызон миддуне».[4] Фæлæ, курдиатджын поэтæн куыд æмбæлы, афтæ Хазби радтæг зæхмæ кастис йæхи поэтикон цæстæй. Уыдта йæ зæхкусæджы, æнæ зæхх цæрын чи нæ фæразы, æцæг удæгас буар кæмæн у, уый цæстæй. Æгæрыстæмæй, йæ афтæ уарзта æмæ хæхтæ цæмæй йæ зæрдыл лæууыдаиккой, уый тыххæй сын ардхæрæгау дзырдта: «Уæ æрымысынæн Æз хæсдзынæн уæ къæйдуртæй ностæ, Æз уæ уынæр мæ риуы хæсдзынæн…» («Хæхтæм»). Æмæ уый былдауæн ныхас нæ уыдис. Иры зæххы уарзт æмæ

[1] М а м с ы р а т ы Д., Х ъ а н ы х ъ у а т ы В. Ирон фысджыты иуæй-иу уацмысты идеологион рæдыдты тыххæй / Рæстдзинад, 1952. – 23 июль.
[2] Т в а р д о в с к и й А. О родине большой и малой // С о к о л о в-М и к и т о в И. Соч. в 2 т. Т. 1. – М., 1959. – 5 – 8 ф.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Зарджытæ Фыдыбæстæйыл // Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948. – 3 ф.
[4] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964. – 157 ф.

уынæр æцæгæй змæлыдысты йæ зæрдæйы. Йæ радон (ног, фæстаг чиныг «Уацамонгæ» кæронмæ фыст нæ фæци), æртыккаг чиныг æнæнхъæлæджы не схуыдта «Къахуынæр».

Зæххы, æрдзы, æгæрыстæмæй, уæлдæфы, хуры æмæ мæйы тынты уынæр хъусын æмæ æмбарыны амонд алкæмæ не ‘рхауы. Уый дын хъуамæ Хуыцауæй лæвæрд уа. Бынтон стæм адæймæгтæм æй уымæн фæхатæм. Æнæдызæрдыгæй уыдис Дзаболайы-фыртмæ дæр.

Æз дæн, о саумæр зæхх,
дæ хуымриуæй æрвыст,
Дæу къахтон белгомæй,
Дæу даргъ рувæнæй хостон.
Ныр дæр æвдисæнæн мæ паспорты ис фыст
«Колхозон».
Æмæ дæ нæуу-тæрттыл æрæппæрстон мæхи,
Дæ судзгæ зæрдæйы уæззау улæфтмæ хъусын.
Æркъæдз мæ хæдсæрмæ Æрфæны фæды хид,
Ныджджих æнусон арв –
нæ мигъæмпъызт цъæх мусонг.
Цæмæдæр дунетæ кæрæдзимæ тырнынц,
Фæдисон стъалытæ цымыдис цаутæ скъæфынц…

Зæххы уарзт поэт йæ риумæ афтæ арф кæй иста, æрхъæцмæ йыл кæй нæ лæууыд æмæ æппынæдзух йæ фестъæлфтмæ фæдисы къахыллæуд кæй уыдис, ууыл дызæрдыггæнæн нæй. Алчи дæр хъуамæ фидарæй зона: Фыдыбæстæ фыды ад кæны, мадæлон æвзагæй ныййарæджы уарзт цæуы, мадызæнæг ссарæн куыд нæй, афтæ æндæр райгуырæн уæзæг никуыуал ис ссарæн. Уыцы æвæджиаг æнкъарæнты охыл французаг зындгонд поэт Пьер-Жан Беранже уымæн сидт:

Оставайся, русский, русским,
И пруссаком будь, пруссак!
Мы ж – французы, и французским
Будет край наш, как-никак![1]
(«Истый француз»)

Хазбийæн Фыдыбæстæйы зæххы уарзт, цыма, йемæ райгуырд. Цард йæ хъуыдыйы, йæ уды, йæ туджы. Никуы йыл ивта йæ зæрдæ æмæ йын уый йæ поэзи кæны дзадджындæр, адджындæр, зæрдæмæдзæугæдæр. Гаджиты Барис дзы уымæн хъусы «ног мырты зыланг».[2] Нæ поэты мырты зæллангæн нæ уыдис æндæр искæй хъæлæсимæ фæивддзаггæнæн. Уымæн æмæ алы зæхх дæр йæхи ад фæхæссы. Суанг, поэзийы дæр.

М. Шолохов дзырдта: «Писатель, пишущий о колхозниках или людах совхоза, по-моему, должен обладать знаниями в области сельского хозяйства не ниже уровня хотя бы участкового агранома».[3] Хазби та æрмæст агрономон бæрзæндтæ нæ агуырдта, фæлæ йæ улæфтау, йæ туджы змæлдау ахста зæххы диссæгтæ, йæ æгъгъутæ, йæ буцтæ, стæй йæ хъæрзын дæр.

Æз дæн, зæхкусæг лæг – дæ къæсы гуырд хъæлæс,
Æмæ
Мæ улæфтау, мæ туджы змæлдау зонын:
Тахт дуне дунемæ,
Тох кодта Абон Сомыл,
Зыст
Паддзах паддзахмæ – Дæ уæнтыл цыд йæ уæз.
Фæлæ дын зæхх цыма дæ хидвæллад цъырдта,
Цыма дын суадæттæ æрæхсадтой дæ уæнгрыст,
Ды уыйау не скодтай

[1] Б е р а н ж е П ь е р-Ж а н. Избранное. – М., 1979. – 45 ф.
[2] Г а д ж и т ы Б а р и с. Дзаболаты Хазбийæн / Рæстдзинад, 2006. – 15 апрель.
[3] Ш о л о х о в М и х а и л. Собр. соч. в 8 т. Т. 8. – М., 1986. – 278 ф.

Дæ тухитæ дзырддаг,

Сыгъдæгуд сабийау дæ сомбоныл æууæндыс!

(«Быдырон хъуыдытæ»)

Фæллойгæнæг адæмы æхсæнæй рацæуæг поэт не ‘фсæст ирон удыхъæдыл райын æмæ йыл цин кæнынæй. Цыма адæймаджы тыххæй М. Горькийы хъайтар Сатины хъуыды поэтиконæй æвдыста: «Все – в человеке, все – для человека! Существует только человек, все же остальное – дело его рук и его мозга! Чело-век! Это – великолепно!»[1]

Хазбийы хъайтартæ æцæг сты, цард чи фæаразы æмæ цард кæуыл фæлæууы, ахæмтæ. Æцæгдæр нæ «мæсыгтигъ хæххон» хъæуты, нæ «уыгæрдæн-фæз рæгътыл» «ис ахæм лæг хæхты», дæхи йын бацамон æмæ йын дæуæй зынаргъдæр ничи уал уыдзæнис:

«Нæхи лæппу куы дæ!
Цæуæм ма нæхимæ!» –
Дæ фыдимæ
Кæнæ дæ фыды фыдимæ
Уый царди хæларæй, йе разынд дæ хæстæг.
Æмæ дын нæ кæны æфсоны ныхæстæ, –
Къæссы фарнæн баззад ирон хъæуы уазæг.
Фыдæлтон сыкъайы дын рахæсдзæн нуазæн,
Æрæвæрдзæн хойраг зырнæйзылд тæбæгъты…

Æмæ уый дæр цæмæннæ, – ирон фынг æрмæст баназынæн, бахæрынæн нæу, фæлæ у мастсафæн, фæлладсафæн, стæй æгъдау раттынæн, æгъдау базонынæн дæр. Сæйраджы-сæйраг та – уазæгæн скад кæныны тыххæй.

Ис ахæм æмбæлæг,

[1] Г о р ь к и й М. Собр. соч. в 16 т. Т. 15. – М., 1979. – 159 ф.

Ис ахæм лæг хæхты:
Фæдзурдзæн дын номгай æнæсгæрст къуыбыртæ,
Æрисдзæн дын мæсгуыты тулдзын гуыдыртæ,
Фæкæндзæн дын таурæгъ æнæном лæгæтыл,
Æнæаххос уды маст,
Хъайтары мæлæтыл…

Цард ахæмтæй фидауы. Хæхтæ ахæм сыгъдæг удыл æнцой кæнынц. Ахæм сыгъдæг уд сæ рæсугъд кæны. М. Горький йæ хъайтары дзыхæй уымæн загъта: «Надо уважать человека! Не жалеть… не унижать его жалостью… уважать надо!»[1] Дзаболайы-фырт фæндвидар уымæн у: «Цæудзынæн мæ къæхтыл Ныфсджынæй – цы бонмæ Уа ахæм лæг хæхты!»

Уымæн æмæ ахæм адæймæгтæ сæ уæздан ахаст, сæ хуымæтæг æмæ рæсугъд удыхъæд, се ‘ргом æмæ райсбавæрд дзыхыдзырдæй, сæ райгуыræн уæзæгыл кæй цæрынц æмæ кæй бафтдзысты, уый цинæй рухс кæнынц адæймаджы зæрдæ, æвзæрын æм кæнынц царды тых.

Æмдзæвгæ амоны, нæ хæхбæсты, нæ райгуыræн къуымты цы фарн æмæ æгъдау баззадис, адæймаджы чи рæсугъд кæны, нæ уыцы æгъдæуттæм цæмæй куыдфæндыйы цæстæй ма кæсæм, фæлæ сæ кæнæм хъæздыгдæр æмæ рæсугъддæр. Уыцы хъуыдыйæн та кæддæриддæр йæ хъомыс у æнæмæнгхъæуæг æмæ ахсджиаг. Уæлдайд тыхджындæр хъæуы рæзгæ фæлтæрты. Уымæ гæсгæ йæ нысаниуæг у стыр.

Афтæ чи дзурынц, зæгъгæ, кæм агуræм ахæм цæвиттойнаг адæм, уыдонæн А. Макаренко раджы сдзуапп кодта йæ зындгонд уацмыс «Педагогическая поэма»-йы: «Настоящих людей? Это не так мало, черт его подери!»[2]

Цъус нæм нæ уыд, XX-æм æнусы Компартийы сидтытæ поэтикон хуызы раваерынмæ чи хъавыдысты, сур æмæ декларативон лозунгтæй аивад

[1] Уый дæр уым.
[2] М а к а р а н к о А. С. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – М., 1987. – 360 ф.

аразыныл сæ тыхтæ чи хардз кодтой æмæ ма иннæты дæр чи ‘фхæрдтой, ахæм ирон фысджытæ. Фæзмыдтой сæ кæстæртæ. Уый тыххæй Дзуццаты Хадзы-Мурат афтæ загъта: «Дзырд дæр ыл нæй, советон дуджы нæ фысджытæ се ‘ппæт дæр уыдысты трагикон удгоймæгтæ. Сæ трагеди кæнгæ у сæ уавæрæй: иуæрдыгæй ис царды рæстдзинад, адæймаджы рæстдзинад, реалон рæстдзинад, иннæрдыгæй – идеологийы рæстдзинад, утопион, иллюзорон рæстдзинад, ома, мæнгдзинад. Кæд фыццаг рæстдзинад æвдисай, уæд дын бар нæй æмæ фыссæг уай, адæм дын аргъ кæной, сæ цæсты зынай æмæ ахадай. Кæд дыккаг рæстдзинад æвдисай, уæд – табуафси! – ис дын уæрæх фæндаг кадмæ, адæмы уарзт æмæ фарнмæ, ис дын фадæттæ цæрынæн æмæ кусынæн».[1] Æмæ йæ хъуыдыйы ис йæхи рæстдзинад, кæд бынтон раст нæ уыд æмæ нæу, уæддæр. Уымæн æмæ, цы рæстæджы кой кæны, йæхæдæг дæр уæд скад кодта йæхицæн, афтæмæй нын уырнын ласта йæ хъуыды: «Октябры революцийы æгъуыстаг цæлхъытимæ Ирыстонмæ æрцыд Ленин – стыр фæтæг, стыр ахуыргонд æмæ стыр адæймаг. æрцыд барджынæй, кадджынæй æмæ дзы æрцард ænустæм».[2] Ирыстон æмæ ирон адæмы, стæй дунейы адæмы æнтыст дæр баста Ленины райгуырдимæ: «Ленины номимæ Ирыстоны фæллойгæнджытæ революцийы карз тохты дæрæн кодтой се ‘фхæрджыты, æвæрдтой социализмы бындуртæ, айнæг къæдзæхтау лæууыдысты немыцаг фашисты ныхмæ æмæ ныртæккæ се ‘ппæт хъарутæ дæттынц коммунизмы арæзтадæн».[3]

Уыцы хъуыдыйыл хæст уыд уыцы рæстæджы Хъодзаты Æхсар дæр: «Ленин, Парти, Революции, Фыдыбæстæ… Адонæн сæ нысаниуæг цас стыр у, цас сыгъдæг æмæ уаз у, уыйас хъавгæ, уыйас арæхсгай сыл хъуамæ кæнæм фысгæ дæр. Ахæм темæтæм æбæрнон цæстæй чи кæсы, былалгъæй тых-тухитæ чи кæны, уыдон тыххæй хорз загъта М. Кульчицкий: «Я бы запретил декретом Совнаркома писать о Родине бездарные стихи».[4]

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 154 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Удыгæстæй удыгасдæр. – Цхинвал, 1969. – 3 ф.
[3] Уый дæр уым, 3 – 4 ф.
[4] Хъодзаты Æхсар. Афæдзы фæллой // Авторты коллектив. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 23 ф.

Хазби йæ радтæг зæхх нæ дæр идеологийы тыххæй уарзта, нæ дæр стыр бынаты, нæ дæр ын коммунизм аразыны тыххæй хъуыста йæ туджы цæфмæ. Уымæ йæ разæнгард кодта йæ удыконд, йæ хъомылад. Уыдон æй æфтыдтой зæхх хи удау уарзын, хи туг-стæджы ахаст æм дарын. Уыдис, Николай Рубцов поэты куыд хуыдта: «…носители и выразители поэзии, существующей в самой жизни, – в чувствах, в мыслях, настроениях людей, в картинах природы и быта».[1] Цгъойты Хазби журналист А. Брагины 1979-æм азы, газет «Комсомольская правда»йы ныммыхуыргонд уацыл æнцойгæнгæйæ, Дзаболайы-фырт æмæ Рубцовæй уымæн зæгъы: «Базонгæ сты Мæскуыйы – ахуыр кодтой (М. Горькийы номыл Литературон институты) иу рæстæджы. Сæ кæрæдзийы базынд сын суæвæн уыд иннæ бирæ зонгæты хуызæн. Фæлæ мæнмæ афтæ кæсы, дыууæ поэты ‘хсæн рауад æмсæр, æргом ныхас. Æмæ сæ дыууæмæ дæр, сæ «чысыл райгуырæн уæзæгтæй» дард уæвгæйæ, уыцы иу рæстæг равзæрдысты мысæн æнкъард хъуыдытæ. Æмæ цыма уалдзыгон ивылд дæттæ ауæзт атыдтой, уыйау кæрæдзимæ ныггуылф кодтой дыууæ уды рæсугъд уæлмонц æнкъарæнтæ. Уыцы гуылфæнтæ равзæрдысты Вологдæйы зылды суадæттæ æмæ Ирыстоны знæт хæххон цæугædæттæй…»[2] Æмæ йын уый йæ дзырд кодта, зæрдæмædзæугædæр, ахадгædæр:

Æрымысыдтæн
Стъалыты зынг-хуртуан,
Тыгъд арвы бын цъæх фæсалæй хуыссæн,
Сæнтсау хуымгæрон ауæдзæй ист гутон,
Æлвæст кардау – тæмæнкалгæ æфсæн…

Уый уыд фæсхæст.
Хæмпæл ныккæнды фæрсты

[1] В и к у л о в С е р г е й. Подснежники Николая Рубцова // Р у б ц о в Н ик о л а й. Избранное. – М., 1982. – 16 ф.
[2] Ц г ъ о й т ы Х а з б и. Дæ хæс цытджын æмæ егъау у / Рæстдзинад, 2006. – 15 апрель.

Зылд халасбæх, хуыррыттытæгæнгæ,
Дзырдта мæ фыд цæйдæр тыххæй йæ хъæстаг:
«Лæг кардхæстæн нæ райгуырди, бæргæ!..»

Рæудымгæ мигъты арвы риуæй марзта,
Ærдæгсыгъд стъалы ратахти ныллæг,
Æз тарбынмæ хъуыдытæгæнгæ кастæн:
«Уæдæ, цымæ, цæй тыххæй райгуырд лæг?»

Мæнмæ зынди,
Цыма сырх мæнæу тауынц
Ирон зиууæттæ æврæгъты æхсæн,
Æмæ хуыссы тæмæнкалгæ фæсауæдз
Ærдæгкъахыр мæй – хуымæйист æфсæн…

(«Гутон æмæ кард»)

Поэт æддæг-мидæг ауагъта ærдз – цард – дуг – тох – куысты стыр философон хъуыды æмæ нын фенын кодта, адæймаджы сæйраг нысан ацы зæххыл кæй сты фæллой æмæ фарн.

Т. В. Балашова XX-æм æнусы къæсæрыл францаг поэзийы тыххæй загъта: «В момент, когда усложнились представления человека о материи, социальной структуре, общественных классах, законах сознания и подсознания, поэзия считала себя обязанной выразить то, что не под силу другим видам искусства, – тончайшие нюансы формирующегося мироощущения нового века».[1] Æмæ уый аивадæн йæхи скондæй у афтæ: фердæхыны сæр кæм бахъæуы, уым поэзи аразæй вæййы, фенын кæны царды алыхуызон рассæнд-бассæндтæ, фылдæр хатт дугæн свæййы фæндагамонæг.

Аивад æрмæст кæлæнтæ нæ кæны адæймагæн, фæлæ йæ рухс фидæнмæ кæны йæ фæдыл. Поэзи чиныгкæсджытæн, уæлдайдæр, рæзгæ фæлтæрæн у

[1] Б а л а ш о в а Т. В. Французская поэзия XX века. – М., 1982. – 23 ф.

фæндагамонæг, стæй – царды тыхызмæлынгæнæг. Т. Балашовайы хъуыды бæлвырд у уæды дзырдаивады тыххæй: «…поэзия вступила в новый круг поисков, предлагала разные решения».[1]

Дзаболайы-фырты дуджы ирон поэзийы нæ поэттæй ахæм хъуыды дзæвгарæй ис зæгъæн æмæ уыдон раззагдæртæй уыдис Хазби. Æппынæдзух уыдис агурыны фæндагыл. Сæйраджы-сæйраг та – тынг хорз зыдта, цы агуырдта, уый. Ходы Камал дзы уымæн зæгъы: «Дзаболаты Хазби суанг хæрз æрыгонæй фæхæст поэзийы æфсургъы сыгъзæрин барцыл, йæхи нывзылдта йе рагъмæ, ауагъта йæ сфæлдыстады æгæрон æмæ гуыргъахъхъ тъæпæнтыл æмæ куыддæр æфсургъ йæ тæккæ гæппдугъыл фæцалх и, афтæ барæг асхъиудта æбæрæг æмæ раууаты дунемæ…»[2] Фæлæ, Хазби цы фæндагыл ацыд, уый ирон поэзийы йæхи цардуынынад, йæ поэтикон æрмдзæф æмæ зæлазæлдæй баззад Æрфæны фæдау. Æрмæст поэзийы нæ, адæймаджы хуымæтæг царды дæр афтæ алкæй бон нæ бавæййы.

Хазбийæн йе сфæлдисæджы цæст бауарзта уыцы курдиат, цæмæй, цы ‘мдзæвгæйы кой нæм уыдис, «Гутон æмæ кард», уым куыд сбаста цард йæ бирæ алынгæс, зæрдæйылæмбæлæг хуызтимæ, афтæ алыфарсонæй ныв кодтаид адæймаджы иууыл тынгдæр дисыфтауæг дуне. Æмæ йæ ныв дæр кодта, цæмæй йæ уарзæм тынгдæр:

Æз хæхты райгуырдтæн.
Хæххон зынгдзаст цæргæсы
Æууæнкджын сабыр тахт ис ме уæнгты мæнæн,
Зæйон уынæргъдимæ мæ дадзинты æнхъæвзы
Хæххон æхсæрдзæнты æнæсысгæ уылæн.

Мæ сонт æрбафыхты,
Мæ къæрцц-цæхгæр ныхасы

[1] Уый дæр уым.
[2] Х о д ы К а м а л. Рухс фæндтæ хæссæг // Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ, 2011. – 11 – 12 ф.

Ис дурты схъиуды хъæр, нæ донхауæнты нæрд,
Фæлæ мæ зæрдæйы, æнусон ирд налмасау,
Ис айнæг цъититы сыгъдæгдзинад æвæрд.

Уыцы сыгъдæгдзинад кæй уыдис поэтæн йæхи зæрдæйы дæр, уый йæ дзурын кодта аивадон æвзагæй, уыцы монц æй нæ уагъта цардæй кæронмæ æфсæдын. А. Блок йæ рæстæджы К. Бальмонты чиныг «Будем как солнце» схуыдта «книгой, единственной в своем роде по безмерному богадству».[1] Афтæмæй алы поэтикон уацмыс дæр йæхирдыгонау хъæздыг æмæ хæдхуыз куынæ уа, уæд ын уадиссаг кад никуы уыдзæнис. Хазбийы æмдзæвгæйы йæ уæлмонц удлæууæнтæ, йæ æрдзон нывæфтыдтæ æмæ «къæрцц-цæхгæр ныхасы» æрмæст «дурты схъиуды хъæр», «донхауæнты нæрд», хъæлæсты æмзæлд æмæ алыхуызон поэтикон аивтæ нæ хатæм, фæлæ дзы уынæм, æрдзы æвæджиаг æвæрæнтæй нын Хазби кæй систа, лирикон хъайтары – поэты зæрдæйы куыд æвæрд у «цъититы сыгъдæгдзинад», уый æххæстæй æмæ тыбар-быбургæнгæйæ.

Нæхæдæг – æвдисæн, Хазбийы ацы æмдзæвгæйæн дæр кæй ис йæхи композици, йæхи архитектоникæ æмæ уый тыххæй здахы йæхимæ бирæ чинæкæсджыты цæстæнгас:

Æмæ хæххон кæсаг æрттивгæ тугдæппæлттæй
Куыд тындзы их-къæйтыл цъæх суадæтты сæрмæ –
Уæрæхуынг горæттæй,
Æнæзмæлгæ пырх дæттæй
Мæн ласы урс хæхтæм мæ хохбæстаг зæрдæ.

Уый тыххæй Нафийы хъуыды фидар æмæ æргом у: «Так он представлял себе мучительно трудное и в то же время радостное служение

[1] М а к о г о н е н к о Д. Г. К. Д. Бальмонт: цард æмæ хъысмæт // Б а л ь м о н т К о н с т а н т и н. Избранное. – М., 1990. – 15 ф.

поэтическому искусству».[1] Йæ бон нæ уыдис уырдыгæй иппæрд уæвын, искуыдæм дзы æвæлмон цардмæ фæцæуын. Зæгъæн ис, уыцы æнкъарæнтимæ райгуырд æмæ йæ тынг куы бафæндыдаид, уæддæр йæ удыхъæд тыхæй аивын дæр нал бауыдаид йæ бон.

Æз хæхты райгуырдтæн.
Нæу ме сфæлдыст мæ бæстæ,
Фæлæ æппынфæстаг дзуапп чи ратдзæн бæстон:
Хъæуынц къæй-риу хæхты – æндонбазыр цæргæстæ,
Æви хъуыд цæргæсты – къæй-риу хæхты бæрзæнд?!
(«Æз хæхты райгуырдтæн»)

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Поэзи у адæймаг йе ‘ппæт цинтæ æмæ хъыгтимæ, йæ зæрдæйы алыфарсон вазыгджын рæстдзинадимæ. Поэзи ис, адæймаг æмæ рæстæг цæмæй цæрынц, уыдонæй алцæм дæр».[2] Æмæ бæлвырд у, Дзаболайы-фырты йæ уд цæмæн скъæфта йæ радтæг зæхмæ, йæ райгуыræн уæзæгмæ. Уырдыгæй йæм æндæвтой поэзийы хъарм тынтæ. Æнæ уыцы хъарм тынтæ цæрын нæ уыдис йæ бон. Уырдыгæй йæм худт йæ цардамонд. Æмæ йын йæ уыцы уацмыстыл уæлæнгæйтты куы ахæссай дæ цæст, уæддæр æнæфæхатгæ нæ фæуыдзынæ, поэт сæ кой куыд уарзгæйæ, куыд арæхстгай кæны.

Зæрдæйæ цы цæуы, уый искæй зæрдæмæ дæр бахъардзæнис. Æмæ йын йæ уацмыстæ кæсгæйæ адæймаджы нал фæфæнды Хазбийы хуымæтæг, – куы бахъæуы, уæд дурæйлæмæрст дæр, – дзырдтæй нывæст зæланггæнаг зæлтæй, кæлæнгæнæг фæлгонцтæ æмæ ахсджиаг дзуринæгтæй фæхицæн уа, уый.

Афтæ у «Хæххон кæсаг». «Æнусон цъитийы хъæбысæй Дон, арвæй рахаугæ рæхысау, Цъæх их-цæмтæ Æмæ фынк хæсгæ, Кæм хауы арф комы хъæлæсмæ», – уырдæм хуымæтæджы нæ дзуры хæххон кæсагмæ:

[1] Джусойты Нафи. Слово о друге // Дзаболаты Хазби. Обелиск и всадник. – Владикавказ. – 101 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 150-æм фарс.

Уым –
Ихсыд айнæджы къæй тигъты̆л
Æмæ тызмæг уылæнты здыхсты –
Дæ фæрстæ тугхъулон куы сысты,
Уæд цъити-бæрзæндты̆л цы сгарыс?
Дæ уд цыхцырджытæм цы хъарыс?
Дæ зæрдæ ног рæттæм æхсайы?
Æви дæ мигъты̆ риумæ сайы
Æнцонæй цард?

Хæххон кæсагæн алцы дæр зындгонд у: уылæнтæн сæ хъомыс кæм сæфы, «æнцад мæлттæй кæм лæсы», уым хуыдзых æмæ тъепа удæнцонæй кæнынц лека, фæлæ, йæ агуырды йæ фæрстæ тугхъулон кæмæн сысты, иу фыдбылызы фæстæ иннæ фыдбылызы чи скуысси вæййы, уыцы хæххон кæсаг хуыдзыхты мыггагæй нæу. Йæ уды æнцойæн æй нæ хъæуы цард. Агуры ног бæрзæндтæ. Хизы сæм æхсæрдзæн-тагыл дæр тугхъулæттæй, кæд æнæсгæрст алæмæттæ ссарид. Уымæй у поэтæн йæхи хуызæн. Сæрибар цардмæ сыгъдæг цæсгомæй тырнынæй дæр, йæ цардуарзонæй дæр. У символикон æмæ психологон, рухсхæссæг æмдзæвгæ.

Хазбийы уацмыстæ нæ сæ фæдыл, цыма нын кæлæнтæ счындæуыд, сæ аивтæй, сæ цардбæллонæй фæсайынц иу бæрзæндæй иннæмæ. Мамиаты Изетæ уымæн зæгъы: «Дзаболаты Хазбийы поэтикон музæ, хæххон суарау, уыди карз æмæ абузгæ, цъитийы цæссыгау – ирд æмæ сатæг, мидыскондæй – æргом æмæ æнæхин».[1]

«Хæххон суарау карз æмæ абузгæ, цъитийы цæссыгау ирд æмæ сатæг», «æргом æмæ æнæхин» поэзийыл йæхи ничи атигъ кæндзæнис: йæ хъуыды йæ куынæ ахса, уæддæр æй зæрдæ æрхион кæндзæн. Хазбийы дзырдаивад алы

[1] Джусойты Нафи, Мамиаты Изетæ, Хъазиты Мелитон. Ирон литературæ. 11-æм къласæн. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 77 ф.

фæлтæртæн зæрдæскъæф у. Адæймаг дзы нæ фæлмæцы. Æфтауы нæ рухс æмæ размæ тырныны бæллицтыл:

Лæг ныууызта гæппæввонг йæ авдæн
Æмæ сфæнд кодта й‘ артæнтæй афтын…
Барызт уæлдæф.
Сæуæхсиды худтыл
Абадт атомы ‘ртхутæг…

Фæлæ салд митыл,
Уафсты хъыс-хъысы,
Сонт æнусы зæрдæйы змæлд хъуысы,
Мысынц къæхтæ хуымон зæххы хъарм фæд,
Æмæ къахдзæфгай
зæрдæты тæгтæ
Дзурынц уарзтыл фæдисон фæндæгтæн,
Сурынц дунейæ тар фæд.
Растдæр кадæг
Фæндаггон æууæнкыл:
Зæлы къахуынæр
Сау зæххы уæнтыл!
(«Къахуынæр»)

Æмæ цасфæнды къахуынæрты ‘хсæн дæр нæй фæивддзаггæнæн Хазбийы къахуынæræн. Нæ ирон адæм æмæ поэттæй афтæ кæй дзырдта: «Кæсынц æрмæст нæхи, уырыссаг, стæй нæ бæстæйы фысджыты нæ, фæлæ æнусты дæргъы зæххы къорийыл цы стыр аивадон хæзнатæ арæзт æрцыд, уыдон дæр. Уымæ гæсгæ ныртæккæ ирон поэтæн нæй, дунейон литературæ нæ зоныны æмæ, рæстæг поэзийы раз цы домæнтæ æвæры, уыдон не ‘ххæст

кæныны бар»,[1] – уымæй уынæм, поэт чиныгкæсджыты раз йæхиуыл цы хæс æвæрдта, куыд бæрнджын уыдис æмæ нæ хæс у тырнæм, уыцы хæс æххæст кæнын йæ къухы куыд æфтыдис, уый рафæлгъауынмæ.

Йæхимæ бæрнон цæстæй чи кæсы, уымæн æнæ бæрзонд уæвæн нæй. Æмæ хъуыды ахсы, кæм «…сæфы уылæнтæн сæ хъомыс – Кæм феуæгъди дон комæй фæзы, Æмæ æнцад мæлттæй кæм лæсы, Уым ставдбыл хуыдзых Æмæ тъепа Кæй кæнынц удæнцойæ лекка», уым Хазбийы хæххон кæсаг, «Æнусон цъититы хъæбысæй Дон, арвæй рахаугæ рæхысау, Цъæх их-цæмтæ Æмæ фынк хæсгæ, Кæм хауы арф комы хъæлæсмæ, Æдзæм цæндтæй кæм бадынц мигътæ, Уым – Ихсыд айнæджы къæй тигътыл – Æмæ тызмæг уылæнты здыхсты» йæ фæрстæ тугхъулон кæмæн сысты, уыцы цъити-бæрзæндтыл цы сгары, уый («Хæххон кæсаг»). Фæлæ йын уый хъысмæты гакк у æмæ йæ тынг куы фæнда, уæддæр дзы нæй искуыдæм хи айсæн.

Удгоймагæн йæ зæрдæйы бæллицтæ ныгæнын мæлæтæмсæр у: «Дæуæн дæ бон нæу, æрдз дын цы радта, уымæй егъаудæр курдиат райсын, фæлæ дæ бон у раст уæвын, дуджы æцæгдзинад нæ фæгалиу кæнын. Ма рацу дæ зæрдæйы ныхмæ! Цъитийæ гуырд æхсæрдзæнæн фæстæмæ цъитийы сæрмæ здæхæн куыд нæй, афтæ поэзийы дæр нæй зæрдæйы ныхмæ цæуæн…»[2]

Æцæг поэт æмæ лæгау-лæгæн куыд æмбæлы, афтæ Хазби нæ цыд йæ зæрдæйы æмæ царды рæстдзинады ныхмæ. Уый нæ, фæлæ, куыд уынæм, афтæмæй æппынæдзух уыдис рæстдзинады сæрыл тохгæнæг хæстон. Хадзы-Мурат дзы сæрыстыр уымæн уыд: «Хазби æмбары дунейы зынаргъдзинад, лæг ын зонгæ уа æви æнæзонгæ, уæддæр ын у йæ зæрдæйы иу цахæмдæр хай, æнкъары йемæ йæ иудзинад, йæ тугхæстæг».[3] Уыцы тудхæстæг ын нæ дæтты ныллæг лæууыны бар. Ходы Камалы загъдау: «Куыд кафай Мæнæ карды комыл Къахкъухтыл, Æцæг поэтæн Афтæ у йæ куыст».[4] Æмæ уыцы куыстæй нæ поэт никуы тылиф кодта йæхи. Уый тыххæй йæм уыдис фаг хъару æмæ

[1] Дзаболаты Хазби. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 335 ф.
[2] Дзаболаты Хазби. Зæрдæйы суадон // Авторты коллектив. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 63 – 64 ф.
[3] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 154 ф.
[4] Ходы Камал. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 80 ф.

поэтикон дæсныйад. Куынæ йæм уыдаиккой, уæддæр сæ ногæй ссардтаид йе ′нувыд фæллойы руаджы. Æцæг поэты удыхъæд афтæ у.

Хазбийы хуызæн хъæууон адæймаджы, уæлдайдæр, курдиатджын поэты сыгъдæг уд, парахат зæрдæ æмæ бадт зондыл хъуыдыгæнгæйæ, адæймаджы тынгдæр агайынц йæ хъуыддæгтæ. Кæд уæхскуæз куыстыты арвыста йе ′взонджы бонтæ, кæд дæрддзæг рухсмæ арвыста йæ рагбонтæ, «поэзи сси йæ бардуаг» йæ амондæн, уæддæр ын «рог цин бухъзæрдæ цард не ‘рхаста» («Уæхскуæз куыстыты арвыстон мæ рагбонтæ…»). Уæддæр нæ уый, йæхиау, нæ хъыгдары поэты цинаг зæххыл райынæн:

Хъæуы кæрон,
Æфсондзæй уæгъд галау,
Уадзы комытæф-фæздæг æнæкъæм цъæх арвыл
Мæ ныллæг гуырæн къуым – мæ рагбонты галуан,
Мæ кæддæры хъарм фын.
Фалдæр хуымы сæр ауæдзы сагъдæй
Гутон ивазы хурмæ йæ къухтæ…
Лидзынц бæлæстæ дымгæйы загъдæй,
Гом хихтæй йын æвзидынц йæ хурхмæ…

Æмæ уон æз кæмфæнды – мæ цæстыл
Уайы уыцы фæлмæн ныв æдзухдæр:
Здыхсы арвмæ мæ дард къæсæй фæздæг,
Гутон ивазы хурмæ йæ къухтæ…

(«Райгуырæн къуым»)

Малиты Васо ирон поэзийыл дзургæйæ зæгъы: «…æмдзæвгæ дæ зæрдæмæ цæуы, æхсызгонæй йæ кæсыс, фæлæ æвиппайты, цыма дæ къах цæуылдæр скъуырдтай, уыйау фæкъуыхцы дæ: йе дзырд йæ бынаты нæ лæууы, йе уæлдай у, йе та искæцы рæнхъ хорз арæзт нæу… Автортæй

бирæтæ æвзаг, куыд æмбæлы, афтæ не ‘нкъарынц».[1] Фæлæ уыдонæй, ахæм згъуыдтæй Дзаболайы-фырты уацмыстæм зæрдæхсайæн кæй нæй, сæ хорз миниуæг уый у. Йæ дзуринæгтæ кæд алыхуызæттæ уыдысты, уæддæр цыдысты йæ зæрдæйы арфæй æмæ афтæ арф уымæн хизынц йæ иузæрдыг чиныгкæсæджы зæрдæмæ.

Поэт Ходы Камал кæд къæмдзæстыгæй зæгъы: «Æй-джиди, Кæй дзыхæй схауы Зæрдылæмбæлгæ дзырд!» кæнæ «Цæндæвæрд обрæзтæ Мæн цъус æндавынц», – уæддæр уый у æрмæстдæр поэикон фæрæз, ирон къæрццгæнаг дзырд йæ мады ‘хсыримæ бададта, йæ туджы цавды уыдис ныййарджыты уарзтимæ, йæ удæй уагътой рухс тынтæ æмæ бæласæй адæм куыд «…скæнынц Авдæнтæ Æмæ Марды чырынтæ»[2] («Æмбисæхсæвы монолог»), – афтæ Хазбийæн аив дзырд уыд йæ зæрдæйы цин æмæ уарзт, йæ уды рис æмæ утæхсæнæн æвдисæн. Æмæ уыцы ахаст тынг ирдæй раргом ныййарæгмæ йе ‘нкъарæнты. Нафи цæйау дзуры: «Къæвда боны лæппын, æнæбон маргъау, Мæнæн мæ ахстон мады зæрдæ уыд»,[3] – уыйау йе стырдæр æнцæйттæ басгуыхтысты йæ цардцух мад æмæ, кæд нæм фыдыл уыйбæрц зæрдæзæгъгæ æмдзæвгæтæ нæма ис, уæддæр, йæ фыд. Фæлæ мады фæлгонц никуы сæфтыд йæ зæрдæйæ:

Тæригъæд, чи амæлы, уый у,
Æгасæн бирæ ис фæрæзтæ…
Мæ мад!
Мæн астаздзыд лæппуйæ
Фæстаг бон хъæубæстыл фæдзæхстай…

Бар-æнæбары зæрдыл æрбалæууы Дзасохты Музаферы автобиографион уацау «Урсдоны былыл Бæрæгъуын…» Лирикон хъайтары мад Дзыццайыл фыдбылыз куы сæмбæлы, куы базоны, æрхæццæ йæ царды фæстаг уыcм,

[1] М а л и т ы В а с о. Рæстдзинады тæразыл // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 50, 53 ф.
[2] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 62 – 65 ф.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Сабыр ныхæстæ. – Цхинвал, 1973. – 26 ф.

уæддæр йæ фæдзæхст вæййы, цæмæй йын йæ адзал уыцы æхсæв уæддæр ма зæгъой йæ уарзон хъæбулæн æмæ ма иу æхсæв уæддæр хата йæхи амондджын: «…ахсæв ын æй ма зæгъут, кæннод мæ зæрдæ исты кæндзæн».[1]

В. Белинский дзырдта: «Как бы ни была богата и роскошна внутренняя жизнь человека, каким бы горячим ключом ни била она вовне и какими бы волнами ни лилась через край, – она не полна, если не усвоит в свое содержание интересов внешнего ей мира, общества и человечества».[2] Цæмæй адæймаг дунейы, æхсæнады, адæймагады уды фарн исынæн уа, уый тыххæй уыцы бæрзонд æмæ æвæджиаг æнкъарæнтæ фыццаджы-фыццаг хъуамæ ныййарджыты сыгъдæг уарзтимæ рахæсса гуырцæй. Уыцы уарзт æм хъуамæ цæуа ныййарæджы рæвдыдимæ. Æмæ йын уый фæстæ, цыфæнды джиппы йæ æвæр, уæддæр йæхи æнæ раргомгæнгæ нæ фæуыдзæнис.

Музафер аив дзырды, аив хъуыдыйы фæрцы кæй кой кæны, уый алы æдзард мады фæдзæхст кæй у, уый уынæм Хазбийы поэзийы:

Сæрыстыр чи кæны йæхиуыл!
Йæ цардæй чи зæгъид: «Æгъгъæд у!..»
Фæлæ уыд иунæг мæт дæ риуы:
«Цы уыдзæн сидзæрæй мæ хъæбул!..»

Æз та æхсидгæ царды рæзтæн,
Æмæ кæд номдзыд лæг нæ рауад
Мæнæй,
Уæддæр нæ фæдæн раууат,
Æмæ дын бафидин дæ хæрзтæ.

Фæлæ куыд?..
Халас зæхх æмбæрзы…

[1] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Урсдоны былыл Бæрæгъуын…– Дзæуджыхъæу, 1981. – 136 ф.
[2] Б е л и н с к и й В. Г. Полн. собр. соч. в 13 т. Т. 4. – М., 1954. – 488 ф.

Хур арвгæрон ныгуылы мигъы…
Бæргæ дын балхæнин кæлмæрзæн,
Фæлæ ды нал æмбарыс ихæн…
(«Мæ мады ингæны уæлхъус»)

«Сатана – истинная мать народа, центр и средоточие нартовского мира»,[1] – нарты Сатанайы тыххæй загъта Абайты Васо. Фæлæ мады – Сатанайы фæлгонц цæры алы хъæбулы зæрдæйы дæр. Рæсугъдæй. Бæрзондæй. Æмæ йын æндæр искæмæй нæ вæййы баивæн. Æгæрыстæмæй, хуræй дæр, адæймаг йæ зæрдæйы арфы уымæ цасфæнды куы тырна, æмæ кæд тырнгæ дæр араех фæкæнæм, уæддæр.

Хазбийы зæрдæ æмæ хъуыдыйы йæ ныййарæг мад баззад диссаджы сыгъдæг æмæ ирд фæлгонцæй. Не ‘фсæст йæ койæ. Йæ уарзт ын æххæстæй нæ бавзæрста, афтæмæй не ‘фсæст йæ уарзтæй. Иу æмдзæвгæ йыл фæлдыста иннæйы фæстæ. Æмæ сæ алкæй дæр уыд йæхи дзуринаг. Æнæнхъæлæджы нæ фыста: «Адæймаджы сæрыстырдзинад, йæ уды сыгъдæгдзинад, царды хæс æмæ уарзондзинадыл хъуыдытæ, – афтæ у цыбырæй мæ дыккаг чиныг «Артдзæст»-ы мидис.[2] Æмæ уыцы хъуыды æрмæст йæ дыккаг чиныгмæ нæ хауы, фæлæ æмткæй дзуапп дæтты поэты сфæлдыстадæн.

Адæймагыл цæргæ-цæрæнбонты мады уд кæй сысы, йæ мад кæй вæййы йæ рахъомылгæнæг, афтæмæй уый номыл цæмæннæ фæфыссы йæхи: «Цымæ, уæдæ, йæ фыды ном куы фыссы, Уæд мады ном цæуыннæ фыссы лæг?..» («Мады ном цæуыннæ фыссы лæг?») – ахæм фарстытæ дæр æм уый тыххæй æвзæрдысты. Мадмæ йе ′гæрон уарзты тыххæй. Литвайаг зындгонд поэт Юстинас Марцинкявичус дзырд «мады» тыххæй цæйау загъта: «Нет, не успел я забыть, / как произносится это слово – / Древнее, будто жизнь, / Вечное, как человек. / Потому что мне ничего не осталось, / Кроме воспоминаний и этого слова».[3]

[1] А б а е в В. И. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982. – 22 ф.
[2] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Артдзæст. – Дзæуджыхъæу, 1963. – 2 ф.
[3] М а р ц и н к я в и ч у с Ю с т и н а с. Избр. произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1985. – 170 ф.

Уыцы дзырдæй Хазбимæ кастис хур, худтис æм цард æмæ дзы нæ зыдта æфсис, кæд ын ænæ мад цæрын зын уыдис, уæддæр. Æниу, мад кæмæн уыд, уыдонæн дæр, адæймагмæ дардмæ куыд фæзыны, афтæ ænцон цæрæн нæ уыд. Хостыхъоты Зинæ уымæн дзырдта: «Зын у, мæ дзыцца, зын, Нырма дæр царды сусæгтæ нæ зонын, Æрмæст мæ удæй зарджытæ фыссын, – Дæ кæлмæрзæны лæгты рæгъы згъорын…»[1]

Алкæмæн йæ дзуринаг – йæхи фæндиаг. Дзаболайы-фырт искæй амондмæ хæлæг никуы кодта, кæд царды хæллæггаг цъус нæ вæййы, уæддæр. Æрмæстдæр бæллыдис, йæ мады рухс фæлгонц уынынмæ:

Мах фембæлдыстæм цардæфцæджы тигъыл,
Фæлæ фæзынд нæ дыууæйы ‘хсæн арæн:
Дыргъ-дидинæг, дæу стыдта азты ихæн,
Дæ хъарм ныууагътай ног дыргъы æвзарæн,

Ды бацъынд дæ. Æрвон рухсы уындимæ
Æз бавзæрстон зæххон хъыгты мæстагдæр:
Сывæллоны фыццаг цъæхснаг куыдимæ
Æрдз фехъуыста ныййарæджы фæстаг хъæр…

Нæ зыдтон дæу. Фæлæ цы ссардтон номдзыд
Сыгъдæгдзинадæй ацы зæххы сурыл,
Æз сæмбырд кодтон уыдон иу фæлгонцы,
Æмæ дзы снывæзтон мæхинымæр дæ сурæт,

Куы райдайынц сылгоймагæй æппæлын,
Уæд æм дæу æнхъæл фенынмæ фæбæллын.

(«Мæ мадмæ»)

[1] Хостыхъоты Зинæ. Цинн æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 95 ф.

Уыцы фæлгонц поэтæн уыд æвæджиаг. Никæй бон у, мады фæлгонц ын искæимæ абара, искæмæй йын æй баива. Ахæм ничи уыд æмæ ничи ма ис. Йæ рæстæджы К. Бальмонт дзырдта: «Говорил ли когда-нибудь кто-нибудь о Тургеневе верно, когда он жил своей одинокой жизнью? Был ли у него какой-нибудь истинный друг, стоявщий с ним в ровень? Я этого не думаю».[1]

Хазбийæн иу æрдхорд нæ уыдис, уый зæгъæг нæ дæн, фæлæ нæм йæ царды тыххæй дæр, йе сфæлдыстады тыххæй дæр иу, къухмæ райсын, искæмæн æй равдисыны аккаг монографи кæй нæма фæзынд, йæ дзуринæгтæн, айсбергау, се стырдæр, сæ цымыдисондæр хæйттæ доны бын кæй сты æмæ сæ кæй нæ уынæм, уый тыххæй афтæ зæгъын, мæхицæн дæр уайдзæфгæнæгау. Джусойты Нафи[2] æмæ Ходы Камал[3] Хазбийæн йæхи чингуыты фæсныхас æмæ разныхасæн фæйнæ чысыл уацы ныффыстой æмæ йæ юбилейты газетты (нæ журналтæ ахæм хæсæй сæхи раджы ссæрибар кодтой) поэты тыххæй уац куы бахъæуы, уæд та уыдон цæттæйæ фелвасынц æмæ сæ атъæпæн кæнынц газеты фарсыл,[4] кæнæ – чиныджы фарсыл дæр.[5]

Ис ма йыл иу-цалдæр уацы, фæлæ нæ талф-тулфы никуы равдæлы фыссæджы зæрдæмæ ныккæсын, йæ уацмысты арфмæ йын нывналын. Æфсон нæ вæййы, – нæ авналæнтæ нын уый фадат нæ дæттынц, – æндæра-иу, æвæццæгæн, аив дзырды дæсныйы дзуринæгтæй истытæ раргом кæнын æнæмæнг бафтид нæ къухы. Ноджы Цгъойты Хазби йæ уац «Дæ хæс цытджын æмæ егъау у»-йы уырыссаг поэт, Хазбийы хæлар Николай Рубцовы амæлæтимæ параллель саразыны тыххæй дзырддаг кæны поэты амæлæн бон: «Сæ дыууæ дæр фæмард сты иу æхсæв. Дзаболаты Хазби – 1969 азы 19 январы, Николай Рубцов та – 1971 азы 19 январы».[6] Афтæмæ æндæр æрмæджытæй та зонæм, Хазби кæй фæзиан бонраздæр. «Писатели Северной

[1] Бальмонт Константин. Избранное. – М., 1990. – 558 ф.
[2] Джусойты Нафи. Слово о друге // Дзаболаты Хазби. Обелиск и всадник. – Владикавказ, 1970. – 99 – 104 ф.
[3] Ходы Камал. Рухс фæндтæ хæссæг // Дзаболаты Хазби. Уацамонгæ. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 3 – 9 ф.
[4] Джусойты Нафи. Слово о друге / Северная Остия, 2001. – 14 апрель; Ходы Камал. Рухс фæндтæ хæссæг / Рæстдзинад, 2006. – 15 апрель; 2011. – 9 июнь…
[5] Ходы Камал. Рухс фæндтæ хæссæг // Дзаболаты Хазби. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 5 – 12 ф.
[6] Цгъойты Хазби. Дæ хæс цытджын æмæ егъау у / Рæстдзинад, 2006. – 15 апрель.

Осети» йæ фæкарздæр кодта: «Умер Дзаболов 28 января 1969 г.»[1] Æцæг æй фæстæдæр, кæд ын йæ райгуырæн аз 31-æм азмæ мæ ахастой, уæддæр ын йæ мæлæн бон бараст кодтой.[2] Афтæ зæгъы йæ хæлар Хъодзаты Æхсар дæр: «Къулдуары цур ныл Цæрукъаты Таймураз амбæлд æмæ йæ цæссыгтæ сæрфгæйæ загъта: «Ахицæн». «Оу, Хазби», зæгъгæ, ма Камалы богъ айхъуыстон, стæй мын мæхи хъуыр дæр кæуын ахгæдта.

Уый уыди 1969 азы 18 январы (сабаты)».[3]

Хазбийæн мæнг ныхас цыфæнды фæлгонцы тыххæй дæр æцæгæлон уыдис. Йæ амæлæн бон дæр ын нæ хъæуы дзырддаг кæнын.

Мадмæ, æмткæй сылгоймагмæ Дзаболайы-фырты ахаст уыдис аив. Хазби сылгоймаджы афтæ бæрзонд æвæрдта æмæ йæ цуры царды иннæ диссæгтæ æмæ тæмæссæгтæ ницы уыдысты æмæ сты.

Нæ ацы хъуыдыйæн ирд æвдисæн у йе ‘мдзæвгæ «Сылгоймаг»:

Æрбахызт хъазты фæзмæ худгæ
Æмæ цырен хъæрахст фæдæлдзæх,
Æваст æмдзæгъдгæнæг лæппутæ
Къуыхдзытæй райдыдтой мæнгæмдзæгъд…

Тырныдтой рохбаст риутæ размæ,
Дымстæй хъæрзыдта къаба рындзыл…
Къуызæгау усджын лæгтæ фарстой:
«Цымæ кæй чызг у уый… кæй чындз у?..»

Йæ фæдыл аивæй кæсгæйæ,
Фæлтæрдджын урсрихи зæрæдтæ,
Сæ къухтæн феуæгъдæй тæрсгæйæ,
Æнгом хæцыдысты сæ рæттыл!..

[1] К о л л е к т и в а в т о р о в. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992. – 286 ф.
[2] К о л л е к т и в а в т о р о в. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015. – 313 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 171 ф.

Цыбырты Людвиг зæгъы: «…у алан богиня домашнего очага была известна под названием *Æфсин*».[1] Хостыхъоты Зинæ сæрырыстыр æмæ ныфсджынæй уымæн дзырдта: «*Æз* – сылгоймаг, цардаразæг фарн дæн».[2] Хазбийæн ирон сылгоймаджы нысаниуæг ирон царды æнæзындгонд нæ уыдис. Алы æцæг хæдзарвæндагæй рацæугæ ирон дæр уыцы хъуыддаг йæ туджы хæссы. Уый тыххæй сфæлдыста Дзаболайы-фырт зæрдæагайæг «Гимн хæдзары æфсинтæн».

Поэтæн хорз зындгонд уыдис, сæумæцъыккæй «ацы талынг изæрмæ» хæдзары чи нæ уыд, уыцы фысым йæ хæдзармæ æрыздæхгæйæ «хъæуы уынджы æнæнхъæлгæ фембæлды «Цомут мидæмæ», – ныфсджынæй цæмæн хоны йе ‘мбæлтты – «тас нæу фæрссаг уайдзæф райсынæй: Уазæг буц уыдзæн – дары йæ зæрдæ». Æмæ, æцæгдæр, сæ фендæй æфсиныл ракаст хур:

– О, æгас цæуат, замманай уазджытæ! –
Æфсин цингæнгæ рауад сæ размæ,
Æмæ кæрты цывзыкъоппа уасджытæ
Хъусынц тарстæй йæ фæлмæн ныхасмæ…
Æфсин батылдта тагъд-тагъд йæ дыстæ…
Хыссæ, хаст фысау, арынджы рафæлдæхт,
Норст бæгæны цæрæнбонты арфæтæн
Зивæггæнгæ йæ хуыссæнæй сыстад,
Фынгыл дзагæй бæркадхъуыр графин
Æфсæрмгæнгæ рахид,
Нуры хъазгæ-æртхъирæнау дуды,
Нарст уæлибæх бæзджынбылæй худы,
Тулдз тæбæгъы æнæхъæнфых уасджытæ
Ракъуыпп кодтой сæ нард фæрстæ уазджытæм…

[1] Ч и б и р о в Л. А. Традиционная духовная культура осетин. – Владикавказ, 2008. – 484 ф.
[2] Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Сæууон æртæх. – Цхинвал, 1967. – 46 ф.

Карз сидтытæ…

Хæдзары æфсин та

Мидбылхудгæ æрлæууыд фæссимдау…

Афтæмæй æфсины уæздан ахасты фенæм ирон хæдзары фарн, æцæг бинонты уарзт, цывзыкъоппа уасджыты тарст… Фæлæ поэты уыдон иууылдæр хъæуынц ирон хæдзары æфсины удыхъæд равдисынæн. Æнæмæнгдæр æфсины удыхъæд равдисынæн. Цыбырты Людвиг зæгъы: «…под разными именами – Табити – Æфсин – Сафа – скрывается одно божество генетически родственных скифов, алан, осетин».[1] Хæдзар скæныны уый, Æфсин, сæйраг цæджындз вæййы. Ж. Дюмезиль, нарты Сатана чындзы куы ацыд, уæд уыйфæстæйы царды тыххæй афтæ загъта: «С этих пор она, можно сказать, становится душой рода и всех Нартов в целом, когда их интереси совпадают. Прекрасная, умная, предприимчивая, она – образец хозяйки дома, кавказкой хозяйки»,[2] – æмæ, Хазби Гимн цы хæдзары æфсинæн сфæлдыста, уымæ уынæм Сатанайы уды æууæлтæ йæ уæззау цардвæндагимæ. Нæ дзы рох кæнынц йæ ивгъуыд бонтæ. Рæзт сидзæрæй.

Нæй нæлгоймаг æрдæгконд хæдзары.
Æфсин бады – æхсæв дæр нæ хуыссы –
Зилы цалхы къуыдырæй æрмгуырой,
Дымгæ сойын цырагъмæ лæбуры,
Хæлдфын сабитæ къуымы дзыгуырæй
Скъæфынц цæстытæй къæлуайы бур рыг…

Къоста цæйау загъта: «Фыдæлтæй нын баззад Зæйы сæфтæн рад» («Зымæг»),[3] – уыйау нын фыдæлтæй баззад, хъуыд, нæ хъуыд, алыхуызон хæстыты, абон нæм сырдты балтау чи лæбурынц, уыдон сæрибарыл дæр,

[1] Ч и б и р о в Л. А. Традиционная духовная культура осетин. – Владикавказ, 2008. – 485 ф.
[2] Д ю м е з и л ь Ж. Осетинский эпос и мифология. – М., 1976. – 235 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 113 ф.

хъыгагæн, нæ сæртæ нывондæн хæссын. Æгæрыстæмæй, кæйдæр сæрыл нæ кæрæдзийы ныхмæ хæстыты дæр: «Кард бæрзонд фæхæссы ирон Æмæ ирон сæрæн – дзæхст!..»[1] афтæмæй хæдзардарæг кæм нал баззайы, уым сылгоймаджы талынгæй фæхъæуы «æрдæгцъæл хъæллæгътæ» æргъомæй хæссын. Царды алы фыдтыл йæ уд хæрын. Кочысаты Розæ кæд XX-æм æнусы райдайæны ныхъхъæр кодта: «Афон у махæн дæр сæрибардзинад агурын!»[2] – уæддæр, æнæхæдзардарæг, æгъдауджын сылгоймагæн йæ фыдæбон йæ къухæй никуы ахауы. Фæлæ куы айхъуысы: «Ссыди хæдзары дарæг!..» – уæд хæдзары æфсины цин хъæубæсты, фылдæрхатт комбæсты фаг дæр свæййы. Æмæ цæмæннæ, адæм кæй циныл нæ цин кæной, уый æххæст цин нæу. Æмæ сыл уацмысы автор зæрдæдзагæй кæй райы, номы сидтытæ кæй дарддæр кæны, уый алкæй дæр бауырндзæнис:

Номы сидтытæ…
Айсут мæ сидт дæр,
О нæ Иры хæдзары æфсинтæ!
Ут æнæниз цæрæнбонты дзагкъухæй,
Цины куывдты фæкæнут хъæуваг тухæн,
Ма фæхъуызæнт уæ къæбицтæм зинтæ!

Дзаболайы-фыртмæ сылгоймаджы уды фарн афтæ тынг кæй хъардта, уый, зæгъæн нæй, æрмæст йе ‘дзард мады уарзтæй цыд. Поэзи æмæ мады хъысмæты тыххæй Сергей Орлов загъта: «Только поэзия, с присущей ей силой сердечности и такта, способна, не произнося громких слов, достойно поведать о материнской доле, которую «вряд ли труднее сыскать».[3] Æмæ мады тыххæй Хазбийы поэзи кæд уыцы æнкъарæнтæй едзаг у, уæддæр æм къаддæр бынат нæ ахсы фыды фæлгонц. Чи зоны, кæмдæр ивы мады фæлгонцы дæр. Уый тыххæй поэт йæхæдæг афтæ загъта:

[1] П л и т ы Г р и с. Рагон Ир // Мах дуг, 2013. – № 10. – 11 ф.
[2] К о ч ы с а т ы Р о з æ. Нæ иры чызджытæм / Ног цард, 1907. – № 3.
[3] О р л о в С е р г е й. Это было давно // Д у д и н М и х а и л. Стихотворения. Поэмы. – Л., 1970. – 15 ф.

Кæддæр мын-иу исты куы радта мæ фыд,
Мæ мадмæ уæд цингæнгæ уадтæн.
Зыдтон æй: кæд истæмæй уон æз рæвдыд,
Уæд ме ‘мцин кæндзæни мæ мад дæр…

Фæлæ мыл куы æрцыд ыстыр хъыджы бон, –
Куы баззадтæн сидзæр мæ мадæй,
Мæхи уæд мæ фыдмæ нылвæстон æнгом,
Уыд афтæмæй къаддæр мæ катай…

Æмæ уый ænæнхъæлæджы нæ уыдис. Маст иунæг адæймагмæ хъавы. Иунæгыл алчи дæр, хъыгагæн, тых у. Цыфæнды бонкалд уæд. Адæм уымæн акæнынц: «Мæстджынæй галуаны цæрыны бæсты ænæмастæй кауын къæсы цæрын хуыздæр у».[1] Уд цæфхадæй сæфтæджы æхсæн амæлттæ агурынмæ диссаг кæй у, æмæ XX-æм æнусы фæудмæ ærдзон фæрæзтæ дзæвгар кæй фæкъаддæр сты, уæддæр адæймагад кæй нæ фæтыхст, уый тыххæй физикон-математикон зонædты доктор, профессор Къусраты Анатоли афтæ зæгъы: «…человечество сумело изыскать принципиально новые ресурсы огромного значения и важности – ресурсы человеческие, информационные и технологические».[2]

Адæймаджы маст цæвæнтæ фæкæны, йæ алыварс ныфсы мæсгуытæ куы нæ уой, уæлдайдæр, цæугæ мæсгуытæ, уæд. Ахæм дуджы хъуыды зоны æмпылын. Æмæ рæстæгыл фæхъæуы зæрдæмæ хæстæг адæймæгтæй фидар удæнцой агурын. Уæдæ, диссаг нæу, Дзаболайы-фырты лирикон хъайтарæн йæ фыд кæй ссис ныфсы мæсыг. Фæлæ йæ ærцардта, адæймаджы фарсмæ æппынædзух чи вæййынц, уыцы æмбæлттæй кæй нæ фæиппæрд, уый:

[1] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 291 ф.
[2] К у с р а е в А. Г. Дорогу осилит идущий… – Владикавказ, 2003. – 83 ф.

Æмгæрттимæ дарддæр уæхски-уæхск цыдтæн.
Мæхи-иу мæхинымæр фарстон:
Мæ цин, йе мæ хъыджы бон искуы мæнæн
Куы ничи æрлæууид мæ фарсмæ,

Мæ цин уæд цы уаид? Кæд фæуид мæ хъыг,
Кæдмæ згъорид рустыл мæ цæстыты сыг?
(«Кæддæр-иу мын исты куы радта мæ фыд…»)

Уый у бонзонгæ, куырыхон адæймаджы хъуыды. Ахæм адæймæгтæ вæййынц уæлæрвтæй кургæ. Уымæй дæр сæ кæнæ радтынц, кæнæ – нæ. Ахæм гуырды тыххæй Джыккайты Шамил дзырдта: «Уый у стъалыджын арвы хуызæн. Алчи дæр æм кæсы æмæ йын дис кæны йæ фидауцыл, фæлæ йын йæ сусæгдзинæдтæ стæмтæ иртасынц».[1] Хазбийæн йæ алæмæтон курдиаты фæрцы йæ бон уыд адæймаджы – йæ радтæг адæмы зæрдæйы сусæгтæ иртасын. Æмæ сæ, куыд бамбæрстам, афтæмæй нæхæдæг дæр уынæм. Уый стыр хъуыддаг у. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн дзырдта: «Æнæ фыдыбæстæ, æнæ хи адæм, æнæ мадæлон æвзаг поэт гæвзыкк æмæ тæригъæддаг у».[2] Æмæ уыцы хъуыддаг Дзаболайы-фырт æнкъардта удæй, ахста йæ зондæй, боны фæстагмæ, уыдис йæ туджы, уый тыххæй сæ никуы хицæн кодта. Хадзы-Мурат афтæ: «Нæ фыдæлтæй нын цы стыр æмæ зынаргъ традицитæ баззад – хъæбатырдзинад, адæмты хæлардзинад, зæрдæйы сыгъдæгдзинад æмæ цардбæллондзинад, – æппæт уыдонмæ ног фæлтæр бахæссы йæхи бавæрд, бафтауы сыл йæхи куыст, йæхи тох, йæхи фæлтæрддзинад æмæ сæ афтæмæй адæтты дарддæр – ног ивæг фæлтæрмæ».[3] Æмæ ахæм хъуыды æнæ фæивгæ, æнæ дæлæ-уæлæ ахæссæн ис Хазбийы нуарджын æмæ хурытынтæйбыд поэзимæ, нæ фыдæлты традицитæм ног бавæрд кæй хæссы, уый охыл. Уыцы нымæцы – йæ ныййарджыты тыххæй цы

[1] Джыккайты Шамил. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 3 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964. – 155 ф.
[3] Уый дæр уым.

бирæ зæрдæмæдзæугæ уацмыстæ сфæлдыста, уыдонмæ дæр: «Хорыбон», «Нырма ныр бамбæрстон…», «Фыдæлтæ æмæ мах», «Къæсæрсæр Уастырджи! Дæ рынтæ!..», «Сау бæрцытæ»…

«Къæсæрсæр Уастырджи! Дæ рынтæ!..
Лæджы куывд истæмæ кæд дарыс,
Уæд ацы рæзгæ уд дæ бынты
Фæуæд мæ хæдзарæй фæндараст!

Цæмæй дзы йе 'мбæлттæ хъæубæстæм
Хъæбулы арфæтимæ здæхой,
Æмæ былысчъилæй мæ фæстæ
«Сæгъæй сæныкк гуыры», – нæ зæгъой.

Куывта сæрддон мæйрухс изæры
Мæ фыд кæддæр мæ фæдыл афтæ.
Æмæ нæ ныллæгцар къæсæрыл
Къæмдзæстыгау ныр хизын хъавгæ…
(«Къæсæры Уастырджи!»)

Куырыхон ирон Хъесаты Валодя, йе ‘рхъуыдыйæ адæмæн диссагæн чи баззад, Санаты уыцы Семæй афтæ зæгъы: «Семы æмбисæндтæ æмæ таурæгътæ дзурæг сты, ирон адæм дæсны кæй уыдысты зондджын, фæлгонцджын, сурæтджын, аив ныхас кæнынмæ; рæсугъд, нывæфтыд, мæлгъæвзагæй дзурынмæ æмæ адæймаджы дисы бафтауынц Семæн йæ зонд, йæ уæлæрдзон тых, йæ алы ныхасы, йæ алы дзырды æлвæст æмæ арф хъуыдытæ, сæ рæсугъд нывæст, се стыр нысаниуæг царды, уыимæ хъомылады хъуыддаджы дæр. Уыдон дзурæг сты, ирон адæм курдиатджын, нæртон, зонынджын, куырыхон адæм кæй уыдысты; царды сæм хъæздыг фæлтæрддзинад кæй уыд. Сем равзæрдис ирон адæмы астæу; адæм æй

фæхайджын кодтой сæ зонд, сæ фарн, сæ курдиат, сæ намысæй. Æмæ абон дæр йе ‘мбисæндтæ, йæ таурæгътæ сыгъзæрин нæмгуытау тæмæнтæ калынц ирон адæмон сфæлдыстады, ирон æвзаджы».[1] Ирон адæмы царды Семæн йæхи бынат ис. Дзаболаты Хазби нæ литературæйы цы бынат бацахста, уый Семы сфæлдыстадимæ барын аив нæ уаид, фæлæ Дзаболаты Хазбимæ Семау Уæлладжы комулæфт поэтиконæй кæй хæццæ кодта, уый дызæрдыккаг нæу.

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

А б а е в В. И. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982;
А м и е л ь А н р и. Отрывки задушевного дневника // К о л л е к т и в а в т о р о в. Посредник. – СПб, 1894;
А н т а к о л с к и й П. Путь поэта //Л у к о н и н М и х а и л. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1978;
А х м а т о в а А н н а. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1986;
Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985;
Б а л а ш о в а Т. В. Французская поэзия XX века. – М., 1982;
Б а л ь м о н т К о н с т а н т и н. Избранное. – М., 1990;
Б е л и н с к и й В и с с а р и о н Г р и г о р ь е в и ч. Полн. собр. соч. в 13 т. Т. 4. – М., 1954;
Б е р а н ж е П ь е р-Ж а н. Избранное. – М., 1979;
Б л и е в М. М., Бзаров Р. С. История Осетии с древнейших времен до конца XIX в. – Владикавказ, 2000;
Б о ц и т ы Б а р о н. Æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ. – Дзæуджыхъæу, 1958;
Б р ю с о в В. Я. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1987;
Б у с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004;
В и к у л о в С е р г е й. Подснежники Николая Рубцова // Р у б ц о в Н и к о л а й. Избранное. – М., 1982;
Г а д ж и т ы Б а р и с. Дзаболаты Хазбийæн / Рæстдзинад, 2006. – 15 апрель;
Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948;
Г е р ц е н А л е к с а н д р И в а н о в и ч. Соч. в 2 т. Т. 1. – М., 1985;
Г о р ь к и й М. Собр. соч. в 16 т. Т. 15. – М., 1979;
Г о р ь к и й М. Собр. соч. в 16 т. Т. 7. – М., 1979;
Д ж у с о й т ы Н а ф и, М а м и а т ы И з е т æ, Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон литературæ. 11-æм къласæн. – Дзæуджыхъæу, 2013;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Æнæном чиныг. – Цхинвал, 1967;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Зарджытæ Фыдыбæстæйыл // Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;

[1] Х ъ е с а т ы В а л о д я / Рæстдзинад, 2013. – 10 декабрь.

Д ж у с о й т ы Н а ф и. Къубалты Алыксандр // К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. Д з æ у д ж ы х ъ æ у, 1978;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Сабыр ныхæстæ. – Цхинвал, 1973;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Слово о друге / Северная Осетия, 2001. – 14 апрель;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Хæрзбон, ссæдзæм æнус. – Дзæуджыхъæу, 2007;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Поэзийы фарн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Артдзæст. – Дзæуджыхъæу, 1963;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Зæрдæйы суадон // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Къахуынæр. – Дзæуджыхъæу, 1967. – 26 ф.
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Мæ биографи / Рæстдзинад, 2011. – 9 июнь;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Нæ фыдæлты бынтæ æмæ поэтикон культурæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1966;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Хæс. – Дзæуджыхъæу, 1960;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Обелиск и всадник.– Владикавказ, 1970;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Дело и Слово.– М., 1972;
Д з а г у р т и Г у б а д и. Разныхас // Х у ы т ъ и н а т ы Ц ы п п у. Сидт. – Дзæуджыхъæу, 1931;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Урсдоны былыл – Бæрæгъуын…– Дзæуджыхъæу, 1981;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Удыгæстæй удыгасдæр. – Цхинвал, 1969;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
Д о б р о л ю б о в Н. А. Литературная критика в 2 т. Т. 2. – Л., 1984;
Д о л ь д-М и х а й л и к Ю. П. И один в поле воин. – М., 1960;
Д ю м е з и л ь Ж. Осетинский эпос и мифология. – М., 1976;
Е п х и т ы Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1961;
Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 2007;
Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат. – М., 2007;
Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
К о л л е к т и в а в т о р о в. Люблю Отчизну я… – М., 1982;
К о л л е к т и в а в т о р о в. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2014;
К о л л е к т и в а в т о р о в. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992;
К о ч ы с а т ы Р о з æ. Нæ иры чызджытæм / Ног цард, 1907. № 3;
К у с р а е в А. Г. Дорогу осилит идущий… – Владикавказ, 2003;
К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1899;
К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;
К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984;
Л у к о н и н М и х а и л. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1979;
М а к а р а н к о А. С. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – М., 1987;
М а к а р а н к о А. С. Собр. соч. в 4 т. Т. 4. – М., 1987;
М а к а р е н к о А. С. Соч. в 7 т. Т. 5. – М., 1958;
М а к о г о н е н к о Д. Г. К. Д. Бальмонт: жизнь и судьба // Б а л ь м о н т К о н с т а н т и н. Избранное. – М., 1990;
М а л и т ы В а с о. Рæстдзинады тæразыл // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;

М а м с ы р а т ы Д., Х ъ а н ы х ъ у а т ы В. Ирон фысджыты иуæй-иу уацмысты идеологион рæдыдты тыххæй / Рæстдзинад, 1952. 23 июль;
М а р ц и н к я в и ч у с Ю с т и н а с. Избр. произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1985;
М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 4. – М., 1978;
Н и г е р. Уац. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966;
Н и г е р. Уац. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968;
Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975;
О р л о в С е р г е й. Ето было давно // Д у д и н М и х а и л. Стихотворения. Поэмы. – Л., 1970;
П и г а р е в К. Ф. И. Тютчев и его поэтическое наследие // Т ю т ч е в Ф. И. Сочинения в 2 т. Т. 1. – М., 1980;
П л е х а н о в Г. В. Об атеизме и религии в истории общества и культуры. – М., 1977;
П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973;
П л и т ы Г р и с. Рагон Ир // Мах дуг, 2013. – № 10;
П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013;
П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975;
Рæстдзинад, 2014. – 22 март;
С м е л я к о в Я р о с л а в л. Избранное. – М., 1986;
Советский энциклобедический словарь. – М., 1983;
Т в а р д о в с к и й А. О родине большой и малой // С о к о л о в-М и к и т о в И. Соч. в 2 т. Т. 1. – М., 1959;
Т в а р д о в с к и й А. Т. Собр. соч. в 6 т. Т. 5. – М., 1980;
Т о к а т ы А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004;
Ф о х т-Б а б у ш к и н Ю. Миссия писателя – служение литературе и людям // В е р е с а е в В. Литературные портреты. – М., 2000;
Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 5. – М., 1961;
Х о д ы К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992;
Х о д ы К а м а л. Рухс фæндтæ хæссæг // А в т о р т ы к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014;
Х о д ы К а м а л. Рухс фæндтæ хæссæг // Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацамонгæ. – Дзæуджыхъæу, 1974;
Х о д ы К а м а л. Рухс фæндтæ хæссæг // Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011;
Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;
Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Сæууон æртæх. – Цхинвал, 1967;
Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Цин æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012;
Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013;
Х ъ е с а т ы В а л о д я. Санаты Сем / Рæстдзинад, 2013. – 10 декабрь;
Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Афæдзы фæллой // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011;
Ц æ г æ р а т ы Г и г о. Ирон фæндыр // Мах дуг, 1979. № 10;
Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз… – Дзæуджыхъæу, 1968;
Ц а л и к о в А х м е д. Избранное. – Владикавказ, 2002;
Ц в е т а е в а М а р и н а. Мой Пушкин. – Баку, 1988;
Ц г ъ о й т ы Х а з б и. Дæ хæс цытджын æмæ егъау у / Рæстдзинад, 2006. 15 апрель;
Ц о ц и т ы Р е з о. Поэзийы колумбтæ // Мах дуг, 1966. № 6;
Ц ы р ы х а т ы Р и т æ. Номарæн / Рæстдзинад, 2011. – 9 июнь;
Ч и б и р о в Л. А. Традиционная духовная культура осетин. – Владикавказ, 2008;
Ш о л о х о в М и х а и л. Собр. соч. в 8 т. Т. 8. – М., 1986;

ЦЫППÆРÆМ СÆР

РОМАНТИКÆЙЫ ХОТЫХДАР

Кардæлвæстæй – романтикон уадтымыгъты. Талынг æхсæвтæй раскъæфгæ рухс цырæгътæ. Дзæнгæрджытæ цæгъдæг цин. Амонд цæстыты даргъ халтæй барын

Ирон аив литературæйы ахæм стыр, хæдхуыз æмæ хæдбындур фысджытæ бирæ нæй, сæ фыццаг къахдзæфтæй йæ, æрвнæрдау, фæлæ æхцонæй чи нызмæлын кодтой. Æмæ сыл куы ахъуыды кæнæм, уæд æппæты раздæр нæ цæстыты раз чи февзæры, уыцы фыццæгтимæ фесты æнæрæнцой зæрдæ, зынг æфсæнау йæхимидæг судзгæ, фæлæ хурæргом худгæ Бестауты цæхæрцæст æмæ цардбæллон Гиуæрги. Йе сфæлдыстады райдианы йын Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн раарфæ кодта: «Уадтымыгъ – йе ‘мбал!»[1]

Стъалытыл æй барыс, мæйы æмсæр æй исыс, хурау худгæ гуырд æй хоныс, æрвнæрды фаззоны æнгæс дæм зыны, æлвæст карды ном ыл æвæрыс æмæ дæм уæддæр фаг нæ кæсынц уыцы стыр, æнæмсæр абарстытæ. Фæнды дæ, цæмæй æцæг æрвнæрды æнгæс поэты ном ноджы сисай бæрзонддæр, кæсай йæм, табу – йæхицæн, Хуыцаумæ кæсæгау; йæ аивадæй йын рæвдауай дæ уд æмæ дæ зæрдæ. Æмæ дæм ирон поэзийы æвзист дуджы уыдæттæ дæр фаг нал кæсынц. Ноджы дæ фæнды, бæрзонддæрмæ йæм куы кæсис.

Цард æнæнхъæлæджы хабæрттыл бынтон ælгъин у. Гиуæргимæ, кæд иууыл нæма, уæддæр ныртæккæ ахæм ахаст кæй даræм, уымæн ис фидар æмæ æнæфæцудгæ бындур. Фæлæ, нæ литературæйы сæрыстыр Джусойты Нафи йæ кæд «большой, пока недостаточно оцененный поэт. Талант

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Фæндаджы райдайæн // Бестауты Гиуæрги. Уадтымыгъ. – Сталинир, 1958. – 6 ф.

исключительной силы и непредсказуемых возможностей»[1] хоны æмæ йын уыцы хъуыдыйæн фидар бындур ис, уæддæр бынтон æнæнхъæлæджы нæ загъта: «В будущем, когда ныне здравствующие его современники перестанут влиять на литературные мнения, я думаю, он будет признан великим осетинским поэтом романтической плеяды: Нигер, Гриш Плиев, Хазби Калоев, Шамил Джикаев, Таймураз Хаджеты…»[2]

Нафи афтæ загъта бынтон æрæджы. Фæлæ уæдæй фæстæмæ дæр, фыссæджы уацмысты 3-томоны[3] рацыды фæстæ, дзæвгар сыræзт поэты ном. Уымæн æмæ, йе сфæлдыстад иумæ рухс куы федта, уæд ирон чиныджы хæлæрттæ, ирон адæм базыдтам, æцæгæй нын цы поэт ис æмæ йæ сонты бонты кæй бавæрынæн не систæм.

Нырмæ йе сфæлдыстадыл стыр зонадон куыстытæ кæй нæма æрцыдис фыст, æмбæлон диссертацитæ йыл кæй нæма хъахъхъæнæм, уым диссагæй ницы ис. Аивады кусæг цас стырдæр вæййы, уый бæрц йе сфæлдыстадыл зындæр дзурæн у. Хорзæй цы зæгъай, уый йæм алы хатт дæр ссардзынæ. Хорзыл дзурынæн та тынг хорз зонын фæхъæуы. Æмæ афтæ тынг хорз дзурынмæ, гъе, куыд æмбæлы, афтæ арæхсгæ нæ фæкæнæм, кæй та нæ раст зæгъын нæ фæндыд æмæ нæ фæфæнды.

Фæлæ куы зонай, дæ фарсмæ цы стыр адæймаг уыд, цардæй нæ бафсæст, афтæмæй, дыууæ фарсæрдыгæй ссудзгæ цырагъау, йæ Фыдыбæстæ æмæ йæ адæмы тыххæй апæр-пæр кодта æмæ дзы афтид куы абадай, уæд дын чифæнды ма уайдзæфтæ кæнæд, æгæр стыр хъуыддагмæ бахастай дæ ныфс, æгæр бæрзонд æй исыс, зæгъгæ, уæддæр, адæймагæн адæймаджы охыл, аивад æмæ рæстдзинады тыххæй фæстæ фæлæууын худинаг у. Бестауты Гиуæрги, кæнæ йæ адæм уарзгæйæ, рæвдаугæйæ куыд хуыдтам, – Бестау, – «йæ цард æмæ йæ поэзийы уыди «хурæмдзу», æнæнцойæ сыгъди уæлтæмæнады арты».[4] Æмæ ахæм адæймаг æмæ фыссæгæн стырдæр лæггæдтæ фæхъæуы адæмы æрдыгæй дæр, хæлæртты æрдыгæй дæр æмæ зонады æрдыгæй дæр.

[1] Джусойты Нафи. Мастер стихотворного перевода // Южная Осетия, 2002. – 15 июнь.
[2] Уый дæр уым.
[3] Бестауты Гиуæрги. Уацмыстæ 3 томæй. – Дзæуджыхъæу, 2003 – 2004.
[4] Мамиаты Изетæ, Бежаты Фаризæ. Ирон литературæ. 11 кълас. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 395 ф.

Чи зоны, бинонты, фæдонты æрдыгæй дæр. Уымæн æмæ, райсомæй адæймаг цы къахыл рабады, йæ куысты сæргъ цы зæрдæйы уагимæ æрлæууы, уымæн йæ цард æмæ йæ фæллойы тынг стыр нысаниуæг ис.

Фæлæ æрмæст уыдон нæ уыдысты æмæ не сты Гиуæргийы тыххæй, йæ загъд æмæ æнæзагъд зæгъинæгты фæдыл æргом ныхас кæныны аххосæгтæ. Стæй аивады кусæджы сфæлдыстадыл æрныхас кæнынæн аххосаг нæ хъæуы. Нафи Нигерыл цы монографи сфæлдыста, «Нигер», зæгъгæ, уый разныхасы тынг раст банысан кодта, ома, иууыл дæр фæдзурынц – стыр поэт уыд, фæлæ «цæмæй стыр поэт уыд, цахæм сты йæ лæггæдтæ ирон дзырдаивады, ирон национ культурæйы раз, цы бынат ахсы нæ поэзийы историйы, нæ культурæйы иумæйаг контексты, уымæн нæй бæрæг зонадон дзуапп. Нæ аргъгæнæн хъуыды нырма иумæйаг эмоци æмæ æнæрайхæлд тæлмæн у. Конкретон бындур ын нæма ис. Дрыс критикон анализæй нæ равзæрд. Цал адæймагæй йæ фехъусай, уал мидисы йын ис. Чи йæ фæдзуры, уыдон бæрæг лæгтæ вæййынц, фæлæ сæ ныхасы бæлвырдæй ницы вæййы. Стауæн эпитеттæй райдайынц, иу-дыууæ поэтикон цитатæйы æрхæссынц æмæ та фæстæмæ райдианы бæрзонд ныхасыл банцайынц».[1] Æмæ уый æрмæст Нигеры тыххæй не стæм афтæ. Иууыл æй барæй аразæм, уый зæгъæн дæр нæй. Нæ аивады кусджытæй бæстон, бындурон ныхасæй сæрысуангæй кæронмæ никæмæн ма скад кодтам. Æппæлæн дзырды кой нæ кæнын – æмбæлон дзырд дæр дзы нырма бынтон стæмтæм æрхаудта.

Бестау æмæ йе сфæлдыстады тыххæй цы дзæвгар уацтæ æрцыдысты фыст, уыдон дæр сты схемæйон ссадвæдыл нывæст. Хъыгагæн, стыр адæймаг æмæ стыр фыссæджы тыххæй бындурон æмæ алыварсон ныхас зæгъын бирæ зындæр вæййы. Фæлæ сæ, Æрфæны фæдау, тынг бæрæгæй зыны, Бестауты Гиуæрги йæ размæйы ирон аив литературæйы уæрæх фæндагыл кæуылты ацыд, уым йæ къахфæдтыл алыхуызон рæсугъд, тыбар-тыбургæнаг, худгæ дидинджыты дæргъæй-дæргъмæ гæрз кæй сзад. Гиуæргийы цæхæрзæрдæ æмæ дзæнгæлтæгæнæг зонды фарнæй райгуыргæ дидинтæн æмпылæн нæй.

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Нигер. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 4 ф.

Бонæй-бонмæ, азæй-азмæ æрттивынц тынгæй-тынгдæр. Сæ рухс дардæй-дарддæр гæрды дунейы тар гуыбын. Уымæн æмæ, царды цы «иунæг балц ракæны лæг – кæнæ хуræмдзу, кæнæ та цъыфы», уым Гиуæргийы фидар, æцæг курдиатджын къахайст ædæрсгæйæ абарæн ис хуры худгæ тынтимæ. Йæхædæг Хъамбердиаты Мысосты цард æмæ сфæлдыстадыл ныхас кæнгæйæ, сæрыстыræй уымæн загъта: «А дунемæ адæймаг æрмæстдæр иунæг хатт æрцæуы æмæ уадтымыгъау æнæрæнцойæ артау судзы, цырагъау рухсгæнгæ хъуамæ батона йæ царды бонтæ».[1]

Мысост ахæм девизимæ цард, зæгъгæ, дзурын Бестауты Гиуæргийæн æхсызгон уымæн уыд, æхцон æнкъарæнтæ дзы уымæн иста, йæхædæг дæр йæ райгуырцæй ахæм фарнимæ кæй æрцыдис зæххон цардмæ. Æмæ йын Хуыцауы радтгæ зонды цæсты фæрцы уыдта йæ хъулæттæ, йæ зæрдæйы хъустæй йын ахста йæ алы сым, уыдис йæ бон, цæмæй йын йæ бирæ алыхуызон фæзындтæн арæзтаид хатдзæгтæ. Фæлæ йын æрмæст уый нæ уыдис фаг. Йæ сыгъдæг хъуыды ноджы дардылдæр æххæст. Фæндыдис æй, цæмæй сæ уыдтаид, хъуыстаид алчи дæр æмæ талынг царды тарфы ма дзæгъæлтæ кодтаиккам, цæрын нын уыдаид æнцондæр. Йæ ныхас уыд æргом æмæ бæлвырд, цæмæй йæ хъуыстаиккам æмæ æмбæрстаиккам:

Мах æрвон фидыц агурæм царды,
Фæлæ райгуырди зæрдæ куырмæй, –
Уæд фæлæгæрдæм цъыфы хъуырмæ,
Уæд фæсудзæм æнусон цъæх арты.

Фенæм къутæры калмы буар – хъулон, –
Мах æй фенхъæлæм хиуайы сис;
Мах нæ зонæм, йæ зæрдæйы ц‘ ис, –
Лæг куы кæны дæлгом ныхас – цурон.

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 25 ф.

Мах æрттивгæ цæстыты нæ уынæм, –
Арæх хъавгæ куыд ленк кæны сырд.
Хатт нæм хъары хæрамы фыддзырд,
Фæлæ уарзтæн нæ хъусæм йæ уынæр.
(«Цардвæндаг»)

А. Пушкин йæ роман «Евгений Онегин»-ы йæ амондсыгъд хъайтар Татьянæйы номæй куыд зæгъы: «А счастье было так возможно, Так близко!..»[1] – алы хæццæ, налат æмæ мæнгард царды дæр адæймаг амондмæ фæтырны, уымæ февналы æмæ дзы кæд алыхуызон авгур хицæуттæ адæмы фæсайынц гæды митæй, афтæмæй сыл фæсвæд фырхудæгæй артæнхæлдтæ фæкæнынц, уæддæр Бестауы сфæлдыстадон тых уый мидæг ис æмæ уый ахæм дуджы дæр кæй зоны æмæ кæй хæцы мæнгард царды рохтыл. Цардыл былтæй чи зары, цурон æппæлд дзы чи кæны, йæ уыцы «хæларæн» уый тыххæй уайдзæф кæны, ома, сойбыл зарæг ма кæн: «Цардвæндаг дæрзæгтæ конд у, какон». Æмæ Бестау кæд – «Тулдзы бындзæфхадау мæм фидар касти – къабазджын æмæ ælвæстбуар уыди»,[2] – зæгъы Хъодзаты Æхсар, уæддæр уыцы дæрзæгтæ конд фæндагыл цæугæйæ, какон сындзытæ тонынц адæймаджы; поэты сæры æвзонгæй уый тыххæй ис урс хилтæ, йæ ных æрыгонæй уымæн у дыдæгътæ, ауæдзтæ. Фæлæ йæ уæддæр хи уды риссæгтæ не ‘фтауынц стыр масты. «Низ æм цыма æввахсдæр не ′рбауæндыдаид…»[3] Фæлæ æрмæст йæхи уд бавæрыныл нæу йæ катай. Уыдæттæ къуындæгзонд, лыскъуд адæймæгты «райст-бавæрд» койæгтæ сты. Поэт фидар æмæ алыварсонæй зоны йæ фæндаг:

Царды фурдæн йе ‘рфæнты – нæ фæндаг
(Худинаг – йæ тæнджыты лæгæрдын!),
Уым та мын дæ бирæ дæр нæ фæнда, –

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975. – 160 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 178 ф.
[3] Уый дæр уым.

Дуг тæхдзæн зуыгъ-зуыгъгæнгæ дæ зæрдыл!

Дунейæн дæ уд уыдзæни призмæ, –
Талынг æмæ рухс фынты фæрсудзæн;
Уæд дæ зарæг царды цинæй риздзæн,
Уæд дæ зæрдæ зæххы рисæй судздзæн.

Худис-иу зыд паддзæхты хæстытыл,
Цин кæнис: хæлæг нæ бæстыл нал ис,
Иу бон æй дæ хæлары цæстыты,
Сау калмау, тымбылтæй хуысгæ, ссарис.

(«Ма, мæ хæлар, сойбыл зарæг ма кæн…»)

Кæд компартийы XX-æм уанел фæстейæ аззад, кæд царды, мыхуыры фæлгæттæ æмæ уавæртæ бæрæг фæуæрæхдæр сты, уæддæр, ирон аив дзырдæн сæрибармæ фæндæгтæ нырма бирæ бæрцæй сындзæрх уыдыста. Æмæ Ælборты Хадзы-Умар афтæ кæй загъта: «Поэт цы рæстæджы цард, уым ын алцы зæрдæйы фæндиаг нæ уыд: æнуд зоопарчы стай адæймагау æвзары хъизæмар; цъиуы лæппын баргъæфсти, басыди; «Дыууæ цæсты, Дыууæ нымæг ыстъалыйы, Тæмæнкалгæ цы ирд арвыл ыскастысты, Уый сатæг-сау фыдæхы мигъ нымбæрзта…»,[1] – уым стыр поэты тыххæй йæхи æмæ царды æгъатыр рæстдзинад æнæмæнг ис.

Фælæ Гиуæрги стыр поэт уымæн уыд, ахæмтæй кæй нæ тарст. «Поэт цард-цæрæнбонты йæ удæй арт фæцæгъды, йæ зарæджы алы зæл дæр йæ уды иу къæртт, йæ цины кæнæ йæ масты иу стъæлфæн у»,[2] – зæгъы Хъодзайы-фырт. Бестау царды дæр, поэзийы дæр йæхи уды хъизæмар кæй ницæмæ дардта æмæ, ælвæст кардау, алы мæгуыры бон дæр цахæмфæнды карз тохтæм афтид армæй дæр цæттæ кæй уыдис, уый бирæйы аргъ у.

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Хуыцауы цæст ын бауарзта курдиат // Мах дуг, 2002. № 9. – 127 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 20011. – 179 ф.

***

Бестауты Гиглайы фырт Гиуæрги райгуырд 1932-æм азы зæрдæвæрæны мæйы 5-æм бон Ирыстоны хуссар хайы, уæлвонг рæсугъд, фæлæ, цæрынæн зынвадат бынаты – Годжиты хъæуы. Йæ сабибонтæ арвыста йæ раттæг къуымы. Райдиан ахуырад райста уым йе ‘мкар сабитимæ. Уæддæр, уыдонæй уæлдай уый, æрвон дунейыл йæ цæст хæсгæйæ, цæмæн джихтæ кодта, æрдæгæхсæвты-иу, йæ комулæфт ныууромгæ цæмæн ныхъхъус, уымæн йæхæдæг дæр бæлвырд ницы зыдта.

Бæлвырд уыд иу хъуыддаг… Мæнмæ гæсгæ, цы зæгъын мæ фæнды, уый тыххæй хуыздæр уаид куы байхъусиккам, стыр ирон поэт æмæ драматург Плиты Грис ирон паддзах Сослан Цæразоны æхсин Тамары дзыхæй цы хъуыды загъта, уымæ:

О, райгуырæн хъæу зæрдæйæн зынаргъ у
Кæмдæриддæр, – сæтæлæгæн йæ цъассы
Йæ дуне у; фæлæ дын ацы цъассы
Дæ базыртæн нæй айтындзæн, бæрзонд
Ам не стæхдзынæ, никæд; ам дæ цард
Сæнарау судздзæн: хъарм дæр нæ 'мæ рухс дæр! –
Лæг цавæр ран, цы уавæры цæра,
Йæ митыл адæм уымæ гæсгæ дзурынц…[1]

Цæргæс дæлвæзæй дæр стæхдзæнис. Фæлæ, хæхты сæрты чи фæлгæсы, уадтимæ тох кæнын чи сахуыр, мигъты сæрты тæхгæйæ фæндаг чи нæ рæдийы, уыцы цæргæсы базырты айстæн æмбал нæй. Æхсин Сосланæн уымæн зæгъы: «…бæрзонд лæгæн йæ хъару Æууæрдын хъæуы тыхджынтимæ, кæд Фæтыхджындæр, фæуæлдæр уаид ноджы…»[2]

[1] П л и т ы Г р и с. Сослан Цæразон. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 451 ф.
[2] Уый дæр уым.

Сослан æмæ Тамараен ахæм ныхас Нузалы кæй рауад, уый тыххæй Бестау дзырдта: «Тамары тыххæй цы цъус зонæнтæ ис, уыдоны никуы ис, Нузалмæ æрцыд, уый. Грис та йæ æвдисы Нузалы – Цæразоны райгуыраен хъæуы, æмæ ам диссагæй, æнæлогиконæй æппындæр ницы ис. Тамары тыххæй зæрон истори афтæ дæр никуы фыссы, нæ уыд Нузалы, зæгъгæ».[1] Афтæмæй уыцы иу æрхæстæй аскъуыддзаг кодта, стыр поэтæн куыд æмбæлы, афтæ дыууæ фарсты: Тамар нузалы уыдис æви нæ, уый æмæ пьесæйы бæлвырд деталæн бындур ис æви нæ. Стæйдæр, нæ сыхæгты паддзæхтæ-иу Ирыстоны, – фылдæр хæстон æххуысæнхъæл, – араех уыдысты æмæ Тамар – ирон хæрæфырт цæммæннæ æрцыдаид йæ кадджын мад Русуданы цæгатмæ?

Тыхмæ куыд æфты тых, тыхы ныхмæ куыд хъæуы æгъатыр, удуæлдайæ тох, уыдæттæ та Гиуæрги тынг хорз зыдта. Суанг йæ сабибонтæй фæстæмæ. Æмæ тыгъта уадтымыгъæн йæ риу:

Уыдтæн уырзыйас саби раст,
Æхсæв-иу рудзгуытæ ныххостай
Æмæ-иу де ‘хсидтæй æваст
Мæ хуыссæг, ме ‘нцойад фæхастай.

Цыдис-иу бæлæсты къæс-къæс,
Мæстыйæ дæм сæ сæртæ ‘нкъуыстой,
Æз-иу уæд не ‘рцъынд кодтон цæст,
Зыдæй, цымыдисæй дæм хъуыстон.

Цæмæн? – нæ хатыдтæн бæлвырд,
Цы мæ скъæфта дæумæ – нæ зыдтон,
Фæлæ мæм диссаджы монц гуырд,
Цыбæлæй дæм мæ былтæ ‘хсыдтон.

[1] Бестауты Гиуæргиуаæрги. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 297 – 298 ф.

Мæсты ‘хситт-иу куы систай хатт,
Куы-иу хъуыст де ‘ртхъирæн, дæ додой, –
Мæ сæры хъуын-иу барц ысбадт,
Мæ уæнгтæ цины дыз-дыз кодтой…

(«Уадтымыгъ»)

Фæлæ, Ирыстоны тынг бирæ хъæутау, Годжиты хъæу дæр бакастæй цæстæн æхцон цы уыдис, æндæр дзы уæд зæхкусæгæн царды амæлттæ кæнынæн ницы уадиссаг фадæттæ уыд. Нæй дзы базыртæ айтындзæн. Дзесты Куыдзæджы «Хорхæссæджы»[1] хъайтартæ Темсыр æмæ Додиау сæ гуыбынтæ сæ райгуырæн уæзæгыл хойрагæй никуы едзаг кодтой. Æмæ йæ адæм тадысты бонæй-бонмæ – хуыздæр цардæнхъæл лыгъдысты æндæр цæрæн бынæттæм: чи сæ Ирыстоны агуырдта бынат, кæй та сæ ноджы дарддæр хастой йæ къæхтæ æмæ йæ зæрдæ. Дзуццаты Хадзы-Мурат не ‘дзæрæггæнæг хъæуты, стæй, Ирыстоны фидæныл сагъæсгæнгæйæ, ирон лæджы фидæныл иронийы хуызы зæрдæрисгæйæ æнæнхъæлæджы нæ дзырдта: «… – уадз! – уа æндæр нацитæн хомæг, хомыс, ælгъыстæн баззайа йæ бар, йæ хъомыс»[2] («Миграци»). Ома, нæ адæм иннæ нацитæн стæм хомыс.

1945-æм азы Гигла ралыгъд Цхинвалы цурмæ – Мамысанты хъæумæ. Фæлæ, раздæр кæуыл нæ ахъуыды кодтой, ахæм цæлхдур сын куы фæзынид æнæнхъæлæджы – Гиуæрги сæхимæ ирон скъолайы ахуыр кодта, Мамысанты хъæуы сывæллæттæ та скъоламæ Цхинвалмæ, уæды Сталинирмæ цыдысты æмæ дзы ирон скъола нæ уыд.

Гиуæрги ирон æвзагæй дарддæр æндæр æвзæгтæ нæ зыдта. Сæ хъæубæстæ иууылдæр дзырдтой æмæ ахуыр кодтой сæ мадæлон æвзагыл. Ныр йæ хистæр æфсымæримæ æрзылдысты горæты скъолатыл иууылдæр. Фæлæ йæ никуыдæм айстой ахуыр кæнынмæ. Дыккаг хатт та сыл куы

[1] Д з е с ты К у ы д з æ г. Хорхæссæг. – Сталинир, 1959. – 7 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, 1990. – 189 ф.

акодтой сæ фæндаг, уæд йæ айсыныл дзырдæй сразы сты æрмæстдæр горæты фыццаг гуырдзиаг скъолайы – кæд иу азмæ гуырдзиагау дзурын, фыссын, кæсын базона, уæд ахуыр кæндзæнис уым, кæд уыдæттæ нæ бауой йæ бон, уæд йæ хæдзармæ ацæудзæн æмæ скъолайы ахуырадыл нæ хæцдзæнис фæстæмæ, – карзæй сæ бафæдзæхста йæ уæды иронæй сгырдзиагуæвæг, – уæддæр ын – бузныг, – директор.

Афтæмæй Бестауы-фырт æрмæст æцæгælон æвзаг нæ сахуыр кодта, фæлæ æргом кодта йæ курдиат – ссис скъолайы хуыздæр ахуыргæнинæгтæй иу; уыцы æвзагыл фыссын райдыдта æмдзæвгæтæ; скъола каст фæцис сыгъзæрин майданыл.

Уæд, 1952-æм азы, йæ ахуыр адарддæр кодта Калачы. Сæххæст йæ сонтбонты бæллиц – æнтысгæйæ фæлварæнтæ радта, йæ сæнтты дæр кæдæм бæллыд, уырдæм, Паддзахадон университеты журналистикæйы факультетмæ. Æппынæдзух куыста йæ зонындзинæдтæ фылдæр кæныныл æмæ университет дæр каст фæцис сырх дипломыл. Кæимæ ахуыр кодта, уыдонæй уыдис журналисттæ, поэттæ, партион разамонджытæ. Советон дуджы-иу бæлвырд кодтой, Бестауимæ се ‘взагыл сæ бон кæй нæ уыдис быцæу кæнын – се ‘взаг сын зыдта æнæкъæрццæй, сæхицæй бирæ хуыздæр. Нафи фæстæдæр уымæн æрымысыд: «… æмæ мын йе ‘мбæлттæй иу ракодта ахæм хабар. Георги Леонидзе, номдзыд гуырдзиаг поэт, сæ литературон фæсивæдæн иу æмбырды загъта: поэт суæвын уæ кæй фæнды, уый гуырдзиаг æвзаг хъуамæ зона мæнæ ацы ирон лæппуйау!..»[1]

Уæлдæр ахуыр фæуыны фæстæ сырх дипломимæ куы ‘рбаздæхт Хуссар Ирыстонмæ, уæд æй кусынмæ айстой журнал «Фидиуæджы» редакцимæ æмæ цыбыр рæстæгмæ рæнхъон литературон кусæгæй схызт сæйраг редакторы бынатмæ. Фæкуыста редакторæй 1972-æм азы æртхъирæны мæйæ 1973-æм азы Джиуæргуыбайы мæймæ – æххæст дыууæ азы дæр нæ, фæлæ нымад мæйтæм журналы куыст сæвæрдта йæ къахыл. Журналмæ лæмæгъ уацмыс бахæссын ничи уал уæндыд. Алы фыссæг дæр

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Судзгæ цырагъау сты йæ зарджытæ / Рæстдзинад, 2012. – 5 май.

архайдта, «Фидиуæг»-мæ цы уацмыс бахæссынмæ хъавыд, уый æрмæст йæхи сфæлдыстадыл дзурæг ма хъуамæ уыдаид, фæлæ дзуапп лæвæрдтаид ирон литературæйæн дæр. Уымæн æмæ тынг хорз зыдтой, афтæ куынæ уа, уæд ын Бестау рухсмæ фæндаг нæ ратдзæнис. Афтæмæй Гиуæрги нымад мæйтæм схызт, уæдмæ бирæ дæсгай азты журналæн цы хуыздæр редактортæ уыдис, журналхуыз кæй фæрцы райста, уыдон бæрзæндмæ.

Фæлæ рауат хуымы сысылы фылдæр зайы. Уынгæджы бон сырдтæ сæ кæрæдзи куыд æруарзынц, афтæ хæрзты ныргæвдынмæ цауд адæмы æвзаг кæрæдзийыл тынгдæр æрбады. Лæмæгъ фыссæггæндтæ «сæмцæдисонтæ» сты. Цъыфы лæсæнтæ уагътой Гафез, Джусойты Нафи, Бестауты Гиуæрги, Дзуццаты Хадзы-Мурат… Нæ фысджыты хуыздæртыл. Æрвылмæй, бирæ хатт æрвылбон дæр хъаст хъасты фæдыл тахт сæ удылхæцæг Калакмæ, адон бабын кæнут, адонæй нæ фервæзын кæнут, ныццæгъдут сæ, зæгъгæ.

Чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-ы сæйраг редактор Гаглойты Владимир æмæ «Фидиуæджы» редактор Бестауты Гиуæргийæн сæ бынæттæ уыцы фыссæггæнтты хъæстыты тыххæй кæй фæивтой, уый охыл Плиты Грис Бестаумæ фыста: «Тбилисæй мæм сæрмагондæй фæхабар чындæуыд, чидæртæ нæ «хæлæрттæй» кæй уыдысты агитаци æмæ пропагандæйы хайады, хъаст кæй кодтой, ды чингуыты рауагъдады æвæрд кæй æрцыдтæ, уый тыххæй. Афтæ, дам, дзырдтой: ныронг ма нын журналы лыстæг цыдæртæ уагъта, фæлæ ныр рауагъдады сæйраг редактор кæй сси, уый фæрцы нын иунæг чиныг дæр нал рауаддзæн, нæхи бабын кодтам, йæ ныхмæ кæй систадыстæм, уый тыххæй.

Цыбырдзырдæй уый фæстæ дæр нæ уадзынц сæ чъизи куыст».[1]

Иууыл стырдæр азым сæм хастой, адон, дам, националисттæ сты. Цыма сæ хорз фыссын уыдон нæ уагътой. Æмæ сыл поэт йæ мидбылты худт сæрыстыræй:

Дысон та мæм ралæбурдтой куыйтæ,

[1] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 73 ф.

Алырдыгæй «мæнæ», «мæнæ» кодтой.
Кастæн сын сæ сæтæйдзаг хæмхудтæм,
Аивæй мæ мидрихийы худтæн:
Зонын, циу сæ рæйд æмæ сæ хылы сæр –
Нал быхсынц, куыдз кæй нæ дæн сæ хуызæн.
(«Дысон та мæм ралæбурдтой куыйтæ…»)

Ирон лæг, хъыгагæн, йе ‘взæры дæр дардмæ хорзæй уыны. Чи зоны, искуыдæм, æцæгæлон зæхмæ йæ хъуыдис фæлидзын, цæмæй йын уырдæм, йæ фæдыл алыхуызон, зæрдæзæгъгæ хорзæхтæ æрвыстаиккам кæнæ йæ кæцæйдæр кад æмæ радæй, боныфæстагмæ, тыхæй æрхуыдтаиккам – дæ сæрмæ нæ бахæсс, бынаты нæм иу лæг нал ис æмæ Ирыстон æнæ дæу бынсæфт кæны, зæгъгæ.

Нæ галиу зонд фылдæр уыцырдæм фæхæцы. Æмæ Гиуæргийы тыххæй афтæ зæгъынæй мур дæр нæ фæрæдыдтаиккой. Фæлæ йæ уæддæр журналы редакторы бынатæй фæсурын кодтой æмæ 1973-æм азы Джиуæргуыбайы мæйæ йæ царды кæронмæ – 1978-æм азы майрæмкуадзæны мæйы 3-аг бонмæ уыдис Хуссар Ирыстоны уæды чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-ы сæйраг редактор.

Марина Цветаева йæ аивадон, историон-литературон очерк «Мой Пушкин»-ы дзырдта: «Пушкин был мой первый поэт, и моего первого поэта – убили».[1] Гиуæргийы æргом тохы ничи амардта. Мызыхъарæзт лæппу-лæг уыдис æмæ йæм ныхæй-ныхмæ рацæуын алчи нæ бахастаид йæ ныфс. Фæлæ ницæйаг сусæгæй хæцынмæ арæхстджындæр вæййы. Аивады кусæг та цас курдиатджындæр вæййы, уыйбæрц маст йæ зæрдæмæ арфдæр фæисы. Æмæ йын фысджыты алыхуызон дæлтъур æмбæлццæтты кæнгæ мæстытæ йæ зæрдæ скъахтой, йæ туг ын сурс кодтой. Къостайау, уый дæр, стыр хъыгагæн, йæ тæккæ литературон куысты хъаруйыл куы уыдис, уæд цардцухæй фæхъуыд стджыты судзгæ низæй.

[1] Цветаева Марина. Мой Пушкин. – Баку, 1988. – 4 ф.

Фælæ, Бестауы хуызæн æцæг поэтæн, чи зоны, физикон æгъдауæй йæ амælæты фæстæ райдайы йе ‘цæг цард. Поэтæн йæ романтикон бæллицтæ дардыл æмæ алыхуызон уымæн уыдысты, уадтымыгъæй йæхи мондæгтæ кæй мардта, æппынæдзух æм уый тыххæй æппæрста йæхи:

Кæнын дын, номдзыд лæгау, кад,
Чызгау дæ судзгæ уарзтæй уарзын.
Арв саудалынг куы ‘рвæййы хатт,
Зынг хуры сау мигътæ куы байсынц,

Куы вæййы ‘фхæрд æрдз тар, æнкъард,
Йæ сæр куы ‘руадзы бæрз – гуырвидыц,
Æнаххос дидинтæ сæ цард
Мæстæй цæссыгкалгæ куы ‘рвитынц,

Ælхынцъæрфыгæй сыстыс уæд,
(Хæлар, нæ дæ кæнын æппæлгæ),
Æмризæджы ныррызы ‘ппæт, –
Фæхæссыс сау мигъты гæппæлгай…

Æмæ ныццæхæр калы хур,
Ног райгуыры, ныххуды бæстæ,
Цард фесты ‘хсидгæ денджыз, фурд, –
Ныззары мæргъты мин хъæлæсæй.

(«Уадтымыгъ»)

Уый, уыцы монц ын нæ лæвæрдта удæнцой. Уый йæ дзурын кодта Адæймаджы ном бæрзонд сисыныл («Адæймаг»), Сæрибары хæстонтыл («Сæрибары хæстонтæ»), удæфхæрæг бартыл («Стай зоопарчы»), Ирыстон æмæ дунейы сæрхъызойтыл («Сау æхсæв», «Лумумба Патрисы амælætыл»),

нæ диссаджы ærдзыл («Изæр Дзаугомы»), стыр уарзтыл («Ды фæцæй цыдтæ рухскалгæ уынджы») æмæ бирæ-бирæ ændæр фарстытыл. Р. Белоусова Иоганн Вольфганг Гетейы уарзтыл дзургæйæ цæйау загъта: «Верный привычке доверять душевное состояние бумаге, делает записи, которые потом так пригодятся ему, пишет стихи».[1]

***

Ды дæ мæ зарæгæн йæ сæр,
Цæй сыст, ызнæт фæдисон цырддæр!
Нынниу сæдæ 'взагæй, ныннæр, –
Фæу фæндаггæрдæг мæ дзырдтæн!

«Уадтымыгъ»-ы уый уыдис йæ фидар литературон кредо æмæ йыл йæ къух никуы систа. Йæ нысанмæ цыдис цыфæнды ныхдуртæ фæлдахгæйæ. Уымæн æмæ афтæ уыдис йæ удыхъæд нæ ирон адæм æмæ нæ Фыдыбæстæйы фарнæн. Фæлæ, махæн нæ хорз нæ цæсты нæ ахады. Йæ уынын нæ никуы ærфæнды. Бараéй нæхи ændæр хъуыддæгтыл бафтауæм, цыма куырмытæ æмæ къуырматæ стæм – ницы уынæм, ницы хъусæм. Цалынмæ нын исчи нæ хъус ныггакк кæны æмæ фефсæрм вæййæм, уæдмæ. Кæнæ та нæ аудинаг хъуамæ нæ къухæй ахауа. Фæкæсыны сæр æй мауал хъæуа. Стæй алыхуызон æфсæнттыл схæцæм: «Хох дардмæ хуыздæр зыны», «Уый æнхъæл чи уыдис…», «Дардмæ кæй агураем, уый хæстæгмæ разыны»…

Æгæрыстæмæй, нæ хуыздæр Къостайæн дæр нæма базыдтам фаг лæггад кæнын. Коцойты Арсен, бирæ кæйдæртау, йæ рæстæджы æрхæндæгæй уымæн дзырдта: «Къоста уыди Ирыстоны ахсджиагдæр хъæбул» – афтæ дзурынц æппæт ирон адæм. «Къостайы ном æвæринаг у, цырт ын аразын хъæуы» – дзурынц рагæй дæр нæ раздзæуджытæ».[2] – Фæлæ

[1] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Благословляю имя из имен. – М., 1990. – 252 ф.
[2] К о ц о й т ы А р с е н. Къостайы цырты тыххæй / Рæстдзинад, 1926. – № 72.

хъуыддаг ахæм дзырдтæй, стыр хъыгагæн, йæ бынатæй никуы феккуырсы. Стæй, æвæццæгæн, æккуырсгæ дæр никуы фæкæндзæнис, æххæстгæнæг æй кæй нæ вæййы, уый тыххæй.

Фылдæрхатт адæймаджы хъуыддæгтæн аргъ кæнгæйæ, иувæрсыг вæййæм. Афтæмæй алцы дæр тынг хорз фæзонæм. Нæ адæмон хъайтар Алыккаты Хазбийы зарæджы уый тыххæй дзырдæуы:

Хазби, дам, бадзуры:
– Хорз бæх та цæмæй у?
– Саргъ æмæ идонæй.
– Уæд хæстон лæппу та цæмæй у?
– Кард æмæ ливорæй![1]

Мах нæ хуыздæртæн, хорз цæмæй вæййынц, уый кæронмæ равдисыны фадат никуы радтам. Абайты Васойæ дарддæр, нæ ирон намысы лæгтæй дзæнæты дунемæ лæггадцухæй чи нæ ацыд, ахæм никæй хъуыды кæнын. Васойæн дæр æртæ æнусы къæсæртыл рахизын куынæ бантыстаид, йæ кады ном нæм, азæлдау, æндæр адæмтæй, æндæр бæстætæй куынæ æрыхъуыстаид, уæд æй, куыд æмбæлы, афтæ федтаиккам, йе ‘гæрон фæллæйттæн ын æмбæлон аргъ скодтаиккам (æцæг сын æмбæлон аргъ ныр дæр нæма скодтам), уый сæрмагонд фарст у. Æниу æй, куыд æмбæлы, афтæ ныр уынæм? Ныр ын, цы кад æм æмбæлы, уый йын кæнæм? Не ′ппæт дæр зонæм, «большой, всеми признанный ученый»[2] кæу, уый?

Бестауты Гиуæрги, исчи йæ уыдтаид, искуыцæй исты фæфос кодтаид æмæ схъæлбæрзæйæ цыдаид, йæ уæлион царды æппынæдзух кады охыл уымæ никуы тырныдта. «Ракæсут мæм, мæнæ цахæм дæн!» –хъæр кæнын никуы хаста йæ сæрмæ. Уыдæттæ æцæгæлон уыдысты йе ‘нкъараг, ænærхъæц удæн. Джусойты Нафимæ йæ фыстæджы нæ хæлæрттæй иуы

[1] Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. – Цхинвал, 1977. – 51 ф.
[2] Расторгуева В. С. О Василии Ивановиче Абаеве // Коллектив авторов. Жизнь отданная науке. – Владикавказ, 1996. – 19 ф.

тыххæй хъазгæ-æмхасæнты уымæн фыста: «Куыдзы сæр бахæрæд уый дæр æмæ нæ рафæлдисæг дæр, талант нæм куы фæзыны, уæд та зыгъуыммæ къæхтимæ райгуыры. Цыт æмæ æхцайыл мард ирон уираг!..»[1] Ома, алцы хи пайдайæ, хи æхцондзинадæй барын сæрмæхæссинаг нæу. Æмæ, табу – Хуыцауæн, кæддæриддæр, ацæргæ куырыхон лæгау, уыдис йæ дзырды хицау.

Уыцы фыстæгæй бирæ фæстæдæр, 1970-æм азы Джиуæргуыбайы мæйы 12-æм бон, поэт Ходы Камалæн та йæ фыстæджы ахæм иронион арфæ ракодта: «Нырыккон Парнасы иууыл стырдæр бардуаг – Литфонды хорзæх дæ уæд!»[2]

Уыдæттæ бæлвырд дзурынц, цардæн æй йæ пайдайы фарс тынг кæй не ‘ндæвта. Кæд мæгуыр бинонтæй рацæугæ уыдис, уæддæр хи пайдайæн йæхи ныллæг никуы æруагъта. Уымæй бирæ стырдæр уыд йæ бæллиц – цыфæнды уавæрты дæр Адæймаг уæвын æмæ дзырдаивады бæрзæндтæм лæджыхъæды фæрцы хизын, нывæфтыд литературæ, арвæрттывдау, ныррухс кæныны бæллицц. Йæ «уæнгтæ цины дыз-дыз» цы уадтымыгътæ, тæрк къæвдатæ, арвæрттывдтæм кодтой, йæхæдæг дæр уыдонау нæргæ, цæхæркалгæ, дзæнгæрджытæцæгъдгæ æрбацыд ирон поэзимæ æмæ йæ ноджыдæр йæ фарнæй ныррухс кодта («Уадтымыгъ»).

Æрбацыд æм 50-æм азты фыццаг æрдæджы. 1937-æм азы ирон фысджыты, ирон интеллигенцийы ныддæрæны фæстæ уæдмæ, уæлдайдæр, Фыдыбæстæйон Стыр хæсты рæстæджы æмæ компартийы XX-æм уанелы фæстæ, нæ аив литературæ ногæй йæ къахыл фидар слæууыд. Уыдис нæм æмæ нæм ис, сæрыстыр кæмæй уыдыстæм æмæ стæм, нæ ирон поэзи йæ синысæртыл кæмæй хæцы, нæ реалистон фысджыты æмрæнхъ уыцы романтикон поэттæ: Къубалты Алыксандр, Нигер, Плиты Грис, Калоты Хазби… Уæдæ, нæ нывæфтыд литературæйы фæлгонцон уынынад дæр ног нал уыд. Ног нæ, йæ цырвыл нæм уыдис уыцы азты. Фæлæ уæддæр Бестау ирон поэзимæ фæзындис æцæг уадтымыгъы хуызæнæй.

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 499 ф.
[2] Уый дæр уым, 516 ф.

Йæ тæккæ тыхыл чи уыд, хæхтæ, къæдзæхты дæр, хуынчъытæ чи кодта, дуры хуылфы иннæрдæм чи агæпп ластаид, уыцы 22-аздзыд лæппуйæн журнал «Фидиуæджы» ирон æвзагыл йæ фыццаг æмдзæвгæ «Тæрккъæвда» мыхуыр куы æрцыдис, уæд йæ удæгас фезмæлд, йæ дзырдхъом ныхасыуаг, йæ аив, бæлвырд, æххæст нывтæй йæхимæ æркæсын кодта чиныгкæсæджы. Ныфс дзы бауагъта ног курдиаты фæзындæй. Дзуццаты Хадзы-Мурат райгонд æмæ сæрыстырæй уымæн загъта: «Тæрккъæвда» чи бакаст, уыдон банкъардтой, кæй нæм фæзынд ног, зæрдæмæхъаргæ курдиат. Æмдзæвгæ дæсныйадæй æххæст нæу, фæлæ дзы разынд поэты сæйраг миниуæг – уый дуне æвдисы фæлгоцтæй, мард, статикон нæ, фæлæ удæгас, змæлгæ чи кæны, ахæм динамикон фæлгонцтæй».[1]

Уыцы фæлгонцон уынынад нæ сыхаг адæмты литературæтæм дæр евразиаг, стæй æмткæй дунейон литературæйæ цыд. Фæлæ, хуымæтæг дур уа æви налхъуыт-налмас, чи йæм кæцæй фæкæсы, уырдыгæй йæ фæуыны йæхирдыгонау. Йæ фантази хъæздыгдæр кæмæн уа, уымæ æнæмæнг алыварсондæрæй фæзыны. Бестауы-фырт цард, стæй йæ алы фæзынд, – суанг тæрккъæвда дæр, – алыварсонæй, стæй йæхирдыгонау уыдта:

Уары… Дымгæ сиры рæгътыл,
Мигъ йæ саулохаг тæры,
Фурд бырсы, лæгæрды хæхты,
Арв йæ комыдзаг нæры.

Хохы цъассы цъити тъизы,
‘Гомыг къæдзæхтæ хъæрзынц,
Урсцухъхъа гæды хъæд ризы,
‘Нахъом сабийау тæрсы.

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Фæндаджы райдайæн / Бестауты Гиуæргби. Уадтымыгъ. – Сталинир, 1958. – 3 ф.

Дардмæ арв йæ сырх рон фехсы, –
Сæрд нæм раздæхтис цæхгæр,
Мигътæ февзидынц зынг ехсæй,
Ногæй ферттивы цæхæр…[1]

(«Тæрккъæвда»)

Хъуыдыйæдтæ кæд иууыл æххæст, зырнæйзылд не сты, уæд уый хыгъд тæрккъæвдайы ирд нывтæ, фæлгонцтæ, алыхуызон поэтикон фæзилæнтыл цæст æххæстæй æндæдзы. Кæрæдзийы фæдыл уыйбæрц фæлгонцты хал уыныныл ирон чиныгкæсæг æрвылбон ахуыр кæй нæ уыдис, æмдзæвгæйы фæзындæй сыл йæ цæст уый тыххæй æрæвæрдта.

Фæстæдæр, 1958-æм азы, Бестауты Гиуæргийы æмдзæвгæты фыццаг чиныг «Уадтымыгъ» рухс куы федта, уæд, æцæг поэзи цы у, уый чи зыдта, уыдонæй дызæрдыг уымæн ничи уал кодта, йæ автор, уадтымыгъау, ирон поэзийы кæй нынниудзæн, кæй ныннæрдзæн, дуне нын йæхирдыгонау тыхджын æмæ тыбар-тыбургæнгæйæ кæй равдисдзæн.

Уый тыххæй алы хатт дæр фæхъæуы æгæрон тых, æнæрæнцой зæрдæ, рæстдзинады тыххæй цæрддзу чи хъуамæ кæна, аивады бирæ æнæуынгæ тынтæй быд чи хъуамæ уа, ахæм удуæлдай адæймаг. Тæрсгæ-ризгæйæ стыр хъуыддæгтæ аразæн кæй нæй, уый тыххæй Бестау йæхæдæг афтæ дзырдта 60-æм азты поэзийы тыххæй Нафимæ йæ фыстæджы: «Æнуд сфæлдыстадон атмосферæ ис не ‘хсæнады. «Фидиуæг» сым-сымгæнаг поэзиимæ дзуар бафтыдта: нæдæр хорз, нæдæр тынг æвзæр æмдзæвгæтæ – ахæм у йæ девиз. Дзаттиайы-фырты тас (ома йæ йæ бынатæй куы фæсурой) иннæтыл дæр бахæцыд æмæ уæндон хъуыды, сæрибар ныхас сæ цæсты сындз фестади. Йæ зæрдæйы нæ чысыл курдиаты зынг кæмæн æрттывта, уыдон дæр сæ къух ауагътой фыссыныл æмæ шашкæты æмæ сæны агуывзæйы сæттынц сæ маст. Афтæмæй национ хæдхъом поэзи саразыныл дзурæн дæр нæй».[2]

---

[1] Фидиуæг, 1954. № 8.
[2] Бестауты Гиуæргиуаг. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 506 ф.

Нафи йæхæдæг дæр ахæм хъуыдыйыл лæуд уыдис: «Нæ аивад æмæ нæ литературæйы хорз уацмыстæ цъус кæй ис, уый сæйрагдæр аххосаг у цардæй иппæрддзинад»,[1] – æмæ сæ уыцы хъуыды сæ кæрæдзимæ кодта æнгомдæр. Цæрдхъом литературæ саразынмæ уымæн тырныдтой. Тырныдтой йæм æмæ йæ æнæмæнг аразгæ дæр кодтой.

Фæлæ йæ саразынæн сæруæлдай фысджытæ фæхъæуынц. Æнуд, æмбыд уæлдæф чи ныддымдтаиккой; цъæх-цъæхид уæлвæзтæ æмæ гауызвæлыст кæмтты комулæфтау, æхцон, сатæг уæлдæф чи æрбахастаиккой нæ литературæмæ, ахæм фысджытæ нæ хъуыд. Бестау уыдон фæзындмæ бæллыд. Йæ мидсагъæсты уыдонимæ фæндтæ кодта.

Æмæ нæ рæдыд. Фидарæй зыдта, æрмæстдæр ахæм фысджытыл кæй у баст нæ аив литературæйы фидæн. Стæй, чи зоны, бирæ бæрцæй Ирыстоны фидæн дæр. Йæхæдæг æнæмæнг уыдис ахæм поэт. Уадтымыгъæн уарзгæйæ, табугæнгæйæ, хуымæтæджы нæ дзырдта:

Куыд нæй зæххы цъарыл фæуæн
Æнустæн, размæбырстæн, цардæн,
Нæй афтæ басæттæн дæуæн,
Ныххуыссæн – де ‘нæнтау цъæх артæн.

Дæ нысан – иудадзыг тырнын,
Дæ цард, дæ цин – дæ хæст, дæ тохы.
Нæрыс, бырсыс ‘мæ дæ уырны,
Дæ цæлхъæй атондзынæ хохы.

Уæлахиз къухы бафтдзæн тагъд –
Æдзух дæ размæ скъæфы уый ныфс.
Минут дæр фескъуыдтай дæ тахт, –
Нæ, уæд ды уадтымыгъ нæ хуыйныс!..

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 170 ф.

Поэт йæхæдæг царды дæр, литературæйы дæр уый тыххæй никуы скъуыдта йæ размæтахт. Æппынæдзух кодта агургæ. Никуы дзы рох кодта: «сыгъзæрин æдзух адæм арынц хуымæтæг ызмисы» («Цардвæндаг»), æмæ йæ адæмы ‘хсæн æнæрулæфгæйæ агуырдта ног дзырдты, æвзаг æмæ аивады ног фæзилæнты, ног фæлгонцты, ног темæты, ног уацмысты… йæ раттæг дзыллæ, йæ Фыдыбæстæйæн кæмæй скад кодтаид. Æмдзæвгæйæ æмдзæвгæмæ, чиныгæй чиныгмæ уымæн рæзт. Фæлæ Александр Пушкин, Николай Гоголь, Тарас Шевченко, польшæйаг фыссæг Адам Мицкевич[1] æмæ бирæ æндæртау йæ зæрдæ романтизмыл никуы сивта æмæ реализммæ нæ ахызт. Фидарæй зыдта, уадтымыгъ æмæ поэзийæн Хуыцау иуранæрхæст нæ радта. Уыдонæн тæлфгæйæ у. Уыдонæн цæвæнтæ кæнгæйæ у. Уыдонæн размæ тæхгæйæ у. Хъуамæ ног кæной сæхи дæр æмæ сæ алыварс дуне дæр. «Минут дæр фескъуыдтай дæ тахт», – уæд бабын кодтай дæхи дæр, мæрдырох бафтыдтай дæ алыварс дунейыл дæр. Уымæн æмæ уыцы дуне куынæ знæт кæна, иуран æнæхъыпп, æнæсыппæй куы лæууа, уæд ногæй-ногдæр нæ кæны. Йæхи уадзы бынмæ. Сафы йæ цæрдхъом, йе ‘рттивгæ хуыз. Кæны æмбигæ æмæ йемæ æмбийын кæны алкæй дæр æмæ алцы дæр. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн дзырдта: «Цæмæй искæй зæрдæ нынкъуысын кæнай, уый тыххæй хъуамæ дæхи зæрдæ нынкъуыса».[2]

Цæмæй дуне ма бамбийа, ма фæуа дæлимонты фæндиаг æмæ тары ма аныгъуыла, уый тыххæй йæ æппынæдзух фæхъæуы ног кæнын. Æмæ уыцы ноггæнæг тых адæмы хъуыдымæ гæсгæ, стæй цардмæ гæсгæ у уадтымыгъ. Уый у, чи бахус, чи бамбыд, ног тауы чи хъыгдары, æппæт уыдон сафæг. Н. Добролюбовы хъуыдымæ гæсгæ та: «Если еще есть в мире поэзия, то ее нужно искать среди народа».[3] Бестау ма дзы поэтикон æнцой дæр ссардта. Йæ сабибонтæй фæстæмæ уадтымыгъмæ поэт – лирикон хъайтар йæхи уымæн æппары:

---

[1] Рыльский М. Великий польский поэт Адам Мицкевич // Мицкевич Адам. Избранное. – М., 1948. – 9 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 95 ф.
[3] Добролюбов Н. А. Литературная критика в 2 т. Т. 1. – Л., 1984. – 316 – 317 ф.

Ды дæ мæ зарæгæн йæ сæр –
Тызмæг ызнæтдзинады бардуаг!
Æнусмæ ме ‘мдзæвгæйы цæр,
Кæрддзæмы тъыст цыргъ фæринк кардау!..

Кæнын дын номдзыд лæгау кад,
Чызгау дæ судзгæ уарзтæй уарзын.
Кæсыс, ныр дæр, мæ хæлар уад,
Æдæрсгæ демæ уынджы хъазын;

Цæуын, мæ гом риу мын цæвыс,
Куы та мæ ихуырзтæй рæвдауыс,
Мæ зæрдæ мын цырын кæныс,
Мæ уæнгтыл мын цъæх арт æфтауыс.

Цæуын, дæуау мын ‘рæнцой нæй,
Æрхъæц нæ зонын азæй-азмæ.
Хъæддаг, æнæрцæф æфсургъ, цæй,
Дæ базыртыл мæ аскъæф размæ!..

Гафез фæлтæрд фыссæг уыдис æмæ тынг хорз зыдта, æвзонг фыссæджы фыццаг фæлварæнтæй куыд зын æппæлæн у, – йæ фидæн ын бæлвырд-бæрæгæй Хуыцауæй дарддæр ничи фæзоны, – фæлæ, Бестауты Гиуæргийы чиныг «Уадтымыгъ»-ыл ныхас кæнгæйæ, дзырдта: «Уымæн йæ хъуыды сæры магъзы бирæ фæзилдух кæны. Йæ зæрдæйы йæ фæхъарм кæны. Ацы процессы рæстæджы хъуыдыйæн лæвæрд æрцæуы фидар æмæ аив уæнгтæ – рæнхъытæ, рæсугъд фæлыст – нывджын æмæ фæлгонц дараес, арф æнкъарæнтæ, фæлмæн интонаци…»[1]

[1] Г а ф е з. Ælвæст кард / Фидиуæг, 1959. №3. – 78 ф.

Æмæ æппæт уыдон рафидауын кæнынц аивадон уацмыс. Уæлдайдæр, зæрдæйæн иууыл æхсызгондæр вæййы, уыцы бæллиццаг поэтикон миниуджытæ Бестауæн йæхиау, – ælвæст карды хуызæн, – лирикон хъайтаримæ баст куы вæййынц, уæд.

Гиуæргимæ уыцы миниуæг æппынæдзух уыд афтæ – йæхи уд æвæрдта йæ лирикон хъайтары риуы дæр. Поэт æмæ йæ лирикон хъайтар уадтымыгъæн номдзыд лæджы кад уымæн кæнынц, чызгау æй судзгæ уарзтæй уымæн уарзынц… «Чызгау дæ судзгæ уарзтæй уарзын» – иунæг поэтикон рæнхъ, иу хъуыдыйад, фæлæ дзы цас зæрдæйы хъарм ис! Поэты ахаст цас бæрцæй æвдисы уадтымыгъмæ!

Адæймаг фыццаг дис дæр бакæны: чызг æмæ уадтымыгъæн куыд ис иухуызон судзгæ уарзтæй уарзæн?! Фæлæ йыл лæмбынæгдæр куы ахъуыды кæнæм, уæд æнæрцæф, æнæ идонконд, æнæдомд чызг дæр уадтымыгъау цæвæнтæ фæкæны. Уадтымыгъ æрдзы куыд сног кæны, афтæ уый фæзынд дæр ныссæрфы, ныссыгъдæг кæны адæймаджы зæрдæйы къуымтæ. Фæнывæнды, фæаразы дзы ног, бæллиццаг цард.

Афтæмæй Гиуæргийы диссаджы поэтикон абарст чиныгкæсæджы зæрдыл æнæнхъæлæджы æрбалæууын кæны Гæдиаты Секъайы æмдзæвгæ «Хъарæджы» аив рæнхъытæ:

Урссæр, сауцæсгомджын хæхтæ,
Къултæ, хъæдтæ æмæ дæттæ
Зæрдыл, сау чызгау, лæууынц.[1]

Поэт уадтымыгъæн, цыма номдзыд лæг у, уымæн кад кæны, чызгау æй судзгæ уарзтæй уымæн уарзы, æмæ «Арв саудалынг куы ‘рвæййы хатт, Зынг хуры сау мигътæ куы байсынц, Куы вæййы ‘фхæрд æрдз тар, æнкъард, Йæ сæр куы ‘руадзы бæрз – гуырвидыц, Æнæаххос дидинтæ сæ цард Мæстæй цæссыгкалгæ куы ‘рвитынц», – уæд уый, уадтымыгъ, ælхынцъæрфыгæй кæй

[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 18 ф.

сысты, бæстæ æмризæджы кæй ныррызын кæны, сау мигъты фæйнæрдæм гæппæлгай кæй фæхæссы. Уæд сног вæййы, не ‘ппæт дæр сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы алæмæтон цард æмæ йæм нал фефсæдæм кæсынæй.

Уадтымыгъ, ома, тых уад куынæ уаид, уæд уыцы сау, хуыдалынджы фесæфиккой дун-дуне, зæххы къори. Семæ бабын уаид цард, нал уаиккой адæм. Семæ амæлид, цины базыртæ ныл чи садзы, уыцы поэзи дæр.

Сабийæ фæстæмæ «тызмæг ызнæтдзинады бардуаг» йæ зарæгæн уымæн у йæ сæр, æнусмæ йæ, «кæрддзæмы тъыст цыргъ фæринк кардау», йæ уацмысы уымæн цæрын кæны. Йæ удæгасæй дæр, йæ амæлæты фæстæ дæр («Æмæ кæд ахуысса йæ зынг Мæлæтмæ ‘лгъыст низы нымыгъдæй» – цыма «‘лгъыст низы нымыгъдæй» йæ мæлæт æцæг развæлгъау зыдта) йæхи уымæн кодта дунейы тымыгъты бар, цæмæй иудадзыг уадза цъæх арт. Уымæн æмæ цæргæ-цæрæнбонты, М. Горькийы хъайтарау, йæ царды нысан уыд – «Безумству храбрых поем мы песню!..»[1] Æмæ уыцы стыр нысан Бестау, æцæг адæймаг æмæ æцæг поэтæн куыд æмбæлы, афтæ хаста сæрыстырæй. Уадтымыгътæн уымæн фæдзæхсы:

Бындзыггай мæ фæхæссут дард,
Æваст мæ арвы тыгъдмæ фехсут,
Куыд уадзон иудадзыг цъæх арт,
Куыд хъусон уе знæт уынæр, уе ‘хситт.

Цæмæй мæ хæтæн уа уæрæх,
Мæ хуыз тъымы-тъыматæм ивон,
Куы-иу уон мигъ, куы та – æртæх,
Зынг хурмæ кæрдæгыл æрттивон…

Уый романтик уды романтикон бæллиц уыд. Фæлæ йæхæдæг ирон поэзимæ уадтымыгъы æнгæсæй кæй æрбацыд, æппынæдзух дзы уадтымыгъы

[1] Г о р ь к и й М. Соб. соч. в 16 т. Т. 1. – М, 1979. – 151 ф.

хуызæнæй кæй цард, лæмæгъ уæвын, иу ран лæууын йæхицæн дæр кæй нæ барста æмæ искæмæн дæр, нæ дуджы стырдæр ирон фысджытæй иу – Булкъаты Михал, Бестауы цардвæндаг æмæ сфæлдыстадыл хъуыдыгæнгæйæ, уымæн æрымысыд: «Поэты хъуыды æмæ сфæлдыстадон уагахастыл дзургæйæ, Испанийы стыр поэт Гарсиа Лорка йæхицæй афтæ зæгъы: «Как настоящий поэт, которым я останусь до могилы, я никогда не перестану сопротивляться любым правилам в ожидании живой крови, которая рано или поздно, но обязательно хлынет из тела зеленой или янтарной струей. Все что угодно – лишь бы не смотреть неподвижно в одно и то же окно на одну и ту же картину. Свет поэта – в противостоянии».

Бестауты Гиуæрги йæ поэтикон шедевры скондæй ирон поэзийы йæхи сæрмагонд закъæттæ кæй æрæвæрдта æмæ-иу, ног хуызтæ агургæйæ, алы конкретон цаумæ хицæн рудзынгæй кæй фæлгæсыд, уый литературæиртасджыты ныхасы темæ у…»[1]

Бестау царды дæр, поэзийы дæр æвæлмаст никуы уыд. Æнцойад нæ зыдта. Нæдæр æй фæндыд æмæ йæ бон нæ уыдис æнцойзæрдæйæ цæрын. Куыд уынæм, афтæмæй йæ æппынæдзух фæндыдис размæ бырсын, ног хъуыддæгтæ аразын. Цардæй адæмæн, нæ Райгуырæн бæстæйæн хорзæй ратонæн цæмæн ис, уыдон, сæр куы бахъæуа, уæд æрдзæй байсынмæ дæр цæттæ уыд. Йе сфæлдыстадон тох æмæ царды йын фыдбылызæй тас цæмæй уыдис, уымæ йæ хъус даргæ дæр никуы кодта.

Поэтæн куыд æмбæлы, Гиуæрги афтæ фидарæй æууæндыд йæ хъаруйыл. Тынг хорз зыдта, зæххы цъарыл адæймагæй тыхджындæр кæй ницы ис. Адæймаджы куы бафæнда, уæд йæ «бардзырдæй арв фескъуындзæн йæ нæрын, ныххуысдзысты цæхæркалгæ вулкантæ». Цæстыныкъуылдмæ денджызтæ, океанты асур кæнын йæ бон кæмæн у, уый йæхицæй куыннæ хъуамæ уа сæрыстыр. Поэт романтикон дзыхыуагæй уымæн дзуры дунесфæлдисæг хурзæринимæ, зæгъгæ, кæддæр дын табу кодтон, фæлæ мæ дæ хъармæй нæ батавтай, «мæ цæстытæн мын нæ хай кодтай дæ тынтæй»;

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Стыр курдиаты сусæгдзинад / Хурзæрин, 2002. – 30 ноябрь.

рухс арвæй сæ лæгдыхæй раскъæфтон æмæ дæм ныр «тызмæгæй комкоммæ куы скæсин», уæд «мæ цæсты рухсæй акуырм уаис уайтагъд æмæ цъæх арвыл аззаис мæрдцъындæй».

Афтæ чи хъуыды кæны, афтæ чи дзуры, уый зоны, æцæгæй дæр йæ радтæг «зæххы цæхх»[1] кæй у æмæ йæм адæм стыр хæрзтæ саразынмæ кæй æнхъæлмæ кæсынц. Æрмæстдæр ахæм романтикон удыхъæды хицау адæймагæн бауыдзæнис йæ бон кæмæнфæнды дæр фидарæй зæгъын:

Ныхъхъус у, æрдз: æз дæм дзурын – зæххон лæг,
Дæ коммæгæс цагъар чи уыд кæддæр,
Дæ арвынæрдæй адæргæй чи рызт,
Йæхи нывæндтæ чи кодта дæ хурæн,
Куырмæй чи 'ууæндыд 'рымысгæ хуыцæуттыл,
Æмæ сæ тæсæй бархийæ йæ цæнгтыл
Цагъары згæ хъадаман чи фæхаста…
Æрвферттывды цæхæрзынг ис мæ къухы,
Хæлбурцъ мигъты ард – ме 'рфгуыты æлхынцъы,
Дунейы рухс – мæ мидбылхудт, мæ цины…

(«Адæймаг»)

Ам поэты хъуыды, хорз у æви æвзæр, уæддæр иу кæны В. И. Ленины хъуыдыимæ: «Прежде говорили: «Каждый за себя, а бог за всех», и сколько горя из этого вышло.

Мы скажем: «Каждый за всех, а без бога мы как-нибудь обойдемся».[2] Йæ зæрдæйы тых, йæ уды знæт уыцы «хæлбурцъ мигъты ард» æмæ «дунейы рухс»-æй цыдысты. Уыдон ын нæ лæвæрдтой æнцой. Уыдон æй тæхын кодтой уадтымыгъимæ. Уыдон æй æппæрстой арвæрттывдмæ, Терчы знæт уылæнтæм.

[1] Евангелийы (Матф., 5,13) Чырысти дзуры йæ ахуыргæнинæгтæн: «Сымах – зæххы цæхх», ома, адæмы цæртхъомдæр, сфæлдыстадон тых.
[2] Л е н и н В. И. Полн. соб. соч. Т. 40. – М., 63. – 70 ф.

Хуымætæджы зæххон лæг царды цы æгъатыр, хъару равдисын æмæ адæймаджы номæн скад кæныны хъуырдухæнтæй тæрсы, йæхи иуварс, æнцой цардмæ цы фыдæбæттæй æппары, уыдон Бестауты Гиуæргийы лирикон хъайтар, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, поэты удæн бирæ цæмæйдæрты сты æхцон. Гиуæрги æмæ сæм йæ хъайтар сæхæдæг, диссаг куыннæ у, барвæндæй цæуынц. Цæмæй æппынæдзух уой тохы уавæры. Цæмæй ма зонæй æрæнцой. Царды æнæ уыцы рассæнд-бассæнд, размæ хи æнæ æппаргæйæ нæу сæ бон цæрын. Уымæн æмæ, зонынц, æцæг цардæн уыцы зынтæй кæй ис раскъуынæн. Æмæ йæм æппынæдзух удуæлдæйттæ фæтонынц сæхи, æгæрыстæмæй сау тухиты, æгæрон мæстыты куы бахауынц, уæддæр. Æрмæстдæр уым фæарынц зæрдæнцой. Æрмæстдæр уым сулæфынц сæ зæрдæты фæндиаг:

Зæрдæ, цы ныддур дæ, зæрдæ, цы кæныс?
Уый кæд дæ хæлæрттæй исчи фæхъуыд?
Æви дзы искæй цæрдудæй ныгæныс
Æмæ дывæр у дæ цæссыг, дæ куыд!

Францаг философ-материалист К. А. Гельвеций хуымætæджы нæ загъта: «…Если открытие одной истины привело Галилея в тюрьмы инквизиции, то к каким пыткам присудили бы того, кто открыл бы их все».[1] Фælæ нæ фæтæрсынц уыцы фыдæвзарæнтæй. Æмæ уыцы фæндæгтæ иууылдæр фæцæуынц поэт æмæ йæ хъайтары зæрдæтыл. Стæй æмдзæвгæйы кæрон зæндтæ амонының – афоризмты хуызы фенæм, поэт царды æцæг амондыл цы нымайы, цæй алфæн цæры æмæ чиныгкæсджытæн цы фæдзæхсы, уый:

Зоныс, изæрмилты рухс цин фæливы,
Ивын у царды æнусон æрмæст…

[1] Гельвеций Клод Адриан. Сочинения в 2 т. Т. 1. – М., 1973. – 299 ф.

Хурзæрин тынгдæр фæскъæвда ныртти вы,
Царды ад базоны ‘фсæддон фæсхæст.

Уалдзæг тæрккъæвда æрвнæрдæй фидауы;
Уадæн зымæгон йæ саулох – ифтыгъд;
Ма хъав æнцоимæ макуы фидауын –
Дар мын дæ дуæрттæ тымыгътæн тыгъд.

(«Зæрдæ, цы ныддур дæ…»)

Бестау æрмæст поэзийы нæ, фæлæ царды дæр йæ зæрдæйы дуæрттæ æппынæдзух гом дардта тымыгътæн. Уый тыххæй-иу бахауд бирæ хъаугъаты дæр, кæд-иу сæм, гæнæн уыдис, йæ хъус дæр ма ‘рдардтаид кæйдæртау, сæрибарæй-иу ахызтаид сæ иувæрсты, уæддæр.

Фæлæ æнæсæрмæхæссинаг хабæрттæм никуы уыдис æмхиц æмæ йæ уыцы миниуæджы тыххæй адæмы цæсты алы хатт дæр йæ ном æвæрд уыдис бæрзонд бынаты. Рæстдзинады тыххæй, адæм куыд акæнынц, мæрдтæм бацæуынмæ дæр цæттæ уыдис. Ахæм рæстаг æмæ романтикон удыхицау адæймагæн бар уыдис, йæ цæст ма фæныкъуылдтаид, афтæмæй, йæ зæрдæйыл йæ къух æрæвæргæйæ, бауайдзæф кодтаид алкæмæн дæр: «Чысыл ма фæстæмæ фæкæс: фæстаг рæстæджы нæ поэзи (Хуссар Иры) иуран нæ ныййихау?»[1] Уымæн æмæ, нæ поэзи их кæнын чи нæ уагъта, йæ сæрыл кæимæ фæнды дæр стох кæнынмæ цæттæйæ чи лæууыд, раст уыдонæй уыд Бестау йæхæдæг.

Уыцы зæрдæйы уаг, царды активон кæй уыдис, æмæ алы рæстаг адæймагмæ дæр уымæ кæй сидт, йæ фæдыл сæ кæй кодта, уый йæ ноджы æппæрста поэзийы цæхæрмæ. Царды дæр, поэзийы дæр романтик кæй уыдис, уымæн ыл фидыдта афтæ дзурын:

Уадтымыгъ, æнхъæлмæ дæм кæсы

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 506 ф.

Уарийы тыгъд базырыл мæ уд!

(«Æз цæссыг дæн»)

Кæд «уалдзæг æрвнæрдæй фидауы», уæд Бестау та йе ‘мдзæвгæты рафидауын кодта арвæрттывдтæй, уадтæй, уадтымыгътæй æмæ бирæ æндæр, уды романтикон сæнттыл æфтауæг æрдзон фæзындтæй. Тыхджын, ныфсджын фæзындтæй. Æмæ уыдон иууылдæр поэзиуарзджыты зæрдæйæ дæр, хъуыддагæй дæр кæнынц сыгъдæг, исынц æй бæрзонд.

Терк «хохы цъассы ‘ндон къæдзæхтæй гуыры», «Раст, цыргъ фатау, сæмбæлы йæ гуырыл Айнæгæн æхсæрдзæны цыхцыр», стæй коммæ ныххизы хъæрахстгæнгæ. Фидар къæйты атонынмæ кæй фæхъавы, уый тыххæй йæм ныррызынц къæдзæхтæ æмризæджы. Йæхæдæг цъæх айнæджы сæрæй ахауы, йæ дзæхст сæрсæфæны фæцæуы, уæддæр «Тас нæ зоны – хох ын у къæсæрмæ; Рис нæ зоны йе ‘мбæлæн къæдзæх».

Йæ уыцы æрра миты тыххæй сæрыстыр Терк бирæ поэтты удхæссæг фестид, – уыдон, стæй ирон цардбæллон поэт Хозиты Яковы кæй бабын кодта, уый тыххæй йыл иу æмæ дыууæ «æнæуынон» æмдзæвгæ не ‘рцыд фыст, – Бестауы æнæрæнцой зæрдæ та йын йе ‘рра митыл цин кæны. Уый йæм æндæр поэтикон цæстæй акаст. Уый йæ æгæрон уарзтæй уарзы, йæхиуыл рохтæ бакæнын кæй нæ уадзы, йæ тыхæн æнус-æнус басæттæн кæй нæ ис, раст уый тыххæй.

Алырдæм зынджы стъæлфæнтæ згъалы,
У йæ уылæн зынг æмæ цæхæр.
Бирæ ‘ртах дзы хуры онг фæхауы,
Бирæйæ дзы сгуылф кæны цъæх арт…
Терчы уылæн Иры сахъ фыдæлтæн
Хъазыдис сæ къабæзты бæлвырд.
Уымæн састой ‘нæнымæц ызнæгты,
Кард-иу уымæн айста фыдæй фырт…

«Кады ном зæххыл мыггагмæ зайы», –
Терчы сæрмæ къæдзæхтыл ис фыст.
Терк æндонæй сысæрста Къостайы,
Терчы фынк Иссæйы риуы ‘хсыст.
(«Терк»)

Джыккайты Шамил дзырдта: «Курдиат уынаг æмæ куырыхон у. Уый рæзы райгуырæн зæххыл, тых исы адæмы цардæй».[1] Гиуæргийæн царды цæхгæр фæзилæнтæ, знæт фæзындтæ уыдысты поэзийы хос. Уыдон фенгæйæ, уыдон банкъаргæйæ-иу æм æртахт музæ. Уалдзыгон сахкъæвда йæ рустыл лæдæрсы æмæ йæм кæсы «цины хъарм цæссыг». Арвы къæр-къæрæй уымæн нæ тæрсы. Тæрсгæ нæ, фæлæ иннæ адæмæй уæлдай уымæн æвдадзы хос у йæ ристæн. Адæм иу-стæмтæй фæстæмæ цы зымæгæй кæнынц арвы талынгты, уый бирæгъау куы нынниуы, куы «сысты ‘хситтгæнгæ тызмæг уад», уымæн дæр – лирикон хъайтарæн зилдухæн куы сисы йæ риуы, уæд дзы «ногæй басхъауы нымæг арт». Уымæн æмæ у «сывæллонау цымыдис», «æнæсæттон тымыгъау». Уымæн нæ хъыг кæны йæ бæстæйы диссаджы хæхтæ æмæ рæгътыл цæрынæй.

Цард афтæ уарзы æмæ, малусæг кæрдæджы мæймæ куыд нал фæлæууы, миты астæуæй куыд сдары йæ сæр, афтæ уый та нал фæхъæцы хуры скастмæ. Уымæн æмæ, хуры скаст у йæ уд, йæ дзæцц. Фены, «цард гуылф-гуылфгæнгæ куыд гуыры…» Ахæм адæймаг хурныгуылдæй æнæмæнг уындзæнис йе сæфт. Хур кæм нæй, уым цард ссарын дæр æнцон нæу. Поэттæ æппынæдзух сæхи зæрин хурмæ уымæн феппарынц. Зындгонд немыцаг философ-материалист Л. Фейербах æнæнхъæлæджы нæ загъта: «Каковы желания людей, таковы и их боги».[2] Бестауæн Хур уыд йæ Хуыцауы хай. Æмæ цардбæллон уды уыцы æнæрæнцой хъизæмæрттæ уынæм царды сæрыл мælætдзагтохгæнæг поэтмæ:

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 220 ф.
[2] Ф е й е р б а х Л. Избр. философ. произ. в 2 т. Т. 2. – М., 1955. – 486 ф.

У мæ уд, мæ дзæцц сæуæхсид –
Цард гуылф-гуылфгæнгæ куы гуыры…
У мæ цæсты сындз зæрæхсид:
Рухс хур – царды мад ныгуылы.

Судзы не ‘хсæв дæр цырынæй,
Рагæй уадтымыгъ – мæ лымæн;
Мæн цы бафсаддзæн цæрынæй,
Мæн куыд авдæлдзæн мæлынмæ!

Бон мыл ку‘ акъул уа, уæддæр дæ,
Рухс цин, мысдзысты мæ фынтæ…
Æз цæрддзугæнгæ мæрдтæй дæр
Хурмæ ‘хсындзынæн мæ былтæ.

Йе ‘хсæв дæр тыхæй цыренæй чи судзын кæны, уадтымыгъы лымæн чи у, уый сæуæхсиды фендæй, мыдадзын цырагъау, афтæ адон вæййы æмæ, куыд атайы, уый йæхæдæг дæр рæстæгыл нæ базоны. Нæдæр æй læмбынæгæй уыдæттыл хъуыды кæнынмæ февдæлы. Джыккайты Шамил уымæн фæдзæхста: «Нæ зонд нын халынц хахуыр æмæ динæй, Зæгъынц: быхсут æфхæрд æмæ тыхстæй. Нæ быхсын æз! Куырысдзаутæн куыд цæгъдон Фæндыræй? – уым læджы кадæй цы ис?»[1]

Уæддæр уыдон хуыцауысконд Бестауæн хорз нæ, тынг хорз зындгонд уыдысты. Адæймагмæ афтæ дæр фæкæсы, цыма æппæт уыдæттæ развæлгъау фыныгъдауæй уыдта. Чи зоны, йе ‘нкъараг зæрдæ уымæн тагъд кодта цардыл. Цыма а-дунемæ цæрынмæ нæ, фæдисмæ æрцыд. Цас царды монц, цас тых, цас бæллиц ис йæ рæнхъыты: «Мæн цы бафсаддзæн цæрынæй, Мæн кæд авдæлдзæн мæлынмæ!»

[1] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 17 ф.

Йе ‘гæрон цин æмæ маст, йæ мидхъуырдухæнтæ æмæ хъуыддæгтæ, рухсы сæрыл таримæ æнæбафидаугæ тох ын никуы лæвæрдтой удæнцой. Уыдон æй лæгæрдын кодтой размæ стыр æнтыстытæм. Уыдæттыл уæлахизгæнгæйæ хызт бæрзонд:

Уæд мæ цардуалдзæг цы уыдис! –
Хурæй расхъиугæ тыны хау;
Æз – сывæллонау, цымыдис,
Æз – æнæсæттон, тымыгъау!

Мæн цы схъыг кæндзæн нæ бæсты! –
Стæй цы хæхтæ сты, цы рæгътæ!
Макуы ма ‘рхуыссæд мæ цæсты
Рухс сæуæхсиды цырæгътæ!..

(«Царды цин»)

Уый, куыд уынæм, афтæмæй, адзалæй дæр мадзал акæнынмæ чи фæхъавы, ахæм хъæбатыр лæджы монолог у йæ уæлахизхæссæг тохы дуджы царды сæрыл æгъатыр хъысмæты ныхмæ. Уымæй дæр æрмæст йæхи уды æхцоныл нæ тох кæны. Размæ цæуы хуры, рухсы, царды сæрыл, цæмæй адæмæн хæсса цин, амонд, фарн. Ахæм уыд Бестау. «Аив дзырдмæ йын цы уаз ахаст уыд, цы ахсджиаг нысан ын лæвæрдта, уымæн æвдисæн йæ цард æмæ йе сфæлдыстад æнæхъæнæй.»[1]

Поэт хорз зыдта, тынг хорз зыдта – «А-бæстæй ацæуæн ис, – А-бæстæм ‘рыздæхæн нали!..» («Тагъддæр») – æнцойадæн хæст уымæн сидт, йæ бæллицы æврагъсæр бæрзæндтæм уымæн цырен кæны йе ‘нкъарæнтæ, цæмæй алы ран хорзæй зайа йæ фæд. Зынвæндæгтыл кæй чиудзæнис, уымæй нæ тæрсы. Уыдонæн ныффæраздзæн. Зынтæн тыхджын адæймаг хъæуы. Зынтæн чи нæ фæраза, уый къухы уæлахиз никуы бафтдзæн. Зынты сæрты

[1] М а м и а т ы И з е т æ, Б е ж а т ы Ф а р и з æ. Ирон литературæ. 11 кълас. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 397 ф.

кæй бон бавæййы ахизын, æрмæстдæр уый ссары амонд – æцæг амонд. Уымæн æмæ, размæ, рухсмæ бырсын амондмæ бырсын у. Цард æй сæдæ-сæдæ, æрдзæ-сæдæ азты йæхæдæг сарæзта афтæ æмæ уый ссис æгъатыр царды æгъатыр æгъдау.

Царды диалектикæйы уыцы æгъдау чи не ‘ххæст кæна, уый цард йæхæдæг фæстæмæ æппары. Тохыл йæ къух чи сисы, царды уылæнты бæрны йæхи чи бакæны, – ома, куыдфæнды мæ раппар-баппар кæнæд, куыдфæнды мæ хъазæд, – уымæн рухс фидæн никуы уыд æмæ нæ уыдзæн.

Поэт-лæг ахæм куыдфæндыйы хъысмæтыл никуы сразы уыдзæнис. Уæлдайдæр, ælвæст карды хуызæн чи у, ахæм поэт-лæг. Æцæгælон ын сты, Н. Чернышевский афтæ кæмæй загъта: «Нет ничего грустнее, как видеть честных, любящих вас людей, которые лезут из кожи вон от усердия осчастливить вас тем, чего вам решительно не нужно…»[1] Уый йæ хъуыдыты, цæргæсау, æврæгътимæ тохы вæййы; Къостайы лæскъдзæрæнау, авд дæлдзæхы бын мæгатæ цы ми фæкæнынц, уыдæттæ дæр фæзоны.

Æмæ Бестауы лирикон хъайтарæн æцæгælон у, «искуы куы нæ уал» уа, йæ кой-иу куы ‘рхауа, уæд æй ма зоной æмæ фæрсой, уый та, дам, чи у, зæгъгæ, ахæм хъуыды.

Лæгау-лæг йæ удæгасæй хъуамæ тæрса уыцы фарстæй. Æмæ поэт цы контрастон деталæй спайда кодта: «машинæ размæ тæхы, бæлæстæ згъорынц фæстæмæ», – уый бирæ цæуылдæрты дзурæг у. Размæ куынæ æппарай дæхи, уым куынæ арай уды æхцонад, уæд дын ницы бантысдзæн. Æгæрыстæмæй, иуран лæугæйæ дæр згъордзынæ фæстæмæ.

Уымæн æндæргæнæн нæй: «Царды цалх размæ тындзы, Азтæ ‘мæ бонтæ – фæстæмæ». Æмæ дзæнгæлтæгæнæг уды йе ‘ддаг бакаст бибитæ кæнынæй царды гуылфæнмæ йæхи, зынг æндонау, нывзилын æнцондæр фæкæсы. Владимир Маяковский, уæлейæ дæлæмæ кæсгæйæ, афтæ цы поэттæн дзырдта: «Господа поэты, / неужели не наскучили / пажи, / дворцы, / любовь, / сирени куст вам? / Если / такие, как вы, / творцы – / мне наплевать

[1] Ч е р н ы ш е в с к и й Н. Сочин. в 2 т. Т. 1. – М., 1986. – 482 ф.

на всякое искусство»,[1] – Бестау уыдонæй нæ уыд æмæ табу – Хуыцауæн. Йæхæдæг дæр, йæ хъуыды дæр цæвæнтæ кодтой æмæ йын бар уыдис дзырдтаид ныфсджынæй: «Куы рацæуын, ælвæст кардау, æз уынджы Зæрдæхъæлдзæг, ныфсхаст æмæ сæрыстыр…» (Уæлахизы бон»). Уыцы рæнхъ уæлдай тынгдæр уый тыххæй бадардта Хъодзаты Æхсар йæ зæрдыл.[2] Æцæг, чысыл фæивгæйæ: «Ælвæст кардау куы рацæуын нæ уынджы…» Фæлæ уый фыдæй ницы сæфы.

Бестауы-фырт, цыма Маяковскийы лирикон хъайтар уыд, адæймагмæ бирæ хæттыты афтæ дæр фæкæсы – йæ уды сæрибар йæхицæн дæр ницæуыл баивтаид:

Лучше лавочку открою.
Пойду на биржу.
Тугими бумажниками растопырю бока.
Пьяной песней
душу выржу
в кабинете кабака.

Под копны волос проникнет ли удар?
Мысль
одна под волосища вложена:
«Причесываться? Зачем же?!
На время не стоит труда,
а вечно
причесанным быть
невозможно».[3]

(«Братья писатели»)

[1] М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 1. – М., 1978. – 155 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 179 ф.
[3] М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 1. – М., 1978. – 155 ф.

Йæ сæр сæрмæ чи хæссы, йе знæт уды сæрибарæн чи аргъ кæны, уый цыфæнды уавæрты дæр, йæхимидæг уæддæр, царды цинтæй фылдæр фæвæййы: хурыскаст, мæргъты зард, уддзæфы комулæфт дæр ын – бæрæгбонтæ. Стæй – иу бонæн нæ.

Поэтмæ сусæг уæлтæмæн уымæн сиды, зæгъгæ, цы нындзыг дæ; рухс бæллицæн йæхи размæ уымæн æхсын кæны. Разæй сты, царды цыбæлагæй цы ис, уыдон иууылдæр. Фæлæ урсы цур сау тынгдæр разыны. Боны аууон æхсæв у. Æхсæвы æрцыдæй «Атыхст дунейыл талынг фыд-фынау; Халон, армау, йæ сау базыр дары Сусæг фыдмитыл, Кард фæкæны фæлурс æрттывд тары…» Уыдон царды цæрæмбонтæмы галиу митæ сты. Мæнæуæн, йæ аууонау, сысылы куыд гуыры йемæ, фысæн – сæгъ, адæймагæн – дæлимон, афтæ тъымы-тъыматы рухсы аныхъхъуырынмæ фæхъавы талынг.

Уыдæттæ нæ поэт æгæр хорз дæр зыдта. Зонын цы, æппынæдзух сæ йæхи сæрыл дæр æвзæрста. Æмæ сæ куыд уыдта, куыд сын аргъ кодта æмæ сæ сæрты куыд хызт, афтæ нывгондæй сæ ныууагъта, не ‘мдугонтæ æмæ, нæ фæстæ цы фæлтæртæ уыдзысты, уыдонæн дæр:

Уыг хъуынадур зæппадзæй
æвирхъау фыдбылызтæм сиды.
Тарæй бирæгъы фосфор цæстытæ
Удмæ уазал, мæрдоних хæссынц –
Раст дыууæхстоны дзыхтау кæсынц.
Тары фæндагыл къæхты хъæр ризы,
Фæсвæд арф ком къæпдзыхæй лæууы…
(«Æхсæв æмæ бон»)

Цæмæй нæм царды хъулæттæй йæ трагизм тынгдæр бахъара, чиныгкæсæджы цæмæй тынгдæр æрцахса, уый тыххæй йæм зæппадз у хъуынадур, фыдбылыз – æвирхъау, бирæгъы æрттиваг цæстытæ – фосфорæй, мæрдониххæссæг, ком – арф, æмæ сыл адæймаг кæй æууæнды, уый тыххæй

зæрдæмæ хъарынц тынгдæр. Стæй, Н. Добролюбов А. Островскийы уацмыстыл ныхасгæнгæйæ цæйау зæгъы: «можно отчасти видеть и выход из темного царства…»,[1] – уыйау ма, Гиуæргийæн дæр уыцы фæндæгтæ амонын нæ хъуыд.

Фæлæ ам нæ ныхасаг æндæр у.

Арф комы уыцы ныкъкъæппæввонг дзыхы бахауынæй нæ тыхы дуджы бынтон æдас ничи у. Лирикон хъайтары зæрдæ сæм фæдисы дзæнгæрджытæ цæгъды – бирæгъы фосфор цæстытæ тарæй дыууæхстоны дзыхтау хуымæтæджы нæ кæсынц.

Фæлæ сæ поэт æмризæджы нæ ризы, мыййаг. Тæппуд æдых у. Æдыхæн царды дæр, аивады дæр ницы æнтысы. Æхсæвы талынгимæ цæргæ-цæрæнбонты цы боны рухс тох кæны, уый тæрсаг куы уаид, уæд фыдбоны халоны сау базыр йæ быны æцæгæй æрныуæрдид дунейы цард. Фæлæ аивадау рухс боны æрцыдæй æмдзæвгæйы «талынг тæссаг гæв-гæв сисы». Цæугæдæттæ сæ кæуын раивынц зардæй. «Фидыды цъæх бæлон тарæй рухсы ‘хсæн базыртыгъдæй» æрбады æмæ сау халон йæ ныхмæ куынæ бафæразы лæууын, тох кæнын, зæххæй куы сисы йæ тугмонц ныхтæ, уæд, поэты зæрдæйау, мах зæрдæтæн дæр æрхæссы цин. Æгæрон цин. Тыбылты Алыксандыр Гæдиаты Цомахъы сæрибар æнкъарæнты тыххæй куыд дзырдта, ома, «хæххон цæхæрцæст ын кодтаид æфсымæры ад».[2] Раст ахæм амонд хаста нæ поэтæн æгæрон цин.

Бестау уыцы стыр цин йе ‘мдзæвгæйы аивадон фæлгонцы хуызы кæй равдисы, кæй йæ ныррæсугъд кæны, уый уацмысы кæрон чиныгкæсæгæн æрхæссы дывæр, – кæд фылдæр нæ, уæд, – дывæр цин. Æмæ уымæн æндæр гæнæн нæй:

Фæлæ талынг тæссаг гæв-гæв сисы.
Зардæй раивы дæтты кæуын.

[1] Д о б р о л ю б о в Н. Литературная критика в 2 т. Т. 2. – Л., 1984. – 147 ф.
[2] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 122 ф.

Уый æрбады фидыды цъæх бæлон
Тарæй рухсы ‘хсæн базыртыгъдæй.
Сысты сау халон, –
Нæй йын ныхмæлæууæн,
Зæххæй сисы йæ тугмонц ныхтæ.
Бон ыскæсæны уадындз ныццæгъды;
Бæстыл рахизæрдыгæй ысуасы
Æмæ, рухстаугæ, сытындзы хæхтыл
Царды фарнхæссæг хиуа йæ базыр.

«Царды фарнхæссæг хиуа» бæстыл рахизæрдыгæй кæй сытыгъта йæ базыр, уый талынгсурæг дæр у æмæ цины хос дæр, ныфсдæттæг дæр æмæ амонддæттæг дæр. Адæймагмæ, – кæд поэт комкоммæ уый кой нæ кæны æмæ уый равдисын ам хъæугæ дæр нæ кодта, – уæддæр уацмыс йæ афыст, йæ темперамент, йæ идейæйæ адæймагмæ сиды размæ. Рухсмæ цæуынмæ. Уырны нæ, талынг хъуыддæгтæ рæстæгмæйы митæ кæй вæййынц, райдзаст бонæн æнæрцæугæ кæй нæй.

Гиуæргийы лирикон хъайтар, «къæппæгæй сырд цæргæсау цырд» йæ базыртæ уымæн тындзы, тарстæй уæлæмæ уымæн кæсы йе знонмæ, фидарæй кæй зоны, уыцы ивгъуыдмæ здæхæн кæй нал ис. Æмæ, бæргæ, М. Лермонтов йæ уарзон чызгæй «прошлое страданье»[1] уарзта, фæлæ царды «знон» бынтон æндæр цыдæр у. Уыцы знон царды фидар фæткмæ гæсгæ йæ хорзимæ дæр, йе ‘взæримæ дæр фæстейæ баззад. Адæймаг та фæстæмæ историйæ дарддæр мацæмæ уал хъуамæ здæха. Царды тындзын хъæуы размæ. В. Г. Короленкойы загъдау: «Но все-таки… все-таки впереди – огни!»[2] Поэт уымæн фæндвидар у:

Иунæг размæтахт – мæ катай, –

[1] Л е р м о н т о в М. Соб.соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979. – 492 ф.
[2] К о т о в А. К. Выдающийся русский писатель-демократ / Правда, 1953. – 27 июль.

Макуы ‘рулæфон зæххыл
Æмæ мигъты тары, фатау,
Æз цæхæркалгæ тæхын.

Фæсрагъ хур æрттивгæ стулы, –
Æз йæ фембæлдмæ тындзын,
Ивгъуыд тар бонтæй мæ суры,
Мигъау, талынджы бындзыг.

Искуы къæбыртыл фæкалдтæн, –
Уый мыл атыхсдзæн æваст,
Фæлæ ме ‘нæрцæф уд дарддæр
Хурмæ уайдзæнис æмраст.
(«Гъæйтт! – къæппæгæй лыгъд цæргæсау…»)

Уыцы ænærцæф удæн йæ царды хæтæнтæ, хуымæтæг адæймаджы зæххон цинтæ æмæ мæстытæ фаг нæ уыдысты. Уымæн йæ цин дæр æмæ йæ маст дæр зæххон адæймаджы цин æмæ мастæй фылдæр, стырдæр уыдысты. Ænænхъæлæджы йын нæ уыд «хурæййас зæрдæ», «денджызæййас зæрдæ»… Æмæ кæд йæ «зæрдæ фегом вæййы хатт, арвы дуарау, рифмæйы дæгъæлæй», кæд йæ дзуринæгты тарф хъуыдыты цыд лæгау-лæджы ныхасау вæййынц, кæд ын йæ «хъуырдухæн», йæ «маст» кæнæ «цы цины денджызы» лæгæрды, уый ничи хаты, ничи йæ уыны, уымæн æмæ бæрц у йæ фыст, уæд йæ цин, йæ маст та сты стыр.

Уый æцæг поэты миниуæг у. Ævзæрдзинад æрмæстдæр ævзæр бафæзмдзæнис. Н. А. Некрасов тынг раст загъта: «Пошлый опыт – ум глупцов».[1] Фыссæджы хорз бирæ фыссынæй нæ, фæлæ йе стыр цин æмæ стыр хъыгæй цы бæрц, фæлæ нуарджын дзуринæгтæ ратæдзынц, уыдонæй барст цæуы – «Ме стих у нæлгоймаджы цæссыг: уый тæдзы мæ зæрдæйы

[1] Н е к р а с о в Н. А. Пол. соб. соч. и писем в 15 т. Т. 2. – Л., 1981. – 66 ф.

рæбынæй» («Зонын, нæй мæ фыстыты бæркад»). Царды æнæрæстдзинад – «цырагъхъуыдыйы рухс» куы хуыссы, уæд ын уый «цагъд базыртау» кæй калы йæ фæндтæ, рæстдзинады фæринчы ærттывдмæ йæ удæй зæрин кæй цагъта, йæ бæллиц дидинæг кæй æфтыдта, «электроны тыхæндыгъд телау», а зæххыл дыздызгæнгæ уымæн цыд.

Бестаумæ цард у поэзи, поэзи та йæм у цард. Фæхицæнгæнæн сын нæй. Уымæйдæр æм цард у поэзиау диссаг, поэзи та – цардау диссаг. Поэзи цы царды нæ уа, уым цард йæхæдæг дæр нæй. «Нæ, зынгæй зынг зæгъæн нæй хуыстæй» æмæ поэт циндзастæй, сæрыстыræй уымæн дзуры, стай æцæг стай кæд вæййы, уый тыххæй:

Хъамылы йæ иу стæм фæкаст…
Ферттывта йæ цæстыты рухс уартæ, –
Электронау атахти фыдтас
Уæлдæфы дыздызгæнгæ фæйнæрдæм.

Фестъæлфыд æгуыппæг æрдз æваст;
Алфæмблай ызмæлд ысси æгасæй:
Сырдты знæт лыгъд, мæргъты тахт, цъæхахст,
Ризынц дуртæ, бæлæстæ дæр тасæй.

Ауыдта йæ фыдгулы – тæррæст!
Фатæрттигъау йе ссыр урс фæдардта.
Фен ыстайæн хъамылы йæ хæст,
Уым у стай, гъе, уым судзы цъæх артау…
(«Стай зоопарчы»)

Уæларвонæй дзы ницы ис, фæлæ сæ поэт ахæм интонациимæ дзуры, ахæм ахорæнтæй сæ ныв кæны æмæ сæм змæлы адæймаджы туг. Разæнгард нæ кæны цардмæ, размæ цæуынмæ. Раст дзы уый тыххæй зæгъы Дзуццаты

Хадзы-Мурат: «Романтикон фразеологи, романтикон символикæ, романтикон уæлмонц ритм æмбаст цæуынц реалистон уынынад æмæ лиризмимæ. Йе ‘мдзæвгæтæ йын цæрдхъом кæны æмбæстагон лæджыхъæд, дунейы æмæ адæмы раз бæрндзинад».[1]

Гиуæргийы «Стай зоопарчы» у романтикон сырдыл романтик-поэты уæлмонц æмæ зæрдæйы æрфытæ рæмудзæг ныхас. Æмæ йæм дыз-дыз кæны чиныгкæсæджы буар. Фæлæ адæймаг зæххы цъарыл фыдты фыддæр аразæг у. Æмæ кæй æрцахсай, сырддоны кæй бакæнай, бызгъуырау, фæскъæсæр хаудæй чи баззайа, «горæттаг тæппуд саби къæцæлтæ» кæй бырынчъы тъысса, уымæ романтиконæй ницæмæ уал ис æнхъæлмæкæсæн. Уый царды холыйæ дарддæр ницы уал у.

Поэты фæдисы хъæр уымæн агайы адæймаджы зæрдæйы рæбинагдæр тæгтæ. Тыхмийы ныхмæ уымæн растад. Цард, абухгæ донау, йæ фыццаг хуыз кæм сафы, æрмахуыр, къухылтухгæ кæм кæны, уый нæ куры йе ‘нæрцæф уд, уый нæ агуры йæ сыгъдæг зæрдæ. Цардæй поэзийы мондæгтæ уымæн мардта, поэзийæ – царды мондæгтæ. Сæ дыууæ дæр йæ уды æмбарæй, æмзондæй, фидыцджынæй цардысты, йæ зæрдæ сыл уымæн никуы ивта, никуы сæ никæй хъулон кодта, цыма йе ‘мфаззон æфсымæртæ уыдысты. Æмæ йын йæ уыцы æнувыд ахастыл цæрддзу кæны чиныгкæсæг.

Бестау нæ быхста, цардмæ уа æви поэзимæ, сау тыхтæ хæццæ кодтаиккой, сæфтаиккой сын сæ фидыц, ма сæ уагътаиккой æрттивын, уый. Йе ‘нæрæнцой романтикон зæрдæ уæд фæйнæрдæм фæркгай тыдта, йæ уд-иу уадтымыгъау æнцой нал зыдта, цæмæй ныссæрфа, ныддæрæн кæна мæлинаг скондæй алцы дæр æмæ нæ ногæй райгуыргæ, алæмæттаг царды алыфарсонæй сæрттивын кæна дзыхъхъынногæй.

Фæлæ уымæн фадæттæ хъæуы. Зæххы цъарыл цæуын æмæ къахыл лæууыны фадæттæ нæ, фæлæ бæрзонд лæууын æмæ аивад, бæрзонд аивад фæлдисыны фадæттæ. Джыккайты Шамил ирон фыссæджы хъысмæты

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бестауты Гиуæрги // Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 137 ф.

тыххæй уымæн дзырдта: «Къуындæг у нæ бæстæ, мæгуыр у нæ цард, цыбыр сты нæ авналæнтæ. Микеланджело Дзомагъы куы цардаид, уæд нæ сарæзтаид «Моисей» æмæ «Давид» – нæ йын уыдаид мрамор, стæй æндæр гæнæнтæ. Ирон адæмæн нæй рæстæг æмæ дæрддзæг. Нæй сын фезмæлæнтæ, нæй сын фадат стыр хъуыддæгтæ аразынæн».[1]

Мигътæ се зды базыртæ куы ныттыгътой, арвæмдынг куы æрцыдысты ныллæг, хæхты цыма сыджыты куы нытътыстой æмæ йе ‘мбæрц сыстын куынæ уал фæразы лæг; зайæгхалæй, дидинæгæй куы бамыр сты мигъты тæсæй, уæд поэты романтикон зæрдæ уымæн нал ныббыхста:

Æз тыхæндыгъд зарæджы зынг зæл дæн,
Дуне мæ ныццарауын хъæуы,
Æмæ зæххæй мигъты ‘хсæн мæ зæрдæ,
Бомбæйау, ныггуыппæввонг лæууы!
(«Мигътæ се зды базыртæ ныттыгътой»)

Адæймагады, уæлдайдæр, адæймаджы цард дун-дунейы тары стъæлф дæр нæу. Афтæмæй уыцы тары поэт иунæг удæй агуры рæстдзинады хуыз. Агуры йæ лæгдыхæй, агуры йæ тохæмхиц æмæ æнæбаронæй.

Æмæ уым диссагæй ницы ис. Алы поэт дæр æй, уæлдайдæр, романтик фæагуры, – рæстдзинады хуыз, – йæхирдыгонау. Алчи дæр æй фæуыны йæхимæгæсгæ. Уырыссаг литературæзонæг Л. Тимофеев уымæн зæгъы: «Художник познает действительность с точки зрения соответствия или несоответствия ее определенным общественным идеалам».[2] Фæлæ Бестау романтик уыд, æцæг романтик, йæхæдæг куыд дзурын уарзта – «æрра» романтик, «рæстдзинады хуыз» – «рæстæджы гигант фæлгонц» дæр уыдта романтикон хуызы. Зындис æм «хох – уæйыгау, хъенæй». Уымæй дæр: «Бон – йæ иу цæст, талынг æхсæв – йе ‘ннæ цæст, Тасæфтау, фыдуазал у йæ каст.

[1] Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 11 ф.
[2] Тимофеев Л. Основы теории литературы. – М., 1976. – 54 ф.

Куы ныххуды, куы кæуы, дзыназы, У йæ иу фарс урс, йæ иннæ – сау», («Ныфс»), фæлæ нæ поэт романтик уымæн у æмæ контрастæй нæ тæрсы, ницæмæ йæ дары. Зоны, «генион апстракцион хуызау» рæстæджы фæлгонц – æнæмæлæт лæууы йæ разы, йæ цуры уый «хъæндил», «мæлдзыг» у; а-дунемæ уазæгуаты ‘рцыди, фæлæ дзы уæддæр фысым у. Уымæн æмæ, райсом йæ фæдон бацæудзæн йæ хуызы, уый йæ раивдзæнис, нæ йæ бауадздзæнис, царды романтикон барæнтæй баргæйæ, амæлын.

Æмæ бæргæ Джыккайы-фырт рæстагæй бæлвырд кодта, ома: «Зебаты хъæуы нæ цард нæдæр Гамлет, нæдæр Жанна д‘Арк, æмæ Къоста, цыфæнды гени куы фестадаид, уæддæр уыцы хъæуыл ныффыстаид æрмæст «Дзæбидырдзуан»,[1] фæлæ Бестау йæ цыбыркъухæй дæр æвнæлдта уæддæр дардмæ. Æввæхстау æй дæртты дæр зæрдæбынæй фæндыдис ахæтын æмæ йын уый бирæ бæрцæй æнтыст йæ ныфсы фæрцы, æмдзæвгæ «Æнусты балц»-ы куыд у, раст афтæ.

Уыцы ныфс ын нæ лæвæрдта тæрсыны бар, уый йæ разæнгард кодта æнусон тохмæ – «Уæдæ, тох, цæрын куы хъæуы мæн, Æмæ дугты, заманты рæхысы Калдзынæн тъымы-тъыма тæмæн».

Поэзийы уыцы тæлфгæ-змæлгæ, цæхæркалгæ æнкъараен куынæ уа, арвы мустымбылæгмæ хурау рухс кæнынмæ куынæ æппара йæхи æмæ йæ куынæ фидыцджын æмæ цæрæццаг кæна, уæд аивад аивад нæу, мард у æмæ не ‘мбæлы зæрдæйыл. Маргæ йæ цы кæнынц, æндæр ын не сты цардыхос. Сырддоны конд стайæн сырдты фидыц схонæн куыд нæй, афтæ, сæ кæрæдзийыл баст æрдызт дзырдтæ аивад не сты.

Æмæ-иу поэт йæ фыдæлты кой кæм ракæны, уым йæ дзырдтæ, – ныхас романтикон хъайтарты романтикон хъуыддæгтыл цæуа æви зæххон мæлинæгты (æниу уыдон дæр сисы романтикон бæрзæндмæ) хабæрттыл, – ныццæхæр калынц, Дзодзийы дурау,[2] авд æвæрæны нæ, фæлæ равдисынц сæ дыууадæсгай æвæрæнтæ дæр. Свæййынц, йæхи загъдау, пæррæстбазыр æмæ

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 12 ф.
[2] Диссаджы сисамайæг. Дурæн зыдта авд æрæвæрæны.

нын нæ фыдæлты дугæй сæ зæрин базыртыл фескъæфынц нæ фыдæлты кад æмæ хъæбатыры кæйттæ æмæ таурæгътæ.

Поэтæн æнцой нæ лæвæрдта, нæ Фыдыбæстæ цæргæ-цæрæнбонты цардæй мæлæты ‘хсæн арæныл кæй лæууы – «Кæцæйдæр дардæй тохы хъæртæ хъуысы, Уæззау кæрдты къуырма дæнг-дæнг цæуы». Æмæ уыцы тугкалæны алы хатт иутæ нæ уæлахиз кæнынц. Иутæй туг куы фæкæлы, уæд иннæтæй дæр æхсыр нæ фæцæуы. Ноджы ма историйы аууон куы аззайой удуæлдай хъуыддæгтæ, уæд уый бынтон тугтæригъæд у. Гиуæргийы уды хъынцъым ууыл уыдис: «Нæ Ирыстон, ивгъуыд æнусты тары Дæ истори къæхты бынæй унæргъы…»

Уый нарты дард, тыхджын фæдон алан
Историйы атагъаты кæмдæр
Фыдхъысмæтимæ бацыдис æрмхæсты,
Йæ сæрмæ мигътæ змур хæлбурцъ кæнынц.
ЫЗнæтæй сысты рæстæджы тыхдымгæ.
Цымæ та йæ кæдæм хæссы йæ адзал:
Дунейы даргъ, æнæкæрон уæзгуыты –
Китайæ дард Европæйы кæрæттæм,
Цæгат зæххытæй хуссармæ, – Мысырмæ –
Тъымы-тъыматы цардагур хæсты…

Æхсайæм азты ирон поэзийы тынг рапарахт ног схемæ – Ирыстоны, ирон адæмы тыххæй нæм уыцы иу ссадвæдыл фæзындысты дзæвгар даргъ æмдзæвгæтæ æмæ кадджытæ, Ирыстоны паддзæхты нæмттæ сæ кæрæдзийы фæдыл нымад кæм цæуынц, нæ рагфыдæлтæ тугкалæн, сæруæлдай тохтæ кæимæ кодтой, уыцы адæмтæ æмæ фыдгæнæг паддзæхты, хъуыд æви нæ хъуыд, уæддæр, номхыгъдмæ кæсæгау, кæм нымадæуы, ахæм уацмыстæ. Нæ фыдæлты хъæбатыр хабæрттæ, нæ адæмы уарзт-иу, æгæрыстæмæй, фæлтæрд фысджыты дæр асайдта йæ фæдыл æмæ-иу бахаудтой хызы. Афтæ сты

Дзуццаты Хадзы-Мураты кадæг «Ирыстон»,[1] Дзугаты Георгийы кадæг «Мæ Иры бæстæ»,[2] Цæрукъаты Алыксандры æмдзæвгæ «Фыдæй-фыртмæ»[3] æмæ æххæссы суанг абоны онг дæр.

Нæ поэты арæзта йæ курдиат æмæ йæ тадзгæ-баргæ ныхасы йæ бон уыдис цыфæнды темæ, цыфæнды хабæрттæ дæр афтæ нывæндын, зæрдæйы арфдæр уидæгтæ куыд змæлын кодтаид. Æмæ сæ змæлын дæр кодта. Раст афтæ у ацы æмдзæвгæйы дæр:

Ælгъыстаг дугты тар замантæ ивынц,
Ирыстоны мæйдар æхсæвты ‘рттивы
Мæрдоних уазал, цъититы мæнг рухс.
Фыд-замантæ лæджы къухтыл, фæллойыл
Æнусты дарынц сау ызгæ хъадаман.

Афтæмæй нын поэт ныв кæны, фыдæлтæй фæстæмæ цард æмæ дугмæ нæ туг, не стæджы философон ахаст; адæймаг цард рæсугъд кæнынæн куыд райгуыры æмæ йын йæ зынтæй куыннæ хъæуы тæрсын; куыд æй хъæуы бæрзондмæ исын. Уымæн ын æххуыс кæны нæ фыдæлты зын, фæлæ рухс, адæймаг сæрыстыр кæмæй хъуамæ уа, уыцы фæндаг.

Кæй зæгъын æй хъæуы, адæм сæ фæстæ тугахуырст фæндæгтæ куы уадзой, уæд сын алы хатт дæр зын вæййы. Фæлæ сæрибары сæрвæлтау сæ удтæ куы хæссой нывондæн æмæ уыцы хæдбар куы ‘фта сæ къухы, уæд уый фарны хъуыддаг у, æмæ дзы сæрыстыр уæвын æмбæлы. Поэт сæрыстыр æмæ разыйæ уымæн зæгъы:

Æваст фæкъæртт ис æхсæвæн йæ тæн,
Ныггуыпп ласта æнæнтау рухс, фантанау,
Æмæ ыссыгъд Октябры сæуæхсид,

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Биографи. – Цхинвал, 1990. – 38 ф.
[2] Дзугаты Георги. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Цхинвал, 1971. – 364 ф.
[3] Цæрукъаты Алыксандр. Фыдæй-фыртмæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 201 ф.

Историйы мæйдар æхсæв ысбон…
Ирыстоны бæрзонд хæхты сæрмæ,
Пæр-пæргæнгæ, тæхынц мæйдар æнустæ,
Сæ фæстæ растад, фарнхæссæг бæлонау,
Октябры зæринбазыр æнус.

Уацмысы кæроны тыххæй Мамиаты Изетæ зæгъы: «Ахæм кæронбæттæн дзуапп лæвæрдта æхсæнады политикон-эстетикон домæнтæн. Абоны цæстæй йын куы аргъ кæнæм, уæд нæм, кæй зæгъын æй хъæуы, æгæр уæлæнгай æмæ иударон фæкæсдзæни».[1]

Алы хъуыддагæн дæр сæйраджы йæ рæстæджы цæстæнгасæй хъæуы аргъ кæнын. Зæрыл дарын хъæуы, Нигер хуымæтæджы кæй нæ дзырдта: «У фадат аразæг».[2] Фæлæ стыр адæймаг, уæлдайдæр, стыр фыссæгæн рæдийын не ‘мбæлы. Брытъиаты Елбыздыхъо ногцардарæзты фыццаг азты «сæххæст кодта йæ рагон бæллиц – фыст фæци трагеди «Амыран».[3] Фæлæ уæддæр Амыранæн нæ райхæлдта йæ рæхыстæ.[4]

Æниу, Бестау йæ разы æвæрдта нæ фыдæлты историон фæндаг Октябры революцийы онг иумæйагæй равдисын æмæ йæ æвдисгæ дæр ракодта. Рæдигæ та, табу – сæхицæн, адæм куыд акæнынц – Уæллæгтæй дарддæр алчи дæр кæны.

Гиуæрги тынг сæрыстыр уыдис нæ фыдæлты кады хъуыддæгтæй. Сæ лæджыхъæды ном сын дæлæмæ никуы æруагъта. Истори йæм кæд мигъæй асæст тыгъд быдыр каст æмæ дзы кæд «æваст цыма æрвферттывды фат асаст», уыйау айсæфы Иры фæд; нæ рагфыдæлы кæд хъуына чингуытæм не ‘вдæлд, «Æдзух йæ къухы кард ælвæстæй дардта, Фыдохы-иу йæ сау туджы куы сæвдылд, Йæ фыртмæ-иу æй уæд фæдзæхстæй радта… Уыд сабийæн йæ нывæрзæн дæр хъама», – уæддæр Бестау-романтик, кæйдæртау, йæ фыдæлты

[1] Джусойты Нафи, Мамиаты Изетæ, Хъазиты Мелитон. Ирон литературæ. 11 кълас. – Цхинвал, 2012. – 155 – 156 ф.
[2] Нигер. Уац. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 211 ф.
[3] Джыккайты Шамил. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 31 ф.
[4] Брытъиаты Елбыздыхъо. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 211 ф.

не ‘лгъиты, стыр бынтæ нын цæмæннæ ныууагътат, зæгъгæ. Æмæ уый у йæ уды «политикæйы» иу хай. Джыккайты Шамилы загъдау: «Афтæ чи дзуры, аивад политикæмæ ницы бар дары, зæгъгæ, уый у æппæты дыдзæсгомдæр политик».[1] Поэт хорз зыдта, нæ фыдæл цы мигъæхгæд фæндагыл рацыд. Йæ уды аргъæй нын бавæрдта йæ фарн. Афтæ куынæ уыдаид, йæхи куынæ уæлдай кодтаид сæрибары сæрвæлтау, уæд кæйдæр цъыф къахы бын уаиккам. Æмæ йын Бестау разы у хъысмæты уыцы æгъатыр, фæлæ сæрыстыр гаккæй. Йæ фæдоны уымæн фæдзæхсы:

Макæйы раз макуы у къæмдзæстыг,
Макуы дæр мæм уайдзæфгæнгæ скæс:
Уадзын дын, мæ хорз фæдон, мæ фæстæ –
Кады ном зынаргъдæр бынæн æз.

Ме ‘взагæн æрвæрттывдау йæ фæдтæ
Ауагътой историйы сæхи.
Скиф уыдтæн, алан æмæ нывæндтæ
Никуы кодтон арвæн дæр мæхи!

Радта мын йæ уарзты цин, йæ хъыгтæ
Донбеттырты худæндзаст цъæх чызг;
Фатдзæф амазонкæйы цæссыгтæй
У мæ туджы знæт уылæн цæхджын.

Хуссайраг Уæрæсейы быдырты
Ме ‘нæрæнцой денджызззæрдæ ‘хсыст;
Тамерланы урс сæры къуыдырыл
У мæ хъару карды комæй фыст.

(«Ныстуан мæ фæдонмæ»)

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 302 ф.

Поэты стыр нысан уый у, йæ фæдонæн нæ фыдæлты фарн кæй фæдзæхсы; фидарæй йын кæй æмбарын кæны, искæй раз ын къæмдзæстыг уæвыны бар кæй нæй – кады ном зынæргътæй-зынаргъдæр хæзна кæй у, æмæ йын уый кæй уадзы, уый тыххæй хъуамæ æппынæдзух сæрыстырæй цæуа; цыфæнды рæстаг ныхасы дæр хъуамæ дзырдхъом уа.

Уыцы фарн нын ныууагътой, се ‘нусон дунемæ кад æмæ радæй чи ацыдысты, сæ уды сæрибар чи никуы ауæй кодтой, уыцы стыр æмæ разагъды фыдæлтæ. Гиуæрги йæ фæдонæн уымæн фæдзæхсы:

Дæлсыджыт цы ном баззади къæйтыл,
Домы дæ йæхи ‘мсæр уый бындар;
Ис дæуæн ныммæлыны бар, нæй дын
Цауд æмæ сæркъул уæвыны бар!

Поэт йæ ацы уацмыс, Ирыстоны фыццаг Президент Галазты Æхсарбег афтæ кæмæй загъта: «Я беру на себя смелость, хотя знаю, что этому будет противиться наш юбиляр, сравнить его жизнь и деятельность с великим Коста Хетагуровым»,[1] – уыцы зæды æнгæс лæг Абайты Васойæн хуымæтæджы не схæлар кодта. Цы кады адæмы нæмттæ мысы, – скифты, аланты, амазонкæты, Анахарсис-философы, Зеленчукы дурчиныджы фыст хъайтарты, Къоста, – уыдон æмрæнхъ æм лæууы не стыр ахуыргонд дæр. Æмдзæвгæйæ йын уымæн ары йæ ном. Уый нæ фыдæлты фарны гуырд фæци æмæ уыцы традици ма хъуамæ фесæфа, нæ фæдонтæн райсгæйæ у. Сæ фарн сын мах фæстæ уыдон хъуамæ хæссой, цыфæнды зын сын куы уа, – æниу, фарн зынхæссæн цæмæн хъуамæ уа, – уæддæр.

Æмæ уыдæттæ иууылдæр раст æмæ цыты хос сты, фæлæ нæм чысыл раздæр рагфыдæлтæй фæстæмæ нæ кады лæгты нымайыны тыххæй цы

[1] Г а л а з о в А. Х. Слово о Василии Ивановиче (Васо) Абаеве // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Жизнь, отданная науке. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 10 ф.

схемæйы кой уыдис, уацмыс уый аххосæй чысыл уазалы ад хæссы. Уыцы хъуыддаг æй куынæ хъыгдарид, уæд, автор æй цæй тыххæй ныффыста, афтæ, æцæг, схæццæ уыдаид уæларвмæ.

Гиуæрги тынг хорз зыдта, мах кæй кады ном хæссæм, уыдонæн дæлсыджыт баззад сæ номы бæрæг хай къæйтыл, фæлæ нæ кæй агуры йæхи ‘мсæр бындар. Поэт йæ фæдонмæ домыны, фæдзæхсты хуызы фæндвидарæй уый тыххæй дзуры, цæмæй æппынæдзух йæ зæрдыл дара: «Ис дæуæн ныммæлыны бар, нæй дын Цауд æмæ сæркъул уæвыны бар!» Цауд æмæ сæркъул уæвыныл чи сразы вæййы, уыдонæн рухс фидæн нæй. Къæппæджы бахауæг карз стай сырддоны уый тыххæй лæууы хаудæй, цыма «йæ бур быдыргъ у ‘мпылдæй. Уæнгтæ – уагъд, æндон цæстытæ – хуыст, – Сырд, бызгъуырау, фæскъæсæр тымбылтæ». Цы ма уа уымæй тæригъæддаг æмæ аллайаг дæр? Æгæрыстæмæй, стайæн дæр.

Шамил Хъуылаты Созырыхъойы æмдзæвгæ «Баст цæргæс»-ы тыххæй дзургæйæ раст загъта: «Поэты зæрдæ æнкъараг у, сæрибар ын никæд фаг кæны».[1] Уæлдайдæр, уæнгбæстытæй. Æмæ Созырыхъо кæд дзырдтæй æвдисы, «Куыд зын у цæргæсæн, Хъæбатыр цæргæсæн, Куы вæййынц йæ базыртæ баст: Æдзух æй фæфæнды Йæ рагон хæтæнты Бæрзонд мигъты сурын æваст»,[2] – уæд нын Гиуæрги та удæгас фæлгонцты, цæрдудæй трагикон афысты фæрцы ирдæй уынын кæны, сæрибар кæмæн нæй, чинæ уал æм тырны æмæ цæуы, уый, хъыгагæн, цы тæригъæддаг уагмæ æрхауы («Стай зоопарчы»):

Ам æрмæстдæр й‘ афтид буар хуыссы, –
Дардмæ хаст йæ удæнцой хæцæнтæй,
Æмæ йын йæ бырынчъы тъыссы
Горæттаг тæппуд саби къæцæлтæ.

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 320 ф.
[2] Х ъ у ы л а т ы С о з ы р ы х ъ о. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1957. – 237 – 238 ф.

Цæмæй уыдæттæ ма ‘рцæуой йæ фæдоныл – цæмæй искæй раз къулбæрзæйæ макуы лæууæм, искæмæн лæггадгæнæг макуы суæм æмæ нæ былтæ сусæг-æргом ма нæмæм, цы кæуинаггаг уавæрмæ æрхаудтам, зæгъгæ, уымæн нæ фæдзæхсы карзæй, кæй нын нæй нæ фыдæлты фарны раз цауд æмæ сæркъул уæвыны бар!

Гиуæргийæн æппынæдзух йæ уды цы æнæмсæр тох цыдис æвæджиаг æмæ цауды, бон æмæ ‘хсæвы, урс æмæ сауы ‘хсæн, уыцы контрасттæ йæ поэзимæ цыдысты уырдыгæй, уыцы хъуыдыйæ æмæ сæ алы хатт дæр уæлахиз кодта рæстаг, рухсхæссæг бæллиц, автор-иу æй резюмейы хуызы кæд нæ дзырдта, уæддæр. Чиныгкæсæг æй фæахсы йæ зæрдæйы хъустæй. Авторы та-иу уыцы стæм, бæллиццаг архитектоникон амал, стæй æндæр бирæ поэтикон амæлттæ æркодтой дзæвгар чысыл шедевртæ: «Æхсæрæг», «Дур саби», «Фыдуынд чызг», «Дæлæ хъæддаг цъиу», «Уалдзæг», «Ды нæ зоныс, ды нæ хатыс ницы» æмæ æндæр, сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы уацмыстæ сфæлдисынмæ. В. Брюсовы хъуыды: «Искусство только там, где безумие, где просвет к «солнцу мира»,[1] – цардис йæ уды хæдбарæй. Нæ йын уыд аппарæн. Йе сфæлдыстад ын æппынæдзух кодта уддзыд æмæ нын цыфæнды ма уæд рæстæг, уæддæр нæ йæ рухсхæссæг уацмыстæ домынц, цæмæй сæ фæлхатт кæнæм:

Дæлæ хъæддаг цъиу уазалы басыд,
Зилы цæдты хæлцагур, дзыназы.
Цыма тары дыдзырухс цырæгътæ, –
Доны ризынц йæ чысыл сырх къæхтæ.

Æрдз, цæмæн кæныс хъулон ми ахæм:
Ды куы схай кодтай хъаны цард махæн,
Уæд æнæбон, тæригъæддаг маргъæн
Цард куыд радтай уыргæфтауæн уаргъæн?

[1] Б р ю с о в В. Я. Соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1987. – 261 ф.

Гиуæргийæн йæ бон уыдис, йе ′мдзæвгæ фæуыдаид ам. Æмæ уацмыс рауадаид, цы тынг бирæ æмдзæвгæтæ нæм ис, уыдонау хус, æрвылбонон, зондамонæн, æнкъард, рифмæгонд æмæвæрдты æнгæс.

Фæлæ, нæ, Бестау уый нæ бахаста йæ сæрмæ. Нæ равзæрста, йæ сæры чи батæлфыд, йæхимæ йæ чи æркæсын кодта, уыцы хъуыдыйæ тагъддæр ферваезыны амал. Ацыд ноджы дарддæр. Ацыд аивады аив æмæ царды дæрзæг фæндагыл. Йæ рафæлдисæг дæр æм цæмæй батæхуды кодтаид, уыцы бæллиццаг фæндагыл – аивады фæндагыл:

Æз мæ уды дуар байтыгътон цъиуæн, –
Æмæ байдзаг йæ пæр-пæр, йæ уастæй,
Æмæ йе ‘нкъард, зæрдæхалæн ниуын
Айстон мемæ фæндаггаджы мастæн.
(«Дæлæ хъæддаг цъиу уазалы басыд»)

Поэт Ирыстоны цинæн дæр æмæ мастæн дæр йæ уды дуар тыгъдæй кæй дардта, йемæ сæ фæндаггагæн кæй иста, уымæн ын æнтыст йæ зæрдæйы рæбын æваерд зæгъинæгтæ рухсмæ хæссын. Æмæ раст у: «Аивад, литературæ фæлгъауынц адæймаджы психологи, уым уынынц, айдæны уынæгау, цард. Цы бон фыссæг цард нывкæныныл схæца комкоммæ, уыцы бон æрлæууы реалистон аивады фæндагæй фæцудæн тæссаг сæрсæфæны раз».[1]

Бестауы поэзи, йæ авторы æнæрæнцой зæрдæйау, æппæнæдзух рæмудзы йæ бæттæнтæ, йæхиуыл нæ уадзы рохтæ кæнын, цæмæй парахатæй ныррухс кæна талынг, тъымы-тъыматæм ын сыгъдæг удты цæрайæн сыскъуына йæ мыггаг. Цы уыны, йæ хъуыды уымæй уæрæхдæр уымæн у.

Токаты Алиханау уымæн дæр йæ «асин у бæрзонд, Фæцыд уæлæрвтæм»,[2] æмæ разы нæу дæлдæр æрлæууыныл. Йæ сæрмæ нæ хæссы

[1] Бестауты Гиуæргиуæрги. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 454 ф.
[2] Токаты Алихан. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 96 ф.

искæй дæлбазыр уæвын. Уыцы зæрдæйы уагæй йæм зынынц, уыцы ныфсимæ йæм тох кæнынц урс æмæ сау, бон æмæ æхсæв, рухс æмæ талынг. Йе ‘ртыккаг чиныг æнæнхъæлæджы нæ рахуыдта «Æхсæв æмæ бон».

Бестауы-фырты цæст царды æппæт хуызтæ лæмбынæг кæй уыдта, йæ цæстæнгасæй кæй ницы æмæ ничи ирвæзтис, уый йын фадат лæвæрдта, цæмæй йæ уды фарн æнæхъæнæй хастаид чиныгкæсæджы размæ. Хæсгæ та йæ кодта уидаджы цъупмæ æмæ алыварсонæй. Уымæн æвдисæн сты йæ дзæвгар пейзажон уацмыстæ.

Йæ фыццаг æмдзæвгæтæй фæзынд, поэт хорз кæй арæхсы æрдзы нывтæ кæнынмæ. Уыдта сын æрмæст се ′ддаг хуыз нæ, фæлæ сæ апп дæр. Уымæй дæр, йæ ахорæнтæ, йæхи загъдау, уыдысты, хиуайы базырау, кæркæ-мæркæ. Йæ цæст уыдта æмæ йæ хъус ахста, хохы цъассы цъити куыд тъизы, урсцухъхъа гæды хъæд куыд ризы, рæстæджы тыгъдады сын куыннæ ис æрæнцой: «Дардмæ арв йæ сырх рон фехсы», «Мигътæ февзидынц зынг ехсæй» («Тæрккъæвда»), – фæлæ уыцы фæлгонцтæ, Ирыстоны æрдзыл фæстæдæр цы уацмыстæ сфæлдыста, уыдон цур уыдысты уалдзыгон бæласы фыццаг къуыбырты æнгæс. Нафи уымæн зæгъы: «1956 азы журналы (ома, «Фидиуæджы» – Хъ. М.) фæзынд ног æмдзæвгæты цикл. Уый сдзурын кодта Хуссары литераторты иу æвзагæй: ирон дзырдаивадмæ æрбацыд ног курдиатджын кусæг! Не ‘ппæты зæрдæ дæр балхæдта йæ иу стих фæззæджы нывтæй: «Галы фæды къæвдайы дон сælы…»[1]

Уый хæнтфæстæ йын бантыст рагуалдзæджы циныл уæлтæмæнон æмдзæвгæ сфæлдисын æмæ йæ поэтикон уынынад æмæ афыстæй, йæ хъуыдыкæнынадæй, йе ‘нæхъæлæджы аивадон фæзындтытæй абон дæр рæвдауы тынг бирæ чиныгкæсджыты зæрдæтæ:

Дæттæ – буртæ, къуымæлау,
Бæстæ фестад сыгъзæрин.

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Бестауты Гиуæрги // Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 9 ф.

Исчи уалдзæг куы мæла, –
Тугтæригъæд уыдзæни.

Фурдтæ дуртæ фæлдахынц;
Фыстæ фестынц бæгъ-бæгъыл;
Уæлæ халæй фæтæхынц
Зырнæджытæ рæгъ-рæгъы.

Быдыр фæлмы фæбынæй;
Мигътæ тигътæм фæлæсынц.
Дидин цъитирæбынæй
Худы комы хъæлæсы.

(«Рагуалдзæджы цин»)

Адæймаджы нæ фæнды æмдзæвгæ æрдæг кастæй ныууадзын. Æмæ уый æнæнхъæлæджы нæу. В. А. Зайцев фыста: «Я. Смеляков – враг ложной красивости. Он умеет безошибочно передать неподдельную красоту и романтику обыденной жизни и труда. Он зорко видит жизнь во всей ее сложности и многообразии и ришет ее «крупно и подробно». В лучших его вещах поэту всегда присуще умение сочетать точную и емкую художественную деталь с большой маштабностью образа…»[1] Æмæ ацы хъуыды æнæдызæрдыгæй ахæссæн ис Бестауты Гиуæрги æмæ йе сфæлдыстадмæ. Цы дзуры, уый нын афтæ ныв кæны æмæ йыл иу æнгуылдзы тæппæййас нæй дызæрдыггæнæн.

Цæвиттон ын цы ‘мдзæвгæйæ æрхастам, уый æмбулы бирæ поэтикон амæлттæй. Æмæ кæд антикон Аристотель æмæ Горацийæ райдайгæйæ бирæтæ нымадтой, зæгъгæ, поэтикæйæн хъуамæ бæлвырд æмæ фидаргонд арæнтæ уа,[2] уæддæр, уыцы хъуыды раст кæй нæ уыдис, уымæн æвдисæн

[1] З а й ц е в В. А. Современная советская поэзия. – М. 1969. – 34 ф.
[2] К в а т к о в с к и й А. Поэтический словарь. – М., 1966. – 221 ф.

Бестауы ацы ‘мдзæвгæ дæр. Уымæн æмæ, йæ авналæнтæ сæрибар кæй сты, уый йæхæдæг дæр хауы йæ поэтикæмæ. Æнæ уый та йæ зæрдæмæдзæугæ кæнынц, уалдзæгау, йæ зæлланггæнаг ритм æмæ рифмæтæ; уæлдайдæр – мидрифмæтæ: «фурдтæ – дуртæ», «фыстæ – фесты», «уалæ – халæй», «мигътæ – тигътæм», «дидин – цъити», «кæрдæг – ‘рхæндæг…»; аллитераци – «Уæртæ кæрты чындзытæй Хъазынц чысыл чызджытæ»… Иунæг афоризм – «Исчи уалдзæг куы мæла, – Тугтæригъæд уыдзæни», кæд æй Нафимæ чысыл æндæр хуызы уынæм: «Оххæй, куыд зын у, уарзон æмгæрттæ, Уалдзыгон бон мæлын!..»[1] – уæддæр йæхæдæг цасы аргъ у, адæймагмæ цас царды монц зынын кæны!

Гиуæрги æрдзон фæзындтæ царды фæзындтимæ кæм иу кодта, уыдон сты философон æмæ арф психологон. Адæймаг сæ кæсы æмæ царды æндыгъд уаваерæй дыз-дыз кæны йæ буар, разæнгард æй кæнынц царды, рæсугъддзинады сæрыл тохмæ, афтæ йыл æндавынц.

Æмæ В. Зайцеваей æрхæссæм ноджы иу цæвиттон: «Одна из задач современной поэзии – во всей полноте и новизне, психологически глубоко и художественно совершенно раскрыть человеческие чувства».[2] Бестауы поэзийы рахæцæн бирæ бæрцæй раст уым ис. Алы хатт дæр хъавыд дуг æмæ чиныгкæсæджы нуæрттæм нывналынмæ. Æмæ йын уый, стыр нывгæнæг кæй уыдис, уый тыххæй æнтысгæ дæр кодта.

Уыцы уацмыстæм хауы поэты аив, кæд дзырд мигъыл цæуы, уæддæр хуры хæлдтæй нывæст схонæн кæмæн ис, уыцы æмдзæвгæ «Мигътæ се зды базыртæ ныттыгътой». Кæд дзы мигътæ æцæгæй ныттыгътой се зды базыртæ, сæхи æппæтхъом æвдисæг скодтой, уæддæр дзы æцæг æгъдауæвæрæг уыдон не сты, хуыз цы ‘вдисынц, æндæр. Æмдзæвгæйы паддзахиуæг кæны поэты æцæг аив дзырд. Ахæм хиуылхæцгæ, фæлæ барджын у, æмæ йын йæ ныхмæ ницы тых ис æрæвæрæн. Уый фæрцы фенæм æмæ базонæм, мигътæ æцæг куыд æрцыдысты ныллæг. Уымæй дæр хуымæтæджы цыдæй нæ, фæлæ

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Изæры рухс. – Цхинвал, 1987. – 125 ф.
[2] З а й ц е в В. А. Современная советская поэзия. – М. 1969. – 70 ф.

арвæмдынг. Адæймагæн нал ныууагътой, йæхи лæджымбæрц кæм сраст кæна, йæ алфæмблай фæйнæрдæм кæцæй акæса, ахæм бынат. Нæ алыварс дуне цыма байдзаг кодтой сæхицæй. Æрмæст ма сты сæхæдæг. Æмæ нæ уый кæны удтыл. Стæй æрмæст мах нæ, фæлæ æппæтхъом, æндонфидар хæхты дæр. Зайæгхалыл ма чи дзуры:

Мигътæ се зды базыртæ ныттыгътой,
Арвæмдынг æрцыдысты ныллæг,
Хæхты, цыма, сыджыты нынтъыхтой, –
Йе ‘мбæрц сыстын нал фæразы лæг.

Зайæгхалæй никуы змæлы иу тау,
Æрдз – æмыр, æгъуыз. Цымæ цы ‘рцыд?
Къутæртыл, сыгъзæринпакъуы цъиутау,
Нал бадынц сырх дидинджытæ, цы?!

Поэт нын æрмæст, мигътæ се зды базыртæ куыд ныттыгътой, уый не ‘вдисы, фæлæ йæ ныхас æмткæй афтæ фæлгонцон у æмæ нæ æфтауы дисы, сырх дидинджытæ, сыгъзæринпакъуы цъиутау, къутæртыл куыд фæбадынц, уыдæттæ нæ цæстытыл куы ауайынц, уæд. Цард уынæм йæ романтикон хуызтæй иуы.

Нафи къорд дæсгай азты размæ дзырдта: «Иутæ уарзынц ивгъуыд дуджы таурæгътæ адæмон сфæлдыстады поэтикон джиппы уагъдæй, иннæтæ та – нырыккон ирон лæджы зæрдæйы æнкъарæнтæм байхъусын».[1] Фæлæ, чи цыфæнды уарзæд, – зæрдæйæнхъæд ис, – фыссæг «ивгъуыд дуджы таурæгътæ» дæр, аивадон амæлттæ дæр йæхи джиппы куынæ уадза, уæд сын мæнæ-мæнæ аргъ нæй. Чиныгкæсæджы зæрдæ сæ нæ ахсы. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн бæлвырд кодта: «…æмдзæвгæйы стих, интонаци, поэты иууон, цардон æнкъарынад, зæрдæйы монц», зæгъгæ, «фольклорондзинадæн» ратты

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 210 ф.

«ног хуыз, ног ахаст».[1] Кæд алы хатт фольклормæ хи æппарын оригиналон фæстиуджытæм нæ фæкæны, уæддæр.

Æниу нæ рох кæнын нæ хъæуы Нигеры хъуыды: «Æз цæуын, æвзаджы æппæт дæснытæ цы ′рттиваг галуантæ сарæзтой, уыдонæй æмæ мæхицæн аразын халагъуд поэзийы æвидигæ суадоны цур. Уыцы суадонæн йæ ном у «Адæмон ыстфæлдыстад».[2] Сæйраг, куыд дзы пайда кæнай, уый у.

Бестау ацы æмдзæвгæ раст йæхи фидар джиппы кæй сфæлдыста, фольклорæй цæуæг аивтæ йæ тынг бирæ поэттау сæ фæдыл кæй нæ асайдтой æмæ, саудзыдзыда адæймагау, сæ цагъар кæй не ссис, фæлæ сын барджын æмæ арæхстджынæй йæхæдæг кæй у хуыздæттæг, уый тыххæй сын нал хатæм сæ ратæдзæн. Æндæра, мигътæ арвæмдынг ныллæг кæй æрцыдысты, хæхты зæххы кæй нытътъыстой, сыгъзæринпакъуы цъиуты кой кæм кæны – уыдæттæ адæмон сфæлдыстады аивтæй райгуырдысты. Фæлæ сæ поэт афтæ скоммæгæс кодта йæхицæн, афтæ сæ раныв кодта æмæ сæ нал базондзæнис, чиныгкæсæг нæ, сæ ныййарæг мад дæр.

Уæддæр, уыдонæй æххæстæй нæма рарттывта поэты курдиат. Æрдзы уыцы тызмæг, уæззау афыст æй цæмæн бахъуыд, ахæм аивадон уацмысы фылдæр хатт куыд вæййы, уый æххæстæй раргом æмæ йæ базонæм æртыккаг строфæйы кæрон: «Æмæ зæххæй мигъты ‘хсæн мæ зæрдæ, Бомбæйау, ныггуыппæввонг лæууы!»

Уый у поэты æнусон бæллиц – уадтымыгъау цæвæнтæ кæнын, цардыл былар чи æмæ цы æвæрынц, уыдон бынсæфт кæнын, зæххыл дзæнæт фæлдисын æмæ йæ загъта хъæлæсыдзагæй. Ахæм нысаны тыххæй йæхи чи уæлдай кæны, ууыл, гъай-гъай, æууæндæн ис. Йе сфæлдыстад нæ зæрдæхцонæй уымæн кæны йæ фæдыл.

Гиуæрги – поэт-романтик, поэт-пейзажист, поэт – уарзт-цырагъ алы ран дæр у цæстæвæрæн æмæ йæ дуджы, ирон поэзийы æвзист тынтæйбыд дуджы, иууыл стырдæр поэттæ-лирикты нымæцы уымæн ис. Чи зоны, сæ

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 52 ф.
[2] Н и г е р. Уац. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 591 – 592 ф.

тæккæ æрттивагдæр æмæ йæ курдиатджындæр куы рахонæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм. Æнæнхъæлæджы нæ уыд Джусойты Нафийæн «диссаджы лæг»,[1] Хъодзаты Æхсарæн – «стыр курдиаты хицау»,[2] Ælборты Хадзы-Умарæн йæ «курдиат дæр ныры ирон поэзийы у æвæджиау цау, æнæнхъæлæджы фæзынд»…[3] Æмæ сæ афтæ иудзæвгар уаид нымайæн. Æнæ бындурæй нæ. Литературон критикæ æмæ литературæиртасыны нæ цыбыркъухæй уый цъус макæмæ хъуамæ фæкæса. Стæй диссаг дæр. Æппæт уыдон йæ курдиатæй цæуынц.

Гениалон англисаг поэт-романтик Джордж Байрон йе сфæлдыстады дыккаг хайы йæхи бынтон оригиналон поэт-романтикæй куыд равдыста, фæлæ классицизмы хиæдтыл йæ къух куыд никуы систа,[4] афтæ Бестауы сфæлдыстады дæр романтизм æмæ классицизм афтæ æмбастæй разындысты æмæ сын сæ кæрæдзийæ нæй фæхицæнгæнæн.

Уыцы хъуыддаг тынг бæлвырд-бæрæгæй зыны йæ пейзажон лирикæйы. Уалдзæг ын ралæугæйæ, æрцæугæйæ нæ уыдис, фæлæ йын «дзыхъхъынног дуне райгуырд» æмæ «Ныр æнусмæ дидинджытæ уардзæн, Ныр æнусмæ лæг уыдзæни райгонд». Ногæй та ныццæхæр калдта, поэт афтæ æнувыд кæуыл уыдис, уыцы контрастон уынынад. Адæймаг æй йæхæдæг куынæ бакæса, уæд ын искæй дзырдтæй йæ рæсугъддзинад кæронмæ æмæ æххæстæй, æвæццæгæн, нæ бамбардзæнис:

Кæрдæджытæ, дыргъбæлæстæ семæ
Зæххы сауæй уыйбæрц рухс ысхастой,
Уыйбæрц судзгæ, ирд цырæгътæ, гъе ‘мæ
Зæрдæтæн сæ сагъæсы бар байстой.

Æрдзы уындæй, æрдзы хæрзтæй – расыг, –
Æз æнæбон сонт сабийау цудын.

[1] Джусойты Нафи. Балц ирон аив дзырды дунемæ. 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 241 ф.
[2] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 180 ф.
[3] Ælборты Хадзы-Умар. Чиныг – царды айдæн. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 214 ф.
[4] Колектив авторов. История зарубежной литературы XIX века. – М., 1991. – 145 ф.

«Цин æрцыди!» – сау зæрватыкк уасы,
Цин цæгъды дзæнгæрджытæ мæ уды…

Кæрдæджытæ, дыргъбæлæстæ семæ цас рухс æмæ ирд цырæгътæ схастой, адæймаджы зæрдæмæ сæ цас рухс бакалд, цин дзæнгæрджытæ куыд цæгъды уды, уыцы зæрдæхцон фæлгонцтæ уынгæйæ зæрдæйы цас амонд райгуыры, уый адæймаг йæхи удæй куынæ хата, уæд сын хуымæтæг дзырдтæй зæгъæн нæй. Адæймаджы уыдонмæ кæсгæйæ тæхын куыд æрфæнды, уый диссаг у.

Уыдæттæ парахат зæрдæйæ фæлдисын æрмæст Бестауы бон уыдис. Уымæн æмæ сыл алы адæймаджы цæст нæ хæст кæны. Уыцы стæм æмæ стыр куырдиат дын хъуамæ Уæлладжы цæст бауарза. Æмæ йæ нæ бавгъау кодта йе сконд поэтæн.

Ван Вик Брукс йæ чиныг «Писатель и американская жизнь»-ы Джек Лондоны тыххæй зæгъы: «Казалось, что сама личность Лондона распространяет вокруг себя свежее дыхание морского бриза, наполненного «живой водой» жизнелюбия и энергии, оплодотворящей сюжеты его рассказов, где речь шла об отваге и предприимчивости, о триумфах, а порой и о трагической гибели».[1]

Бестау, иуæй-иу поэтгæндтау, цæстмæмитæ никуы кодта: æппынæдзух, стыр фыссæгыл куыд æмбæлы, афтæ цард йæ уацмыстæм гæсгæ æмæ уацмыстæ фæлдыста йæ цардимæ бастæй; цард ын аивад уыдис, аивад – цард, уый тыххæй дзураем. Йæ бон æндæрхуызы нæ уыдис зæххыл цæуын. Нæдæр æй фæндыдис æндæрхуызон уыдаид. Йæ дзæнгæлтæгæнæг рæстаг æмæ æппæтхъом дзырд уымæн хизы адæймаджы зæрдæмæ. Фæлдисгæ дæр æй адæмæн кодта.

Ныртæккæ нæм цы ‘мдзæвгæйы кой уыдзæнис, уым дæр уыцы царддæттæг, цъæхцæст, налхъуыт-налмас уалдзæгæй амонд, фарн, удыхос æрмæст йæхи удæн нæ куырдта:

[1] Брукс Ван Вик. Писатель и американская жизнь. Т. 2. – М., 1971. – 78 ф.

Рухс уалдзæг, æлутоны мырæгау
Анхъæвз ды мæ рæстæджы, мæ дуджы!
Афтæ ‘ргом, æнæхинæй, сыгъдæгæй
Ахъар, Май, нæ дунейæн йæ туджы!..

Арвырон æхсæрдзæнтæй ивылы,
Бæстæ у налхъуыт-налмас æгасæй,
Мидбылхудты стъæлфæнджын тыфылы,
Удыхосау, мæргъты зарæг азæй.

Арвæй цыма хур кæлы къæртайæ,
Хæхты сæр æнусон цъити тайы.
Чи зоны, мæ сæрыл дæр æртайа
Уалдзыгон мит а сыгъзæрин Майы…

(«Дуне райгуырд»)

Джыккайты Шамил загъта: «Куыд зонæм, афтæмæй Цомахъы пейзажон нывты вæййы символон мидис».[1] Æмæ уыцы хъуыддаг уынæм ацы строфайы кæрон дæр – йæ сæрыл уалдзыгон мит æртайынмæ кæй бæллыд уыцы «сыгъзæрин Майы» – уый хуымæтæджы нæ уыдис, æнæнхъæлæджы йыл уалдзыгон мит кæй æруарыд, уый куыд нæ уыд æнæ аххос, афтæ. Фæлæ йæ уыцы æмбæхст, зæгъæн ис, æхцон хъизæмарæй, цалынмæ уацмысмæ нæ ралæдæрсы, уæдмæ аивады кусæгæн ферхæзæн нæй. Фыдусы æлгъыстау æртыхсы йæ сæрыл, ныххауы йæ зæрдæйы æмæ йæ фæмары удхарæй. Цалынмæ йæ аивады хуызы нæ ралæмары, уæдмæ. Даниаг зындгонд фыссæг С. Киркегор фæндвидарæй уымæн зæгъы, зæгъгæ, поэт у, æппынæдзух утæхсæн чи кæны, ахæм æнамонд.[2]

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 250 ф.
[2] К и р к е г о р С ё р е н. Наслаждение и долг. – Киев, 1994. – 15 ф.

Бестауты Гиуæри стыр поэт кæй уыдис, уымæн – æвдисæн, йе ‘мдугонтæ йын цы аргъ кодтой, уымæ ма иу хатт куы æркæсæм, уæд уый дæр: «Мах сæрыстыр стæм, Бестауты Гиуæргийы хъизæмайраг курдиатджын куыстмæ кæй æркастысты… хицæуттæ»;[1] «Бестауты Гиуæрги фыццаджы-фыццаг уыди поэт…», «поэт хъысмæтæй, туг æмæ стæгæй, уд æмæ зондæй, ахастæй æмæ архайдæй»;[2] «Гиуæрги уыди стыр курдиаты хицау, куыд адæймаг, афтæ»;[3] «Он действительно был мужественно красив. И еще или, прежде всего… необыкновенно талантлив. И в его таланте изумляло одно свойство – он ничего не умел делать бездарно или обычно. И еще – талант его был возможностей самых разнообразных и непредсказуемых»;[4] «Бакæсын Гиуæргийы фыстытæ ног æмæ ног, æмæ та æрцæуын уыцы иу хатдзæгмæ: æцæг поэтæй æнæрхъуыды сонт ныхас никуы сирвæзы. Æхсондур æхсоны лыггагæй куы æрцæвай æмæ цæхæр куыд акала, афтæ царды, дунейы цаутæ дæр фæцагайынц поэты зæрдæ, æмæ дзы акæлы цæхæр»,[5] – уый, ирон литературæмæ чидæриддæр цымыдис кæны, уыдонæн тынг хорз зындгонд у. Æппынæдзух аивадон утæхсæнты æмæ цинты кæй уыдис, æнцой йын кæй нæ лæвæрдтой царды хъулæттæ, ууыл дызæрдыггæнæн нæй.

Поэты романтикон, æнæрхъæц уд изæрыгон Дзауы комы дзæнæтон уындæй куыд байрад, базыртæ йыл куыд базад æмæ æрвон тыгъдады куыд ленчытæ кодта, цыма йæ «цæсты раз арвы дуар багоми» æмæ йæ «зæрæхсид кæлæнтау» куыд фæлывта, уыцы нывтæ кæсын æцæг диссаг у. Лирикон хъайтар æцæг нал зоны, цы акæна цинæй. Цыма, «Арвмæ стæхынц пæррæстбазыр къудзитæ Æмæ мигъты цур абадынц хинæй». Уымæн баризы поэты-лирикон хъайтары æнæрхъæц зæрдæ æмæ чиныгкæсæджы дæр зæрдæбынæй баризын кæны царциаты диссæгты, æрвон рæсугъд нывты æхцон фендæй:

---

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Стыр курдиаты сусæгдзинад / Хурзæрин, 2002. – 30 ноябрь.
[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Хуыцауы цæст ын бауарзта курдиат // Мах дуг, 2002. № 9. – 124 ф.
[3] Ц ы б ы р т ы Л ю д в и г. Ферттывта стъалыйау / Рæстдзинад, 2008. – 18 июнь.
[4] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Два слова о большом поэте / Южная Осетия, 2012. – 5 июнь.
[5] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 179 ф.

Уый мæ цæсты раз арвы дуар байгоми
Æви ферттывта аргъау дзæнæтау!
Мæн æнахуыр хин баййæфта Дзаугомы,
Мæн фæливы зæрæхсид – кæлæнтау.

Цыма уары сыгъзæрин бæзджын къæвда
Æмæ хæхтæ æрвгъуыз пилон уадзынц,
Мæн цыдæр тых ыстъалытæм сыскъæфта,
Æмæ райхъал мæ зæрдæйы уадындз.

Афтæмæй нын поэт алыхуызон абарстытæ, метафорæтæ, дзырдбастытæ, фæлгонцты фæрцы ныв кæны, йæхи загъдау, алæмæтон «аргъау дзæнæтау», æрдзы рæсугъд бакастæй нæ æфтауы дисы.

Уыцы рæсугъд нывтæ нæ, бæргæ, алчи дæр уыдта æмæ уыны дæсгай, сæдæгай, мингай хæттыты дæр, фæлæ сæ æххæстæй, се ‘ппæт рæсугъд фæлысты, æцæг аивадонæй фенын æрмæстдæр Гиуæргийы бон бацис. Æххæстæй йын æрмæстдæр уый федта æмæ равдыста йæ алы аив ахорæн дæр, фехъуыста йын йæ алы зæл дæр, бамбæрста йын йæ алы нысаниуæг дæр æмæ йæ «аргъау дзæнæтау» ныххызт йæ зæрдæфыстмæ. Дзæнæтон дунейау æй равдыста йе ‘ппæт чиныгкæсджытæн.

Йæ зæрдæйы æрдзы алæмæтон бакаст æмæ цинæй цы уадындз райхъал, уый фæрцы зары, «хохдзау рогвад уырыссаг чызджытау», къæйтыл бæгъæввадæй чи хилынц, уыцы бæрзытыл; «рæгътæм тыхæй-фыдæй, тасгæ-уасгæ» цы зæдæнгæс нæзытæ схызтысты, уыдоныл; дон-дон кæйдæр уæрыччытау цы ‘взистбарц, къæбæлдзыг уылæнтæ згъорынц, уыдоныл æмæ æмткæй Дзаугомы рæсугъд, фенддаджы æрдзыл.

Уыдон ын ахæм зæрдæзæгъгæ кæлæнтæ скодтой, æмæ сæ ма снув кодтаид, фырцинæй сæ махæн дæр ма равдыстаид, уый нæ уыд йæ бон. «Æмдзæвгæйы эмоцион равгæй, йæ динамикон змæлдæй рæзы Дзаугомы

ærдзы алæмæты ныв-фæлгоц. Æвдыст цæуы хуызджын æмæ зæлджынæй»,[1] – рæстагæй зæгъы Мамиаты Изетæ.

Поэты цæстæнгас уыцы фенддаджы дунейыл афтæ дзæгъæлтæ кодта, йæ зæрдæфысты афтæ барджынæй схицау æмæ йын уыцы рæсугъд тæлмæнтæй нал уыдис ферваезæн. Уыдысты йын æнустæмы фаг. Цыма развæлгъау зыдта, йæ цæстытæ дзы æххæстæй кæй нæ байдзаг уыдзысты; кæронмæ, зæрыбонтæм кæсынæй йæм кæй нæ бафсæддзæнис. Хатыд, арв æй кæй ælвасы йæхимæ:

Дон-дон фезгъорынц искæй уæрыччытæ,
Æви уылæнтæ – 'взистбарц, къæбæлдзыг,
Æви ронгæй фæрасыг, фæрынчын дæн
Æмæ 'нхъæвзы мæ дадзинты уалдзæг.

Арв – мæ рагсæнтты уарзоны рухс цæсгом,
Мæн йæ лыстæг æрфгуытæм ныххуыдта;
Мæй, цыренцалх налхъуыт-налмас хъусцæгау,
Сау, бæзджындзыкку мигътæй ныххудти.

Тары тайы зæрæхсиды ризгæ тын,
Боны знæт цъах-цъах – доны сæр-сæры.
Уары, уары та мæйрухс æвзист хъæды.
Мæйрухс комы æрсдонау æфсæры.

Фестад назы тæф рухс æмæ цины хъæр,
Мæнæ Дзаугом æгасæй мæ разы.
Æмæ 'хсызгонæй дзурын мæхинымæр:
«Ир æрцарди Хуыцауы дæлбазыр!»

[1] Джусойты Нафи, Мамиаты Изетæ, Хъазиты Мелитон. Ирон литературæ. 11 кълас. – Цхинвал, 2012. – 164 ф.

Æмдзæвгæйы кæрон «хинымæр» цины хъæр кæй ныккæны: «Ир æрцарди Хуыцауы дæлбазыр!» – уый йæхæдæг у поэты стыр, парахат зæрдæ æмæ сыгъдæг удыл дзурæг. Стæй, дзырд дæр ыл нæй, авторы зæрдæйы уаг, йæ поэтикон авналæнтæ æмæ курдиатыл дзурæг дæр.

Æмæ «…уацмыс мидисæй куыд аив æмæ хъæздыг у, афтæ æнæлаз у йæ кондæй дæр: бæлвырд рифмæ, дырыс ритм, зæлфæлхатæнты хæрзарæх – æнæ иу уæлдайæ, – сæ алы хуызтæ… Дисыл нæ æфтауы æрдз æмæ адæймаджы мидбастдзинад, уымæй райгуыргæ музыкæ, хъæздыг метафорон фæлгонцад…»[1] – адæймаджы зæрдæ уый тыххæй скъæфы йæхимæ, чиныгкæсæджы бон уый тыххæй нал вæййы, цæмæй дзы атона йæхи. Уд дзы кæны сыгъдæг.

Бестау «Изæр Дзаугомы»-йæ дарддæр пезажон æмдзæвгæ куынæ сфæлдыстаид, уæддæр уацмысы диссаджы архитектурон арæзты ахæм алæмæтон архитектоникон кæлæнтæ ис, нæртон Ацæмæзы уадындзау, йæ райхæлгæ зарæг ахæм алæмæтон, удæгас, нæртон æвзагæй зæлланг кæны æмæ иунæг уыцы уацмысы фæрцы дæр тынг барджынæй æрлæууыдаид ирон хуыздæр пейзажист-поэтты æмрæнхъ. Цæмæй Бестауы «Изæр Дзаугомы»-йы хуызæн уацмыстæ дæ зæрдæ æмæ дæ сæры сæрой, дæ удæй гуырой, уымæн æрмæст курдиат фаг нæу. Æмткæй адæймаг уыцы диссæгтæ уынынæн хъуамæ нывонд кæна йæхи, кæд ын æй Хуыцауы цæст бауарзта, уæд.

В. Брюсов амыдта: «Естественное, кровное родство человека со всеми жизнями земли делает его «другом» не только птицы, зверя, скота, но и всей природы».[2] Æмæ, æцæгдæр, диссаг куыд нæу, Бестауты Гиуæрги-иу уайтагъд æрдзимæ куыд ссардта иу адджын æвзаг; уайтагъд удæй, зондæй, зæрдæйæ куыд иу кодта йемæ.

Æгæрыстæмæй, ацы диссаджы уацмысы дæр зыны æмбæхст контрастон хъуыды – автор цы зæххон алæмæт уыны, ууыл не ‘ууæнды æмæ

[1] М а м и а т ы И з е т æ, Б е ж а т ы Ф а р и з æ. Ирон литературæ. 11 кълас. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 401 ф.
[2] Б р ю с о в В. Я. Соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1987. – 261 ф.

йæхи фæрсы дисгæнгæ: исчи йын кæлæнтæ скодта; «Чи мын сарæзта морфийы судзинтæ?»; «Æви ронгæй фæрасыг, фæрынчын дæн…»

Хуызты, царды уыцы контрастон тох æм, куыд загътам, афтæмæй у æнусон. Нæй сын сæ кæрæдзийæ фæхицæн кæнæн. Фæхицæн сæ кæн, уæд цыма, уадтымыгъ цы цард сног кæны, уый нал уаид, фесæфид царды нысан.

Æркæсæм нæ хъуыды бафидар кæныны тыххæй цалдæр цæвиттонмæ:

Фыдфын, кæлæн æхсæв йæ тары
Цырагъдар боны гуырдз хæссы,
Зæрдæуынгæггæнæн æнкъарæн
Æмбæхсы рухс цины цæссыг.

(«Ныфсы таг»)

Æхсæв ын фыдфынты, кæлæнты дуне у, фæлæ иугæр йæ тары «цырагъдар боны гуырдз хæссы», уæд уыцы «зæрдæуынгæггæнæн æнкъарæн» афтæ тыхджын у, æмæ кæд «рухс цины цæссыг» æмбæхсы, уæддæр дзы гуыры поэзи. Бестауы сфæлдыстады бæрæгæй чи зыны, уыцы тыбар-тыбургæнаг, æхцонмыр поэзи будау тайы адæймаджы зæрдæйыл. Кæны йæ рæсугъд, тыхджын, цæрдхъом.

Бирæ хæттыты кæй фехъуыстам, бирæ хæттыты кæуыл дзырдтам æмæ нæ цæсты бынтон чи сæгад, скойы аккагыл дæр кæй нал нымайæм, ома, уыдæттæ æз раджы фехъуыстон, амонын мын сæ нæ хъæуы, уыцы ихсыд хъуыдытæ дæр-иу поэзийы иу тынæй афтæ ныррухс кодта æмæ ныл сæ ракæсынц хуртæ æмæ мæйтæ:

Сау æгъуыссæг æхсæв та фæци,
Рухс æнус-æнус тары сæтты!
Хур мæ удæн æрхæсдзæни цин:
Хуры тыныл æрцæудзынæ ды…

(«Сау æгъуыссæг æхсæв та фæци»)

Л. Тимофеев афтæ кæй зæгъы: «произведение шире личности художника»,[1] – уымæн æвдисæн – нæ поэты сфæлдыстад. Гиуæрги æвналы, адæймаг кæдæм не ‘ххæссы, уыцы бæрзæндтæм. Суанг хуры тынмæ. Хуры тыныл чи æрцæуы, уый хуры ад кæны адæймагæн. Ницæмæй æмæ йын никæмæй ис баивæн, тынг дæ куы бафæнда, уæддæр. Æмæ поэзийы уыцы зæрдæхцон ад æцæгæй банкъараем æмдзæвгæйы фæстаг рæнхъæй. Адæймаджы зæрдæ уымæй ælхæны. Хуымætæджы йæм нæ бакæны цины дыз-дыз.

Гиуæргимæ йе ‘взонджы бонты дæр дзæвгар уыдис, интимон темæйыл дзурæг уацмыстæ. Лирикон хъайтары зæрдæйы дуæрттæ сæ фенæм гомæй. Йæ рæсугъд, адæймагуарзон æнкъарæнтæ сæ зынынц æргом æмæ бæллиццагæй. Уæлдайдæр, уацмысы кæрон.

Бестауы поэтикæйæн характерон у уыцы миниуæг – йæ уацмысы кæрон-иу загъта йæ зæрдæйы иууыл рæбинагдæр хъуыды æмæ уымæй нырма дæр ныррухс кæны чиныгкæсæджы зæрдæ, бафтауы йæ ирд æнкъарæнтыл.

Поэт йе ‘мдзæвгæ «Дæ цъæх æмæ мæ сау цæстытæн…»-ы зæгъы:

Дæ цъæх æмæ мæ сау цæстытæн рард
Ærвгъуыз бон æмæ тар æхсæвы хал:
Нæй уыдонæн æнæ кæрæдзи цард,
Нæдæр кæрæдзи ссарынæн амал.

Адæймаг афтæ куы бауарзы æмæ йæхи цæстытæ дæр йæ уарзоны цæстытæ куы свæййынц æмæ сæ «ærвгъуыз бон æмæ тар æхсæвы хал» куы рауайы, æнæ сæ кæрæдзи сын цард куынæ уал фæад кæны, афтæмæй «кæрæдзи ссарынæн амал»-ыл куынæ хæст кæнынц, уæд уый дудгæбонæй ноджы дудгæбондæр вæййы, уæдæ цы. Фæлæ йæ цæмæй æхсæв æмæ боны контрасты хуызы афтæ равæрай, уый та ærмæст курдиаты бон у.

[1] Т и м о ф е е в Л. Основы теории литературы. – М., 1976. – 392 ф.

Бестауы лирикон хъайтар Пушкины лирикон хъайтарæй фыддæр уавæры ис. Пушкин зæгъы: «Я вас любил безмолвно, безнадежно, То робостью, то ревностью томим…»[1] Æмæ уыцы сау дудгæбондæры уарзт ирон поэзийы контрасты хуызы уынæм Бестауы сфæлдыстады. Уынæм æй иумæйагæй æмæ конкретонæй. Уынæм æй, лирикон хъайтары æвæндонæй куыд мары удхарæй.

Уыцы «цъæх æмæ сау цæстытæн» æнæ сæ кæрæдзи цард куыд нæй, стæй сын кæрæдзи ссарынæн дæр куыд нæ зыны амал, ахæм хъысмæт ис поэты сфæлдыстады контрасттæн; кæд йæхæдæг, талынг сафгæ, æппынæдзух йæхи рухсмæ æппары, уæддæр. Æхсæв куы ныггуыппæг, куы ныттар вæййы, йæ уд куы стыхсы, уæд йæ зæрдæйæн æртхос стъалытæм дæр фæагуры. Куы йæ ссары рухсы, уæд та:

Фæцæуын, ивылы мæ уæнгты,
Гуылф-гуылфгæнгæ, дунейы рухс.
Мæ фарсмæ – цырагъадæм уынгты,
Уæд се ‘хсæн та – саударæг ус?!.

Уый, – дысон куы стахти фыдæхсæв, –
Æрхаудис йæ базыры сис…
Ныр фестади бæстæ чындзæхсæв,
Ныр атади таримæ рис.

Дзæнæтон æхцон цин æнкъарын,
Сырх арвы рон фестад мæ уд.
Дæлдзæх фæуæд сау æхсæв, талынг!
Уæ, рухс бонтæ, арфæйаг ут!

(«Рухс»)

[1] П у ш к и н А. С. Соб. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 191 ф.

Уыцы рухс бонты сæрыл тох кæнын, уыдоныл зарынæн æй хъуыдис уадтымыгъы хъару, цæмæй дзы рацыдаид уæлахизимæ. Уадтымыгъы раст уыдон тыххæй скодта йæ рæсугъд зарæджы сæр. Æмæ та-иу æм йæхи аппæрста ног æмæ ногæй.

Диссаг уыдис Бестау. Сфæлдыстадон куыстыл никуы тагъд кодта. Йæ хъуыдыйы-иу куынæ сфыхтаид уацмыс, уæд ын рухсмæ нæ лæвæрдта фæндаг. Уый тыххæй-иу æм уайдзæфтæ дæр æрхаудта. Нафи 1964-æм азы йæ уац «Ирон литературæ 1963 азы»-йы дзырдта: «Афтæ мæм кæсы æмæ Бестауы-фырт æгæр сындæггай кусы, афтæмæй та йæ тæккæ тыхыл йеныр у. Мах чысыл стæм æмæ нын цъус кусыны бар нæй. Æцæг поэтикон курдиат кæмæ ис, уый Ирыстоны уавæрты, ирон литературæйы ныртæккæйы уавæрты хъуамæ, фанатикау, уæхскуæзæй куса. Æндæр гæнæн нæй. Нæй ацы миниуæг Бестауы-фыртмæ æмæ йын æй йæ цæстмæ бадарын хъæуы».[1]

Фæстæдæр, 1970-æм азы тъæнджы мæйы 2-аг бон Плиты Грис та Нафимæ фыста: «Уæдæ, Гио та уыйбæрц куыд быхсы Рустауаг Шотаимæ?.. Цæв, зæгъ æй, фæу йæ, барухс кæн ноджыдæр де ‘нхъæлцау адæмы зæрдæтæ».[2]

Йæхицæн дæр ын уынаффæ кодта: «Бавдæл ма æмæ æхсæвыгæтты аст сахаты ма уадз дæ фæллад, фæлæ фынæй кæн æхсæз сахаты, алы суткæйæ дæр куыстæн иу-дыууæ сахаты куыд давай, афтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый дæ удæн зын уыдзæни, фæллайгæ дæр кæндзынæ, ихсийгæ дæр тагъддæр кæны адæймаг афтæмæй, фæлæ – уæдæ, цæмæн у махæн нæ цард? Иуцастæр куы акусай интенсивон æгъдауæй, уæд фæгæрз уыдзынæ ахæм хуызы кусыныл æмæ тынг нал рисдзынæ. Уый хыгъд, цалдæр азмæ цы аразинаг дæ, уый фæуыдзынæ тагъддæр æмæ цинæй-æхцондзинадæй æрцæрдзынæ».[3]

Фæлæ Бестау æцæг диссаг уымæй уыд – йæ къух цæмæ фæнды фæкодтаид, йе стыр курдиаты фæрцы-иу æй афтæ рарттивын кодта æмæ сæм адæймаджы цæст кæсынæй не ‘фсæды, фæсвæд фæуадзын сæ адæймаджы

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 300 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Судзгæ цырагъау сты йæ зарджытæ / Рæстдзинад, 2012. – 5 май.
[3] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 63 ф.

зæрдæ никæй тæры. Æмæ уыдæттæ тынг бирæ цæуылдæрты дзурæг сты. Иууыл тынгдæр та – æрвон комулæфт ыл кæй ныдзæвд, ууыл.

Стыр курдиаты хицау кæй уыдис Бестауты Гиуæрги, уый тыххæй йын бантыст ирон интимон поэзийы рæбинаг суæвын. Йæ зæрдæйы арфæй, дзæмдзæмы удæгасгæнæг суадонау, цы стыр æмæ рæсугъд, цы уаз æмæ æгæрон уарзт тагъдис, уымæн Гиуæргийы размæ бынат нæма уыд нæ литературæйы. Уый алæмæтон уарзтыл, сылыстæджы рæсугъддзинадыл цы зæрдæйы арфæй цæуæг дзырдтæй зарыд, куыд фæлгонцонæй йæ равдыста, цы эмоцион тых дзы бавæрдта, цахæм зæлтæ æмæ йæ рифмæтæй снывæста, уыдон зæххон дзырдтæй æнцон сныв кæнын æнцон нæу, стæй сæ ранывæндын алкæй къухы нæ бафтдзæнис. Уымæн дæр сæрмагонд курдиат хъæуы. Чи зоны, Хуыцауы радтгæ курдиат. Сæ фæлдисын Бестауы къухы афтæ æфтыд, цыма сæм адæймаджы арм нæ хæццæ кодта:

Ды фæцæйцыдтæ рухскалгæ уынджы,
Уынг уæлион дзæнæтау ысуынджын.
Дуне фестадис кувæндон, аргъуан,
Ды – йæ бæстастæу судзгæ цырагъау.

Æмæ – йемыдзаг уарзты цæхæрæй –
Кодта ‘хцон дыз-дыз д‘ алфæмблай уæлдæф.
Æмæ, раст цыма аргъуаны, фыны –
Зæхх ныгъуылдтытæ кодта дæ быны.

(«Ды фæцæйцыдтæ рухскалгæ уынджы»)

В. Брюсовы фидарæй уырныдта: «Любовь по самой своей сущности мистична. Любовь всем, даже чуждым героического, религиозного, художнического одушевления, позволяет хоть раз вздохнуть истинно свободным воздухом, «свежеющей мглой» экстаза, заставляет увидеть

бездны у своих ног».[1] Уарзт цахæм хуызы æрбацæудзæнис адæймагмæ, уый, æвæццæгæн, йæхæдæг дæр нæ фæзоны. Æмæ, чи зоны, алы цæрæццаг удæн дæр æхцон уый тыххæй вæййы.

Гиуæргийæн уарзт, йæхæдæг куыд загъта, афтæмæй уыдис, зæххон тæригъæдджын цардæй дзæнæт чи аразы, ахæм цыдæр стыр фенддаджы æмæ бæллиццаджы фæзынд. Йæ уарзон уд та йын у зæд кæнæ – зæдæй уæлдæр. Уымæн æмæ уынджы æрмæст цæугæ нæ кæны, фæлæ кæны рухс. Уымæй дæр, уынг дзы кæны уынджын. Афтæмæй базонæм фидарæй – уарзт æнæбазырджынты дæр кæны базырджын. Уарзты цæстæй дунемæ чи кæсы, уымæй амондджындæр æмæ сыгъдæгуддæр адæймаг нæй зæххы цъарыл. Уыцы уд у бæллицаг. Фæлæ йæ Хуыцауы цæст алкæмæн нæ бауарзы, алчи курдиатимæ куыннæ райгуыры, афтæ.

Сыгъдæг уд кæм ис, уым сыгъдæг бынат у. Æмæ Бестауы лирикон хъайтарæн дуне кувæндон, аргъуан æнæмæнг кæй фестадаид, уым дызæрдыккагæй ницы ис. Поэтæн сылгоймаг ссис уарзты, царды символ. Æрмæст йæ рухсгæнæг бакастæн ын нæ табу кæны, фæлæ йын уыны, «судзгæ цырагъау» ын чи у, уыцы уд. Уымæй къаддæр куы уыдаид, уæд æй поэт не скодтаид йæ аив дзырды аккаг.

Æцæг, ахæм хуызы – дзæвгар раздæр рухскалгæ уынджы чи цыд, иу ахæм рæсугъды йæ рæстæджы поэзийы аккаг скодта стыр англисаг поэт Джордж Гордон Байрон йæ «Дзуттаг мелодитæ»-йы: «Она идет во всей красе – Светла, как ноч ее страны. Вся глубь небес и звезды все В ее очах заключены, Как солнце в утренней росе…»[2] Фæлæ уый Бестауы нæ бахъыгдардта йæ хъайтары арвмæ сисынæн.

Бестау æппынæдзух хæрдмæ кæй тырныдта, алы хъуыддаджы дæр бæрзонддæр къæпхæн кæй æвзæрста, уый тыххæй дзы Ælборты Хадзы-Умар афтæ дзырдта: «поэт йæ цин æмæ хъыджы, уарзт æмæ масты, хорзракæнд æмæ фыдæвзарæнты кæддæриддæр æмæ кæмдæриддæр у æнæкомпромиссон,

[1] Б р ю с о в В. Соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1987. – 236 – 237 ф.
[2] Б а й р о н Д ж о р д ж Г о р д о н. Она идет во всей красе… / М а р ш а к С. Я. Соб. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1990. – 340 ф.

максималистон».[1] Æмæ уый афтæ хъуамæ уа. Чи мæ цы зæгъдзæнис? – дзургæйæ; фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæйæ, аивад аразæн нæй.

Бестауты Гиуæргийы аив дзырд, карды æрцъыккау, дзæнгæлтæ кæй кæны, аргъуаны цырагъау кæй судзы, уый тыххæй цæвы зæрдæйы уидæгтæ. Æмæ йыл æууæндæм кæронмæ.

Нæ поэт уарзты кæлæнтæ, цинтæ æмæ мæстытæ ныв кæнынæй никæмæ бахæлæг кодтаид. Уарзон чызг æм цæуы хуры тынтыл («Сау æгъуыссæг æхсæв та фæци…»); у йын сæрыстыр зæд («Урс катай») æмæ йын æнæ уый цард нæ кæны царды ад. Йæ «сыгъдæг уды раз» уымæн кæны зоныг. Йæ уды рæстдзинад ыл нæ уадзы къæм абадын: «Цы давы, дам-дум нæ кæд н‘ адзалмæ нымудзы! Хæрам æм ма фæу – зæххон дуне нæ зоны – Хуыцауы аргъуаны цы уаз цырæгътæ судзы» («Дæ сыгъдæг уды раз кæнын сæркъулæй зоныг»); домгæ дзы ницы кæны – «Зæдбадæн кæй ыскодтай мæ удæй, Уый дæр мын цæрæнбоны фаг у» («Ды нæ зоныс, ды нæ хатыс ницы…»); йæ цæссыгтæ йын сты цыкурайы судзгæ фæрдгуытæ, «рухс нæ ныллæууынц зæхмæ цæджындз», фæлæ йæ «зæрдæйыл тугтау тæдзынц» («Ехх, цы цæстытæн радтон æрхæндæг…»):

Ехх, цы цæстытæн радтон æрхæндæг,
Ехх, цы цæстытæн байстон сæ цин!
Æмæ се ‘нкъард, сæ джихтыл хъæцин,
Фæлæ се ‘рвгъуыз цæссыгты пырхæндæг!..

Нæ, цыкурайы судзгæ фæрдгуытау,
Рухс нæ ныллæууынц зæхмæ цæджындз;
Уый куы сæ ‘ркалы, фатдзæф сæгуытау,
Уæд мæ зæрдæйыл тугтæ тæдзынц.

(«Ехх, цы цæстытæн радтон æрхæндæг…»)

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Хуыцауы цæст ын бауарзта курдиат/ / Мах дуг, 2002. № 9. – 126 ф.

Литературæйы афтæ сахуыр стæм, лирикон хъайтар, зæгъгæ, искæй бауарзта, уæд æрмæстдæр фæкæнæм нæ уды рысты, нæ хъизæмæртты, æппынфæстаг, нæ бæллицты кой. Хъыгагæн нæ ферох вæййы, лирикон хъайтар кæй уарзы, уымæн дæр зæрдæ кæй ис, уый дæр рухс фидæнмæ кæй тырны, уый дæр кæй зоны цин кæнын æмæ риссын. Æппынфæстаг, уый дæр уарзын æмæ цæрынæн кæй райгуырдис.

Нæ ирон поэзийы æцæг интимон темæ Къоста цы стыр гуманон хъуыдыйæ райдыдта: «Исчи дын исы йæхимæ дæ рынтæ, Исчи дын хъары нывондæн йæ сæр…» («Хæрзбон»),[1] – уый нæ айрох вæййы. Мах та нæхицæн фæдомæм табутæ кæнын, сæрнывæндтæ. Ægæрыстæмæй, зарджыты фелгъитæм, нæхи тыхæй кæмæн фæуарзын кæнæм, уыдон – мæныл мæрдтæм цæрддзу цæмæннæ кæныс, зæгъгæ.

Р. Белоусов, Петрарка йæ Музæ – Лауræйы цы ‘гæрон уарзтæй уарзта, уый тыххæй дисгæнгæйæ зæгъы, зæгъгæ, зондтауæг Боэций дзырдта: «любовь «правит землею, и морем, и даже небом высоким». И не повторил ли века спустя эти слова Данте, сказав, что любовь движет солнце и светила».[2] Æмæ уымæн æртхъирæнтæ, ælгъыстытæй нæ, фælæ табу кæнынæй, уазæй йæ уælæрвтæм исынæй куыд хъæуы аргъ кæнын, уый нын ирдæй равдыста Бестау.

Поэт, сагъæсты йæ чи ныппæрста, цард ын æнæ кæй нал кæны царды ад, уарзт уарзты ад, уый нæ азымджын кæны. Тынг бирæ уацмысты куыд сахуыр стæм, цæмæй йын уайдзæфтæ кæнæм, афтæ йæ азымы нæ дары. Йæ бон нæу уый æрхæндæг цæстæнгасмæ кæсын. Уый бæсты йын тæригъæд кæны йæхицæн: «Ехх, цы цæстытæн радтон æрхæндæг, Ехх, цы цæстытæн байстон сæ цин!»

Уælдай зындæр та йын у, йæ цæссыгтæ «цыкурайы судзгæ фæрдгуытау, рухс нæ ныллæууынц зæхмæ цæджындз», фælæ уый бæсты уыцы алæмæтон æрвхуыз цæстыты хицау лирикон хъайтары æвæджиаг

[1] Хетæгкаты Къоста. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 32 ф.
[2] Белоусов Роман Сергеевич. Блогословляю имя из имен. – М., 1990. – 19 ф.

уарзты аххосæй, фатдзæф сæгуытау, йæ цæссыгты пырхæндæг кæй калы, уыцы хъуыддаг. Уымæн тæдзынц лирикон хъайтары зæрдæйыл тугтау. Уый йын нæ дæтты æнцой.

Афтæмæй нын Гиуæрги равдыста, адæймаг æцæгæй æгæрон уарзтæй кæй уарзы, уымæй йæхицæн кæй ницы исы, йæ бафхæрыны фæндагыл кæй нæ лæууы, фæлæ йын йæхи зæрдæрисгæйæ, табугæнгæйæ куыд нывонд ласы, æппæт уыдæттæ.

Поэты ныхас зæрдæмæ иууыл тынгдæр хъары, æмдзæвгæ фæлдисгæйæ, поэтикон аивгæнæнттыл кæй нал бацауæрста, фæстæмæ сыл кæй нæ хæцыд, фæлæ, гæнæн уæвгæйæ, бирæ алыхуызон аивадон амæлттæй кæй спайда кодта, уый тыххæй. Уацмыс райдайы лексикон анафорæйæ:

Ехх, цы цæстытæн радтон æрхæндæг,
Ех, цы цæстытæн байстон сæ цин!

Ома, поэтикон рæнхъыты уыцы иухуызон райдайæн. Ам «Ехх, цы цæстытæн…» у синтаксисон анафорæ. Фæлæ уацмысы дыккаг строфæйы та ис зæлон анафорæ:

Уый куы сæ ‘ркалы, фатдзæф сæгуытау,
Уæд мæ зæрдæйыл тугтау тæдзынц.

Рæнхъыты райдианы «у» аразы зæлон анафорæ. Кæнæ: «Рухс нæ ныллæууыд зæхмæ цæджындз»-ы автор бæрæггæнæг дзырд – эпитет (уый йæм арæхдæр у – «‘рвхуыз цæссыгты», «цæссыгты пырхæндæг», «фатдзæф сæгуытау») «рухс» цыппæрæм дзырды бынатæй рахаста рæнхъы фыццаг дзырды бынатмæ æмæ уымæй спайда кодта инверсион амалæй. Уымæй дарддæр спайда кодта аив абарстытæй: «цыкурайы судзгæ фæрдгуытау» (ис дзы дывæлдах эпитет – «цыкурайы», «судзгæ»), «фатдзæф сæгуытау», «тугтау». Уымæй дарддæр цыбыр, æрдæг хъуыдыйæдтæй кæй пайда кæны,

уый дзурæг у уацмысы æмбæлон ритмикæ æмæ лирикон хъайтары зæрдæйы уагыл. Афтæмæй чиныгкæсæг тынгдæр æмбары лирикон хъайтары катайаг æмæ зæрдæræмудзæн мидуаваер.

Поэт цахæмфæнды цыбыр уацмысы дæр афтæ ræвдз кæй уыдис поэтикон амæлттæй пайда кæнынмæ, уый, «стыр поэт кæй у, уый фæрцы»[1] æфтыд йæ къухы диссаджы ælвæст, эмоционалон æмæ зæрдæмæдзæугæ æмдзæвгæтæ сфæлдисын. Кæй зæгъын æй хъæуы, интимон темæйыл дæр:

Æз дыууæ цæсты зонын зæххыл,
Иунæг уыдоны райдзаст æрфæнты
Райгæ фембæлын боны цъæхыл
Æмæ хуры сызгъæрин гуылфæнтыл.

Æз дыууæ цæсты зонын зæххыл,
Зæгъгæ, иу уысм дæр не сты мæ цуры, –
Арв мæ сæрмæ мæйдарæй тæхы, –
Æмæ стъалытæй раивы хуры.

Æз дыууæ цæсты зонын зæххыл,
Амонд уыдоны даргъ халтæй барын,
У мæ удæн сæ рæвдыд, сæ хыл,
Цин, æнкъард сагъæс, рухс æмæ талынг.

(«Æз дыууæ цæсты зонын зæххыл…»)

Авторæн алыхуызон аивадон фæрæзтæ æмæ фæлгонцты фæрцы йæ бон бацис, лирикон хъайтар цы дыууæ цæсты зоны зæххыл, кæй уацары бахауд, йе ′нцойад кæй тыххæй фесæфта, уыдонæн æндæр кæцыфæнды цæстытимæ цæмæннæ ис абарæн; цæмæй сты æрвон; амонд цæй тыххæй бары уыдон **даргъ халтæй**, уыдæттæ равдисын.

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Тæлмац кæныны хъуыддаг – хæлардзинады хид // Фидиуæг, 1986. № 11. – 77 ф.

Фыццаг уый, æмæ æмдзæвгæ сæрæй кæронмæ нывæст у строфæйон анафорæйæ – алы строфæ дæр райдайы уыцы иухуызон: «Æз дыууæ цæсты зонын зæххыл…» Иунæг уыцы рæнхъæй уацмыс сгæпп кæны романтикон бæрзæндмæ æмæ «иунæг уыдоны райдзаст æрфæнты райгæ» кæй фембæлы «боны цъæхыл æмæ хуры сыгъзæрин гуылфæнтыл»; йæ цуры куынæ вæййынц, уæд арв йæ сæрмæ мæйдарæй кæй тæхы æмæ стъалытæй кæй раивы хуры, йæ удæн кæй у «сæ рæвдыд, сæ хыл, цин, æнкъард сагъæс, рухс æмæ талынг», уыдон æй нал æруадзынц уыцы уарзты бæрзæндæй æрхизын.

Æмдзæвгæ æмткæй цы кæркæ-мæркæ аивтæй рæсугъд кæны, цы дзадджын æвзагæй фыст у, уый бæрæг у йæ алы поэтикон рæнхъæй дæр, фæлæ кæуылты сты поэты арæзт дзырдбæстытæ: «Амонд уыдон даргъ хаутæй барын», «хуры сыгъзæрин гуылфæнтæ», «Арв мæ сæрмæ мæйдарæй тæхы Æмæ стъалытæй раивы хуры»!..

Уарзон адæймаджы – сылгоймаджы æвæджиаг уды тыххæй ахæм базырджын, зæрдæйыл тайгæ æмæ руайгæ хъуыдытæ æрмæстдæр Бестауы æнæхин, парахат уды рафтыдтаиккой дидинæг. Уæдмæ сæ ирон поэттæй æндæр никæмæ федтам. Джыккайты Шамил уымæн загъта: «Лæгæн йæ уарзт вæййы йе ‘хсар æмæ йæ намысы æмсæр. Æцæг уарзт адæймаджы кæны бæрзонд, рæсугъд æмæ уæздан».[1]

Л. Кузина æмæ К. Пигаревы загъдау: «любовь из светлого чувства превращается в «поединок роковой», оставаясь вместо с тем бесконечно прекрасной, открывающей целый мир».[2] Афтæ кæй у, уымæн бирæ удæгас æмæ зæрдылдаринаг цæвиттонтæ ис поэты интимон темæйæ хъæздыг æмæ бæллиццаг сфæлдыстады. Сæ иу – æмдзæвгæ «Урс къæхтæ». Поэты уарзæгой лирикон хъайтар йæ уарзон чызджы йæ зæрдæйыл кæй цæуын кæны, уый æнæнхъæлæджы нæу. Уарзон чызджы дæлфæдты аныдзæвд дæр ын йæ удæн æрхæсдзæнис æрмæстдæр æхцондзинад – у йе ‘мбæхст хъуыдытæй иу. Æмæ йыл æууæнды чиныгкæсæг:

---

[1] Джыккайты Шамил. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 215 ф.
[2] Кузина Л. Н., Пигарев К. В. О жизни и творчестве Ф. И. Тютчева // Тютчев Ф. И. Соч в 2 т. – М., 1984. – 26 ф.

Урс фæлмæн дыууæ къахы, сымах
А-сау зæххыл афт‘ аив цæут,
Афтæ хъавгæ, рогвадæй, цыма
Байтыгъди уæ фæндагыл мæ уд.

Урс дыууæ фæлмæн къахы, сымах
Арвы цъæх цы цæстыты хæссут,
Гъе, цы былтыл рухс амонды ‘ртах, –
Удыхос сыгъзæрин мидбылхудт.

Гъе, цы гуыр, цы фидыц уæнгты конд,
Гъе, цы уарзт, цы дунейыдзаг цин,
Уыдонæн мæ рæзгæ цард – нывонд,
Уыдон æз мæ къухуырзтыл хæссин…

Урс дыууæ фæлмæн къахы, фæлтау,
Зæххыл нæ, мæ зæрдæйыл цæут:
Чи зоны, фæкъул ын уа уæд та
Пух былтæй сыгъзæрин мидбылхудт.

(«Урс къæхтæ»)

Гиуæрги цыдæриддæр арæзта, цыдæриддæр фæлдыста, уыдон хуымæтæджы нæ уыдысты. Удæй æнкъардта, зонды цæстæй уыдта царды хъулæттæ дæр, аивады кæлæнтæ дæр, уарзты уылæнтæ, æрсдонау, гуылфгæнгæ цыдысты йе ‘нкъараг зæрдæйы дадзинты. Йæ сагъæстæ, йæ бæллицтæ йæ поэзийау бæрæгæй зынынц йæ литературон-критикон æмæ публицистикон уацты. Бестау аивады алы æмбæхст фæзилæн дæр куыд бæлвырд æмæ æргомæй уыдта, уый алы поэт нæ, фæлæ цыфæнды фæлтæрд литературæиртасæг дæр зынæй рахатдзæнис. Æмæ йын æппæт уыдæттæ

фадат лæвæрдтой, нæ сæртæ сæрыстыræй кæмæй хæссæм, адæмы ‘хсæн нын чи кад кæны, ахæм литературæ фæлдисынæн.

Мах араех фæдзурæм, Бестауты Гиуæрги, зæгъгæ, Шота Руставелийы «Стайыцармдарæг» æмæ Ægъуызаты Иуанейы «Алгъуызы кадæг» ирон æвзагмæ æрдхæрæны тæлмац уымæн ракодта, оригиналы æвзаг тынг хорз кæй зыдта. Ægæрыстæмæй дзы ирон аив дзырды стыр дæсны Плиты Грис дæр бузныг уыд, «уыцы стыр ахъаззаджы куысты тыххæй».[1] Ахъаззаджы куыст, дыууæ æвзаджы хорз кæй зыдта, уый дæр дзы ис. Фæлæ сæйраг уый нæу. Бестауты Гиуæрги «Стайыцармдарæг» æмæ «Алгъуызы кадæг» ирон æвзагыл афтæ диссаджы хуызы уымæн сдзурын кодта, уæларвон комы тæф ыл кæй ныдзæвд. Сæ алы сусæг æвæрæн дæр сын кæсæнмæ кæсæгау кæй уыдта. Æмæ не сфæлдисæджы цæст уый алкæмæн нæ бауарзы, Бестауты Гиуæргийæн æй радта рæдаузæрдæйæ.

Кадæгæй ирон æвзагыл Гиуæргийы тæлмацæй хицæн сæртæ куы федтой рухс, уæд Гафез дзырдта: «Бестауты Гиуæрги хорз зоны гуырдзиаг æвзаг, бæрзонд у йæ поэтикон курдиат дæр. Кадæгæй цы цалдæр сæргонды раивта, уыдон аив сты. Хъуыддаг афтæ дарддæр куы ацæуа, уæд уый уыдзæн Бестауы-фырты сфæлдыстады стыр сгуыхт».[2]

Уыцы стыр сгуыхт – «Стайыцармдарæг» налхъуыт-налмасау тыбар-тыбургæнгæ чиныгкæсджыты рæгъмæ рахæссын бантыст Бестауæн. Кæд ирон æвзаджы, паддзахы галуаны цы дзырдтæ æмæ дзырдбастытæй пайда кодтой, уыдон ракæл-ракæл нæ кæнынц, уæддæр сæ Гиуæргийы бон бацис ссарын. Оригиналы алы фæзилæн, алы сулæфтæн ахæм ирон хуыз радта æмæ адæймаджы æрмæст дисы не ‘фтауынц, фæлæ йыл æндавынц кæлæнтау.

Уый тыххæй хуыздæр у байхъусæм, Бестауæн йæхиау романтикон базыртыл тæххæг æмæ курдиаты уæлтæмæны ленкгæнæг ирон фыссæг Булкъаты Михалмæ. Уымæн æмæ нæм, аивад дæр, гуырдзиаг æвзаг дæр Бестауты Гиуæрги, Булкъаты Михал æмæ Нартыхты Михалæй хуыздæр бирæ

[1] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 63 ф.
[2] Г а ф е з. Гуырдзиаг адæмы гениалон зæрингуырд // Фидиуæг, 1966. – 6 ф.

чидæртæ зыдтой, зæгъгæ, уый зын зæгъæн у. Булкъайы-фырт та фидарæй дзырдта: «Бестауты Гиуæргийæ фынддæс азы дæргъы æппæт ферох ис, антикон дуджы Гуырдзыстоны паддзах Мирианæй райдайгæйæ суанг поэзийы паддзах Галактионы онг гуырдзиаг лæджы дзыхæй схаугæ дзырдты ирон эквиваленттæ агурыны йеддæмæ. Уый оригиналонæй куы ницы сфæлдыстаид, уæддæр æй «Вепхистъхъаосани»-йы диссаджы тæлмац ирон литературæйы классикты номхыгъдмæ бахастаид, фæлæ нын нæ дзурæнтæ цыдæр сæхгæдта æмæ йæм нæ бон нæу бадзурын: уæ, нæ зынгхуыст æфсымæр, поэзийы хуымгæнды цы ауæдз адардтай, уымæн стыр поэты курдиат хъуыдис, зæгъгæ»![1] Кадæджы тæлмацы тыххæй та курдиатджын фыссæг æмæ тæлмацгæнæг Булкъайы-фырт, романтикæн куыд æмбæлы, афтæ сæрыстырæй загъта: «Вепхистъхъаосани»-йы оригинал æмæ тæлмац æмхуызон чи кæсы, уыдонæй иутæ зæгъынц, куыд æрцыдис ахæм диссаг, Руставелийы генион поэмæйы ирон халдих скæнын хуымæтæджы амæлæг лæджы бон куыд бацис, зæгъгæ! Иннæтæ сæхи æрсабыр кæныны сæраппонд мысынц таурæгъ æмæ бæлвырд кæнынц – Бестау поэмæ тæлмац нæ ракодта, Руставели йæхæдæг йæ уацмысы оригиналимæ иумæ цы ирон вариант сфæлдыста, уый кæмдæр ссардта æмæ йæ мыхуыры рауагъта, зæгъгæ».[2] Афтæмæй йæ рæстагæй систа арвы цъупмæ. Аивады хуызы нын загъта, тæлмац оригиналæй ныллæгдæр кæй нæ лæууы, уый.

Уыдон Михалы романтикон уды дзуринæгтæ сты, фæлæ сæ ис литературон рæстдзинад. Кадæджы тæлмацы тыххæй йæ фидар æмæ бындурон хатдзæг у ноджы растдæр: «Фергъуыйау сты литературæйы рæзты процессимæ комкоммæ баст адæймæгтæ дæр æмæ цымыдисæй зæгъынц: æвдай æхсæзæм азы (75-æм азы – Хъ. М.) хицæн чиныгæй рауадзгæ текст оригиналы дырыс халдих куы у æмæ йе ‘нæмæлгæ хъайтартæ дæр æвзаджы феномены фæрцы ирæттæ куы систы, уæд ма тæлмац цæмæн хуыйны? Мæнмæ гæсгæ, уыцы фарстæн ис иу цыбыр дзуапп æмæ йæ хъуамæ зæгъæм,

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Тæлмац кæныны хъуыддаг – хæлардзинады хид // Фидиуæг, 1986. № 11. – 76 ф.
[2] Уый дæр уым.

бæрзонд категоритæй ма фæтæрсæм, афтæмæй: «Вепхистъхъаосани»-йæн йæ формæ, йæ мидис, йæ поэтикæ, йæ бæрзонд æмæ ныллæг шаиритæ, йæ персонажты характертæ, йæ афоризмтæ æмæ йе ‘ннæ поэтикон компоненттæ ахæм диссаджы хуызивд бавзæрстой, æрмæстдæр Бестауты Гиуæрги йæхæдæг стыр поэт кæй у, уый фæрцы!»[1]

Гиуæрги стыр поэт кæй уыдис, уый мур быцæуаг нæу, фæлæ ацы гениалон кадæг нæ мадæлон æвзагмæ афтæ зæрдæбын æмæ цымыдисон тæлмац кæй ракодта, уый тыххæй йæхæдæг куыд загъта, уымæ ноджыдæр иу хатт куы ‘ркæсæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм: «Стайыцармдарæг» мæ йæхимæ сæйраджыдæр ныббаста канд йе стыр идейон-аивадон миниуджытæй нæ, фæлæ дзы мæ зæрдæйæн лымæн, иумæйаг кавказаг уд, уый нæ, фæлæ ма ирон культурæйæн, иры кæддæры нæргæ историйæн хицон миниуджытæ кæй федтон, уымæй дæр».[2]

Бестау – стыр поэт æмæ стыр адæймагæн йæ цыбыр цард æмæ рæсугъд цардвæндæгтæ ænæхъæнæй баст уыдысты, ирон адæймаг фыдæлтæй фæстæмæ кæуыл рацыд, уыцы æххæл-мæххæл фæндæгтимæ. Уыдонæй сын нæ уыдис фæхицæн. Уый тыххæй нæ æмæ нæ литературæйы иурæстæджы фыдæлтыккон кæнæ нырыккон фæндæгты темæ модæйон кæй ссис: Джусойты Нафи – «Фыдæлты фæндæгтæ»;[3] Дзаболаты Хазби – «Фæндаджы тох»,[4] «Фæндаджы уæз»;[5] Дзуццаты Хадзы-Мурат – «Фæндаг»;[6] Хостыхъоты Зинæ – «Къахвæндаг»;[7] Ælборты Хадзы-Умар – «Дæ фæндæгтæ, Ирыстон…»;[8] Хаджеты Таймураз – «Фæндæгтæ, хъæбæрнад фæндæгтæ…»[9] Гиуæргийæн нæ лæвæрдтой æнцой, нæ истори сæ кæй уыдта, уый охыл, кæд нын фыдæй-фыртмæ фылдæр «‘гъуыстаг фыдамондыл» цыдысты, уæддæр.

[1] Уый дæр уым, 76 – 77 ф.
[2] Р у с т а в е л и Ш о т а. Стайыцармдарæг. – Цхинвал, 1975. – 8 ф.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Изæры рухс. – Цхинвал, 1987. – 103 ф.
[4] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Къахуынæр. – Дзæуджыхъæу, 1967. – 38 ф.
[5] Уый дæр уым, 42 ф.
[6] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, !990. – 26 ф.
[7] Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Цин æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 96 ф.
[8] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 109 ф.
[9] Х а д ж е т ы Т а й м у р а з. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 25 ф.

Æвдисгæ дæр сæ диссаджы ивæнты хуызы кæны: «Фæндæгтæ хæлбурцъ кæнынц кæлмытау»; сæ «тахт – тугдадзинты хъазт»; куы «хохы ныхыл абадынц тæлмытау»; куы «сæрсæфæнтæм асхъиуынц æваст»; сты йæм «Уалдзыгон æрвнæрды тæфæй расыг, Удуæлдай æвзонгадау, ызнæт». Уымæн æмæ сты æгъатыр дугты фæдтæ æмæ æвæдтæ æвдисæг. Адæймагæн сты цинтæ æмæ фыдтæ хæссæг:

Ферттивынц бæллицвæллад зæрдæйы
Дзуарæвæрдæй туджджынты кæрдтау, –
Зæрдæ судзгæ стъæлфæнтæй ысвæййы
Йемыдзаг æхсон дуры къæрттау…

Фæндæгтæ, кæдæм нæ фæччы, уырдæм
Удаист, цымыдисæй тындзынц, –
Уадз, æрхауæнт кæрдæгыл ныхкъуырдæй,
Ахъазæнт сæ сæрты искуы сындз!

Фæндæгтæ, æрвæрттывды уидæгтæ, –
Уе ‘гъуыстаг фыдамондыл хъæцут!
Гъæйтт, мæ зæрдæ, удуæлдай фæндæгтæй
Фæсвæндагмæ макуы бон фæцуд!

(«Фæндæгтæ»)

Фыссæгмæ алы поэтикон амæлттæ – эпитеттæ, метафорæтæ, абарстытæ æмæ æндæр аивадон фæзилæнтæ дарддæр кæнынц сæ кæрæдзи; иу аивадон фæлгонц бæрзонддæр кæны иннæйы, афтæмæй уацмысæн сты пафосдæттæг, миддинамиз æвдисæг. Хъодзаты Æхсар сæ афтæ уымæн зæгъы: «Гиуæргийы «æрвæрттывды уидæгтæ» зынынц фидæнæй, цæуынц зæрдæйæ зæрдæмæ, фæлтæрæй фæлтæрмæ…»[1] Æмдзæвгæйы аллитераци æмæ рифмæты зæлланг

[1] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 179 ф.

ноджы исынц, хæрдмæ кæсын кæмæ æмбæлы, ахæм бæрзæндмæ. Булкъайы-фырт дзы уымæн дзырдта: «Ирыстоны цъус ис, рифмæйыл Бестауты Гиуæргийы бæрц, хæстæ чи сæвæры, ахæм поэттæ æмæ йе ‘мдзæвгæ æнæ уыцы сæйраг цæджындз цæмæй фæцух уыдзæн, уый зын бамбарæн нæу. Йæ мæлæты фæстæ йын мыхуыры цы «Арты æртæхтæ» рацыд («Фæндæгтæ» дæр уырдыгæй у – Хъ. М.), уый сбæлвырд кодта, рифмæ Бестауты Гиуæргийы æмдзæвгæйы базыр æмæ къуымы хæстимæ иумæ хъуыдыйы центры хæс дæр кæй æххæст кæны. Рифмæ йын локатор дæр у, антеннæ дæр, хъахъхъæнæн згъæр дæр æмæ йын æмдзæвгæйæ фæхицæн кæнынæн ницы амал ис».[1] Уыцы хъуыддагæн нæхæдæг æвдисæн стæм ацы æмдзæвгæйы.

Нæ Фыдыбæстæ, нæ адæм, рæстæгæй Бестау йæхиуыл стыр хæс æнкъардта. Æмæ дзы никуы æмбæхст. Нæ дзы тарст. Йæ хъаруйæ разы уыдис. Уыдис æй стыр ныфс йе стыр æмæ алыварсон курдиатæй. Алы хатт дæр цæттæ уыд йæ хæс фидынмæ. Фæлæ йын хъысмæты æгъатыр цæфæй, хъыгагæн, нæ бантыст йæ нывæст фæндтæ кæронмæ сæххæст кæнын. Йæ адзалы размæ ацы æнкъард, фæлæ сæрыстыр ныхасы авторæн катайгæнгæ уымæн дзырдта: «Цæрæнбонты мæхы цæттæ кодтон, аивадон уацмыстæ сфæлдисын кæд базондзынæн, уымæ. Ныр афтæ куы загътон, зæгъгæ, мæ бон цыдæр саразын бауыдзæнис, уæд дын уый мæ митæ». Æвæццæгæн нæ никуы ничи базондзæнис, Хуыцау стыр курдиат кæмæн радты, уыдонæн æй æххæстæй цæмæннæ бауадзы райхæлын. Бирæтæн æй йæ тæккæ райдианы цæмæн фескъуыны.

Йæ аив, романтикон уацмысты цы æнæрцæф, сæрыстыр, æнæнцойзæрдæ, уадтымыгъæмсæр æмæ æрвнæрдау хъомысджын лирикон хъайтары æвдисы, уый алы æмдзæвгæйы дæр у иу адæймаг, – Бестауæн йæхийау рæстдзинадуарз, рæстаг æмæ рухсмæтырнæг, – кæд уыцы «хурæййас зæрдæйыл» раздæр Боциты Бароны поэзийы æмбæлæм: «Тæхуды, арвыйас уæрæх риу, Йæ мидæг – хурыйас зæрдæ» («Республикæ»),[2] –

[1] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Тæлмац кæныны хъуыддаг – хæлардзинады хид / Фидиуæг, 1986. № 11. – 77 ф.
[2] Б о ц и т ы Б а р о н. Республикæ. – Дзæуджыхъæу, 1958. – 18 ф.

уæддæр, Гиуæргимæ æцæг у хурæййас зæрдæйы хицау æппæтхъом уарзæгой адæймаг.

Бестау афтæ кæй уыдис, гениалон Къостайау, уый дæр адæмы раз йæхи хæсджыныл кæй нымадта: «Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин, Куы бафидин искуы мæ хæс» («Ныстуан»),[1] – уый тыххæй нæ ардта удæнцой. Йæ поэзийæ алы хатт дæр чиныгкæсджыты зæрдæтæм кæсын кодта рухсы тын. Цыфæнды зынтæ ма ‘взæрстаид, алы хатт дæр архайда йæ аивадæй адæймаджы зæрдæйы марг сæппарыныл, сырд дзы амарыныл, адæймагуарзондзинад дзы райхъал кæныныл, цæрæг уды раст æмæ бæллиццаг фæндагыл бафтауыныл. Æмæ, куыд уынæм, афтæмæй уыцы стыр, фæрнджын хъуыддаг алы хатт дæр æфтыдис йæ къухы.

Йæ курдиаты райхæлд, йе сфæлдыстадон фæндаджы зæрдæрухсгæнæн æнтыстытæ, царды йæ бынат Гиуæргийæн алы хатт дæр бар лæвæрдтой, цæмæй æнæкъæмдзæстыгæй, сæрыстыр æмæ фæндвидарæй йæ иузæрдыг чиныгкæсджытæн дзырдтаид адæмы раз:

Æз æмдзæвгæтæ нæ фыссын,
Дзырдты топпы хос нæмын.
Зарæг, ферттивæд дæ хуызы,
Сау лæгсырдмарæн нæмыг!

(«Зарæг»)

Поэтæн йæ аив дзырд, йæ зарæг æцæг уыдис «сау лæгсырдмарæн нæмыг». Афтæ аудгæ, уарзгæ ахаст æм уымæн дардта. Æнарæхст февнæлдæй, зæхмæ æрхауынæй йын уый тыххæй тарстис.

Уый ирон поэзийы фыццаг ахæм фæзынд нæу. Адæймаг, уæлдайдæр, дзырды дæсны хъуамæ йæ ныхасæн æрæвæрæн зона. Ахæм хъуыды Гиуæргийы размæ уыдис, – стæй æрмæст уымæ нæ, – Плиты Грисмæ дæр: «Нæу мын тас уæззау зынты фæлладæй, Амайын дзырдыл, мæсыгау, дзырд –

[1] Х е т æ г к а т ы К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 19 ф.

Кæд æмæ рæсугъд хъуыдыты фатæй Амарин лæджы зæрдæйы сырд» («Рай мын, Ир!»).[1] Дзырдмæ ахæм цæстæй кæй кастысты сæ дыууæ дæр, сæ бон дзы уымæн уыдис уд бавæрын, йемæ удæгас, æмбаргæ, æмзонд адæймагау ныхас кæнын.

Н. Добролюбов дзырдта: «Первая из причин, удерживающих людей от противодействия самадурству, есть – странно сказать – *чувство законности*, а вторая – *необходимость в материальном обеспечении*».[2] Бестауы-фыртмæ та, стæй Грисмæ дæр, хæрзуаг уæвын, зæххыл иууыл стырдæр, хæрзиуæгондæр хъуыддаг аразын – «лæджы зæрдæйы сырд» марыны тыххæй цыдис сæ удтæй.

Афтæ кæй уыдис, поэт зæххыл адæймагуарзты охыл йæхимæ цахæмфæнды зынтæ райсынмæ дæр æппынæдзух цæттæ кæй уыдис, уымæн ирд æвдисæн Гиуæргийæн æндæр æмдзæвгæ «Мæ зарджытæ»:

Талынг æхсæвтæй уæ раскъуыдтон,
Судзгæ цырагъау, мæ зарджытæ,
Гъе, фæлæ, ме ‘нцойæ цас хъуыдтон,
Уымæн уыдзæнис æмбарджытæ.

Талынг æхсæвты уæзбын хъуыды
Зонын, уæ тыхæн цы хос фæци:
Бомбæтау уе знæт дæлрæнхъыты
Бамбæхст ныггуыппæвонг рухсмæсидт.

Чи уæ цыфæнды дæр ма схона,
Чи уæ нæ фауа цынæ ‘фсæнттæй, –
Хуры мæнг рухс уæ, хъыхъхъаг сойау,
Никуы кæндзæнис æнхъæвзæнтæ!

[1] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 146 ф.
[2] Д о б р о л ю б о в Н. А. Лит. критика в 2 т. Т. 2. – Л., 1984. – 109 ф.

Аивады кусæг йæ комкоммæ хæс куы феххæст кæны, уæд алы хатт дæр рухсмæсидæг у. Хъыгагæн æй мах зонд æрæджыйау æрцахсы: «А мы попрежнему ни во что не ставим носителей правды, тех, кого называют совестью нации».[1] Уый тыххæй, нæ бон цас вæййы, уый бæрц йæ фарсмæ æхсарджынæй, æппæтхъомæй рæстæгыл никуы балæууæм. Нæ рухсмæсидджытæн рæстæгыл никуы базонæм æмбæлон кад скæнын. Фæлæ Бестау, куыд федтам, афтæмæй кæд контрастон «талынг» æмæ «рухсæй» бынтон арæх пайда кодта, уæддæр ацы æмдзæвгæйы йæ зарджытæй æрмæст уый тыххæй нæ зæгъы, ома, «Талынг æхсæвæй уæ раскъуыдтон, Судзгæ цырагъау, мæ зарджытæ». Æцæг, диссаджы рæсугъдæй сæмбæлдысты сæ кæрæдзийыл æмæ æрмæст уацмыс нæ ныррæсугъд кодтой, фæлæ чиныгкæсджыты зæрдæтæ дæр. Уымæн æмæ нæ зæрдыл æрбалæууы поэты æгъуыссæг, «талынг æхсæвты уæзбын хъуыды». Адæймаджы не знæт царды тагъд кæнын куы никуыдæм уал фæхъæуы æмæ йæ дуджы философон сæнттæ сæ базыртыл дæртты æмæ æввæхсты куы фæхæссынц, уæд, цыма, цард хуыздæр фенкъары.

Фæлæ поэт æрмæст уый тыххæй нæ зæгъы: «талынг æхсæвæй уæ раскъуыдтон». Поэтикон контрастæй, аивады бæрæг фæдимæ дзы бæлвырдæй зыны царды æгъатыр рæстдзинад дæр. Нæ фысджытæн, хъыгагæн, æцæг сфæлдыстадон куысты рæстæг никуы уыдис æмæ нæй. Никуы сын уыд фадат сæ аивадон фæллæйттæ фæлдисынæн. Кусыны хуыздæр рæстæджы – сæ райсомы фараст сахатæй изæры æхсæз сахатмæ сæ бинонтæн къæбæр амал кæныны тыххæй паддзахады службæйы вæййынц; сæ сæйраг фæллæйттæ – нæ адæмæн сæ аивадон бынтæ та сæ улæфты рæстæг – талынг æхсæвтæй раскъуынынц. Грис ын йе ‘хсæвтæй дыгай сахаттæ уымæн тонын кодта. Æмæ æрмæст Гиуæрги нæ уыдис уыцы уавæры. Нæ фысджытæ иууылдæр Дамоклы карды бын цардысты æмæ цæрынц ахæм цардæй

[1] Джусойты Нафи, Казиты Мелитон, Булкаты Игорь. Убит поэт Шамил Джикаев / Литературная Газета, 2011. – № 22.

Абайты Васо хъуыддагзонгæйæ загъта: «Писательство – это занятие. Но иногда писательство становится подвигом».[1] Ægæрыстæмæй, ахæм удмарæн, адæймаджы дæлдзиныггæнæн уавæрты дæр сæхи дæлæмæ не ‘руадзынц æмæ Ирыстон, адæмы тыххæй свæййынц хъайтартæ.

Бестау дæр, хъыгагæн, нæ фысджыты уыцы хъысмætæй хызт нæ уыдис. Ныфсфидарæй уымæн загъта: «ме ‘нцойæ цас хъуыдтой, уымæн уыдзæнис æмбарджытæ». Фæлæ, поэт, искуы йæ исчи бамбардзæнис æмæ сраст кæндзæн, уый тыххæй йæхи нæ сайы царды тæнджыты. Хъуамæ алы хатт дæр йæ дзырд уа рæстаг, нысанмæздæхт, хъуамæ дзы хуры мæнг рухс, хъыхъхъаг сойау, макуы кæна æнхъæвзæнтæ.

Уый нæ, йæ зарджыты поэты бархъомысæй бомбæтау се «знæт дæлрæнхъыты бамбæхст ныггуыппæввонг рухсмæсидт». Æмæ сæйраг уый у. Уый сын дæтты тохы монц, удуæлдай хъару. Уый фæрцы кæнынц йæ зарджытæ адæмæн рухсхæссæг. Мамиаты Изетæ рæстагæй зæгъы: «Бестаумæ поэзи у царды æндзыг-æнцойад халæг («хæлæн æрмæг» барстæуы иууыл карздæр хотых – бомбæимæ); у ноджы зæрдæвидар сидт – рæстæй цæрынмæ, зонд æмæ уды хæрам сафынмæ».[2]

Уыдонмæ æнæмæнг бафтауын хъæуы, Гиуæрги-иу йæ аив дзырд æцæгæй кæй снывæфтыд кодта рæстдзинадæн. Адæмон сфæлдыстадæй райдай æмæ абоны дзырды дæснытыл фæу, цыдæриддæр уазæй, архитектониконæй æрымысыдысты, нæ поэтæн дзы æцæгælонæй ницы уыдис, зæлыййонг сæм æвнæлдта арæхстгай, йæ уацмысты сæ «талынг æхсæвты уæзбын хъуыдыимæ» хаста рæгъмæ, налхъуыт-налмасау-иу сæ цæхæртæ скалын кодта, афтæмæй. Алыхуызон эпитеттæ, метафорæтæ, абарстытæ, символикон бынæттæ, уддзыд кæнын æмæ æндæр поэтикон амæлттæй æнæхай нæ фæцис ацы аив уацмыс дæр. Уыдон æмдзæвгæйæн æрмæст йæ фидыц не сты, фæлæ йæ адæймаджы хъуыды æмæ зæрдæмæ хæссынц нывæфтыдæй.

---

[1] А б а е в В. И. Избранные труды. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 568 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и, М а м и а т ы И з е т æ, Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон литературæ. 11 кълас. – Цхинвал, 2012. – 159 ф.

Æниу, йæ кæцы уацмыс нæу ахæм цымыдисон арæзт:

Дыууæаздзыд сабийы снывчынди дурыл,
Дыууæаздзыд сабийы ферохи дзурын.
Гранит дуры бацыд æнусон зæппадзау,
Йæ мидбылхутт ризгæ йæ былтыл ныууазал…

Æцæгæлон саби, кæй хуыст хур дæ, чи дæ?
Дæ цæстытæй уайдзæф дзыназы.
Æцæгæлон саби, мæ урс сæрыхилтæ
Зылынджынау ризынц дæ разы.

(«Дурсаби»)

Цымыдисон ма цы у – Бестауты Гиуæргийы романтикон æмдзæвгæтæ цыма иу уацмысы хицæн сæртæ сты. Кæсыс сæ æмæ дæ бæттынц сæхиуыл, сæ лирикон хъайтары сын куыд хуыздæр зоныс, афтæ дæ фæнды, йæ удыхъæд ын алыфарсондæрæй куы рафæлгъауис, кæронмæ йын куы ныккæсис йæ денджызæййас зæрдæмæ. Чиныгкæсæджы уыцы фæрныг хъуыды фескъæфы иу æмдзæвгæйæ иннæмæ. Ирон поэзийы Æвзист рæстæг æнæнхъæлæджы нæ систой арвæййонг.

Цард афтæ ныв кæнын алкæй бон нæ уыд æмæ нæу.

Бестауы бон уыд.

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

А б а е в В. И. Избранные труды. – Дзæуджыхъæу, 1990;
А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
А в т о р т ы к о л л е к т и в. Благословляю имя из имен. – М., 1990;
Æ л б о р т ы Х а д з ы-М у р а т. Хуыцауы цæст ын бауарзта курдиат / Мах дуг, 2002. – № 9;
Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Чиныг – царды айдæн. – Дзæуджыхъæу, 2009;
Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999;
Б а й р о н Д ж о р д ж Г о р д о н. Она идет во всей красе… / М а р ш а к С. Я. Соб. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1990;
Б е л о у с о в Р о м а н С е р г е е в и ч. Блогословляю имя из имен. – М., 1990;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уадтымыгъ. – Сталинир, 1958;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Царды цин. – Цхинвал, 1962;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Æхсæв æмæ бон. – Цхинвал, 1966;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Арты æртæхтæ. – Цхинвал, 1979;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Æрвнæрд.– Цхинвал, 2003;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т: 1-аг т., æмдзæвгæтæ. – Дзæуджыхъæу, 2003;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т: 2-аг т., тæлмацтæ. – Дзæуджыхъæу, 2003;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т:: 3-аг т., публицистикæ. – Дзæуджыхъæу, 2004;
Б о ц и т ы Б а р о н. Республикæ. – Дзæуджыхъæу, 1958;
Б р у к с В а н В и к. Писатель и американская жизнь. Т. 2. – М., 1971;
Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981;
Б р ю с о в В. Я. Соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1987;
Б у л к ъ а т ы М и х а л. Стыр курдиаты сусæгдзинад // Хурзæрин, 2002. – 30 ноябрь;
Б у л к ъ а т ы М и х а л. Тæлмац кæны хъуыддаг – хæлардзинады хид // Фидиуæг, 1986. – № 11;
Г а л а з о в А. Х. Слово о Василии Ивановиче (Васо) Абаеве // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Жизнь, отданная науке. – Дзæуджыхъæу, 1996;
Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979;
Г а ф е з. Ælвæст кард / Фидиуæг, 1959. – №3;
Г а ф е з. Гуырдзиаг адæмы гениалон зæрингуырд / Фидиуæг, 1966. – № 9;
Г е л ь в е ц и й К л о д А д р и а н. Сочинения в 2 т. Т. 1. – М., 1973;
Г о р ь к и й М. Соб. соч. в 16 т. Т. 1. – М, 1979;
Д о б р о л ю б о в Н. Литературная критика в 2 т. Т. 2. – Л., 1984;
Д ж у с о й т ы Н а ф и, К а з и т ы М е л и т о н, Б у л к а т ы И г о р ь. Убит поэт Шамил Джикаев // Литературная Газета, 2011. – № 22;
Д ж у с о й т ы Н а ф и, М а м и а т ы И з е т æ, Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон литературæ. 11 кълас. – Цхинвал, 2012;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ. 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 2014;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Бестауты Гиуæрги / Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Два слова о большом поэте // Южная Осетия, 2012. – 5 июнь;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Изæры рухс. – Цхинвал, 1987;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Мастер стихотворного перевода // Южная Осетия, 2002. – 15 июнь;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Нигер. – Дзæуджыхъæу, 1990;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Судзгæ цырагъау сты йæ зарджытæ // Рæстдзинад, 2012. – 5 май;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;

Дзаболаты Хазби. Къахуынæр. – Дзæуджыхъæу, 1967;
Дзаболаты Хазби. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011;
Дзесты Куыдзæг. Хорхæссæг. – Сталинир, 1959;
Дзугаты Георги. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Цхинвал, 1971;
Дзуццаты Хадзымурат. Бестауты Гиуæрги / Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967;
Дзуццаты Хадзы-Мурат. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;
Дзуццаты Хадзы-Мурат. Биографи. – Цхинвал, 1990;
Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
Дзуццаты Хадзы-Мурат. Фæндаджы райдайæн / Бестауты Гиуæргиуадтымыгъ. – Сталинир, 1958;
Добролюбов Н. А. Литературная критика в 2 т. Т. 1. – Л., 1984;
Евангелийы (Матф., 5,13);
Зайцев В. А. Современная советская поэзия. – М. 1969;
Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. – Цхинвал, 1977;
Кватковский А. Поэтический словарь. – М., 1966;
Киркегор Сёрен. Наслаждение и долг. – Киев, 1994;
Колектив авторов. История зарубежной литературы XIX века. – М., 1991;
Котов А. К. Выдающийся русский писатель-демократ // Правда, 1953. – 27 июль;
Коцойты Арсен. Къостайы цырты тыххæй // Рæстдзинад, 1926. – № 72;
Кузина Л. Н., Пигарев К. В. О жизни и творчестве Ф. И. Тютчева / Тютчев Ф. И. Соч в 2 т. – М., 1984;
Ленин В. И. Полн. соб. соч. Т. 40. – М., 1963;
Лермонтов М. Соб.соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979;
Мамиаты Изетæ, Бежаты Фаризæ. Ирон литературæ. 11 кълас. – Дзæуджыхъæу, 2005;
Маяковский Владимир. Собр. соч. в 12 т. Т. 1. – М., 1978;
Некрасов Н. А. Пол. соб. соч. и пис. в 15 т. Т. 2. – Л., 1981;
Нигер. Уац. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966;
Плиты Грис. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973;
Плиты Грис. Сослан Цæразон. – Дзæуджыхъæу, 1992;
Плиты Грис. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013;
Пушкин А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975;
Расторгуева В. С. О Василии Ивановиче Абаеве // Коллектив авторов. Жизнь отданная науке. – Владикавказ, 1996;
Руставели Шота. Стайыцармдарæг. – Цхинвал, 1975;
Рыльский М. Великий польский поэт Адам Мицкевич // Мицкевич Адам. Избранное. – М., 1948;
Тимофеев Л. Основы теории литературы. – М., 1976;
Токаты Алихан. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004;
Тыбылты Алыксандр. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
Фейербах Л. Избр. философ. произ. в 2 т. Т. 2. – М., 1955;
Фидиуæг, 1954. – № 8;
Хаджеты Таймураз. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
Хетæгкаты Къоста. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;
Хостыхъоты Зинæ. Цин æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012;
Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011;
Хъуылаты Созырыхъо. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1957;
Цæрукъаты Алыксандр. Фыдæй-фыртмæ. – Дзæуджыхъæу, 1978;
Цветаева Марина. Мой Пушкин. – Баку, 1988;
Цыбырты Людвиг. Ферттывта стъалыйау // Рæстдзинад, 2008. – 18 июнь;
Чернышевский Н. Сочин. в 2 т. Т. 1. – М., 1986.

ФÆНДЗÆМ СÆР

П О Э Т Ы З Æ Р Д Æ

Ирыстонæй – дунемæ, дунейæ – Ирыстонмæ. Мадæлон æвзагæн табугæнгæйæ. Царды хæстæ символты хуызы уынын. Фыдыбæстæ ссæрибар кæныны сæрыл поэты стыр хæс йæ адæмы раз

Философи сбæлвырд кодта, ома, дунейы æнæнхъæлæджы ницы æрцæуы. Къостайы загъдау: «Æнæ аххосæй Фыййауы фосæй Нæ хæссы бирæгъ»[1] («Хъуыбады»). Уыцы хъуыдыйыл лæууы диалектикон материализм дæр: «Марксизм-ленинизм доказал, что случайность и необходимость находятся в диалектическом единстве и составляют два полюса в общей цепи связей, существующих в природе и обществе».[2] Кæнæ та æнгæс хъуыды чысыл æндæр дзырдтæй зæгъгæйæ: «космологическое доказательство бытия Бога, предложенное Фомой Аквинским (1225 – 1274) и заключающееся в том, что если что-то существует случайно, то есть, по крайней мере, одна сущностью края существует не случайно, а необходимо».[3] Фæлæ цард, адæймаг æнхъæл кæмæн нæ вæййы, ахæм цаутæ, ахæм фæзындтæм диссаг у. Æнхъæл кæм нæ уай, уым зæхх æнæнхъæлæджы алæбыры адæймаджы къæхты бын; уæлæрвты арвы дуар æваст аззайы гомæй; æмбисзымæг ныккæны уалдзæг, кæнæ – иннæрдæм; бонсихорафон нал фæзыны хур; адæймагæй ферох вæййы, адæймаг кæй у, уый…

Æрдзы, дунейы скондыл ахуыр кæны адæймаг царды алыхуызон сюрпризтæ аразыныл, арвæй «стъалытæ скъæфыныл», йæ алыварс чи ис, уыдон бирæ цыдæр хъуыддæгтæй дисы æфтауыныл. Æгæрыстæмæй, æнæнхъæлæджы йæ зонгуытыл куыд æрхауы, уымæй дæр.

---

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 58 ф.
[2] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Диалектический материализм. – М., 1960. – 275 ф.
[3] М а к-К и м Д о н а л ь д К. Вестминстерская словарь теологических терминов. – М., 2004. – 371 ф.

Афтæ куы зæгъæм, Дзуццаты Хадзы-Мураты фæзынд дæр ирон аив литературæйы, кæд бынтон æнæнхъæлæджы нæ уыдис, уæддæр сюрпризы хуызæн уыд, уæд бирæ нæ фæрæдидзынæн. Ænахъом лæппу-иу рараст Знауыры районы Хъорнисы хъæуæй Чъребамæ – ныгъуылдтытæ гæнгæ-иу æрхаста йе ‘мдзæвгæтæ фæлтæрд фысджыты тæрхонмæ: «Кæддæр, скъоладзауæй, ме ‘мдзæвгæтæ бахастон фысджытæм, консультацимæ».[1] Зæххæй къуыпп нæма дардта, фæлæ йын Боциты Бароны загъдау, уыдис «арвыйас уæгъд риуы», «хурыйас зæрдæ».[2]

Цæрæнбонты йæ уыцы зæрдæ хаста размæ. Уымæй уыд йæ цин дæр æмæ йæ маст дæр. Уымæй гуырдысты царды йæ бирæ бæллиццаг хъуыддæгтæ æмæ æнæбауромгæ хъуырдухæнтæ. Уымæй ссардта, кæд бынтон æвзонг нал уыдис, уæддæр йе ‘нафоны адзал.

***

Дзуццаты Аранбеджы фырт Хадзы-Мурат райгуырдис 1935-æм азы тъæнджы мæйы 1-аг бон Знауыры районы революцион Хъорнисы хъæууон ахуыргæнæджы хæдзары. Цард, уæды хъæууон рæзинæгтæ се ‘ппæт дæр куыд цардысты, афтæ – мæгуыр, фæкæсинагæй.

Гафез дзырдта: «Хадзы-Мурат у лирик. Йæ хъайтар у цардуарзæг, размæтырнæг, аразæг. Нæй йын æнцойæ бадæн. Царды фæзындтæм гæсгæ куы хъæлдзæг вæййы, куы тар, куы тызмæг, куы та уарзæгой æмæ хæларзæрдæ. Æмæ æндæр уæвæн дæр нæй советон æвзонг адæймæгтæн. Хадзы-Мурат йæхæдæг дæр у уыдонæй».[3] Йæ мадмæ поэтикон фыстæджы уымæн дзырдта:

Æз цыдтæн фыййау – мæ куыст æмбæрстон…
Хастон суг сæрд дæр æмæ зымæг дæр…
Циндзинад, – свæллоны æмбæлццон, –

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Арвистон. – Цхинвал, 1988. – 6 ф.
[2] Б о ц и т ы Б а р о н. Æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ. – Дзæуджыхъæу, 1958. – 17 ф.
[3] Г а ф е з. Ныфсджын ныхас // Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Фыццаг ныхас. – Сталинир, 1956. – 5 – 6 ф.

Не ‘рбацыд дæ хъæбулмæ хæстæг дæр.

Ды æнхъæлыс, æз æдзух, æрвыл бон
Ам дæуæн дæ дæлбазыр куы бадин,
Уæд мæнæн уый уаид тынг æхсызгон,
Уæд мæхи бынтон амонджын хатин.

Нæ, мæ бон, зæрдæрай амонд, цинад
Алкæддæр уынын æрмæст мæ куысты.
Сабийæ кæй бавзæрстон зындзинад,
Уымæй дæн æз буц æмæ сæрыстыр.

(«Мадмæ»)

Хæрз сабийæ фæбæрæг, зæрдæргъæвд кæй у, ахуырмæ – æмхиц. Йæ чингуытæ йæ къухæй не ‘ппæрста. Цалынмæ йæ уроктæ æнæкъæрццæй нæ базыдтаид, уæдмæ йæ сæр базыл не ‘рæвæрдтаид. Нæ тарст нæ дæр фыдæбонæй, нæ дæр – зындзинадæй. Æмæ йыл уый зынд. Фæстæдæр уымæн дзырдта: «Сывæллон иу хатт фæкалд, дыккаг хатт, æртыккаг хатт – æмæ цадæггай бастыр, байрæзт».[1] Æмæ йæ Хадзы-Мурат аразын райдыдта хæрз сабийæ. 1952-æм азы Хъорнисы астæуккаг скъола каст фæцис сыгъзæрин майданыл.

Уыцы аз йæ ахуыр адарддæр кодта, скъолайы партæйыл бадгæйæ æппынæдзух кæмæ бæллыд, уыцы уæлдæр ахуыргæнæндоны – нæ уæды æгæрон Фыдыбæстæйы зæрдæ Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институты. Кæронмæ уым банкъардта фыссæг æмæ нывæфтыд литературæйы хæс: «Ис, цæрынц не ‘хсæн, йе сфæлдыстадыл цыфæнды критикæй дæр карздæр чи тæрхон кæны, ахæм нывгæнджытæ. Уыдон куынæ уаиккой, уæд нæм литературæ нæ уаид».[2]

[1] Д у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Арвистон. – Цхинвал, 1988. – 22 ф.
[2] Уый дæр уым, 44 ф.

Йæхæдæг уыд ахæм фыссæг æмæ йын йæ хæстæ ‘ххæст кæнынæн тынг æххуыс кодта, æппынæдзух йæхиуыл кæй куыста, йæ зонындзинæдтæ кæй фылдæр кодта, уыцы хъуыддаг. Литинститут тынг хорз нысæнттимæ ахицæн кодта 1957-æм азы æмæ райста сырх диплом. Цыбыр рæстæджы акуыста Хуссар Ирыстоны чингуыты рауагъдады редакторæй. Уыд зонад-иртасæн институты зонадон кусæг, стæй – ахуыргонд нымæрдар. 1986 – 90-æм азты уыд Фыcджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады бæрнон нымæрдар. Фæстæдæр – газет «Хурзæрин»-ы редактор.

1995-æм азы «цæрын æмæ кусынмæ»[1] ацыд Цæгат Ирыстонмæ. Уæдæй йæ адзалы онг – 2000-æм азы хурхæтæны мæйы 1-аг бонмæ куыста Дзæуджыхъæуы журнал «Мах дуджы» поэзи æмæ драматургийы сæргълæууæгæй.

Уыцы ‘хсæв, кæрдæджы мæйы 31-æм бон, йе ‘мкъаимæ Дзæуджыхъæуæй æрцыд, сылгоймаджы мадæн йæ дыууиссæдзæм бон нывыл, ома, адæмы зæрдæмæдзæугæйæ ахицæн кæнынмæ: «ме ‘фсины мадæн дыууиссæдзæм бон уыдзæн æмæ мæ уым сæмбæлын хъæуы».[2]

Цæмæй зыдта, мæгуыр, Хуыцау хъуыддæгтæ йæхирдыгонау кæй ныллыг кæндзæнис. Æхсар зæгъы: «Уый фæстæ бон мæм ме ‘мкусæг æрбахаста чысыл гæххæтты гæбаз. Хадзыйы къухæй йыл фыст: «Æхсар, æз цæуын фалæмæ. Дзæбæх мын у. Хадзы-Мурат. 31.V».[3] Афтæмæй йæхæдæг, бирæ йæ чи уарзтой æмæ бирæ кæй уарзта, йæ цард, йæ бон кæимæ барста, уыцы ирон адæмы ‘хсæнæй, ахæм æнахъинон хабар йæ фæсонæрхæджы дæр куы никæмæн уыдис, уæд, хъыгагæн, ахицæн бынтон æнæнхъæлæджы. Чи йæ зыдтой, уыдон цавддуртау фесты.

Фæлæ уый хыгъд йæ бон нæ бацис ирон æмбисонд: «Хорз лæг йæ мард йæ хæдзармæ хæссы»-йы сæрты ахизын. Уый дæр хъуыдыгæнæг адæймагæн хъуамæ бирæ цæуылдæрты дзурæг уа Хадзы-Мураты тыххæй дæр, йе сфæлдыстады тыххæй дæр, царды тыххæй дæр.

---

[1] Дуццаты Хадзы-Мураты куырдиатæй, цæмæй слæууыдаид РЦИ-А Фыcджыты цæдисы (Авторы архивæй).
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Æз цæуын фалæмæ // Мах дуг, 2000. № 6. – 162 ф.
[3] Уый дæр уым.

Бзарты Руслан зæгъы: «Хадзыйы тынг фæндыди кæйдæр æнæбындур ныхæстыл æмæ уынаффæтыл æууæндын, ома, тагъд алцы дæр йæ гаччы сбаддзæни, Хуссар Ирыстон ссæрибар уыдзæн, æмæ нын иу бæстæ цæмæй уа, ууыл ныфсхастдæрæй сдзурдзыстæм, зæгъгæ, чи дзырдта, уыдоныл. «Ды уыдæттыл æууæндыс?» – бафарста-иу мæ Хадзы, кæд рагацау дзуапп зыдта, уæддæр, стæй-иу нынкъард, æмæ-иу дзы бирæ рæстæг ныхас нал схауди».[1]

Адæймаг цæргæ-цæрæнбонты цæмæ бæллыд, цæуыл тох кодта, уыцы бæллицтæ йын куы мæлой, куынæ уал сыл æууæнда, уæд уыцы æууæнкимæ уæлхъæдæй мæлы уд дæр. Уый тыххæй диссаг нæу «æмæ-иу дзы бирæ рæстæг ныхас» кæй нал схауди.

«Уыдæттыл» – ома, «Хуссар Ирыстон ссæрибар уыдзæн», – кæй нал æууæндыд, Ирыстоны цæгат хаймæ йæ алыгъд сæйраджы дæр уый аххос уыдис. Афтæтæ чи дзырдтой æмæ дзурынц: расырдтой йæ Хуссарæй, пенсийы йæ арвыстой æмæ йын куыст нал læвæрдтой; зынвадæтты царди Дзæуджыхъæуы; нæ йын уыд нывыл цæрæнуат; цыма чъизи æмæ уазал къуымты рахау-бахау кодта стонггуыбын æмæ бæгънæгæй, уыдæттæ æрмæстдæр позæ уыдысты. Хадзы-Мурат никуы дæр зындзинæдтæй тарст, ничидæр йæ асурынмæ бахастаид йæ ныфс. Никæмæн дæр асурын бакуымдтаид.

Æртæ куысты йæм æнхъæлмæ кастысты уыцы иурæстæджы – Хуссар Ирыстоны зонад-иртасæн институты литературæйы хайады сæргълæууæджы, Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты ирон æвзаг, ирон литературæ æмæ журналистикæйы (уæд ма иумæ уыдысты) кафедрæйы сæргълæууæджы æмæ Хуссар Ирыстоны Фыскджыты цæдисы литературон консультанты бынæттæ. Бар ын уыдис уыцы иурæстæджы æртæ бынаты дæр куыстаид. Фæлæ Хостыхъоты Зинæйы амæлæты фæстæ «Мах дуджы» редакцийы бынат куы фæзынд, уæд ацыд уырдæм.

Нæ Хуссары сæрибаргæнæг тохыл чи нæ уал æууæндыд æмæ гуырдзыимæ цæрыныл разы чи нæ уыдысты, уыдон развæлгъау Цæгат

[1] Б з а р т ы Р у с л а н. Æцæг ирон лæг // Мах дуг, 2000. – 170 ф.

Ирыстон æмæ æндæр рæтты равзæрстой цæрæнбынæттæ. Кæмæн куыд йæ бон уыдис, афтæ æфсæнттæ агуырдта, цæмæй йæ номыл къæм ма абадтаид.

Æниу, Хадзы-Мураты хорз чи зыдта, уыдон мемæ сразы уыдзысты: йæ удыхъæдæн нæ уыдис æмæ нæй йе сфæлдыстадæй фæхицæнгæнæн. Сæ иу цы уыдис æмæ у, иннæ дæр уыдис æмæ у уый. Уыцы хъуыддаг йæхæдæг хорз зыдта, йæ поэтикон уацмысты æмбырдгонд «Биографи»-йы разныхас «Авторæй»-ы уымæн загъта: «Поэтæн, дам, йе ‘мдзæвгæтæ – йæ биографи. Æз зæгъын: йæ уды биографи. Йæ царды лыстæг æмæ егъау хабæрттæ, цаутæ æмæ æндæртæм, стæй канд йæ царды нæ, – адæмы æхсæнадон æмæ национ хъысмæтмæ, ивгъуыд, абон æмæ фидæнмæ йæ ахасты биографи».[1]

***

Хадзы-Муратæн уыцы «иумæйаг» биографи – йæхи æмæ йе сфæлдыстады биографи райдыдта йæ сабибонтæй. Йе ‘мдзæвгæтæ мыхуыры фæзындысы, хæрз чысыл ма куыд уыд, уæд – 13-аздзыдæй. Йæ чиныг «Фыццаг ныхас» рухс федта, афторыл 21 азы цыдис, литинститутыы студент уыдис, афтæмæй. Поэт йæ биографи, йæ адæм, йæ Ирыстоны биографи фыста сабибонтæй фæстæмæ. Фыста йæ йæхимæ гæсгæ, йæхирдыгонау. Йæхи загъдау: «Новаторондзинад сæйраджыдæр у мидис. Дæ бон у фыссай классикон стихæй, фыссай «асинтæй», фыссай верлибрæй, ома, сæрибар стихæй, фæлæ дæ бон нæу æмæ дын ма уа дæхи «æз», дæхи индивидуалон поэтикон хъуыдыкæнынад æмæ уынынад». [2] Ома, дæхи «æз» дзы бæлвырдæй куыд зындаид, афтæ.

Дзуццайы-фыртæн уыдис уый бар. Уымæн æмæ мады гуыбынæй рахаста йæхихуызон. Йæ фыццаг чиныджы разныхасы дзы Гафез хуымætæджы нæ загъта: «Фæсивæдæй дзырды бар кæмæ æрхауа, йæ ныхасмæ адæм кæмæн æрыхъусой, уый хъуамæ йе ‘мбæлттæй истæмæй хицæн кæна, исты æхсар, лæгдзинад равдиса, истæмæй зæрдæдаræн æмæ

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Биографи. – Цхинвал, 1990. – 3 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Арвистон. – Цхинвал, 1988. – 396 ф.

ахадæн уа æмæ, сæйраджыдæр, хъуамæ йæм исты радзуринаг уа, науæд уымæ ныхасы бар не ‘рхаудзæн, ничи йæм байхъусдзæн».[1]

Хадзы йе ‘мбæлттæй, йе ‘мкарæнтæй хицæн кодта, æхсар, лæгдзинад æм уыдис, лæууыд ыл зæрдæ; цæсты ахадыдта, æмæ йæм, сæйраджы-сæйраг, уыдис йæхи дзуринæгтæ. Дзургæ та сæ кодта йæхирдыгонау. Нæ куырыхон Гафез æвзонг поэты тыххæй чиныджы разныхасы дарддæр буцæй уымæн нысан кодта: «Æнусты дæргъы цы поэтикон формæтæ æмæ æууæлтæ æрцыдысты бæстон куыст, уыдонæй арæхстджынæй пайда кæнгæйæ, поэт фæлвары ирон поэзимæ ног формæтæ бахæссыныл, æмдзæвгæйы фæлгæттæ ауæрæхдæр кæныныл, цæмæй поэт йæхи сæрибардæр æнкъара æмæ йæ зæрдæйы фæндæттæ гæххæттыл бархийæ тезгъо кæной».[2]

Нæ поэтмæ æппæт уыцы бæллиццаг миниуджытæ кæй уыдысты, æппæты фыццаг та, Ирыстоны уарзт йæ зæрдæйы кæй цæвæнтæ кодта, æрæнцой, æрулæфт ын кæй нæ лæвæрдта, йæ сæры нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы тыххæй уымæн æвзæрдысты амæй-айхуыздæр поэтикон рæнхъытæ æмæ уацмыстæ.

Æлборты Хадзы-Умар дзырдта Дзуццайы фырты сфæлдыстадæй: «Хадзы-Мураты курдиат æмхиц у, царды сæйраг цы у, адæймаг йæ цæст цæуыл хъуамæ æрæвæра, уыдонмæ, ærвылбонон хъуыддæгтæм, кæсы фæлгъаугæ цæстæй. Цард кæддæриддæр цард у, æнцон никуы вæййы».[3] Стæй йын Хадзы никуы дæр агуырдта йæ тæнджытæ. «Хадзы-Мураты лирикон хъайтарæн цæрын æнцон никуы вæййы, сомбонмæ тырны, фæлæ йæ зоны, уым æм цæлы фынгтæ не ‘нхъæлмæ кæсынц, зоны йæ, цард кæй у тох æмæ цæрыны бар кæй ис æрмæстдæр тыхджын удыхъæды хицау адæймæгтæн».[4] Ирыстоны уарзт ын æвзонджы бонтæй фæстæмæ уыдис фæндагамонæг хъыбыллæйы хуызæн. Уыцы уарзт ын лæвæрдта цæрыны тых æмæ йыл йæ зæрдæ никуы сивта. Никуы йæ ауæй кодта. Суанг йе ‘взонджы бонты йæ фыццаг чиныджы кæсæм:

[1] Г а ф е з. Ныфсджын ныхас // Дзуццаты Хадзы-Мурат. Фыццаг ныхас. – Сталинир, 1956. – 3 ф.
[2] Уый дæр уым, 4 ф.
[3] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 244 ф.
[4] Уый дæр уым, 244 – 245 ф.

Æнæкæрон арвыл

Фæлæсынц дæлæмæ –

Мæ Иры бæстырдæм хæтæнхауæг мигътæ,

Фæсырх ысты хурæй гæзæмæ сæ тигътæ.

Хæлар хърихъуппытæ

Æртæкъуымон саджил

Йæ сæрдыгон балцæй фæстæмæ ыздæхы,

Мæ Иры бæстырдæм хъæргæнгæ фæтæхы.

Мæ рудзынджы фарсмæ

Æз иунæгæй бадын,

Мæ бæллицтæ, уайынц æнæсцухæй дардмæ –

Мæ Иры бæстæмæ, мæ уарзоны хъарммæ.

(«Мæ рудзынджы цурты…»)

Йæ бæллицтæ æнæсцухæй йæ Иры бæстæмæ, йæ уарзоны хъарммæ кæй уадысты, уый йын лæвæрдта иу уацмысæй иннæмæ, иу чиныгæй иннæмæ рæзыны фадат. Йæ ирд курдиаты фæрцы суанг йæхицæй хистæртимæ дæр уыдис æргомдзырд, æмбар, æмфынг. Джусойты Нафи уымæн зæгъы: «… кæд азтæй иу дзæвгар хистæр уыдтæн, уæддæр цыма иумæ бацыдыстæм литературон куыстмæ, афтæ æнкъардтам нæхи, æмæ нын æмгариуæг кæнын зын нæ уыди». [1] Уыцы фадат сын лæвæрдта, ирон нывæфтыд литаратурæйы æвзист дуджы æмзиууонтæ, Нафи – чысыл (дæс азы) хистæр, кæй уыдысты, уыцы хъуыддаг.

Уый хыгъд Хадзы-Муратæн фадат уыд ирон дзырддзæугæ лæгтимæ сæрыстыр æмæ барджын ныхас кодтаид Ирыстоны иууыл стырдæр,

[1] Хурзæрин, 2005. – 19 январь.

риссагдæр фарстытыл. Дзырдтаид сыл æргомæй, йæхирдыгонау. Фæлæ уыцы йæхирдыгон ныхас алы хатт дæр цыд нæ Фыдыбæстыл ænувыд, иузæрдыг адæмы сагъæстæй. Алы хатт, чи зоны, бынтон æргомæй нæ, фæлæ, уæддæр, Ирыстоны цæрайæ цæргæйæ. Джыккайты Шамил тынг раст дзырдта: «Истори цы адæмæн нæй, уымæн нæй фидæн».[1] Æмæ Хадзы-Мурат агуырдта уыцы историйы схъистæ. Ирыстоны номæй сæ хаста поэзимæ.

Поэт зыдта, Ирыстонæн йæ хæхтæ, йæ «кæмтты дыдæгътæ, æнцъылдтæ куы ныййиту, ныллæгъз кæнай, айвазай, уæддæр зæххы глобусыл зындзæнис, æнгуылдзы зæрдæйау»; уæддæр чысыл уыдзæнис. Фæлæ лирикон хъайтары уый нæ тыхсын кæны. Зоны, афтæмæй дæр æгас дуне йемæ æмдзæрин, æмсагъæс у. Иумæйаг дадзинтæ цæуынц «сæ мидæг», «зилы сæ иу туг». Космосæй куы ракæсай, уæд фендзынæ «Зæххы æнæуæрст политрæ – тæмæнкал æнæнтау», æмæ йыл цин кæны поэт, йæ Ирыстон уыцы тæмæнкал æнæуæрст политрæйы кæй ис:

Иу ахорæн дзы дæу у –
судзы хъæддыхæй.
Дзурон дæ сæрвæлтау –
дзурын дунейы сæрвæлтау,
Дунейыл дзурон –
дзурын дæу тыххæй.
Кæмдæр æрцыдис фыдбылыз –
дæ зæрдæ кæны æрдиаг.
Кæмдæр раивылд цин –
йæ размæ гом у дæ риу.
Ирыстон, цæр –
дæхи æмæ дунейы фæндиаг,
Зæхх-зæрдæйы

[1] Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 123 ф.

æмбаркус чырæгтæй

иу!

(«Ирыстон»)

Хадзы-Мурат йæ поэзийы æппынæдзух «Ирыстон, Ирыстон» нæ хъæр кодта. Стæй уый, чи зоны, хъæугæ дæр нæ кæны. Бестауты Гиуæрги, Ирыстоны кой æмдзæвгæты арæх кæныны тыххæй афтæ дзырдта: «Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, хорз у, фæлæ хатт модæйы патриотизмы хуыз райсы. Мæн уый зæгъын фæнды, æмæ райгуырæн бæстæйыл чысыл уæзбындæрæй дзургæ у. Уырны мæ царды иу стыр рæстдзинад – æцæг уарзт нымд у. Лæппу судзгæ уарзтæй цы чызджы уарза, уымæн, уарзын дæ, зæгъгæ, никуы фæдзуры, фæлæ йæм иу бон сфæразы йæ номæй бадзурын. Уыцы ном афтæ зæрдæбынæй, ахæм хъæлæсы уагæй загъд вæййы, æмæ лæппуйы зæрдæйы уаг æгасæйдæр рарагом кæны».[1]

Адæм æрмæст сæ бакаст æмæ сæ зондахастæй не сты æндæр æмæ æндæрхуызæттæ, фæлæ сæ удты кондæй дæр. Уымæ гæсгæ, афтæ зæгъæн нæй, ома, Бестауы хъуыдыйы ныхмæ ницахæм цæвиттонтæ зæгъæн ис. Фæлæ бæрæг у иу хъуыддаг – поэт æцæгæй лæууыд ахæм хъуыдыйыл. Уыцы хъуыды ис йæ поэзийы дæр. Æмæ нæу аппаринаг. Адæм мæнгæй нæ акæнынц: «Уасаг гæды мыст нæ ахсы».

Дзуццайы-фырт кæд дзургæ афтæ кодта: «Поэт хъуамæ ма тæрса хъæрæй, фыдæхæй дзурынæй»,[2] – уæддæр Бестау уыцы хъуыдыйы фарс кæй уыд, уый ирдæй зыны йе ‘мдзæвгæты. Кæд «æрвыл сæумæ раджы хæхтæн сæ бæрзæндмæ, сæ фидыцмæ кæсынæй сывæллонау æнæфсис» у («Мæхи Ирыстоны»); кæд цæуы, кæсы æмæ дзы зæххон цардæй уæларвон диссæгтæм æнкъары алцы дæр («Мæнæ, гъе, мæ Иры зæхх, мæ хæхтæ…»); кæд поэзиау цы нæу, уый йæ «иронау» дæр нæ хъæуы («Иронау нæу»), уæддæр æй йæ Ирыстон æнæмæнг хъæуы æппæт дунеимæ. Дуне та йæ хъæуы Ирыстонимæ.

[1] Бестауты Гиуæрги. Уацмыстæ 3 т. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 100 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 58 ф.

Нæй йын сæ фæхицæнгæнæн. Уымæн ын æххуыс кæнынц, лирикæйы «даргъ-уæрæх» гæнæнтæ; йæхи загъдау – «лирикæйы бон æгæрон бирæ у». Уый тыххæй нымадта: «Дунейы алыхуызон чысыл æмæ стыр фæзындтæ æмæ проблемæтæ цæуынц поэты зæрдæмæ æмæ уырдыгæй та – гæххæтмæ, адæммæ».[1] Уый бавзæрста, федта йæ царды, æмæ йын у зонд-зонæн. Сахуыр, куыд хъуамæ цæра, адæмы рæгъы куыд хъуамæ цæуа:

Стыр Октябрь мын радта
адæймаджы цæвиттон,
Ис ын райдайæн,
нæй йын кæрон.
Радта мын
хъæбатырæй, рæдауæй
хæрзты хæрзтæ,
Радта мын Райгуырæн –
чысыл бæстæ
æмæ стыр бæстæ,
Радта мын дуне
æмæ дун-дуне –
æгæрон, –
Сæ мæтæй макуы уон
æвæлмон, æвдæлон.
Базонон мæ уидаг,
базонон мæ мивдис,
Скалон мæ хуыз,
скалон мæ мидис,
Цæуон Ирыстонæй дунемæ,
дунейæ – Ирыстонмæ,
Ма ‘рцæуой макæд

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 89 ф.

хæлæтдзаг, гæныстонмæ,

Район сæ райæнтыл,

риссон сæ ристыл,

Суон æцæг ирон –

сæрибар, сæрыстыр.

(«Советон»)

Уыцы хъуыдымæ ænænхъæлæджы не ‘рцыд лирикон хъайтар. Уый цы федта æмæ бавзæрста, «уыдонæй бирæтæ дудынц æдзух», раст ын цыма йæ удыл «уагътой цывзыдон-цыфыддон». Кæнынц æй хуыдуг æмæ хурх. Уымæн æмæ йын арæзтой æмæ аразынц ахæм «уавæртæ, фыдуавæртæ», цæмæй тыхса, удхар кæна, ныууадза йæ бæстæ, кæмæндæр баззайа йæ фæстæ. Æппæт дæр арæзтой, аразынц, уыцы чидæртæ, цæмæй нын нæ уидаг сæлвасой нæ фыдæлты уæзæгæй.

«Сейчас никто не скажет, чего ради «орлы» залетели в Осетию. Может быть, это началось еще на заре Советской власти, в 20-их годах, когда грузинскими меньшевиками была сожжена вся Южная Осетия только за то, что осетины на своей территории объявили Советскую власть. Тогда в селах даже некому было оплакивать и хоронить погибших. Чудом оставшиеся в живых бежали в Северную Осетию погибая на ледяных перевалах от холода и голода.

И вот опять, когда осетины объявили на своей исторической территории республику, чтобы сохранить оставшиеся крупицы своей национальной культуры, Верховный Совет Грузии ликвидировал этот зачаток национального возрождения, лишив заодно осетин и статуса автономной области, этой нисего не значащей политической вывески, за которой грузинские ационалисты исподволь лишали осетинский народ национальных корней»,[1] – мæстæйдзаг æмæ хъуыддагзонгæйæ дзырдта поэтесса Хостихъоты Зинæ.

[1] Хостикоева Зинаида. Сатанинские игрища / Литературная Россия, 1991. – 26 апрель.

Зинæ сын æргом кодта сæ хъæстæ бæллицтæ: «Почему-то боевики с уголовным прошлым, о чем ныне широко пишут в прессе, этот позор грузинской нации, полагают, что им удастся то, что не удалось и карателю В. Джугели в 20-их годах». [1]

Поэтæн æнæгеноцид дæр йе ‘взаг йæ комы кæй æрдызтой, йæ мадæлон æвзагимæ йын мæлыны фадат дæр кæй нæ лæвæрдтой; кæй йæ мардтой, афтæмæй йын сæрибарæй йæ удисыны бар кæй нæ лæвæрдтой; афтæ сæ кæй фæндыд, цæмæй йæ рæстдзинады охыл мæрдтыбæсты дæр дывыдон арты сыгъдаид, уый тыххæй дзынæзта Хадзы-Мурат тугхæццæ цæссыгимæ :

Кодтой, кæнынц…
ма дзурон иронау,
Цыма ирон –
цыдæр æлгъаг у,
калинаг быронау,
Нæхибæстон – сæфт,
хорз, дам – æндæрбæстон,
Мæхæдæг мæхиуыл
кæнон æнæввæрсон,
Мæхицæн кæнон æнæуынон, –
мацы уон, мацы уон,
Цыма национ куынæ уон,
уæд уыдзынæн
интернацион!

Цæстытыл ауайы, 40-æм, 50-æм азты Ирыстоны Хуссар хайы нæ ирон адæмæн, сыхаг адæмтимæ абаргæйæ, бирæ фылдæр алыхуызон удмарæн налогтæй, æфхæрд æмæ ссæстæй сæ бон куынæуал уыд цæрын. Уымæн æмæ

[1] Х о с т и к о е в а З и н а и д а. Сатанинские игрища / Литературная Россия, 1991. – 26 апрель.

нын арæзтой алы сусæг геноцидтæ.[1] Фæлæ уый хыгъд нæ ирон адæмæн сæ бон уыд искуыдæм алидзын. Уым æрбынат кæнын. Кæцыдæр нацийæн, цæмæй рæза, уый тыххæй хомыс уæвын.

Диссаг, хъæууон адæймагæн йæ бон нæ уыд сахармæ æрцыдаид æмæ иу æхсæв уазæгуаты сбон кодтаид. Хицæн уазæгуаттæ сын уыдис. Цæмæй горæттаг цардыл ма фæцахуыр уыдаиккой. Сæ къах сæ горæтæй хъæумæ куынæ уал ахæсса, зæгъгæ. Хуссайраг ирæтты бон уыд сæ уæзгуытæй искуыдæм алидзын дæр. Зæгъæм – Гурмæ, Калакмæ, Рустаумæ, Цæгат Ирыстон кæмæ Мæхъхъæл, Цæцæнмæ, Кæсæгмæ… Не ‘взагыл дзурын, не ‘взагыл ахуыр кæныны фадат нын нæ уыд, фæлæ нын нæ рагфыдæлты уæзгуытæ уадзыны «фадæттæ» арæзтой. Цæмæй æввонгæй баззадаиккой… нæ фыдбоны сыхæгтæн. Не ‘взаг, нæ тугвæндаг, нæ сæрыстырдзинадыл нын тыхæй æфтыдтой мæрдырох.

Поэт уымæн дуды. Поэты маст уымæн хæлы. Поэты зæрдæ уымæн риссы. Фæлæ дæ рысты кой куы кæнай, уæд та дæ националист, шовинисты номæй хурх кæнынц; сæхæдæг чи сты, уыцы нæмттæ дæуыл æвæрынц. Джусойты Нафи компартийы XX-æм уанелы фæстæ 1962-æм азы уымæн дзырдта: «Мæн уый фæнды, цæмæй мах, ирон фысджытæ дæр, нæ зæрдиаг ныхас зæгъæм, партийæн йæ ахсджиаг тохы баххуыс кæнæм, культы рæстæг æмæ йæ фæстиуджытæн нæ аив дзырдæй тæрхон рахæссæм».[2] Æмæ йын Хадзы-Мурат хаста йæхи тæрхон, йæ аххосæгтæ йын агуырдта йæхиæрдыгонау, стæй – адæмырдыгонау, афтæмæй.

Чи зоны, йæ аххосаг, нæхи искæй цур фыццаджы-фыццаг, чи стæм, кæй ном хæссæм, кæй фæдонтæй рацыдыстæм адæмы рæгъы, уый, кæмæйдæрты æфсæрмгæнгæйæ, нæхи, нæ риутæ хойгæ, кæй нæ фæхонæм ирæттæ; зæххæй сисинаг чи нæу, уыдонæн дæр стыр æмæ ænæмбæлон кад кæй фæкæнæм, нæ уæлейæ сæ кæй рабадын ласæм, сæ номыл кады рæгъытæ кæй фæуадзæм, уый у. Æмæ махмæ уый бæргæ раст кæсы, фæлæ йæ уыдон, цыма сæ тæрсгæ

[1] П у х а е в К о с т а. К вопросу о геноциде / Южная Осетия, 2006. – 1 ноябрь.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ног азы сагъæстæ // Фидиуæг, 1962. – № 2.

кæнæм, сæ разы хъуамæ нæ сæртæ ныллæг даræм, афтæ æнхъæлынц. Рагæй фæстæмæ йæ мардæрцыд уый у.

Афтæ у æви уфтæ, уæддæр, Хадзы-Мураты лирикон хъайтар сæйраджы-сæйраг, ирон кæй у, уымæй нæу сæрыстыр:

Æз цы бавзæрстон,
æз цы федтон,
Уыдон мын зонд-зонæн –
куыд хъуамæ цæрон.
Æз фыццаджы дæр
дæн
советон,
Стæй та – ирон.

Иугæр афтæ у, уæд уыцы «советон» хъуамæ æрмæст йæхи уды тыххæй ма цæра. Хъуамæ тайа æмæ руайа дунейыл. Советон адæм рагон латинаг æмбисонд: «Адæймаг адæймагæн у бирæгъ» сæхимæ гæсгæ хуымæтæджы нæ рацарæзтой афтæ: «адæймаг адæймагæн у æфсымæр». Уымæй сæрыстыр уыдис Дзуццайы-фырт дæр: «Ленин нæ литературæйыл тынг бандæвта йæ бирæфарсон, лæгуарзон, хъæздыг удыхъæдæй, йæ царды сыгъдæг æмæ бæрзонд цæвиттонæй. Ленины фæлгонцы парахатæй уынæм, советон аивады ног фæзминаг хъайтарæн цы миниуджытæ хъуамæ уа, уыдон. Ленины фæлгонц æмæ ленинон рæстдзинад æвдисгæйæ, ирон литературæ йæ рæзыны фæндагыл цыдис æмæ цæуы социалистон реализмы методы æрфæнтæм».[1]

Хорзыл нымадта рацарæзт дæр. Советон адæм, ахуыр куыд уыдыстæм, афтæ нæм раст каст, уæлейæ цы дзæнгæда хъуыстам, уый. Æмæ Хадзы дзырдта рацарæзтæй: «у социализм æмæ советон хицауад аивынæн нæ, уæвæг цардæвæрд скуынæг кæнынæн нæ, Октябры фæсрагъмæ аздахынæн нæ, революцийы агъоммæйы реставраци скæнынæн нæ. Рацарæзт хъуамæ

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Удæгæстæй удæгасдæр. – Цхинвал, 1969. – 4 ф.

социализм асыгъдæг кæна йе ‘ппæт формацитæй дæр, уыцы формацитæ хъуамæ иуварс аппара, хъуамæ социализмæн ратта йæ классикон сыгъдæг мидис æмæ сыгъдæг формæ – суа «дзыллæты сыгъдæг фæлдисынад».[1]

Раст у, фæстæдæр Советон Цæдисимæ социализм куы ныппырх кодтой фæллойгæнæг адæмы знæгтæ, уæд Хадзы дæр йæ хъуыды цæхгæр фæивта, нал уыд уæды советон цардæвæрды фарс: «советон дуджы нæ фысджытæ се ‘ппæт дæр уыдысты трагикон удгоймæгтæ. Сæ трагеди кæнгæ у сæ уавæрæй: иуырдыгæй ис царды рæстдзинад, адæймаджы рæстдзинад, реалон рæстдзинад, иннæрдыгæй – идеологийы рæстдзинад, утопион, иллюзиорон рæстдзинад, ома, мæнгдзинад».[2]

Æмæ поэт фыццаг афтæ кæй дзæрдта, ома, «фыццаг дæн советон, стæй та – ирон», – уый зæрдæмæ цæуы, адæмæн иууылдæр сæ сæры зæндтæ рæстæрдæм куы кусиккой, иу иннæйы аныхъуырынмæ куынæ хъавид, уæд. Нæ сæры зæндтæ рæстмæ куы кусиккой, уæд! Фæлæ, афтæ кæй нæу, уый тыххæй ныр ма латинаг æмбисонд æмбулы. Хъыгагæн. Æмæ æмбулдзæнис, цалынмæ адæймаг бирæгъ уа, фæйнæрдæм лæбура, уæдмæ.

Дзуццаты Хадзы-Мурат йæ зæрдæйы, йе сфæлдыстады разы нæ уыд латинаг æмбисондимæ. Адæймаг-бирæгъ æцæгæлон уыдис йæ удыкондæн. Адæймаг-æфсымæр – уый Хуыцауы ракæнгæ арфæ у. Поэты фæндыд, растдæр зæгъгæйæ, бæллыд, йæ зæрдæ куыройы нук куы фестид, дунейы цин æмæ сагъæс ууылты куы цæуиккой. Йæхицæн ын, уадз, æрæнцой, æрулæфт ма дæттой, йæхæдæг, уадз, æмæ рисса, фæлæ адæм фыдтæй уой хызт. Ма зоной фыд æмæ сон.

Уый поэты, стыр дамгъæйæ фысгæ Поэты æнусон бæллиц у. Уый тыххæй «Фашисттæ нæ уарзынц поэтты – Сты поэттæ сæрибар, сæрыстыр!» («Фашисттæ æхсынц Пушкины»).[3] Æмæ стыр номмæ бæллыд Хадзы-Мурат. Тырныдта йæм. Цыдис æм. Разæнгард æмæ æвæллайгæйæ. Цыдис Поэзийы æмæ Адæймагон Адæймаджы бæрзæндмæ.

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 93 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 154 ф.
[3] Дзаболаты Хазби. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 253 ф.

Мæ ныхасæн ирд æмæ хурæргом æвдисæн – йæ зындгонд, гуманон æмæ интернационалистон æмдзæвгæ «Æз ацы нуазæн…»:

Æз ацы нуазæн
мæ къухмæ куы райстон,
уæд –
Чидæр райгуырди,
чидæр пъа кæны йæ уарзонæн,
Кæуылдæр нывæрдта
йæ уадæмдых дамгъæ
мæлæт,
Цыдæр сусæг раргом
ахуыр, хъайтар зондæн.
Чидæр ныггуыбыр,
къæпийæ хидкалгæ рувы…
Кæмдæр джунглийы хæтынц
сабиты марджытæ,
Бомбæ уæлдæф æмæ
зæрдæтæ рæдувы…

Ирон нуазæн стыр кад, стыр цин, парахат зæрдæ æвдисыны нысан у. Нæ фыдæлты фынгыл-иу нуазæн кæмæ æрхаудта, уымæй кадджындæр, уымæй тæхудиагдæр æмæ цæстæвæрæндæр нæ уыд. Чысангомы иу хъæу Раздæхæн хуыйны. Кæмæндæр фынгыл нуазæн нæ радтой. Фæндагыл æй æрымысыд, æмæ сæм уырдыгæй – æрдæгфæндагæй, кæд нуазæн алкæмæ не ‘мбæлд æмæ ирон афтæ нæ бакодтаид, уæддæр уый фæстæмæ аздæхт, сымах лæгау-лæгыл кæй нæ банымадтат, зæгъгæ.

Раст уыцы хъуыддаджы кæддæр æмбисондæн баззадис Ирыстоны хуссар хайы, Цхинвалы районы, Дампъалеты хъæуыккаг Багаты Хутъа дæр.[1]

[1] Хъазиты Мелитон. Багаты Хутъа // Мах дуг, 2002, № 6. – 121 – 122 ф.

Дзуццаты Хадзы-Мураты лирикон хъайтар уыдæттæй нæ рахъаст кæндзæнис, уымæ æрхаудта уыцы кад. Нуазæны стыр кад. Банымадтой йæ лæгау-лæгыл. Райста нуазæн. Хъуамæ сæрыстыр, райгонд уаид йæ цардæй. Фæлæ уацмысы уый нæ уынæм. Уый ныззылд дунейы фарны ‘рдæм. «Æмдзæвгæ …характерон у Хадзы-Мураты лæджыхъæдджын, бæрзонд пафосон поэтикон темпераментæн»,[1] – зæгъы Ælборты Хадзы-Умар.

Æцæгдæр, куыд уынæм, афтæмæй уацмысы лирикон хъайтары йæхи кой нæ, дунейы мæт ис. Уымæн æмæ царды цинтимæ дунейы хъыгтæ цæуынц нуазæн райсæджы зæрдæйыл. Йæ зæрдæ цыма хур у æмæ дун-дуне æдцинтæ, æдхъыгтæ зилы уый алыварс. Дун-дунейы цыдæриддæр ис, уый баивын, уый рацаразын иууылдæр кæсы уымæ. Фæлæ ирон æгъдаумæ гæсгæ нуазæн ныууадзæн нæй.

Поэт царды гуылфæнты зоны йе стыр хæс. Йæ кады нуазæны кæд зæххон цинтæ æмæ хъыгтæ, марг æмæ сæкæрау, батадысты, уæддæр ын аздахæн нæй. Кæд поэтмæ нæ хауы сæ фыдбылыз, уæд, уæдæ, кæмæ?

Æмæ зæрдыл æрбалæууы адæмон таурæгъ Къостайы тыххæй: «Къоста тынг зондджын лæг кæй уыдис, уымæ гæсгæ йæм бирæтæ хæлæг дæр куыннæ кодтаиккой! Саузæрдæ адæм бирæ ис ныр дæр ма. Æмæ уæд Къостайы марынвæнд скодтой. Созырыхъо, зæгъгæ, иу лæг уæлейæ уыдис, уый дæр ам нæ цардис. Уый куывды иу усмæ нуазæн радта, цæмæй йæ уый Къостайæн радтаид. Ус нуазæн (сыкъа) пецы бамбæхста. Къоста чи у, уый йæ федта æмæ загъта: «Цы сфæнд кодтат, уый уын нæ бантысдзæн, фæлæ ирон лæг сылгоймаджы нуазæн никуыма раздæхта, æмæ йæ æз дæр нуазын», – æмæ йæ банызта. Чидæриддæр йæ тæригъæды бацыд, йæ тæригъæд ын фæхæссæд».[2]

Дзуццайы-фырты лирикон хъайтар тынг хорз зоны, хъысмæтæй йæм фыдæлты æгъатыр æгъдаумæ гæсгæ цы нуазæн æрхауд, уый йын зæрдæхцонæн, кады хъуыддагæн нæ баскъуыхт, фæлæ, ирон лæг кæй у, уый тыххæй йæ маргимæ дæр йæ бон нæу ныууадзын. Уымæн æмæ уæд æрмæст

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 239 ф.
[2] Радзырдта йæ Б и р æ г ъ т ы Л и д æ. Хетæгкаты Къостайы тыххæй мысинаг // Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 615 ф.

ирон æгъдау нæ фесафдзæнис, фæлæ йæхи фæтылив кæндзæн дунейы судзаг æмæ дудаг проблемæтæй. Сисдзæнис сыл йæ къух. Йæхæдæг цы маст хъуамæ бавзара, уый ныууадздзæнис æндæртæн:

О, ацы нуазæн,
куыд маст дæ,
куыд адджын дæ!
Дуг дæ схай кодта мæнæн,
мæ фадат – зынвадат,
Нæу дæ мæ бон
искæмæ радтын,
ныууадзын.
Цыма Зæхх
дæ мидæг
марг æмæ сæкæрау батад,
Æмæ дæ
бындзарæй
нуазын.

Уый тыххæй нæ æмæ йæ мæлын фæнды. Йæ хъуыды баст у адæмы фидæнимæ. Цæмæй уыдон сæ кæрæдзи уарзгæйæ цæрой, марг ма тауой сæ кæрæдзийы ‘хсæн, барвæндæй уый тыххæй уæлдай кæны йæ уд. «Гъе, ахæм у поэты нуазæн, уымæй æнцондæр нæ! Йæ хуылфы Зæхх, марг æмæ сæкæрау, батад æмæ йæ нуазы. Ма йæ баназа, уый гæнæн нæй, поэтмæ йæ хъысмæт у тынг æгъатыр»,[1] – разыйæ дзы уый тыххæй зæгъы Æлборты Хадзы-Умар.

Афтæ куынæ уа, адæймаг, уæлдайдæр, поэт дунейы аскъуыддзагкæнинаг хъуыддагæй йæхи куы тылиф кæна, куы ницæмæ сæ дара, уæд нæ уыцы фыдтæ иу бон алкæй къæсæрыл дæр æрбалæудзысты. Æмæ сæ нæ бон, тыхджын нæ куы фæнда, уæддæр нал бауыдзæнис нæхи

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 240 ф.

бахизын. Поэт адæмы тугмæ, хуызмæ, асмæ, бынатмæ, мулкмæ гæсгæ уымæн не ‘взары. Уый уарзы «лæгуарзон цæсгæмттæ – рæсугъд ысты уыдон, лæджы цард нæ кæнынц æнамонд, дывыдон».

Уыцы лæгуарзон цæсгæмтты йын сты «цæсгæмттæ-хуртæ», кæсынц æм, æндавынц æй, йæ ныфсыл ын æфтауынц ныфс, дæттынц ын хъару æмæ йæ фидарæй уырны: «Кæмдæр, / хæхты, / фыны уынынц / айнæг цъæх дуртæ, / Куыд кæнынц сындæггай / уыцы цæсгæмтты хуызæн» («Æз уарзын лæгуарзон цæсгæмттæ»).

Уыцы «айнæг цъæх дуртæ» поэты дзырдæй хъуамæ æнæмæнг кæной лæгуарзон цæсгæмтты хуызæн. Цæмæй уыдон дæр тавой искæй цардбæллон уд, искæй ныфсыл æфтауой ныфс.

Хадзы-Мурат, йæ дзырдаивады Фыдыбæстæйы тыххæй, рæстдзинады тыххæй йæ удæй арт чи цæгъды, ахæм поэтæн куыд æмбæлы, афтæ æппынæдзух тырныдта уымæ: «Хъомыл кæнын хъæуы æрмæстдæр рæстдзинадæй, пропагандæ кæнын хъæуы æрмæстдæр рæстдзинад. Литературæ æмæ рæстдзинад фыдæлтæй фæстæмæ сты синонимтæ, уымæн æмæ рæстдзинад кæм нæй, уый литературæ нæу»,[1] – дзырдта æмæ йын нæ хæлæг кодта йæ уд.

Уыдон иууылдæр хорз сты – дуне, интернационалист, советон… Фæлæ гом-æгæрцæй фылдæр хатт Терк-Турчы бæхтæн цæфхæдтæ садзæгау зæлынц. Уымæн æмæ иуы зæрдæйы рыст иннæтæ нæ фембарынц. Нырма уд фæзыны, стæй йæ фæхъæуынц – райгуырæн къуым, Фыдыбæстæ, дуне… æмæ тынг бирæ цыдæртæ. Алчи дæр нæ фидарæй зоны – йæхи мады уарзт йæ зæрдæйы кæмæн нæ тæлфы, уый искæй мады нæ бауарздзæнис.

Бзарты Руслан зæгъы: «Уый уыд æцæг ирон лæг. Ахæмтæ ма ныртæккæ хæрз стæм сты. Махæн нæ иутæ хуссайрæгтæ сты, иннæтæ – цæгаттæгтæ; чи нæ къуыдайраг у, чи та – дыгурон, чи – куырттатаг, чи та – чысайнаг. Цæвиттон, саухъустæ, цъиусæртæ æмæ æндæр ахæмтæ… Уыцы хъуыддаг фидистæ æмæ алы хъылматæй-иу цæмæй фервæзтаис, уый тыххæй Хадзы-

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 101 – 102 ф.

Муратмæ бацу æмæ федтаис æцæг ирон лæг. Уый цардис иу Ирыстоны ныфсæй, рагон æмæ зондджын ирон адæмы фарн йæ туджы уыди, цыма фыдæлты фарнæй стъæлфæн расхъиудта, уыйау»,[1] – æмæ нæ рæдийы.

Дзуццайы-фырт уыцы хъуыды, уыцы уарзт йæ мады дзидзийы хъуырттимæ бададта. Тынг хорз æй зыдта ирон, стæй дунеон литературæйæ, зонадæй. «Хæдзонд, æргомдзырд æмæ бæлвырд принциптыл хæст кæй уыд, – зæгъы Хъодзаты Æхсар, – æхсæны царды, литературæйы, аивады тыххæй йæм йæхи хъуыдытæ кæй уыд, уый кæйдæрты зæрдæмæ нæ цыд…»[2] Фæлæ уыдæттæм тынг нæ дардта йæ хъус. Æппынæдзух уыдис агурыны фæндагыл.

Æмæ цахæмфæнды аивадон хæтæнты ма цыдаид, уæддæр-иу æрыздæхт йæ уæзæгмæ. Йæ поэзи цахæмфæнды индивидуалон нæ уыдаид, уæддæр ын фылдæр афыстон, аив публицистон характер кæй уыдис, уый йын фадат лæвæрдта цахæмфæнды темæйыл дæр сæрибарæй йæхи хуызы ныхас кæнынæн. Дæсны уыд чиныгкæсæджы хъусдард аздахынмæ. Фæлæ райгуырæн къуым, радтæг адæм, ныййарæг, хъæбулы тыххæй дзургæйæ поэты ныхасы хъæд, йæ поэтикон фæзилæнтæ, йæ туджы цавд цыма бынтон æндæрхуызон вæййынц. Цыма йæ дзырдтæ зæрдæйыл тынгдæр фембæлынц, адæймагмæ фæзыны афтæ. Уымæн дзырдта: «Лирикæ хорз у, зæрдæйы дуæрттæ кæнын хорз у. Æнæуый нæй поэзи».[3] Æмæ афтæ дæр у.

Хъорнис, Хъорнис, мæ сабион авдæн,
Хъорнис, Хъорнис, мæ ныййарæг мад,
Ныр куыд фæкæнон де стыр лæггадæн
Æз дæу аккаг хъæбулы лæггад?

Ацы сау зæхх мын радта æнæниз,
Уый мын раивта мады æхсыр,
Нуарджын хойрагæй, æмæ кæмæн ис

[1] Б з а р т ы Р у с л а н. Æцæг ирон лæг // Мах дуг, 2000. № 6. – 170 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Æз цæуын фалæмæ… // Мах дуг, 2000. №6. – 166 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 57 – 58 ф.

Ныр йæ риуы мæ хуызæн æхсар!

Хадзы-Мураты лирикон хъайтар буц у (кадæджы райдайæн æмæ кæрон фыццаг цæсгомæй фыст сты), хъæуы астæу цы æнгуз бæлас ис, уый йын ауондар кæй уыдис. Йæ «фидыц уæнгты конд», йæ бакаст, йæ ас уымæй райста. Æгъатырдзинад та йын фыййауæй-иу гуыпп-гуыппгæнгæ рæгътыл чи хаудта, йæ лæджыхъæд кæй тыхыл барста, уыцы æрвнæрд кæй радта, уымæй у сæрыстыр. Хивæнд, æнæрæнцой дæттæ йын æнæкæрон ныфс радтой, уагъылы дидинтæ – йæ «цыбæл-цæстытæн райгæ, уарзгæ, рæвдаугæ æнгас». Æмæ сæ иууылдæр райы йæ зæрдæ, улæфы сæ йæ цæстæнгас.

Ахæм æрнымад, дунеон литературæйы кой куынæ кæнæм, уæддæр, ирон поэзийы ног нал уыд, фæлæ ацы аивадон амал нæ поэты кадæг «Шакро»-йы разныхасы зæрдæ æлхæны, лирикон хъайтары къуымы историимæ, уымæй дæр, зæрдæскъæф историимæ кæй иу кæны, уымæй:

Хъорнис, Хъорнис, дæ рагон мæсгуытæ
Рагъæй коммæ тызмæгæй кæсынц.
Æз нæ зыдтон, цæмæн ысты скъуыдтæ,
Хъызт, фыдбонты кæй цæфтæй хъæрзынц.

Æз нæ зыдтон, цæуыл дзурынц уыдон,
‘Хсæвæй, бонæй цæуыл кæнынц хъаст.
Уыдон дурты пырхыты нæ уыдтон
Сахъ фыдæлты фыдæх æмæ уарзт.

Уыдон дуртыл нæ хъуыстон сырх туджы
‘Ртæхты хауын, нæмгуыты æхситт.
Уыдон дуртæй нæ хъуыстон нæ дуджы
Иууыл растдæр цытджын тохмæ сидт.

(«Шакро»)

Хуымætæг, иударон хъуыдытæ æмæ рæнхъытæ. Цыма сæ æнæрцæугæ, æнæфенгæйæ ницы ис. Фæлæ се ‘ргом дзырд, сæ сыгъдæг уарзт, сæ хурæргом æмæ æмбæхст аивтæй ælхæнынц адæймаджы зæрдæ, сæ авторæн та йæ рæстæджы фесты кады номхæссæг.

Дзуццайы-фырт тынг хорз зыдта: «Æнæ Фыдыбæстæ, æнæ хи адæм, æнæ мадæлон æвзаг поэт гæвзыкк æмæ тæригъæддаг у».[1]

Хадзы ацы кадæг, студент ма куы уыдис, уæд 21-аздзыдæй ныффыста, фæлæ уый фæстæ, сæхи фæлтæрд поэттæ чи хуыдтой, уыдонæй бирæты асайдта йæ фæдыл. Уымæн æмæ, поэт йæ хъайтары номæй рухсмæ рахаста, йæ зæрдæйы йæ райгуырæн уæзæгмæ цы уарзт уыдис, уый. Рахаста йæ рæсугъдæй, тыхджынæй, сыгъдæгæй.

Фæлæ уый афтæ нæ нысан кæны, поэт йæ Ирыстоны куырм уарзтæй уарзта, алцы дæр æм дзы хорз касти. Нæ, идеализаци йæ нæ кодта, фæлæ тынг хорз зыдта: «археологическая культура, создававшаяся на северном и южном склонах Центрального Кавказа (Кобань, Тли) во второй половине II и первой половине I тысячелетия до н. э., принадлежит тем индо-иранским племенам, которые остались и обосновались на Центральном Кавказе после передвижения основной их массы в Переднюю Азию. Передавая на протяжении тысячелетий из поколения в поколении свою культурную традицию, свои духовно-творческие достижения они обагащали древнекавказкую цивилизацию яркими, самобытными памятниками материальной и духовной культуры.

И ныне утверждение многих исследователей о том, что будто осетинский этнос появился на Кавказе в I веке нашего летоисчисления, смешался с местным аборигенным населением, передал ему свой иранский язык, восприняв взамен местную культуру и развили ее далее своим трудом и творчеством, можно считать необоснованным».[2] Уыцы темæмæ ног æмæ ногæй уымæн здæхтис. Рæстæджы номæй уымæн уайдзæф кæны нæ

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964. – 157 ф.
[2] Техов Б. В. Осетины – древний народ Кавказа. – Цхинвал, 1993. – 15 ф.

рагфыдæлты – тохæмхиц æмæ кады сæрыл сæ цард чи не ‘вгъау кодтой, кæцæй сæм ницы æрттывта, уым дæр-иу сæ тыхы сæрыл хæцгæйæ, чи смидæг, уыцы аланты паддзæхтæн:

Цы кæныс, Ирыстон,
куы кæныс гæныстон!
Зæгъут-ма,
Ордур,
Сародий
Итаксис –
аланты паддзæхтæ,
цæугæ мæсгуытæ,
цæуылнæ-иу зыдтат
тохæй
бафсис,
адджын уын цæмæн фесты
искæй уæзгуытæ!
Ирон лæг кæм нæ кодта
богътæ, гуыппытæ,
кæм нæ кодта
зæххæн лæвæрттæ –
ингæнты къуыппытæ.

(«Ирыстон»)

Фæлæ уыцы «æфхæрд», – æцæгæй цы уыдис, уый тыххæй карз рæстдзинад зæгъæм, – зæрдæйæн æнцондæр у, цынæ уыдис æмæ ис, фæлæ бирæ автортæ æцæг хуызы кæй æвдисынмæ фæхъавынц, уыцы «æхцон» мæнгдзинадæй. Рæстдзинадæн æмбæхсæн нæй. Æппынæдзух æй куы сусæг кæнæм, уæддæр искуы йæхæдæг раргом кæндзæнис йæхи. Уæд нын равдисдзæн не ‘цæг, æмбæхст цæсгом.

Аланты паддзæхтæ Ордур, Сароди, Итаксис, Худдан, Дургулел, Индиабу æмæ иннæтæ сæ паддзахад хъомысджын кæныны бæсты алырдæм кæй лæбурдтой, мулчы тыххæй адæмты хæстыты сæхи кæй ныццæгъдын кодтой, уый иу æмæ дыууæ поэтæн не сси дзырддаг: «Бога ир мыздыл фæкодтой Уым сæ кæрæдзи бындзагъд, – Хъæутæй уæлмæрдты ‘хсæн додой, Сау сынтау, дыууæрдæм тахт».[1]

Нæ дзыллæйы ахæм æнæсæрфат хæстытæй сæфты къæсæрмæ кæй æртардтам, нæ дардыл хæхтæ æмæ быдыртæй нæ дæлфæдты фаг зæххы гæппæлтæй уæлдай иннæты алы хæддзутæ æмæ æбузынтыл парахат зæрдæйæ, цæст дæр кæуыл не ‘ххæссы, ахæм атагъатæй уæрст кæй фестæм, ныр нын нæ ингæнваг сыджытимæ нæхи аныхъуырынмæ дæр кæй хъавынц, нæ мæнгард царды уымæй фыддæр цы хъуамæ уа?

Фæлæ рæстдзинады сæрты ахизæн нæй. Æмæ Хадзы-Мураты æмдзæвгæтæ сæ рæстдзинады тыххæй исы зæрдæ. Уырны нæ йе ‘гъатыр лирикон хъайтары риторикон хъæр-ныхас: «Ирыстон, Ир! Æз не ‘фсæдын дæ уындæй, дæу тыххæй æз никуы фæлмæцын мæ зынтæй». Уымæн æмæ автор кæд фылдæр публицистон ныхас кæны, уæддæр ссары ахæм поэтикон фæзилæнтæ, деталтæ, æмæ сæ æмбаргæ адæймаджы хъуыды æнæацахсгæ нæ фæвæййы.

Йæхи Ирыстоны, «зæрдæйы минæвар» куы скæны æмæ йæ номæй «дунейы дзыллæтæм… дунейы æвзæнгтæм, дунейы зæрæдтæм» куы дзуры, куы сæ хоны, уæд зæгъы:

Æрцæут!
Кæд нæ зæххыл нæ бацæуат,
Нæ бацæуат кæд нæ хæхтыл,
уæддæр нæ хъазт нæ ракæндзыстут.
Нæ зæрдæйы, –
хъусут? –

[1] П л и т ы Г р и с. Рагон Ир / Рæстдзинад, 1968. – 9 август.

нæ зæрдæйы бацæудзыстут.

Джыккайты Шамил амыдта: «Нæртон лæг йæ хъару æвдыста йæ кардæй, йæ курдиат – йæ фæндыræй»,[1] – æмæ Хадзы-Мурат дæр, йæ зæрдæмæ иууыл æввахсдæр чи уыдис – Ирыстон, Ир! – ууыл зарыд йæ «фæндыры» фæрцы. Афтæ зæрдæмæдзæугæ уымæн сты, Ирыстон цæмæй фестырдæр уа, уый тыххæй йын йæ хæхтæ, йæ кæмтты æнцъылдтæ иту кæнынмæ куы хъавы; йæ хуынд адæмæн не ‘взаг куы лæвар кæны – «Айсут æй æмæ йыл ме ‘мдзæвгæтæ бакæсут», стæй бирæ, бирæ æндæр бынæттæ.

Фæлæ не ‘ууæндæм, Ленин æфхæрд, стонгæймæлæг чысыл чызг-лигъдонмæ куыд фæзыны æмæ саби йæ хъуырыл куыд æрцауындзæг вæййы, йæ буары хъарм ын куыд æнкъары, уыдæттыл, кæд символикон афыстытæ сты, уæддæр. Уымæн æмæ сты тыхкæнгæ. Не ‘ууæндæм кадæджы, æгæрыстæмæй, Ленины ныхасыл дæр:

Ленин бахудт,
ахаста хæхтыл
гæзæмæ æрцъындгонд цæстытæ:
«Бирæ,
бирæ федтат мæстытæ,
фæлæ уæ
ныр ныл уыдзæн хъыгдарæг.
Æз хъуыстон уæ зарæг,
хорз зарæг у –
хъорнисаг зарæг.

Суанг нын нæ бауырнын кодта йæ райгуыræн хъæу хъорнисаг зарæг дæр, кæд поэты уый тынг фæндыдис, уæддæр. Хъыгагæн, нæ афтæ нæ уырнынц, поэт Ирыстоны амонджын цард декларативон æгъдауæй кæм

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 283 ф.

хъавы ныв кænынмæ, уыцы бынæттæ. Куыд нæ бауырной, мах сæ кæддæрты дæр кæйдæрты хынцмæ дзырдам, ныр та нæм, æгæрмæгуыр, сæ кой, сæ хъæр нал хæццæ кæны. Зæронд дæ æви æвзонг – уæлдай нæ нал ис, Къостайы загъдау: «Тар хъæдмæ бацыдтæ, пыхсы ныдздзæгъæл дæ, –Стонг фосæй сонтдæр, зыддæр, – Иуæггай агурыс фароны хæтæлтæ, Стонг фосау сæфыс ды дæр!..» [1] («Æнæ фыййау»).

Уæлдайдæр, абоны царды нæхи цæстæй цытæ уынæм, уыдон фæстæ нæм нал хъары поэты ныхас, кæд æй зæрдæбынæй дзурыныл архайдта, уæддæр:

Шахтытæ,
згъæры абузгæ цъайтау,
сæттынц сæ дойны
дæ заводтæн,
бонизæрмæ гуыв-гуывгæнгæ
кусынц дæ амондæн.
Тархъæды фарсмæ
тарбынæй
ссæуынц дæ нартхæрттæ,
горæттæ, хъæутæ –
цъæх мæнæу,
цъæх кæрдæг,
цъæх дыргъдæтты астæу –
сакъадæхтæ.

Кæй кой кæнæм, уыцы былдауæн æппæлдтытæ Дуццайы-фыртæн йæхи дæр никуы уырныдтой. Ирыстон дидин æфтыдта кæнæ дидин æфтауы, зæгъгæ, уыдон лопъо гæдыныхæстæ сты. Поэт сæ тынг хорз зыдта йæхæдæг дæр. Дидин æфтауын нæ, нæ фыдбоны, нæ сабихор сыхæгты хин митæ æмæ

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 44 ф.

сæ цыфыддæр æрбалæбурдты аххосæй нæ уалдзыгон къуыбыр ракæнынмæ дæр никуы равдæлдис.

Уый хыгъд поэт йæхи цæстæй уыдта… Æмæ катай кодта… Ноджы дæр та Къостайы загъдау: «Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг?»[1] («Ракæс»). Æмæ рыст, дудыдта йæ адæм, йæ Фыдыбæстæйы æнæудисгæ сæфтыл йæ зæрдæ.

Йæ фæстаг чиныг «Дыууæ дуджы астæу»-ы редактор Дзуццаты Зæлинæ афтæ зæгъы: «Цымæ адæймаг цæмæй адæймаг у? Мæнмæ гæсгæ, йæ мад æмæ йæ райгуырæн зæхмæ цы зæрдæ дары, уымæй. Уый у адæймаджы удварны сæйраг бæрæггæнæн. Æмæ Хадзы-Мураты уарзæгой зæрдæйæн та, æз æй куыд банкъардтон, афтæмæй æппæтæй зынаргъдæр уыдысты йæ мад æмæ йæ райгуырæн зæхх».[2] Хъæрзыдта сæ рыстæй. Ирыстоны, ирон адæмы зæрдæниз йæ зæрдæйы кодта тыхджынæй-тыхджындæр, судзагæй-судзагдæр. Тыдта æддæмæ. Æмæ-иу тонгæ дæр ракодта, йæ зæрдæйæн уарзон чи фæцис, уыцы асинæвæрд, цъæл поэтикон рæнхъыты хуызы.

Мæнæ та хохбæстæ.
Нæ, нæу фыд бæстæ, рох бæстæ,
Фæлæ ма дзы чи ис?
Кæцондæр фысгæстæ,
кæцондæр хъомгæстæ.
Уæртæ ма уым
иу хæдзар уыд –
цы фæци, цы ‘рбаци?
О, мæ зæрдæ мын
куыд æвдæрзы
мигарци!
Адæм лидзынц хæхбæстæй –
мæ зæрдæйæ,

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 40 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы З æ л и н æ. Фæсныхасы бæсты // Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 209 ф.

Тонынц æй

мæгуыр – æгуыдзæгæй,

«æвзæр дæ»-йæ…

(«Миграци»)

Асинæвæрд цъæл поэтикон рæнхъыты кой скодтам, ома, æмдзæвгæйы формæйæ В. Маяковскийы фæзмыдта. Уый тыххæй поэт йæхæдæг афтæ загъта: «Мæныл æндæвтой æмæ æндавынц бирæ поэттæ, уыцы нымæцы Маяковский дæр. Æз ын хызтæн йæ «асинтыл» хæрдмæ. Фæлæ æрмæст уыдоныл куы хызтаин, уæд цы уыдаин? Искæй «асинтыл» хизæг. Искæй асинтыл та поэзимæ хизæн нæй. Хъуамæ дын уа – уадз, искæй «асинтæй» ныллæгдæр, мæгуыраудæр, фæлæ уæддæр – дæхи «асинтæ». Æз Маяковскийы «асинтæ» нæ райстон, фæлæ мын Маяковский баххуыс кодта, цæмæй «сарæзтаин» æмæ мын уыдаид мæхи «асинтæ», мæхимæ гæсгæ æмæ мæхи хуызæн».[1] Æмæ уыцы «асинтæ» аразгæ дæр скодта æцæг йæхимæ гæсгæ æмæ йæхи хуызæн, кæд уыцы «асинтыл» уый размæ бирæ ирон поэттæ афæлвæрдтой æдæрсгæ схизын, уæддæр. Пайда дзы кодтой – Нигер, Боциты Барон, Фæрнион Къоста, Хъамбердиаты Мысост, Гафез, Джусойты Нафи, æгæрыстæмæй, классикон стихы формæйыл фидар хæст Дзаболаты Хазби æмæ Бестауты Гиуæрги дæр… Стæй – æндæртæ.

Ныр дæр ыл бирæ ирон поэтты сфæлдыстады ис сæмбæлæн, фæлæ ирон поэзийы Хадзы-Муратмæ куыд ныффидар, иннæ поэттæй афтæ – никæмæ. Уыцы, асинты поэтикон формæ уыд йæ поэзийы сæйрагдæр аивадон амæлттæй иу. Дон куыд æфсæргæ фæцæуы кæнæ знæт денджыз йæ тызмæг ахаст уылæнтæй куыд феппары, афтæ-иу нæ поэт йæ зæрдæйы цин æмæ маст сæппæрста скъуыдтæй.

Уый адæймаджы уды миниуæг у. Стыр цин æмæ стыр уарзт уыцы лæхурд нæ ракæны. Фæдзуры йæ уарзгæйæ. Тыхæй. Иугай, дыгай дзырдтæй. Цыбыр хъуыдыйæдтæй. Скъуыддзæгтæй. Æмæ ахæм формæ Маяковскийы

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Арвистон. – Цхинвал, 1988. – 396 ф.

фæрцы Хадзы-Муратæн ссис поэтикон амал. Уыцы амал-иу уæлдай ирдæй раргом, Дзуццайы-фырт-иу йе мдзæвгæтæ йæхæдæг куы каст, уæд.

«Уæвгæ сæ дзургæ нæ кодта, – зæгъы Хъодзаты Æхсар. – Уыдон уыдысты йæ зæрдæйы æхсидæвтæ æмæ судзгæ-уыраугæйæ тахтысты йæ риуæй. Дзырдтæ-иу цыма цæф арсы богътæ фестадысты: рыстысты, уынæргъыдтой, æмбухыдтой. Уый уыд абоны Ирыстоны зæрдæйы уынæргъын…»[1]

Уыцы, асæй гыццыл, фæлæ сæвджынгомау лæг-иу ныстыр, стыхджын, æнæхъæнæй-иу фестад иу змæлгæ, æнæбасæттон, тыхджын буар. Æмæ-иу йæ барджын, хъомысджын богътæн нал уыдис фескъуынæн, æрдæгыл æй æруромæн, цæртты сæрстытæ-иу сæм згъæлдысты. Уæлдайдæр, йæ зæрдæйы, йæ тыхст уды фæдисмæ. Æмæ уыцы æхсидæвтæ абон дæр судзынц йæ чиныгкæсджыты зæрдæтæ.

Йæ сæйраг фæдис та уыд, не ‘фхæрд Фыдыбæстæ æбар, æдых, æнæсæрылхæцæгæй кæй кæны бонвыддæр; нæ уæзгуытæ уæзæгуатмæ кæй цæуынц; нæ адæм хуыздæр цардæнхъæл кæдæмдæрты куыд лидзынц; адæймаг мулкæнхъæл йæ ном кæй чъизи кæны æмæ сафы; нæ хъæстæ йæ фыдæлы кæй нал зоны... Æппынæдзух ууыл архайдта, цæмæй йын чиныгкæсджытæ йæ уацмыстыл сагъæс кæной, ногæй йæм здæхой «æмæ йæ сæхицæн арфдæр рафæлгъауой».[2]

Фæлæ нæ адæмæй уыдæттæ бынтон стæмты æндавынц. Йæ адæмы ивгъуыд, абон æмæ фидæныл чи сагъæс кæны, уымæн уыдæттæ уды стыр трагеди сты. Нæ сæ алидздзæнис иуварс. Фæлæ мах амондæнхъæл æнамонддзинад ссарынмæ, бынтæ скæнын æнхъæл хи бынтæ дæр ныууадзынмæ алкæдæм дæр лидзæм нæхи фыдæнæн.

Хадзы-Мурат уымæн дзынæзта рыстзæрдæйæ:

Æмæ лидзынц –

[1] Хъодзаты Æхсар. Æз цæуын фалæмæ // Мах дуг, 2000. № 6. – 167 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Арвистон. – Цхинвал, 1988. – 368 ф.

уадзынц сæ уаззгуытæ,

Сæ фæдыл ниуынц,

дзыназынц сæ мæсгуытæ,

Уадзынц сæ ивгъуыд,

уадзынц сæ абон,

Æндæр ран, æндæр кæмдæр

арынц сæ амонд.

Цæй амонд?

Мæ зæрдæ хуыссы,

æдзæрæг хæдзæртты æртытау.

Цæй амонд?

мæ зæрдæ хъæрзы,

æдзæрæг уæлмæрдты цыртытау.

Æмæ йын уыдон былалгъ, искæй зæрдæ фæриссын кæна, йæ сæрыл бæрзонд схæца, уыцы дзырдтæ нæ уыдысты. Поэт хорз зыдта, цы дзырдта уый. Миграци чысыл адæмы, нацийы сæфт у. Ницæмæ дзы ис хорзмæ æнхъæлмæкæсæн. Йæ зæрдæ уымæн хъæрзы уæлмæрдты, уымæй дæр, «æдзæрæг уæлмæрдты цыртытау»; йæ зæрдæ уымæн «хуыссы æдзæрæг хæдзæртты æртытау». «Ирон æвзаг цæргæ-цæрæнбонты чи æрдызта æмæ мардта, уый фысдзармы Ирыстоны астæуцæджындзæй нал агæпп кæндзæнис»,[1] – фæлæ уый афтæ нæ амоны, калмы маргæйдзаг хъæлæсмæ, тæппуд тæрхъусау, нæхи къахæй хъуамæ цæуæм, нæхæдæг нæхи хъуамæ æппарæм йæ кæрæф хъæлæсмæ.

Поэтæн, кæд æмдзæвгæйы комкоммæ нæ зынынц, уæддæр ис, миграци йын хорз чи хоны, уыцы сæфты фæндагыл æй чи ардауынц, ахæм оппоненттæ. Уыдон æй æппарынц «дызæрдыджы». Уыдон æй æфтауынц, нацийæн искуы æнæфесæфгæ кæй нæй, ахæм хъуыдытыл. Æмæ сæ йæхицæн дæр нæ баци йæхи атонын.

[1] Хъазиты Мелитон. Æнусон рис. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 74 ф.

Уый æнцон нæу, кæй зæгъын æй хъæуы, æнкъараг удæн – поэтæн. Ахæм хъуыды йæ æфтауы удмарæн сагъæсыл æмæ йæ лирикон хъайтары номæй дзуры зæрдæрисгæйæ:

Æви – уадз!
мæ мом,
мæ хæдхуыз, ме 'взаг
кæной миграци,
Мургай фæхауа фæйнæрдæм,
ыппырхуа мæ наци?
Æви – уадз! –
уа æндæр нацитæн
хомæг, хомыс,
Ælгъыстæн баззайа
йæ бар, йæ хъомыс,
Æви миграци
у дунейæн ныв, адæймагæн, –
йæ царды фыст?
Цæуой дзы йæ хæрззонд,
йæ адæймагуарзон,
йæ фарны куыст?
Цæуой дзы йæ сыгъдæг,
йæ фидауц,
йæ намыс
дардмæ
Æндæр адæймагæн нæ, –
æнæуæвынадмæ?

Поэт хорз зыдта «национ æмæ интернационы ‘хсæн æмбастдзинад», уымæн нымадта æмбæлоныл «иу адæймаг æмæ иу адæмы цардæй нæ, фæлæ

бирæ адæмты цардæй цæрынмæ тырнгæйæ, ирон национ поэзийæн арфдæр æмæ уæрæхдæр» кæй «кæны йæ æппæтадæймагон мидис».[1]

Фæлæ иу адæмы хардзæй иннæ адæм фылдæр кæной, уæлдайдæр, тыхæй, цы ис уымæй ælгъагдæр. Тыхстæй йæ уымæн æппары йæ хъуыды цæугædæттæм: «Ам куы нал уой, куы сыстой, ардыгæй денджызмæ куы ацæуой, уæд ма куыд хуындзысты Леуахитæ æмæ Терктæ?!»

Уæд уыдзысты æнæном, æгъуыз. Фесафдзысты, сæхицæй сæм цы уыдис, уый. Батайдзысты кæйдæр хуызы, кæйдæр хуылфы.

Наци фесафынæн та иууыл хуыздæр амал у йе ‘взаг, йæ мадæлон æвзагыл ын мæрдырох бафтауын. Уымæн æмæ мадæлон æвзагæн йæ ном йæ уæлæ ис. Уый, мадæлон æвзаг, куынæ уал уа, уæд нацийæ ницыуал баззайдзæн. Фæцис. Фесæфт. Наци уымæй, мадæлон æвзагæй гуырынц. Мадæлон – мад, чи дæ радта, уый. Чи дæ дætта, уый куынæ уа, уæд ды дæр кæм хъуамæ уай?

Цæргæ-цæрæнбонты нæм топпы кæсæны чи кастысты, уыдон нын не 'взаг уымæн мардтой. 40-æм азты кæрætты, 50-æм азты райдианты нын нæ фыдбоны сыхæгтæ не 'взаг уымæн æрдыстой. Æниу, уый кæд нæ уыд!

Джыккайты Шамил мæстæлгъæдæй уымæн дзырдта Куындыхаты Муссæйы дзыхæй: «Нæ зыдтон сау æхсæв, мæйдары Лæг кард лæджы хурхмæ кæм дары, Уым нæй лæмæгъ уæвæн лæгæн! Уым ис мæлæт кæнæ уæлахиз, Уым де ‘взаг, де ‘гъдау æмæ бар Лæгау æвзæр кæронæй бахиз, Уым семæ иу кæрон ыссар!»[2]

Нæ дамгъуат нын баивтой сæхи дамгъуатæй! Цæгат Ирыстонæн та – кирилицæй. Куыд наци, афтæ нæ хицæнтæ кодтой æмæ фыстой: «Хуссар ирыстойнаг адæм», «Цæгат ирыстойнаг адæм».[3]

Нал нын уыдис нæ мадæлон æвзагыл ахуыр кæныны бар!

Нал нын уыдис нæ мадæлон æвзагыл дзурыны бар! Нафи зæгъы: «Фæлвæрдтон Мæскуыйы мыхуыры сдзурын, иу ирон скъола æмæ иу ирон

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 154 – 155 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. ??????????????????????????????
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 15 ф.

алфавитыл сдзурын, нæ литературон бынты сæрыл рахæцын дæр, фæлæ дзы ницы рауад»,[1] – дуг та карз уыдис. Æмæ, Къостайы загъдау, «Лæгдзарм тænæг у, – Мæлын кæй фæнты?..»[2] Нафийæн йæхи загъдау: «нæ разынд ирон фысджытæм, ирон интеллигенцимæ сæ фыдæлты ном бахъахъхъæныны хъару, нæ сæм разынд хæрам миты ныхмæ сдзурыны фаг лæгдзинад. Раст зæгъын хъæуы, æдас нæ уыд уыцы азты, иу адæймаджы культ йæ тæккæ тымыгъыл куы уыд, уæд хæрамы ныхмæ, рæстдзинады сæрыл сдзурын. Фæлæ лæг хъуамæ цыфæнды уавæрты дæр лæг уа. Ныр куыд фæдзурынц иуæй-иутæ сæ рæзтæ ахсæдыны охыл, афтæ зынвадаты нæ уыдыстæм, фæлæ никæмæ разынд фаг лæгдзинад, нæ национ культурон бынты охыл рæстаг, арф аргументацигонд ныхас зæгъыны хъару, национ культурæйы иумæйаг интерестæ æмбарын æмæ барджынæй сæ сæрыл дзурыны тых».[3]

Не 'взагимæ нын мардтой, сæфтой нæ хъæстæ. Разы чи нæ уыд, сæ ныхмæ сулæфыны хъару кæмæ уыдис, уыдонæн – сабийæ-зæрондæй, сылгоймагæй-нæлгоймагæй нæ уыдис хатыр. Ссæстæй, æфхæрдæй æмпылдысты Сыбыры уазалы. Дзырдхæсджытæ, дымыстæртæ, уæйгæнджытæ чи уыдысты, уыдон та адджын гуккутæ хордтой... цалынмæ-иу, адæмы æрцахсыны тыххæй фаг цъыфкалæнтæ хастой æмæ-иу «адæмы знæгты» цæгъдыны паддзахадон план цæмæй сæххæст уа, уый алфæн сæхæдæг дæр къæппæджы не смидæг сты, ома, уыдон дæр «супер-патриоттæ» сты æмæ чырæгæй хъуамæ ракæс-ракæс кæной, уæдмæ.

Хадзы-Мурат царды дæр, йе сфæлдыстады дæр уыцы хъуыддæгтыл иу æмæ дыууæ хатты нæ сагъæс кодта æргомæй дæр, йе сфæлдыстадон хъуырдухæнты дæр. Зæгъæн ис фидарæй, уыцы сагъæс ын кæй уыд йæ царды æнæивгæ æмбæлццон. Нæ дзы хицæн кодта. Нæ йын лæвæрдта æнцой. Мардта йæ хурхæй. Æмæ уыимæ тохы мадæлон æвзаг æмæ ныййарæг мадыл поэты зæрдæйы гуырдысты ног цымыдисон рæнхъытæ, зæрдæмæдзæугæ фæлгонцтæ æмæ аивадон уацмыстæ.

---

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 79 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 77 ф.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 77 ф.

Уыцы уацмыстæ йæм гуырдысты бонæй-бонмæ тыхджындæргæнгæйæ, нуарджындæргæнгæйæ, уарзгæйæ. Дзырд дæр ыл нæй, рæзтысты адæймагуарзгæйæ æмæ æцæг адæймагон адæймагæн кадгæнгæйæ:

Хæлар уын уæд не 'взаг,
хъæбæр,
хъаматы дзæхст-дзæхстау;
рог,
Мæргъты пæррæстау;
фæлмæн,
уарзты рæвдыдау;
уарзæм æй,
нæ мадау, нæ фыдау.

Фæлæ мадæлон æвзаг мадау уарзын иу у, рæзын æй кæнын – æндæр. Æвзаг, мадæлон æвзаг удæгас буар у. Хъуамæ йæ рæвдауай, дзурай йыл, ахуыр ыл кæнай. Æмæ дзы уыдзынæ рæвдыд. Дæ сæр дын хæсдзæнис сæрмæ. Никуы дыл рацæудзæнис сайдæй.

Ирон æвзагыл цæмæй дзыхæйдзурæг мауал уа, мæрдырох ыл бафта, ууыл сæ удтæ куыд хъардтой цæрæнбонты не знæгтæ, уымæн бирæ цæвиттонтæ ис. Мæнæ сæ иу: «С наступлением ночи они (ингуши) из своих селений, окружающих Владикавказ, подползают в город поживиться трудящегося люда, лошадьми или рогатым скотом. Умственное развитие ингушей стоит на низкой степени, и в силу этого вышесказанная склонность к хищничеству выработала у них культ молодечества и удальства; этим не неисчерпывается проявление деятельности пресловутых джигитов – нет, в них рука об руку с любовью к чужой собственности замечается стремление пустить пулю в ближнего своего из-за угла, не разбирая ни пола, ни возраста».[1]

[1] С у л т а н о в А. К. По поводу убийств / Городская жизнь, 1917. № 2. – 9 август.

Монголтæ ирон туг-стæг нæлгоймæгты авдæнтæм æргæвстой. Нæ фыдбоны сыхæгтæ нын æрмæст ссæдзæм ænусы æргомæй дыууæ геноциды расидтысты, сусæгæй та цæрæнбонты ирон туг сæны бæсты нуазын сæ бæллиц у. Æрæджы Ирыстоны цæгат хайы нæ сабихор сыхæггæ Беслæны скъолайы æнахъом сабитæн цы тыхмитæ фæкодтой, лидзгæ-лидзын сæ чъылдымæрдыгæй куыд фæцагътой, арты сæ куыд басыгътой, уыцы æнæрцæугæ трагедимæ æнæхъæн дуне базмæлыдис. Суанг Югослави, Ирак, Авганистан, Хуссар Ирыстон æмæ бирæ адæмты тæригъæд чи фæхаста, Америкæйы Баиугонд Штатты уыцы президент Джордж Бушы зæрдæ дæр ма фæчъил: «Цивилизацион дуне тасы бафтауыны охыл сæ бон кæдæмты ацæуын у, цытæ бакæнын, уый ма нын террористтæ иу хатт бамбарын кодтой ноджыдæр. Мах хъыг кæнæм, æнаххосæй чи фæмард, уыдоныл».[1] Фæлæ дзы дуне хатдзæгтæ не скодта, нæхæдæг дæр нырма иу бæлвырд, арф хъуыдымæ не ‘рцыдыстæм. Паддзахады хицау афтæ кæм дзура: «Хъахъхъæнынады æмæ æдасдзинады фарстытæм фаг æргом нал здахæм, коррупцийæн фадат радтам тæрхондоны æмæ барадхъыхъхъæнæг сферæтæ рауатмæ æртæрынæн»,[2] – уым мæгуыр адæмы бон бынтондæр ницы у. Стыр хъыгагæн.

Поэт цаутæн, рæстæгæн, адæмы зондахастæн йæхирдыгонау фæаргъ кæны. Уæлдайдæр, æцæг поэт куы вæййы, уæд. В. Брюсов æнæнхъæлæджы нæ загъта: «У пушкинского поэта душа просыпалась, как орел, при божественном зове».[3] Хадзы-Мурат поэт уыд. Йæ мадæлон æвзаг ын «ирон лæджы хъарæг» дæр уыд, «ирон лæджы зарæг» дæр. Цин кодта йæ цинæй. Рыст йæ рисæй. Иунæг тохы быдыры æфсад нæу, фæлæ хæстонау удуæлдай тох кодта йæ сыгъдæгдзинадыл, аккаг аргъ ын кæныны сæрвæлтау. Йе 'мдзæвгæ «Ме 'взаг», мыхуыры куы фæзынд, уæд æй ирон поэзиуарзджытæ къухæй-къухмæ уымæн скъæфтой:

Чи дыл нæ фæлвæрдта тых,

[1] Мах дуг, 2004, № 10. – 42 ф.
[2] Уый дæр уым, 8 ф.
[3] Б р ю с о в В. Я. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1987. – 274 ф.

чи дæ нæ мардта!
Атиллæ дæ сонтæй
тæхгæ бæхыл тардта,
дæ къухтæ дын цавта,
дæ къæхтæ дын цавта,
фæлæ дын дæ зæрдæ
йæ кардæй, йæ арцæй нæ ардта!
Дæ фæдыл зылдысты
Тимуры æфсæдтæ,
сæ къæхты бын ссæстой
дæ фæндтæ, дæ фæдтæ,
сызгъæрин цæфхæдтæ,
æрттывтой-иу зæххыл
бæрæгæй, арфæй
цыма стъалытæ арвæй!

Хуымætæг, æнæкъæбæлдзыг, иударон дзырдтæ. Фæлæ хъарынц зæрдæмæ. Ахизынц дзы иннæрдæм. Се 'ргомдзырдæй. Сæ рæстдзинадæй. Æфтауынц нæ хъуыды кæныныл. Нæхæдæг кæд кæмæндæрты ныфс, сæрыстыры хос уыдыстæм: «В Тао прибыл осетин[1] – отныне Трудно вторгнуться в твое владенье!»[2] Ныр: «Уыцы фыдæвзарæнтæн куыд ныф-фæрæзтам?» – тыхстæй фæрсæм бар-æнæбары нæхи. Фæлæ нæ дзуапп агурынмæ дардмæ цæуыны сæр нæ хъæуы. Поэт нын йе 'мдзæвгæйы æмбæлон, стæй иууыл растдæр æмæ зæрдæмæдзæугæдæр дзуапп кæны йæхæдæг:

Ызнаджы цыргъ фат-иу
аланы фæсонтæй
йæ бырынкъ радардта,

[1] Давит-Сослан.
[2] Ч а х р у х а д з е. Тамариани (XII – XIII в. в.) // Г а г л о й т и Ю. С. Алано-Георгика. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 58 ф.

ызнаг-иу алантæн
сæ рæгъæуттæ атардта.
Афтидармæй 'фснайдтой
сæ хæхты сæ сæртæ.
Уадз, фесæфæд фос,
ма тæрсут,
не 'взаг ис немæ
æмæ та йемæ
ногæй ферттивдзæн не 'хсар
дунемæ!

Æмдзæвгæ публицистикæйы фæлгæттыл амад кæй у, уый курдиатджын æмæ фæлтæрд поэтæн фадат дæтты иу хъуыдыйæ иннæмæ æнæракæ-бакæ, сæрибарæй хизынæн, æмæ дзы арæхстджынæй пайда кæны автор. Уацмысы рæнхъыты, поэты кæм бафæнды, уым сæ, карды æрцъыккау, кæй фæлыг кæны, уымæй йæ ныхасы уаг хизы бæрзонддæр. Зæгъæн ис, æмдзæвгæ ахæм бæрзæндмæ кæм сырзæт: «Не 'взаг ис немæ æмæ та йемæ ногæй ферттивдзæн не 'хсар дунейæ!» – ууыл дæр æй фæуыдаид поэт, чысыл фæивгæйæ. Фæлæ уæд æрмæстдæр уыдаид иумыййаг корреспонденци аивадон уацмысы формæйы. Хадзы-Муратмæ ахæм уацмыстæ цъус нæй. Фæлæ афтæ бирæ цы ирон æвзаджы уарзта, уый тыххæй ам йæ бон нæ бацис йæ ныхас информацийы хуызы фæуыныл.

Æви афтæ уымæн у æмæ йæ ныхасы хъæд, чи зоны, æгæр фæзмоционалондæр кодта. Фæлæ уый хыгъд, ардхæрæгау, ралæмæрста йæ зæрдæйы рис, йæ фæрсыгъд хъуыды. Æмæ мах дæр бафтауы сагъæстыл. Нæ цард, не 'взаг, нæ фидæны тыххæй катайыл. Æвзаг, мадæлон æвзаг кæмæн ис, уымæн Фыдыбæстæ, наци æмæ фидæн ис. Мадæлон æвзаг кæмæн нæй, уымæн бынтондæр ницы ис æмæ ницы уал уыдзæнис. Абайты Васойы загъдау: «Нæй æвзаг – нæй адæм».[1]

[1] Письма Вассо Абаева. – Цхинвал, 2008. – 4 ф.

Уыдон искæй искæуыл ардауын кæнæ тæрсынгæнæн дзырдтæ не сты. Уый не 'гъатыр царды æгъатыр рæстдзинад у. Тыхджын дæ куы фæнда, уæддæр йæ сæрты нæ атæррæст кæндзынæ. Нæдæр йæ иувæрсты ис ахизæн.

Уыдæттæ Хадзы-Мурат, о, куыд хорз зыдта! Куыд арф сæ иста йæ зæрдæмæ! Нæ сæ уыдис йæ бон ферох кæнын, искуыдæм сæ фæлидзын. Уымæн æмæ йын хордтой йæ уд. Цардысты, фыдызнæгтау, фыдцардæй йæ хуылфы, йæ хъуыдыйы. Кæдæмфæнды лыгъдаид, цыдысты йемæ.

Йе 'мдзæвгæйы йæ зæрдæйы судзæгтæ, хъарæггæнæгау, сæ кæрæдзийы фæдыл уымæн нывæнды амæй-айфыддæр æмæ зæрдæуынгæггæнæндæр хъуыдытæ:

Ме 'взаг –
мæ мады æхсыр,
мæ сабион авдæн!
Æз кæд искуы дæу
зулдзыхæй схай кæнон фаутæн,
æз кæд искуы дæуæй
базар кæнын байдайон,
баивон дæ,
уæд мæн се 'мгад ыскæнæд
æнаккаг цъæх сырдтæ,
уæд ælгъгæнгæ мæ номыл
ысдзурæнт дæ дзырдтæ!

Поэт уый тыххæй нæ риссы, уый тыххæй нæ дуды æмæ йæхи удæн йе 'взагæй исты пайда агуры. Нæ, уымæн фаг у, йе 'взаг йæ «цыртыл куы ныффыса 'нцойы ныхæстæ». Æмæ йын, хъыгагæн, не ‘гуыдзæгæй уый сæххæст кæнын дæр нæ бауарзта нæ цæст – йæ цыртыл, нæ худинаг, не ‘рцыд иронау фыст. Фæлæ йæ, алы патриотау, афтæ фæндыд, йе 'взаджы зæлтæй цъæх-цъæхид куыд дара йæ бæстæ.

Уый хыгъд йæ ингæны ниудзæн, хъæрздзæнис, «Ирыстоны суадæттау, зæххы бынæй кæудзæнис», фæстаг поэт куы уа, поэттæ йæ фæстæ куынæ уал уа, куы нæ хъуса «иронау Къостайы сидт тохмæ, иронау Отеллойы богътæ».

Афтæмæй поэты публицистон ныхас ахызт поэтикон ныхасмæ. Бæрзонд ныхасмæ. Æмæ уый бакодта мадæлон æвзаджы уарзт. Ирон поэзийы æвзист дуджы Хадзы-Мураты ацы ‘мдзæвгæ – «Ме ‘взаг» у мадæлон æвзаджы тыххæй гимн; ирон дзырдаивады цæсгомаразæг æмæ æвдисæг.

Мадæлон æвзагыл æнустæм æнувыд, иузæрдыг уæвын, фæцудын, цъыфмæ йæ ма ‘руадзын поэтæн йæ туджы уыдис. Дзырдæн цы стыр аргъ кодта, цы бæрзæндмæ йæ иста, дæлейæ йæм уæлæмæ куыд кастис, уый бынтон ирдæй зыны йæ символикон æмдзæвгæ «Дзырдтæ»-йы.

Дзырд ын у удгоймаг. Йемæ ныхас кæны зæрдæйæ-зæрдæмæ, лæгау-лæгау, кад ын кæны, æвæджиаджы цæстæй йæм кæсы, афтæмæй. Æмæ раст кæны. Адæймагæн дзырд йемæ райгуырд, цъыфæй рахызт: «Къуыпмæ схызти / цъымара, цъыфджын дзыхъхъæй / схызти, сбырыд / æмæ слæууыд хъуынджынæй, бæгънæгæй…» – фæлæ сæрттывта, зæххы цъарыл иууыл уаздæр цы у, уыйау. «Уарзт адæймагон куынæ уа, уæд уарзт нæу. Чи дæ нæ уарзы, – ма цæр йемæ, кæд æй дæхæдæг уарзыс, уæддæр. Кæй нæ уарзай – ма цæр йемæ, кæд дæ йæхæдæг уарзы, уæддæр. Уарзт дыууæрдæм куынæ уа, уæд хæссы хъизæмар. Уарзт дыууæрдæм куынæ уа, уæд дæхи не ‘нкъардзынæ адæймагæй. Уарзт тыхджын у. Уарзт адæймагæй кæны адæймагон адæймаг»,[1] – дырдта Хадзы-Мурат æмæ уарзтмæ йæ зæрдæйы рæстдзинад равдыста ацы ‘мдзæвгæйы дæр. Йæ хъайтартæ – «Дзырдтæ – / лæджы скæнгæ / иууыл бæрзонддæр хæзнатæ» йын алцæмæй æнæлаздæр, сыгъдæгдæр, рæсугъддæр сты, сæ «цуры цы давынц, цы давынц Эльбрустæ, Сæнатæ!» Уымæн æмæ дзы фыццаг дзырд райхъуыст: «Уа-уа-уар-зын!»

Поэтмæ нымады не сты, трибунæйæ чи рахъил вæййынц, дзырдтæн чи нæ фæаргъ кæнынц æмæ сæ бырæттау «æйттæй дзыллæты ‘мбырдæн» чи фæкалынц, уыцы кæнгæ оратортæ.

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Арвистон. – Цхинвал, 1988. – 397 ф.

Дзырдаивады дæснытæ дæр алыхуызæттæ куыннæ вæййынц. Йæ хæлар Евгений Евтушенкойæ дзырдта: «В Литературном институте, сидели за одой партой. Иногда во время лекций, когда они были скучные, затевали стихотворную игру – буриме: я задавал рифмы, а он по ним тут же сочинял стихи – самостоятельные по мысли, безукоризненные по форме. Он дарил мне свои книги, сам угощал пивом и сам же говорил «спасибо».[1] Афтæмæй Евтушенко дзырдтæн «нæ тæригъæд кæны»: «Бросаю слова на ветер. / Не жалко. Пускай пропадают».[2] Дзуццайы-фырт та дзырдтæн ардбахæрдау дзуры, дæлæмæ хауын сæ кæй никуы бауадздзæн, сæ кад сын дæлæмæ æппарæг æнаккаг кæй уыдзæн:

Цы хъуамæ уат, дзырдтæ,
тæфласау куынæ ласат поездтæ,
бæркадау куынæ цæуат алкæд
мæ бонгуыстмæ.
Фæхъусынц уæм адæм, –
уæд та сæм куы хъарид
уæ улæфт хæрзчысыл,
цæуылнæ, цæуылнæ æууæндынц
уæ тыхыл, уæ ныфсыл?!

Уый куынæ уа, уæд цард ныллæудзæн йæ размæцыдæй. Аздæхдзæнис фæстæмæ. Дзырд фесафдзæнис йæ мидис, йæ тых, йæ рæсугъд æнгæс. Адæм схъæддаг уыдзысты æмæ кæндзысты, «хъæддаг лæгау, æнæдзургæйæ» богъ-богъ. Æмдзæвгæйы «лæджы сæры аргъ, лæджы ном æмæ кадыл дзурæг»,[3] – уымæн хоны Æлборты Хадзы-Умар.

Хадзы-Мураты сфæлдыстады суанг йæ фыццаг поэтикон фæлварæнтæй фæстæмæ, куыд уынæм, афтæмæй Фыдыбæстæ, мадæлон æвзаг æмæ мады

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Арвистон. – Цхинвал, 1988. – 422 ф.
[2] Евтушенко Евгений. Стихот. и поэмы в 3 т. Т. 2. – М., 1987. – 394 ф.
[3] Æлборты Хадзы-Умар. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1988. – 243 ф.

тыххæй йæ ныхас вæййы арæхстгай, зæрдæбын æмæ уарзгæйæ. Æнæуый дæр дзырдтæ æвзарынмæ дæсны уыд. Дзодзийы дурау-иу сын ссардта се 'рæвæрæн, цæмæй сыл уæз цæуа, зыной. Йæ хуыздæр уацмыстæ иууылдæр афтæ фыст сты. Фæлæ йæ зæрдæйæн уарзондæр цы темæтæ уыдысты, – Фыдыбæстæ, мадæлон æвзаг, ныййарæг мад, – уыдоныл фысгæйæ-иу цыма сæрмагондæй фæцархайдта дзырды зæрингуырдæй агæпп кæныныл, йæ алы хъуыды дæр чиныгкæсæджы зæрдæйы ныппарыныл.

Мад йæ хъæбулы поездыл куы фæндараст кæны цæгатмæ ахуырмæ, уæд ын йе 'нгуылдзтæ балхъывта йæ армы. Амоны йын зæндтæ, цыма йæ тохмæ æрвиты: «Мах зымæг, дам, у хъармдæр цæгаттаг сæрдæй. Бад-иу мидæг, æмдзæрæны, хъармы».

Цыма дзы ногæй, æнæфехъусгæ, æнæфенгæйæ ницы ис. Мад тыхсы йæ хъæбулыл. Хъæбул та дис кæны: «Эх, мæ ныййарæг, еныр ды афтæ кæм дæ, уым куыд кодтаис уагæр, куы цыдаин хæстмæ». Алчи дæр нæ цыма уыдис уыцы уавæры. Зонæм дзы алцы дæр. Фæлæ йæ поэт аивадон хуызы кæй равæрдта æмæ йæ куыд равæрдта, уый нын у цымыдисон.

Ноджы цымыдисондæр та... даргъ æмдзæвгæ йæ схонæм æмæ, æмдзæвгæйæн, æцæг, æгæр даргъ у – цъæл рæнхъытæй æрдæг мыхуырон сыфæй фылдæр. Автор æй йæхæдæг нæ хоны кадæг, афтæмæй лирикон кадæджы домæнтæн дзуапп дæтты. «Дзыццайы мælæт»-æй зæгъын.

Фæлæ сæйраг, æмдзæвгæ у æви кадæг, уый нæу. Чиныгкæсæджы йæхимæ ælвасы йæ аив, уарзгæ афыст æмæ цымыдисон нывæстæй. Поэт лирикон хъайтары хуызы мады тыххæй йæ зæрдæйы хуызтæ куыд равдыста, куыд сæ равæрдта, арвы роны хуызтау, æддæг-мидæг ауадзгæ, уый у хъусæрдарыны аккаг. Уацмысы цы поэтикон деталтæ, цымыдисон цаутæ ис, уыдон сæ аивæй, мыхуырæвæрдау, аззайынц зæрдæйыл.

Уацмыс суанг йæ фыццаг дзырдтæй æрцахсы, йæхимæ æркæсын кæны поэзиуарзджыты. Иу деталь дын амоны иннæмæ, иу цау дæ сайдзæнис иннæйы фæстæ. Афтæмæй дæ нæ фæнддзæн уацмыс æрдæгкастæй ныууадзын. Уый та йæ бон бавæййы курдиатджын фыссæгæн.

Лирикон хъайтары мад амард зæрондæй. Уæлæуыл ничи баззад. Уæддæр, лирикон хъайтармæ афтæ кæсы, цыма йæ уарзон мад æгæр раджы ахицæн уæлион цардæй. Цыма йын амæлын афон нæма уыд.

Æмæ кæд вæййы уыцы афон? Мæлыны афон. Къоста æвзонг хохаг чызджы мæлæты тыххæй куы дзырдта, цард, дам ын цагъарад, тох æмæ фыдæбонæй дарддæр иу уыцм сæрибардзинад нæ радтаид уæддæр æмæ, зæгъы, «Хорошо умеретъ в ее годы»,[1] – уæд Хадзы-Мураты лирикон хъайтар афтæ тынг цæмæн хъæрзы йæ зæронд мады мæлæтыл? Ахæм хъуыды уайтагъд ацахсы чиныгкæсæджы.

Хуыздæр у, авторæн байхъусæм йæхимæ:

Амард мæ мад, –
зæрондæй,
фæлæ уæддæр æгæр раджы,
Мæлдзæн –
зыдтон æй,
фæлæ афтæ тагъд – кæм зыдтон.
Æнæнхъæлæджы
нæ фæдæн æрвдзæф,
æмæ æнæхъуаджы
Нæ нынкъуыст мæ цард –
мæ дзæнæт, мæ зындон.
Уымæн – зындонмæ нæ, –
йæ уд кæмæн уыд зæриндæр,
Уымæн – дзæнæтмæ,
фынгтæ, фынтæ
æмæ дзырдты хæрзтæм.
Æз, цыма суæгъд дæн, ссæрибар,
фæлæ, уæуу, уыцы сæрибар! –

[1] Хетагуров Коста. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1974. – 155 ф.

Цалынмæ царди, –

фæндаг мын нæ уыди

мæрдты бæстæм.

Лирикон хъайтары ныхасыл куы æууæндæм, – ænæууæндгæ та йыл цы ис, йæ афыстæй, – уæд-иу йæ рыст уд йæ хъуырмæ ссыд, низтæй-иу ын снарæг, мælæт-иу ын æвнælдта йæ риумæ, фæлæ йæ сырдта йæхицæй. Йæ ныййарæджы уарзт ын нæ лæвæрдта æнцой. Куы сразы уа мælæты фæндоныл, кæнæ йæ къух куы райса йæхимæ «нæмыгæй, бæндæнæй», уæд кæмæн ныууадздзæнис йæ мады?

Уацмыс цы аз æрцыдис фыст, 1991-æм азы, уæд италиаг газеты сæрмагонд уацхæссæг Джульетто Къэза дзырдта: «На каждом шагу мы видим кошмарные картины, где ужась сочетается с безнадежностью. Сравнивать просто не счем. Даже с Авганистаном, хотя война там была кровавой и беспощадной».[1] Ахæм уавæрты химæ къух сисын дæр диссаг нæу. Фæлæ алы хатт дæр адæймаджы цыдæр кæнæ чидæр фæуромы цæрдтæй мæрдты ‘хсæн. Цæрын æй нал фæфæнды, фæлæ мæлын дæр нæ вæййы йæ бон. Хадзы-Мураты хъайтарæн уый у мады уарзт. Тарст, йæ фæстæ еудодой, хъарæг куы кодтаид: «Кæмæн мæ ныууагътай дæ фæстæ? Чи ма мæ бавæрдзæн?!» Æнцой йын нæ лæвæрдта, йæ мадыл фыдусы фыдæлгъыст куы æрцыдаид: «Дæ хъæбулты баныгæн, сæ быныл сын баззай!.. Æдас нæ уыд, æххуысагур куы зылдаид, «куы ничи йын загътаид» «гасцуай», – уæд æм мæрдтæй дæр æхсайдтаид йæ зæрдæ.

Мæрдтæй зæрдæ фæстæмæ æхсайын хорзы нысан нæу. Уый фыдмæ сайы. Æмæ дзы тарст уацмысы хъайтар. Фæлæ йæ мад йæ уæлион хъизæмарæй куы фервæзт, йæ фæстаг æнусон фæндагыл куы ацыд, йæ хъæбулы уæлион царды куы ницыуал урæдта, уæддæр, – диссаг, – йæ хъизæмæрттæ нæ фæкъаддæр сты:

[1] К ъ э з а Д ж у л ь е т т о. Цхинвал – осажденная крепость / Стампа. Турин – Ирон газет, 1991. № 6. – апрель.

Амард мæ мад,
дымгæ йын æнкъуыста
йæ табæтæмбæрзæн – зæлдаг,
Хурæй фæззыгон
хъарм, фæлмæн хуызтæй
фæлындзыдта
Амард – æмæ мын мæрдты бæстæм
байгом кодта фæндаг,
Фæлæ ма
кæмæ бадзурдзынæн:
«Оуу, мæлын, дзыцца?!»

А-а, – ам адæймаг æнæфестъæлфгæ нæ фæуыдзæнис. Цард цæфхадæй сæфтæджы астæу дæр адджын у. Æмæ иугæр лирикон хъайтарæн мæрдты бæстæм фæндаг куы байгом, уæд, донласт йæ ауоныл куыд фæхæст уа, уыйау, цæмæй ноджы рацæра, уый тыххæй цардыл фæхæцæн ссардта – «Фæлæ ма кæмæ бадзурдзынæн: «Оу, мæлын, дзыцца?!» – уæд ын дарддæр æнхъæлмæ кæсæн ис йæ уды сагъæстæм. Уæлдайдæр, уыцы рæстæджы адæймаг цынæтæ уыдта: «Покуражившись три недели в Цхинвале, «милиционеры» ушли из города, увешанные трофеями – колбасой, реквизированными телефонами, кинжалами, костюмами из театра».[1]

Дзуццайы-фырт йæ уацмысæн, зæгъæн ис, æвзæр формæ не ссардта. Уæлдайдæр, йæ райдианæй. Æрцахсы кæсæджы: ныббæтты йæ кадæгмæ, æмæ нын йæ хъайтары дзыхæй дзуры йæ зæрдæйы сагъæстæ ныййарæджы тыххæй дæр, йæхи тыххæй дæр, дуджы тыххæй дæр... Дзуццаты Зæлинæ раст загъта: «Чиныгкæсæг æнæбафиппайгæ нæ фæуыдзæн, Хадзы-Муратæн йæ ныййарæг мады тыххæй йæ зæрдæйы цы диссаджы дзырдтæ царди, уый».[2]

[1] Ш а п о в а л о в О. Внимая ужасам войны… / Комсомольская правда, 1991. – 2 март.
[2] Д з у ц ц а т ы З а л и н æ. Фæсныхасы бæсты // Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 209 ф.

Уыцы дзуринæгтæ сты бирæ æмæ алыхуызон. Зæрдæйыл фыццаг чи аззайы, уыдон – царды тыххæй мады буцтæ йæ хъæбулæн. Кæмфæнды сæмбæлдаиккой – хъæуы кæнæ сахары, ныййарæгиу ын, йæхицæн дзурæгау, уайдзæфтæ кодта: «Алчи дæр, дам, алы амалæй архайы, аразы», ды та, дам, нæ сайынмæ арæхсыс, нæ – хин мимæ:

Акæс-ма, дам,
ис сын алцы дæр –
хæдзар уа, дыргъдон, зæгъай,
Ды та, дам –
кус, фысс, цъæл кæн дæ сæр,
фæлæ цæй сæраппонд?
Адæм, дам, – хъæлдзæг, цинæфæст,
дæуæн та, дам – фыдбон дæ хай,
Уæд та дæ рæстмæ ус....
Цæуылнæ дæ фæци
хуыздæр амонд?
Акæс-ма, дам,
цас сын æнтысы, цытæ,
сæ хистæрæн уа, сæ кæстæрæн,
Æхсæв уа, бон уа –
иудадзыг –тона,
бындар фæуой, сау бындар…
Æмæ фæстагмæ-иу
байдыдта хъарæгау:
Адæмæй уæлдай, дам,
гомæй цæмæн федтон арвы дуар?!

Ацы уацмыс поэт сфæлдыста, Ирыстоны хуссар хайыл нæ фыдбоны сыхæгты ‘рдыгæй иууыл дудгæбондæр, судзгæбондæр дуджы – 1991-æм азы

фæуды. Лæгмартæн, йæ цæсгомæн чи аргъ кæны, уыдон комкоммæ дзырдтой: «Пришедшие к власти в Грузии так называемые «демократы» приступили к воплощению своих националистических и шовинистических планов».[1] Аивады ацы формæйы авторæн йæ бон уыд хуымæтæджы (æви сæйраг уыдон сты?) цардуагон хъуыддæгтæй – ныййарæг æмæ хъæбулы уарзтæй дарддæр ахызтаид нæ дудгæбойнаг царды судзагдæр фарстытæм, равдыстаид, йæ лирикон хъайтар æмæ йæ мад, цæмæн æййафынц æфхæрд, давæг лæбурæг цы бартæй тухы фиу, æмæ æндæр ахæм хабæрттæм. Фæлæ дзы поэт равзæрста, ныртæккæ Ирыстон, иууыл тыхстдæр цæй тыххæй у, уый – нæ фыдбоны сыхæгтæ, нæ фыдæлты зæххытыл чи цæрынц, нæ уыцы фыдбоны сыхæгтæ ныл алы цъыф куыд калынц, цыма мах уазджытæ, æрцæуæггæгтæ стæм; куыд нæ хъавынц сæ бирæйæ ныццæгъдынмæ, уыцы проблемæ. Суанг хъарæггæнæг устытæ, диссаг куыннæ у, æцæгæй хæлæг кæнынц судзаггаджы мардмæ:

Айæппæт дудгæбæттæй
чи нал дуддзæн,
Айæппæт судзгæ мæрдтæй
Чи нал судздзæн.
Ды, дам, амондджын дæ,
де 'нусон бынатмæ, дам, бафтыдтæ,
Скодтой дын мæрддзæгтæ,
æрæвæрдтой аккаг фынгтæ,
Мах, дам, чи зоны,
нæ сыджытыл дæр нæ сæмбæлæм,
Мах, дам, чи зоны,
кæм ныххауæм, кæм ныммæлæм.

[1] Щ и п о н и к о в А н а т о л и й. Демократия? Нет, национал – шовинизм! / Литературная Россия, 1991. – 17 май.

Ереды 1991-æм азы, тæргæйтты мæйы 18-æм бон дыууадæс ирон лæппуйы ардæгсыгътытæй куыд баныгæдтой æмæ цалдæр боны фæстæ дæр зæхх куыд змæлыд; 1992-æм азы Зары хъæды кæхцгæнæны мæйы 20-æм бон лигъдонты сабийæ, сылгоймагæй цы æгъатыр цагъдæй скуынæг кодтой, уый фехъусгæйæ сырд дæр ныррызтаид: «грузинские гвардейцы, устроив засаду у села Кехви, расстреляли 2 грузовика с осетинскими беженцами… раненных добивали выстрелами в звтылок. За эту кровь ответственны также правительства Росси и тех стран, которые признали правительство Грузии…»[1] Æмæ æрвыл бон ахæм æнахъинон фыдхабæрттæ чи хъуыста, уымæн бар уыдис афтæ хъарæг кæнынæн.

Фæлæ диссаг у ирон удыхъæд. Хадзы-Мурат уыдæттæ тынг хорз зыдта, æмæ сæ ныв кодта, йæ курдиат æй куыд амыдта, афтæ. Уый, йæ курдиат та йæ, табу – Стыр Хуыцауæн, амыдта. Æмæ уыцы дудгæбоны, хъарæггæнæг устытæн сæ мæрдтæ кæм сырдты холы фæуыдзысты, уый дæр куынæ зонынц, уæддæр уымы бæстæм «сæ минæварæн» фæдзæхсынц, цæмæй мæрдты бæсты ма радзура уæлион царды фыдгæнд митæ. Тæрсынц, уым мæрдтæ куы ныххойой сæ сау къæйтæ, куы нынкъуыса, куы ныррiза сæ мастæй зæхх:

Скъуыдтæ кæндзæн, лæбырæнтæ,
фосæй, цæрæгойæ, адæмæй
æмæмбу ныккæндзысты,
Æнæкалд ма кæм цы баззад,
уыдон дæр ныккæлдзысты.
Зæххæнкъуыст-мæрдты бунт:
цæмæн у уæлæуон цард
сæлхæруат, зинуат,
Цæуылнæ дзы ис
хæрзвæндон, фидауц,

[1] Ш у т о в а Т а т ь я н а. Прости, Осетия… / Литературная Россия, 1992. – 17 июль.

хæрзархайд, рæстдзинад?!

Хадзы фæлтæрд поэт уыдис. Фæлтæрд æмæ курдиатджын поэт. Хорз зыдта, йæ уацмысæн цы æрмæг иста, уый æмæ йæм кæцæй æвналгæ уыдис, уый дæр. Уыцы хъуыддаг йæ поэтикæмæ хауы, æмæ йын поэтикон амæлттæ, фæзилæнтæ амонын нæ хъуыдис. Мæскуыйы литературой институты хорз скъола йыл бæрæгæй зынд. Хъарæггæнæг устытæ сæ дудгæбæттæ уымæн нæ хъæр кæнынц мæрдтæн.

Фæлæ уыцы судзаггаг хабæрттæ дзурынæн поэт ссардта æндæр амал: «Дзыццайæн уæлмæрдты æвдæм бон кодтам. Уæлмæрдтæ – хъæуы сæрмæ, уæлвонг ран, æрдæгкалд мæсгуыты цур. Цыма дзы уыдон, мæсгуытæ, сты мæрдтæн цыртытæ. Нæ худтæ куыд систам, агуывзæтæ рухс зæгьынмæ нæ къухтæм куыд райстам, афтæ, æваст, æввахсдæр мæсыгæн йæ рæбынæй стахтысты хъазтæ. Алырдæмты сæхи асхуыстой, сæ хъæрæй комбæстæ сæ сæрыл систой»,[1] – дзырдта поэт.

Авторы ныхасыл нæ дызæрдыг кæнын. Æрмæст, хъазты фæлгонц, кæд æцæг хабар уыдис, уæддæр зæрдыл лæууын кæны Расул Гамзатовы зырнæджыты.[2] Зырнæджытæ – хæсты фæмардуæвæг æдзард хæстонты удтæ; хъазтæ – уæлмæрды ныгæд мæрдты удтæ. Фæлæ хъазты фæлгонц поэтæн фадат радта йæ зæрдæйы æмæ нæ зæрдæты мæстытæ скалынæн. Ахæм фæзмын æнцонæй быхсы зæрдæ. Æмæ лирикой хъайтар дзуры мæрдты удтæм – хъазтæм, ома фæдис кæнут, ма нæ фæсурут:

Кæннод баззайдзыстут дзæгъæл,
хъысмæт уын басгуыхдзæн
фыдмæнгард.
Æмæ, бецау, кæндзыстут
дыккаг мард, æцæг мард.

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 107 ф.
[2] Г а м з а т о в Р а с у л. Стихи и поэмы. – М., 1974. – 251 ф.

Ардæм уæм æрцæудзæн
хъæддаг лæг, хъуынджын лæг.
Æмæ уæ фæкæндзæн
йæ уды фæндиаг хынджылæг,
Уе стджытæ уын басудздзæн
бамбæхсдзæн уын
уæ уæлæуон лæвæрттæ
Æмæ зæгъдзæн, ам, дам,
бынтондæр
нæ уыд уæлмæрдтæ!

Уæлæуон ныхасмæ кæй ничиуал хъусы, кæй никæйуал уырны, æмæ «хъуынджын лæг» йæ уды мондæгтæ марыны тыххæй фæйнæрдæм тугмондагæй кæй лæбуры, ноджы йын йæхи хуызæттæ ком кæй дæттынц, рæстдзинады сæрыл сæ ныхбакъуырæг кæй ничи зыны, уый мары поэты. Уыцы зæххон æнæраст хъуыддаг æй судзы. Рæстдзинад ссарыны тыххæй нырууырдыг вæййы «мæрдты удтæм» – хъазтæм, цæмæй бафæрсой, уым цы фыдæлты стджытæ уадзынц дзæнæты сæ фæллад, уыдоны:

Зæгьæд-ма, чи уыдысты, цы 'взагыл дзырдтой
балтайæггæ, къуыдайрæгтæ
кæнæ тылийæггæ?
Зæгьæд-ма, мцхетæгтæ,
уырдыгæй ацырдæм
мах цæмæн къахтой –
скъуыдтой, калдтой –
æдуидæгтæ?
Цæмæй дзы
сæхи уидæгтæ сагьтаиккой,
сæхæдæг дзы тау суагьтаиккой?

Ам, дам, ирон нæ цард, –

сæ фæстагæттæн

хъæбæрæй

загъта иккой?

Æмæ поэт кæд æргом нæ дзуры, уæддæр, алцæмæ йæ хъус лæмбынæг чи дары, ахæм чиныгкæсæг фæхатдзæнис, уацмыс афтæ цæмæн райдайы: «Амард мæ мад зæрондæй, фæлæ уæддæр – раджы». Базондзæнис ын йæ амæлæты аххосаг. Стæй – сындз уагъылыты «хæцаг сындз хæстæй» цæмæннæ уал тарст, уый дæр. Бамбардзæнис, уагъылытæ цæмæн тыдта, дидинджытæ рæсугъддæр куы сты, уæд.

Уыдæттæ Хадзы-Мурат комкоммæ нæ, фæлæ фæдзырдта аивады хуызы. Аивады æвзагæй дзурын та аивады кусджытæй дæр алкæй бон нæ вæййы, хъыгагæн. Нæ поэты бон уыдис, фæлæ йæ царды фæстаг иуæндæс азы йæ курдиат дæр, йæ аивад дæр, æгæрыстæмæй, йæхи дæр æнæхъæнæй снывонд кодта Ирыстоны сæрибардзинадæн. Адæймагмæ афтæ дæр фæкæсы, цыма поэт рагæй хъуыды кодта, йæхи сæрмагондæй цæмæн снывонд кæна. Кæмæн, уый бæрæг уыд – йæ адæмæн. Фæлæ нацийæн хъуамæ уа идейæ – стыр, рухс, бæллиццаг. Хъуамæ тырна уымæ. Цæуа йæм. Историк Дзидзойты Валери фидарæй уымæн зæгъы: «Считал и считаю, что Осетия должна быть единой и неделимой…»[1] Уымæ бæллыд поэт.

Ахæм идейæ советон ирон салдатæн уыд йе 'гæрон Фыдыбæстæ – Советон Цæдис æмæ уыимæ Ирыстоны æвæджиаг зæхх, советон адæмы æмæ уыдонимæ ирон адæмы фыдтæй, фашизмæй хъахъхъæнын. Æмæ сæ хъахъхъæдта. Йæ лæджыхъæдæй, йæ удæй. Революцийы дуджы цы сæрибардзинад райстой адæм, уый тыххæй йæ сæр хаста нывондæн. Æмæ разы уыд йæхицæй. Фæллойгæнæг адæймагæн йæ фыдæбоны фæрцы йæ бон цыдис цæрын, фидæныл хъуыды кæнын.

[1] Дзидзоев Валерий. Проблема объединения разделенного осетинского народа в контексте перспективы независимого государственного строительства в Южной Осетии (исторический и политико-провавой аспекты) // Коллектив авторов. Национальная идея и государственная политика. – Цхинвал, 2012. – 68 ф.

Уыдæттыл Хадзы-Мурат иу æмæ дыууæ уацмысы нæ ныффыста. Æппæлыд сæ, зарыд сыл, йæ бон куыд уыдис, афтæ («Октябры бон», «Къухтæ», «Быдыргæс», «Партбилет», «Сталинград, 1943 аз», «Шакро», «Ирыстон» æмæ бирæ æндæрты).

Гафез дзы уымæн дзырдта: «Фыццаг ныхас»-ы автор царды, дзыллæйы 'хсæн йæ хæс зоны æмæ йæ фидгæ дæр кæны, зонд æмæ йын æвзаг чи радта, цæрæнбонтæм бузныг кæмæй у, уыцы уарзон адæмæн. Поэты сæйраг предмет, йæ хъус æмæ йæ цæстæнгас æппынæдзухæй кæмæ дары, уый у ног рæстæджы кусæг, архайæг, размæтырнæг адæймаг, æхсæнадон царды активон хайадисæг æмæ, йæ алфæмблай чи ис, уыдон чи разæнгард кæны, ахæм адæймаг».[1]

Фæлæ уæды идеалтæ – революци, Стыр Фыдыбæстæ, адæм, хæлардзинад, хи къухты фæллой æмæ æндæртæ æркалдысты иу бон. Адæмы знæгтæ адæмы бакодтой тугдзых сырдты бæрны. Давын, стъигъын, марын... – алы фыдгæнд систы хъæздыг кæныны хос.

Æмæ Дзуццайы-фырт Фыдыбæстæйон хæсты æдзард хæстоныл ныффыста йæ хуыздæр æмдзæвгæтæй иу – «Цыртдзæвæн». Хадзы-Мураты чиныг «Дыууæ дуджы астæу»-ы редактор Дзуццаты Зæлинæ куыд зæгъы, афтæмæй йæм хъысмæт «фыдусы цæстæй» куы ракаст: «Хуссары хур æй рухс нал кодта. Цæгаты хур та – тавгæ»,[2] – уæд.

Уыцы хъуыдыйы тыххæй раздæр базонгæ стæм историон зонæдты доктор Бзарты Русланы хъуыдыимæ æмæ йыл дарддæр нал дзурдзыстæм. Фæлæ поэты хъæбатыр салдат хæсты фæмард æмæ йын фæндаггæрон сæвæрдтой цыртдзæвæн. Кад ын кодтой, йæ цард Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау нывондæн кæй æрхаста, уый тыххæй. Фæлæ ныр йæ сагъæсты тарæй йæ рухс цæстæнгас райдыдта тайын. Нырхæндæг. Нал зоны, цæуыл тох кодта. Цæмæй милиционер алы шофыры «ælвына», уый тыххæй? Чи зоны, давджытæ, хицæуттæ, гæртамисджытæ цæмæй галуантæ аразой,

[1] Г а ф е з. Ныфсджын ныхас // Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Фыццаг ныхас. – Сталинир, 1956. – 5 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы З а л и н æ. Фæсныхасы бæсты // Д у ц ц а т ы Х а д з ы-Мурат. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 211 ф.

уымæн? Æви кæйдæр адæмы дæлбазырæй йæхи адæммæ уасæджы каст чи кæны, уыдон фарнæн?

Æдзард салдаты мад та йæ кæлæддзаг къæсæй низæфхæрдæй рахилы, фæлæ йæ иу хъуыдыгæнæг нæй. Æгъдау, фæтк кæм нæ уа, уым фистæг бæхджынæн – дондзау. Уадз, фистæг бæсты бикъ, комы дæгъæл, Чырысти дæр фестæд. Уымæн æмæ цард сзыгъуыммæ вæййы гауырты аххосæй. Уымæн æхсиды фæсайдуæвæг æдзард салдат:

Дæлæ, – дæлейæ, –
кæнынц нын
нæ райгуырæн зæххыл дау,
Нæу, дам, сымах зæхх,
æмæ нæм лæбурынц сырдау,
Ам, дам, цæрут
Хуыцауы фæндонæй нæ –
хæйрæджыты ардыдæй.
Сымах, дам, уазджытæ стут,
æмæ, дам, фесæфут ардыгæй.
Ау, кæд мах зæхх нæу,
уæд хæстмæ цæй тыххæй фæцыдтæн,
Кæй зæххы сæрвæлтау
хæцыдтæн?!
Иронау, дам, ма дзурут,
ма кæнут гъе-гъе,
ма зарут уæрæйдæ,
Уæ хуыз, уе ‘взаг
æмæ, дам, уе ‘гъдауæй
ма ут ирæттæ.

Нæ фыдбоны сыхæгты уыцы цъыфкалæн, удмарæн, æнæадæймагадон æмæ æнæ бындур дамтæ æмæ, ома, уынаффæтæй Хадзы-Муратæн æрмæст йæ лирикон хъайтары зæрдæ нæ рыст, фæлæ – йæхи зæрдæ дæр; æрмæст сæм йæ лирикон хъайтары уд нæ дудыдта, фæлæ йæхи уд дæр. Дзуццаты Зæлинæйы хъуыды уымæн – æвдисæн: «зæххыл дæр уæззау къахдзæф никуы ‘ркодта, рас ын цыма фæриссынæй тарсти…»[1]

Нал зыдта æрбадт, æрхуыст. Йæхи раппар-баппар кодта. Дзырдта нæ фыдызнæгты ныхмæ, тох кодта æмæ тохы ныфс уагъта, рæстдзинады фарс чидæриддæр уыдысты, уыдон зæрдæты. Зылдис хæстон лæппутыл. Тарст йæ хъæбултæн æмæ Ирыстоны хъæбултæн. Æнцой йын нæ лæвæрдта, нæ разагъда фыдæлтæ сæ удтæ кæй тыххæй æмæ цæй тыххæй фæхордтой, уыдæттæ. Сæрыстыр сæ уыд: «Ирон адæм сæ равзæрдæй фæстæмæ иугæндзон хæтæнты, стæрты, тохы уыдысты. Номхæссæн у сæ хъæбатырдзинад, сæ хæстон курдиат».[2] Рыст, нæ рæстаг тохы иунæг цæмæн баззадыстæм, æппæт уыдæттыл. Æххуысæнхъæл йæхи уымæн æппæрста Ирыстоны хъайтартæм – удуæлдай хæстонтæм.

Æдзард салдаты номæй уымæн дзуры:

Æз цæуыл кодтон тох?
Æви дзæгъæлы фæцис мæ тох?
Оххх!..
Цæй тыххæй, кæй тыххæй
хæцыдыстут,
Чермен, Бега, Хазби?
Цæмæн уæ хъуыд
уыцы карз удхар, уыцы зын ми?
Къоста, Секъа, Елбыздыхъо,
цæмæн уынæргъыдтат,

[1] Дзуццаты Зæлинæ. Фæсныхасы бæсты // Дзуццаты Хадзы-Мурат. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 211 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966. – 3 ф.

цæмæн сыгъдыстут?

Шакро, Антъон,

ælдæрттимæ тохмæ

цæмæн цыдыстут?

Хадзы-Муратæн уыцы хъайтартау – зæронд дуджы хъайтартау, йæ идеологон раздзогтау, зынаргъ уыдысты революцийы хъайтартæ. Йæ зæрдæ сыгъд советон дуджы æнæаххосæй фыдаххосджынты сыгъд бакæнæг адæм, Стыр Фыдыбæстæйæн сæрибарад хæсджытыл. Сæ хъæбатырдзинад æй æфтыдта дисы æмæ сыл зарыд, хъæбатырыл адномы ном зарын куыд фембæлы, æмæ сыл нæ фыдæлтæ алы хатт дæр куыд сæрыстыр æмæ разыйæ зарыдысты, афтæ.

Цæй тыххæй, кæй тыххæй

Сырх Тырысайы рухсимæ,

Серотæ, Алыксандртæ,

сыстадыстут революцимæ?

Цæй тыххæй, кæй тыххæй

фæцагъыдстут,

20-æм азы лигъдæттæ,

37-ы амæттæгтæ –

не ‘хсары æрттигъ фæттæ?

Цæй тыххæй, кæй тыххæй

хæцыдыстут,

Иссæ, Хаджумар, Габо?

Цæй тыххæй не стут,

ме ‘рдхорд зынгхуыстытæ,

уæ хæдзæртты абон?

Мах цæуыл кодтам тох?

Æви дзæгъæлы фæцис нæ тох?

Оххˆ!..

Хадзы-Муратмæ цыртдзæвæн йæ пъедесталæй кæй рахизы, сахарты, хъæуты адæмæн кæй «сиды сæ зондмæ, сæ тыхмæ æмæ, дам, адæммæ цалынмæ» сау митæ худинаг не ‘ркæсой, сæ марг, сæ фыдæй, дам, цалынмæ нæ фервæзой æмæ, дам, цалынмæ не ‘рцæуой хорз æмæ рæстадмæ», уæдмæ йæм баздæхынмæ кæй нал хъавы, уый хуымæтæджы нæу.

Цалынмæ уыдæттæ не ‘рцæуой, уæдмæ адæмæн нæ уыдзæнис сæйраг цæрыны хос, сæхи, сæ хъуыддæгтæ кæмæ раст кæной, фидæнмæ фæндагыл сын хъыбыллæйы хуызæн чи уа, рæдийын сæ чи нæ бауадза, уый – идейæ.

Поэтæн нæй поэтуæвæн æнæ идейæ. Уыцы хъуыддаг Хадзы-Мурат хорз зыдта. Йæ царды сæйраг æмæ æнусон идейæ уыд йæ радтæг Ирыстоны рухс фидæн фенын. Уыл зæрдæйыфаг фæрайын. Бæллыд, ирон адæмæн уый куы суыдаид, куы уыдаид алкæй идейæ дæр.

Поэт федта, ахæм идейæ – сæрибары идейæ куыд ныррухс кодта ирон адæмы зæрдæ, сылгоймагæй-нæлгоймагæй, сабийæ-зæрондæй куыд слæууыдыстæм нæ ирон паддзахад – Республикæ Хуссар Ирыстон бахъахъхъæныны сæрвæлтау.

Михаил Дудин дзырдта, Александр Блочы тыххæй ныхасгæнгæйæ: «Чем талантливее поэт, тем он крепче срастается нервными волокнами своей души с миром и временем, тем большую, по своей воле, берет он на себя ответственность».[1] Æмæ, куыд федтам, афтæмæй Дзуццайы-фырты зæрдæ æнæхъæн дунейы ристыл куыд рыст, афтæмæй йæ Фыдыбæстæйыл куыд дудыдта, уый æмбæрстгонд у.

Æнцон нын нæ уыд æмæ нæу. Ирыстоныл нæ фыдсыхæгты азарæй тугуарæн ныккодта, тугзæйæн æй фæласын кæнынмæ æрхъавыдысты, арты йæ судзынц, æмæ поэт, йе ‘мдзæвгæ «Уой, Хазби!..»-йы уыны, дугивæны нæ разы цы æнусон фарст слæууыд: «кæнæ – сæрибар, кæнæ – мæлæт». Уый тыххæй, Ирыстоны рисæй ныдздзынæзта:

[1] Дудин Михаил. Ветер времени и поэт // Блок Александр. Собр. соч. в 6 т. Т. 1. –Л., 1980. – 6 ф.

Уой, мæ Ир,
дыууæ дуджы астæу
дæ мæлæт цæудзæнис,
Нæ хур дыл,
йæ дзыккутæ тонгæ,
хъарæг кæндзæнис.
Уой, хурæй, дам, равзæрдыстæм,
йæ хъæбултæ уыдыстæм,
Уой, хур ныл нал кæсдзæн,
нал æй уындзыстæм.

Уый поэты пессимистон хъуыды нæу. Уый царды рæстдзинад уыдис. Гуырдзиаг-ирон хæст чи федта, уыдон иууылдæр зонынц, дзырд, Хуссар Ирыстон ма, стæй иумиййагæй – Ирыстон уа æви мауал уа, ууыл кæй цыдис æмæ кæй цæуы. Стæй, Ирыстоны хъуыддтыл чи тайынц æмæ руайынц, уыдон тынг хорз кæй зыдтой æмæ зонынц, уыдон иу бонон кæнæ иуазон фарстытæ кæй не сты, фæлæ сæм æппынæдзух кæй хъæуы цырддзастæй кæсын.

Поэт хуымæтæджы нæ ‘рымысыд 1830-æм азы Алыккаты Хазбийы тох Хъобангомы Дыууæдоны астæу Уæрæсейы хæдхæцæг паддзахы æфсады ныхмæ. Кадылмард пъагонджынтæ æнæхъæн наци Хуссарæй, Цæгатæй цагътой æмæ Чудиновы хуызæн æнæсæртæ цинæй мардысты: «…за пределами событий 1830 года у осетин нет больше истории».[1] Уыдон дæр Ирыстонæн йæ сæр æркъул кæнынмæ хъавыдысты. Æмæ, Хазби кæд фæмард, уæддæр Ирыстон баззад. Хадзы-Мурат æмæ йæ хъайтартæн, рæстдзинады фарс хæцгæйæ, рæстдзинады тыххæй йæ хъайтартæ сæ удтæ куы нывонд кæнынц, уæд сæ ныфс уымæн нæ сæтты:

[1] К о л л е к т и в а в т о р о в. Северная Осетия. Политико-экономический очерк СО АССР. – Дзæуджыхъæу, 1939. – 30 ф.

Уой, Хазби,
æви раст нæ дæн,
æви афтæ нæу?
Уой, хуымæтæджы,
хуымæтæджы нæ фæрсын дæу.
Æви дыууæ дуджы астæу
ныллæууæм уæнгвидар, ныфсвидар:
Уой, мæ Ир,
мæлæт нæ, –
сæрибар, сæрибар!

Чи нæм бырстой, уыцы тугхортæ, нæ уыцы «культурæ хæсджытæ»-иу ирон хæдзæрттæм, гъе, библиотекætæм куы баирвæзтысты, уæд-иу, ирон чиныг фенгæйæ, сæ хуыз куыд фæцыдис, цыма сæ тæрсгæ кодтой, уыйау сæ куыд уыгътой, «Скъуын сæ, рæдув сæ, арты сæ бавзил», стæй сын куыд кастысты сæ пиллонмæ: «…судзынц хъарджытæ, Судзынц Къоста, Елбыздыхъо, Секъа, Æрнигон, Судзынц ирон дзырды фидауц – рагон æмæ æрыгон» уæд-иу сулæфыдысты. «К тому, что я видел в Цхинвале, в Юго-Осетинском государственном драматическом театре имени Коста Хетагурова, даже в мыслях не хочется возвращаться. Но надо… На разбитой статуе Коста Хетагурова нацарапано по-грузински матерное слово, рядом валяются цинки из-под патронов, сорванные афиши, битое стекло, какие-то доски»,[1] – фыста уæды æппæтцæдисон газет «Советская культура»-йы сæрмагонд уацхæссæг С. Бабаев.

Стæй тугхор фашистты фыдмитæн æрмæст уый уыдис удæгас æвдисæн. Уыдон Ирыстоны зæххыл цы фыдмитæ кодтой, уыдæттæ Гракалы дæсны дæр нæ фæуыдзæнис нымад. Сæ цъаммар митæм сын чи каст æмæ сæм кæй зæрдæ нæ ныррызт, иунæг ахæм ничи уал баззад.

[1] Б а б а е в С. Автоматом в меня тыкал… / Советская культура, 1991. – 23 март.

Æмæ уыдæттæй цы «æнæирон» фæтарст, йæ ирон чингуытæ чи басыгъта, уыдонмæ поэт нал бауромы йæ маст. Уыдон дæр ын, бынсæфт фæкæнынмæ нæ чи хъавынц, нæ радтæг зæххæй нын нæ уидаг чи ‘лвасынц, бынсæфты тæрхон нын чи хæссынц, уыдон хуызæн сты:

Уыйхыгъд –
гуырдзиаг чингуытæн
лыстæг фæзылдтæ сæ рыгтыл,
Ныссæрфтай æмæ сæ равæрдта
тæрхджытыл, фынгтыл,
Хæдзар нæу, –
гуырдзиаг чингуытæн
зиугæнæн æмæ уагуадзæн…
Ма тæрс, æнæирон,
ничи дæм фæцагайдзæн!
(«Ирон чингуытæ»)

Фæлæ, æрмæст йæхи лыскъ уд кæй æндæвта, йæхи цардыл Ирыстоны цард раттынмæ цæттæ чи уыдис, уыдон, мыййаг, иугæйттæ уыдысты, æмæ иугæйттæ сты. Ирон адæм сæ цыфыддæр знаджы ныхмæ растадысты æмгуырæй, йæ ныхмæ йын сæ риутæ æрæвæрдтой, уартау. Уымæн æмæ сын уыдтам сæ æнæадæймагадон, цъаммар хъуыддæгтæ. Ирон адæймаджы амарынæй æхцондзинад исынц. Ироны рис сæм, – саби уа, сылгоймаг, зæронд, хæстон, – рис нæ кæсы. Стæй, æрмæст ироны цæмæн – сæ къухмæ чифæнды бахауæнт, нæ сыл ауæрдынц марынæй. Магомедали Алиевы бинонтæ Тулайæ сæхимæ, Азербайджанмæ Шамхоры районы Дзеган – Джердыханмæ куы цыдысты, уæд сын сæ машинæйыл гуырдзиаг лæгмартæ аскъæрттой автоматтæ æмæ уæззау цæфтæ фесты сæ сывæллæттæ Эльдар æмæ Янæ.[1]

[1] Л и р а е в В. Не стреляйте в детей / Советская Осетия, 1991. – 17 февраль.

Сæ къухмæ чи бахауы, уыдоныл нæ ауæрдынц. Цæттæ сты ироны фыд хæрынмæ, ироны туг нуазынмæ. Поэт зæрдæрисгæйæ, ризгæ хъæлæсы уагæй уымæн зæгъы:

Бахаудтæ сæм
амынæтæй, уацайрагæй,
бахаудтæ сæ къухмæ, –
Кусартау дæ рафæлдæхтой,
кард дын бахастой дæ хурхмæ,
Дæ тугмæ дын дарынц агуывзæ, –
цыма мифон зындоны, –
Ирон туг нуазынц,
уадзынц дзы сæ дойны,
Кæнæ дæ цармæ,
йе бæласы къалиумæ
сауыгътой дæ къахæй, –
Дæ сæр дын цадæггай
арауынц, судзынц
æндадзæн цырагъæй.
Базонæн дын куы нал уа,
куы рцæуа кæрон
дæ хъизæмар, дæ рыстытæн,
Æппарынц дæ фæсвæд –
куыйтæн, халæттæн, мыстытæн…

Фæлæ уыдæттыл дæр кæм лæууыдысты. Запасы аивиацийы инæлар-булкон Мамсыраты Юри фыста: «21 июня 1992 года председатель госсовета Грузии Эдуард Шеварднадзе обратился с жалобой в ООН… на Россию!!!

С чего все началось?.. 20 июня в Цхинвале был обстрелян грузинскими боевиками вертолет прилетевшего сюда заместителя министра оборони

России Г. Кондратьева. В ответ на эту акцию в воздух поднялись три военные машины вертолетного полка, дислоцированного в городе, и подавили очаг нападения. Тогда, очевидно, по указанию Э. Шеварднадзе грузинские гвардейцы с использованием артиллерии и танков (кстати, принадлежащих СНГ) захватили левобережбе Цхинвала и, угрожая карательными мерами, ультимативно потребовали от жителей покинуть город…

Он и раньше так действовал, этот господин Шеварднадзе, отдавая чужеземцам наши морские простори, наши кровью завоеванные рубежи. Главное для него – столкнуть лбами…»[1]

Æмæ æрмæст уыдæттыл лæууыдысты. Маргæ кæй кодтой, уыдон-иу фервæзтысты сæ удхæрттæй, сæ тухитæй. Бынтон мæгуыры бон-иу, сæ ныхмæ чи лæууыд, æфхæрд чи нæ быхстой, уыдоныл акодта. Цы тухитæ-иу сын кодтой, уыдон нымайын дæр сыгъдæг удæн æнцон нæу. Ахæм фыдмитæм сырд дæр нынниудзæнис.

Куыннæ хъуамæ ныррuза, уæдæ, поэты зæрдæ?! Куыннæ сæм, куыннæ сæм хъуамæ ныдздзыназа йæ лирæ?! Æмæ сын сæ фыдмитæ, сæ куыдзмитæ Хадзы-Мурат нымайы йæ хъайтартæн сæхи дзыхæй: «Кæнæ дын бабæттынц / дæ къухтæ, дæ къæхтæ, / артæй райсынц зынг уæхстытæ, / Ирæттæ ма уыной Ирыстон, – / скъахынц дын дæ цæстытæ, / Ралыг дын кæнынц / дæ хъустæ, де ‘взаг, дæ мæхстæттæ, – / Ирæттæ ма хъусой ирон дзырд, / ма дзурой иронау, / уой æвæстæгтæ…»

Уыцы хъуыдытæ йæм арвæй нæ цыдысты. Уыдта сæ йæхи цæстæй. Сæ афтæхуыйнæг «профессор» Т. Канчилашвили та газет «Литературули Сакартвело»-йы фехъусын кодта, гуырдзиæгтæй дарддæр иннæ адæмтæн бирæ сывæллæттæ уадзын æмæ хъомыл кæныны бар ма хъуамæ уа.[2] Æмæ йæ фæконкретондæр кодта иннæ «профессор» З. Чкванава – иннæ нацитæй дыууæ сывæллонæй дарддæр чи уадза зæнæг, уыдон сырд цæуæнт

[1] М а м с у р о в Ю р и й. Фальшивая нота экс-министра / Литературная Россия, 1992. – 26 июнь.
[2] Литературули Сакартвело, 1988. – 30 сентябрь.

республикæйæ. Ахæм уæлбартæ, зæгъгæ, æрмæстдæр хъуамæ лæвæрд цæуой бынæттон адæмæн, ома, гуырдзиæгтæн.[1]

Ахæм фыдмитæм, – растдæр уаид зæгъын – æнæадæймагадон митæм, – адæймаг æрмæст хъусгæ куы кæна, йæ цард цæрæнбонты сæ цæстæй куы никуы фена, уæддæр, йæ риуы зæрдæ кæмæн ис, уымæн фæрчытæ фæхаудзæн. Нæ бафæраздзæнис цыфыддæр хъизæмæрттæм хъусын. Уымæн æмæ уыдæттæ кæнын, адæймаджы ном чи хæссы, уымæн не ‘мбæлынц. Поэты хъайтартæ, сыгъдæгзæрдæ, иударон, сæ адæм æмæ Ирыстоны патриоттæ – боцъоджын лæппутæ, сæ уæрджытыл – сæ хæдæхстæ, сæ худтæ афтæмæй – рыст, фæлмæцыд, æнæхуыссæгæй пецы фарсмæ куы æрбадынц сæ фæллад уадзынмæ, куы сæм æрхауынц уыцы кæйттæ, уæд сæ иу, мæстæйдзагæй уый тыххæй фæкæны, ома, куы фæцæф уон, уæд цæмæй сæ уацары ма бахауон:

– Ма-иу мæ ныууадзут удæгасæй,
ма-иу фæут фæстæмæ здæхæг, –
Уæд-иу мæ фехсут,
амарут-иу мæ уæхæдæг.
– Мæн дæр!
– Мæн дæр!
– Мæн дæр!
– Мæн дæр! –
загътой омменау,
Кæрæдзийæн,
ардхæрæгау,
лæгъстæйау æмæ домæнау…
(«Боцъоджын лæппутæ»)

[1] Ч к в а н а в а З. Путь найден / Комунисти, 1988. – 21 ноябрь.

Дуне тынг хорз зыдта æмæ зоны нæ рæстдзинад. Уæрæсейы Паддзахадон Думæйы раздæры Сæрдар Борис Грызлов уымæн дзырдта: «Южная Осетия и Абхазия, провозгласившие в 1992 году свою независимость в результате всенародного волеизъявления и построившие за истекшие годы демократические государства со всеми атрибутами легитимной власти, имеют гораздо больше оснований претендовать на международное признание, чем, например, Косово».[1]

Фæлæ рæстаг ныхасæн, хъыгагæн, адæммæ æхгæд вæййы йæ фæндаг æмæ никæмæ хъуыстысты. Нæ сæм хъуысынц абон дæр. Нæ Фыдыбæстæ хъахъхъæнын, хъыгагæн, каст æрмæст нæхимæ. Ирыстоны уыцы хъæбатыртыл уый тыххæй нывæзта поэт йæ уацмыстæ. Кодта сын кад, æвдыста адæмæн, мæрдты ном рох кæнын куыд нæ хъæуы, удæгæстæн та æмбæлон аргъ кæй хъуамæ кæнæм. Ахæм хъуыдыйæ фыст сты Хадзы-Мураты «Æз цæуылнæ амардтæн уæ бæсты», «А-зымæг», «Стъалытæ», «Алеш, мæ уды рис» æмæ бирæ, бирæ æндæр æмдзæвгæтæ.

«А-зымæг» – уый нæлгоймаджы æмыр, æмбæхст марой у. Уый Хуссар Ирыстоны бахъахъхъæнæг лæппуты номгæнæг симфони у. Горæты алыварс цы тугхортæ æрхъула кодтой, уыдон ныхмæ хæст-иу махæрдыгæй æрмæстдæр фенцад, нæ хæцæг лæппутæй-иу исчи куы фæзиан, – знæгтæ мæрттимæ дæр хæцыдысты – нæ уæлмæрд нын бацахстой, – æмæ-иу æй 5-æм скъолайы кæрты куы ныгæдтам, уæд. Се ‘мбæлтты æрмæстдæр уæд нал февдæлы хæцынмæ. Сæхи «къæмдзæстыг, азымаг» фæхатынц æрмæстдæр иу хъуыддагæй, поэтæн йæхи загъдау – «æз цæуылнæ амардтæн уæ бæсты». Æппынæдзух сæйраджы æрмæстдæр уымæн сты тызмæг, æрхæндæг – «цыма сын никуы уыд уалдзæг».

Се ‘дзард æмбæлттæй æфсæрмы кæнынц, фæлæ нæ уарзынц даргъ ныхас, даргъ марой: «Цæмæн хъæуы даргъ?» Æгæрыстæмæй судзаггаджы мард ингæны куы ауадзынц, уæд дæр: «Фæкæнынц – æртæ хатты – æмæхст, цыбыр – цыма ард».

[1] Г р ы з л о в Б. В. Обращение / Советская Россия, 2008. – 26 август.

Даргъ хъуыддæгтæ æндæр митæй кæнынц:

Ныхас, хъарæг
хотыхтæй –
даргъ, даргъ, даргъ,
Кæнынц дзы сæ зынгхуыст æмбæлттæн
кад æмæ аргъ,
Кæд сæ разы нæ уаиккой
къæмдзæстыг, азымаг,
Кæд уалдзæгæй –
æцæг уалдзæгæй! –
раивид а зымæг.

Хадзы-Муратæн тынг хорз зындгонд уыдис, поэтыл куыд æмбæлы Сæрибаргæнæг хæсты рæстæджы йæхи дарын, уый. 1824-æм азы, хуымгæнæны мæйы 19-æм бон Миссолунгты йæ уд исгæйæ дæр англисаг стыр поэт Джордж Байрон хъуыды кодта Грецийы сæрибардзинадыл: «Я отдал ей свое время, средства, здоровье, – мог ли я сделать больше? Теперь отдаю ей жизнь».[1] 1849-æм азы райдайæны венгриаг стыр поэт Шандор Петефи ацыдис польшæйаг революцион инæлар Бемы æфсадмæ æмæ уыцы аз сусæны мæйы 31-æм бон фæмард хæсты быдыры; йæ мард дæр ын нал ссардтой.[2] Ирон курдиатджын поэт Калоты Хазби 1943-æм азы сусæны мæйы 8-æм бон Фыдыбæстæйы сæрибарыл тохгæнгæйæ, «Курскы сырхзынг къæлæт кæй хуыдтой, уыцы ран знæгтимæ æвирхъау тох кæнгæйæ басыгъд танчы мидæг».[3]

Æмæ ахæм æмæ ахæм хъæбатыры цæвиттонтæ цас ис хæссæн дунеон фысджытæй дæр æмæ ирон фысджытæй дæр. Ærмæст сæ аивадæй нæ, фæлæ се сфæлдыстадæй дæр цæвиттойнаг уыдысты æмæ сты адæмæн. Хадзы-

[1] Байрон Джордж Гордон. Паломничество Чайльд Гарольда. – М., 1973. – 11 ф.
[2] Петефи Шандор. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – Будапешт, 1979. – 12 ф.
[3] Хъодзаты Æхсар. Цард цæуы æхсæрдзæнтæй кæлы… // Калоты Хазби. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 213 ф.

Мураты уымæн нæ фæнды йе ‘мдзæвгæ «Хъуырдухæн»-ы «фæд-фæдыл удхайраг бонтæ, фæдисон æхсæвтæ» æрвитын.

Йæ зæрдæ сæрибарыл тохгæнæг лæппутæм кæй æхсайы, «сæ мæтæй йæ гæв-гæв, йæ зыр-зырæй» кæй не ‘нцайы – «мачи сæ фæцæф уа, мачи дзы амæла», – уый тыххæй йæ æфсæнттæ агурын нæ хъæуы. Уымæн æмæ дыууæ дуджы астæу уыдонæй дарддæр «абон ирон хъысмæт чи кæны скъуыддзаг?» Сæ риутæ æхсæвæй-бонæй уыдон дарынц хотыхты дзыхмæ. Поэт зæрдæбынæй, цыма бæрзондылбадджытæн йæ хъуыры цъар ивазгæ, лæгъстæ кæны, дзуры йæ ахсджиагдæр бæллиц: «Мæ уд сын куы фестид цæрæнбонтæ!»

Фæлæ поэты лирикон хъайтармæ уый фаг нæ кæсы. Уымæн дæр йæ бæллиц у, æцæг поэттæ, тыхджын поэттæ-иу сæрибары сæрвæлтау куыд бырстой размæ, ахæм æнæмсæр, хъæбатыр тохы бацæуын. Стæй æрмæст бацæуын дæр нæ. Куы бахъæуа, уæд, лæгæн куыд æмбæлы, афтæ æхсарджынæй амæлын дæр хъуамæ бауа дæ бон. Хи уд сæрибары сæрвæлтау тохгæнджыты сæрыл æрхæссынæн хъуамæ уай:

Уой, мæнæуи,
ныр Ирыстоны сæрвæлтау
хæцгæйæ ма ‘рхау!
Фæлæ – æдзæллаг –
дзымандытæ кæн
поэтгонд маргъау?!
Цы хъуамæ –
цы разагъд, цы номдзыд –
зынай дæхимæ,
Куы нæ уай
æд хотых
нæ хæцæг лæппутимæ
иумæ!

Сæрибарыл хæцæг лæппутимæ тугæй, зондæй, хотыхæй иумæ уæвын – уый стыр хъуыддаг у! Æмæ Хадзы-Мурат кæд кар æмæ тохмонцæй, А. С. Грибоедовы Софияйы загъдау, уыцы дуджы романы хъайтар нæ уыд,[1] уæддæр, хъуыды, зæрдæ æмæ аивадæй йæ уд хъардта, хъуырдухæн кодта йæ сæнтты, куыд хуыздæр, куыд аивадонæйдæр сын сныв кæна сæ фæлгонцтæ. Куыд уарзгæдæрæй сæ равдиса чиныгкæсæгæн. Æмæ, куыд уынæм, афтæмæй уыцы хъуыддаг йæ къухы бафтыдис тынг хорз.

Æмæ ноджыдæр иу миниуæг Хадзы-Мураты цард æмæ сфæлдыстады. Чи зоны, сæйраг нæ, фæлæ йын характерон чи уыд, йæ удыхъæд ын бирæ бæрцæй чи æргом кодта, ахæм миниуæг.

Афтæ дзы никуы загътаис, кæйдæртау нæ бынатылмард, мулкылмард, кадылмард уыдис, æппынæдзух сæм æппæрста йæхи, кæд сæм уазалзæрдæ нæ уыдис, уæддæр. Цард адæймаджы йæхи хуызæн кæны. Фæлæ, куыд федтам, афтæмæй дзы нæ поэт агуырдта йæхи «Æз». Кæд-иу æй фылдæр хатт йæ зæрдæ сабыр, кæм æй ничи хъыгдардтаид, кæм никæй хъыгдардтаид, ахæм бынатмæ хаста, уæддæр… уæддæр…

Хи уды цардæй дарддæр ис æхсæнадон цард, бинонтæ, туг æмæ стæг… «Ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, мыггаг у, иу бинонтæй чи равзæрдис, иу фыдæл кæмæн уыд, ахæм тугхæстæг къорды ном»,[2] – дзырдта историон зонæдты доктор Гаглойты Зинæ. Фæнда дæ æви нæ, хъуамæ уыйбæрц адæм хионы бартимæ бырсой дæ цардмæ, де сфæлдыстадмæ. Дæ удыл, дæ аивадыл хорзæй дæр, æвзæрæй дæр уадздзысты сæ фæд. Йæ фадæттæй йæ домæнтæ фылдæр кæмæн сты, уыдон дын хъуамæ зондамонджытæ суой, кæрæф, фæлитой, давæг, стъигъæг, марæг чи сты, уыдон дын æвæрдзысты цæвиттонæн. Мардзысты дын дæ зæрдæ, дæ уд. Хæццæ дын кæндзысты дæ зонд. Ды ницы дæ, уыдон та сты, зæгъгæ. Цæмæй ма «фервæссай» дæхиуыл, ома, æз дæр лæг дæн.

---

[1] Г р и б о е д о в А. С. Горе от ума. – Л., 1987. – 90 ф.
[2] Г а г л о й т ы З и н æ. Ирон мыггæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 6 ф.

Хадзыйæн алы къæрныхтæ, гæртамхортæ, тыхгæнджытæ кæд йæ удхæссæг уыдысты, уæддæр-иу ахæм рæстæджы ныббырыдысты йæ зæрдæмæ, сæхи-иу дзы схицау кодтой, æмæ-иу лæг йæхицæй дæр федта йæ удхæссæг. Йæ маст, йæ хъынцъым-иу ракалдта йæ уацмыстæм.

«Цыртдзæвæн»-ы хъæбатыр, фæлæ æдзард салдаты цырт риссы, йемæ хæсты чи фæмард, йæ уыцы æмбалы фырт милиционер алы шофыры дæр кæй «ælвыны», йæ цард æнæцардуагон хъуыддæгтæй кæй аразы, уый тыххæй. «Дзыццайы мæлæт»-ы мад уайдзæф кæны йæ фыртæн: «Акæс-ма, дам, алчи дæр, дам, алы амалæй архайы, аразы, ды, дам, куыд ницæмæ арæхсыс – нæ сайынмæ, нæ хин мимæ…» – æмæ, йæхæдæг æй рæстмæ нæ хаты, афтæмæй къахы йæ хъæбулы зæрдæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, лирикон хъайтар æмæ авторы иу джиппы уадзын æдылы ми у, фæлæ лирикон хъайтар авторы зæрдæйы дзурæнтæ кæй фæхæссы адæмы рæгъмæ, уый дæр сусæггаг нæу. Æмæ-иу Хадзы-Мураты исчи мулкарын, сайын, къозбау миты фæндагыл куы ардыдта, уæд-иу ын йæ уд гæркъайы хуынчъы куыд ласта, уый нæм лирикон хъайтары хъынцъымæй ферттивы йæ уацмыстæй бирæты.

Æмдзæвгæ «Тæрсын, мыййаг…» куы кæсай, уæд фендзынæ, нæ фыдызнæгтæ нын кæд нæ Фыдызæхх хæрынц, уæд нæ хиуæттæй, – цъусæй нæ, – бирæтæ кæй сты «куыйдзыхдæр, тугхордæр звиадтæ-бирæгътæй», æмæ нын кæй хæрынц нæ зæрдæтæ. Звиадтæ-бирæгътæ нæ рагæйфæстæмæ сурынмæ хъавынц нæ уæзгуытæй. Хæрынц сæ санчъехгай:

Ацы зæхх – мах,
уазджытæ – сымах,
ам уын нæй цæрæнуат,
Фесæфут ардыгæй!
Ам цæмæн уат!
Афтæ – хæдзары дæр:
дзигло,

нæй дын галуан,

нæ – хæдтулгæ,

Куыннæ мын

райтыгъай цард –

урс дзул мыды æвдулгæ,

Ды – фидиссаг, дæ фыд дæр, дæ мад дæр,

дæ мыггаг æгасæй,

Амæл –

ма дæ уынон æгасæй!

Æмæ уæд лирикон хъайтаримæ иумæ авторæн йæ уд ссæуы йæ хъуырмæ. Нал фæзоны, галуан, хæдтулгæ йын кæм нæй; урс дзул мыды кæм тулынц, ахæм фынгтæ кæм не ‘вæры; йæ мад, йæ фыд, йæ мыггаг бæсты бикъ æмæ комы дæгъæлтæ кæм не сты; стыр, стыр, стыр бынат кæм нæ ахсы, табутæ йын кæм нæ кæнынц, сырх айк ын йæ быны кæм нæ тулынц, уыцы зæххыл ын, æцæг, цæргæйæ у æви нæ?

Æмæ уый тыххæй Хадзы-Мурат йæхæдæг йæ арвистоны афтæ зæгъы: «Поэт æрвылхатт дæр хъуамæ фысса, афтæ дзура, цыма ныртæккæ мæлгæ кæндзæн æмæ ма фыссы, дзуры фæстаг хатт».[1]

Æмæ, кæд раст дзырдта, уæддæр-иу уый тыххæй бар-æнæбары фæкодта, чи нæ йын æмбæлд, галиу фæндагмæ йæ чи æппæрста, ахæм хъуыдытæ. Фæлæ дзы чиныгкæсæг, хъыгагæн, фены иу рæстдзинад, царды æгъатыр рæстдзинад. Уый у лирикон хъайтары хатдзæг:

Æмæ бар-æнæбары – мæнæуи,

фервæз адонæй,

Иу бон дæ удхæссæг фен

а-зæххæй, а донæй,

А хæдзарæй –

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Арвистон. – Цхинвал, 1988. – 46 ф.

дæхи сæ дæхæдæг фæсур, фæтæр,
Ниц'уал хъæуы дæу – нæдæр зæхх,
нæдæр хæдзар…
нæдæр… нæдæр!
Æрвылбон дæр махмæ –
хæст, хæстытæ;
Æрвылбон дæр –
дзæхстытæ, æхстытæ;
Æрвылбон дæр –
мæрдтæ, цæфтæ,
уæнгцъæлтæ, зæрдæхæлдтæ,
Æрвылбон дæр –
æфхæрджытæ æмæ æфхæрдтæ.
Цас дзы ис фидауц адæмæй
тохвæллад, фæлмæцыд,
Æмæ дзы чи
цæмæ 'рцыд? –

фæрсы поэт. Фæрсы æмæ йæ фарстæн дзуапп нæ ары, зайы риториконæй. Æрмæстдæр бæрæг у иу хъуыддаг: æддаг знæгтæй йын къаддæр тæссаг не сты мидæггаг фыдгæнджытæ. Æргом æй дзуры: «Тæрсын, мыййаг, звиадтæ-бирæгътæ-марæг æфсæдтæ сæ цуры куы разыной дауджытæ, зæдтæ!» Фидарæй йæ уымæн уырныдта: «Махмæ æнхъæлмæ чи кæсы æмæ нæ чи нæ фæсайдзæн, уыдон – мæрдтæ».[1] Уымæн æмæ, адæймаджы зæрдæ, адæймаджы уд мидæгæй чи хæры, уымæй фервæзæн нæй. Шекспир уымæн дзырдта хъазæгойы æвзагæй: «Правду всегда гонят из дому, как сторожевую собаку, а лесть лежит в комнате и воняет, как левретка».[2] Æмæ дзы фервæзæн нæй, тынг дæ куы фæнда, уæддæр. Хадзы-Мураты уыцы темæйыл фыст

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Арвистон. – Цхинвал, 1988. – 48 ф.
[2] Уильям Шекспир. Пол. собр. соч. в 8 т. Т. 6. – М., 1960. – 453 ф.

æмдзæвгæтæ куы кæсай, уæд сын сæ мидтых, се ‘ддаг рæсугъддзинад æнæрахатгæ куыд нæй, афтæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, поэт, уыцы аивтæ йæ уацмыстæм хæссыныл, царды йе ‘рвылбонон æмæ æнусон пробемæтыл аивадон æвзагæй дзурыныл бирæ хъару хардз кодта, æмæ уый афтæ дæр хъуамæ уа – Хуыцау йе сфæлдисгæ адæмæй фылдæр кæмæн ратты, ууыл адæмы раз стырдæр хæс вæййы. Дзуццайы-фырт уымæн фидар кодта: «Поэт фыццаджы-фыццаг у – æмæ хъуамæ уа! – гоймаг. Кæннод поэт нæ уыдзæн».[1]

Хадзы-Мурат поэзийы йæ уыцы хæс æххæст кæнынæн равзæрста, асинæвæрд цъæлрæнхъæй фыссын. Йæ хъуыдытæ æргом кæнынæн, йæ поэзийы бæрзонд пафосон темперамент, рæстæджы ритм æвдисынæн ын æххуыс уыд, йæ поэтикон дзырдæн публицистон-зæлланггæнаг ахаст кæй лæвæрдта, уый. Æлборты Хадзы-Умар дзы уымæн дзырдта: «Дзуццайы-фырты поэзи у хъуыдыты поэзи».[2] Æнæнхъæлæджы нæ загъта йæхæдæг: «Алы поэт дæр у дуджы хъæбул».[3] Æмдзæвгæйы уыцы формæ йын дуг æрхаста. Фæлæ нæ ныхас афтæ нæ нысан кæны, æмæ йын поэзийы классикон формæ æцæгæлон уыдис.

Фыццаг фысгæ дæр классикон формæйыл кодта. Æмæ йын æвзæр æнтыстытæ нæ уыдис. Йæ дыккаг æмбырдгонд «Романтикæ»-йы ис классикон формæйыл фыст æмдзæвгæ «Æз тагъд нæ кодтон, æз цыдтæн сындæггай…» – æмæ ссис æцæг классикон уацмыс, кæд æй поэт æртæ æмæ ссæдзаздзыдæй ныффыста, уæддæр. У урс æмдзæвгæ. Поэтикон миниуджытæй – æххæст. Даргъ уацмыс кæй нæу, стæй йын скъуыддзагæй йæ композицион арæзтæн, – уый у йæ сæйраг аивтæй иу, – бамбарæн кæй нæй, уый тыххæй йæм æркæсæм æнæхъæнæй:

Æз тагъд нæ кодтон, æз цыдтæн сындæггай,
Мæ фæрсты иу чызг ахызти дымгæйау,

[1] Уый дæр уым, 50 ф.
[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 247 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 81 ф.

Йæ цæстытæ – хæххон суадæттæ гасæй,
Йæ зæрдæйау – сыгъдæг æмæ æнæнцой.

Мæнæн мæ цыд фæсабырдæр, фæтыхстæн,
Цыма мын чидæр ме ‘вастæй мæ зæрдæ,
Уæлвонг роялы клавиштау, æрцавта
Æмæ дзы сыстад музыкæ дзыназгæ.

Чызг дардæй-дарддæр кодта. Скæсæн ради –
Цыдис йæ фæндаг скæсæны хъæбысмæ.
Уыд бæстæ цъæх, чызгыл та уыд сырх къаба,
Æмæ цыдис, цыдис, цырагъæй рухсдæр.

Эх, ныр, тæхуды, уый чысыл фæуром,
Фæхъæр æм кæн дæ дзыхы дзаг: – Фæлæу ма! –
Фæлæ мæ цæсгом не схъæцыдис мæргътæй,
Нæзы бæлæстæй, фæндагыл цæуджытæй.

Чызг иу хатт дæр нæ фæкасти фæстæмæ.
Кæдæм цыди. Уым рогæй змæлыд уæлдæф.
Уым дидинты къуырф цæстытæй улæфыд
Æнахуыр цин, алæмæттаг рухс, амонд.

Чызг баввахси сæуæхсиды тыгъдадмæ,
Сæуæхсиды тæмæнкалдимæ сиуис…
Уый ме ‘взонгад мæнæй фæцæйцыд размæ
Æмæ йæ фæдыл кастæн æмæ кастæн.

Уый – æмдзæвгæ! Фæлæ поэт калссикон поэзийыл систа йæ къух. Йæ хъуыдытæ æргомдæрæй, уæрæхдæрæй, сæрибардæрæй дзурыны тыххæй

ахызт, – афтæ йæ схонæм, – публицистонхæццæ поэзимæ. Æмæ йæ ныффидар, ныббæстон кодта нæ ирон аив литературæйы.

Æниу уыдонæн дæр, йæхæдæг хæхты æнцъылдтытæ куыд иту кæнын кодта, афтæ куы ныййиту кæнæм, уæд нæм разындзысты классикон формæйыл фыст æмдзæвгæты æнгæс. Фæлæ сæйраг формæ нæ, хъуыды у.

Йæ хъуыдытæ дзурынæн та йын публицистонхæццæ поэзи дæр æххæстæй нал фаг кодта æмæ йæ курдиат сфæлвæрдта прозæйы жанры. Йæ чиныгкæсджыты размæ рахаста «Царды скъуыддзæгтæ».[1]

Чиныджы гуырахст стыр нæу, фæлæ йæм автор бахаста, прозæйы жанры йын цыдæриддæр ныффыссын бантыст, уыдон. Суанг – публицистикæ æмæ сабитæн фыст радзырдтæ дæр. Йæ ном ын «Царды скъуыддзæгтæ» æнæнхъæлæджы нæ рахуыдта. Цы уацмыстæ дзы ис, уыдон иууылдæр ирон адæмы, суанг Турчы цæрæг æмæ зæронд дуджы ирон адæмы цардæй сты хицæн гæппæлты хуызæн. Фæлæ уыцы чысыл ныв нæ вæййы цардæй иппæрд. Уыцы скъуыддзаг фæдзуры, фыссæг нын кæцы фæлтæры минæвары кой фæкæны, уыдон иумæйаг хъысмæтыл.

Уыцы хъайтартæ, кæй зæгъын æй хъæуы, не сты иухуызон. Кæй дзы фæзмгæ фæкæнæм, чи нæм тæригъæддаг фæкæсы, иуæй-иутæ та нæ цæсты сындз фестынц. Фæлæ уыдон иууылдæр сты авторы æнтыстыл дзурæг. Хæдзыйæн йæ бон уыдис, цахæм хъайтары фæлгонц нынныв кæнын уыд йæ хъуыдыйы, ахæм зæрдæйы уаг ын раттын.

Фыссæг йæ хъайтарæн кæйфæнды ма систаид: йæ иунæг хъæбул Герман-Уырысы хæсты кæмæн фæмард, йе \мкъай йæ хъæбулы фæдыл царддзу чи бакодта, цардæй царды ад кæмæ нал калд, адæмæй чи фæлыгъд, æмæ йæхи уд дæр кæй нал æндæвта, уыцы Гиго уыдаид («Хъæды дзыхы»); дард Турчы бæстæйы сыгъд зæххыл царды амал чи нæ ардта æмæ йе ссады фæстаг тæппæй мыстæн кас чи фыхта, æрмахуыр æй чи кодта, цæмæй йын банкæй æхцатæ давтаид, æмæ фыдæнхъæл чи фæцис, уыцы Инал («Фынтæ, æрмæст фынтæ»); мæгуыр, фæлæ хъæбатыр большевик Чермен æмæ йæ

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Царды скъуыддзæгтæ. – Цхинвал, 1973.

рæсугъд, хъæздыг уарзон Дзерассæйы («Фæстаг æхсæв») æви чи фæнды ма уыдаид – алы хатт дæр архайдта йæ удыконд, йæ хъуыдыты æвæрдмæ йын баххæссын, чиныгкæсæгæн уыдон фенын кæнын.

Прозæйы уый æнæмæнгхъæуæг у. Æмæ-иу нæ фыссæг кæд фылдæр хатт цаутæ тагъд-тагъд анымайыныл фæцис, уæддæр сæйраг хъуыддаг æфтыд йæ къухы. Стæй зынæй нæ. Фыссæг хорз зыдта, поэзийы йæ куырдиат, прозæимæ абаргæйæ бирæ ирддæй кæй æрттывта. Уымæ гæсгæ аивадон прозæйыл систа йæ къух. Уæддæр ацы чиныджы бынтон æргом разындысты дыууæ хъуыддаджы. Растдæр зæгъгæйæ, æнæдызæрдыгæй разынд, Дзуццаты Хадзы-Мурат æрмæст поэтикон дзырды дæсны кæй нæ уыд, фæлæ ма афтæ рæвдзæй кæй рæхстис публицистикæ æмæ сабитæн прозæйон уацмыстæ фыссынмæ дæр.

Фыссæг йæ чиныгмæ аивадон публицистикæйæ цы очерктæ бахаста – «Зондджын æмæ рæсугъд чиныг», уый æцæг рæсугъд разынд. Афтæ рæсугъд, æмæ йæ кæсын куы райдайай, уæд, кæд уарзыс дæ райгуырæн къуым – уацмыс ныууадзын дæм хардзау æркæсдзæнис. Уацмыс æрдæг кастæй ныууадзын æмæ райгуырæн къуымыл къух сисын дæр дæм æркæсдзысты хардзау. Хорз дардæй зыны æмæ, дæ къухы куынæ уал уой, уæд сын сæ аивтæ райдайдзынæ уынын.

Уымæн æмæ, фыссæг йæ очеркты цы кæмтты – Чеселтгом, Мацхарагом æмæ Къуыдаргомы истори æмæ рæсугъддзинадыл дзуры, уыдонмæ кæсгæйæ чиныгкæсæгæн иу чысыл рудзынгæнд фегом вæййы нæ Фыдыбæстæйы ивгъуыд æмæ аивтæ фенынмæ. Бестауты Гиуæрги уымæн дис кодта Дзауы рæсугъддзинад уынгæйæ: «Ир æрцарди Хуыцауы дæлбазыр!»[1]

Хадзы-Мурат фенын кодта, йæ фыссæн сис публицистикæйы жанры хуынчъытæ кæй кæндзæнис. Æмæ уый бынтон æргом разынд, нæ фыдбоны сыхæгтæн нæ тугæй дойны кæй у, уыцы хъуыддаг 80-æм азты кæрон ногæй æргом æвдисын куы райдыдтой, уæд. Уыцы бонтæй фæстæмæ, стæй уый размæ нæ фыдбоны сыхæгты азарæй цы дудгæбæттæ æвзæрстам, уыдон

[1] Бестауты Гиуæрги. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 232 ф.

хуыздæр зоныны тыххæй нæ поэты публицистикæмæ фæлтæрты иу æмæ дыууæ хатты нæ хъæудзæнис здæхын.

Гъе, æмæ фыссæджы курдиаты уыцы миниуæг фыццаг фæбæрæг йæ очерк «Зондджын æмæ рæсугъд чиныг»-æй.

Дзуццайы-фырты прозæйы дыккаг æнтыст сты «Барсæджы радзырдтæ». Цыбыр, компактон, зæрдæйы арфæй цæуæг уацмыстæ. Зæрдæйы арфæй цæуæг æмæ зæрдæйыл æмбæлæг цымыдисон хабæрттæ.

Цымыдисон се ‘нæфехъуысгæ хъуыддæгтæй не сты, фæлæ сæ афыстæй. Автор йæ дзуринæгтæ куыд зæгъы, чиныгкæсæджы размæ сæ куыд рахаста, æппæт уыдæттæй.

Чысыл Барсæг царды нырма фыццаг къахдзæфтæ кæны. Йæ алыварс, стæй зæххыл цы цинтæ æмæ дудгæбæттæ ис, уыдонимæ арæхæй-арæхдæр æмбæлы æмæ рæзы йæ удыхъæд. Цард æй ælвасы йæхимæ.

Лæппу йæхæдæг кæд тæхæг цъиу марынмæ тырныдта, уæддæр ын йæ фыд куы бамбарын кæны (философон докладтæй нæ), мæргътæ нæ хæлæрттæ кæй сты, маргæ чи кæны, уыдон та – не знæгтæ, уæд саби, – марын кæд хорз нæу, уæддæр, – йæ хъуыды аивы æмæ, Ленины марæгмæ сусæгæй æртхъирæн кæны: «Фæлæу, сыстыр уон, – цыма Ленинæн зæрдæтæ ‘вæрдта, уыйау загъта Барсæг. – Æз уыцы усы куынæ ныммарон. Уæд фендзынæ, гъе!» Цыма йæхæдæг марынмæ нæ хъавы. Уый нырма цæмæй зыдта П. А. Вяземскийы æмдзæвгæ «Смерть жатву жизни косит».[1]

Радзырдты цикл æнæхъæнæй быд у, чысыл лæппу, царды сусæг фæзилæнтæ æргом кæнгæйæ, куыд рæзы, йæ хъуыды куыд уæрæхдæр æмæ арфдæр кæны, æппæт уыдæттыл. Æмæ уыцы темæйыл Хадзы-Мураты размæ, стæй йæ фæстæ дæр иу æмæ дыууæ авторы нæ фыстой. Се ‘ппæт дæр сæ фæхонынц сабиты уацмыстæ, ома, сабитæн фыст уацмыстæ. Фæлæ цæй сабитæн – фылдæр хатт, хъыгагæн, вæййынц хистæртæн сæхиуыл фыст. Растдæр зæгъгæйæ, хистæртæн сабитыл фыст уацмыстæ. Циклы фыццаг радзырд «Фæлæу, æз сыстыр уон»-ы кæрон дæр афтæ рауад.

[1] В я з е м с к и й П. А. Соч. в 2 т. Т. 1. – М., 1982. – 230 ф.

Лæппу йæхи нымæры Ленины марæгмæ куы æртхъирæн кæны, æз æй ныммардзынæн, зæгъгæ, уæд: «Йæ фыд хъуамæ мидæмæ бахызтаид, фæлæ Барсæджы ныхас куы фехъуыста, уæд фæстæмæ сындæггай раздæхт. Афтæ йæм хорз фæкаст».

Чысыл чиныгкæсæгæн, фыдмæ хорз цы фæкаст, уый нæу сæйраг. Уый æндавы, хъæддаг цъиу марыныл лæппу йæ къух кæй систа, маргæ чи кæны, уыдонмæ йæ зæрдæйы æгæрон маст кæй æвзæры, уый. Чиныджы иннæ радзырдтæ та дарддæр иууылдæр амад сты сабиты уыцы æнæхин, рæсугъд æнкъарæнтыл. Ноджы цъиуæй, мæйæ, бæласæй, мигъæй, дзæбидыры сæныккæй æрмæст удæгас кæй не сты, фæдæ дзурын, радзырдты хъайтарау, змæлын, хорз хъуыддæгтæ сæ бон аразын кæй у, уый тыххæй уацмысты кæнынц аивадондæр, цымыдисондæр.

Уыцы æнтыстытимæ радзырдты æвзаг у сыгъдæг, сабитæн – æнцонæмбарæн. Сæ сюжет – ælвæст. Чысыл чиныгкæсæг сæ куыд нæ фæллайа. Бестау ын йæ сабитæн фыст уацмыстæй уымæн дзырдта: «Авторæн бантыст сывæллоны зæрдæмæ арф ныккæсын æмæ уый сыгъдæг, гуманон æнкъарæнтæ равдисын»,[1] – уымæ кæй тырныдта æппынæдзух, уый тыххæй йын уыдис æнтыст. «Гоко» йæм фæкаст «сæ хуыздæртæй иу». «Уацмыс райдианæй кæронмæ у æндыгъд эмоционалон. Цымыдис сабийы сайы йæ фæдыл æмæ йæм куы цæссыг гуырын кæны, куы – цины мидбылхудт».[2] Йæ уацмысты фылдæр хай афтæ кæй сты, æмбулгæ дæр уымæн кæнынц.

Дзуццайы-фырты сабитæнфыст радзырдтæ фескъуыхтысты, автор нæ чысыл рæзинæгты характертæ хорз кæй зыдта, уыдонæн фысгæйæ стыр бæрндзинад кæй æнкъардта, æмæ сын, йæ зæрдæйы æвæджиагæй цы уыдис, уый кæй нæ хæлæг кодта, уый тыххæй.

Ахæм фæлтæрддзинад æм æнæнхъæлæджы не ‘рцыдис. Æппынæдзух тыхстис, агуырдта ног темæтæ, ног аивадон фæзилæнтæ, ног характертæ. Йæ къухы æфтгæ дæр кодтой. Йæ алы ног чиныгыл дæр-иу æвзонг чиныг-

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 155 ф.
[2] Уый дæр уым.

кæсджытæ зæрдиагæй уый тыххæй сæмбæлдысты. «Барсæджы радзырдты» размæ уыдон уыдысты – «Гоко» (1963), «Хъазæгой æмæ Уасæгой» (1964), «Бабыдта» (1965) æмæ «Мæ чысыл хуртæн» (1966). Фæстæдæр йæ сабитæнфыст уацмысты хуыздæрты рауагъта хицæн чиныгæй – «Сабитæн», зæгъгæ, ахæм номимæ.

Хадзы-Мураты поэзи æнæуæлдай ракæ-бакæтæ у. Юморæй йæм сарказм бирæ тыхджындæр зыны. Фæлæ афтæ зæгъæн нæй йæ сабитæн фыст уацмыстæй. Æрмæст йæ кадæг «Хъазæгой æмæ Уасæгой»-ы цы юмор ис! «Урс зæронд лæг Хъазæгой» куыд маст кæны йæ «цæрдæгас сахат» Уасæгойы фехæлдыл, куыд æй æрхаста сахармæ сахатаразæгмæ æмæ йæ «сырæзтæй» куыд ныррухс йæ зæрдæ, уыдæттæм сабитæ нæ, куыд акæнынц – «мард дæр æнæфæхудгæ нæ фæлæудзæнис». Æмæ æмбулгæ дæр уыцы юморæй кæны.

Афтæ сæ фæлмæн мидбылхудт æмæ афыстæй, цауты равæрдæй бирæ бæрцæй æмбулынц йе ‘ннæ уацмыстæ дæр. Бестауты Гиуæрги «Гоко»-йы тыххæй уымæн загъта: «Рæсугъд фæлгæты дæсны конд ныв куыд баваерай, раст уыйау у уацмыс – æндыгъд, æххæст, эмоциджын. Уæлдай фразæ, уæлдай дзырд дзы зын ссарæн у. Алы чысыл деталæн дæр дзы ис, уацмысы иумæйаг хъуыдыйæ чи нæ ивгъуыйы, ахæм сæрмагонд нысан».[1]

Уыцы хъуыды ахæссæн ис поэты иннæ чингуытæм дæр.

Фæлæ, Дзуццаты Хадзы-Мурат æрмæст фыссæг уыдис, афтæ зæгъæн нæй. Уыдис ма къæрцхъус, лыстæглуарæг критик æмæ арф уынæг литературæиртасæг. Цы литературон-критикон уацмысты æмбырдгæндтæ йын рацыд: «Беджызаты Чермены сфæлдыстад» (1965), «Знон æмæ абон» (1964), «Хæст æмæ зæрдæ» (1966), «Удыгæстæй удыгасдæр» (1969), «Бæрндзинад» (1976), «Хетæгкаты Къостайы реализмы тыххæй» (1979), «Рæстæг æмæ литературæ» (1985), «Уынгæгбоны сагъæстæ» (2013) литературæйы тыххæй, хицæн чингуытæ, раныхæстæ, рецензитæ дзæвгар ис йæ чиныг «Арвистон»-ы, – уыдон иуварсты никуы ахиздзæнис ирон литературæиртасæг. Хадзы-

[1] Бестауты Гиуæрги. Уацмыстæ 3 т. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 157 ф.

Муратæн йæ бон уыдис, рентгены рухсау, аивадон уацмысмæ кæсын, йе ‘нтыстытæ æмæ йын йæ хъæнтæ уынын. Уый йын фадат лæвæрдта, куы-иу æй бафæндыд, уæд хуымæтæджы фæлурс уацмысы дæр систаид арвы цъуппмæ, хорз уацмысæн та ахызтаид йæ иувæрсты.

Уым диссагæй ницы ис. Алы Хуыцауы сконд адæймагау, Дзуццаты Хадзы-Муратмæ дæр уыдис йæхи хъæнтæ: куыд удгоймаг, афтæ дæр; куыд поэт, афтæ дæр; куыд зонадон кусæг, афтæ дæр… Хатт-иу цыма бындзы хæппæй дæр бауадзыг уыдаид. Уыцы хъуызгæ-хъуызгæ-иу цыд. Мæлдзыджы къахыл фæлæууынæй йæхи хызта. Фæлæ-иу уыцы гыццыл лæг, куы йæ загътам, уысмгай фестад уæйыг-лæг – йæ богътæй-иу, – уæлдайдæр йе ‘мдзæвгæтæ кæсгæйæ, – арв дæр къæс-къæс кодта. Уымæ гæсгæ, тынг хорз æй чи нæ зыдта, уыдон ын йæ удыхъæдыл куы фæдзурынц, уæд адæймагмæ худæг дæр фæкæсы. Цæмæй, æцæг цахæм уды хицау уыд, уый базыдтаис, уымæн йемæ иу пут цæхх бахæрын дæр фаг нæ уыдис.

Æмдзæвгæйы техникæ, зæгъæн ис, йæ фондз æнгуылдзау зыдта, фæлæ йæ арæх, – уæлдайдæр, ритмикæ æмæ рæнхъыты æмбæрцдзинад, – зонгæ-зонын хæлдта. Йе ‘мдзæвгæтæй бирæтæн ис æрмæстдæр информацион характер… Дæсгай азты зондджын чингуытæ фæфыста, фæуырнын нын кодта, Октябры революци æмæ Ленин куыннæ уыдаиккой, уæд æнæхъæн Ирыстонæй бынсæфт кæй кодтам. «Революцийы заман, 1917 æмæ 1921 азты тохы заман ирон адæмы историйы даргъ, уæззау, тугхъулон фæндагыл зыны бæрзонд æмæ номхæссæн хохау… Æрцыд рæстæг, феодалон дуджы нæ бæгъатыр гуыппырсартæ Хазби, Чермен, Таймураз цы сæрибарыл сагъæс кодтой, Мамсыраты Темырболат æмæ Хетæгкаты Къоста цы национ иудзинад æмæ хæдбардзинадмæ тырныдтой, уый сæххæст кæнынæн»,[1] – дзырдта сæрыстырæй. Стæй Горбачевы æнæрайы рацарæзты дуджы иу бон цæхгæр ныззылд, æмæ нын зондджын æгъдауæй ныллæууыд бауырнын кæныныл, Октябры революци æмæ йæ арæзджытæй кæй уыдис не сæфт, æндæра афонмæ нæ Фыдыбæстæ дидинæг кæй æфтауид.

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 5 ф.

«Революци йæхицæн æргом знæгтæ, къласон знæгтæ кæй хуыдта, уыдон куы ныццагъта кæнæ сæ куы фæсырдта фæсарæнтæм, уæд бавнæлдта, кæй къухтæй сæ цагъта кæнæ сырдта, зæронд царды бындуртæ кæй къухæй разылдта æмæ ног цард йæхирдыгонау кæй къухæй самадта, йæ политикæ æмæ йæ эстетикæ кæй къухтæй биноныг кодта, уыдонæн сæхи цæгъдынмæ»,[1] – афтæ кæй бæлвырд кодта йæ хæдфæстæ, уымæй цыд йæ фыццаг хъуыдыйы ныхмæ æмæ йæ кодта ивгъуыд заманы аххос.[2]

Стæй нын уыдæттæ сур ныхæстæй нæ дзырдта, æвдыста нын сæ цæвиттонтæй – урс гæххæттыл сауæй фыстæй. Цæмæй нæ йæ ныхæстæ, йæ хъуыдытæ уырнындтаиккой тынгдæр.

«Компартийы XXVIII-æм Съездмæ хъусгæйæ» уымæн фыста, зæгъгæ, «политиктæ бирæ – политикæ нæй», «Хицæуттæ бирæ – хицауад нæй», «Экономисттæ бирæ – экономикæ нæй»:

Цы сты курдиат,
дæсныйад æмæ æндæртæ! –
Æхца æмæ кад ссарынæн
фысс цыдæртæ-мыдæртæ,
Уд æмæ зонд та
кæнынц фынæй…
Фысджытæ бирæ –
литературæ нæй.
Нæй!
Уымæн æмæ
адæм сæхæдæг
Куы нæ уой
сæхицæн хицау,
цытгæнæг, æфхæрæг,

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 137 ф.
[2] Уый дæр уым, 136 ф.

Æппæтæн дæр –

хорзæй, æвзæрæй,

фарнæй, рынæй,

Уæд ницы ис!

Уæд адæм нæй!

Н. Гоголы комеди «Ревизор»-ы архайæг Хлестаков афтæ куы зæгъы: «Я люблю поесть. Ведь на то живешь, чтобы срывать цветы удовольствия»,[1] – уæд уым цыма кæмдæр ис йæхи рæстдзинад. Уæлдайдæр æм дзурæгæн йæхи цæстæнгасæй куы кæсай, уæд.

Фæлæ Библийы та æндæр цæстæнгас ис цардмæ: «Смерть! Где твое жало? Ад! Где твоя победа?»[2]

Дзуццайы-фыртæн уыдон иууылдæр уыдысты йе ‘нкъарæг зæрдæйы ныхмæвæрдтытæ, йæ поэтикон уды мидхъуырдухæнтæ, мæлинаг уды лæмæгъдзинæдтæ… Уыдонæй кæронмæ хызт ничи у. Æгæрыстæмæй, бынтон стыр адæймæгтæй, суанг, раздзогтæй дæр.

Поэт никуы хъавыд рæдийынмæ. Хъавыд-иу, ома, йæ рæдыд рараст кæнынмæ, æгæрыстæмæй æндæр «рæдыд» куы арæзтаид, уæддæр. Йæхæдæг Къостайы фæстаг уысмæй афтæ, ома, йæхиуыл нæ куыдта, нæ дзырдта:

Адæмы сагъæс –

иугæндзон –

йæ дзуринаг, йæ пайда,

Дзырдта рæстдзинад, –

адæм сæхи æмбарой,

Мæлæтæн цагъартæ ма уой,

ма кæной марой,

Ма цæрой æгуыдзæг,

[1] Г о г о л ь Н. В. Собр. соч. в 7 т. Т. 4. – М., 1977. – 42 ф.
[2] Б и б л и (Книга пророка Осии, 13, 14).

æмбыдуд бардзæй,

Дзырдта –

мæлæтау

æгъатырæй, карзæй, –

Нæ,

мæлæтæй карздæр!

Мæлæт ма йæ ныхмæ

фæлæууæд!

Дзырдта,

цыма мæлæтæн

уыд йæ мæлæт,

Дзырдта,

æмæ æфтыдта

мæлæтыл æрхæндæг

Æмæ – кæддæриддæр –

Мæлæт

марди

йæхæдæг!

(«Къоста марди…»)

Хадзы-Мурат йæхæдæг иу хатт Гаглойты Федыры поэтикон æмбырдгонд «Цардбæллон»-ы тыххæй афтæ загъта: «Гафезы ног æмбырдгонды æмдзæвгæтæн сæ аивадон хъару æмхуызон нæу, бирæтæ дзы не сты индивидуалон, ахадгæ, цымыдисаг. Æз сæ иувæрсты ахызтæн, сæхæдæг мæ иувæрсты куыд ахызтысты, афтæ».[1]

Æз дæр æй фæзмын. Уымæн æмæ, Хадзы-Мурат сæйраджы-сæйраг уыдис Адæймаг æмæ Поэт. Йæ поэты зæрдæ сыгъд ирон адæм æмæ Ирыстоны тыххæй. Кæд æппынæдзух, фыссын дæр æмæ цæрын дæр кæй ницы пайда сты, уый бæлвырд кодта æцæгхуызæй, уæддæр иунæг бон йæ

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 201 ф.

фыссын – фæлдисын никуы ныууагъта; йæ зæрдæйæ никуы сæфтыд царды зыд. Йæ адзалы фæстæ нæ Фыдыбæстæ, нæ ирон адæмæн цæстуарзогæй стыр бынтæ уымæн ныууагъта. Уыдæттæй алчи дæр йæхи рæстæджы ирон чиныгкæсæгæн йæхихуызон сюрприз уыд. Æмæ-иу сыл райгондæй, зæрдæзæгъгæйæ сæмбæлдыстæм. Фæлæ не ‘ппæтæн дæр, æнæхъæн Ирыстонæн, 2000-æм азы хурхæтæны мæйы 1-аг бон йе ‘нафоны мæлæт уыд бынтон æнæнхъæлæджы фыдохы хабар. Фæуагъта нæ къахыræй. Æмæ уыцы бынат, уыцы къахыр абон æххæст кæны йæ зæрдæскъæф аивад. Уымæн æмæ, йæ аивады ис йæ зæрдæ – Поэты æнæрæнцой зæрд.

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

А в т о р т ы к о л л е к т и в. Диалектический материализм. – М., 1960;
Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1988;
Б а б а е в С. Автоматом в меня тыкал… / Советская культура, 1991. – 23 март;
Б а й р о н Д ж о р д ж Г о р д о н. Паломничество Чайльд Гарольда. – М., 1973;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004;
Б з а р т ы Р у с л а н. Æцæг ирон лæг // Мах дуг, 2000.–№ 6;
Б и р æ г ъ т ы Л и д æ. Хетæгкаты Къостайы тыххæй мысинаг // Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 2007;
Б о ц и т ы Б а р о н. Æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ. – Дзæуджыхъæу, 1958;
Б р ю с о в В. Я. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1987;
Г а м з а т о в Р а с у л. Стихи и поэмы. – М., 1974;
Г а ф е з. Ныфсджын ныхас // Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Фыццаг ныхас. – Сталинир, 1956;
Г р и б о е д о в А. С. Горе от ума. – Л., 1987;
Г р ы з л о в Б. В. Обращение / Советская Россия, 2008. – 26 август;
Д у д и н М и х а и л. Ветер времени и поэт // Б л о к А л е к с а н д р. Собр. соч. в 6 т. Т. 1. – Л., 1980;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ног азы сагъæстæ // Фидиуæг, 1962.– № 2;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. ?????????????????? (266 фарсмæ…)
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011;
Д з и д з о е в В а л е р и й. Проблема объединения разделенного осетинского народа в контексте перспективы независимого государственного строительства в Южной Осетии (исторический и политико-провавой аспекты) // К о л л е к т и в а в т о р о в. Национальная идея и государственная политика. – Цхинвал, 2012;

Д з у ц ц а т ы З æ л и н æ. Фæсныхасы бæсты // Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Царды скъуыддзæгтæ. – Цхинвал, 1973;
Д у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Азæй-азмæ. – Цхинвал, 1982;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Арвистон. – Цхинвал, 1988;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бабыдта. – Сталинир, 1965;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Мæ чысыл хæлæрттæн. – Цхинвал, 1966;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, 1990;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Гоко. – Сталинир, 1963;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Фæдисы æртытæ. – Цхинвал, 1967;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Романтикæ. – Сталинир, 1959;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Удæгæстæй удæгасдæр. – Цхинвал, 1969;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Фыццаг ныхас. – Сталинир, 1956;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Къæвдайы кафт.– Сталинир, 1962;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Беджызаты Чермены сфæлдыстад.– Сталинир, 1964;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Æвзæрст уацмыстæ.– Цхинвал, 1970;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Æвдадз.– Дзæуджыхъæу, 1975;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Азты æфсарм.– Цхинвал, 1979;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хъазæгой æмæ Уасæгой. – Сталинир, 1964;
Дуццаты Хадзы-Мураты куырдиатæй (Авторы архивæй);
Е в т у ш е н к о Е в г е н и й. Стихот. и поэмы в 3 т. Т. 2. – М., 1987;
К о л л е к т и в а в т о р о в. Северная Осетия. Политико-экономический очерк СО АССР. – Дзæуджыхъæу, 1939;
К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;
К ъ э з а Д ж у л ь е т т о. Цхинвал – осажденная крепость / Стампа. Турин – Ирон газет, 1991. – № 6. апрель;
Л и р а е в В. Не стреляйте в детей / Советская Осетия, 1991. – 17 февраль;
М а к-К и м Д о н а л ь д К. Вестминстерская словарь теологических терминов. – М., 2004;
М а р к с К., Энгельс Ф. Избр. произ. Т. 2. – М., 1955;
Мах дуг, 2004. – № 10;
П е т е ф и Ш а н д о р. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – Будапешт, 1979;
П л и т ы Г р и с. Рагон Ир / Рæстдзинад, 1968. – 9 август;
П у х а е в К о с т а. К вопросу о геноциде / Южная Осетия, 2006. – 1 ноябрь;
Письма Вассо Абаева. – Цхинвал, 2008;
С у л т а н о в А. К. По поводу убийств / Городская жизнь, 1917. № 2. – 9 август;
Советон Ирыстон, 1974. – 14 февраль;
Т е х о в Б. В. Осетины – древний народ Кавказа. – Цхинвал, 1993;
Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1974;

Х о с т и к о е в а З и н а и д а. Сатанинские игрища / Литературная Россия, 1991. – 26 апрель.
Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ænусон рис. – Дзæуджыхъæу, 2010;
Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Æз цæуын фалæмæ // Мах дуг, 2000. – № 6;
Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Цард цæуы æхсæрдзæнтæй кæлы… // К а л о т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
Хурзæрин, 2005. – 14 январь;
Хурзæрин, 2005. – 19 январь;
Хурзæрин, 2005. – 19 январь;
Ч а х р у х а д з е. Тамариани (XII – XIII в. в.) // Г а г л о й т и Ю. С. Алано-Георгика. – Дзæуджыхъæу, 2007;
Ш а п о в а л о в О. Внимая ужасам войны… / Комсомольская правда, 1991. – 2 март;
Ш у т о в а Т а т ь я н а. Прости, Осетия… / Литературная Россия, 1992. – 17 июль;
Щ и п о н и к о в А н а т о л и й. Демократия? Нет, национал-шовинизм! / Литературная Россия, 1991. – 17 май;

6-æм СÆР

ФÆЛЛОЙЫ РУАДЖЫ

Аивады бæрзæндтæм тырнын. Царды зынтæ бырсгæйæ. Фыдыбæсты уарзт – йæ туджы. Философон хъуыдытыл лæугæйæ. Фæллойы руаджы

Кусæнгарзæн йæ кондæй аргъ кæнынц, адæймагæн – йæ хъуыддæгтæй. Уæлдайдæр, фезмæлыны дуг куы вæййы, уæд. Мах та фыдæй-фыртмæ иу фæдис иннæйы æййафы. Тыбылты Алыксандр уымæн загъта: «Бирæ тугдзых уаритæ тонынц фæзгъæргай дунейы кусæг адæмæн сæ зæрдæ. Бирæ мæнг «хуыцæуттæн æмæ дзуæрттæн» кувынц нырма кусæг адæм».[1] Æмæ уыцы хъуыддагмæ чи цахæм цæстæй кæсы, афтæ йын аргъ чындæуы. Мæнгæй нæ зæгъы ирон æмбисонд: «Алы зæдæн – йæхи цырагъ».[2] Æмæ уыцы хъуыдыйы апп куы агуræм, уæд зын рахатæн нæ уыдзæнис, ирон адæмон фыссæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, дæсгай азты Ирыстоны сабиты иунæг журнал «Ногдзау»-ы æнæраивгæ сæйраг редактор Дзасохты Музаферы кад рæстæджы цыдимæ Ирыстоны бæрзондæй-бæрзонддæр цæмæн хизы, уый.

Виссарион Белинский йæ рæстæджы, литературæйы хуызтыл ныхасгæнгæнгæйæ, банысан кодта, зæгъгæ: «…литературою называется собрание такого рода художественно-словесных произведений, которые суть плод свободного вдохновения и дружных (хотя и неусловленных) усилий людей, созданных для искусства, дышащих для одного его и уничтожающихся вне его, вполне выражающих и воспроизводящих в своих изящных созданиях дух того народа, среди которого они рождены и воспитаны, жизню которого они живут и духом которого дышат, выражающих в своих творческих произведениях его внутреннюю жизнь до

[1] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 109 ф.
[2] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 45 ф.

сокровеннейших глубин и биений…»[1] – Стæй стыр литературæиртасæг дарддæр банысан кодта: «Такая литература не может в одно и то же время быть и французкою, и немецкою, и английскою, и итальянскою».[2] Æмæ бонзонгæ аивад кæд революцитæм æмхиц нæ вæййы, сæртæг сræмыгътытæ æмæ цъæл хъæртыл нæ хардз кæны йæ хъару, уæддæр фæаразы нывæфтыд литературæ. Уымæн æмæ февдисы йæ адæмы удыхъæд.

Музафер йæ Фыдыбæстæйы фарнæн рухсмæ фæзынд аразынæн, аивад фæлдисынæн, фидæнмæ кæсынæн. Ахæм адæймаг та æппынæдзух царды хъуырдухæнты, дуджы арты куынæ уа, уæд, зынг æфсæнау, уазал кæны. Ходы Камал ыл цы акростих ныффыста, уым афтæ уымæн зæгъы:

***М**æстæлгъæд бонтæ бавзæрстай кæд бирæ,*
***У**æддæр, лæгау, дæ нысанмæ цыдтæ…*
***З**ыны сахат куы ныккæны нæ Ирыл,*
***А**дзалмæ дæр ды уæд вæййыс цæттæ.*
*«**Ф**ыды фарн»[3] уыд дæ зарджытæн сæ цырв…*
***Е**хсы къæрццау дæ ныхас уæд бæлвырд,*
***Р**æвдауæд Иры урс хæхты дæ дзырд![4]*

Æмæ йæ æппынæдзух æнæвдæлонхуызæй куы уынай, уæддæр ыл ма бадис кæн: куыст аразæг у, æмæ йæ ‘рвылбон монон хæлцæн, уæлдæф, дон æмæ хæрдæй, чи зоны, сфæлдыстадон куыст ахсджиагдæрæн хъæуы. Иудадзыг уымæн лæууы ногæй цыдæр сфæлдисыны фæндагыл. Йæ хъуыдыйы хæтæнтæ дæр уым сты, зæрдæйы æхцон æмæ æнцой дæр уым ары. Цыфæнды рæстæджы дæр йæ фæллад ницæмæ фæдары æмæ йын аивады, царды, тынг бирæ хъуыддæгты æнтысгæ дæр уымæн фæкæны. Йæ радтæг адæм, йæ Ирыстоны лæггæдтæ куысты фæрцы фиды. Уымæ гæсгæ сæм Музафер æрвылбон лæууы сфæлдыстадон хуынтæ хæссыны фæндагыл.

[1] Б е л и н с к и й В. Взгляд на русскую литературу. – М., 1981. – 21 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] «Фыды фарн» – Музаферы фыццаг поэтикон æмбырдгонд (1964).
[4] Х о д ы К а м а л. Акростих Дзасохты Музаферы 70 азы кадæн / Рæстдзинад, 2007. – 31 январь.

Кусгæ та кæны, йе ‘ппæт хъару, йæ хъуыдыйы авналæнтæ, йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ йын йæ къух куыд аразынц, афтæ. Нæ Иры дзыхъхъы æппынæдзух уый охыл цæмæннæ хъуамæ уа сæрыстыр:

Иры дзвхъхъ у мæ бæстæ,
Мæ фыдæлты нымд зæхх.
Ам ракастæн мæ цæстæй,
Ам федтон арвы цъæх.

Ам райгуырдтæн кæстæрæн,
Кæндзынæн ам зæронд…
Хуыйны кæд дзыхъхъ мæ цæрæн,
Уæддæр лæууы бæрзонд.

Йæ гуыр-гуыргæнаг артмæ
Фæцудæн нæй зыны.
Зыны йæм алцы. Дардмæ
Йæхæдæг дæр зыны»

(«Иры дзыхъхъ»)

Æлборты Хадзы-Умар дзырдта: «Кæцыфæнды литературæйы хъысмæт дæр – йæ цæрдхъомдзинад, йæ сомбоны перспективæтæ бæрæггонд цæуынц æппынæдзух ивгæ-рæзгæ сфæлдыстадон фæлтæрæй, уый цардон активондзинадæй, курдиатæй йæ раттæг адæмы уды гуырæнтæм æмæ тырнындзинæдтæм цæйбæрц хæстæг лæууы, уымæй. Уымæ гæсгæ алы национ литературæйæн дæр цахæмфæнды хорз аивадон уацмыс сфæлдисынæй къаддæр нысаниуæг нæй литературон фæлтæр схъомыл кæнынæн».[1] Ног фæлтæр хъуамæ «уд æмæ туг уадза хистæрты традициты».[2]

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 100 ф.
[2] Уый дæр уым.

Музаферæн йæ фыццаг чиныгæн фæндарасты фæндиæгтæ уымæн дзырдта нæ фысджыты хистæртæй иу – Хъайтыхъты Георг.[1] Æмæ, æцæгдæр, поэт йе ‘ппæт тых æнауæрдонæй, фæлæ уыимæ цæстуарзонæй дæтты йæ куыстæн. Уый охыл кæдфæнды æмæ кæмфæнды дæр йæ бон сæрыстыræй дзурын у йæ радтæг Ирыстонæн:

Куы нæ ‘рлæууон адзалы бон дæ цуры
Æгад æмæ къæмдзæстыгæй, уæд курын:
Мæ цард-иу мын хъæбатырдзинад хон,
Нæ уыд фылдæр ныфс равдисын мæ бон.
(«Ирыстонмæ»)

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Мах иваем дуне, дуне ивы мах».[2] Æмæ нæ рæдыд. Ирыстон цæмæй дардмæ зына, дуне йæ уына æмæ йын аргъ кæна, уый тыххæй йæхæдæг хъуамæ кæса дунемæ, æваера йæ бæрзонд, йæ цард бийа дунейы цардимæ æмæ йын уыцы стыр, æваеджиаг хъуыддаджы йæ уарзон хъæбултæй иууыл ахадæндæр æххуыс чи кæны, йæ уыцы фырттæм, уый царды фæтк куы у, уæд цæмæннæ хъуамæ дара хъулон зæрдæ нæ радтæг, нæ уромæг Ирыстон? Цæмæннæ хъуамæ уа нæ Фыдыбæстæ йæ сæрхъызойтæй сæрыстыр, буц æмæ райгонд?

«Мах хъуамæ адæймаджы æрдзыхъæд афтæ рацаразæм æмæ дзы хъуамæ ælдариуæг кæной æнусон æнæмælгæ монцтæ – адæймаг хъуамæ райгондæй куса, араза æмæ фæлдиса, адæймагады мыггаг адарддæр кæна æмæ йæ бавæра, зæхх æмæ æрдз мælæтдзаг фыдбылызæй бахиза, адæймаг йæхи базона æмæ царды мидæг фидаræй сбælвырд кæна йæ бынат, йæ нысаниуæг»,[3] – фидар кодта Хадзы-Мурат.

Адæймагæн йæ бон цы у хорзæй, уый сыгъдæг зæрдæйæ, йæхиуыл æнæ ауæрдгæйæ куы араза, царды куы тырна размæ æмæ йе ‘мбælццæттæн сæ

[1] К а й т у к о в Г. Доброго пути / Социалистическая Осетия, 1964. – 6 июль.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 149 ф.
[3] Уый дæр уым.

тыхсты сæ фарсмæ куы лæууа, уæд уый хъæбатырдзинад у, уæдæ, цы. Уадз, йæхи уды сгуыхтæн дæр уæд. Уымæн æмæ адæймаджы бон бирæ у. Æмæ фыссæг æнæ фæсайгæйæ, æфсæрмдзæстыгæй йæ Фыдыбæстæйæн куы лæггад кæна, аивад ын куы фæлдиса, уæд уыцы хъуыддаг бæллиццаг, стæй бафæзминаг хабар у. Æмæ йæ нæ фæхаты йæхæдæг, афтæмæй йæ нæ царды вæййы фæзмджытæ, йæ иумæйаг хъуыддаг дарддæргæнджытæ.

Æрнигон йæ хъайтары номæй тынг раст загъта: «Фæзмын хорз нæу, фæлæ хин митæ кæнын та ноджыдæр фыддæр у».[1] Уæлдайдæр, аивад фæлдисгæйæ. Фæлæ кæстæр хистæры хорз хъуыддæгтæ куы фæзма, йæ амынд фæндагыл фарнимæ куы иса йæ къах, уæд уый Хуыцауы радтгæ бафæзминаг æгъдау у.

Æнæдызæрдыгæй зæгъæн ис, уыцы хъуыддаг, йæ алыварс адæмæн удæгас цæвиттон уæвын, иууыл тынгдæр хауы аивады кусджытæм. Уæлдайдæр, ныры уæззау дуджы. «Раст æмæ зылын, сыгъдæг æмæ чъизийы æхсæн арæн нал и, æддæг-мидæг ауадысты. Æвирхъау тызмæг, æвирхъау æнæхатыр æхсæнад!»[2] – зæгъы Мурасты Эльбрус. Æмæ ахæм æхсæнады, цæвиттон кæмæй райсай, ахæм адæймаджы сæр тынгдæр хъæуы. Ирыстонæн уыцы цæвиттойнаг, иузæрдыг лæггадгæнджыты, аивадфæлдисджыты номхыгъды æнæ дызæрдыгæй ис Музафер.

***

Дзасохты Созырыхъойы (Сосыгкойы) фырт Музафер райгуырд 1937-æм азы тъæнджы мæйы 10-æм бон Ирыстоны цæгат хайы Æрыдоны районы Бæрæгъуыны (Красногоры) хъæууон зæхкусджыты хæдзары.

Хъæуæн уæды дуджы бындур ногæй æрцыд æвæрд. Хохаг цыбыркъух адæмæн социализмы фæрцы фæцис фадат быдырбæсты æрбынат кæнынæн, хойраджы куыстæй сæхи дарынæн æмæ Уæлладжыры комæй цыппæрдæс хъæуæй Урс доны рахизфарсмæ æвддæс æмæ дыууиссæдз мыггагæй цы 3

[1] И л а с Æ р н и г о н. Æрымыс-иу мæн. – Дзæуджыхъæу, 1979. – 61 ф.
[2] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Сыгъдæг уды рухс фæд / Рæстдзинад, 2007. – 14 апрель.

мин æмæ 123 адæймаджы ралыгъдысты хуыздæр цард саразынæнхъæл, уыдонимæ уыдысты фидæны фыссæджы фыд Дзасохты Елдзарыхъойы фырт Созырыхъо æмæ йæ цардæмбал Хосаты Садуллæйы чызг Веринкæ.

Цардагур хуыздæр бынæттæ агурын махæн фыдæлтæй баззад: «Вначале н. э. на европейскую арену буквально врываются аланы. Мы находим их на огромном промтранстве от Испании на западе до Ирана на востоке, от Британии на севере до Африки на юге»,[1] – зæгъы Гутнаты Феликс.

Ног хæдзаргæнæгæй хилæг дæр тæрсы – бæндæны скъуыддзаджы æфсон мæ ма фелваса, зæгъгæ. Сæ алыварс ногцардагур адæмау, бирæ цæмæйдæрты хъуæгтæ æййæфтой Дзасохты бинонтæ, фæлæ, зынтæй чи нæ тæрсы, йæ хъуыддæгтæм рæвдз чи æвналы, уымæй куыст уисæн кæны. Къоста уымæн дзырдта: «Цырд лæппуйæн – кæф!»[2] («Кæмæн цы»). Фыдыбæстæйон Стыр хæсты размæ Бæрæгъуыны цы цалдæр агуыридурæй арæзт хæдзары фæзынд, уыдонæй иу уыдис Созырыхъо æмæ Веринкæйы. Фæлæ уæддæр, уыцы азты Ирыстоны бындурон хæдзæрттæ чи нæ арæзтой, уыцы адæмæн дæр тыхст азтæ уыдысты, ног Бæрæгъуыны цæрджытæн – ноджы тыхсддæр. Музафер райгуырд раст уыцы рæстæджы, хъæуыл фынддæс азы куы сæххæст, уæд. Куыннæ йыл фæцин кодтой йæ ныййарджытæ – лæппууарз ирæттæ!

Фæлæ адæймаг фæндтæ кæны, Хуыцау – лыг. Фыдыбæстæйон Стыр хæст, хъæмпы дзынайау, куы ныггуыпп кодта, уæд Созырыхъойы дæр, дæсмингай ирон æвзонг чызджытæ æмæ лæппутау, акодтой фашизмы ныхмæ адæмы сæрыл тугкалæн хæсты тох кæнынмæ. Афтæмæй мæгуыр, хæдзардарæг лæппулæгæн йæ сау табæт дæр нал сæмбæлд йæ гæвзыкк къæсыл. Сæдæгаймин ирон хæстонтау, хъыгагæн, баззад хæсты быдыры. Ирыстоны хуссар хайы фыццаг Президент, историон зонæдты доктор, профессор Цыбырты Людвиг уымæн загъта Музаферæй: «Бирæ цæмæйдæрты

[1] Г у т н о в Ф е л и к с. Аланские портреты. – Владикавказ, 2005. – 18 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджвхъæу, 2009. – 213 ф.

уыдысты нæ цæстæнгастæ иухуызон. Иумæ бавзæрстам фæсхæсты уæззау азтæн, кæд уыимæ абаргæйæ мæнæн мæ ныййарджытæ удæгас уыдысты, уæддæр».[1] Æмæ фыды мælæт фыртæн ссис æнустæм мысинаг, йæ уæззау сагъæсы сæр:

«Ænæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»
О, уыцы дзырдтæй ис ыскæнæн хъарæг!
О, уыцы дзырдтæ сты мæ фыды марæг!
О, уыдон фехъусгæйæ ‘рхизы бæхæй барæг!
«Ænæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»
Сымах æрдæгыл аскъуынут мæ зарæг.
Ысты æнусмæ уыцы дзырдтæ арæн
Сымах æхсæн, хъæбул æмæ ныййарæг! –

йе ‘мдзæвгæ «Ænæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…» -ы зæрдæрисгæйæ зæгъы поэт. Æмæ раст у – Музафер йæ фыды рухс фæлгонц тугкалæн хæсты аххосæй рæстмæ йæ зæрдыл нæ бадардта. Фæлæ фыдæй сидзæр ærдæг сидзæр у, мадæй сидзæр – æцæг сидзæр, æмæ уый дæр раджы базыдта, æвддæс азы йыл куы сæххæст, æцæг цæстдарын, раст фæндагыл цалх кæнын æй куы хъуыдис, уæд – 1954-æм азы.

Уый тыххæй йæхæдæг араех фæдзуры: «Исчи мæ афтæ куы бафæрсид, дæ зæрдæ дын чи сæнкъуысын кодта æмæ дæ царды æппæты ‘намонддæр уысмыл цы нымайыс, зæгъгæ, уæд зæгъин – мæ мады амард фехъусын. Уымæй æвирхъаудæр цау мæ царды нæма уыдис. Цæйнæ фæлтау ма уымæн йæ иу фондзыссæдзæм хай маст бавзарон, фæлтау Хуыцауæй курæг дæн, мæн йæхимæ айсæд раздæр».[2] Æмæ йын уый дзырды рæсугъддзинадæн загъд нæу. Цæмæннæ, уый поэт йæхæдæг тынг хорз загъта йе ‘взонджы бонты, йæ мад Веринкæйы мысгæйæ, цы «Фæстаг фæдзæхст» сфæлдыста, уым: «Мæ

[1] Ц ы б ы р т ы Л ю д в и г. Ирыстоны адæмон поэт / Хурзæрин, 2011. – 31 декабрь.
[2] Авторы архивæй.

фыртæн-иу мæ ма схъæр кæнут ахсæв…» – Мælæг удæн йæ фæстаг фæдзæхст райхъуыст».[1] Йæ уыцы фæстаг фæдзæхстæй уарзæгой мад зæгъынмæ хъавыд, цæмæй йæ хъулон хъæбул иу æхсæв йæхи уæддæр ма хатыдаид сидзæр æмæ рыгъд. Æмæ нæм уый кой нырма уыдзæнис, фæлæ нæ дзырды сæр, адæймаг ныфсæй кæй цæры, уый охыл у. Æмæ ‘взонг лæппу нæ рох кодта йæ мады фæдзæхст, фидæн чиныгыл баст кæй у, уый тыххæй. Къостайы загъдау: «Куыст – цардæн фæрæз!» («Чи дæ?»).[2] Æвзонг лæппу йе ‘ппæт хъару радта куыстмæ, ахуырмæ.

Фæлæ хъысмæт йæхион кæны, дæ сæрыл уырдыг куы слæууай, уæддæр – царды уæз æрыгонæй æрæнцад æвæлтæрд лæппуйы уæхсчытыл. Йæхиæмбæрц æй цъист кодта зæхмæ æмæ диссаг нæу, йæ лæджы кары дæр йæ хъæууон бонтæ кæй никуы рох кæны, йæ царды цинтæ æмæ мæстытæ зæрдæбынæй кæй фæмысы, уый:

Мæ цæстыл уайы: афонмæ та уынджы
Æмбырдæй бадынц аууоны нæ сых.
Кæнынц быгъдулæг карчыцъиутæ рыджы,
Æвзарынц нæууыл лæппутæ сæ тых.

Мæ къухæй ахсынц байбыны кæсæгтæ,
Мæ къæхтæй систой хъæугæрон тъæбæрттæ.
Хæссынц мæ уæхскыл бур хызыны дзæгтæ
Мæнтæг, гæнгæлы – нал хæрынц къæбæр.

Хуыссынц бæгънæгæй доны был мæ бæсты,
Кæнынц мæ хуызæн къæдзæхræбын ленк.
Тæхы фæдисæй денджызмæ сæ рæзты,
Тæргæбæхау, æнæвдæлонæй Терк…

[1] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Урс доны былыл – Бæрæгъуын. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 136 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 63 ф.

(«Мæ хъæубæстæ»)

«Æвæлтæрд æвддæсаздзыд лæппу уазал арвы бын баззад дыууæ гыццыл чызджы – йæ дыууæ кæстæр хоимæ», – зæгъы Дзуццаты Зæлинæ. – «Зæгъæн ис, æмæ Музафер йæ хотæн уыди мад дæр æмæ фыд дæр».[1] Æмæ царды уый уыдис йæ фыццаг уæлахиз. Фæлæ цы аргъæй!

Музафер йæхæдæг афтæ зæгъы: «Скъола-интернаты нын фембæлд уыди ахуыргæнинæгтимæ. Нæ фæлтæр цы мæгуыр уавæрты хъомыл кодта, уыцы хабæрттæ куы мысыдтæн, уæд мæ кæуын мæ былалгъыл абадт, мæ хъæлæс фæкъуыхцы, мæ цæссыг бауромын ма тыхæй мæ бон баци. Мæхицæй фефсæрмы дæн…

Къостайæн, дам-иу йе ′мдзæвгæтæ йæхи цур куы кастысты, уæд йæ цæссыгтæ зынæй урæдта æмæ, дам-иу, иуварс азылд.

Къостайы хуызæн хъæбатыр лæджы зæрдæ кæм уынгæг кодта, уым мæн хуызæн адæймагæн куыннæ хъуамæ ныббарой йæ лæмæгъдзинад, чи йæм хъуса, уыдон скъоладзаутæ куы уой, уæд дæр».[2]

Фидæны фыссæг кæд, иунæг чиныг дæр кæм нæ уыдис (йæ мад бынтон æнахуыргонд уыд, фæлæ йæ фыд зыдта кæсын æмæ фыссын), ахæм хæдзары райгуырд, уæддæр йæ мад удæй ахста, чиныгæн цахæм тых уыдзæнис, уый æмæ йæ кæстæры йæ удæгасæй разæнгард кодта ахуырмæ, æгъатыр царды фæччи æрцахсынмæ, цыфæнды дудгæбætты дæр фæстæ куыд нæ лæууыдаид, цæмæй дзы æгадæй фæстæ ма баззадаид. Цæмæй царды уæрдонæй ма рахаудаид. Æмæ Музафер йæхицæн стыр амондыл нымайы, сæ хæдзары æппæты фыццаг цы чингуытæ фæзынд, уыдон æхсæн нæ адæмы сæрыстыр æвдисæг хъæздыгад – «Нарты каджытæ» кæй разынд.

Ж. Дюмезиль загъта: «Нартовский эпос заслуживает внимания прежде всего потому, что непострественно отражает жизнь и душу народов – его носителей».[3] Æмæ фидарæй банысан кодта, уыцы адæм ирæттæ кæй стæм:

[1] Д з у ц ц а т ы З æ л и н æ. Хуыцауæй арфæгонд / Рæстдзинад, 2002. – 4 октябрь.
[2] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Мæйты дæргъæн азтæ // Мах дуг, 2014. № 11. – 17 ф.
[3] Д ю м е з и л ь Ж. Осетинский эпос и мифология. – М., 1976. – 16 ф.

«Именно у осетин и, конечно, отчасти уже у их далеких предков сформировалось ядро нартовского эпоса и наметились его главные герои. Знаю, что, вынося это суждение, я огорчу своих черкесских и абхазских друзей,[1] но m a g i s a m i c a v e r i t a s:[2] в основе своей нартовский эпос – осетинский».[3] Музафер Дюмезилæй абон дæр уымæн у сæрыстыр.

Уыцы бæллиццаг хæзна кæуыл нæ бандава, кæй зæрдæ нæ нызмæлын кæна уидагмæ, уый цахæм адæймаг хъуамæ уа. Музаферæн ацы чиныг уыдис алæмæтон дунемæ æргъæу дуары хуызæн. «Нарты кадджытæй» йæ зæрдæйы æнæвнæлд къуымты фыста йæ дзырдты аив фæзилæнтæ, сæ алæмæтон фæлгонцты æрттивгæ хуызтæ. Уый йын йæ ахуыргæнæн чингуытимæ тынг æххуыс кодта размæ цæуынæн. Афтæмæй, 1952-æм азы сæхи хъæуы авдазон скъолайы куы сахуыр кодта, уæд бацыд сæ сыхаг хъæу, Дыгуры районы Николаевскы станицæйы астæуккаг скъоламæ æмæ йæ каст куы фæцис, уæд 1955-æм азы йæ ахуыр адарддæр кодта Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты.

Диплом райста 1960-æм азы æмæ йын байгом сты царды уæрæх дуæрттæ. Куыста республикæйон газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы литкусæгæй, сæрмагонд уацхæссæгæй, культурæйы хайады гæсæй. 1971-æм азы цыппурсы мæйæ 1973-æм азы рухæны мæймæ уыд фæсивæдон газет «Молодой коммунист»-ы редактор. 1973-æм азы та йæ арвыстой Мæскуымæ СЦКП-йы ЦК-ы цур Уæлдæр дыууæазон партион скъоламæ æмæ йæ каст фæцис сырх дипломимæ.

Уæд дæр æмæ ныр дæр разамонæг бынæттæм фæндæгтæ аивады кусджытæн, уæлдайдæр, фысджытæн, сындзæрх уыдысты. Тæрсгæ сæ фæкæнынц, сæ дæлгоммæ митæ сын хурмæ макуы ракалой. Цыма, семæ куынæ кусæм, уæд сæ æнæуый нæ фæзонæм.Фæлæ Музафер Уæлдæр дыууæазон партион скъолайы фæстæ куыста СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны

[1] Ж. Дюмезиль сарæзта ахæм фиппаинаг: «Недавно я получил за это строгий выговор от А. И. Гадагатля: см. «Героический эпос «Нарты» и его генезис. – Краснодар, 1967. – С. 253 – 254. (…) Увы, доводы моего увлекающегося друга Гадагатля не заставили меня переменить мнение» (Хъ. М.).
[2] Истина дороже дружбы (лат.).
[3] Д ю м е з и л ь Ж. Осетинский эпос и мифология. – М., 1976. – 161 ф.

обкомы инструкторæй, стæй – ЦИАССР-ы телеуынынад æмæ радиоалæвæрдты фæдыл Паддзахадон комитеты сæрдары хæдивæгæй. Ныр та дæсгай азты у журнал «Ногдзау»-ы сæйраг редактор.

***

Нæ ирон адæм сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы «Нарты кадджыты» кой нæм ænæнхъæлæджы не ‘рхаудта. Абайты Васо загъта: «Нарты – это миф, насыщенный жизнью и историей».[1] Стæй дарддæр дзырдта кадджыты арæзты тыххæй: «Общая композиция сказаний проста и легко обозрима, без оступлений и запутанных поворотов. Синтаксис несложен; преобладает простая фраза, сложно-подчиненные конструкции избегаются. Описания скупы до сухости. Диалог лаконичен. Действие, динамика решительно преобладают над описанием и риторикой… Язык сжатый, как бы стянутый, но в то же время богатый, упругий, полновесный и меткий».[2]

Музаферы аив дзырд йæхимæ раджы райдыдта ælвасын. Уыцы кадджыты нывæфтыд дзырды базыртыл сабибонты райдыдта тæхын. Уыдон алæмæтон æвзаг, йæ фæлгонцты диссæгтæ æмæ йæ тæмæссæгтæ сайдтой сæ фæдыл. Йæ фыццаг литературон фæлварæнтæ хауынц, сæхи хъæуы авдазон скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæдмæ. Аив дзырдмæ «Нарты кадджыты» фæстæ йæ фыццаг разæнгардгæнджытыл нымайы газет «Пионерская правда», йе ‘мхъæуккаг поэт Чехойты Сæрæбийы æмæ фыссæг Мамсыраты Дæбейы.[3] Æмæ уыдон дæр ænæ бындурæй, мыййаг, нæ. Уыдон кæсгæйæ фæцалх æмдзæвгæтæ фыссыныл.

Фæстæдæр Музафер æрымысдзæн: «Зын цардæй фæцард Сæрæби, фæлæ уæддæр хъæлдзæг уыд. Йæхи загъдау, цыма дуне иууылдæр уый уыд, афтæ йæм каст. Фæлæ-иу ыл, æрхæндæджы ахæсты куы бахауд, ахæм рæстæджытæ дæр скодта. Уæд-иу алы хатт дæр мæлæты сагъæсы бацыд. Исдугмæ-иу ницыуал сдзырдта, стæй-иу æрæджыйау ænкъардхуызæй загъта:

[1] А б а е в В. И. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982. – 100 ф.
[2] Уый дуым, 103 ф.
[3] Авторы архивæй.

«Куы амæлон, уæд мын мæ фыстытæ ды куынæ бабæстон кæнай, уæд мæ мæтгæнæг чи у?!»[1]

Чысыл лæппу-иу сæ хъæуы библиотекæйы ногдзауты газеты йе ‘мкарæнты кæнæ чысылдæрты æмдзæвгæтæ куы каст, уæд-иу фырцин æмæ фырхæлæгæй базыр-зыр кодта – диссаг æм кастис, куыд фыссынц æмдзæвгæтæ, стæй сæ газеты куыд мыхуыр кæнынц. Фæлæ йæ уырныдта, искуы æнæмæнг уый ном дæр адæм мыхуыр дамгъæтæй кæй кæсдзысты, уый дæр кæй уыдзæнис, адæмы цард аив дзырдæй чи ныв кæна, уыцы фысджыты рæнхъы æмæ-иу фырцинæй бабуц йæхицæй.

Уый цæмæннæ хъуамæ уа поэт. Уæдæ, йе ‘мхъæуккаг Чехойты Сæрæби куыд споэт. Æцæг, уæд, хæстæй æрыздæхгæйæ, Сæрæби бирæ йæхи хуызæн, уацары бахауæг хæстонтау, Хуыцауы æнæхъуаджы ахæстоны бадт. Уæд рæстæг ахæм уыд: уæдта, дам, барвæндæй радтат уæхи уацары æмæ фашистты дзырдхæсджытæ стут. Фæлæ-иу Музафермæ Сæрæбийы чиныг «Æргом зæрдæ» сусæгæй авæрдта поэты æфсымæр Солтан.

Музафер-иу, æмдзæвгæтæй сæ хъæуы ном Красногор кæй бынмæ фыст уыдис, – ома, уым райгуырд аивадон уацмыс, – уыдон -иу цы зæрдæбынæй кастис! «Йæ цинæн-иу кæрон нал уыд» зæгъын дæр цъус у, афтæ-иу сыл тад æмæ рад фырцинæй.

Мамсыраты Дæбейы ном дæр уыцы хъуыддаджы тыххæй æрымысы. Сæрæби, цалынмæ ахст нæ уыдис, уæдмæ иста журнал «Мах дуг». Ныр-иу журналы зæронд номыртæ Солтан авæрдта бæллицты базыртылтæхæг лæппумæ æмæ дзы куы сæмбæлид Дæбейы роман «Хъæбатырты кадæг»-ыл.[2]

Йæ алы дзырд дæр ын кæсгæ нæ, ныхъуыргæ кодта. Борзаты Ботасы бинонты цардвæндаг æм фæкаст сæхи бинонты цардвæндагмæ бынтон хæстæг. Ивддзæгтæ йын кодтой. Æмæ-иу саргъ бавæрдта бæллицты æфсургъыл – уымæ та амонд кæд бахуддзæн; уый та куыд сныв кæндзæнис, кæд равдисдзæн сæ бинонты цард?!.

[1] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Сыгъдæг уды æргом зæрдæ / Рæстдзинад, 2012. – 21 январь.
[2] Уый дæр уым.

Алы æвзонг удмæ дæр, уæлдайдæр, аивады кусæгмæ, йе ‘взонджы бонты вæййы цыдæр æвæджиаг, æндæр истæмæй баивæн кæмæн нæй, ахæм бæллиц æмæ йæ уды быцъынæг фæтоны уый сæххæст кæнынмæ. Зæгъæм, М. Ю. Лермонтовы æвæджиаг бæллиц уыд, цæмæй зæхкусджытæн иууылдæр сарæзтаид дурын хæдзæрттæ.[1] Музаферы бæллиц йæ бæттæнтæ тыдта, цæмæй лæппу йæ адæмæн рæхджы лæггад кодтаид ирон аив дзырды фæрцы.

Æмæ йыл уыцы – фидæны фыссæг суæвыны сæнттæ сагътой базыртæ. Нæ йын лæвæрдтой æнцой. Царды йыл хæцыдысты размæ. Фæцалх æмдзæвгæтæ, хосдзауы уистау, рæнхъгай æвæрыныл. Йе ‘мдзæвгæ «Фæззæг» йæ уды стыр цинæн 1954-æм азы фæзынд Æрыдоны районы газет «Ленинон»-ы. Уый æцæг бæллицты базыртæ басагъта æнæ базырæй мæргътимæ тæхæг æрыгон лæппуйыл!

Уæдæй фæстæмæ иуран æрхæст нал зыдта. Йæ сæнтты, йе змæлды æппынæдзух чиныг ссис йе ′нæфæхицæнгæнгæ хæлар. Йе ‘мдзæвгæтæ арæхæй-арæхдæр зынын райдыдтой периодикон мыхуыры. 1964-æм азы та рухс федта йæ фыццаг поэтикон æмбырдгонд «Фыды фарн», афтæмæй дзы аргæ та скодта, йе ‘мкъаимæ цæрынæй дæр æмæ йæ хъæбулты хуртæй чи нæ бафсæст, йæ уыцы æдзардæй зынгхуыст мады ном. Хъодзаты Æхсар æнæнхъæлæджы нæ загъта Ходы Камалы æмдзæвгæ «Денджызæй куы не ′рбаздæхы нау»-ы тыххæй: «Æвирхъау хабар бирæты базмæлын кæны, – зæгъы поэт. Фæлæ… Æппæтæй фылдæр рыст байфынц уидæгтæ».[2]

Æмæ поэтæй куыд хъуамæ ферох уыдаид, æнафоны йæ цард æрдæгыл кæмæн фескъуыд, æгас бинонты кæугæ чи ныууагъта, йæ уыцы цардбæллон, зынгхуыст фыд Сосыгкойы рухс ном. Йæ номарæн æмдзæвгæйы поэт зæрдæрисгæ æмæ уынгæгхъуырæй зæгъы:

«Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»
О, ахæм гæххæтт цал хæдзары райстой!

[1] Шугаев П. К. Из колыбели замечательных людей // Авторты коллектив. М. Ю. Лермонтов в воспоминаниях современников. – М., 1989. – 63 ф.
[2] Хъодзаты Æхсар. Хи поэтикон хъæлæс / Рæстдзинад, 1975. – 26 март.

О, уыцы дзырдтæй ис ыскæнæн хъарæг.
О, уыцы дзырдтæ цас цæссыгтæ ‘рхастой!
О, уыцы дзырдтæ цал зæрдæйы скъахтой!
О, уыцы дзырдты мах кой уыдис, мах кой.
Мах уыцы дзырдтæ сидзæртæй ныууагътой.
Æрмæст нын æй уæд хистæртæ нæ загътой.

«Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»
О, уыдон фехъусгæйæ ‘рхизы бæхæй барæг!
О, уыдон систы хъарæджы ныхæстæ!
Фæлæ нæ дзурынц абон дæр æххæстæй,
Куыд тох кодтой нæ уадæмдых цæргæстæ,
Мæ фыд куыд хæцыд тугуарæны хæсты,
Куыд-иу хъазыди сау мæлæт йæ фæстæ
Æмæ та-иу куыд алыгъди йæ фæрсты.

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «…алы поэты цард æмæ сфæлдыстады хæст алы æмæ алыхуызон равдыста йæхи. Иумæйаг дуг, иумæйаг æрмæг, иумæйаг нысан… Фæлæ иумæйаг нæ амоны иугъуызон. Иумæйаг йæхимæ æрбайста бирæ индивидуалон биографитæ, хæдхуыз, хæдахастытæ кæмæн ис, ахæм хъысмæттæ». Уыцы хъысмæттæ та, куыд зонæм, афтæмæй уыдысты дæсгай милуантæ.[1] Музафер дæр семæ, афтæмæй.

Хæсты тыххæй Джыккайты Шамилы хъуыды раст æмæ фидар уыдис: «Нацистты лидзын бахъуыдис Терк æмæ Идылы былтæй. Сырх æфсад басаста Вермахты фидар. Хæсты арт ахуыссыд, зынг кæцæй сирвæзт, уым – Берлины. Фæлæ хæст йæ фæстæ ныууагъта туджы фæдтæ, æнусон нуæстæ, сыгъд зæхх æмæ саст хъысмæттæ. Уыдон аивадæн лæвæрдтой, дæттынц æмæ дæтдзысты хъæздыг æрмæг».[2]

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966. – 174 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истории. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 335 ф.

Музаферæн дæр разынд æнустæм æрмæгдæттæг. Фæлæ цы аргъæй – цæргæ-цæрæнбонты йын æнкъард мысинагæн баззадысты: йæ фыдыл «хур кæм аныгуылд, цы сахат! Йæ тыхулæфт кæм аскъуыди æрдæгыл, Кæм æрхауд тугкалгæйæ уалдзыгон кæрдæгыл»… «Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…» – уыцы цыппар дзырды æнустæм ныххицæн кодтой хъæбул æмæ ныййарæджы. Стæй дыууæ æмкъайы дæр. Никæй бон сæ у уыцы арæны сæрты ахизын:

«Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»
О, уыцы дзырдтæй ис ыскæнæн хъарæг!
О, уыцы дзырдтæ сты мæ фыды хъарæг!
О, уыдон фехъусгæйæ ‘рхизы бæхæй барæг!
«Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»
Сымах æрдæгыл аскъуынут мæ зарæг.
Ыстæ æнусмæ уыцы дзырдтæ арæн
Сымах æхсæн, хъæбул æмæ ныййарæг!
(«Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…»)

Поэтæн бар ис, дзура афтæ. Уымæн æмæ хæсты уæззау дуг йæхи рагъыл, йæхи хъысмæтыл бавзæрста. Уымæн зæгъы: «Нæ хъæуккаг Царицæ чындзы куы цыд, Фыдыбæстæйы Стыр хæст уæд райдыдта. Хæст райдайæн бон Царицæйы чындзы цæуынмæ нал æвдæлдаид, фæлæ хæст æвирхъау у. Чындзæхсæвтæ æмæ йæм куывдтæ нымад не сты, чындзæрвыстытæй æмæ бæрæгбонтæй йе сæфт уыны. Царицæ æмæ бирæ æндæр Царицæйы хуызætты тæккæ амондджын бон дæр сау халонау йæ сау базыртæй уымæн бамбæрзта.

Æвиппайды иу амонд дыууæ дихы фæци. Дыууæ уарзоны æхсæн сæрсæфæн февзæрд.

Æрмæст иу амонд? Æрмæст дыууæ уарзоны æхсæн?

Уыдон минтæ уыдысты, сæдæгай минтæ».[1]

[1] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Иры дзыхъхъ. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 58 ф.

Ахæм ныхæстæ чи фæдзурынц æмæ фæмыхуыр кæнынц: «Мах, сталинон цагъартæ, хæцыдыстæм гитлерон цагъартимæ æмæ нæ кæрæдзи ныццагътам. Мах сыл фæтых стæм, гермайнаг фашизмыл фæуæлахиз стæм – цæй сæрвæлтау – нæхи фашизмы сæрвæлтау. Гитлерон фашизм ныддæрæн кодтам, сталинон фашизм та, цы уыд, уымæй йæ ноджы фæтыхджындæр æмæ фæуæрæхдæр кодтам»,[1] – уыдон цъыф фæкалынц махыл, нæ тугæрхæмттæ, Фыдыбæстæ хъахъхъæнæг фыдæлтыл. Стæй – сæхиуыл дæр. Хæсты быдыры æрмæст хæстонтæ нæ мардысты, фæлæ, фæсчъылдым «Æппæт дæр – хæстæн!»-ы[2] тыххæй сæ чъиухид чи калдтой, уыдон дæр. Нæ адæмы фашисттимæ чи иу кæнынц, уыдон, ахæм хин æмæ кæлæн фæндтæ кæнгæйæ цæуыл фæхъуыды кæнынц, хæйрæг – сæ зонæг. Фæлæ сæ уыцы зæрдæйы уагыл куы вæййынц, уæд сæ æнæ дызæрдыгæй ахæссæн ис, Музафер йæ фыды марджытыл кæй нымайы, уыдонмæ, кæд уый стыр хъыгаг хабар уаид, уæддæр.

Михаил Шолохов Фыдыбæстæйы хъахъхъæнджыты сæрыстырæй хуыдта «Салдаты моей Родины»: «Все передовые умы признают великую заслугу советского народа перед человечеством».[3] Константин Симонов та хæсты фæстæ мысыд: «И сразу же после победы, когда на Западе появились охотники приписать себе хотя бы половину ее, – дальше аппетиты в то время еще не шли, – Эренбург, отвечая им, уже тогда ставил все точки над «и». И в первой же своей послевоенной корреспонденции писал: «Если осмотреть труп фашизма, – на нем много ранений, от царапин до тяжелых ран. Но одна рана была смертельной, и ее нанесла фашизму Красная Армия».[4]

Уæд Ныгуылæн куы фехъуыстаид, нæхæдæг Сырх Æфсады фашизм хондзыстæм, уæд фырцинæй сагау сыкъатæ суагътаид. Уæды рæстæджы. Тыхгæнæг сын тых нал ардтаид. Ома, сæ Фыдыбæстæ чи хъахъхъæнынц, сæ риутæй судзгæ амбразурæтæ чи æхгæнынц, мах дæр уыдонимæ иу фæндагыл лæууæм. Сомбон нын, зæгъгæ, иу кад уыдзæнис. Уæд ахæм «æхсарджын»

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 233 ф.
[2] Фыдыбæстæйон Стыр хæсты рæстæджы лозунг.
[3] Ш о л о х о в М и х а и л. Собр. соч. в 8 т. Т. 8. – М., 1986. – 247 ф.
[4] С и м о н о в К о н с т а н т и н. Собр. соч. в 10 т. Т. 10. – М. 1985. – 430 ф.

цъыфкалæнты тыххæй Нобелы преми лæвæрдтой. Ныр ма цыфæнды дзур – мигътæм рæйæгау вæййынц.

Æниу, Фыдыбæстæйон Стыр хæсты тыххæй нырма бирæ цыдæртæ хъусдзыстæм. Æрæджы журнал «Вокруг света»-йы бакастыстæм: «20 мая 1945 года было последнее сражение Второй мировой войны в Европе. После капитуляции гитлеровской Германии бои еще шли на острове Тексел. Немецкие войска противостояли батальону из Грузинского легиона, сначала воевавшему на стороне вермахта, а затем восставшему против него».[1] Иугæр хæст куы фæци, уæд. Махæн та-иу нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы уæйгæнджытæй дзырдтой, цыма уыдон ахæм гуырдзиаг патриоттæ уыдысты æмæ сæ хъæбатырдзинадæн кæрон нæ уыдис. Хурæргом чи у, уыцы хъуыддæгтæн дæр вæййы сзыгъуыммæгæнæг.

Фælæ Музаферы чиныджы сæ афыст, сæ арæзт, сæ хъуыдыйæ æддæг-мидæг ацыдысты, йе ‘взонджы бонтæй лæппулæджы кармæ, зæрватыччы ахстонау (йæ чингуытæй иу «Зæрватыкджын бæстæ», мыййаг, кæд уымæн схуыдта?), йæ комы хъарммæ къæбæлдзыгæй кæй фæбыдта, йæ уды иу къæртт кæм бавæрдта, уыцы поэтикон дзуринæгтæ. Уыцы хуынимæ фыццаг хатт æрлæууыд, йæхæдæг чиныджы разныхасы цæйау загъта: «…ме схъомылгæнæг, мæ фæндагамонæг, мæ уарзон адæмы раз».[2]

Æмдзæвгæтæн сæ тематикæ, сæ арæзт, сæ поэтикæ иу куыд не сты, фælæ иу бæласы цæнгтау куыд зынынц æмæ æмткæй чиныгкæсæджы зæрдæ куыд рæвдауынц, афтæ сæ цардуагон æмæ философон хъуыды, стæй сæ хъæлæсы музыкалон зæллангæй дæр бирæ цæмæйдæрты хицæнтæ кæнынц. Фælæ нæ уый мур дæр нæ хъыгдары, поэты æнкъараг зæрдæйы фегомæй дзы цы бирæмырон симфонийы æхцон зæлтæ райхъуысынц, уыдон райгæйæ ацахсынæн.

«Хъуыдыты æфсургъ»-ыл кæд æвæлтæрд поэты æрмдзæф бæлвырдæй зыны, уæддæр нæ сафы йæ æнусон философон змæлд, æмæ æфсургъмæ

[1] В о к р у г с в е т а, 2014. № 5. – 27 ф.
[2] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Фыды фарн. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 6 ф.

лирикон хъайтар ænæхин, сыгъдæгзæрдæйæ куы дзуры, ома, «Дæ базыртыл мæ дардæй Поэзийы ызнæт уылæнтæм фехс», уæд æууæндæм, æцæгæй йæ кæй уырны, уым кæй «бафсæддзысты рухс бæллицтæ цардæй», уым, йе 'нкъараг зæрдæйы фаг кæй базондзæнис ленк кæнын ædæрсгæ. Æмæ къæмдзæстыгæй куы зæгъы, ома:

Ыскодтон дæм уæндон ныхæстæ сонтæй,
Былысчъилæй мæм ма ракæс бæрзондæй.
Ныббар, ныббар æвзонг удæн йæ рæдыд,
Дæ хорздзинад æй домгæйæ нæ фæндыд.
Нæ дæ хъавын æрцахсынмæ æнцонæй,
Фæлтау æдзух – æхсæвæй æмæ бонæй –
Æнусты дæргъы зилдзынæн дæ фæдыл
Æмæ кæд афтæмæй фæхæст уон æз дæ барцыл,
Уæд атæхдзынæн стыр фидæнмæ балцы, –

уæд нæ уый уырны йе 'ргом ныхасæй. Уымæн æмæ уацмысты зынынц поэты бæллицтæ, йæ дзуринæгты тæмæнтæ æмæ зæрдæйы хуызтæ. Стæй æвзонг поэт æввонг кад æмæ цардмæ кæй нæ бæллы æмæ тырны, уый дæр æхсызгон хъуыддаг у.

Уыцы хъуыдыйыл йæ зæрдæ не сивта йæ лæджы кары дæр: «Гордится мне особенно нечем, а вот сожалею о многом».[1] Йæхиуыл чи феввæрсы, уымæн та æнтысгæ ницы уал бакæны. Фыссæг уымæн зæгъы: «Жалею о том, что мало знаю. Много книг прочитал за свою жизнь, но еще больше не прочитал. Сейчас пытаюсь наверстать».[2]

Фæллойы руаджы йæ кæй фæнды æфсургъ æрцахсын, уый, æнæмæнг, хорзылдзурæг у. Æмæ нæ фæсайы йæ чиныгкæсæджы. Уымæн æвдисæн йе 'ннæ поэтикон æмбырдгæндтæ – «Ракæндзынæн дын мæ зарæг» (1968),

[1] Д з а с о х о в М у з а ф е р. Я еще не все сказал! / Северная Осетия, 2007. – 31 январь.
[2] Уый дæр уым.

«Зæххы уæз» (1973), «Иры дзыхъхъ» (1984), «Уыцы боны фарн» (1996), «Арв æмæ зæхх» (1996), «Цæразонты хъуытаз» (2005), «Заман æмæ замана» (2009), йæ цыппарræнхъонты цыппартомон (2012) æмæ æндæр æмбырдгæндтæ.

Поэтæн кæд Иры дзыхъхъ у йæ бæстæ, йæ рагфыдæлты нымд зæхх, уæддæр ын йæ фыдæлты уæзæг йæ номмæ гæсгæ нæу – лæууы бæрзонд: «Йæ гуыр-гуыргæнаг артмæ / Фæцудæн нæй зыны. / Зыны йæм алцы. Дардмæ / Йæхæдæг дæр зыны» («Иры дзыхъхъ»). Поэтæн йæ Фыдыбæстæ дардмæ куы зына, уæд æй уый, цæргæсау, базырджын кæны. Цыбырты Людвиг уый тыххæй зæгъы: «Музаферы поэзийы ахсджиаг бынат ахсы Райгуырæн бæстæйы темæ».[1] Æмæ диссаг нæу, поэтæн куы фæдзурынц, зæгъгæ, Ирыстон чысыл у, уæд уыцы дзырдты рæсдзинадыл йæ зæрдæйы йæхицæн кæй нæ сæтты æмæ ууыл кæй нæ мæт кæны, уый:

Ирыстонæй, чысыл у, зæгъгæ, хъуыстон,
Фæлæ æз ууыл никуы кодтон мæт.
Æцæгæй дæр куы уаид цъус Ирыстон,
Дыууæ дихы фаг не суыдаид, уæд.

(«Стыр Ирыстон»)

Уый у, йæ Фыдыбæстæйыл цæрддзу чи кæны, йе ′нтыстыл ын чи цин кæны, йæ рисæй йын æппынæдзух чи риссы, ахæм цардзонæг адæймагæн сæрыстыры, цардæй буц уæвыны хос. Æмæ уыдæттæй Музафер никæмæ бахæлæг кæндзæнис. Ис æм уыцы хъару, цæмæй æрвылбон дæр райса йæ уадындз æмæ зара Ирыстоны кады хъуыддæгтыл; дзура йын йæ проблемæтыл. Æмæ адæймаг, циндзастæй цы зæгъа, уый йын куы уа, уæд фидарæй ныллыггæнæн ис, амондджын у, зæгъгæ. Стæй ацы æмдзæвгæ дзуры æндæр хъуыддагыл дæр: Музаферæн бæрц дзырдты йæ бон у, адæймаджы зæрдæйы нуæрттæ чи базмæлын кæна, ахæм æнæнхъæлæджы стыр æмæ цыргъзонд хъуыды бавæрын. Æмæ уымæй чиныгкæсæджы

[1] Ц ы б ы р т ы Л ю д в и г. Ирыстоны адæмон поэт / Хурзæрин, 2011. – 31 декабрь.

бафтауы, цæрын æмæ йæ аразынмæ чи разæнгард кæны, ахæм æхцон æмæ рæсугъд æнкъарæнтыл.[1] Æмæ уый зæрдæзæгъгæ миниуæг у кæцыфæнды кары аивадон кусæгæн дæр.

Фæлæ афтæмæй дæр поэт йæ Райгуырæн бæстæимæ схъæл ныхас нæ кæны. Алкæй Фыдыбæстæйæн дæр, адæймагау, йæхи цæсгом, йæхи хуыз æмæ намыс ис. Аргæ та сæ йæ историон фæндагыл скæны æмæ уыдæттæ чи хаты, уыцы дзурæг цард зоны æмæ, табу уæ фарнæн, йæ ныййарæг мады искæй цур нæ, йæхи нымæры дæр куыдзы ус никуы схондзæн. Елена Коваленко Музаферы сфæлдыстадыл хъуыдыгæнгæйæ уымæн зæгъы: «…без чувства родины, без уважения к своим истокам, без тесной, живительной кровной связи с ними нет будущего ни у человека, ни у народа…»[2]

Музафер йæ Фыдыбæстæимæ алы хатт дæр уарзгæйæ, æфсæрмдзæстыгæй, фæлæ зæрдæйæ-зæрдæмæ, фыртæн куыд æмбæлы, ахæм ныхас кæны æмæ уый йæ удыхъæдыл дзурæг у. Ахæм ныхас поэты, стæй алы адæймаджы дæр æвæры бæрзонд:

Фыдыбæстæ махæн – ныййарæгау адджын,
Ныййарæгау махæн – Фыдыбæстæ-мад.
Ирыстон, уыдзынæ æнæ мæн дæр кадджын,
Æнæдæу, Ирыстон, нæ уыдзæн мæн кад.

Мæ зæрдæйы арфы куыд тæлфыс æгасау,
Куы тæлфин дæ зæрдæйы афтæ æз дæр,
Уæд хъуысид мæ намыс, фæрнæйдзаг ныхасау,
Фæуид мæ хъысмæты лæвæртты хуыздæр.

Дæ мæлдзыджы губакк дæр хохыл фæбарын,
Кæсы мæм дæ дæлвæз къæдзæхау бæрзонд.

[1] Б о г д а н о в В. Окрепшие крылья / Молодой коммунист, 1971. – 29 июль.
[2] К о в а л е н к о Е л е н а. Вечный бег Урсдона / Литературная Россия, 2007. – 13 июль.

Мæ райгуырдæй нырмæ дыл зарджытæ зарын,
Фæлæ мын кæронмæ нæма фесты конд.

Фыццаг хатт, кæй зæгъын æй хъæуы, Музафер не схуыдта Фыдыбæстæйы мад – Гафез йæ хæстон поэзийы мады фæлгонцы Фыдыбæстæ бавæрдта. Чи йын нал уыдис, уыцы мад ын Фыдыбæстæ ссис, чи йын уыд, фæлæ хъахъхъæнын кæй хъуыдис, уыцы Фыдыбæстæ – мад. Сæ дыууæйы дæр афтæ бирæ бауарзта æмæ йын ивддзæгтæ кодтой. Æмæ йыл æмбæлæм æппынæдзух: «Фыдызæхх дзуры: «Тагъд цæугæ, цæугæ! Уæ бæсты уал зындзинæдтæ быхсдзынæн», «Цæуæм… Фæлæ цæй зын у, о, цæй зын, Куы дæм хъуыса ныййарæджы хъæрзын» («Ныййарæджы хъæрзын»). Кæнæ: «Ды раст зæгъыс, кæй нæ мын ис нæ хæхты Æфсымæр, хо æмæ æндæртæ», «Фæлæ йæ зон, кæй ис мæнæн зынаргъ Мад, – Уый у мæ цард, мæ бон æмæ мæ цин дæр, – Уый у мæ Райгуыræн, мæ бæстæ…»; «Мад-Ирыстон! Сыстад карз уад…» («Тох фæци»).[1] Æмæ сæ куы нымайæм, уæд цъус не сты. Джусойты Нафи уымæн зæгъы: «Поэт-салдаты æнкъарæнты, хъуыдыты сæйраг мотив у уарзондзинад Фыдыбæстæмæ. Поэтæн йæ ныййарæг мады фæлгонц нæ хицæн кæны Райгуыræн бæстæйы фæлгонцæй, уымæн æмæ йæ фыццаг уарзон у Фыдыбæстæ».[2]

Æмæ уый афтæ нæ амоны, иу аивады кусæг цыдæр хорз загъта, уæд иннæмæн йе ‘рымысыны бар дæр нал ис. Фæлæ Музаферы æмдзæвгæ кæд, зарджыты коймæ кæм ахизы, уым хъуыдыджын афоризмтæ дæр цастæр бæрцæй сафынц сæ тых æмæ ныхас аслам кæны, уæддæр уыдæтты иууылдæр бамбæрзы, поэт йæ уацмысы райдайæны æмæ кæронæй цы уæзгæ хъуыды æваеры, уый. Аив дзырд йæхион бакæны æмæ, ногуард мит зæххы дызгъуынтæ куыд бамбæхсы, афтæ банорста æмдзæвгæйы хъæнтæ:

Æнæ Фыдыбæстæ мæхи лæг нæ хонын,

[1] Г а ф е з. Адджын у цард. – Цхинвал, 1948.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 47 ф.

Æнæ Фыдыбæстæ цæрдудæй дæн мард.
Æнæ мæн, Ирыстон, фæцæрдзынæ, зонын,
Æнæ дæу, Ирыстон, нæ хъæуы мæн цард.

(«Ирыстон»)

Хъуыды кæнын алы адæймаг, алы удгоймаг дæр зонынц сæхирдыгонау. Фæлæ иугæр дæ дзуринæгтæ адæмы рæгъмæ рахæссын ис дæ зæрды, уæд дæ зонды цæст æмæ дæ зæрдæйы хъустимæ хъуамæ уыной æмæ хъусой дæ зæрдæйы цæстытæ æмæ дæ зонды хъус дæр. Чиныгкæсæг чиныг сæйраджы уымæн райсы йæ къухмæ, йæхи хъуыды кæй нæ ахсы, фæлæ йын йæ удæн æхцон чи ‘рхæсса, ахæм исты дзы кæд ссарид. Чиныг диссæгтæ æмæ тæмæссæгты дунейы дуар у. Æмæ, уыцы дуарæй кæй бахонай, уый фыдæнхъæл ма хъуамæ фæкæнай. Æндæра дæ тæфтыл никуы уал акомдзæнис. 1932-æм азы, кæфты мæйы 26-æм бон, Максим Горькимæ фысджытимæ фембæлды Иосиф Сталин советон фысджыты уымæн схуыдта адæймагон удты индзылертæ. Æмæ сын уый цардмæ, сфæлдыстадон куыстмæ радта стыр тых. Сразæнгард сæ кодта ног уацмыстæ сфæлдисынмæ. Уыцы аз ныффыста Максим Горький америкæйаг уацхæсджытæн дзуаппæн йæ зындгонд уац «С кем вы, «мастера культуры»?[1] Æрсидтис сæм цард рæстагæй æвдисынмæ.

Музафер афтæ куы зæгъы: «Мæ зæрдæйы цæстытæ нæ зонынц, циу мæйдар, Кæсынц фæстæмæ, размæ», «Æхсæв сæ мæй нæ хъæуы, нæ сæ хъæуы бон хур: Æвзарынц сауы урсæй, кæрдæгхуызцъæхæй бур» («Зæрдæйы цæстытæ»), уæд ыл æууæндæм. «Æууæнк кæуыл ис, уымæ æфсарм дæр ис»,[2] – зæгъы æмбисонд. Æмæ поэты уацмысты фæрцы уынæм, йæ сæнттæ йæ «куы ахонынц сæ фæдыл», уæд ивгъуыды тары дæр йæ зæрдæйы цæстыты фæрцы фены æмæ æрхæссы, алы мæлинаг адæймаджы цæст кæуыл нæ хæст кæны, уыцы сæрыстыр уæвын æмæ адæймаджы ном бæрзонд исыны сыгъдæг

[1] Горький Максим. С кем вы, «мастера культуры»? // Коллектив авторов. С кем вы, мастера культуры? – М., 1985. – 8 – 28 ф.
[2] Хъазиты Мелитон. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 112 ф.

æмæ бæллиццаг æнкъарæнтæ. Авторимæ аланты ныфсимæ чиныгкæсæгæн дæр «бацæуы уæд ног хъару» йæ уæнгты æмæ йын «цыдæр бардуаг стыр тыхтæ фæдæтты».

Йæ фыдæлты дамбацайæ чи гæрах кæны, уый йæ фæстагæттæ сармадзанæй кæй æхсдзысты, уыдæттæ Дзасохы-фыртæн амонын нæ хъæуы æмæ нæ рагон туг æмæ стæгæн йæ рухс хъуыдыты арфы йе ‘взонджы бонтæй фæстæмæ уымæн агуры сæ фæдтæ («Мæ сæнттæ мæ куы ахонынц сæ фæдыл…»). Чи цы агуры, уый аргæ дæр скæны, æмæ уынæм, поэтæн йæ фыдæлты фæдтæ арын æмæ сæ фæлтæртæн æвдисын йæ къухы куыд æфты, уый («Лехелы сыкъа», «Цæрадзонты хъуытаз», «Уæллаг Ир – Алагир»). Джусойты Нафи цæйау зæгъы: «Махæй алчи дæр ацы зæххы гæппæлыл райгуырд, рахъомыл, рацард æмæ йæ уарзы йæ удæййас. Махæй алчи дæр йæ армы тъæпæнау зоны йæ райгуырæн уæзæг. Уарзы йын йæ алы къутæр, йæ алы кæрдæджы цъупп, йæ алы къуылдым æмæ лæнкау дæр. Махæй алчи дæр йæ зæрдыл дары, фæлладæй-иу куыд æруагъта йæхи искуы кæрдæгыл æмæ йæ сæр куыд æрхаста, мады фæлмæн арммæ хæссæгау, кæрдæджы гуцъуламæ… Махæй алкæмæн дæр, бæлвырд куы нымайæм, уæд Ирыстон йæ зæрдæйы рæбын ис цæргæ-цæрæнбонты, фæхицæн нын нæй мæлæты бонмæ, стæй уæддæр иппæрд нæ фæвæййæм кæрæдзийæ – нæ ныййарæг зæхх нæ йæ тары амбæхсы…»[1]

Фыдæлтæ, Фыдыбæстæ, мад, мадæлон æвзаг – иууылдæр, зæрдæйы рæбын цы уаздæр æнкъарæнтæ фæтæлфынц, уыдон сты. Æнæ уыдон адæймаджы цард цардыл нымад нæу. Уыцы, уды райст-бавæрд æнкъарæнтæн нæ дæр баивæн ис, нæ дæр балхæнæн, нæ дæр ауæй кæнæн. Æмæ диссаг нæу, сæ фыццаджы-фыццаг – мадæлон æвзагыл катай поэты нæ фидæныл сагъæсмæ кæй æркæны, уый. Уымæн зæгъы: «Махæн нæ сафæг у, скъолаты иронау кæй нал ахуыр кæнынц, уæлдайдæр хъæуты, уый. Уымæй мах алыг кодтам бæласæн йæ уидæгтæ. Ныр æй уигъæм æмæ æнхъæлмæ кæсæм, дыргътæ дзы æрхаудзæн, зæгъгæ. Афтæ нæ вæййы… Æмæ мах тох кæнын

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Царды æвидигæ сагъæс. – Цхинвал, 2009. – 439 ф.

хъæуы ууыл, цæмæй та ногæй скъолаты фыццæгæм къласæй æстæмты онг æппæт предметтæ дæр иронау цæуой».[1]

Бирæнымæц нациты сæ бонæй уæнт. Сæ адæмы рæзтыл, се ′взæгты фидæныл сæ уыйбæрц нæ фæхъæуы сагъæс кæнын. И. Тургенев йæ мадæлон æвзаджы цинæй райгонд æмæ сæрыстыр уыдис: «Ды куы нæ уаис, уæд, нæ хæдзары цытæ цæуы, æппæт уыдон уынгæйæ куыд нæ хъуамæ кæнай мæтмард. Фæлæ, нæй ууыл бауудæндæн æмæ ахæм æвзаг ма ‘рцыдаид лæвæрд стыр адæмæн!»[2]

Алчи дæр, иу æдылытæй дарддæр, буц у йæ мадæлон æвзагæй. Нафи сæрыстырæй уымæн банысан кодта: «Нæ адæмы иууыл стырдæр национ хæзна – ирон æвзаг бирæ æнусты фæцард. Не ‘взаджы рагондæр дзырдтæй бирæтыл æвдгай мин азтæ цæуы. Нæ дзырдуаты бындурон фондыл цæуы 50 æнусы».[3] Мадæлон æвзаг цыфæнды национ стыр хæзнайæ ноджы ахсджиагдæр у, чи йæ сфæлдыста, уыцы адæмæн, мах та не ‘взагмæ нæ хъус кæй нæ даræм, æцæгælон цæстæй йæм кæй кæсæм, сæфты къæсæрмæ йæ кæй æртардтам, ууыл у поэты хъынцъым:

Нæ æвзагыл цæуæм цъыфкъахæй –
Нæ йыл мæт кæны иу дæр махæй.
Вæййы нæ бар æвзаргæ хорæй,
Уæддæр æй баивæм фæлхорæй.
Кæйдæр дзырдтыл кæнæм хæлæф,
Æрцахсæм тъепа, суадзæм кæф.
Æцæгælон дзырдтæ нын систы
Цæмæндæр хион цины, хисты.
Ныхасæн нал зонæм йæ ад,
Фыдыусы ысхуыдтам мад.
Ысбадти уæрдджын хæфсыл маргъ –

[1] А б а й т ы А р б и л я н æ. Сæрибардзинад мыл æруагъта йæ уæз / Рæстдзинад, 2003. – 12 апрель.
[2] Т у р г е н е в И. С. Пол. соб. соч. в 28 т. Т. 13. – М.-Л., 1967. – 198 ф.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Царды æвидигæ сагъæс. – Цхинвал, 2009. – 66 ф.

Фæндагыл зайдзæни нæ уаргъ.

(«Мадæлон æвзаг»)

Поэт зоны, «æвзагæн нæй алла-биллатæй басæттæн», фæлæ тыхы, уæлдайдæр, æнæ рохтылхæцæг, джидзæггаг дуджы алцæмæ дæр ис æнхъæлмæкæсæн. Арв хур бон дæр кæм цæвы, уым фыддуджы алцæмæн дæр ис æрцæуæн. Уый тыххæй йæ æндавы йæ мадæлон æвзаджы рыст; маргъ арвы цъæхы йæ зæрдæйы дзæбæхæн æмæ цард рæсугъд кæныны тыххæй ленчытæ кæныны бæсты, йæ къах айсынæн чи нæ у, уыцы дзымадытæгæнæг уæртджын хæфсыл кæй сбадт, уымæн нын у тас, нæ уаргъ кæронмæ куынæ фæхæццæ кæнæм, фæндагыл нын куы баззайа, уымæй.

Уый нын абоны скъуыддзаггæнинаг фарст нæу. Уый не ‘нусон судзгæ рис у, фæлæ йæ, хъыгагæн, иу фæлтæрæй иннæмæ æргъæвæм. Нæ бон æй нæ цæуы нывыл æркæнын. Афтæмæй: «Размæ феккуырсæм!», – куы фæхъæр кæнæм, уæд ноджы ацæуæм фæстæмæ. Æмæ ныл не знæгтæ æдылытæй фæхудынц сæ мидбылты.

Имам Шамил ирон æвзагмæ фыццаг хатт куы байхъуыста, уæд ын куы фæхатыд йæ нысаниуæг: «Ацы æвзаг растдæр у царды хъуыддæгты зондджын уынаффæтæ хæссынæн»,[1] – уæд ын мах куыд не ′ууæндæм йæ уæларвон тыхыл? Цы аргъ æм æмбæлы, уый йын цæмæннæ кæнæм?

Махæн нæ уды фарн дæр, не ‘взаджы рæсугъд æмæ дзадджын æвæрæнтæ дæр нæ хæхты цъассыты, нæ хъæуты дыдæгъты æфтыдтой дидинæг, сæ адджын дыргъ сын уырдыгæй хастам; ныр нæ хæхтæ гæмæгътæй куы баззадысты, нæ хъæутæ раууатмæ куы цæуынц, уæд ма нæ мадæлон æвзаг кæны тыхулæфт. Чи зоны, поэты йæ зæрдæ фылдæр уый тыххæй хæссы йæ уарзон хъæууон бынæттæм? Чи зоны, ирон уды фарн æмæ мадæлон æвзаг ын уым кæй дæттынц тых, уый тыххæй сæ нæу йæ бон йæхи атонын? Чи зоны, нырма дæр уым ис нæ амонд æмæ йæм фæстæмæ аздæхынæн бынтон нæма байрæджы? Уæлдайдæр, Абайты Васойы загъдау:

[1] ЦИЗИИ. Ф 1, ОП 1, д. 39.

«Не ′взаг у нæ истори дæр».[1] Ænæ æвзаг, ænæ истори адæм адæм нæ уыдзысты. Не ′взаг у фæстаг, удæгас индоирайнаг æвзæгтæй иу, стæй – скифаг, сарматаг, алайнаг æвзæгты дарддæргæнæг.[2] Поэт уымæн зæгъы:

Фæтахтæн æз мæ бæллицтимæ дугъы,
Тылди мæ фæстæ къуыбылойы цалх.
Йæхи фæстæмæ нал базыдта тухын,
Ærфæнау хæхтæ, быдыртыл ныддаргъ.

Тындзыдтон размæ, афтæмæй та зæрдæ
Цыдæр тæгтæй уыд ивгъуыдимæ баст.
Ærмæст дзы хицæн иу бон дæр нæ фæдæн,
Цæугæйæ дæр фæстæмæ уыд мæ каст.

Мæхи æмбæрзтон сабион кæрцытæй,
Мæ сæнтты цард æвзонг дуджы хæтæн.
Æппынрæджиау банцадтæн мæ цыдæй,
Ныхъхъуыды кодтон, сагъæстыл фæдæн…

Мæ уæнгты хъару бафынæй æмбисбон,
Гуыппарты зынгыл æртхутæг æрбадт.
Фæхицæнчынди хъамайæ йæ фистон,
Фæиппæрд ысты æрдын æмæ фат.

(«Мæ хъæубæстæ»)

Поэты уыцы хъуыдытæ, уыцы сагъæстæ фæстæмæ ælвасынц йæ фыдæлты уидæгтæм. Йæ бон сæ нæу йæхи атонын. Йæхи сæ атона, уый йæ фæндгæ дæр нæ кæны. Æмæ уый йæхæдæг фарны хъуыддаг у, кæм равзæрд,

[1] А б а е в В. И. Осетинский язык и фольклор. М. – Л., 1949. – 11 ф.
[2] М и л л е р В с е в о л о д. Осетинские этюды. – М., 1881 – 1887.

йæ зæрдæ баззад уым («Хæхтæ», «Хохы Карцайы», «Мæ райгуыræн бæстæ мæнæн у мæ хъæу…»).

«Намысджын лæгæн лидзæн нæй райгуыræн зæххæй, – дзырдта Джыккайты Шамил, – уæд ыл æрцæудзæн Антейы æмбисонд. Дантон, мæлæты тæрхонæй йын лидзын цы хæрзгæнджытæ амыдтой, уыдонæн загъта: «Кæдæм лидзон? Фыдыбæстæйæн дзабырты уæфсытыл ахæссæн нæй». Темырболат зæрдæрыстæй хъæр кодта, йæ рæдыд чи бамбæрста, уыцы лидзæг адæмы фæсмон: «Уæ! Нæ хæхтæ нæ бæстæ! Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!..»[1] Æмæ уыцы дудаг æмæ судзаг фарстытæ раджы æрбынат кодтой нæ поэты зæрдæйы. Æнцой йын нæ дæттынц. Агурынц дзуаппытæ.

Чингиз Айтматов загъта: «Мы приехали сюда с тем, чтобы посвятить друг друга в свои самые сокровенные мысли…»,[2] – æмæ нæ Дзасохы-фырт зонгæ кæны йæ райстбавæрд зæгъинæгтимæ.

Бирæ сты, дардыл зилынц Музаферы койæгтæ æмæ дзуринæгтæ. Бæрæгъуын æмæ йæ Урс донæй, зæгъæн ис, къаддæр не ‘ндавынц Дзæуджыхъæу æмæ Терк: «Хъæуы райгуырдтæн, фæстæмæ Хъæуы райдыдтон цæрын. Уыцы хъæу у Дзæуджыхъæу». Фæлæ йæ уыцы «хъæуы» дæр, хъыгагæн, нæ уадзынц зæрдæнцойæ йæ бонтæ тонын, фæллой кæнын; адæм хæлар цардæн кæй райгуырынц, аразынæн, сæхи æмæ сæ кæрæдзи уарзынæй кæй хъуамæ æфтауиккой дидин, цæмæй нæм нæ раттæг, нæ уромæг Хуыцау хорз цæстæй кæса, æппæт уыдæттыл æй нæ уадзынц йæ зæрдæйы фæндиаг æмæ рæстаг адæмы фарн æмæ амондæн кусын. Афтæмæй æнæ рæстдзинад цард нæй. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн бæлвырд кодта: «Рæстдзинад у гуманизм, адæймагæн лæггадгæнæг, адæймаджы хъомылгæнæг, адæймаджы адæймаггæнæг. Рæстдзинад у дæсныйад, аивдзинад, литературæйæ литературæгæнæг».[3]

Бæстæ кæй сызмæст, хъæу хъæуы хуызæн кæй нал у, горæт горæты хуызæн, адæмы цард адæмы знæгтæ кæй сзыгъуыммæ кодтой æмæ лакъон

[1] Джыккайты Шамил. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 220 ф.
[2] Айтматов Чингиз. Изменяя мир // Коллектив авторов. С кем вы, мастера культуры? – М., 1985. – 503 ф.
[3] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 107 ф.

доны, чи ницы уал фæуыны, сæ уд сæ кой кæмæн сваййы, уыцы кæсæгтæ кæй фæахсынц æмæ сæ зæххы цъарыл æндæр бынтондæр кæй ницы уал фендавы, поэты зæрдæ раст уыдæттыл риссы, ууыл у йæ фыдох æмæ, куы бахъæуы, уæд карз ныхас дæр уымæн фæкæны.

Поэт зоны: «Дуджы аккаг чи у, уый нæ хъæрзы ристæй», «Цъаммардæр нæма уыд, ахæм у нæ дуг та» æмæ диссаг нæу, расты бынат фæсдуар кæй ис, зылын та рæбинаг кæй ссис. Æмæ уæд иубон рæстдзинадæн æнæ зæгъгæ нæй:

Сæрибар дæн: дзуры, цы йæ фæнды, дзых,
Фæлæ нæй мæ ныхæстæй иуы дæр тых.

Фæдаргъдæр мын кодтой мæ рæхыстæй баст,
Сæрсæфæн мæм разынд, кæсын æм æмраст.

Уæлдæр хицауадмæ нæ хъуысы мæ дзырд,
У уыдонæй алчи дæр рæстæджы фырт.

Æфсымæртæ кæмæй арæзтам, уыдон разындысты нæ цыфыддæр сафджытæ: «Кæнынц ызнæгтæ дау æмæ æртхъирæн, – Нæма сын фæци иры уæзæг хаст».[1] Растдæр уый тыххæй нæй раст æмæ зылынæн бафидауæн. Бирæгъ уæрыккæн нæу æмбал. Æмæ нæ уырны, лирикон хъайтар æмæ «уæлдæр хицауадæн» сæ кæвдæстæ фæйнæ ран кæй сты. Бирæгъ æмæ уæрыккæн сæ цин дæр, сæ хъыг дæр никуы сиу уыдзысты. В. Маяковскийы загъдау: «одному – бублик, другому – дырка от бублика».[2] Кæнæ та – ноджы фыддæр. Æмæ уый ирдæй зыны æмдзæвгæйы иронион кæроны:

Сæрибары дымгæ мæ ахæсдзæн тагъд,
Кæронмæ æрцæудзынæн дымгæмæ дард.

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Изæрмилты кувын. – Цхинвал, 2002. – 21 ф.
[2] М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 9. – М., 1978. – 64 ф.

Сæрибардзинад мыл æруагъта йæ уæз,
Сæрибардзинадæй сæрибар дæн æз.
(«Сæрибар»)

Лæджы худ нæ чи хæссы, уый куыннæ хъуамæ æндава Ирыстоны хъысмæт. Æмæ Музафер рæстагæй риссы: «XXI æнусæй бирæ нæма рацыд, афтæ нæ иу сыхæгтæ Хуссары ныццагътой, нæ райгуырæн зæхх нын тугхъулон фестын кодтой, нæ иннæ сыхæгтæ та Беслæны скъолайыл арт бафтыдтой. Сæ ахуыргæнджытæ æмæ сæ ныййарджытимæ басыгътой сæдæгай æнахъом сывæллæтты (Номхуындæй: 334 адæймаджы – Хъ. М.). никæмæн ницы кæнæм, афтæмæй».[1]

Дзæнæтыбадинаг Къоста тынг раст загъта: «Нæу сусæг хорзæн йе ‘цæг ном, Налатæн та – йæ фæсномыг»[2] («Æхсины лæг»). Алцы дæр развæлгъау цыма хорз фæзонæм, фæлæ адæймаджы сконд афтæ у – исты æнхъæл æнæмæнг уæлæмæ хъуамæ тила йæ къæдзил. Уæлейæ чи фæбады, уый, бынтондæр æй сæр кæм нæ фæхъæуы, уым дæр дæлæмæ хъуамæ æнæуынонхуызæй амона «зæндтæ». Ирон æмбисонд та амоны: «Зондджын лæг ælгъ никæуыл кæны».[3]

Поэтæн йæхи загъдау, хъыгагæн: «Ахсæн, зæрдæ, сæр – иу хæдзары хатæнтæ. Чи дзы уа уæлдæр, Уый кæны уынаффæтæ» («Адæймаг») æмæ цæсгомджын, æууæндаг адæмæн «ахсæн», уымæй дæр кæйдæр хуыргуыбын ахсæн у уынаффæгæнæг. Ахсæн æмæ, цæсгомы бынат дæр кæмæн нæй, уыцы æдзæсгом æнæуагæй кæны йæхион æмæ уыимæ æрмæст йæхи нæ, фæлæ æгады къæлæты бæтты адæмы дæр. Уыдон сæ къæйных ахаст, сæ кæрæфæй нал хатынц гæрæнтæ. Сæрибары номæй сæ Хуыцау ссис давын, халын, хафын, цъыф калын. Æмæ уымæй рæстаг адæмы нуæрттæ æмæ стæджытыл аразынц сæ бухъ цард.

---

[1] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Мæйты дæргъæн азтæ // Мах дуг, 2014. №11. – 32 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 49 ф.
[3] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. 1-аг чиныг. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 166 ф.

Джыккайты Шамил цæйау дзырдта: «Уæрæсе дард ныззыввытт ласта дзæбуг æмæ æхсырф. Йæ символ – цæргæс. Дысæрон тугдзых маргъ. Уый æхсыны Амраны зæрдæ. Уый у залымы хъузон. Йæ æвирхъау фæстиуджытæ йын уынæм нæхи цæстæй. Мах кардæй æхсырф нæ аразæм, мах æхсырфæй аразæм марæнгарз. Æрмæст хъæр кæнæм: демократи! реформæ! Уый та нысан кæны: дав, стъигъ. Æмæ адæмыл зыд, кæрæф бахæцыд. Æхца ссис сæ Хуыцау. Хъæддаг капитализм кæфхъуындарау ныббадт нæ доны, хæссæм ын лæгнывæндтæ, уæддæр нæ дойныйæ мары. О, мæнæ зæххон зындон!..»[1]

Ахæм фыддугтæ куы ныккæнынц адæмыл, цæрдтæ мæрдтæм куы фæтæхуды кæнынц, уæд удуæлдай поэтæн æнæфæдисгæнгæ нал вæййы: «Поэтом можешь ты не быть, Но гражданином быть обязан».[2] Æмæ нæ алчи дæр хæсджын у, цæмæй йæ адæмы рисæй рисса. Поэты ном чи хæссы, адæмы рисæй чи риссы, адæмы цардæй чи цæры, уый та æнæмæнг хъуамæ раста царды фыдты ныхмæ. Куы бахъæуа, уæд йæ туг, йе стæджы, стæй йæхи ныхмæ дæр. Ма сын хъуамæ дæтта ком. Дзура, тох кæна, рæстдзинад агура, йæ бон куыд бауа, афтæ.

Æмæ Музафер æмæ йæ лирикон хъайтарæн, поэт æмæ æмбæстагæн, йæ бон нæу, цы фыдтæ уыны æмæ æвзары, уыдон раз æмырæй лæууын. Уымæн æмæ риссы йæ зæрдæ. Фæйнæрдæм ын адæмы тæригъæдæй, царды фесæфтыл хауы фæрсчытæ:

Кæй нæ бафарст иу хатт дæр зондæй,
Кæй хъæлæсы бар уыди ист,
Уый ракасти хохы бæрзондæй,
Дæлæуæз ма баззад йæ фист.

Кæмæн хъуысти дардмæ йæ фыдгой,
Йæ рихи кæмæн уыди даст,

[1] Джыккайты Шамил. Хорз ма ракæн, æмæ… / Рæстдзинад, 2009. – 2 апрель.
[2] Некрасов Н. А. Пол. Собр. соч. и пис. В 15 т. Т. 2. – Л., 1981. – 10 ф.

Цæрæнбонты «ницы» кæй хуыдтой,
Уый алцы дæр аци æваст.

Пехуымпарты хонынц æвдиутæ,
Æвдиуæн пехуымпар – йæ ном.
Хæрæм мах кæд абон нæ хъиутæ,
Кæрæдзи хæрдзыстæм уæд сом.

(«Сагъæс»)

Æмæ ахæм дуджы, куы «æрцыд ныл хæйрæджы ælгъыст», уæд «фыдбон ныл ныккодта, фыдрæстæг» æмæ «мæ кæстæр цы уыдзæн мæ фæстæ», адæймагау адæймагæн йæ «зæрдæйæн ууыл йæ рыст» ма суа æхсæвæй-бонæй, уый гæнæн нæй. Музафер дæр ыл уымæн катай кæны. Уымæн æм здахы, зæрдæйы хъустæ кæмæн ис æмæ йæ зонды цæст хорз кæмæн уыны, йæ уыцы рæстдзинадуарзæг чиныгкæсджыты хъусдард. Уымæн æндавы мах дæр – адæмы, йæ Фыдыбæстæйы сæфт чи уыны, уымæн кæд зæрдæйы хъустæ ис, уæд ахæм æбуалгъ хабæрттæм хъуамæ ныррiза сæрæй къæхтыбынмæ.

Уый тыххæй поэты арæх бахъæуы философон хъуыдытæм ахизын. Æмæ философи кæд æцæгдзинадмæ уарзт у,[1] – уый та дызæрдыккаг нæу, – уæд адæмæн æцæгдзинад уынын кæнын хъуамæ нымад цæуа удыбæстæйыл. Æмæ Музафер тырны уымæ.

Йæ зæрдæмæ æрмæст йæхæдæг чи цæуы; йæхимæ йæхицæй хæстæгдæр кæмæн ничи ис, йæхицæй æнæаиппдæр чи никæй хоны; афтæ кæмæ кæсы, зæгъгæ, зын раны æрмæстдæр æз нæ цудын; æрмæстдæр йæхи чи хоны Ираен фидар æнцой; йæхимæ нæ хæхтæй бæрзонддæр чи кæсы; йе ‘взагау йæ зонд дæр цыргъ кæмæ кæсы; афтæ чи 'нхъæлы, цыма уæлахиздзауæй æрмæстдæр уый рацæуы хæстæй æмæ дзыллæтæ æрмæст уымæй ракæсынц сæ цæстæй, ахæм æппæлой æмæ кадмондагæн поэт кæны философон аргъ:

[1] Философский словарь. – М., 2003. – 465 ф.

Уæдæ-ма зæгъ: æппæты тынгдæр цæсты
Дæу чи ‘фтауы нæ кæмттæ æмæ фæзты?

Æнæмæнг уый дæхæдæг дæ, дæхæдæг,
Нæ хæдыстыд тыхраздзæуæг, тыхфæтæг!
(«Дæхæдæг»)

Æмæ иу ахæм тыхфæтæгæн, чи зоны, фæразæн ис, фæлæ, А. Пушкины загъдау: «Его пример другим наука…»[1] Кæй зæгъын æй хъæуы, дыкъæдзгуыты. Иууыл дæр ахæм тыхфæтæгтæ кæй сваййынц, уый хæцгæ низ у. Йæ уидаг сыскъуынын кæй нал фæкомы, уый охыл сваййы философийæн иртасинаг. Поэт уымæн риссы.

Уыдæттимæ нын æмбарын кæны: рæстæг цыфæнды «иухуызон саутар мылазон»[2] («Арагуийы ælдар Нугзар») хæсса, уæддæр ын иухатт æнæфæивгæ нæй. Арвыл мæй харбызы карсты æнгæс уа æви йын æрмæст иунæг был уа, фынгыл чи нæ бацæуа, ахæм æрттиваг гуылы хуыз райса æви æрфыджы, «Уыцы уагæн ивæн нæй, Уымæн æмæ мæй у мæй» («Мæй»). Тæргæйтты мæй дæр зымæджы фæччийыл дæндагæй цасфæнды хæца, комæй «бæзджын мигъты хъæпæн» цасфæнды ма уадза сыстын, уæддæр, «кæрон ис алцæмæн, стæй райдайæн дæр ис, æрцæудзæн уалдзæг – райдыдта къуыпа ‘фтауын хæрис» («Æртæ къуырийы рацыди тæргæйтты мæйæ кæд…»). Уæдæ, «æнустæ цæрын нæу зæххон лæджы бон», уый дæр бæрæг у æмæ никæй бон у царды уыцы фидар фæткы сæрты ахизын, поэты дзырды сæр дæр уый у – «Æрлæудзæни искуы дæ фæстаджы бон: Нæ ласы цæрæнбонты иу боцкъа дон» («Æнустæ цæрын нæу зæххон лæджы бон…»). Æмæ нæм адæймаг кæдфæнды дæр адæймаджы бынаты хъуамæ уа.

Царды философийы тыххæй поэты хъуыды у бæлвырд æмæ æнæивгæ:

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч в 10 т. Т. 4. – М., 1975. – 8 ф.
[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 225 ф.

Махæн æнæцæугæ ардыгæй нæй;
Райдай дæуæй кæнæ райдай мæнæй.

Иу дæр нæ нал уыдзæн искæд бон ам,
Уый у æцæгдзинад, ма йæ хон дам.

Амы цæрджытæ фæуыдзысты цыд
Иууылдæр фалæмæ, уый у бæлвырд.

Ардæм дзы къаддæр нæ уыдзæн цæуæг:
Талынджы ивдзæни бонрухс нæуæг.

Донæн æнæкæлгæ денджызмæ нæй, –
Уый дæр æвзæрдæр нæ зоныс мæнæй.

Денджызау дон дæр уыдзæни, цæрдзæн:
Цæугæдон фурдмæ ызгъордзæн, кæлдзæн.

(«Æнусон фæтк»)

О, царды уыцы æнусон фæтчы сæрты ахизæн нæй. Фæлæ ам, стæй, чысыл раздæр кæуыл рахастам нæ цæст, æгæрыстæмæй, уыцы философон хъуыдытæ дæр баззайынц, царды сæ куыд зонæм, афтæмæй. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Алы стих дæр домы новатордзинад. Уый та баст у адæймаджы новатордзинадимæ. Нæ къласиктæ æмæ нæ абоны разагъта поэттæ кæрæдзийæ хицæн кæнынц сæ адæймагон типтæй».[1]

Музаферы философон æмдзæвгæты цыргъзонд хъуыды, философон хатдзæгтæ уæлдай хуыздæр разынынц, йæхи уд кæм бавæры, йæхи юморхæццæ æвзагыл кæй сдзурын кæны, уыцы поэтикон уацмысты æмæ

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 171 ф.

чиныгкæсæджы зæрдæйыл уыдон æмбæлынц тынгдæр. Йæхæдæг раст зæгъы: «Цард иууыл æвзæр никуы вæййы, иууыл хорз куыд никуы вæййы, афтæ».[1]

Уыцы хъуыддæгтæ уæлдай ирддæрæй зынынц йæ бирæ, тынгбирæ цыппарræнхъонты. Æцæг уыцы æмдзæвгæтæн сæртæ кæй скодта, уый тыххæй сæ, чи зоны, «фондзрæнхъонтæ» схонæн дæр ис. Æмæ уым бынтондæр рæдыдæй ницы уыдзæн, уымæн æмæ уацмысы сæр дæр поэтикон рæнхъыл нымад цæуы. Æцæг, арæх уыцы «сæртæ» фæлхатгонд фæцæуынц æндæр æмæ æндæр уацмысты. Фæлæ уым дæр уыйбæрц мацы хъуамæ уаид диссагæй – мингай «фондзрæнхъонтæ» куы фыссай, æмæ дзы хæрзтæвзарæн куы уа, уæд дзы стæмтæ сæхи куы фæлхатт кæной, уæддæр сын уыцы чысыл «азым» сæ авторы знаг дæр ныббардзæн.

Уæддæр куы зæгъæм, зæгъгæ, модæ рæстæгимæ цæуы, уæд нæ фæрæдидзыстæм. Йæ дзурыны сæр та нæ бахъуыд, ирон нывæфтыд литературæйы-иу хицæн рæстæджыты хицæн жанртæ кæнæ дæлжанртæ модæйы кæй уыдысты. Æмæ ныртæккæ нæ поэзийы «модæйы» ис цыппарræнхъон. Дыууæ хъуыдыйады прозæйы дæр сæ кæрæдзийы фæдыл ædæрсгæ раст чи нæ ‘рæвæрдзæнис, уымæ дæр фæкæс – æмæ «цыппарræнхъонтæй» рæдзæгъдтæ скодта. Ходы Камалы загъдау: «Хай – Уымæй. Хай – Амæй. Фылдæр та – Хайамæй» («Ныхилаг поэтæн»).[2] Адæймагæн фæхегæнæг куынæ уа, уæд тынг ædзæсгом кæны. Омар Хайям сæ куы фенид, уæд фæсырх уаид, ома, цыппарræнхъонты кад афтæ бæрзонд цæмæн систон, мæхи фæстагæттæн ælгъыстаг цæмæн кæнын.

Фæлæ, æнæ мидбылхудгæ ныхас кæнгæйæ, ирон цыппарræнхъоны кадыл уæлæмæ чи хæцы, уыдон раззагонтæй у, сæ бæлвырд бæрæг формæ æмæ арф философон хъуыдыйæ æнæхъæн дунейы зындгонд чи сты, Омар Хайямы уыцы рубаиты ирон æвзагмæ тæлмацгæнæг æмæ сын разныхас ныффыссæг Дзасохты Музафер.[3] Æмæ Омар Хайямы цыппарræнхъонтæ æмæ

[1] А б а й т ы А р б и л я н æ. Сæрибардзинад мыл æруагъта йæ уæз / Рæстдзинад, 2003. – 12 апрель.
[2] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 369 ф.
[3] Х а й а м О м а р. Цыппарræнхъонтæ. – М., 2001.

Уильям Шекспиры «Сонеттæ»-й[1] дарддæр ирон æвзагмæ куы ницы раивтаид, уæддæр нæ литературæйы йæ ном æнæмæнг баззаид, куыд дæсны тæлмацгæнæг, афтæ. Йæхæдæг цы цыппарræнхъонтæ фыссы, уыдон та – уæлдай.

Нæ ныхасæн æвдисæн – цы ахадгæ цыппарræнхъонты чингуытæ фæмыхуыр кодта («Арв æмæ зæхх»,[2] «Заман æмæ замана»,[3] «Зонд æмæ амонд», 1 т.;[4] «Зонд æмæ амонд», 2 т.[5]; «Ронг æмæ æвронг», 3т.[6] Тагъд рухс фендзæнис 4-æм том дæр.), – уыдон.

Фыццаг чиныджы тæккæ райдайæны автор чиныгкæсæгæн хъусын кæны: «Дыууæ æмæ цыппарræнхъон æмдзæвгæтæй бирæты спайда кодтон алы æнусты цæрæг зондджын адæмы хъуыдытæ æмæ мотивтæй».[7] Фælæ нын уый дæр куынæ загътаид, уæддæр уым фыдракæндæй ницы ис. Закъон дæтты уый бар – æмбæстагон закъон дæр, æмæ аивадон закъон дæр. Сæйраг сты уацмыстæ сæхæдæг: автор сæ цы зæгъы, куыд арæзт сты, цы аивадон амæлттæй сæ пайда кæны? Æмæ поэтæн бантысы йе ‘мдзæвгæ «Аккаг ми»-йæ чиныгкæсæгæн æнгуыр раппарын:

Йæ фыды хуызæн уый дæр сайдта, давта,
Уæлдай нæ уыди хорз, æвзæрæй уымæн…
Куыд не ‘мбæлы, кæй нын бакодта афтæ,
Куыд æмбæлы, кæнæм ын афтæ уымæн.

Чи цы кæны, уый – йæхицæн. «Хæс» фидгæйæ у. Куыд не ‘мбæлы, ахæм митæ чи фæкæны, уымæн, куыд æмбæлы, афтæ кæнгæ у, уæдæ, куыд. Æмæ Музафер йæ хæс фиды йæ адæмæн, куыд фыссæг, афтæ. Фиды йæ фондзрæнхъонтæй дæр.

---

[1] Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ. – М., 2014.
[2] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Арв æмæ зæхх. – Дзæуджыхъæу, 1996.
[3] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Заман æмæ замана. – Дзæуджыхъæу, 2009.
[4] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Зонд æмæ амонд. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2012.
[5] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Зонд æмæ амонд. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 2012.
[6] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Ронг æмæ æвронг. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2014.
[7] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Цæрадзонты хъуытаз. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 201 ф.

«Дæр» уымæн зæгъын, æмæ йæм егъау томтæ сты æндæр формæйыл, æндæр дæлжанрты фыст æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, уацаутæ, романтæ.

Фæлæ аивады, куыд зонæм, афтæмæй цыбыр хуызтæ сты зын фыссæн, кæд дзы иу хуыз дæр æнцон сфæлдисæн нæу, уæддæр. Бæлвырд формæйы нымад, бæрц дзырдтæй зæрдæмæдзæугæ хъуыды нывæрын æнцон никуы уыдис æмæ нæу – аивады кусæгæй фæдомы стыр арæхст æмæ цыргъ зонд. Æцæг, цыргъзондæн поэт йæхæдæг иунæг уысмæй дарддæр нæ хай кæны: «Иунæг уысм дæр фаг – цыргъзондæн, Зондæн та хъæуы рæстæг» («Зонд æмæ цыргъзонд»). Æппæтдунейы зындгонд Омар Хайам йæ адзалы хæнтразмæ æнæнхъæлæджы нæ загъта: «О, Боже мой, ты знаешь, что я познал тебя в меру моей возможности. Прости меня, мое знание тебя – это мой путь к тебе».[1]

Поэтæн цæмæй йæ уацмыс фесгуыха, уый тыххæй хъуамæ дзырдимæ кусынмæ арæхса, зæрингуырд налхъуыт-налмастæ сæрттивын кæнынмæ куыд сарæхсы, уымæй хуыздæр. Стæй – бирæ хуыздæр. Уымæн æмæ – Хуыцауы комы тæф цы дзырдмæ фæхæццæ уа, уымæн æнусты цæрæнбон вæййы. Кæсын дæр æм ахæм цæстæй æмбæлы.

Æмæ уыцы хъуыддаг кæд бынтон зын у, уæддæр Музаферæн хатт цыбыр рæстæгмæ бафты йæ къухы. Æмæ уый – йæ зæрдæбын фæллой, йæ иузæрдыг куысты фæрцы.

Зондæн æрлæмæгъ йæ тых,
Зондæн ма аргъгæнæг чи у?!
Балхон куы цæуа къуылых,
Дæлдæртæй алчи уæд чиуы.

(«Къуылыхтæ»)

Музафер йæ цыппарræнхъонтæ исы цардæй. Йæхæдæг æппынæдзух ис царды гуылфæны, æмæ йæ аивадон уацмыстæ цæуынц уырдыгæй. Уымæ

[1] Хайам Омар . Рубаи. – М., 2001. – 11 ф.

гæсгæ сæ тематикæ у алыхуызон. Ис сæ, царды æнтыстытыл, æвæрддзаг хабæрттыл чи дзурынц, афтæ царды хъæнтыл – æппæрддзаг хабæрттыл дзурæг æмдзæвгæтæ дæр. Уымæн æндæр гæнæн нæй. Æвзæр æмæ хорз сæ кæрæдзиимæ абаргæйæ æргом кæнынц. Стæй сæ дыууæ дæр сæ кæрæдзийы хынцмæ разæнгард кæнынц. Гог æмæ Магогау адæймаджы æппынæдзух æппарынц тасы.[1]

Афтæмæй Музаферæн царды цахæмфæнды фæзилæн дæр, цахæмфæнды дзырдæппарæн дæр, гæнæн ис, суа раппæлинаг сфæлдыстадон уацмысы бындур.

Ходы Камалæн цы æмдзæвгæ хæлар кæны, уым зæгъы:

Дзаджджыны цур февзæры къæрис,
Сугты бынæй разыны лыстытæ…
Генитæм лæмæгъ фыстытæ ис,
Лæмæгътæм нæй генион фыстытæ.

(«Фысджытæ»)

Хуымætæг, ærвылбонон ныхас, йе ‘мбæхст юмормæ йын нæ хъус куынæ дарæм, уæд; цыма дзы аивадон кæлæнтæ дæр уадиссаг нæй, фæлæ æмбулы йе ‘ргом æмæ рæстаг дзырдæй, æмæ уый у аивад. Уæлдайдæр, Камалы тыххæй. Музаферæн йæхи загъдау: «Камал хаты ныхасы уæз».[2]

Дзасохы-фырты царды хъæнтыл фыст уацмыстæ фылдæр хатт æркæнынц, ахуыр кæуыл нал стæм, ахæм философон хатдзæгмæ. Æмæ цардмæ йæ философон цæстæнгас куы разыны, уæд йæ курдиат йæхи равдисы ирддæрæй.

«Фылдæр хатт… ахуыр кæуыл нал стæм» уымæн зæгъын, æмæ нæм фæлгонцон уынынад афтæ стыхджын, æмæ уый хатт бацахсы аив литературæйы бирæ аивты бынат. Фæлгонцты фæстæ «цуан кæнгæйы» нæ

[1] Б и б л и (Иезикиил, 38 и 39).
[2] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Хъуыдыйы арф æмæ дзырды хуымætæгдзинад // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Камал. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 243 ф.

айрох вæййынц бирæ диссаджы аивтæ. Уæддæр, Музаферæй йæ цыппарræнхъонты нæ рох кæны царды философи:

Дæ астæуыл æрбастай хъама,
Фæлæ дæ уæхсчытыл нæй сæр…
Æвзæр у, зондджын дæ куы фауа,
Фыддæр – куы дæ ‘ппæла æвзæр.
(«Фыддæр»)

Æмæ уыцы философон хъуыды: «Æвзæр у, зондджын дæ куы фауа, Фыддæр – куы дæ ‘ппæла æвзæр», – поэты ног чиныджы агурыныл рæстæг нæ бахардз кæндзыстæм. Уымæн æмæ, философон хъуыдыйыл чи фæуд кæнынц, ахæм цыппарræнхъонтæ чиныджы дзæвгар ис. Чи зоны, сæ фылдæрæн кæнæ стæмтæй дарддæр – «иннæтæн иууылдæр философон кæрæттæ ис» куы зæгъæм, уæддæр стыр рæдыд не ‘руадздзыстæм.

Нæ дзырд бафидар кæныны тыххæй чиныг «Заман æмæ замана»-йы æркæсæм нæ къухы цы фарс фæцис, – 149, – уымæ, кæддæра æмдзæвгæтæ куыд фæуд кæнынц:

1. Сыгъзæрин саргъ куы сæвæрай хæрæгыл,
Уæддæр æй ничи рахондзæни бæх.
(«Хæрæг æмæ бæх»)

2. Æвзæр хабæрттæ базыртыл фæтæхынц,
Фæкæнынц цины хабæрттæ фынæй.
(«Алыхуызон хабæрттæ»)

3. Æвзæр лæппу йæ хорз фыды цыт кайы,
Æфтауы хорз йæ фыды кадыл кад.
(«Фырттæ»)

4. Лæвар бадыны бæсты
Кæмæндæр кус лæвар»
(«Лæвар»)

5. Чи нæ зоны дзурын,
Бирæ уый фæдзуры.
(«Бирæдзураг»)…

Куыд уынæм, афтæмæй иу фарсыл ис фондз цыппарræнхъоны æмæ сæ фондз дæр фæуд кæнынц афоризмтæй. Уымæйдæр, кæд се ′ппæт дæр ног афоризмтæ не сты, уæддæр æмбæлынц зæрдæйыл.

Музафермæ дзырд «кусын» алы хуызты арæх кæй æмбæлы, уый хуымæтæджы нæу. Йæхæдæг афтæ зæгъы: «Æз кусгæйæ фæллайгæ нæ кæнын, æз куы ницы фæкусын, уæд фæллайын».[1] Æмæ йæ ацы рæстаг хъуыды дæр у афоризм.

Йæ куысты фæрцы сты ацы цæвиттонты – ælвæст, аив хъуыдытæ. Куырыхон адæмы хъуыдытæй йæм чи цæуынц, уыдон дæр поэт ауадзы йæхи сæрмагонд джиппы. Скæны сæ сæхихуызон зæрдæмæдзæугæ. Афтæмæй чиныгкæсджыты зæрдæмæ тынгдæр фæцæуынц.

Музаферы цыппарræнхъонты арæзты тыххæй зæрдыл ærлæууы философ Цхуырбаты Зелимханы хъуыды: «Æмбисæндты композицийы сæйраг миниуæг уый у æмæ конд сты дыууæ хайæ. Сæйраг дзы у параллелизм, контраст кæнæ аххосаг æмæ фæстиуæг раргом кæнын. Уæлдай арæх ацы дыууæ хайы бындур баст вæййы аххосаг æмæ фæстиуæджы æмахастимæ».[2]

Æмæ автормæ ærмæст уыцы уацмыстæ не сты афтæ. Сæ размæ, сæ фæстæ чи ис, уыдон дæр стæмтæй фæстæмæ сты уыцы хуызы арæзт. Уый тыххæй сæ, чиныгкæсæг цæмæй байрайа, уый ссардзæнис.

---

[1] Ч е р ч е с т ы Х ъ а с б о л а т. Музаферы сфæлдыстады тыххæй загътой / Рæстдзинад, 2007. – 21 январь.
[2] Ц х у ы р б а т ы З е л и м х а н. Адæмы дунеæмбарынад ирон æмбисæндты. – Цхинвал, 1975. – 22 ф.

Æмдзæвгæтæй уыцы иу сулæфтыл фыст чи сты, – цъус сты сæ нæ зæгъдзынæ, – уыдон уыцы æмбæлд скæнынц зæрдæйыл –

Зонын æз, ды дæр æй зон,
У мын афтæ дзурын зын:
«Бирæ лæгæн нæу йæ бон
Искæй амондмæ кæсын».
(«Адæймаджы конд»)

Кæнæ:

Æфтауы мæ æдзухдæр тасы,
Фæкæнын ууыл сагъæс, мæт –
Куы нæ зонай дæхимæ азым,
Зын цæрæн у æгадæй уæд.
(«Сыгъдæг уды катай»)

Цыппарræнхъон сæйраджы-сæйраг фæхæссы иу фидар хъуыды. Стæй нæм тынг бирæ хæттыты афтæ кæй фæкæсы, ома, уыцы хъуыды æз кæмдæр фехъуыстон: «Æгъатыр чи у, уыдонæн Хатыр кæнын нæ хъæуы»; «Фылдæр фенæн ис горæты, Фылдæр фехъусæн – хъæуы»; «Чи басаст йæ рæдыдыл, Уый йæ скæндзæн раст»; «Иунæг, дам, ælгъыст у, Стæй дыууæ фæлдыст у, У æртæ та куывд»; «Цыфæнды иу дынджыр цæстæй Дыууæ цæсты – хуыздæр»… Поэты сфæлдыстадæй гæнæн ис хуыздæр цæвиттонтæ æрхæссæн, гæнæн ис – цауддæртæ, фæлæ сæйраг у, поэтмæ уыцы фæлтæрддзинад не ′рвылбонон цардæй кæй цæуы. Цардæй æмæ фольклорæй, стæй – «ирон культурæ, ирон литературæйы йæ зæрдиаг, йæ удуæлдай фæллойы тыххæй».[1] Афтæ, йæхи загъдау, пайда кодта зондджын адæймæгты хъуыдытæй.

[1] Д з у ц ц а т ы З æ л и н æ. Хуыцауæй арфæгонд / Рæстдзинад, 2002. – 4 октябрь.

Æмæ уым диссагæй ницы ис. Къоста адæмон сфæлдыстадæй, номхуындæй, æмбисæндтæй куыд пайда кодта, уый тыххæй Салæгаты Зоя загъта аивадон фæлдæхтæй: «Коста не просто вводил пословицы и поговорки в свои басни, они часто служили основой для басни. Поэт брал ту или иную пословицу и поговорку, превращал ее в целую сцену с конкретными действующими лицами, вводил диалог».[1]

Уыцы хъуыды ноджы фæбæлвырддæр кодта Цхуырбаты Зелимхан: «Къоста ирон æмбисæндты бындурыл ныффыста «Уайдзæф» (Чидæр бирæгъæн таурæгътæ хаста, уый уæддæр афтæ зæгъы: «фæлæу-ма, уæлæ сæгъ фæлидзы»), «Марходарæг» (Гæды фиумæ куы не ‘ххæсса, уæд æй мархо хоны), «Булкъ æмæ мыд» («Æз мыдимæ хорз дæн», – загъта булкъ. «Æвзæр смаггæнаг, æз ænæ дæу дæр хорз дæн», – радзырдта мыд). Ацы баснимæ æввахс лæууынц ахæм æмбисæндтæ: «Булкъ йе сымагæй бæрæг у», «Хомыс задыныл худтис».[2]

Бæлвырд, ælвæст, сыгъдæг хъуыды цæмæй адæймаджы зæрдæйыл æнцондæрæй æмбæла, уый тыххæй авторы бахъæуы аивады алыхуызон амæлттæм йæ хъус дарын. Юмор, зæгъай, ирони, сарказм, афоризм, ælгъыстытæ, арфæтæ… скæны сæ коммæгæс. Свæййынц ын къухылтухгæ, æмдзæвгæйы æрмæг.

Афоризмты тыххæй загътам, фæлæ æркæсæм, поэт юморæй кæм пайда кæны, уыцы цыппарræнхъонтæм, кæддæра цæмæй, стæй куыд æмбæлынц чиныгкæсæджы зæрдæйыл. Цæмæй йæ ælвасынц сæхимæ?

Цы дæ, кæд уый базонын ис
Дæ зæрды, уæд ныууадз дæ ис,
Дæ галуантæ, дæ къæлæтджын, –
Уæд базондзыстæм, дæ цы джын.

(«Лæджы аргъ»)

[1] С а л а г а е в а З. Коста Хетагуров и осетинское народное творчество. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 118 ф.
[2] Ц х у ы р б а т ы З е л и м х а н. Адæмы дунеæмбарынад ирон æмбисæндты. – Цхинвал, 1975. – 25 ф.

Адæймагæн сæйраджы алцы дæр йæхицæй цæуы. Искæмæ уæлейæ дæлæмæ чи кæсы, уымæ адæм æппынæдзух бынæй уæлæмæ нæ кæсдзысты; искæй хардзæй чи цæры, уый митæн æрцæуы кæрон. Æмæ сыл поэт æрмæст худгæ нæ кæны, фæлæ сын амоны аивадон æгъдауæй царды рахæцæнтæ. Мулчы цæстæй кæсын æнцон у, фæлæ лæгаулæг йæ адæймагадон æууæлтæй вæййы. Дæ адæймаджы хиæдтæй хъуамæ уай сæрыстыр.

Йæ куыст, йæ зонд, йæ фæллойы фæрцы чи цæры, поэтмæ уыдонæн ис кад. Уыдон æм сты æрмæстдæр нымады. Фæлæ иннæты – «æвзæрты» дæр æппаргæ нæ кæны. Амоны сын – дæ фарн ис дæ къæхты бын, æргуыбыр æм кæн æмæ йæ сис:

Цæуыннæ амоны дæ къух? –
Вæййыс æдзух æвдæлон…
Сæрдыгон чи нæ кодта дугъ,
Уый дугъ кæны зымæгон.

(«Фæсмонгонд»)

Адæймаг йæ зонд æмæ йæ куыстæй адæймаг у. Джыккайты Шамил уымæн сидт: «Хъæуы нæ бæрнон æмæ хъазуатон куыст кæнын».[1] Куыстæй чи тæрсы, уый цард не ссардзæнис. Аивад та – бынтон никуы. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн дзырдта: «куыст зын у, фæлæ – æхцондæттæг».[2] Цард куыстыл лæууы, куыст æй рæсугъд кæны. Афтæ уыд æнусты æмæ йын æндæргæнæн нæй. Куыстыл барвæндæй йæ къух чи исы, йæхи уды æхцондзинады тыххæй æууылд комдзаг аныхъуырыныл дæр гуызавæтæ чи кæны, Музаферæн уыцы – магусатæ, цæствæлдахджытæ, къæрныхтæ, æппæлойтæ, къозбаутæ æнæуынон сты. Худы сыл æмæ сыл худын кæны адæмы, цæмæй уыдон хуызæн уæвын йæ сæрмæ мачи хæсса.

[1] Джыккайты Шамил. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 358 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 119 ф.

Поэты цыппаррæнхъонтæ уæлдай аивдæр рауайынц, адæмы фарнæй – фольклорæй сæ куы фæхайджын кæны, æмæ уыцы дзадджын хай йæхи джиппы куы ауадзы, уæд. Адæмы зонды уыцы æгæрон океантæ æмæ космикон тыгъдадтæн ныцы ис æмбал. Йæхи нучы сæ чи ауадзы, хæдхуыз сын чи ратты, йæхиæрдыгонау сæ сдзурын кæныны сусæгтæ чи базоны, тæлывæрдæй сæ чи рахæссы адæмы тæрхонмæ, уымæн алы хатт дæр, алы хуызы дæр балæггад кæнынц.

Музаферæн иу æмæ дыууæ хатты нæ саразтой йæ къух:

Уаид уый фыдæлгъыстау бæллæх,
Ахæм дзырдтæ ку‘ ацахсид дæ хъус:
«Даргъ фæндагыл амæлæд дæ бæх,
Амæлæд зæрондæй та дæ ус!»

(«Карз ælгъыстытæ»)

Исчи ænæмæнг зæгъдзæнис, ома, адæмы уыцы фыдæлгъыст æмæ зонды къуыбар чи у, уымæй уыдис аивдæр цыппаррæнхъон саразæн. Хуыздæрæй хуыздæртæ бирæ сты. Шамил уымæн дзырдта: «Дзæвгар нын ис расткæнинаг хъуыддæгтæ. Лæгæн раст аргъ скæн, уый канд уæзданы нысан нæу, уый нæ домынц Рæстдзинад æмæ Бæсты фарн».[1] Æмæ Рæстдзинад æмæ Бæсты фарны цæстæй куы кæсæм, уæд æмбæлон ныхас æмбæлы, нæ къухы цы ис, ууыл. Поэттæ, сæхи арвмæ ‘ууындзгæ, фылдæр цæргæстыл фæзарынц, фæлæ сæ уый тыххæй йæ карчы стонгæй ничи амардта. Райсомы каркæй абоны айк уый тыххæй у хуыздæр.

Уæрдоны тæрхъусыл кæй нæ цуан кæнынц, уый зонæм, фæлæ йын ссарын хъæуы, тынгдæр нæм цы хуызы бахъара, ахæм исты джипп. Æмæ уый арæх бавæййы поэты бон:

Йæ хистæрмæ – æз зонын –

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 358 ф.

Нæ хъусы…
Нæ кæнынц цуан уæрдоны
Тæрхъусыл.

(«Тæрхъусыл цуан»)

Уый авторы мæнæ-мæнæ цæвиттойнаг цыппарræнхъонтæй нæу. Йæ хъуыдыйы тыххæй нæ бахъуыдис йæ кой скæнын. Фæлæ йæм дзæвгар ис, аивадон æгъдауæй дæр, мидисæй дæр, формæйæ дæр, архитектурон арæзтæй дæр, архитектоникæйæ дæр уымæй бирæ рæвдздæр чи сты, ахæм æмдзæвгæтæ; дзырд ууыл у, æмæ адæмон æмбисонд – «Уæрдоны тæрхъус ахсы»-йæ куыд рог, зæрдæйыл æмбæлгæ цыппарræнхъон сарæзта.

Стæй бирæ хатт бынтон «профессионалон» уацмысæй хом æрмæгмæ кæсын цæстæн æхцондæр вæйы; стæй – зæрдæйæн дæр. Адæймаг туг æмæ стæгæй у, æмæ йæ зæрдæйы нуæрттæ цы уагыл уой, алцы дæр уымæ гæсгæ фæисынц. Кæй зæгъын æй хъæуы, поэтæн йæхицæй райдайгæйæ.

«Поэт, как и дерево, смертен, поэт, как и дерево, тянется ввысь, вибрируя подобно тончайшим иглам лиственницы от малейших перемен ветра жизни; вместо с лесами, скалами и каменистыми уступами, по которым расселились деревья, поэт противостоит пустоте небытия»,[1] – зæгъы æмæ бæлвырд кæны Т. В. Балашова.

Музаферы æмдзæвгæтæ иу бон фыст не ‘рцыдысты, кæд дзы, – сæ ныффыссыны рæстæгмæ гæсгæ, – фæндзгай, æхсæзгай, æвдгай… дыууадæсгай кæнæ фылдæр цыппарræнхъонтæ иугай бонты федтой рухс, уæддæр (Уый, мах нæ бафæрсгæйæ, æндавы сæ гъæдыл). Æмæ, уæдæ, иу чемыл цы хуызы уыдзысты. Афтæмæй аивадон уацмыстæн сæ нымæцæй сæ нысаниуæг бирæ сæйрагдæр у. Дзуццаты Хадзы-Мурат бæлвырд кодта: «Дзырд æмæ фæлгонцы æбæлвырддзинад у хъуыды æмæ æнкъарæны æбæлвырддзинад».[2]

[1] Б а л а ш о в а Т. В. Французкая поэзия XX века. – М., 1982. – 212 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 147 ф.

Уацмысты арæзт, сæ интонаци, сæ тематикæ, аивадон амæлттæ куы ивынц, алыхуызæттæ куы вæййынц, уæд сæ зæрдæ хуыздæр фæисы. Аивады иухуызондзинад аив нал вæййы. Уд дзы цъæх кæны.

Поэты уацмыстæй бирæтæм зæрдæ цæмæй фехсайы – цыма фыццаг фыст æрцыдысты строфæйы фæстаг рæнхъытæ: афоризм, стыр хъуыды – автор зæгъынмæ кæй фæхъавы, уый; стæй йæ райдайæн та, хæдзары сисау, самайы уый фæстæ. «Бæллиц»-ы кæсæм:

Нæма мын уыд нырыонг каис, –
Мыййаг, дæумæ кæд уыд мæ каст…
Бæргæ мæ фæстаг уарзт куы уаис,
Æз та – дæ фыццаг судзгæ уарзт.

Æххæст æмбæрст нæу, лирикон хъайтары каст йæ каисмæ уыд; уымæй зæгъы – «Бæргæ мæ фæстаг уарзт куы уаис, Æз та – дæ фыццаг судзгæ уарзт» – æви æндæр искæмæй. Æмæ уый цæуы, фæстаг дыууæ, сæйраг рæнхъытæ раздæр фыст кæй æрцыдысты, уымæй. Афтæмæй æмдзæвгæ рауайы уыци-уыцийы æнгæс. Уырдыгæй цæуы, æмдзæвгæйы фыццаг æрдæджы кæронимæ куы ницы фæбæтты, уæд уый дæр. Мæнæ сæ иу ахæм цæвиттон:

Алы ран тъыссыс дæ фындз,
Базыдтам дæ сæфтæй…
Иутæ ихæнæй мæлынц,
Иннæтæ – фыртæвдæй.
(«Ихæн æмæ тæвд»)

Афтæ у адæмон сфæлдыстады: «Зæронд ирон адæмон зарæг нæ агуры иумæйаг хъуыды куплеты дыууæ хай. Уый сæ домы æрмæст дзырдты æмхъæрдзинад»,[1] – дзырдта Тыбылты Алыксандр.

[1] Т ы т ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 259 ф.

Вл. Маяковскийы фидарæй уырныдта: «Рифма возвращает вас к предыдущей строке, заставляет вспомнить ее, заставляет все строки, оформляющие одну мысль, держаться вместе».[1] Æмæ йемæ æнæсразы уæвæн нæй. Поэтикон уацмысы кæд рифмæ сæйраг нæу,[2] уæддæр нырма йæ нысаниуæг бирæ чиныгкæсджыты цæсты стыр у. Уымæ гæсгæ ацы ахадгæ поэтикон амал нæ хъæуы рох кæнын. Уæлдайдæр поэзийы классикон формæйы.

Æмæ Музафер рифмæтæ аразынмæ никæмæ батæхуды кæндзæнис. Омонимон рифмæтæ аразынмæ та нырмæ Ирыстоны фыццаг у. Фæлæ хаттæй-хатт уыцы чысыл азым фæхауы йæ уыцы рифмæтæм дæр. Омонимон рифмæйы сæрыл рауæлдай кæны уацмысы хъуыды.

Дзуццаты Хадзы-Мурат, ирон аив литературæйы тыххæй ныхасгæнгæйæ, банысан кодта, зæгъгæ, уый амондджын фыссæг у, йæ лæмæгъ уацмыстæ ныххах кæнынмæ йæ къух кæмæн тасы. «Дæ уды æмæ дæ дуджы рæстдзинад кæм нæй, уыцы рæнхъытæ, уыцы строфæтæ, уыцы уацмыстæ хаххкæнын куы хъæуы, уæд сæ мах та мыхуырмæ раттæм».[3] Дзырд дæр ыл нæй, уый афтæ у, фæлæ, цæст цы фены, уый зæрдæйæ сыскъуынын нал фæкомы.

Уыцы «сау куыст» мах бæсты бакæны рæстæг. Æмæ поэты уацмыстæ уæд рарттивдзысты ахадгæдæрæй. Чиныгкæсджыты цæстæнгас ссыгъдæггондæй сæхимæ фелвасынц тынгдæр. Æмæ сын Музафер сæ зæрдæтæ дзæвгар рæстæджы цы уацмыстæй рухс кæна, уый йæм ис.

Поэт нæ фæллайы аив дзырдимæ кусынæй, аив дзырдимæ хъыцъыдæттæ нуазынæй, кæд уый, рæстмæ йæ чи нæ фембары, уыдонмæ хиирхæфсæн хъуыддаг фæкæсы, уæддæр. Уыцы куыстмæ арæхсгæ дæр кæны, стæй йæ уарзы. Чи цы фæуарзы, уыимæ дзурын ын æнцондæр у. Музафер дзы уымæн нæ фæлмæцы. Æмæ йын тынг бирæйæ фескъуыхынц, дзырд цы æмдзæвгæты хуызыл цæуы, йæ уыцы уацмыстæ.

---

[1] М а я к о в с к и й Вл. Собр. соч. в 12 т. Т. 11. – М., 1978. – 259 ф.
[2] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974. – 272 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 108 ф.

Куыд сæ райсы, адæмы рæгъмæ сæ куыдæй, цахæм кондæй рахæссы, йæ хъуыды йæхи фæндиаг кæм нæ разыны, уыдæттыл дзурын æнæмæнг æмбæлы, фæлæ, химæ цауд, искæмæ хорз уынын амонды хъуыддаг у æмæ сын ам сæ хуыздæртæй иумæ бакæсæм бæрцæй цалдæр фондзрæнхъоны:

1. *Тымбылкъухæй йæ риуы гуыдыр хоста:*
   – Мæ судзгæ фыдтæ ферох вæййынц ноздæй!..
   Цæссыгкалгæ йæ ус ныккуыдта кæрты:
   – Мæнæн та раст уæд æрлæууынц мæ зæрдыл!..
   («Ноздæй»)

2. *Хъæудзæни дæ дзуапп дæттын искуы дæ митæн,*
   Дæ хъуыддæгтæй никæцы уыдзæн æмбæхст…
   Дæ райгуырæн бæстæ – дæ ивгъуыд, дæ фидæн,
   Æцæгæлон зæхх та – дæ абон æрмæст.
   («Фыдыбæстæ»)

3. *Смаймули дæ кæндзæн сæн,*
   Хæц дæхиуыл, фидар лæуу…
   Алы расыг у сæрхъæн,
   Алы сæрхъæн расыг нæу.
   («Расыг æмæ сæрхъæн»)

Музаферы ацы юморздæхт фондзрæнхъонтæ барæй равзæрстон. Уыцы аивадон амал, ома, юморхæццæ ныхас кæнын æмткæй поэты сфæлдыстадæн, стæй бирæ ирон фысджытæн, характерон кæй у, уый тыххæй. Йæхæдæг Ходы Камалæй афтæ зæгъы: «Уый уыны, иннæ адæм кæй нæ уынынц, ахæм нывтæ; хъусы, иннæтæ сæ зондмæ кæй нæ уадзынц, ахæм мыртæ».[1] Йæхæдæг

[1] Дзасохты Музафер. Хъуыдыйы арф æмæ дзырды хуымæтæгдзинад // Авторты коллектив. Камал. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 250 ф.

дæр ныв кæны æмæ нын æвдисы, мах дæсгай, сæдæгай хæттыты кæй фехъусæм æмæ фенæм, фæлæ кæй иувæрсты ахизæм, уыцы цардуагон æмæ цымыдисон хабæрттæ. Юморы фæрцы йæ чиныгкæсджытæй тынг бирæйы зæрдæтæ балхæны æмæ дæ барæй куы фænда, уæддæр йæ иувæрсты ахизын нæ бауыдзæнис дæ бон.

Музафер йæ цыппарræнхъонтæй иуы царды нысаны хуызы зæгъы:

Царды знæгтимæ хæсты
Хъуамæ разæй уон æз дæр…
Сызгæ уæвыны бæсты
Баихсийын у хуыздæр.

Растдæр зæгъæн ын нæй. Цæрынæн чи райгуырд, Хуыцау кæуыл ауды, уымæн, сызгæ уа, уый худинаг у. Æмæ Музафер йæхи згæ кæнын нæ бауадздзæн. Йе ‘рвылбонон, удуæлдай куысты фæрцы æфтынц йе ‘нтыстытæ йæ къухы. Йæ чиныгкæсджытæ йæм ног æмæ ног уацмыстæм уымæн фенхъæлмæ кæсынц. Зонынц ын йæ хъару. Æмæ уыцы хъару бирæ бæрцæй раргом йæ зарджыты.

Фыссæджы сфæлдыстадыл ныхас кæнгæйæ, Цыбырты Людвиг райгондæй зæгъы: «Музаферы поэтикон æмбырдгæндты рецензенттæ се ‘ппæт дæр банысан кодтой, йе ‘взаг рог æмæ зæрдæмæхъаргæ кæй у, æнтыстджынæй кæй пайда кæны адæмон дзыхæйдзургæ сфæлдыстады элементтæй, ирд æмæ æнцонæмбарæн, лирикон, мелодион кæй сты. Уымæ гæсгæ поэты æмдзæвгæтыл Ирыстоны композитортæ… ныффыстой дæсгай зарджытæ».[1] Мæнæ сæ иу, фыссæджы интимон, драматикон поэзийæн характерон чи у, ахæм зарæг «Ды мæн уыдтæ»:

Æз дæу уарзтон, ды мæн уарзтай,
Нал-иу куымдтам симдæй, хъазтæй.

[1] Ц ы б ы р т ы Л ю д в и г. Ирыстоны адæмон поэт / Хурзæрин, 2011. – 31 декабрь.

Мидбылты мæм худти амонд,
Иумæ дзы уыдыстæм райгонд.
Фарны базыртæ дæ цурмæ
Хастой мæн мæйдарæй хурмæ…
Ды мæн уыдтæ, ды мæн уыдтæ.
Иуран мын ныччынди мыдтæ.
Уæд дæ цъæх-цъæхид цæстытæ,
Чи мын-иу дзырдта рæстытæ.
Уæд дæ дыууæ сау æрфыджы,
Чи никуы бацыд мæ хъыджы.
Уæд дæ æрыскъæфхуыз былтæ,
Худынмæ сæ чи æмбылдта!
Уæд дæ фæлмæн хъарм ныхæстæ,
Мæн дæуыл тынг чи ныхæста.
Уæд дæ иу зæрдæ йæ уарзтæй
Мæн куыд хъахъхъæдта, куыд, мастæй…
Ды мæн уыдтæ, ды мæн уыдтæ,
Иуран мын ныччынди мыдтæ.
Райгуырд иу зарæг нæ цинæй, –
Рацыдтæ йыл ды та хинæй.
Æз мæхæдæг дæу нæ уыдтæн –
Мастад мын ыскодтой мыдтæ.

Дзасохы-фыртæн фыссæджы иууыл стырдæр кад чи ‘рхаста, уыдонмæ хауы йæ хихуызон, бæстон ныхъхъуыдыгонд æмæ, иу мæсыгы дуртау, йæ уацмыстæ сæ кæрæдзийыл аив æвæрд кæмæн æрцыдысты, йæ уыцы прозæ.

«Иу мæсыгы дуртау» дзырды аивы тыххæй нæ зæгъæм. Уымæн нын ис фидар æмæ бæлвырд бындур. Йæ хъайтартæ иу уацмысæй иннæмæ кæмæн хизынц, нæ литературæйы ахæм уацмыстæ афтæ дзæвгар нæй. Музаферы прозæйы йæ уынæм. Уый тыххæй йæ роман «Мысыры сыджыт»-ы уымæн

кæсæм: «Многие из героев романа известны читателям по прежним книгам писателя».[1]

Прозæйы жанры дзæвгар уацмыстæ сфæлдыста – радзырдтæ æмæ аргъæуттæ сабитæн «Арсы уазджытæ» (1971); дзæвгар уацаутæ «Уалдзыгон стъалытæ» (1973), «Бехъаны мугæ» (1978), «Урс доны былыл – Бæрæгъуын…» (1981), «Зæрватыкджын бæстæ» (1987); романтæ уацаутæй «Менджы сой» (1990), «Мысыры сыджыт» (1994), «Дзæбидыры хъул» (2001), «Дæллаг Ир» (2007)… Ис сæ, адæймаг йæ цæст райгæйæ кæуыл æрæвæра, ахæм уацмыстæ. Ирон литературæмæ, нырмæ нæм чи нæма сфидар, ахæм формæ – уацаутæй быд романыл фидар кæй хæцы («Менджы сой», «Дзæбидыры хъул», «Дæллаг Ир»), уый йæхæдæг кæуылты æнтыст у!

Ис ма йæм æндæр цымыдисон миниуæг – йæ прозæйон уацмыстæ иууылдæр цыма сты иу стыр удæгас буары хицæн хæйттæ. Улæфынц, цæрынц сæхи сæрмагонд цардæй, фæлæ уыимæ сты, сæ кæрæдзийæ фæхицæн кæнын чи нæ комынц, ахæм уæнгты æнгæс. Йæ хъайтартæй бирæтæ сæ ахсджиаг дзуринæгтимæ, куыд банысан кодтам, афтæмæй хизынц иу уацмысæй-иннæмæ.

Уацмысты сæйраг хъайтар у Таучелты Хъазыбег æмæ дзы бирæ цаутæ æмæ авторы царды æнгæс деталтæ дзурæг сты, Музафер йæхæдæг кæй у йæ уацмысты литературон хъайтар. Архайд сæйраджы æвдисы, Фыдыбæстæйон Стыр хæсты фæстæ Ирыстон цы уæззау уавæры уыдис, æппæт уыцы хъуыддæгтæ. Сидзæр лæппуйы йæ тæригъæддаг уавæр æмгъуыдæй раздæр куыд ралæг кодта, йæ уæззау хъысмæты цæфтæй иу иннæйы фæстæ уромыныл куыд сахуыр, уыдæттæ цыма чиныгкæсæг йæхи цæстæй фæуыны, афтæ фæзыны адæймагмæ. Æмæ афтæ дæр у. Йæ уацмысты сæ уынæм аивады хуызы. Æвддæсаздзыд лæппу йæ дыууæ чысыл хоимæ уæзæджы къæйыл куыд аззадысты, уый тыххæй зæгъы Дзуццаты Зælинæ: «Цас зындзинæдтæ байфæфтой сæ рæзгæ удтæ, уый Хуыцау æмæ сæхицæй хуыздæр ничи зоны, фæлæ Музафер йæхимæ уыййас тых, уыййас хъару

[1] Дзасохты Музафер. Мысыры сыджыт. – Дзæуджыхъæу, 1994. – 4 ф.

ссардта, цæмæй æртæйæ дæр адæмы æмрæнхъ рацæуой».[1] Мах та уыцы хъизæмæрттæ аивадон деталты хуызы уынæм фыссæджы сфæлдыстады.

Фыссæджы сæйраг хъайтартæй бирæтæ иу уацмысæй иннæмæ кæй хизынц, уый фадат дæтты, цæмæй адæймаг аивадон хуызы деталгай базона, фæсхæст адæмы цард, стæй адæмон хæдзарад куыд æмæ цы хуызы лæууыд йæ къахыл. Людвиг уымæн зæгъы, зæгъгæ, Музаферы прозæйы райгуырæн хъæуы цардыуаг, культурæ, хæрзæгъдаудзинад афтæ нывгонд сты, æмæ уыдонмæ гæсгæ, гæнæн ис, сахуыр кæнай XX æнусы æмбис æмæ дыккаг хайы ирæтты этнографи.[2]

Уыцы проблемæтæ иууылдæр алы хуызты, алы фæлгæтты барджынæй бацыдысты, поэт стыр хъару кæуыл бахардз кодта æмæ хардз кæны, уыцы дырæнхъонтæ æмæ цыппарæнхъонтæм дæр. Æмæ уый æмбæрстгонд у – адæймаджы зæрдæ цæимæ дзура, уыдон æм алы ран дæр æнæмæнгæй фергом вæййынц æмæ æргом кæндзысты сæхи.

Дзырд дæр ыл нæй, Дзасохы-фырты фылдæр уыцы катай – нæ фыдæлты фарн кæм райгуырд æмæ йæ уидæгтæ фыццаг кæм ауагъта, мадæлон æвзаджы æхцон комы ад фылдæр кæцæй æнкъараем, нæ тугдадзинты туджы æртæхты дзæхст-дзæхст нæм кæцæй хъуысы, уыцы бынæттæм – хъæумæ уымæн фæхæссы. Уым, хъæуы, æрмæст йæ рухс мысинæгтæ не сты, фæлæ йæхиуыл дæр, йе сфæлдыстадыл дæр, стæй нæ кæд йæ базонын фæнды, уæд æгас Ирыстоныл дæр хуры зæрин тынтæ, уахъæзы æхцон улæфт æмæ мæры аудгæ ахаст уырдыгæй ныдзæвынц. Уæнгты тых æмæ зæрдæйы иууыл æхцондæр æнкъарæнтæ уырдыгæй – нæ хъæууон уæзгуытæй исæм æмæ йæ куы зониккам, уæд, нæ фынты уыцы тыбар-тыбургæнаг къуымтæм баст цы уидæгтæй стæм, уыдон хус кæнын никуы бауадзиккам.

Дзасохты Музафер йæ бирæ уацмысты, фæкæс, æмæ та йæ райгуырæн уæзæгмæ йæ цинты дæр, йæ урс мысинæгты дæр æнæзивæгæй уый тыххæй

[1] Д з у ц ц а т ы З æ л и н æ. Хуыцауæй арфæгонд / Рæстдзинад, 2002. – 4 октябрь.
[2] Ц ы б ы р т ы Л ю д в и г. Имена. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 199 ф.

фæцæй тæхы. Хуыцау ын цы радта, ууыл хæцы дæндагæй. Нæу, разы йæ аппарыныл. Нæ йæ фæнды йæ фесафын. Барвæндæй йæ, стæй йын æй тыхы фæрцы дæр ничи фесафын кæндзæнис. Æвæры йæ, æцæг ирон лæгæн куыд æмбæлы, афтæ. Йæ хуыздæр чингуытæй иу – «Урсдоны былыл Бæрæгъуын…» дæр йæ райгуырæн къуымыл уый сæрвæлтау сфæлдыста. Æмæ йын кæд йæ поэзийы кой кæнæм, уæддæр, æмткæй йе сфæлдыстадæй Ирыстонæн кæй лæггад кæны, уый тыххæй, ацы рухс уацмысы иувæрсты ахизæм, уый гæнæн нæй. Уымæн æмæ бирæ бæрцæй дзурæг у йæ прозæйыл.

Уацмыс фыст у фыццаг цæсгомæй. Уый тыххæй, уацмыс фыццаг цæсгомæй куы цæуы, Джусойты Нафи загъта: «Нырмæ нымадтой афтæ: мидмонолоджы ратæдзæн ис Толстойы аивады, уый адæймаджы психологи куыд анализ кодта, уыцы фæрæзты. Ома, мидмонолог у уыцы фæрæзтæй иу, фæстæдæр (XX æнусы прозæйы) сæйраг чи сси дунейон прозæйы, ахæм. Ацы аивадон фæрæзæй уæрæх пайда кæнынц фæсарæйнаг литературæйы».[1] Стæй, Музаферы бирæ прозæйон уацмыстæй куыд уынæм, афтæмæй ирон нывæфтыд литературæйы дæр. Уыдонмæ хауы «Урсдоны былыл Бæрæгъуын…»

Уацмысы темæ, йæ арæзт æмæ йæ сæйраг фæдыздæхтыл куы дзураем, уæд æнæмæнг бафиппайын хъæуы, фыссæг йæ уацмысы бындурæн кæй райста Таучелаты хæдзарвæндаджы цард, сæ проблемæтæ æмæ сæ куыд скъуыддзаг кæнынц, уыимæ сын сæ удварн равдисын. Фæлæ уый афтæ нæ амоны æмæ æрмæст уыцы хæдзарыл цæуы дзырд. Адæймаджы цард йæхæдæг куыд вазыгджын у, æрмæст иу ælхуыйы алыварс куыд нæ зилы, афтæ æвдыст цæуы уацмысы сæйраг хъайтар – æвзонг лæппу Таучелаты Хъазыбег æмæ сæ хæдзарвæндаг, сæ хиуæтты – сæ туг-стæджы, се ‘ддаг дунейы фидар æмахастытæ, кæд, Нафийы хъуыдымæ гæсгæ: «Иу фæрæзæй архайын мæгуырдзинады, стæй иувæрсыгдзинады гакк у, æндæр аивады размæцыдæн ахъазгæнæг нæу»,[2] зæгъгæ, уæддæр.

---

[1] Джусойты Нафи. Уæззау хуынтимæ царды ‘фцæгмæ схызтæ // Авторты коллектив. Агънаты Гæстæн: знон æмæ абон. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 24 ф.

[2] Уый дæр уым.

Уацау кæд фидар композицион архитектурæйыл амад нæу, уæддæр кæрæдзиимæ у æнгом баст. Йæ архитектоникæ йæ сасмау æндадзы кæрæдзийыл æмæ дзы Таучелаты хæдзарвæндагæн цыфæнды фыдты дæр фæцудынæй тас куыннæ у, афтæ уымæн дæр фехæлæн, æрызгъæлæн нæй.

Сæрибар формæйыл, уæлдайдæр, фыццаг цæсгомæй дзырд цы уацмысы фæцæуы, уым ахæм хъуыддæгтæ æнцон саразæн нæ вæййынц. Иу адæймаджы хуызы æмткæй царды цæсгом равдисын æнцон никуы уыдис æмæ нæу. Уый дзырдаивады кусæгæй стыр хъару æмæ фæлтæрддзинад фæдомы. Æмæ Музафермæ разындысты уыдон. Йæхи номæй кæд йæ хъайтар царды æххæл-мæххæл фæндагыл цæуы, уæддæр фыссæг ахæм цаутæ, ахæм деталтæ ссары, царды цыд æмæ уацмысы рæзт кæй фæрцы нæ рох кæнæм. Уый нæ, фæлæ уацауы хъайтары цардвæндаг афтæ цæуы æмæ нæ чиныджы рæзтимæ цымыдисонæй-цымыдисондæр кæны, цæмæй йын йæ хъысмæт æмæ дуджы цæсгом фенæм хуыздæр. Цы нын равдиса, уый дзы æнæмæнг ис – Фыдыбæстæйон Стыр хæсты фæстæ азты хæсты бабынуæвæджы рæзинаг йæ къахыл куыд лæууыд мæгуыр, фæлæ æнувыд бинонты ‘хсæн.

Æвзонг адæймаджы йæ къахыл сæвæрын, адæмы рæгъы йæ ракæнын, царды раст фæндагыл æй бауромын – уыдон алы рæстæджы фысджытæн дæр ахсджиаг фарстытæ уыдысты æмæ сты, ныййарджытæ æмæ суинæгты проблемæйау. Сæ аскъуыддзаг кæнынмæ иу æмæ дыууæ хатты нæ ‘рæвнæлдæуыд. Уымæн æмæ алы рæстæг дæр цард йæхирдыгонау ныллыг кæны. Æмæ уыцы ахсджиаг проблемæ фысджытæ аскъуыддзаг кæнынц сæхи фæлтæрддзинадмæ кæсгæ, фылдæр – фæллойы фæрцы. Музафер æм бафтыдта ноджыдæр иу цардуагон амал – царды зынтыл хъæрмуд бинонты фæрцы, сæ кæрæдзийыл æнувыд уæвыны фæрцы фæуæлахиз уæвын. Уый йæ къухы бафтыд уарзæгой, удæгас удтæ сфæлдисыны амалæй. Æмæ йæ уыцы хъайтарты тæккæ хуыздæртæй у Дзыцца.

Дзыццайы фæлгонц сныв кæнынæн автор ницы бавгъау кодта. Дзыцца, – ныййарæг мад, хъомылгæнæг, хæстоны идæдз, – аккаг бынат ахсы уацауы. Йæ уды хъизæмарæй цы цард аразы, йæ зæрдæйы тæгтæй йæ рæзинæгтæн цы

ахстон бийы, уый йын, афтæ бирæ цы цард уарзы, уым алы хуызты пырх кæнынмæ хъавынц фыд адæймæгтæ. Алы хуызы йын къахынц йæ зæрдæ. Царды сæ кæрæдзийы æнцой кæимæ уыдысты – йæ иузæрдыг æмкъай, уый йын байста æгъатыр хæст. Йæ амонд ын æврæгътæй æрæппæрста зæхмæ, фæлæ цардбарон ирон сылгоймаг, кæд ын цыфæнды зын у, уæддæр йæхи нæ ауадзы. Удвидар нæлыстæгау, йæ дæндæгтæ нылгъивы сæ кæрæдзимæ. Йе ‘мкъай хæсты быдыры бабын, зæгъгæ, уыцы хъуыды нæ дæр йæхи зæрдæмæ уадзы, нæ дæр йæ сидзæрæй баззайæг кæстæрты сæртæм. Зоны йæ, царды фыд цæфыл ма разы кæнын, удæй æппынæдзух арт цæгъдын адæймагæй дывæр хъару домы, фæлæ зæрдæрыст мад йæ кæстæрты адæмы рæгъы ракæныны охыл алы æнахъинон фыдæвзарæнтæм дæр цæттæйæ лæууы. Æгæрыстæмæй, йæ астæу кæй нæ бауромдзæнис, царды уыцы уæргътæ райсынмæ дæр цæттæ у, æрмæст йæ кæстæрты гуыртæ ма ‘ркъул уæнт сæ быны. Æрмæст йæ кæстæртæ царды зынтæн фæразын сахуыр уæнт. Уымæн æмæ цард æнæ зынтæ никуы вæййы.

Уый æнæнхъæлæджы нæу. Автор афтæ кæй зæгъы: «Искæимæ хыл кæнынæй æнаддæр ын ницы ис. Цыфæнды зылынджынимæ дæр æйтты никуы бацæуы», – уым уынæм йæхи рæстдзинад. Бонзонгæ, сæрныллæг ирон сылгоймаг тынг хорз зоны, ды цыфæнды раст уай, уæддæр лæдзæджы иу кæрон тыхы къухы ис. Кæд æй стондзæн, кæд æй ныззилдзæнис дардыл, уый ничи зоны Уæллагæй дарддæр.

В. Маяковскийы загъдау, уый дæр ын зындгонд у: «все мы немношко лошади, Каждый из нас по-своему лошадь».[1] Æмæ сылгоймаджы кæстæр Таучелаты Хъазыбег газеты куы ныххыррытт кæны уац: «Бæрæгъуыйнаг хицæутты устытæ кусын сæ сæрмæ нæ хæссынц», – уæд ын хъуыддагзонгæйæ уымæн фæдзæхсы: «Мидхъæуы мидæг знагæй цæрын зын у. Алчи дæр маст йæ зæрдыл дары…» Æрмæстдæр арвы цъиу нæ зоны фыдæбон æмæ тыхтухи.[2]

[1] М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 1. – М., 1978. – 175 ф.
[2] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 3. – М., 1975. – 141 ф.

Ахæм фæдзæхст нысан кæны – дæ рæстдзинад дæ зæрдыл дар æмæ йæ æргомæй æрмæстдæр дзур, æнæзæгъгæ йын куынæ уал уа, уæд. Уымæн æмæ рæстдзинадæн йæхи бæлвырд рæстæг, бæлвырд афон ис. Уый куынæ æрцæуа, уæд цыфæнды раст дзырд дæр фыдбылызы хосæй дарддæр ницы у. Рæстдзинадæн йæ зæгъыны рæстæг куы ‘рцæуа, уæд æй дурты бын дæр нал бамбæхсдзынæ.

Ахæм фæдзæхст йæ кæстæрæн раттдзæнис æрмæст уарзæгой зæрдæ æмæ цардзонæг ныййарæг. Дзыцца у ахæм. Æгæрыстæмæй йыл фыдбылыз куы сæмбæлы, куы базоны, æрхæццæ йæ уæлион царды фæстаг уысм, уæд ын йæ уарзон хъæбулы тыххæй йæ фæстаг фæдзæхст базонæм, уацау кæй номæй цæуы – йæ лæппуйы, уымæн йæхи дзыхæй: «… ахсæв, дам æй мæнæн ма зæгъут, кæннод йæ зæрдæ исты кæндзæн».

Æмæ йын сыхбæстæ, кадджын адæймагæн куыд вæййы, афтæ йæ фæстаг фæдзæхст сæххæст кодтой – рынчындонæй æрдæгæхсæв Дзыццайы æнамонды уац йæхицæй куы фæраздæр, уæд хъæубæстæ æнамонды хæдзары кæртмæ æртымбыл сты, фæлæ, – иу æхсæв ма уæддæр ма фæзæрдæдзæф уой, – хъысмæтæй ælгъыст æнахъом сидзæрты нæ райхъал кодтой, – каутыл цырæгътæ ныссагътой æмæ уыдон рухсмæ æрбабонмæ æнхъæлмæ кастысты.

Афтæмæй зæрдыл æрлæууы, фыссæг йæ мад Веринкæйы мысгæйæ кæй ныффыста, уыцы æмдзæвгæ «Фæстаг фæдзæхс». Уым дæр поэт йæ Дзыццайы амæлæт æмæ фæстаг фæдзæхсты тыххæй зæгъы:

«Мæ фыртæн-иу мæ ма схъæр кæнут ахсæв…» –
Мælæг удæн йæ фæстаг фæдзæхст райхъуыст.
«Мæ фыртæн-иу мæ ма схъæр кæнут ахсæв…» –
Дзуапп радта ногæй уаты къуымтæй агъуыст.

Рынчынфæрсæг æм чи ‘рбацыди, уыдон
Ныййарæгæн ныфсæвæрæнтæ кодтой;
Дзырдтой: «Тæссаг æппындæр нæу дæ удæн.

Дæхи цæмæ ‘фхæрыс зæрдæриссæны фæндтæй?..»

Фæлæ нæ бауӕндыд йæ сыхбæстыл ныййарæг.
Зыдта, кæй ралæууыд, кæй æрхæццæ йæ адзал,
Рæхджы кæй ныууыдзæн йæ цардмонц зæрдæ уазал
Æмæ сæ хæдзарæй кæй райхъуысдзæни хъарæг…

«Мæ фыртæн-иу мæ ма схъæр кæнут ахсæв…» – Мælæг удæн йæ фæстаг фæдзæхст райхъуыст», – æмæ нын уый фадат дæтты йæ дзырдты рæстдзинадыл хъуыды кæнынæн – æрымысæггаг кæй не сты, фыссæджы фантазийæ кæй нæ цæуынц, йæ уацмыс зæрдæмæдзæугæ рацæуа, уый охыл сæ кæй нæ зæгъы, фæлæ, зæгъæн ис, йæ автобиографион уацау, «Урсдоны былыл Бæрæгъуын…»-ау, кæй дзурынц сæ авторы æрхæсгæ цауты рæстдзинадыл. Чиныгкæсæджы та æрымысæггаг хъуыддæгтæй æрцæугæ цаутæ тынгдæр фендавынц.

Афтæмæй, нæ бон у фидарæй зæгъæм – Дзасохты Музафер йæ уацау «Урсдоны былыл Бæрæгъуын…»-ы Дзыццайы прототип у йæхи фæлмæнтæзæрдæ, хъæбулуарзаг, цардзонæг мад.

Хиуæтты, хæстæджыты æмæ æмгæртты фæлгонцтæ дæр уацауы æвдыст цæуынц афтæ уарзгæ æмæ аудгæйæ. Автор бацархайдта, цæмæй дзы иунæг хатт дæр кæуыл сæмбæла чиныгкæсæг, уыдон дæр сæ хъарм кæнæ уазал удты миниуджытæй, сæ хæдхуыз удыхъæдæй уæдта рæстæгмæ уæддæр баззайой йæ зæрдæфысты. Æмæ уый йæ къухы æфтгæ дæр бакодта.

Дзыццайы æфсымæр Алмахситт хæдзарæн æрмæст æнцой нæу, фæлæ йæ хойы сидзæртæн у куырыхон, æцæгæй сæм кæй дзырд хъары, кæуыл æууæндынц, ахæм зондамонæг. Стыр фыд сыл куы ‘рцæуы, уацмысы сæйраг хъайтар Хъазыбег бындзарæй куы ныррызы: «Æнæ мæхи Дзыцца ма куыд цæрдзынæн? Дзыцца кæм нæ уа, уыцы дуне ма мæн цæмæн хъæуы?» – уæддæр ын йæ зæрдæмæ ссары фæндаг: «Сыхбæстæ йын йæ фæстаг фæдзæхст сæххæст кодтой æмæ ам фæлæууыдысты, сымах райхъалмæ

ænхъælmæ кастысты. Уæртæ каутыл цырæгътæм кæсыс, дысон-бонмæ уыдон рухсмæ лæууыдысты. Уыцы адæмæй æфсæрмы кæнын хъæуы».

Бæрæгъуыны тæккæ зæронддæр ус Бадзыгæимæ цыма æдзырд бакодтой – уый дæр ын ахæм дзырдтæ ралæмæрста: «Дæхиуыл фæхæц, мæ хур акæнай. Ардыгæй фæстæмæ дын кæуæн бонтæ бирæ уыдзæн. Арвæй цы дур расхъиуы, уый зæхх бауромы». – Стæй ноджы дарддæр: – «Дæхи фыркуыдæй куы амарай, уæд Дзыллæйæн (сæйраг хъайтары зынгхуыст мады ном – Хъ. М.) дæр æхсызгон нæ уыдзæн». Æмæ зæрдыл æрбалæууы Ходы Камалы æмдзæвгæ «Уæларвæй цы 'рхауы, уый уромы зæхх»:

Ныллæууыди мадæн йæ царды фæззæг,
йæ дзыхмæ нæ иста къæбæр дæр…
…Уæларвæй цы 'рхауа,
уый уромы зæхх,
фæлæ йæ
нæ уромы
зæрдæ!..[1]

Адæмæй, цардæй, хицæй аргъуц кæнын; хорзæй, хъæуæг æмæ бæллиццагæй цы ис, уыдонæй æфсæрм кæнын Музафермæ куыд нымад сты, афтæ нымад цæуынц йе ‘вæрццаг хъайтартæм иууыл дæр. Хъазыбег æмæ йæ хæлар Темырхъанимæ цыма бирæ цæмæйдæрты сæ кæрæдзийы фæлгонцтæ æххæст кæнынц, чиныгкæсæгмæ афтæ дæр фæзыны æмæ уый цымыдисон æмæ бирæ цæмæйдæрты бæллиццаг хъуыддаг дæр у: сæ иуæн цы нæ бантысы, уый иннæ бакæны; сæ иу кæм фæцуды, уым иннæ разыны. Чызджытæм сын цы ахаст ис, сæ уарзт куыд сыгъдæг æмæ æнæлаз у, уый та алкæмæн дæр у цæвиттойнаг.

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Цæуыл фыссай, уымæн йæ мидапп æмæ мидпоэзи куы нæ раргом кæнай, куынæ йæм разына дæ ахаст æмæ уый

[1] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 312 ф.

фæдыл дæ сагъæс, дæ индивидуалон æмбарынад, уæд уацмыс æдзард æмæ æдзæм у»,[1] – æмæ цыма Музафер уыцы фæткойæн дзуапп кæны йæ уацмысæй, афтæ зыны.

Музафер йæ цы фæлгонцтæ сарæзта, уыдон сты æнæхъæн галерейæйы фаг æмæ сæ алкæуыл дæр æнцайы йæхи уæз. Хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр иумæ æххуыс сты, бинонтæ бинонтæ цæмæй вæййынц æмæ æмбаст кæимæты æрцæуынц, æппæт уыдæттæ æвдисынæн. Æмæ сæ афтæмæй хуыздæр исы чиныгкæсæг.

Чи зоны, уацмысы сæйраг хъайтар Хъазыбег хаттæй-хатт йæ тугхæстæг хиуæттæй кæйдæрты цур йæхи æгæр хивæндæй равдисы; чи зоны, кæмдæрты йæ фæхъæуы йæхиуыл тынгдæр фæхæцын, фæлæ йе ‘ппæт хъуыддæгтæ дæр цæуынц йæ удыхъæдæй æмæ сæ фыссæг куы фæива, уæд уацмыс кæуыл лæууы, уыцы «астæустæг» фæцуддзæнис æмæ нызгъæлæнтæ уыдзæн уацауы композици. Сæйраг хъайтар æмæ уацмыс нал уыдзысты ахæм ахадæн, фыссæг сыл цасфæнды куы куса, уæддæр.

Æниу, адæймагæн æнтыст уæд вæййы, куыстæй куынæ тæрса, куыст ын йæхицæй куы кæна арвыталынгты. Фыссæг, тохæн дæр, цинæн дæр, мастæн дæр цы аив дзырд равзæрста, уыимæ кусынæй, аив дзырдимæ хурыскаст æмæ хурныгуылдыл æмбæлынæй куы тæрса, уæд ын уый худинаг у. Алы фыссæгæн дæр йæ къухы вæййы йæ уацмысты хъайтарты хъысмæт хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр. Уыдон тыххæй йæ æнæмæнг фæхъæуы дзуапп дæттын. Уый сæ цы хуызы ракæны адæмы рæгъы, афтæмæй сыл æрæвæрынц адæм сæ цæст. Уымæ гæсгæ йыл йæ хъайтарты, стæй адæмы раз вæййы стыр бæрн, фæлæ Дзасохы-фырт уымæй никуы фæтарст.[2] Йæ хъайтарты хъысмæттыл иу æмæ дыууæ боны кæй нæ фæхъуыды кæны, уый фæзыны сæ иумæйаг арæзтыл. Уыйбæрц сæ фæныв кæны, ахæм цардуагон фæлгæтты сæ æрæвæры æмæ сæ афтæ сфæлвары алыхуызон фæндæгтыл, цæмæй йæхи зæрдæмæ дæр фæцæуой æмæ сæхи раз дæр уа сæ хъуыддæгтæн

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 135 ф.
[2] Р ы ж о в а А. На берегу Уршдона // Детская литература, 1983. – № 7.

хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр дзуапп раттын. Уымæн æмæ адæймагæн йæ хорз дæр æмæ йе ‘взæр дæр кæцæйдæр райдайынц.[1] Дзыцца йæ хъæбулæн ælхыскъ ныхас æнæнхъæлæджы нæ зæгъы, Таучелатæй стут, зæгъгæ. Фæлæ уый – æрмæстдæр хъазгæйæ.

Ома, чи кæмæй у, уымæй у æмæ йын цыфæнды ма кæн, уæддæр æй нал аивдзынæ – ærдзæй чи цы мыхуыр рахæссы, уый йын цæргæ-цæрæнбонты, хъысмæты гаккау, æнæхæсгæ нæй. Разы йыл нæ дæ, уæд хъуамæ аивай дæ удыхъæд. Уый та алкæй бон нæ бавæййы.

Дзасохты Музаферы прозæйæн характерон сты сыгъдæгзæрдæ, намысджын, хæрзæгъдау фæлгонцтæ. Йæ уацмыстæ уымæн сты рухсхæссæг.[2] Исы сæ нæ адæмы æрвылбонон цардæй. Уацмысты æвзагæй йæм темæты онг алцы дæр у ærдзон. Чи нæма уыд, ахæм диссæгтæй хизы йæхи.

Æмæ сабитæн цы бирæ алыхуызон уацмыстæ сфæлдыста! Уыдон сæхæдæг æнæмæнг сæрмагондæй ærдзурыны аккаг сты.

Омар Хайам æнæхъæн дунейы зындгонд у. Йæ рубаитæ йын нырмæ ирон æвзагыл иууыл аивдæр сдзурын кодта Музафер! Хетæгкаты Къостайы уырыссаг æвзагыл фыст æмдзæвгæтæй, А. Пушкин, М. Лермонтов, С. Моэм, Ч. Айтматов, В. Шукшин, В. Белов æмæ ноджы уырыссаг æмæ дунейон фысджыты уацмыстæй кæй раивта нæ мадæлон æвзагмæ, уыдон сты тынг бирæ æмæ хъæздыгдæр кæнынц нæ нывæфтыд литературæ æмæ нæ мадæлон æвзаджы авналæнтæ.

Йæхи уацмыстæ дæр ын бирæ адæмтæ кæсынц сæхи æвзæгтыл. Ивд ын æрцыдысты уырыссаг, украинаг, хъазахаг, хъалмыхъаг, лакаг, цæцæйнаг, абхазаг, лезгинаг æвзæгтæм. Рухс ын федтой Инди, Болгари æмæ Монголийы дæр. Цины хабар сыхъуыст Венгрийæ: «Ястæ дæр кавказаг алантæй кæй сты, уый кæд ахуыргæндтæ æрæджы сбæлвырд кодтой, уæд æй сæхæдæг та рагæй зонынц. Фæлæ фесæфтой сæ мадæлон æвзаг, дзурын райдыдтой венгриагау. Æмæ сæ уыцы уавæр тынг тыхсын кæны, сæхи ивазынц ирæттæм, Кавказмæ

[1] А д а ш и н с к и й А. Земля отцов / Литературная Россия, 1983. – № 3.
[2] Г у д и е в Г. О природе, о людях / Социалистическая Осетия, 1979. – 26 август.

– сæ рагфыдæлты цæрæнбæстæмæ. Æхсызгондзинад сын хæссынц ирон ныхас, ирон адæмон сфæлдыстад, ирон фысджыты уацмыстæ. Сæ ахуыргондтæ архайынц сæ адæмы ирон чиныгимæ базонгæ кæныныл. Уый тыххæй сæ тæлмац кæнынц венгриаг æвзагмæ».[1]

Кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаг бынаты сты «Нарты кадджытæ», ирон адæмон сфæлдыстаты уацмыстæ. Уыцы хъуыддаг арæзджытæй у венгриаг ясс Какук Матиаш. Æрæджы та ратæлмац кодта «Дзасохты Музаферы 75 азы юбилеймæ – фыссæджы уацмысты æмбырдгонд».[2]

Дзасохты Музаферæн иу æнтыст иннæйы фæдыл йæ къухы æфты, æппынæдзух агурыны фæндагыл кæй лæууы, йæхицæн иуран æрбадыны фадат кæй нæ дæтты, уый фæрцы.

Уыдæттæ, стæй ма æндæр рафæлгъауинаг фарстытæ æнхъæлмæ кæсынц литературон критикæ æмæ литературæиртасджытæм. Йæхæдæг дзуры, нырма йæм бирæ дзуринæгтæ кæй ис.[3] Ходы Камал уымæн зæгъы: «Музафер Дзасохов замечательный мастер поэтического стиха, профессиональный литератор. Причем в отличие от многих коллег занимается творчеством не от случая к случаю, а систематически».[4] Æмæ йе сфæлдыстадмæ бæстон æркаст кæй уыдзæнис, уый дызæрдыггаг нæу, кæд нæм литературæиртасæн жанр, иннæ жанртимæ абаргæйæ, хъыгагæн, цъус фæстейæ аззад æмæ искуы нæ зæрдыл дзæнæтыбадинаг фысджыты сфæлдыстадыл хъуыдыкæнгæйæ ‘рлæууы, уæддæр.

Аив литературæ цардимæ цæуы æмæ рæзы. Дыууæйыл дæр сæ рæстæджы куы сагъæс кæнай, се ‘нтыстытæ æмæ сын сæ аиппытæ æргомæй куы амонай, уæд уый амонды хъуыддаг у. Уæлдайдæр, фыссæгæн æхсæнмæ æхсæнты цы аивадон амæлтты кой скодтам, уыдонæй дарддæр æм ис, цæсты сæхæдæг чи хауынц, дзæвгар ахæм æндæр аивтæ, цыргъ ныхасæн табу кæнын (уый уæлдай тынгдæр раргом йæ чиныг «Мæйты дæргъæн астæ»-йы) æмæ дзæвгар æндæр поэтикон амæлттæ. Дзасохты Музафер у нæ дуджы фыссæг.

[1] Ц г ъ о й т ы Х а з б и. Музаферы уацмыстæ венгриаг æвзагыл / Рæстдзинад, 2012. – 9 февраль.
[2] Уый дæр уым.
[3] Д з а с о х о в М у з а ф е р. Я еще не все сказал / Северная Осетия, 2007. – 31 январь.
[4] Уый дæр уым.

Йæхæдæг дæр, йе сфæлдыстад дæр сты уый аккаг, цæмæй сыл цæуа бæстон ныхас æмæ нæ нывæфтыд литературæйы историйы бацахса йæхи сæрмагонд, стæй – аккаг бынат. Æмæ уый уыдзæнис. Нафи уымæн зæгъы: «Литератор куыд рæза, афтæ ивдзысты йæ идейон-эстетикон æрвгæрæттæ, йæ литературон авторитеттæ».[1] Фælæ алцы дæр рæстæгыл фидауы æмæ хъæуы аразын, Музафер йæхæдæг йæ дуг æмæ йе ‘мдугонты тыххæй рæстаг ныхас зæгъынæн бонæмгъуыдтæ куыннæ кæны, йæ уацмыстæ афоныл куыд сфæлдисы æмæ сæ чиныгкæсджыты тæрхонмæ куыд рахæссы, афтæ. Уый тыххæй йын æмбарын хъæуы йæ цыргъ, схуыст ныхас: «Куыддæр мæ ме знæгтæ æппæлын райдайой, афтæ мæ фыссын ныууадздзынæн. Цæмæн, уый дæр уын зæгъдзынæн: абоны онг мæ хорзæй хорз никуы ма загътой».[2]

Адæймагæй йе знаг хорз куы дзура, йе ′ппæлыны куыст куы кæна, уæд æй сæфты фæндагыл кæй ардауы, уыдæттæ Музафер бирæ кæмæндæрты бацамондзæнис царды дæр, аивады дæр. Æнæзындгонд ын нæу нæ куырыхон адæмы зонд: «Знагæй лымæн аразынмæ чи хъавы, уый йæ хурхыл къуымых кард æвæры».[3]

Йæхицæн та йе ‘ппæт æнтыстытæ иууылдæр йæ къухы æфтынц, æппынæдзух сфæлдисыны къахыл кæй лæууы, йæхицæн «Бафæлладтæн» зæгъыны бар кæй нæ дæтты æмæ иугæндзон размæ цæуынмæ кæй тырны, уыцы рухс фæндтæ æмæ фæллойы руаджы. Фæллой кæнын чи уарзы, уымæ цард æмæ дуг æнæмæнг бахудынц сæ мидбыл.

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 8 ф.
[2] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Мæйты дæргъæн азтæ // Мах дуг, 2014. № 11. – 29 ф.
[3] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 164 ф.

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

А б а е в В. И. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982;
А б а е в В. И. Осетинский язык и фольклор. М. – Л., 1949;
А б а й т ы А р б и л я н æ. Сæрибардзинад мыл æруагъта йæ уæз / Рæстдзинад, 2003. – 12 апрель;
А д а ш и н с к и й А. Земля отцов / Литературная Россия, 1983. – № 3;
А й т м а т о в Ч и н г и з. Изменяя мир // К о л л е к т и в а в т о р о в. С кем вы, мастера культуры? – М., 1985;
Авторы архивæй.
Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985;
И л а с Æ р н и г о н. Æрымыс-иу мæн. – Дзæуджыхъæу, 1979;
Б а л а ш о в а Т. В. Французкая поэзия XX века. – М., 1982;
Б е л и н с к и й В. Взгляд на русскую литературу. – М., 1981;
Б и б л и (Иезикиил, 38 и 39);
Б о г д а н о в В. Окрепшие крылья / Молодой коммунист, 1971. – 29 июль;
В о к р у г с в е т а, 2014. № 5;
Г а ф е з. Адджын у цард. – Цхинвал, 1948;
Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979;
Г о р ь к и й М а к с и м. С кем вы, «мастера культуры»? // К о л л е к т и в а в т о р о в. С кем вы, мастера культуры? – М., 1985;
Г у д и е в Г. О природе, о людях / Социалистическая Осетия, 1979. – 26 август;
Г у т н о в Ф е л и к с. Аланские портреты. – Владикавказ, 2005;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Уæззау хуынтимæ царды ‘фцæгмæ схызтæ / А в т о р т ы к о л л е к т и в. Агънаты Гæстæн: знон æмæ абон. – Дзæуджыхъæу, 2012;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Царды æвидигæ сагъæс. – Цхинвал, 2009;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Изæрмилты кувын. – Цхинвал, 2002;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истории. – Дзæуджыхъæу, 2003;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хорз ма ракæн, æмæ… / Рæстдзинад, 2009. – 2 апрель;
Д з а с о х о в М у з а ф е р. Я еще не все сказал / Северная Осетия, 2007. – 31 январь;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Арв æмæ зæхх. – Дзæуджыхъæу, 1996;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Ракæндзынæн дын мæ зарæг.– Дзæуджыхъæу, 1968;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Уалдзыгон стъалытæ.– Дзæуджыхъæу, 1973;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Зæххы уæз.– Дзæуджыхъæу, 1975;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Бехъаны мугæ.– Дзæуджыхъæу, 1978;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Зæрватыкджын бæстæ.– Дзæуджыхъæу, 1987; Ос
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Уыцы боны фарн.– Дзæуджыхъæу, 1996;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Дзæбидыры хъул.– Дзæуджыхъæу, 2001;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Дæллаг Ир.– Дзæуджыхъæу, 2007;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Заман æмæ замана. – Дзæуджыхъæу, 2009;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Зонд æмæ амонд. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2012;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Зонд æмæ амонд. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 2012;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Иры дзыхъхъ. – Дзæуджыхъæу, 1984;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Мысыры сыджыт. – Дзæуджыхъæу, 1994;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Ронг æмæ æвронг. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2014;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Сыгъдæг уды æргом зæрдæ // Рæстдзинад, 2012. – 21 январь;

Дзасохты Музафер. Урс доны былыл – Бæрæгъуын. – Дзæуджыхъæу, 1981;
Дзасохты Музафер. Фыды фарн. – Дзæуджыхъæу, 1964;
Дзасохты Музафер. Хъуыдыйы арф æмæ дзырды хуымæтæгдзинад // Авторты коллектив. Камал. – Дзæуджыхъæу, 2014;
Дзасохты Музафер. Мæйты дæргъæн азтæ // Мах дуг, 2014. № 11;
Дзасохты Музафер. Цæрадзонты хъуытаз. – Дзæуджыхъæу, 2005;
Дзуццаты Зæлинæ. Хуыцауæй арфæгонд / Рæстдзинад, 2002. – 4 октябрь;
Дзуццаты Хадзы-Мурат. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966;
Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
Дюмезиль Ж. Осетинский эпос и мифология. – М., 1976;
Кайтуков Г. Доброго пути // Социалистическая Осетия, 1964. – 6 июль;
Коваленко Елена. Вечный бег Урсдона / Литературная Россия, 2007. – 13 июль;
Къоста. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;
Къоста. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009;
Маяковский Владимир. Собр. соч. в 12 т. Т. 1. – М., 1978;
Маяковский Владимир. Собр. соч. в 12 т. Т. 9. – М., 1978;
Маяковский Вл. Собр. соч. в 12 т. Т. 11. – М., 1978;
Миллер Всеволод. Осетинские этюды. – М., 1881 – 1887;
Мурасты Эльбрус. Сыгъдæг уды рухс фæд / Рæстдзинад, 2007. – 14 апрель;
Некрасов Н. А. Пол. Собр. соч. и пис. В 15 т. Т. 2. – Л., 1981;
Омар Хайам. Рубаи. – М., 2001;
Пушкин А. С. Собр. соч в 10 т. Т. 4. – М., 1975;
Пушкин А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 3. – М., 1975;
Рыжова А. На берегу Уршдона // Детская литература, 1983. – № 7;
Салагаева З. Коста Хетагуров и осетинское народное творчество. – Дзæуджыхъæу, 1959;
Симонов Константин. Собр. соч. в 10 т. Т. 10. – М. 1985;
Тургенев И. С. Пол. соб. соч. в 28 т. Т. 13. – М.-Л., 1967;
Тыбылты Александр. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
Философский словарь. – М., 2003. – 465 ф.
Фыдыбæстæйон Стыр хæсты рæстæджы лозунг.
Хетагуров Коста. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974. – 272 ф.
Ходы Камал. Акростих Дзасохты Музаферы 70 азы кадæн / Рæстдзинад, 2007. – 31 январь.
Ходы Камал. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;
Хъазиты Мелитон. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013;
Хъодзаты Æхсар. Хи поэтикон хъæлæс / Рæстдзинад, 1975. – 26 март;
Цгъойты Хазби. Музаферы уацмыстæ венгриаг æвзагыл // Рæстдзинад, 2012. – 9 февраль;
Цхуырбаты Зелимхан. Адæмы дунеæмбарынад ирон æмбисæндты. – Цхинвал, 1975;
Цыбырты Людвиг. Имена. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 199 ф.
Цыбырты Людвиг. Ирыстоны адæмон поэт / Хурзæрин, 2011. – 31 декабрь;
ЦИЗИИ. Ф 1, ОП 1, д. 39;
Черчесты Хъасболат. Музаферы сфæлдыстады тыххæй загътой / Рæстдзинад, 2007. – 21 январь;
Шолохов Михаил. Собр. соч. в 8 т. Т. 8. – М., 1986;
Шугаев П. К. Из колыбели замечательных людей // Авторты коллектив. М. Ю. Лермонтов в воспоминаниях современников. – М., 1989.

ÆВДÆМ СÆР

СЫЛГОЙМАДЖЫ ФАРНИМÆ

Сылгоймæгты зарæггæнæг æмæ сæ иузæрдыг сæрылхæцæг. Ныййарæджы зæрдæ – хъæбулмæ, хъæбулы уарзт – ныййарæгмæ. Дзыццайы стыр лæггæдтæ зæрдылдаргæйæ. Уарзт –æнæмæлгæ.

Ирон аив литературæйы бирæ курдиатджын фысджытæ уыдис æмæ ис. Бынтон цъус дзы нæ уыд сылгоймаг фысджытæ. Уымæй дæр – зæрдæргъæвд, нæлгоймаг фысджыты æмрæнхъ кæй æрæвæрай, ахæмтæ. Фæлæ йæм уæддæр æмæ уæддæр æппæты фыццаг Хостыхъоты Зинæйæ курдиатджындæр сылгоймаг-поэт ничи æрбакъахдзæф кодта. Ирон æвзагыл ын йæ фыццаг поэтикон æмбырдгонд «Сæууон æртæх»-æй Бестауты Гиуæрги разы æмæ æппæлыны хуызы афтæ, зæгъгæ, «æмбырдгондыл авторы ном æмæ мыггаг фыст куынæ уаид, стæй дзы Зинæ йæхи номæй куынæ дзурид, уæддæр чиныгкæсæг æнæмæнг рахатид, æмдзæвгæтæ сылгоймаджы къухæй фыст кæй сты, уый».[1]

Ирон дзырдаивадмæ сылгоймаджы поэзийы æцæг æхцон ад фыццаджы-фыццаг уый æппæтфарсон аивадæй æрбакалд. Уый хуызæн æй ничи барæсугъд кодта. Бестауы хъуыдымæ гæсгæ, поэзи æппæты фыццаг «йе сфæлдисæджы уд æмæ зæрдæйы фæлгонц хъуамæ уа».[2] Æмæ иугæр поэзимæ æрæвнæлдтай, уæд дæ уд æмæ дæ зæрдæйы хъуамæ цыдæр ахæм æнæфенддаджы стыр æмæ рæсугъд цыдæр уа, адæймаджы дисы кæмæй бафтауай. Зинæйæн йе ‘ргом, рæсугъд, талас дзырдæй йæ бон бацис ирон сылгоймаг-фыссæджы фæлгонц æмæ ирон сылгоймаджы поэзи фæарфдæр, фæаивдæр, фæуæрæхдæр кæнын. Йæхимæ æрыхъусын кодта ирон чиныгкæсæджы. Æууæндæм ын йæ барджын æмæ зæллангæнаг хъæлæсыл, йæ аив дзырдыл:

---

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 216 ф.
[2] Уый дæр уым.

Æз сылгоймаг – цардаразæг фарн дæн,
Кувут, лæгтæ, иууылдæр мæнæн.
Æз бæллиц дæн, дидинæджы тау дæн,
Æз цъæх уалдзæг, цины зарæг дæн.

Зинæйæн йæ дзырд йæ зæрдæйы арфæй цыд. Зæрдæйы арфæй зарæг цæуа æви хъарæг – алы хатт дæр йæ бон бавæййы адæймаджы зæрдæйы уидæгтæ баризын кæнын. Джусойты Нафи нæ фыдæлтæй уымæн зæгъы: «Зарæг æмæ хъарæг кæрæдзи ивтой».[1] Поэт йæ уд цы уацмыстæ бавæрдта, уыдон алыварсонæй æвналынц зæрдæйы æмбæхст æвæрæнтæ раргом кæнынмæ, рухсмæ сæ рахæссынмæ. Цæмæй сæ фенæм. Цæмæй нæ зæрдæты рæсугъд дзуринæгтæн нæхи бон суа аргъ кæнын æмæ сæ рæзын кæнын.

Зинæ тынг хорз зыдта, сылгоймаг нæлгоймаджы цардаразæг æфсарм кæй у, лæгаулæджы къухы ирон нуазæнæй рæсугъддæр кæй фидауы, сæрбахъуыды адæймаджы къухы ælвæст кардæй тынгдæр кæй кæрды.

Тыбылты Алыксандр 1930-æм азы Ренненкампфы æфсады ныхмæ Тогойты хæсты тыххæй хуымæтæджы нæ дзырдта: «Тогойтæн сæ сылгоймæгтæ дæр хæцыдысты».[2] Абайты Васо сæрыстырæй загъта: «Сатана – истинная мать народа, центр и средоточие нартовского мира. К ней сходятся все нити. Без ее участия и совета не обходится ни одно знаменательное событие».[3] Сæр-иу кæм бахъуыд, уым сæ фарсмæ уыд удæй дæр, армæй дæр. Æмæ Зинæ уыдæттæй алы хатт дæр уыдис разы æмæ сæрыстыр. Сылгоймаджы номæй уымæн зæгъы: «Æз æфсарм дæн, нуазæн дæн…», «фарн – мæ дзырд…», «æз уæ раттæг, уе стыр мæт, уæ хур», – æмæ уымæ сидт алкæмæ дæр.

Ацы, зæрдæйы арфæй рацæуæг дзырдтæ йæ бон у æмæ зæгъа, сылгоймаг – æцæг бæллиц, дидинæг кæуыл æрзайы, ахæм тау кæй у, цъæх уалдзæджы

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 331 ф.
[2] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 289 ф.
[3] А б а е в В. И. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982. – 22 ф.

цъæх цæстытæй нæм чи фæкæсы, æмæ нын нæ зæрдæтæ цины зарджытæй чи бахъарм кæны, уый чи зоны, ахæм адæймаг.

Хостыхъоты Зинæ уыдис ахæм адæймаг æмæ ахæм поэт.

Хъусæггагæй, мыййаг, нæ хатыд, сылгоймаг нæлгоймаджы, стæй царды æфсарм кæй у, лæгау-лæджы къухы нуазæнау кæй фидауы, хæдзары бæркадыл бæркад кæй æфтауы, нæлыстæгимæ æмдзу кæнгæйæ, йын йæ тохы монц кæй сабыр кæны, афтæмæй йæ раттæг дæр кæй у, йе стыр мæт дæр, йæ хур дæр, æнæ уый йын цард ад кæй нæ кæны, сæр куы бахъæуы, уæд йæ къухы кард дæр кæй фесты. Хъамбердиаты Мысосты ‘мдзæвгæ «Чызгимæ ныхас»-ы лирикон хъайтар йæ уарзон чызгмæ йемæ хæстмæ ацæуынмæ куыд сидт: «…арæвдз кæн дæ фæндаг æмæ мемæ цом».[1] Зинæ-поэты лирикон хъайтар-сылгоймаг, йæ туг, йе стæг барджынæй уымæн зæгъы:

Æз æфсарм дæн, нуазæн дæн уæ къухы.
Æз – хæдзары минбæркады фынг.
Æз æдзухдæр – уе ‘мдзу царды дугъы,
Фарн – мæ дзырд, ныххуыссын кæны зынг.

Сисут, лæгтæ, бануазут мæ кадæн,
Æз уæ раттæг, уе стыр мæт, уæ хур.
Æз уæ къухы бахъуаджы бон кард дæн,
Æз – уæ фидæн, уе ‘нхъæлцау бындур.

Сылгоймаджы тыххæй нæ поэзийы, стæй æмткæй дунеон нывæфтыд литературæйы бирæ рæсугъд, рæстаг, стæй æппæлæн, æгæрыстæмæй, ælхыскъгæнæн æмæ рæнтъузæн дзырдтæ дæр, мыййаг, цъус нæ уыдис æмæ нæ вæййы загъд.

Уæддæр, сылгоймагæн йæхи удæй ратæдзгæ зырнæйзылд дзырдты, рæнхъыты, хъуыдыйæдты бæрзæндмæ не схæццæ сты æмæ не схæццæ

[1] Хъамбердиаты Мысост. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2002. – 68 ф.

вæййынц, мах, нæлгоймæгтæ нæ зæрдæтæм цыфæнды арф æмæ лæмбынæг ныккæсæм, уæддæр. Зинæйы æмдзæвгæ «Æз – сылгоймаг, цардаразæг фарн дæн…» æхсайæм азты рухсмæ йæ фæзындæй фæстæмæ адæмæн уарзон уымæн фæци. Иу адæймагæй йæ иннæ адæймаг, иу фæлтæрæй йæ иннæ фæлтæр зæрдæхцонæй уымæн исынц.

Æниу, уацмыс Зинæйы адзалы фæстæ цæмæдæргæсгæ нал фæцыд Дзуццаты Хадзы-Мураты зæрдæмæ: «Сылгоймаг æмæ нæлгоймаг хъуамæ æмбар-æмсæр уой царды алы къабазы дæр – афтæ домы феминизм. Зинæмæ гæсгæ, канд æмбар хъуамæ ма уой, фæлæ ма сылгоймаг хъуамæ уæлдæр уа нæлгоймагæй. Уымæ гæсгæ Зинæйы феминизм зына-нæзына у агрессивон. Хуымæтæджы нæ дзуры нæлгоймæгтæн: æз – сылгоймаг – цардаразæг фарн, бæллиц, дидинæджы тау…»,[1] – æмæ афтæ дарддæр.

Уац йæ тæккæ райдианæй рацыд фидисгæнгæ: «Хостыхъоты Зинæ Ирыстоны хуссар хаймæ куы ‘рцыд, дыккаг мой куы скодта…»[2] – æмæ кæронмæ нал æрхаудта уыцы цъыфы къуыбылой: «Хуымæтæджы нæу уый дæр, æмæ кæй бауарзы, чи йæ бахъæуы, уыцы нæлгоймæгты йæхи кæй бакæны, кæй сæ басæтты, йæ буары «кæлæнты» амæттаг сæ кæй фæкæны: «Мæн дæ, мæн дæ!», – æмæ йæ куыд бафæнды, афтæ бакæнынц, уыдон дæр. Поэтессæйæн йæ уарзæттæй иу дæр нæ басгуыхт…»,[3] – зæгъы Хадзы-Мурат мæстджынæй. Æмæ «афтæ домы феминизм», фæлæ хъуамæ ма рох кæнæм æндæр ахсджиаг фарст: куыд домы поэзи та?

Критик поэтикон фæзилæнтæ, аивадон кæлæнтæ куынæ зыдтаид, уæд ахъуыдыгæнæн ис, ома, йын поэт æмæ лирикон хъайтар хæццæ кæнынц æмæ сæ иу тæразæй бары, фæлæ уацы цы фидисгæнæн фæзилæнтæ ис, уыдонæй зыны, авторыл сусæг мастисæн кæй тых кæны. Уый та цахæмфæнды критикы кад, цыфæнды йæхи æмбæхса, уæддæр æппары дæлæмæ.

Æцæгæй, Зинæ, сылыстæг уæвгæйæ, сылгоймагæн йæхи номæй радзурын кæны йæ уды сæйраг æмæ бæллиццаг миниуджытæ, нæлгоймагæн æрмæст

[1] Д з у у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 257 ф.
[2] Уый дæр уым, 247 ф.
[3] Уый дæр уым, 257 ф.

царды æмбæлццон кæй нæу, фæлæ ма царддæттæг, стæй цардаразæг æмæ дарддæргænæг дæр, æппæт уыдæттæ. Æмæ æмдзæвгæ йæ арæзт, йæ афыст æмæ йæ рæстдзинадæй, æцæг аивадон уацмысæн куыд æмбæлы, афтæ быndзарæй бакъуыры чиныгкæсæджы зæрдæ. Йæ фæд ныууадзы адæймаджы хъуыдыйы æмæ уымæй цымыдисон у.

Сылгоймаг сылгоймаджы ном хъуамæ хæсса – уæздан, фарнхæссæг, царддæттæг. Уыимæ иумæ хъуамæ ‘ппынæдзух рисса, цин кæна дунеимæ. Фæлæ йæхæдæг адæммæ дæр, æрдзмæ дæр, цардмæ дæр цы ахаст дары, йæ уд алкæуыл æмæ алцæуыл куыд фæтайы, йæхимæ йын уыцы ахаст куынæ фæдарынц, куы сæ айрох вæййы, уæд фехæлы царды гармони. Кæмæндæрты, стæй æмткæй фесты игæрылныхæст масты дзæкъулы хуызæн.

Хъобангомы хъалтæ сæ хуыздæр Чермены куы байсæфтой, уæд уыимæ сæхæдæг дæр æвыд нæ баззадысты: «Мард фесты Астемыраты Хамит æмæ Хату,[1] мард фæци, ацы бæллæхтæ чи арæзта, уыцы Тыллаттаты Мæхæмæт дæр. Уымæн уырдыджы йæ сæр афтæ дард атылди æмæ йын æй аргæ дæр нал кодтой».[2] Фæлæ йæ уарзт Азау – «О, ацы хъалтæ бабын кодтой мæн», – бынтон хъизæмайраг фæци. Чермены агурæг зилы дургомыг къæдзæхтыл. «Куы фесты дуне уалдзæджы тæмæн, Куы хъуысы зарын Хъобаны гæ-мæхтæй», – уæд уый афтæ фенхъæлы, Чермен та ælдæртты зæххыты дзæбæхтæ хуым кæны. «Куы фены искуы цуаноны фæдтæ», – уæд сæ Чермены къахвæдтæ фенхъæлы, æмæ сыл ссудзы йæ «уаз чызгон зæрдæ», цæмæй йæ «фæндаг рухсдæр кæна хъæды». Рох мæсгуытæм лæгъстæгæнгæйæ дзуры, цæмæй æнæсæттон, фæйнæгфарс, хъæбатыр Чермены бахизой йæ лæгмар æмæ лæджыфыдхор фыдгултæй. «Йæ бæлццоны хæрзамонды фæндæгтæн» ын фæкувы зоныгуылæй, цæмæй йын хызт уа гадзрахаты мælæтæй.

Куы кæлы бонмæ дард рудзынгæй рухс,

[1] Кæсгон лæгмартæ.
[2] С а н а т ы У а р и. Фыдæлты таурæгътæ. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 25 ф.

Куы кæсы чидæр гом дуарæй æнхъæлмæ,
Уæд фервитын æгъуыссæг æхæв æз, –
Мæ сæфт Чермен фæзындзæны æнхъæлæй.

Кæдмæ цæрон дæу агурæг, Чермен! –
Мæ тæригъæд куынæ уромы зæхх дæр.
Дæ ныфс хъæуы, дæ уарзон æнгас мæн…
Кæдæм фæцыдтæ Хъобаны къæдзæхтыл?
(«Азауы монолог»)

Сылгоймагæн ирæттæм цы кад ис, уый бæрæг у адæмон æмбисондæй: «Сылгоймагыл куыдз дæр нæ рæйы». Æмæ уый тыххæй ныхас кæнгæйæ историк Цыбырты Людвиг нысан кæны: «По мнению Штедера, оскорблять жену, а тем более бить ее, считалось у осетин отвратительным поступком, от такого человека отворачивалось общество, такое оскорбление приравнивалось к кровной обиде».[1]

Фæлæ цыфæнды куы ‘рцæуа, уæддæр алы хъизæмæрттæ, дудгæбæттæ æмæ тæригъæдтæ æппынфæстаг зæхх уæддæр бауромы. Йæ кой ма нæм куыд уыд, афтæмæй Ходы Камал уымæн зæгъы: «…Уæларвæй цы ‘рхауа, / уый уромы зæхх, / фæлæ йæ / нæ уромы / зæрдæ!..»[2] Нæ йæ бауромы уд дæр. Уæлдайдæр, сылгоймаджы æнкъараг, риссаг, дудаг уд.

Свæййы йæ цард хъизæмайраг. Уæлейон зæхх ын фесты зындон. Нал æй хуры тынтæ фætавынц, нал æм мæй фæкæсы, нал стъалыты ‘рттывд фæхаты. Сылгоймаджы хъысмæт уымæн сси Зинæйы сæйраг дзуринаг. Дзуринаг дæр ын куыннæ уыдаид:

Историйы дæрзæг риуыл
Маринæйы цæссыгтæ,

[1] Ч и б и р о в Л. А. Традиционная духовная культура осетин. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 515 ф.
[2] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 312 ф.

Йæ фæндæгты хъæрзгæ ниуын,
Йæ сусæг рыст, йæ хъыгтæ.

Йæ рæстæг ын цы ныббаста?! –
Уæзæгæй дзæгъæл, азым,
Æндæр бæстæйæ хи бæстæм
Тæхудытæ, дзыназын.

Уый, йе ‘взонджы бонты кæй курдиат фергом, афтæ кæмæй дзурынц: «Цветаевская героиня «Юношеских стихотворений» своевольна и изящна. Ее дерзость сохраняет черты непосредственности и необузданности. Противоречивость ее натуры опирается на сознательный отказ от чопорности и серости повседневного мещанского быта».[1]

«Æндæр бæстæй хи бæстæм» кæй дзынæзта, йæ фæндæгтæ уымæн хъæрзыдтой. Йæ фыдызæхх ын фыды ус кæй фестад, æнæазымæй йæ азымджын кæй кодта, уыдæттæ йæ мардтой удхарæй, фæлæ уæддæр уый уыдис йæ ныфс, фæсвæд дæр ыл «йæ зарæджы уд тади», æмæ Уæрæсейæн йæ «аргъуан уыд Маринæйы «зæрдæйы æууæнчы», афтæмæй, – дзыназы Зинæ, – «… кæй сау цæсгомыл ис йæ мæлæт та, йæ мæлæт?!»

Фæлæ поэт рæстæджы фыдæвзарæнтæн сæттын кæй нæ куымдта, йе ‘мдзæвгæтæ «гуымыдза сау фæндæй» кæд «рæхысбастæй æрдаудтой», уæддæр «Хуыцауæн дæр къæрттæй цъула нæ хаудтой». Уый тыххæй ныр бæрæг сырæзт сæ нысаниуæг:

Маринæйы æмдзæвгæтæ –
Гыццылмур прометейтæ,
Зынгхæссæг гуырдтæ зæрдæтæн,
Нæ удтыл рухсæфтауæг.

[1] М и х н е е в а Т. Л. Цветаева Марина Ивановна / К о л л е к т и в а в т о р о в. Русские писатели в 2 т. Т. 2. – М., 1990. – 359 ф.

Тыхы фырттæ – Хуыцауæй дæр
Къæрттæй цъула нæ хаудтой,
Æмæ гуымыдза сау фæндæй
Рæхысбастæй æрдаудтой.

Сæ игæртыл сын сагъуыди
Уæд тугдзых уари–рæстæг,
Бæрзонд къæдзæхтыл ауыгъдæй
Фæфæрæзтой сæ рыстæн.

Рæстæджы рын сæ зæрдæтæй
Нæ раскъуыдта сæ тынтæ,
Маринæйы æмдзæвгæтæ –
Зынгхæссæг Прометейтæ.

(«Маринæ Цветаевайæн»)

Се ‘нæбасæттондзинады, се ‘гæрон ныфс æмæ æууæнчы ис абон се ‘нтыст, «гыццылмур Прометейтæ», «зынгхæссæг Прометейтæ» уымæн сты. Ничи сæ бадомдзæн, ничи сæ басæтдзæн.

Цæмæй адæймаг йæ нысанмæ цæуа цыфæнды удхæрттæ æвзаргæйæ дæр, уый тыххæй зондæй уа, хъаруйæ, парахат æмæ æууæндаг зæрдæйæ æххæст куынæ уа, зынтæн быхсын куынæ фæраза, уæд йæ къухы æнтыст нæ бафтдзæнис, йæ адæмæн лæггад кæнын нæ бауыдзæнис йæ бон. Брытъиаты Елбыздыхъо йæ дуджы раив-баив æмæ фæлтæрддзинадæй уымæн дзырдта: «каждый раз, когда свет слабеет, тьма занимает его место».[1] Рухсы тых адæймаджы къухы ис: зынгыл æмбæлы фу кæнын, цырагъ хъæуы бæрзонд исын, цæмæй сæ уына, йæхи сæм тава алчи дæр.

Уыдæттæ хорз зыдта Зинæ.

[1] Брытъиаты Елбыздыхъо. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 100 ф.

Уыдон ныхмæ тох кæнынæн хуымæтæг сылгоймаджы зонд æмæ тых фаг кæй не сты, лæджы хъару æмæ сын сылгоймаджы æгæрон уарзт кæй хъæуы, уыдæттæ поэтæн æгæр зындгонд дæр уыдысты. Уæддæр «автор архайы йæ уд æмæ йæ зæрдæйы рæстдзинад дзурыныл».[1] Йæхи зонд æмæ хъаруимæ йæ фæндыд иууыл зондджындæр æмæ тыхджындæр сылгоймаг Сатанайы бархъомысæй спайда кæнын: «Она дает советы отдельным лицам и обществу в целом; ее советов просят, к ним прислушиваются и родич, и все Нарты, потому что признают ее чрезвычайную проницательность».[2]

Ахæм хъуыдыйыл хæст у Абайты Васо дæр: «Сатана – могущественная чародейка. Она может вызывать снег и бурю, понимать язык птиц, может по желанию принимать вид старухи или молодой обольстительной женщины; взглянув в свое «небесное зеркало» (*арвы айдæн*), она видит все, что происходит на свете и т. д.».[3] Поэт ирон фольклорон хъайтармæ – «Нарты кадджыты» хъайтармæ уый тыххæй сиды æххуысмæ:

О Сатана, сылгоймæгты бардуаг,
Цæй-ма рамт мын де стыр зонд, дæ ныфс, –
Уа цæмæй мæ дзыхы ныхас кардау,
Иры лæгтæн тохы бон æххуыс.
(«О Сатана, сылгоймæгты бардуаг»)

Фæлæ, сылгоймаджы ном, хъæуа, нæ хъæуа, – æниу, куыд хъуамæ хъæуа, кæд ныл уынгæджы бон не ‘ркæна, уæд, – дæлдзиныг чи фæкæны, уыцы нæлгоймæгтæм æгъатыр у, зæгъæн ис, бынтон æгъатыр у поэт. Былысчъилтæй сылгоймаджы тыххæй æдзух æмбисæндтæ чи фæхæссы, зæгъгæ, «æрмæст æм бахуд», æмæ рафтауы йæ рæхыс. Æмæ йæ уд дæр ба-кæны нæ бар, – чи æппæлы йæхицæй, уыдон ын æнæуынон, нæ бон у зæгъæм, ницæйаг æмæ æлгъаг сты. Сылгоймаджы, уæлдайдæр, æцæг

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 217 ф.
[2] Д ю м е з и л ь Ж. Осетинский эпос и мифология. – М., 1976. – 237 ф.
[3] А б а е в В. И. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982. – 22 ф.

сылгоймаджы удыхъæд кæй нæ фæзонынц, афтæмæй сæ ныййарæг мадтыл дæр цъыф кæй фæкалынц, уый тыххæй.

Афтæ чи зæгъы, зæгъгæ, сылгоймагæн «цæй уарзт æмæ цæй цыдæр», зынты «æнæрæвдыд нæ фæразы æппындæр», ууыл æнауæрдонæй, æгъатыр æмæ ælгъгæнгæйæ уымæн ныххуырсы:

Цы дзурыс уый, дæ бындар уай, дæ бындар!
Дæ фæндаг уыд, æвæццæгæн, сылтыл,

Æмæ дæ ферох уаздæр дзырд – сылгоймаг,
Æмæ дæ ферох кадджындæр ном – мад.
Нæ зоныс, нæ, хæрз æвзонгæй дæ коймаг
Салдаты ‘рцыдмæ фондз азы куыд цард:

Йæ хид йæ рустыл уади бон-изæрмæ,
Фæндагау йе ‘рмттæ сæвæрдтой уæзæг,
Уæддæр нæ хаста ‘нкъард кæнын йæ сæрмæ,
Уæддæр нæ уыдис йе сныхас дæрзæг.

(«Æргом ныхас»)

Поэт æвзæрдзинадæн, фыддзинадæн хъуамæ фæраза йæ ных ныццæвын. Хостыхъон æцæгæй ахæм кæй уыдис, уымæн – æвдисæн, цæргæ-цæрæнбонты цурон ныхасы хурхыл чи хæцыд, уыцы стыр ирон поэт Цæрукъаты Алыксандры тадзгæ-баргæ ныхас: «Цы дæ зыдтам, уымæй дæ сæвнæлд – бæрзонддæр, Уынаффæ – тæрхоны – æппæтæй цыргъзонддæр, Нывæрæн фæлгæты нæ уыди дæуæн: Нæй фурдæн дымгæты æмлæгъзбуар уæвæн».[1]

Æмæ нæ дарддæр ныхасы куырыхон Алыксандры хъуыдытæм здæхын нырма бахъæудзæнис. Уымæн æмæ уый, чидæр-иу æй кæй фæхъыг кодта, уыдæттæ дзырдта, фæлæ уыдон охыл кæйдæр хурхмæ кард никуы хаста, йæ

[1] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Хостыхъоты Зинæйы мысгæйæ // Рæстдзинад, 1912. – 26 декабрь.

къæхты бын æй не ‘ууæрста – æгæр стыр къæхтæ йын уыдис æмæ сын, æвæццæгæн, тæригъæд кодта. Зинæйы тыххæй та иунæг цауд хъуыды, цурон æппæлд нæ бауарзта йæ цæст. Сергей Есенин æнæнхъæлæджы нæ загъта: «Поэт поэту Есть кунак».[1]

Зинæ æххæст уыд сылгоймаджы рæсугъддзинад æмæ æнкъараг зæрдæйæ. Цæрукъайы-фырты уынаг цæст уый тынг хорз ахста: «Æфтыдтай нæ дисыл алдымбыд ныхасæй, Мах – райгонд дæ идзылд сæухур цæстæнгасæй. Нæ Иры бæстæйы поэттæй хæрзуд, Нæ кæмтты æрыгон æфсинты рæсугъд!»[2] зинæмæ уыдис, нæлгоймагау, йæ фæнд кæронмæ акæныны хъару. Уыдон йæ мады дзидзийы хъуырттимæ ахъардтой йæ уæнгты.

«Сылгоймæгты бардуаг» Сатанайы зонд, рæсугъддзинад æмæ удыхъæдæй нæ сомыгæнæн Абайты Васо дæр барызт: «Если бы нас спросили, что в нартовском эпосе самое замечательное, мы ответили бы, не задумываясь: Образ Сатаны. Тщетно искали бы мы в каком-либо ином эпосе женский образ такой мощи, такого значения, такого размаха, такой жизненности, как нартовская Сатана. Во многих эпосах женщинам отведена очень большая роль. Но при всем том, они остаются, в большинстве, носительницами чисто женского или семейного начала, чем, в конечном счете определяется сфера их активности. Поэтому в других эпосах одну героиню можно легко заменить другой без ущерба для психологической и художественной правды. Нартовскую же Сатану никогда и никем заменить невозможно, ровно как нельзя ее удалить из эпоса без того, чтобы не ощутить сияющую пустоту.

Сфера ее активности – не узкий круг любовных и семейных отношений, а вся жизнь народа в целом».[3]

Æмæ, уæдæ, поэты зæрдæ æххуысагур йæхи куыннæ хъуамæ æппæрстаид ахæм æппæтхъом хъайтар Сатанамæ. Уый йæ лæмæгъыл дзурæг нæу. Поэтæн, зæрдæмæдзæугæ цы у, уыдонæй æмбæлы алкæй æмæ алцæй тыххæй йæхи хæсджыныл нымайын. Ноджы, табу кæмæн кæны, уыдон бæрзонд

[1] Есенин Сергей.Собр. соч. в 6 т. Т. 2. – М., 1977. – 99 ф.
[2] Цæрукъаты Александр. Хостыхъоты Зинæйы мысгæйæ // Рæстдзинад, 2012. – 26 декабрь.
[3] Абаев В. И. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982. – 21 ф.

æвæрын. Зинæ сылгоймæгты бардуаг Сатанамæ зонд æмæ ныфсæнхъæл уый тыххæй цæуы. Уæлдайдæр дзы, мыййаг, йæхи уды тыххæй, йæхи сæрмагонд цард æмæ æхцондзинады охыл, – æниу, уым дæр уыйбæрц æвзæрæй ницы ис, – бирæтæ нæ куры.

Сылыстæг нын мад, хо, цардæмбал, хъæбул кæй у, уыдæттæ бирæ хæттыты фехъуыстам æмæ фехъусæм; фæлæ сылгоймаг, йæ уды рæбын цы сæйраг æмæ бæллиццаг миниуджытæ ис, æппæт уыдæттæ йæхи номæй кæй дзуры æмæ сæ уайтагъд нæхæдæг дæр кæй фенæм нæ зонды цæстæй, кæй сæ фехъусæм нæ зæрдæйы хъустæй, уый нын сылгоймаджы фæлгонц дæр, Зинæйы сфæлдыстад дæр, цард дæр кæны зæрдæмæдзæугæдæр. Æмдзæвгæ та чиныгкæсæгæн свæййы уарзон уацмыс. Уымæн æмæ йæ «ныхæстæ æвдисынц чызджы зæрдæйы лæгдзинад, дзыллæйы сагъæс, бæстысæрвæлтау хæстифтонг ирон чызджы удыхъæд…»[1]

Раст æй уыцы удыхъæд нæ уагъта зæрдæнцойæ цæрын. Рыстис ын нæ Фыдыбæстæ, нæ адæм, нæ мадæлон æвзаг æмæ царды алыхуызон проблемæтыл. Нæ цард, хъыгагæн, афтæ у – иу скъуыд бампъызтай æмæ дæм иннæ разындис ноджы бæлвырддæрæй; уый нæма бадзæппытæ кодтай, æмæ та иннæмæн дæр æнæ разынгæ ницы хуызы ис. Цæргæ-цæрæнбонты нæ иунæг фæлтæр уый тыххæй нæ ирвæзы æнæ рыст æмæ æнæ мастæй. Мæгуыры дзæкъулау нын не ‘нтысы сæ аппарын.

Æмæ сæ, уæдæ, поэты зын хæс чи фида, уый куыд хъуамæ аирвæза. Стæй сæ куыд хъуамæ хъава йæхи фæтылиф кæнынмæ. Зинæ та сæм кæддæриддæр йæхи æппæрста, цæмæй йæ адæмæн æнцондæр кусæн æмæ цæрæн уыдаид. Уымæн æвдисæн у, куы йæм æркæсæм, уæд поэты сфæлдыстад æнæхъæнæй.

Æмæ нæм уый тыххæй ныхас уыдзæнис, фæлæ уал чысыл лæмбынæгдæр нæ цæст ахæссæм поэты цард æмæ сфæлдыстадон фæндагыл. Афтæ – поэт – æй барæй хонын. Уымæн æмæ æцæг поэт уыдис – лæджыхъæдджын, æхсарджын æмæ уыимæ – уæздан, уарзæгой. Куы

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 217 ф.

хъуыдис, уæд – æнæбарон дæр. Йæ хо Иринæ дзы хъазгæмхасæн уымæн зæгъы: «Йæ хо дæн, уый чи зыдта, уыдон мæ-иу арæх афарстой:

– Йæ хъæлæс куыд фæлмæн у, йæхæдæг дæр афтæ фæлмæн у?

Æз сын-иу алыхатт дæр хъазгæмхасæн дзуапп радтон:

– Куы йæ ракъахат, уæд фæлмæн нæу».[1]

Ирыстоны, ирон адæмы, рæстдзинады сæрыл сдзурын кæм хъуыдис, уым фæстæ кæй нæ фæлæууыдаид, йæ раст ныхас зæгъынхъом алы хатт дæр кæй уыдис, уый охыл дзы зæгъы афтæ.[2]

***

Хостыхъоты Ахмæты чызг Зинæ райгуырд 1937-æм азы цыппурсы мæйы фæуды, Ног азы къæсæрыл, 31-æм бон, Ирыстоны цæгат хайы, Хъæдгæроны хъæуы зæхкусæг бинонты ‘хсæн. Æнæмæнгæй уымæн фыста:

Ацы ногазон изæрмæ
Æз цæрæнбонты куывтон,
Ацы амонды къæсæрмæ
Дардæй мигъвæлмы цыдтæн.
(«Ног боны сæнттæ»)

Ногбонæхсæвы гуырд кæй уыдис, æвæццæгæн-иу æм рæстæгæй-рæстæгмæ уымæн æрцыдысты Ногазон хъуыдытæ: «Абон мæ гуырæнбон», «Нæуæг аз» (чиныг «Сæууон æртæх»ы), «Ног аз» (чиныг «Ærвгъуыз сагъæстæ»-йы), «Ногбон æхсæвы хъуырдухæн» (чиныг «Сæуæхсиды зæлтæ»-йы), «Ногбоны сæнттæ» (чиныг «Æмæ цагъта дзæнгæрджытæ уалдзæг»)… Афтæмæй ногазон хъуыдытæ нæ цух кодтой йæ сæрæй.

Йæ сабион мæгуыр, – уæд адæм иууылдæр куыд уыдысты, – цардцух бонтæ æрвыста æмæ ахуыр кодта сæхи хъæуы. Уым фæцис каст астæуккаг

[1] Х о с т ы х ъ о т ы И р и н æ. Мæ хойы рæсугъд зæрдæ // Рæстдзинад, 2011. – 26 октябрь.
[2] Уый дæр уым.

скъола 1955-æм азы. Фæлæ йæ сабибонтæ йæ зæрдæйы баззадысты цæрынæй-хæрынмæ; сæ рохтæ тыдтой поэты сфæлдыстадмæ.

«Мæ мысинаг» – цинæй райгæйæ, зæгъгæ, загъта Зинæ, уæд æй алчи дæр фæхатыдаид, йæ райгуырæн уæзæг, йе ‘взонджы бонтæй æнæмæнг цыдæр зæрдæагайæг цау сног йæ зæрдæфысты. Йе ‘ппæт сфæлдыстады уыцы æнкъарæн, – райгуырæн уæзæг мысын, уаз бынаты йæ æвæрын, де ‘взонджы бонтимæ дзы цæрын, – зыны, аргъуаны црагъы рухсау. Ис ыл цин кæнæн, ис дзы хи рæвдауæн, нæй дзы бафсæдæн.

Зинæйы мысинæгтæ кæсгæйæ, цæстытыл ауайы хъæууон царды æцæг хъарм, рухс, æхцон ныв: «балы цъуппыл хуымæллæг ныппыхцылтæ», «зайы каурæбын цъæхснаг кæрдæг», «æрхъуызыд мæй йæ фæлмæн мигъы цатыræй» æмæ дæ, къæлæсытæгæнгæ, хонынц сæ бæллиццаг дунемæ. Уыцы дунейы сæйраг цæстæвæрæн сты, сæ удыхъæдæй нæ рухс сæнттыл чи ‘фтауынц, дунейы зынтæ куыдзы хъуыды дæр чи нæ кæнынц, рæстæг æдых кæй раз у, уыцы цардбæллон чысыл чызджытæ æмæ лæппутæ.

«Уæзбын, сабыр къахдзæфтæ йыл фидаугæ дæр не скодтаиккой. Йæ хъæлдзæг худт уромын дæр нæ бафæрæзтаид»,[1] – афтæ зæгъы Зинæйы тыххæй Мурасты Эльбрус.

Æмæ нæ цæстытыл ауайы лирикон хъайтары дыргъдонгæрон дуррæдзагъд цæмæй сыджыты «аныгъуылдаид», уымæн ын куыд ис æфсон – сæ фæткъуытæм бруйы сæрты чи хызтысты, сæ рæтты сæ цы æгæнон лæппутæ давтой, уыдон-иу йе ‘фсадимæ – йæ «чысыл хотæ – гомкъах амазонкъæтæ»-имæ фæкодтой дурадзагъд æмæ цæнд «ихсыд»:

Нæ дыргъдонæн йæ фаллаг кæрон дуррæдзагъд, –
Цæй дуррæдзагъд ма! – аныгъуылди сыджыты,
Æз цас фæкодтон ацы ранæй дурадзагъд
Нæ фæткъуытæм бруйы сæрты хизджыты, –

[1] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Ирыстонмæ дардта чызджы зæрдæ / Рæстдзинад, 2007. – 13 март.

Нæ сыхæгты æгоммæгæс къæбæдатæ
Мæ цæстыл уайынц гомгуыбын, æнæхсадæй,
Ныр уыдон систы рихиджын ыстыр лæгтæ,
Кæддæр сæ цармцытæ бавзæрста ме ‘фсадæй, –

Сæ ныхмæ-иу куыд уæндонæй хæцыдысты,
Мæ чысыл хотæ – гомкъах амазонкæтæ!
Ныр мын чындзыты алырдæм фæцыдысты,
Æз ахсæв ам дæн, уый нæ кæнынц зонгæ дæр…

Куы зониккой, сæ хистæр хо уым, сæ цæгаты ис, уæд æй мысинæгтыл нæ уадзиккой, æрцыдаиккой йæм уыдон дæр, фæлæ æнæрæнцой цард æвæлмастæй никæй уадзы. Алкæмæн йе ‘нæвдæлон йемæ цæуы. Фæлæ: «Хостыхъон кæмдæриддæр куыста , Цæгатæй Хуссармæ, йæ фæстæ уагъта рæсугъд æмæ фæрнæйдзаг фæд»,[1] – зæгъы Эльбрус æмæ уыцы рухс фæд уæлдай хуыздæр зыны поэзийы.

Уыцы æхцон мысинæгтæ ноджы рухс кæны уацмысы композици. Йæ кæрон автор æмдзæвгæйы райдайæн ногæй кæй æрымысы – цæрынмæ йæм не ‘рбацыд уый дæр, уынынмæ йæм фæзынд æмæ йын ис йæхи «сраст» кæныны æфсон:

Фыдыуæзæг, фæндагæй дæм æрбаздæхтæн,
Мæ фæллад уд дæ хъæбысы кæд бандидзид,
Кæд та мын ног тых бауадзис мæ базырты,
Æмæ та ног мæ хорз бæллицтæм атындзин,

– уый йæ кæны компактондæр, цымыдисондæр, зæрдæмæдзæугæдæр. Уыцы архитектоникон аивадон амал æй уацмысы иннæ аивадон амæлттимæ исы бæрзонддæр, цæмæй йыл ныдзæва адæймаджы цæст, рæвдауа зæрдæ.

[1] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Ирыстонмæ дардта чызджы зæрдæ / Рæстдзинад, 2007. – 13 март.

Æниу, йе ‘взонгадыл дзурæг æмдзæвгæтæй уый нæдæр фыццаг у, нæдæр – фæстаг. Сæ хуыздæртæй иу уацмыс у «Сахарæйы фæндæгтæ». Дзæвгар цæмæйдæрты зæрдыл лæууын кæны «Мæ мысинаг». Æмæ нæм йæ кой уыдзæнис. Фæлæ кæд уым, «Мæ мысинаг»-ы, сæйраг архайæгмæ йæ мысинæгтæ йæ раттæг къуыммæ æрцæуынц, уæд æм йæ сабидуг ацы уацмысы та кæд æнхъæлмæ каст Сахарæйы фæндæгтыл. «Уым Нилы былты скъæтæнгæс хæдзæртты Рæдывта уæлдæф сабиты хъæрахст.» Фæлæ бæлццоны фендæй фæхъус сты. Йæ размæ згъорстой тъæбæрттæй.

Бæлццон фæхатыд, сабитæн «сæ сау цæстытæй урс бæлæттæ схъиудтой…»; «Мæгуыргур къухтæ – дуджы цыргъ æрцытæ…» Афтæмæй иу контраст ивы иннæйы: «сау» – «урс», «къухтæ» – «æрцытæ»… æмæ нæ цæстытыл ауайынц «Мæ мысинаг»-æй гомкъах амазонкæтæ. Базонæм, дыууæтæ дæр иу зæххы стонггуыбын, гомрагъ кæстæртæ кæй сты: «Сæ тæнтъихæг æвдисæн – барст сæ къæбæр…»

Æрбагуыппæг сæ хъæлæба, фæцыдæр,
Сæ къухтæ мæм æрбадардтой æваст…
Мæгуыргур къухтæ – дуджы цыргъ æрцытæ –
Мæ зæрдæ милмæ систой цыма раст.

Сæ къахы скъуыдты бур ызмис ныхъхъæбæр,
Сæдæ зæбулы иу халыл хæцынц.
Сæ тæнтъихæг æвдисæн – барст сæ къæбæр…
Мæ нуæрст бонтæ æрчъицыдтой, тæхынц:

Мæ гомкъах, ме стонг сабидуг, æнхъæлдтон,
Ныртæккæ цардмæ нал æххæссы д‘ арм,
Ды та дзæгъæлдзу фестадтæ, æнхъæл дæн,
Æндæр кæцæй мæ размæ фæдæ ам?!

Афтæмæй авторæн йæ бон бавæййы «Сахарæйы фæндæгтæ»-йæн æцæг аивадон кæрон скæнын: æнхъæлдта, йе стонг сабидугæн йæ цардмæ нал æххæссы й‘ арм; уый, уыцы сабидуг та, цыма, дзæгъæлдзу фестади – Сахарæйы фæндагыл фæци йæ размæ æндæр стонггуыбын сабиты хуызы.

Уымæн æмæ знæт дунейы фыдтæн нæй фæуæн. Иуран сæ куы бануæрдай, уæддæр иннæ ран сæхи равдисынц ноджы фыддæр æмæ фыдцъылызæйдæр. Уый йын нæ лæвæрдта удæнцой. Уыл рыст поэты зæрдæ. Уый йæ дзурын кодта.

Афтæмæй фенæм, фыссæг алæмæтон диссагæн кæй райдайы йæ уацмыс: «Дæуæй хъармдæр, дæуæй рухсдæр куы ницы и…» («Мæ мысинаг»); «О диссæгтæ!» («Сахарæйы фæндæгтæ») æмæ стæй кæй æрхизы зæххон реализммæ æмæ нын кæй снув кæны царды æгъатыр рæстдзинад. Æмæ уый йе сфæлдыстадæн у характерон.

Зинæйæн йæ фыццаг æмдзæвгæ рухс федта, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд – 1954-æм азы. Уæдæй йын ноджы фæадджындæр поэзи æмæ астæуккаг ахуырад райсыны хæнтфæстæ йæ зонындзинæдтæ фæхуыздæр кæнынмæ ацыд Мæскуыйы М. Горькийы номыл Литературон институтмæ. Уым райхæлд йе ‘цæг курдиат. Никæмæн уыд дызæрдыггаг, æвзонг чызгæн поэзи кæй суыдзæнис йæ цæрæнбонтæмы цин æмæ хъизæмар.

Уыцы хъуыддаг ирдæй зындис, йæ уацмыстæ ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл периодикон мыхуыры – алы газеттæ æмæ журналты арæхæй-арæхдæр кæй уыдтой рухс, уымæй дæр. «Уырыссагау тæлмацæй ма йын 1962 азы чиныг рацыд Мæскуыйы».[1] Фæлтæрд литератортæ дзырдтой, чызгмæ кæй æнхъæлмæ кæсы стыр поэты хъысмæт.

Хостыхъоты Зинæ уæлдæр ахуырад райсыны фæстæ куыста газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы (1962 – 63 азты), стæй – журнал «Фидиуæджы» поэзийы хайады гæсæй (1963 – 1972 азты).

«1972 азы сæрды Хуссар Ирыстоны дæс азы журнал «Фидиуæджы» поэзийы хайады хицауæй бакусыны фæстæ Хостыхъоты Зинæ æрыздæхт

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 216 ф.

Цæгат Ирыстонмæ. Куыстагур бацыд телеуынынадмæ. Уæд радио æмæ телеуынынады паддзахадон комитеты сæрдар Æгъуызарты Æхсарбег уыд. Тынг зæрдиагæй йыл бацин кодта, ænæуæлдай ракæ-бакæйæ йæ куыстмæ райста аивадон программæты редакцимæ»,[1] – зæгъы поэты кæстæр хо Иринæ. Куыста Цæгат Ирыстоны телеуынынады студийы редакторæй, фæстæдæр – аивта журнал «Мах дуджы» редакцимæ æмæ уым цæсгомджынæй фæкуыста суанг йæ царды фæстаг боны онг.

Фыццаг литературон фæлварæнтæ куы кодта, уæдæй йæ ирд курдиаты хицауæй базыдтой нæ поэзиуарзджытæ. Æмæ нæ фæрæдыдысты. Йæ фыццаг чиныг «Мæ рудзынгæй кæсы сæуæхсид» («Заря в моем окне») уырыссаг æвзагыл рухс куы федта Мæскуыйы рауагъдад «Молодая гвардия»-йы, уæд ыл уырыссаг чиныгкæсæг дæр сæмбæлдис зæрдиагæй.

Ирон æвзагыл йæ фыццаг чиныг «Сæууон æртæх»-ы (Цхинвал, 1967) разныхасы кæсæм: «Поэтессæйы сфæлдыстады сæйраг у уарзты темæ: аивадон амæлттæй æвдисы уарзты æнкъарæнтæ, адæймаджы моралон удыхъæд, зæронд фауинаг æмæ ног фæзминаг æгъдæуттæ.

Æрыгон ирон курдиатджын поэт йе ‘мдзæвгæты зары хæлардзинадыл, куыстыл, райгуырæн Ирыстоныл. Йæ уацмысты æргом цæуынц æвзонг фæлтæры фæндтæ æмæ тырнындзинæдтæ».[2]

Æмæ уыдон уæды рæстæджы иударон ныхæстæ сты, фæлæ æцæгдæр, Зинæ йæ зæрдæйы уарзтыл йæ къух никуы систа. Йе сфæлдыстады сылыстæджы уарзт кæддæриддæр зындис æргомæй, тыхджынæй, алыварсонæй, стæй – æппæтхъомæй.[3] Йе ‘гæрон уарзты уыцы рухс æнкъарæн нæ зыдта гæрæнтæ, нæ йын уыдис кæрон, æппæтхъомæй, æрттивгæйæ хызт иу чиныгæй иннæмæ. Фæлæ йæ райдиан уыд «Сæууон æртæх»-æй:

Тар æхсæв, æххуысмæ нæм æрцу,
Мæйы стух дæ сау уæйлаг нымæты.

[1] Х о с т ы х ъ о т ы И р и нæ. Мæ хойы рæсугъд зæрдæ / Рæстдзинад, 2011. – 26 октябрь.
[2] Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Сæууон æртæх. – Цхинвал, 1967. – 5 – 6 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сæууон æртæх // Мах дуг, 1968. – № 1.

Терк, ды та мын уарзонадыл дзур,
Мæн ныртæккæ атайын куы фæнды.

Мæн ныртæккæ атайын фæнды
Уæртæ уыцы ‘мбисонды цæстыты, –
Уадз æмæ йæ райгуырæн хæхты
Ма уына цы рæсугъддæр чызджыты.
(«Тар æхсæв, æххуысмæ нæм æрцу…»)

Уый æнæфсис, сырдон монц нæу, иуæй-иу æнæцæстуарзон критиктæ сæ масты цæсты куыд фæкæсынц, афтæ, фæлæ æвдисы, æгæрон уарзтæй чи фæуарзы, йæ уарзон адæймагæй дарддæр зæххы цъарыл æндæр искæй уынын дæр кæй никæй фæфæнды, йæ уарзты цæстыты атайыныл разы чи у, ахæм сыгъдæг уды бæллиц, цæмæй йын йæ уарзонмæ бар-хъомыс æппындæр мачи дара. Мачи йын æй байса. Æмæ цæуы адæймаджы, Хуыцауы сфæлдисгæ адæймаджы æрдзы скондæй.[1]

Афтæмæй Хостыхъон рауагъта дзæвгар уацмысты æмбырдгæндтæ: «Ærвгъуыз сагъæстæ» (Æмдзæвгætæ. Цхинвал, 1971, «Уарзондзинады монолог» (Æмдзæвгætæ. Дзæуджыхъæу, 1975); «Песнь водопада» (Æмдзæвгætæ. Мæскуы, 1981); «Æмæ цагъта дзæнгæрджытæ уалдзæг» (Æмдзæвгætæ. Дзæуджыхъæу, 1981); «Уыцы чызджы писмотæ» (Уацаутæ, радзырдтæ. Дзæуджыхъæу, 1984); «Мои авганские встречи» (Фæндаггоны фыстытæ. Дзæуджыхъæу, 1988); «Сæуæхсиды зæлтæ» (Æмдзæвгætæ, поэмæтæ. Дзæуджыхъæу, 1988); «Ærвнæрыны размæ» (Æмдзæвгætæ. Дзæуджыхъæу, 1994).

Йæ адзалы фæстæ 1998-æм азы рауагъдад «Ир»-ы рухс федтой йæ равзаргæ æмдзæвгæты æмбырдгæндтæ «Табуйаг», стæй та – «Цин æмæ сагъæс» (2012). Æмæ сæ алкæцыйы дæр ирдæй зыны, Зинæ йæ радтæг къуымæй стыр дунемæ цы уарзт рахаста, уый йын табуйаг куыд уыдис æмæ йыл

[1] Г а ф е з. Уарзондзинады монолог // Мах дуг, 1975. – № 3.

фæстаг уысмыййонг йæ зæрдæ куыд никуы сивта. «Рæсугъд зæрдæйы хицау уыд. Рæсугъд зæрдæ та нæ мæлы»,[1] – донласт йæ аууон ацахсынмæ куыд хъава, уыйау уымæн зæгъы йæ хо Иринæ.

***

Æцæг ирон сылыстæг фыдæлтæй нырмæ йæ уаг, йе ‘гъдау, йæ намысæй адæмæн аргъæутты диссаг уыдис. Йæ зæрдæйы уарзт æппынæдзух йæ туг-стæг, йæ адджын адæмыл уæрста, уыдон цæрайæ цард æмæ цæры. Цард ын æнæ уыдон цард никуы уыд. Йæхи кæд, цы мыггагмæ фæцæуы, уыдонæн фæнывонд кæны, уæддæр йæ фидар чъылдым, кæмæй рацыд, уыцы адæм, йæ цæгат вæййынц. Æмæ Зинæ кæд дзургæ афтæ кодта, зæгъгæ, «Æз рагон Иры хъарæггæнæг ус дæн, Æмæ æрцыдтæн зарынмæ ныр та», – уæддæр тынг хорз зыдта, йæ зæрдæ знæт дунемæ кæй райгуырд:

Нырма рæстдзинад туджы аргъ у ам.
Хур тавы ‘мхуызон хорзы æмæ’взæры.
Нырма цæрынц лæгсырд æмæ хæрам.
(«Мæ зæрдæ»)

Уыцы фыдты ныхмæ удуæлдай тох кæнынæн куырыхоны зонд æмæ бæгъатыры хъару хъæуынц. Хуымæтæг, мæлинаг сылыстæджы зонд æмæ тых ын нæ фаг кодтой. Æмæ-иу Зинæ, æппæтæгъдауæй æххæст чи у, ахæм ирон сылгоймаджы фæлгонц равдисынмæ куы ‘рæвнæлдта, уæд-иу æй, куыд загътам, бахъуыд æххуысмæ, йæ зонд, йе ‘хсар, йæ бæркадармæй адæмæн диссагæндзуринаг чи фæцис, уыцы ирон фольклорон хъайтар Сатанамæ сидыны сæр: «О Сатана, сылгоймæгты бардуаг, Цæй-ма ратт мын де стыр зонд, дæ ныфс…» Фæлæ йæ уыцы стыр зонд æмæ ныфс, æрмæст, мыййаг, йæхи уды æхцондзинад æмæ кадæн нæ хъæуынц; уымæн сæ куры, цæмæй уой Иры лæгтæн сæрбахъуыды рæстæджы – тохы бон æххуыс. Æмæ уый,

[1] Хостыхъоты Иринæ. Мæ хойы рæсугъд зæрдæ // Рæстдзинад, 2011. – 26 октябрь.

стæй бирæ аивадон амæлтты фæрцы йæ поэзийы йæ бон бацис сылгоймаджы фæлгонц, уæлдайдæр, мады фæлгонц бæрзонд сисын. Нафи уымæн зæгъы: «Мад тох кодта царды сæрыл, сæрибардзинады сæрыл, дунейы цивилизцийы бахъахъхъæныны сæрыл…»[1]

Уый æнæнхъæлæджы нæу. Алы адæймагмæ дæр уарзт фыццаджы-фыццаг, нæхæдæг æй нæ фæхатæм, афтæмæй нæ ныййарджытæй фæцæуы. Йæ зæрдæйы уыцы æнкъарæн райдайæны иууыл тынгдæр уыдонмæ вæййы.

Æмæ поэт йæ фыдæй афтид куы аззад, уæд йе ‘нкъараг зæрдæйы йæ фыдмæ хъæбулы уарзт тынгдæр райдыдта æргом кæнын. Йæ фыццаг чиныджы кæрæдзийы фæдыл уымæн зынынц йæ фыдыл фыст æмдзæвгæтæ.

Йæ зæрдыл æрлæууыдис, изæрыгæтты-иу чызг хъазтæй рæстæгыл куынæ фæзынд хæдзармæ, уæд-иу йæ фыд цæмæн цыд йæ размæ, цæмæн-иу кодта йæхинымæры загъд, уымæн ницы зыдта. Фыд та йæ зæгъынæй дæр тæрсгæ кодта, æргом æй нæ дзырдта:

Æз не ‘мбæрстон цæуыл уыд дæ хъаугъа:
«Дæ чиныгмæ куыннæ ‘ркæсыс уæддæр?»
Дæ мæт уыдис, цæмæй æлгъыстаг ма уа
Мæ фидæны дæ урс зачъе, дæ сæр.

(«Мæ фыдмæ»)

Поэтмæ уыцы æхцон мысинæгтæ, уарзон чиныджы сыфтæ фæлдахæгау, цæуынц сæ кæрæдзийы фæдыл æмæ йын йæ лирикон хъайтары уд хъæздыгдæр кæнынц йæхи удимæ; уæрæхдæр ын тындзын кæнынц йæ аивады базыртæ.

Уæлдайдæр, уыцы ‘гъдау цæуы фыдæлты фарнæй. Н. Берзенов 1852-æм азы æнæнхъæлæджы нæ фыста: «Уважение к старикам и, вообще, к людям пожилых лет простерто у осетин так далеко, что каждый из них считает непременною обязанностью вставать при входе старшего и приведствовать

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. Цхинвал, 1966. 50 ф.

его, хотя бы он был из низшего класса. Они никогда не нарушают этой учтивости, и даже в семействе наблюдают ее со всею строгостью».[1]

Фыдæлты æгъдау æмæ уыцы сатæг, хъарм мысинæгтимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, айтынг вæййынц поэты дардыл тæхæн базыртæ. Æмæ чиныгкæсæджы бафæнды йемæ поэтикон тæхæнты тæхын, йемæ поэтикон хæтæнты хæтын. Уый, нæхæдæг æй æвиппайд нæ фæхатæм, фæлæ нæ уды адæймагыл фæсадзы базыртæ. Уый бынтон стыр монон хъуыддаг у, куы йыл хъуыды кæнæм, уæд.

Уыдæттæ иууыл иумæ æнæмæнг дзурæг сты хъуытазхъæлæс поэты, Зинæйы поэтикон æцæг æнтыстыл:

Куы хъуысы райсом цæлхыты къуырма хъæр,
Куы хъуысы дардæй хъæддзауы мынæг зард,
Фæзæгъын: хъæдмæ ацыдтæ 'мæ азæр
Уыдзæни махмæ фатхъæдæй чъырын арт.
(«Бабайы мысын»)

Кæнæ æркæсæм, æнувыд, иузæрдыг хъæбулы уарзт бæрæгæй кæм зыны, уыцы бынатмæ. Цард йæхон кæны, хъысмæтмæ, æгæрыстæмæй, сабийы тæригъæд дæр нæ хъары, царды уæззау цалх тулы, æдыхты йæ быны ссæнды æмæ йе 'гъатыр митæн кæрон нæ зыны, уый А. С. Грибоедовы хъайтар Фомусовы дзырдтæй зæгъгæйæ: «Читай не так, как пономар, А с чувством, с толком, с растановкой»,[2] – уæд ноджы фендзыстæм Зинæйы – уарзæгой хъæбулы зæрдæзæгъгæ æнкъарæнтæ. Уымæн æмæ, уарзæгой хъæбул йæ ныййарæджы тыххæй цы удæй рацæугæ дзырдтæ зæгъа, уыдон – ничи:

Æрцыд та сæрд. Кæрдо, зæгъай, хъæлæрдзы;
Æндæразау, дзæбæх æрзад нæ дыргъдон,

[1] Б е р з е н о в Н. Из записок об Осетии // Кавказ, 1852. – № 67.
[2] Г р и б о е д о в А. С. Горе от ума. – Л., 1987. – 61 ф.

Ды йæм зылдтæ цæрæнбонты, ныр дын дзы
Зæрдæнизæн, – хæлар, баба, – куыд зæгъон!

Поэт йæ фыдыл сфæлдыста бирæ зæрдæмæдзæугæ æмдзæвгæтæ: «Мæ фыдмæ», «Бабайы мысын», «Ды нал дæ», «Дæ сагъд бæласыл хур йæ тынтæ луары», «Ахмæты чызг»… Ныффыста йыл æмдзæвгæты цикл «Дæ фарн».

Ныййарæджы уарзт хъæбулмæ куыд æгæрон у, ууыл дæр æм ис зæрдæзæгъгæ рæнхъытæ æмæ уацмыстæ. «Лæджы кар»-ы лирикон хъайтар адæмæй бирæты фæзмгæйæ хъуамæ йæ кæстæрæн кувид Хуыцаумæ, зæдтæ, дуæгтæм, цæмæй йын уа æнæмаст, æрвита йын хур бонтæ, рыст ма зона. Уый та, лæджы кармæ йын кæй фæцæуы, уый тыххæй йын амоны, лæджы кар уæззау кæй у, «фыццаг рихиты сау» нырма «лæджы фарн нæу». «Фарн – царды цыдæриддæр хорзæй ис (сабырдзинад, бæркад, амонд), уыдон иумæ иронау ацы ном хæссынц. Æппæт хорзæхты гуырæныл та ирон адæмы фыдæлтæ нымадтой «арв-хур».[1] «Лæджы фарн зæххы цард йæ уæхсджытыл уромы». Дунейы ныфс æмæ уарзт уый у, фæлæ дунейы стыр фыдтæ дæр, хъыгагæн, уыимæ баст сты. Уый тыххæй йын фæдзæхсы уарзæгой мады уарзаг зæрдæ:

Лæджы фарн зæххы цард йæ уæхсчытыл уромы,
Лæджы фарн дунейæн – йæ ныфс æмæ йæ царзт,
Лæджы ном зæххы цард фыдгæнæгæй дæр зоны,
Дунейы стыр фыдтæ – лæджы номимæ баст.

Мæ сонт хур, ма рацу гадзрахатæй дæ удыл,
Хуыздæрæн макуы райс мæнгард лæджы цæсгом,
Дæ зæрдæ сахуыр кæн ды сагъæс кæнын, дудын,
Дæ сусæг цæссыгтыл-иу макуы кæн фæсмон.

[1] Дзадзиты А. Б., Дзуццаты Х. В., Хъараты С. М. Ирон адæмы этнографи æмæ мифологи. – Дзæуджыхъæу, 1994. – 159 ф.

Уарзæгой мад зоны, йæ хъæбул царды хуыздæрæн куы иса мæнгард лæджы цæсгом, сагъæс, маст цы у, уыдон куынæ зона, æрмæст йæхи уды кой йæ куы уа, уæд суыдзæнис лыскъзæрдæ адæймаг, æмæ уæд æрмæст йæхи удыл нæ цæудзæнис гадзрахатæй, æрмæст йæ ныййарæгæн нæ уыдзæнис масты хос… Æмæ фестдзæнис адæмы цæсты сындз.

Кæд лирикон хъайтар комкоммæ нæ зæгъы, уæддæр дæлрæнхъæй бæрæг у, йæ хъæбулæн æй кæй фæнды, йæхæдæг ын йæ фыдæй куыд буц у, афтæ цæмæй уымæй дæр исчи уа райгонд æмæ сæрыстыр:

Дæ зæрдæ сахуыр кæн йæ хъармæй тавын, хурау,
Æмæ дæ рухс цæстыты уалдзыгон бон хæсс,
Цæмæй кæйдæр цъæх чызг дæ ном мысгæйæ дзура:
Нæлгоймаг амонд у, нæлгоймаг цин у, ныфс.

Чи зоны, Ирыстоны-иу тохы, лæджы фидар дзырды сæр куы хъуыдис, уæд-иу поэт цал хатты бабæллыд лæджы хъарумæ, лæджы ныфсмæ, цæмæй йæ Фыдыбæстæйæн уыдаид фидар æнцой æмæ сæрылхæцæг. Æнæнхъæлæджы нæ дзырдта: «Лæджы хъару мæнæй дæр домы цард» («Лæджы хъару»). Æнæмæнг-иу æй ахæм хъуыдытæ æркодтой лæджы фарны тыххæй ног æмæ ног уацмыстæ сфæлдисынмæ: «Лæджы цард», «Лæджы хъару», «Лæгтыдзуары бон»… Уымæн æй фæнды Хуыцауы бæсты Хуыцау уæвын, цæмæй уæларвæй æртæха зæхмæ æмæ сæххæст уа йæ бæллиц: «Фыццаг уал удтæн уды хорзæх уарин, Стæй ахæстоны батæрин фыдæхы», йæ уидаг ын басудзид арты. Уымæн æмæ сæм царды фæтк: «Живи и жить давай другим»[1] – нымады нæй. Поэты та фæнды «сæфтæджы бынæй уарзты зæды» сисын, цæмæй йæ скæна «иунæг паддзах цардæн» («Хуыцауы бæсты æз Хуыцау куы уаин…»). Мæнгæй нæ ныффидар ахæм хъуыды: «Каждый очередной сборник или цикл стихов З. Хостикоевой свидительствует о серьезной работе и

[1] Д е р ж а в и н Г. Р. Сочинения. – М., 1985. – 167 ф.

большой требовательности поэтессы к писательскому труду, о совершенствовании ее поэтического мастерства».[1]

Хъæбулмæ царды уарзт уымæн æвзæрын кæны. Афтæ фæнды мады. Афтæ хъуамæ уа. Æмæ зарæг куы гуыры, йæ чысыл хур сабыр куы хъуамæ уаид, уæд саби та мæсты кæны зарæгмæ.

Уымæн æмæ, йæ гыцци æрмæст хъуамæ уый уарза. Фæлæ Зинæ, хъæбулы кæд æгæрон уарзтæй уарзы, уæддæр æй идеализаци нæ кæны. Йæ чысыл къухтæй фырмæстæй гæххæттыты скъуыдтæ, урс бæлæттау, уымæн фæтæхынц. Йæ фырмæстæй кæугæ дæр уымæн ныккæны.

Æмæ уæд асæтты мады уарзæгой зæрдæ:

Рауай, рауай, о мæ сау цæст кадæг,
Ралæг у мæ хъарм хъæбысы, ралæг.
Иумæ скæнæм æрдзы буцдæр зарæг –
Мад æмæ хъæбулы уарзты зарæг.

Фæлæ ам уый æфсоны хуызы зыны. Дарддæр нæ раргом уыцы буцдæр зарæг – мад æмæ хъæбулы уарзты зарæг. Уæддæр уый у бындур, цæмæй поэт йæ кæстæртæм кæса мады цæстæй, уарза сæ хъæбулы уарзтæй, тæрса сын авгау æрхауынæй. Æмæ уыцы хъуыддаг бæлвырдæй, зæрдæхцонæй уынæм йе ‘мдзæвгæ «Мæ кæстæрмæ»-йы.

Уацмыс райдайы романтикон хуызы. Сæйраг архайæг йæ фынты февзæры мæрдты бæсты; фены аргъæутты æмбисонды дуне, удæнцой рухс, æрвхуыз æмæ кæрдæгцъæх бæстæ… Ноджы – бирæ фенддаджы диссæгтæ. Фæлæ нæ уацмысы уыдон нæ ныппарынц дисы – дзæнæты бæстæйы диссæгтæ æмæ тæмæссæгтæй фылдæр адæймаг цæуыл сæмбæлдзæнис, уæдæ. Зæрдæ сæхимæ уымæн ælвасынц, уымы «бæлæстыл – ælæм дыргъты зæу-зæу»; «дон кæсæнау, донбылтæ – мæлхъбадæн»; «дидинвæлыст къахвæндаг»…

[1] К а л о е в Г. З., А р д а с е н о в Х. Н., Г и р е е в Д. А. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992. – 316 ф.

Фæлæ та ам дæр автор спайда кодта контрастæй: «уæддæр, уæддæр…» ын уыцы алæмæтон диссæгтæ нæ фаг кæнынц; уыдон ницы сты, раздæр кæй нæ фæхъуыды кæнæм, нæ уыцы уæлион царды цур æмæ уацмысы кæрон сиды йæ хорз кæстæрмæ…

Хуыздæр уыдзæнис, поэтæн йæхимæ куы байхъусæм, уæд:

Уым дон – кæсæнау, донбылтæ – мæлхъбадæн,
Уым удтæ сты кæрæдзимæ фæлмæн.
Уым алцы ‘ппæт – мæрдты цы хъæуы мардæн,
Уым дидинвæлыст къахвæндаг, фæлæ…

Уæддæр, уæддæр… Куы афардæг уон уырдæм,
Уæд мын-иу бакæн иу лæггад æрмæст, –
Мæ хорз кæстæр, ды-иу мæ рох уæлмæрдмæ
Нæ хъæугæронæй дидинджытæ ‘рхæсс.

«Ды-иу мæ рох уæлмæрдмæ нæ хъæугæронæй дидинджытæ ‘рхæсс». Цы уа уый: цæргæ уды фанатизм æви, æфсис чи нæ зоны, уый бæллиц, ома, уæлион дидинджытæй дæр ракæнон мæ тонайы хай? Нæ, уый Зинæйы уарзæгой зæрдæйы – Дзыццайыл, йæ фыдыл, йæ райгуырæн къуымыл æй тайгæ æмæ райгæйæ чи дзурын кæны, уыцы зæрдæйы æгæрон æмæ сыгъдæг уарзт у. Дзæнæт, чи зоны, æввонгхорæн хорз у, фæлæ фыдæбоны царды цин чи агуырдта æмæ ардта, уыцы Зинæйы зæрдæйæн йæ уарзон, райгуырæн хъæуы кæрон цы дидинджытæ зайынц, уыдонæй адджындæр ницы ис.

Йæхæдæг Козаты Исидорæй куыд дзырдта: «Ирыстон йæ фæндаджы тырыса»[1] у, зæгъгæ, уыцы æнкъарæнтæ тæлфынц йæхи уды дæр.

Афтæмæй, чиныгкæсæджы уды йæ райгуырæн уæзæгмæ райхъал кæны, уæлион адæймагæн цард царды ад кæй хъуагæй нæ кæны, уыцы сыгъдæг æмæ рухс уарзт – фыдыуæзæджы уарзт.

[1] Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Бæрзондæй-бæрзонддæр / Фидиуæг, 1966. № 7. – 70 ф.

Æмæ нæм иугæр уый кой æрхаудта, уæд æнæ банысангæнгæ нæй, йе ‘взонджы бонты Зинæмæ Фыдыуæзæджы темæ мæнæ-мæнæ зынæн бынаты нæ уыд. Куы-иу æм фæзынд, уæд – уæлæнгай, банидзæвæггагæй, искæй фæзмæгау. Стæй йæм кодта тыхджынæй-тыхджындæр.

Зоны йæ лирикон хъайтар, кæйдæр зæхмæ цæрынмæ не ‘рбацыд, цæуы йæ райгуырæнмæ тагъд. Кæмæ дзуры, уыйау уымæн дæр ис уарзон адæм, хотæ, мад, æмæ сæм цæуы, фæлæ йын уæддæр йæ «хæххон Иры» мысдзæни йæ «хъарм зæххы хъæбыс», «Мæн дæуæй цы фæндаг хоны, уый рыг Сахордзæн мæ сæры хилтæ урс» («Æз цæрынмæ не ‘рбацыдтæн ардæм»).

Йæ уарзон адæм, хотæ, мадмæ йын æнæ цæугæ нæй, фæлæ йæ катай кæйдæр «хъарм зæххы хъæбысыл» у, уый мысгæйæ сурс уыдзæн. Æмæ уыцы зæрдæйы хатт дæр цæуы сылгоймаджы удыхъæдæй.

Уæдæ, Турчы бæстæм чи фæлыгъд, уыдон фæстæмæ цæмæннæ уал здæхынц, искæй бæстыл цард не ссардзысты («Туг, дам, туджы агуры куы зæгъынц»), стæй йæ даргъ æмдзæвгæ «Хъысмæт»-ы кæд раст зæгъы, зæгъгæ, «Фæцис æнæсагъæс рæстæг дæр, Йæ кары бацыди мæ цард, Ды уымæй зæрдæмæ хæстæгдæр Кæныс, мæ райгуырæн, мæ мад», æмæ нымайы, Ирыстоны историйæ нын зындгонд цы фыдцаутæ сты уыдон æмæ, ома, ныр та «Цæрыс ды абон афтæ, Ир, Дунетыл хъуыстгонд у дæ кад, Дæуæн дæ къухфæллойы ‘фсир Хæссы нæртон хоры бæркад», – уæддæр уыдон сты, се сфæлдисыны дуджы цы иумæйаг схемæтæм гæсгæ фыстой, уыдоныл амад. Модæйы уыдысты, фæлæ зæрдæйæ нæ цыдысты. Фылдæр фæзмыны фыстытæ уыдысты. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн дзырдта: «Курдиат органикон миниуæг у æфсæрмы æнкъарæн, бæрндзинады æнкъарæн».[1]

Хостыхъоты Зинæйæн йæ зæрдæйы арфæй чи цыдысты, йæ уыцы патриотон æнкъарæнтæ йæм æвзæрдысты йæ райгуырæн къæс, йæ раттæг хъæуы уарзтæй. «Æккойы дур, æккойæ хаст сыджытæй» кæддæр цы хæдзар сарæзтой, йæ «цин æмæ йæ хъыджы дæр» уым вæййы, кæд æй ныууæй кодтой, уæддæр:

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 133 ф.

Мæ уд нæ комы ратæрын йæ къуымæй,
Йе сæрст къултыл дæ уырзвæдтæ ныр ма…
Баба кæны æмбисæхсæвтæм пъолтæ,
Æз та йын дарын сойдзырагъ цыма…

(«Нæ хъæууон хæдзар»)

Куыд дзы ракома йæ уд ратæрын, кæд æмæ уым уыд сæ уарзт дæр, сæ маст дæр, сæ зын дæр, сæ цин дæр. Йæ лирикон хъайтар фынтæ дæр уый тыххæй фæуыны уым. Йæ чингуытæ – «библитæ» ныр ма дæр цыма йæ разы вæййынц. Зымæг-иу сæ æддæмæ нæ уагъта, скъуындæг-иу сæ ахстон, æмæ-иу Бынатыхицау дæр ныффæллад сæ хъæлæбайæ.

Стыр уырыссаг фыссæг Валентин Распутин йæ Райгуыræн бæстæ æмæ сæ литературæйыл хъуыдыгæнгæйæ дзуры, зæгъгæ, бар-æнæбары хъуамæ басæттæм, дæсгай азты размæимæ абаргæйæ, ныр адæм чингуытæ дæсхатты къаддæр кæй кæсынц.[1] Æмæ йемæ æнæсразы нæй. Стæй æрмæст уый нæ хъуыды кæны афтæ. Фæлæ, Зинæ ацы рæнхъытæ куы фыста, уæд ирон чиныгкæсæг æнæмæнг æууæндыд, йæ лирикон хъайтары зæрдæ фыццаг уарзты низ дæр уым бамбæрста… «Йæ кæуын уыд æмыр». Сæумæрайсом-иу æм йæ мад йæ зæрдæйы æгæрон уарзтимæ уыцы хæдзары рудзынгыл балæвæрдта хъарм æхсыр:

Гъе, а рудзынгыл цал хатты лæбурдта
Мæ сæууон фынмæ хъал цъиуты хъæрахст.
Хылкъахæгау сæ хурхысæртæ скъуыдтой,
Æдылытæ, хæрз æдылытæ раст…

Адæймаг царды уыцы диссæгтæ æмæ тæмæссæгтæ кæм фены, йæ дæлфад мæры хъарм кæм банкъары æмæ дзы йæ зæрдæ кæм батæфсы, уырдыгæй йæ

[1] Р с п у т и н В а л е н т и н. Последный срок. М., 2004. 7 ф.

цыфæнды дзæнæты фестын кæн, уæддæр йæ фынты зæрдæ ногæй йæхи фæстæмæ æппардзæнис уырдæм, йæхицæн æнæмæнг фæндтæ кæндзæн: «фæцу ‘мæ уым сау халонау иунæгæй цæр». Адæймаджы цардæй цæрын æй куынæ уадзой, уæддæр разы у, цæра дзы сау халонæй дæр.

Хи къуымы уарзтæй райгуыры Фыдыбæстæйы, дунейы уарзт. Адæймаджы хи къуымы уарзт фæбæтты цардмæ. Уарзты бон та бирæ у. Поэты лирикон хъайтар йæ зæрдæйы рæхыстæй Иры урссæр хæхтæм уымæн у баст. Йæ «уарзоны цæстытæй», йе стыр цин æмæ рыстæй, Амыранау, у мыггагмæ баст йæ раттæг Иры зæххы риумæ:

Баст дæн райгуырæн уæзæгмæ
Æз Дзыццайы урс дзыккутæй,
Баст – нæ къонайы фæздæгæй,
Баст – сæныкхизæн цъæх къултæй.

Дуне – ‘ппæтт куы сыгъдис арты,
Уыцы туглæдæрсæн азты –
Иры тохдзауты ныззардæй
Æз Ирыстонимæ баст дæн.

Уыцы уарзт, Фыдыуæзæджы уарзт æй зарын æмæ хъарæг кæныныл æфтауы Иры уæзгуытыл дæр, Мадæлон æвзагыл дæр, Къостайыл дæр, Дзаболаты Хазбийыл дæр, хæлардзинадыл дæр, фидыдадыл дæр, æмткæй нæ алыварс дуне æмæ цардыл. Сæ цинæй не ′фсæды, сæ маст ын нæ дæтты удæнцой.

Нафи беларусаг фыссæг Василь Быковмæ фыста: «Тоскливо не оттого, что немного народу в моем краю – дай-та бог заслужить любовь хотя бы горстки людей и суметь чем-то украсить землю хотя бы и величиной с ладонь».[1] Уый хъуыдыгæнæг адæймаджы царды нысан у.

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Книга друзей. – Нальчик, 2003. – 7 ф.

Сæйраг цы уыд – Зинæйæн йæ райгуыræн къуым, Ирыстоны ничи æмæ ницы ивта. Зыдта, йæ «зарæджы зæрин хъис Иры риуы ‘ргъæу чырыны ‘вæрд и», Иры ныфсæй йæ зæрдæйы уыд æрвнæрд. Уырныдта йæ, куы фæцуда, уæд ын «Ир, мæ Ир – мæ цæугæ хох-æфсымæр Ратдзæн мæ базыртæн, мæ уæнгтæн» ныфс, царды ад куыннæ уал æмбара, уæд та фестдзæн йæ «хъарæггæнæг сау мад, Балæудзæн цæссыгхъуыræй йæ разы», стæй йын дидинджытæй сфæлындздзæн йæ уæлмæрд, «Æмæ уыцы дидинджыты къускъæй» йæ ахуыргонд, «йæ нæргæ фырт Ирыстон» «йæ алы дзырд дæр хъавгæ-хъавгæ исгæ, Ратдзæн цард мæ зарæгæн ænустæм», уый тыххæй йæ кæны хъулон уарзт:

Арвы хур куыд иунæг у нæ зæххæн,
Афтæ иу мæнæн та Ир у ‘рмæстдæр.
Дард бæстæтыл ку’ ахæтын, фæзæгъын:
«Иры риуыл уæд мæ цин, мæ маст дæр».

(«Иры ныфсæй»)

Стæй йæм цахæм нæмттæй дзуры: «Ир – мæ цæугæ хох – æфсымæр», «Ир – мæ хъарæггæнаг сау мад», «Ир – мæ сауæрфыг чындздзон чызг», «мæ нæргæ фырт – Ирыстон»… Дæ бон нæ бауыдзæнис, ма сæ кæсай, А. С. Грибоедовы «Горе от ума»-йы хъайтар Фамусовы ныхас нæ зæрдыл хуымæтæджы не ‘рлæууыдис – «с чувством, с толком, с расстоновкой».[1]

«Мæ зæрдæ», зæгъгæ, уыцы æмдзæвгæ йæ туджы цавдимæ йæ уды рæбынæй, сæууон суадонау, рæсугъдæй, сагъæсдзастæй æнæнхъæлæджы нæ ратагъд. Зæххы цъарыл адæймаг бонæн фыддзинад хъусы. Тыхджын, хъыгагæн, æдыхмæ æппынæдзух дары марæн кард. Ныгуылæн, залиаг калмау, læмæгъ паддзахадтæм лæбуры «демократи» сын хæссыны æфсон æмæ зæххы къорийыл туджы зæйтæ уадзы. Нæхимæ дæр бонкалд тыхджын æдыхыл нæ ауæрды. Хъæздыджы мæгуыры мæт никуы уыд æмæ нæй.

[1] Грибоедов А. С. Горе от ума. Л., 1987. 61 ф.

Гæвзыккæн йæ фæстаг къæбæр байсын дæр æм стыр кад фæкæсы. Зæххыл рæстдзинад кæй нæй, уый тыххæй йын æй исгæ дæр кæны.

Уый «ызнæт дуне» у, уæдæ, цы. Нырма нæм «рæстдзинад туджы аргъ» у. Уымæн æмæ рæстдзинад фылдæр хатт, адæймаг йæ туг куы ныккалы, уæддæр не ссары. Æмæ уымæн ис йæхи аххосаг – «хур тавы ‘мхуызон хорзы æмæ ‘взæры». Кæд раст хъуыдыгæнæг адæймагмæ уый диссаг кæсы, уæддæр нæ комынц сыскъуынын фыдæхы уидæгтæ. Æрдзæ æнусты адæймаг архайы фыдæхы фæндагыл кард сæвæрынмæ, цæмæй зæххон цардæй сараза дзæнæт, фæлæ йын не ‘нтысы фыдми ныххурх кæнын, афтæмæй нырма ницы бафæрæзтам лæгсырд æмæ хæрамы ныхмæ.

Уыцы хъуыддаг не ‘мбæлы поэты зæрдæйы уагыл. Æмæ «стихи Хостикоевой отличаются высокой гражданственностью и глубоким психологизмом, тонким лиризмом».[1] Йæ зæрдæимæ ныхасы уый тыххæй катай кæны, «знæт дунемæ» йын кæй райгуырд, цæрын æмæ йын рæстдзинад тауын зын кæй уыдзæнис, йæ разы бирæ цæлхдуртæ кæй лæудзысты, фыдæхимæ йæ æппынæдзух удуæлдай, мæлæтдзаг тох кæнын кæй хъæудзæнис, уымæ гæсгæ.

Фæлæ автормæ пессимизм æмгæрон нæ цæуы. Цæугæ дæр æм цæмæн хъуамæ æркæна. Царды уыны, тых кæмæй исы, æнæбасæттон, тохмонц, æнæмæлæт æй чи кæны, уыцы æнæбаивгæ, бæллиццаг хæрзтæ æмæ сæ йæ зæрдæйы йæхицæн, поэтæн куыд æмбæлы, афтæ æгæрон буц у:

ЫЗнæт дунемæ райгуырдтæ, мæ зæрдæ,
Нырма рæстдзинад туджы аргъ у ам.
Хур тавы ‘мхуызон хорзы æмæ ‘взæры,
Нырма цæрынц лæгсырд æмæ хæрам.

[1] К а л о е в Г. З., А р д а с е н о в Х. Н., Г и р е е в Д. А. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992. – 316 – 317 ф.

Нæ зыны кæрон поэты ныфсæн: «Герой стихов и поэм З. Хостикоевой активен в общественной жизни, непримирим ко всяково рода недостаткам и негативным явлениям, преисполнен чувства справедливости и высокого патриотизма».[1] Æмæ йæ уынæм ам дæр:

Фæлæ уæддæр стыр фæрнджын у а зæхх –
Йæ хъæдгæмттæй та равзæры цъæх бон,
Йæ риуыл уалдзæг сабиау куы хъазы,
Уæд ыл, мæ зæрдæ, бацин кæнын зон.

Куы уай æфхæрд, уæддæр-иу базон уарзын,
Ыссудз цырагъау, макуы ахуысс, ма.
Мæ ныфс, мæ зæрдæ, тохфæразон разын,
Цæмæй дын зæхх гыццийы къух ысуа.

Ды ма рох кæн, лæг намысджын цæмæй у, –
Кæйдæр мастыл дæхи мастау дзыназ…
Мæ ныфс, мæ зæрдæ, ме ‘ппæт цард дæуæй у,
Мæлæт дæр, уадз, дæуæй ыссарон æз.

Автор царды хæрамы ныхмæ æвæры, зæххы къорийæ дарддæр ссарæн кæмæн никуы ис, царды уыцы бæллиццаг миниуджытæ: цъæх боны равзæрд, уалдзæджы хъазт, уарзт. Уыдон ын дæттынц æгæрон тых. Уыдон фæрци йæм цæуы тохы хъару. Æмæ автор куы хаты йæ зæрдæмæ, ныфсытæ йын куы æвæры, цæмæй йын æфхæрд куы уа царды зынтæй, уæддæр-иу базона уарзын, ыссудза йын цырагъау æмæ ахуыссын йæ фæсонæрхæджы дæр макуы уа, тохфæразон уа, уæд ын æууæндæм йе ‘нæкъæм ныхасыл. Уымæн æмæ нæ уырны поэты рæстдзинад – йæ рыст зæрдæйæн зæхх æрмæстдæр ахæм æрдзон лæвæртты хуызы суыдзæнис ныййарæг мады рæвдаугæ, хъарм

[1] Уый дæр уым, 317 ф.

армы æнгæс. Ælборты Хадзы-Умар дзырдта: «Тыхы бон иумæйаг знаджы ныхмæ æппæт адæммæ национ иудзинадмæ сидын уыд прогрессивон хъуыддаг»,[1] – æмæ ахæм прогрессивон хъуыддагыл Зинæмæ у фыддзинады ныхмæ тох. Кæд Асаты Реуазы мастисæн хъуыдымæ гæсгæ, « Зинæйы æмдзæвгæты ис «пессимизм и упаднические настроения, отсутствие чувства меры и вкуса»,[2] – уæддæр, уым нæй царды рæстдзинад.

Зинæ, сылгоймаг уæвгæйæ, царды сæрыл тохгæнæг кæй уыдис, уыдæттæ нæ иууылдæр уырнынц, автор йе ‘мдзæвгæйы адæймаджы царды иууыл стырдæр бæрзæндмæ – намысы бæрзæндмæ кæй тырны: «Ды ма рох кæн, лæг намысджын цæмæй у», йæ зæрдæйы кæйдæр мастыл йæхи мастау кæй дзыназын кæны, хи уды æнцой миниуджытæм кæй нæ тырны, æппæт уыдæтты фæрцы.

Поэты уыцы фæдзæхстытæ йæ зæрдæйæн иууылдæр сты адæймагуарзыны, адæймаджы ном бæрзонд æвæрын æмæ уый охыл хи фыдæбæттæ мацæмæ дарыны тыххæй. Уый у адæймаджы иууыл бæрзонддæр æмæ бæллиццагдæр нысан. Уыцы нысаны тыххæй – адæмыл фарн тауыны тыххæй быхсæн ис цыфæнды фыдтæн дæр. Æмæ Зинæ афтæ кæй загъта: «Мæ ныфс, мæ зæрдæ, ме ‘ппæт цард дæуæй у, Мælæт дæр, уадз, дæуæй ыссарон æз», – уый рауад пахуымпары хъуыды. Хостыхъон уарзта рæстдзинад, йæ царды кæддæриддæр уыдис оптимистон рæстдзинад дзурынæн æмæ йæ сæрыл тох кæнынæн. Фæстæдæр дзы йæ хо Ираэ газет «Рæстдзинад»-ы йæ уац «Мæ хойы рæсугъд зæрдæ»-йы уымæн зæгъдзæнис: «Æртæ хæсты йын йæ царды бонтæ бираэ фæцыбырдæр кодтой. Хæст Хуссар Иры, хæст Цæгат Иры, хæст Цæцæны зæххыл. Йæхицæн бынат нал ардта, катайы бафтыд. Æхсæв нал фынæй кодта, рудзынджы цур лæугæйæ-иу ыл сбон и, ирон лæппутæ иугай-дыгай куы мардысты, уæд. Афтæ йæм касти, уым куы лæууа, уæд Ирыстонæн ницы тас у, нæ кадавар лæппуты мælætæй бахиздзæни…»[3]

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 138 ф.
[2] А с а е в Р е в а з. Долг писателей Юго-Осетии // Литературная Грузия, 1972. № 7. – 64 ф.
[3] Х о с т ы х ъ о т ы И р и н æ. Мæ хойы рæсугъд зæрдæ // Рæстдзинад, 2011. – 26 декабрь.

Æмæ йæ мæлæт ссардта, йæхæдæг йæ зæрдæйæн ныфс куыд æвæрдта, афтæ – йæ зæрдæйæ аскъуыд йæ цард, зæгъæн ис, йæ райгуырæн бон, 1995-æм азы.

Мурасты Эльбрус зæгъы: «Мæрддзыгой адæм, сæ цæссыгтæ сæрфгæ, сæ кæрæдзийы фарстой: «Цы судзгæ бæллæх ыл сæмбæлд?» Уыцы фарстæн дзуапп радтын никæй бон уыд. Нæдæр йæ бирæ хæлæрттæн, нæдæр – цæ саударæг хотæн. Адзалимæ тохгæнæн нæй».[1] Фæлæ поэт йæхиимæ дæр фæтох кæны. Æмæ Зинæ уыцы тохы ссардта йæ адзал.

Æмткæй уарзт Зинæйы сфæлдыстады рахæцæн кæй у, й′ сыгъдæгдæр дзуринæгтæй иу уый кæй уыдис, ууыл нæм ноджы дæр уыдзæнис дзырд æмæ йын уыцы бæллиццаг удыхъæд никæй бон уыдис байсын. Уымæн æмæ уарзт алы адæймагæн дæр вæййы йæ Хуыцауы хайæ радтгæ æмæ, йæ уды чи вæййы, уымæ йын бар-хъомыс ничи фæдары, искæй уыцы æнагъæддаджы хъуыддаг куыдфæнды тынг бафæнда, уæддæр.

Зæрдæйы уыцы уарзт, ома, ныййарæджы уарзт хъæбулмæ, ноджы тыхджындæр, ноджы алыварсондæр æмæ арфдæрæй уынæм иннæрдæм фæлдæхтæй: хъæбул æмæ мады уарзты зарæгæй. Уæддæр æмæ уæддæр ныййарджытимæ æмахастыты Зинæйы уды рæбинагдæр дзуринæгтæ иууыл тынгдæр раргом сты, йæ ныййарæг мад Дыццайы фæлгонц кæм снув кодта, уыцы бирæ æмæ алыхуызон уацмысты. Бантыст ын, йæ разы цы стыр хæс æрæвæрдта – мады фæлгонц саразын, ууыл, адæм куыд акæнынц, зæрдæйы арфæй ныззарын.

Сергей Есенины «Письмо матери»-йы[2] фæстæ тынг бирæ адæмты литературæты ссис уыцы аивадон амал схемæйон. Мад мад у, фæлæ алкæмæн дæр йæ мад адджын кæй фæци, уый охыл æй алчи йæхирдыгонау фæуарзы æмæ алкæй дæр фæфæнды, цæмæй поэзийы хуызы равдиса уыцы уарзт.

Есенинмæ цæст кæд сæйраджы-сæйраг æбуалгъ цау ацахсы: «И тебе в вечернем синем мраке Часто видится одно и то ж: Будто кто-то мне в кабацкой драке Саданул под сердце финский нож», – уæд ирон поэтты æмдзæвгæты,

[1] М у р а с т ы Э л ь б р у с. Ирыстонмæ дардта чызджы зæрдæ / Рæстдзинад, 2007. – 13 март.
[2] Е с е н и н С е р г е й. Собр. соч. в 6 т. Т. 1. – М., 1977. – 204 ф.

уыцы детал ирон цардæн характерон кæй нæу, уый охыл ивд фæцæуы æндæр деталтæй. Джусойты Нафимæ: «Æз куы цыдтæн нæхицæй, Уæд ды кодтай æнкъард, нана…», «Стæй мын загътай тызмæгæй: – Лæппу, ма баззай уым, мыййаг» («Фыстæг нанамæ»).[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат æй æндæр дзырдтæй загъта, фæлæ дзы уадиссаг ницы фæивта: «Ды æнхъæлыс, æз æдзух, æрвыл бон Ам дæуæн дæ дæлбазыр куы бадин, Уæд мæнæн уый уаид тынг æхсызгон, Уæд мæхи бынтон амонджын хатин» («Мадмæ»).[2]

Зинæ дæр фыццаг-фыццаг нæ хызт уыцы ирон «схемæйы» сæрты. Дзырдтæ кæд æндæртæ уыдысты, ритмикæ дæр – афтæ, уæддæр аивадон уацмысы сæйраг чи у – йæ хъуыды, уый уадиссаг ницæмæй ивта:

Ды ма тыхс, гыцци, иу мур дæр мæн тыххæй,
Мæ фæндæгтыл дæ хъарм цæссыгтæ ма зæр,
Дæ комдзаг та-иу ма ратон дæ дзыхæй,
Æз дæм, мыййаг, куы нæ ‘рцæудзынæн а ‘зæр.

Кæд дæм зындзынæн, уый бæлвырд нæ зонын,
Фæлæ-иу ма зæгъ, рох мæ у дæ уæзæг.
Мæ зæрдæ мын гуыргъахъхъ фæндæгтæ ‘взонынц,
Æртыхст мæ сæрыл дунейы цъæх фæздæг.

Ды мæ дæ къæсæй рарвыстай рæстагæй,
Дæ фæдзæхст мын уыд адæймаджы уарзын,
Бæстыцъар лæг цæмæн хæры дæндагæй,
Уый не скæнæг дæр нал фæразы ‘взарын.
(«Ды ма тыхс, гыцци, иу мур дæр мæн тыххæй…»)

[1] Джусойты Нафи. Æз райгуырдтæн хохы. – Сталинир, 1960. – 24 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Фыццаг ныхас. – Сталинир, 1956. – 30 ф.

Куыд уынæм, афтæмæй сæ мæнæ-мæнæ поэтикон фæзилæнтæ, стыр фæлгонцтæ нæй, кæд сæ цымыдисон бынæттæ ис, уæддæр. Темæ дæр ихсыд у, ног нæу – ирон поэзийы мады тыххæй иу æмæ дыууæ зæрдæмæхъаргæ уацмыс не ‘рцыд фыст. В. Луговской дзырдта: «…поэзия есть то, что не выразимо другими средствами, как музыка, и что поэзия есть выражение души поэта, а через него – и души народа».[1] Æмæ алкæй дæр фæфæнды йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ сныв кæнын. Уæлдайдæр, мадмæ.

Ноджы дæр ыл сæ зарджытæ нывæнддзысты фæлтæртæ. Мады уарзт нæ фидийы. Фæлæ, Есенины «Фыстæг мадмæ»-йы Юри Прокушев цалдæр уацмысимæ æнæнхъæлæджы не схуыдта – «честная и мужественная исповедь мятежной, ищущей души. В них особенно полно раскрывается «дялектика души» поэта – героя этих произведений. По настоящему художественны в них образы, без которых мы не можем представить поэзию Есенина».[2]

Зинæ ныййарæг мады номыл, зæгъæн ис, æмдзæвгæты рæстæмбис чиныджы бæрц ныффыста æмæ сæ иннæ фысджыты уацмыстимæ нæй абарæн. Бирæ æмæ алыхуызон поэтикон фæзилæнты фæрцы мады фæлгонц Хостыхъон куыд сныв кодта, йæ зæрдæйы арф æвæрæнтæм ын уый куыд лæмбынæг ныккаст, æмæ йын йæ зæрдæдзурæнтæ алыфарсонæй рухсмæ рахæссынмæ уый куыд сарæхст, афтæ нæм уыцы хъуыддаг никæмæн ма бантыст, кæд нæм уыцы фарстмæ уымæй бирæ фæлтæрд æмæ фенæгдæр фысджытæ æргуыбыр сты, уæддæр. Поэты «уды диалектикæ» уæлдай ирддæрæй уынæм, æнæ уæлдай ракæ-бакæ, æнæ уæлдай къæлæсытæ æмæ æнæ искæй фæзмгæйæ, йæ зæрдæйы арфæй цы ирон, æнæ къæм мысинæгтæ фæхаста æнæфыст гæххæтмæ, йæ уыцы уацмысты. Чиныгкæсæджы ‘рцахсынц сæ хъарм, уарзæгой, алыхуызон бæрæг-бæлвырд деталтæй.

«Дзыццайы писмотæ» кæсгæйæ дис кæныс сæ фæлмæн лиризмыл. Дæхæдæг æй нæ хатыс, афтæмæй дæ æфтауынц уарзыныл. Дæ цæстыты раз йæ алы ахорæнтимæ, арвæрдыны хуызтау, сыстдзæнис ирон, хъæууон,

[1] Луговской Владимир. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1989. – 470 ф.
[2] Прокушев Юри. Поэт века // Коллектив авторов. В мире Есенина. – М., 1986. – 169 ф.

хуымæтæг æмæ уыимæ вазыгджын зæххон цард. Уыцы хъуыддаджы Хостыхъон ахуыр кодта йæ хистæр æмсисонтæ Гафез, Цæрукъаты Алыксандр, Нафи, Дзаболаты Хазби, Бестауты Гиуæрги, Дзуццаты Хадзы-Мурат. Фæстæдæр Æлборты Хетæг дзырдта: «Гиуæрги æмæ Хадзы-Мурат кæд Зинæйæ бирæ хистæр нæ уыдысты, уæддæр сæм фылдæр фæлтæрддзинад бамбырд аивадон дзырдыл кусгæйæ æмæ ууыл ахуыр кодтой сæ æрыгон æмбæлццоны дæр».[1]

Йæхæдæг та Хазбийæ дзырдта, Мæсгуыйы Литературон институты куы ахуыр кодтой, уыцы рæстæг мысгæйæ: «Мæ ногфыст æмдзæвгæтæ-иу æм араех радтон кæсынмæ. Хазби былдауæн ныхас никуы кодта. Хатт-иу йæ критикæ афтæ карз уыд æмæ-иу мæхи нымæр загътон: ницы мæ рауайдзæн, ныууадзын хъæуы фыссын… Фæлæ-иу мын хатт мæ фыстыты дзæбæх рæнхъытыл куы амбæлд, уæд та-иу мын диссаджы ныфсытæ аввæрдта мæ поэзийы фидæнæй».[2] Рæзт афтæмæй йæ каримæ. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Æвæццæгæн азтæ æнæхъуаджы нæ цæуынц, кæмдæр поэтты фæпоэтдæр кæнынц».[3] Æнæхъуаджы нæ ахызтысты поэт Хостыхъоты Зинæйы иувæрсты дæр.

Уарзæгой æмæ æппæт æнкъараг мад нæ цин кæны, йæ хъæбул цардагур дардмæ кæй фæцыд, ууыл. Сæхи сахары уæддæр куы уаид, уым хæстæгдæр у, искуы дæр тугыл нæ аскъуыд цард. Йæ чызджы æмбæлтты фендæй-ма фæрайы. Уыдонæй феваеры йæхицæн зæрдæтæ:

Ныр искæй де ‘мбæлттæй куы фенын,
Мæ цинæн нал вæййы æмбал,
Æрæджы Лæгты дзуары бон нæм
Уыдысты ‘Хсар æмæ Камал.[4]

[1] Æ л б о р т ы Х е т æ г. Агуырдта адæймаджы амонд, адæймаджы рæстдзинад æмæ адæймагдзинад / Рæстдзинад, 2000. – 22 февраль.
[2] Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Мысинæгтæ // Мах дуг, 1991. № 4. – 75 – 76 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 155 ф.
[4] Поэттæ, Зинæйы хæлæрттæ – Хъодзаты Æхсар æмæ Ходы Камал.

(*Ænхъæлдæн, «писыртæ», дам, систы!*
Цы ‘мбарын уыдæттæн æз та…
Дзырдтой ам иууылдæр сæ фæстæ –
Ныр, дам, сын чингуытæ фыст и…)

Æмæ кæд зæронд ацæргæ сылгоймаг «уыдæттæн» ницы зоны, уæддæр ын æхсызгон у, йæ «писыр» чызджы «писыр» æмбæлттæ йæ стыр бæрæгбоны кæй æрфарстой. Йæ хъæубæсты ‘хсæн ын уый кад у – уыдон стыр лæгтæ сты («Ныр, дам сын чингуытæ фыст и»). Æмæ кæд афтæ у, – ууыл та дызæрдыггæнæн нæй, – уæд йæ хъæбул дæр ахæм хъуамæ уа.

Мадæн йæ хъысмæт, Дзуццаты Хадзы-Мураты загъдау, афтæ у: «Йæхæдæг алкæй дæр рæвдыдта, йæхи йын ничи рæвдыдта»,[1] – æмæ Дзыццайæн уæлдай æхсызгондæр у, йæ хъæубæсты æхсæн æй йæ хъæбулы ‘мбæлттæ кæй бабуц кодтой, йæ царды хабæрттæй йæ кæй фæфарстой, сæ уындæй арвмæ кæй сырæзт:

Зæрдæтæ ‘вæрдтой мын хъæбултау,
Æрсастой мын къуыриваг суг.
Нæ кæрты азылдысты къуымты:
Мыййаг, дам, хосцух у дæ хъуг?..

Кæдæй нæм хонæг-дзурæг нал уыд.
Ныр иууыл дуархойæг ысси,
– Дзыцца, дæ уазджыты нæм рарвит, –
Цыдысты радыгай нæ сых…

Чиныгкæсæджы зæрдæйы цахæмдæр æнкъарæнты зæй рацæуы, мад сæ уæлхæдзар æфснайгæ, йæхæдæг йæ чызгæн цы цъындатæ сбыдта кæддæр, уыдон зæрæдтæ сæ къутуйы фæстæ куы ссары, йæ чызджы уарзтæй сæ

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 103 ф.

аппарын йæ цæст куынæ бауарзы, йæ хъæбулы мондæгтæ марынæн сæ йæ тары куы бакæны, цæмæй йын хъарм уой, уæд.

Уымæн æмæ-иу уæды мæгуыр дуджы, скъоламæ цæугæйæ, йæ хъæбулы «дзабыры ыскъуыдты фæкалди мит», йæ «къæхтæ сты æргъæфст»:

Æмæ тæхыс гæвгæвгæнгæ Дзыццамæ,
Дæ къухы – хихуыд чингуыты хызын…
О, разгъор, ра, мæ хур, æз дын фыццагау
Дæ ивæнтæ мæ хъарм тары хæссын.

Мады зæрдæйы хъармæй райгуыры æцæг, зæрдæйыл чи ныдзæвы, кæй уарзтæй батæфсы, ахæм цæрдхъом поэзи. Евгени Евтушенко загъта: «от дыханья кострюли кожанка становится теплой, словно юного тела мамы».[1] Зинæйы æмдзæвгæты мады уыцы зæрдæйæн æхцонхæссæг мысинæгтæй схъарм вæййы адæймаджы уд. Ма сæ кæсай, куы сæ бакæсай, уæд та дын дæ уд ма батавой, уый гæнæн нæй.

Æмæ кæд Зинæ хъæууон цардæй раджы фæхицæн, уæддæр (зæгъæн ис, махæн нæ зæрдæ аваййы дыууæ дихы – йæ иу хай хъæуы баззайы, иннæ хай сахары æрбынат кæны), нæ бындурон царды хуызтæй тынг бирæ цыдæртæ поэт иттæг хорз бадардта йæ зæрдыл. Зæрдæ райы, деталты хуызы сæ йе ‘мдзæвгæты кæм спайда кодта, уыцы бынæттæй. «Бабайы мысын»-ы загъта: «Уыдзæнис махмæ фатхъæдæй чъырын арт». Тæрсæй, фæрвæй, тулдзæй, суанг назæй дæр нæ, – уый пæр-пæр акæны, – фæлæ сæм уыдзæн «фатхъæдæй чъырын арт». Чъырын арт æцæг дæр æрмæст фатхъæд сугæй фæсудзы. Æмæ йæ поэт бадардта йæ зæрдыл.

Кæнæ – куы фæхъарм уа, куысты рæстæг куы ‘рцæуа нæ зæгъы, фæлæ – «куы стæлфа зæххы нуар!» Æмæ Зинæйы æмдзæвгæты ахæм арф ныхъхъуыдыгонд, нысанылæмбæлæг фæзилæнтæ цас æмæ цас сты. Йæ поэзи йын кæнынц цæрдхъомдæр, зæрдæскъæфдæр. Ноджы йæм царды

[1] Евтушенко Евгени. Стихотворения и поэмы в 3 т. Т. 3. – М., 1987. – 288 ф.

рæстдзинадæй ратæдзгæ рæнхъыты куы баиу вæййынц, уæд баззайынц чиныгкæсæджы зæрдæфысты. Афтæмæй, ныййарæджы фæлгонц ныв кæнгæйæ, бацис йæ бон хъæууон адæймаджы удыхъæд зæрдæйы уидæгтыййонг равдисын.

Дзаболаты Хазби дзырдта: «Цъитийæ гуырд æхсæрдзæнæн фæстæмæ цъитийы сæрмæ здæхæн куыд нæй, афтæ поэзийы дæр нæй зæрдæйы ныхмæ цæуæн».[1] Æмæ Зинæ нæ цыд йæ зæрдæйы ныхмæ. Йæ къухы уымæн æфтыд цæрдхъом ныв тæ аразын. Адæймаджы удыхъæд йæ алы сусæг фæзилæнтимæ армы æвæрдау æвдисын.

Мæнæ сæ хъæууон, æнахуыргонд зæронд адæймаджы удыхъæд куыд ирдæй зыны, мад йæ чызгæн афтæ кæм фæдзуры: «Ды дæр, дам, писыр дæ, уым фæсхохы, æнхъæл дæн», æмæ дзы æппæлы – сылгоймагæй йæ ныфс уый бæрц кæй у, уый тыххæй; сæ хъæуы хицауад æй иууылдæр кæй зонынц, уый тыххæй дæр, стæй фергом кæны йæ хъуыды: «Æмæ мын сæрдармæ дыууæ дзырды ныффысс». Уымæй «æвзонгдæртæ дæр улупатæ исынц», уый та цæстырухсæй дæр райдыдта ныр цух, æмæ йын кæд фæуиккой исты, «ома, капеччытæ… уæддæр дзы сапон… цæхх…»

Дзыццайæн уый тыххæй ис, фидарæй цæуыл æнцой кæны, ахæм цæвиттонтæ: хорз зоны, хæдхæцæг паддзах «Никъалайы куы ‘ппæрстой, Ыстæй, зæгъ, артелмæ дæр бацыди фыццаг», фæд-фæдыл æй цалдæр хатты «ударникæй» дæр æвзæрстой – фауддзаг сын нæ уыд йæ цæнгты тых. Ноджы ма – стонг азты æмбисонд куы бавзæрста, « хъæбулты цæгъдæг хæст» кæй федта, æмæ йæм йæ дарæджы дæр кæй арвыста, уыдон та – уæлдай. Хъуыддаг-ма хæлы сæрдармæ дыууæ дзырды ныффыссынæй.

Хадзы-Мураты хъуыдымæ гæсгæ, «поэтикон хъуыдыкæнынады диапазон»-ы «сæйраг нысаниуæг ис поэты гоймагæн, поэты индивидуалон удыхъæд цас уæрæх æмæ бæрзонд у, уымæн».[2] Æмæ уым æмбулы Зинæ.

---

[1] Дзаболаты Хазби. Зæрдæйы суадон // Авторты коллектив. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 63 – 64 ф.

[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 155 ф.

Бирæ сты Дзыццайы хъæстæгтæ, цæст сыл куы ахæссай, уæд. Сыхы фæсивæды раздæры фæсивæдимæ нал абардзынæ, сфыд-зонд сты, газеттæ йын нæ кæсынц, фæлæ «Цыдæр цъæх «библитæ» хъæбысдзагæй æнтъухынц, Рæхджы, дам, Энгылстæй экзаментæ дæттæм».

Иннæ ахæм та Америкæмæ мæсты кæны: цы лæбурынц фæйнæрдæм? Цыма йæ уæны касти æмæ, мах дæр сæ æвыд кæй нæ баззайдзыстæм, уый развæлгъау зыдта æмæ сын се ‘дылы митæ уыдта: «Минувший вторник в Тбилиси начался паникой, а закончился многотысячным «митингом победителей». Рано утром грузинские СМИ распространили информацию, что на подходе к столице замечены русские танки, которые вот-вот могут войти в город, дабы свергнуть «законно избранного» президента Михаила Саакашвили. Этим же пугал президент США Джордж Буш. «Россия совершила вторжение в суверенное соседнее государство и угрожает демократическому правительству, избранного его народом, – заявил Джордж Буш, допустив далее анекдотическую оговорку, которой даже не заметил. – Похоже, что сейчас предпринимаются усилия по свержению законно избранного правительства России». Анекдотичным оказалась и история с танковым штурмом Тбилиси. Выяснилось, что рядом с городом отнюдь не российские, а грузинские танки, выведенные из Гори».[1] Æцæгæй та сæм Дзыццайы цæстытæй касти поэт.

Дзыцца сæрыстыр у йæ чызгæй, кæмдæр ын лæгты ‘мсæр фыссæг кæй у, æмæ йын сыхæгтæ кæй фæкувынц, уый тыххæй. Уæд æй ахæм куывтыты фæстæ хуыздæр амонд нал фæхъæуы.

Фæлæ та ку’ акæсын мæ самандур хæдзармæ,
Куы ‘рбадын хурварсмæ нæ зæронд кауы ‘нцой,
Уæд та Дзыццайы зæрдæ сусæг маст æвзары… –
Мызд дын нæ фæфидынц дæ куыстæн æви цы?...

[1] Ю р ь е в а Е. Мишин бред: Давид борется с Голиафом / А в т о р т ы к о л л е к т и в. Цхинвал: хроника грузинской агрессии. – М., 2008. – 47 ф.

Æниу сылгоймагæн йæ фыссæг дæр цы уыдзæн,
Дзырды бар чи ратдзæни лæгты ‘хсæн дæуæн?..
Кæд дæ, мыййаг, мæ бон, фæчындæуы дæлдзиныг,
Уæд дæ цæмæн бахъуыди уыцы куыст, цæмæн?

Фæлтау ам колхозы… Куыстахуыр нæ дæ, исты!
Дæ къам дын бакæниккой фæйнæгыл, бæгуы…
Куы суаис горæты мæ фæндиаг министр,
Фæлæ министыртæн лæджы хъару хъæуы.
(«Ныхас куы ‘рыфты ‘мæ мын устытæ куы дзурынц…»)

Дзыццайы, куы рæвдаугæ, куы буцтæгæнгæ ныхасмæ зæрдыл æрбалæууы Сергей Есенины æмдзæвгæ «Мæ мады фыстæг». Уым дæр мад афтæ уайдзæфтæ кæны йæ поэт фыртæн, зæгъгæ, кæд ма хæдзайраг дæ, уæд æрцу, æмæ дæ кæд дæ къух амоны, уæд æрхæсс «мæнæн – кæрдæн, дæ фыдæн та – хæлайфаг».

Дзыцца хиуылхæцгæдæр куынæ уаид, ирон æфсарм æй куынæ уромид æмæ æргомдзырдыл схæцыд, зæгъгæ, уæд уый дæр, Есенины хъайтартау, æнæмæнг домид истытæ йæ хъуæгтæ бампъузыны тыххæй. Æмæ йæм нæ уаид азым æрхæссæн.

Есенинмæ мады дзырд бынтон æргом у:

Дæ ныфсыл мах
Ныр ауагътам нæ къух,
Æмæ мæ зæрдæ
Не ‘нцайы йæ рыстæй.
Дæ фыды мæт та
Ууыл уыд æдзух,
Цæмæй ды исай

Бирæ ‘хца дæ фыстæй.[1]

(Плиты Феликсы тæлмац.)

Фæлæ цы фæнды исæд, уæддæр не ‘рвиты «хæдзармæ ‘хцатæ, йедтæ». Иугæр афтæ у, уæд мæгуыр мады дæр æнæ бауырнгæ цы ис, цыма сæ фыстытæн, ома, сæ чингуытæн мызд нæ фæисынц поэттæ: уымæн æй не ‘ндавы, йæ хъæбул уым, сахары поэт кæй у, уый. Кады фæндагыл цæуыны бæсты йæ хæдзары куы æрлæууыдаид, æмæ дзывыры хъæдыл куы хæцыдаид, уæд рæуæг кодтаид йæ ныййарджыты къух. Стæйдæр:

Нæ цард – зындон,
Нæ фидæны – нæ мæт.
Бæх дæр нын нæй.
Фæлæ нын ды
Куы уыдаис хæдзайраг –
Уыдаид нын æппæт.
Дæуæй хуыздæр кæм уыд
Хъæуæххæсткомы сæрдайраг?

(«Мæ мады фыстæг»)

Дзыцца та йæ чызг-поэтæн горæты министры бынатмæ бæллы. Æцæг, тыхсы, уый, бæрзонд бадын, лæджы бынат у, æмæ уым, мыййаг, сылгоймаджы бон куынæ бацæуа кусын. Фæлæ йæ дзырд афтæ нæ нысан кæны, æмæ ныййарæджы – Мады фæлгонц Зинæмæ Есенинæй цæуы. Дыууæ поэты дæр хъæууон, хуымæтæг, сыгъдæгзæрдæ сылгоймæгты, æргомзæрдæ сылгоймæгты, поэтты мæдты удыхъæдтæ кæй сныв кодтой, уым ис се ‘нгæсдзинад. Æнæуый та Зинæмæ Дзыццайы фæлгонц æвдыст цæуы арфдæр æмæ алыварсондæрæй, кæд стæм рæтты йæхи фæлхатт кæны, уæддæр.

[1] Сергей Есенин. Æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ. – Цхинвал, 1985. – 61 ф.

Мады фыстæджытæн кæронæй дзуапп раттыныл кæй ацархайдта поэт, уый уæлдай фыдæбон уыдис. Кæрцыл хъуымац æмпъузæн куыд аваерай, уымæй уæлдай нæ рафидыдта. Ницы дæр мады фæлгонц фæуæрæхдæр кæнынæн феххуыс, ницыдæр – уацмысæн.

Æрмæст «Дзыццайы писмотæ»-йы нæ, фæлæ æнæхъæн чиныджы бæрц цикл «Мады зæрдæ зон»-ы, æви чиныджы, æвдыст цæуы Дзыцца йе ′ппæт цинтæ æмæ мæстытимæ. «Хуыцау ын саккаг кодта, æрдзы сусæгтæ чи хатыдта, ахæм æнкъараг зæрдæ æмæ уыцы æнкъараг зæрдæйы зарæг самайынæн та – хъуытаз хъæлæс»,[1] – зæгъы Косты Лизæ.

Æмæ уыцы курдиаты фæрцы поэт Дзыццайы фæлгонц алы ран дæр ныв кæны æууæндаг уд, уарзæгой, рæстаг сылгоймаг æмæ мадæй. Поэт йæ кой куы фæкæны, уæд йæ нуæрттæ цыма, «зæххы нуæрттау, тæлфгæ» фæкæнынц фырцинæй. Йе ‘ргом, нывæфтыд дзырдæй тæлфын кæнынц чиныгкæсæджы зæрдæйы нуæрттæ. Æцæг чиныгкæсæджы зæрдæйы нуæрттæ уидагмæ чи базмæлын кæна, уый аивад у.

Тæлфгæ дæр куыннæ бакæной, Дзыццайы конд кæрдзын йæ хъæбул куы федта, мады ‘нгуылдзты фæдтыл йæ цæст куы ‘рхæцыд, уæд йæ зæрдæйы цы цины уылæн рацыд, уымæ:

Кæрдзыны ‘хсызгон тæф, дæуимæ лæг цы сбарид?
Нартхоры хъарм кæрдзын… Дзыццайы ‘нгуылдзты фæд…
О, ацы ‘нгуылдзвæдтæ – мæ кувыны цырæгътæ,
Сымахæн табумæ цæудзынæн ардæм æз,–
Дзыцца йæ хъарм къухты мæ къухтæ цыма дардта,
Цыма мæ уды ‘ргъæвст йæ дæллагхъуыр æртæфст.

(«Æнгуылдзвæдтæ)

Хозиты Барис уымæн зæгъы: «Родина (Осетия) и мать (Дзыцца) – были состоянием души Зинаиды Хостикоевой вне зависимости от того, какие

[1] К о с т ы Л и з æ. Рухс зарæг // Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Табуйаг. – Дзæуджыхъæу, 1998. – 6 ф.

чувства она выражала в своих стихах – гордость или разорачование, радость или растерянность, любовь или ненависть».[1]

Дзыццайыл хъуыдыгæнгæйæ лирикон хъайтар цыбыррæстæгон бæлцуаты фæцæуы йæ радтæг, йе схъомылгæнæг хъæумæ, йæ сабион æмæ æвзонджы бонтæм, æмæ сыл афтæ уарзгæ, афтæ рæвдаугæйæ фæдзуры, æмæ йемæ цæуынмæ нæ фæзивæг кæнæм мах дæр. Йæ райгуыраен дзæнæты къуымæн нæхæдæг вæййæм æвдисæн.

Кæрты къуымты уалдзæг зилы, «каурæбынтæ адардтой цъæх нæуу», æмæ Дзыццайæн нал ис иуран æрхæст, йæ къухтæ нал зонынц æнцой, фæлæ – мад – йæ зæрдæ фæлладæй дæр йæ дондзау чызгимæ дзуры, йæ «хъустыл уайдзæни» йæ къахуынæр, йæ дзырд.

Уыимæ, Дзыццаимæ, чиныгкæсæджы хъустыл уайы уыцы «къахуынæр», уыцы «дзырд». Йæ зæрдæмæ хъары уыцы поэзи, Зинæй поэзи:

Цыма сæууон хурмæ мæ чызгон сæнттыл зарын,
Цыма дын рахæссын нæ хъæдын къусы дон.
Цыма мыл бæлæстæй æрвгъуыз дидинæг уары,
Æмæ сæ иухаттау бийын мæхицæн рон…

(«Мады къухтæ»)

Кæмдæр «писыр» чи у, сыхбæстæ кæй кад æмæ номæн фæкувынц, йæ мад æххуысмæ кæмæ æнхъæлмæ кæсы, цæмæй сæ самандур къуым чысыл хæдзары æнгæстæ уæддæр бакæной, хъæуы хицауад иууылдæр кæй зонынц, министры бынаты чи хъуамæ кусид, йæ уыцы хъæбул дæр царды фыдты раз ædых у, адæмы фыдæх æй мары хурхæй. Кæнæ Хæмыцаты Албеджы дзырдтæй дзургæйæ: «Ды сау тыхтимæ уаз дзырдтæй хæцыдтæ, Хъæбулау кодтай Ирыдзыхъхъæй сомы».[2]

[1] Х о з и е в Б а р и с. Милосердие души и реальность бытия / Северная Осетия, 2007. – 27 декабрь.
[2] Х æм ы ц а т ы А л б е г. Зинæйæн / Рæстдзинад, 2007. – 25 декабрь.

Уый ærдхæræн дунемæ бæллы, цæмæй зæххыл фыдлæгтæ æмæ знæгтæ мауал уой, фæлæ «кæмæндæр, цавæрдæр сæлхæræн» йæ зæрдæйы уыйбæрц марг ныццахст, æмæ уым нæ, «зæххы хуылфы» дæр ын нал бацæуид. Дзыццайы уарзæгой поэт дзы хызт нæу, ууыл дæр калы йæ марг уыцы «цавæрдæр сæлхæр» æмæ старст. Æххуысмæ дзуры йæ фæллад, йе «скъуыдтæ ‘нгуылдзтæ» мадмæ.

Дзыцца, ныттух дæ дæллагхъуыр мæ зæрдæ,
Цард хорз æрмæстдæр уарзтæй у, – мын зæгъ,
Цæмæй мæ удмæ цавæрдæр сæлхæртæ
Сæ сау базыртыл ма хæссой фыдæх.
(«Дзыцца, ды дæр куыд сæдых дæ бынтондæр»)

Мад алкæмæй дæр æмæ алцæмæй дæр тыхджындæр у хъæбулæн. Ærмæст царддæттæг ын нæу, фæлæ йын у ныфсдæттæг, тыхдæттæг, адæмы ‘хсæн – кадгæнæг. Мад кæмæн ис, уымæн алцы дæр ис.

Ахæм у Хостыхъоты Зинæйы Дзыцца дæр.

Цикл «Мады зæрдæ зон»-ы иу хъæууон, алæмæтон ныв ивы иннæйы. Алчи дæр сæ йæ фæд ныууадзы чиныгкæсæджы зæрдæйы. Н. А. Добролюбов цæйау загъта Шевченкойы «Кобзарь»-æй: «Он поет предания ее прошлой жизни, поет ее настоящее… где сохранилась безыскусственая простота жизни и близость к природе».[1] Зинæ царды ærдзыхъæд уарзта, фæлæ йæ зæххон хуызы æвдистаид æви уæларвон (йæ поэзи, – цыма йæ уæнгты дыууæ уды ис, – куы реалистон вæййы, куы романтикон, фæлæ йын уыдон, маргъы дыууæ базырау, сæ кæрæдзийæн æххуыс сты, æндæр æй хъыгдаргæ ницы кæнынц), æмæ хъæууон нывтæ Зинæ зæххон хуызы æвдиса æви уæларвон, иунæг поэзиуарзæджы дæр æнæфестъæлфгæ нæ ныууадздзысты. Цæрукъаты Алыксандр ын йе ‘нусон дунейы уыцы хæрзиуæгмæ уымæн куывта:

[1] Добролюбов Н. А. Литературная критика в 2 т. Т. 2. – Л., 1984. – 233 ф.

«Лæууæнт-иу мæрдты дæр дæ уæлхъус нæ хæхтæ, Зынæнт дæм цъæх арвыл æнкъуысгæ æврæгътæ… Дæ сæрмæ – дæ хъусцæг: изæрон мæйног!»[1]

Æрдз уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр, зæрдæйы æппæт къуымтыл ныдзæвгæдæр вæййы, фыссæджы нывæфтыд дзырдæй йе уæнгты куы бацæуы уд, куы сулæфы, куы ракæсы йæ цæстæй. Нæ цардимæ куы сиу вæййы, уæд та йæ рæсугъдæн нал вæййы кæрон. Æмæ Зинæ уымæ кæй тырныдта, уымæй дæр раппæлинаг у:

Æгъуыссæг уасджытæ æрбайгом кодтой рудзынг,
Ныххойынц базыртæй сæ хъарм фæлмæн фæрстæ.
О, бузныг, уасджытæ, æмæ дæуæн дæр бузныг,
Æхцон хъæууон райсом, ныр уал азы фæстæ!

Фæлæ лирикон хъайтар кæддæры саби нал у, хъусы æмæ йæ зæрдæйы цæстытæй уыны йæ зонгæ æхцон нывтæ, фæиппæрдгæнæн ын кæмæй нæй, йæ зæрдæйыл хуыд чи сты, стæй мах зæрдæты дæр йæ курдиаты фæрцы кæй æвæры, уыцы, марды дæр удæгасгæнæг фæлгонцтæ. Æвдисы нын, ирон адæймаджы уды æппынæдзух чи тæлфы, нæ уыцы хъæууон цард:

Æз та дзæбæх хъусын стонг рæуæды уасын,
Æхсыры урс сæх-сæх, мæрзы мæ хо та кæрт.
Нырма дæр чындзытæ кæддæрау раджы растынц,
Нырма дæр – дондзауты хуыссæгхъæлдзæг кæл-кæл.

Сæуæхсид бæлæстыл йæ сойдзырæгътæ судзы,
Нырма дæр аргъау у мæ сабион бæстæ!
О, бузныг, уасджытæ, æмæ дæуæн дæр бузныг,
Æхцон хъæууон райсом, ныр уал азы фæстæ.

[1]Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Хостыхъоты Зинæйы мысгæйæ // Рæстдзинад, 2012. – 26 декабрь.

Æнæ уыцы цард Дзыццайæн горæты куыд нæу йæ бон, «нæ, дам, уæм сисы цъиу дæр цъиуау зарæг», сæхимæйы «бæрзонд, пælæхсар – сонт чызджыты ‘нгæс» бæлæсты куыд мысы, бæрæгбоны йæ зæрдыл, сæ сыхæгтæ сæ кæрæдзи куыд фæрахон-бахон кæнынц, уый куыд æрлæууы, йæ «хъæуккаг хорз устытæн» сирфыцæн аг куыд балхæдта, йæ комы комдзаг тъыссæнтæ куыд фæкæны, зæгъгæ, уæд та хъæуæй исчитæ суад, æмæ сæ искæй фены ныфсæй уынгмæ рудзынгæй йæ цæст куыд дары («Фыстæг хъæумæ»), афтæ у лирикон хъайтар-поэт йæхæдæг дæр, фæлæ йын уый йе ‘мбæхсын зоны. Йæ поэтикон дзырды фæрцы. Чиныгкæсæджы уыцы поэтикон дзырд сайы йæ фæдыл, уый йыл садзы базыртæ.

Сахуыр горæтыл, æмæ уыцы хабæрттæ кæд уый æндæр дзырдтæй, фæлгонцты хуызы дзуры, уæддæр, Л. Качаева уырысы булæмæргъ С. Есенин æмæ йæ лирикон хъайтараæй цæйау зæгъы: «он – дитя природы, таковым он себя ощущает, он живет в природе, а природа живет в нем…»[1] – æмæ йын чиныгкæсæг йæ дæлхъуыды æмбары. Ма йæ æмбараæм, уый бар нын нæ дæтты поэт йæхæдæг:

Æмбæрзы уалдзæг хуссæртыл цъæх дари,
Æндзыг бæлæстыл хуры тынтæ тауы.
Ды дæр мæнæн дæ хъарм комулæфт рарвит,
Цæмæй мæ зæрдæ ног къуыпа æфтауа.

Нæ каурæбын фыццаг кæрдæг куы сзайа –
Æрвит мын æй! Дæ хъæбул дзы куыд раид!
Мæ хъæлдзæг худт сырх уардийы куы ссарай,
Уæддæр-иу мын дæ цины цæссыг рарвит.

Ыстæй мын рарвит хорз ныфсæн фæндагмæ,

[1] К а ч а е в а Л. Есенинская поэтика природы и современная поэзия / А в т о р т ы к о л л е к т и в. В мире Есенина. – М., 1986. – 569 ф.

Фыдыуæзæгыл ц'амонд и, цы фарн и, –
Дæ рæстзæрдæ – мæ бæллицаг фæнд рагæй,
Мæн уый хуызæн цы хæзна хъæуы царды?
(«Æмбæрзы уалдзæг хуссæрттыл цъæх дари»)

Рухсмæ тырнын, рæстдзинадыл поэт араех дзуры. Поэзи йын хуыцæуттæм кувæн аргъуан нæу, фæлæ «зæххон хæстыты карздæр», æмæ уым рæстдзинад хъуамæ уа йæ «салдаттаг ныфс» («Поэт»). Уымæн зæгъы:

Куы мын æрцъæл кæна зæххы фыдæх мæ зæрдæ,
Мæнæн фæстаг къахдзæф мæлæтон зын куы уа,
Уæддæр рæстдзинады бæрзонд кувæн къæсæрмæ
Мæ фæстаг туджы 'ртах фæхæсдзынæн зынгау.
(«Куы мын æрцъæл кæна зæххон фыдæх мæ зæрдæ»)

Æмæ йæ хаста. Царды куы 'лгъыста, уæд ын цард цы фæдзæхст радта: «Нæу хъысмæт фæндæй… Кæд тæрсыс мæ дурадзагъдæй, уæд поэт нæ дæ» («Царды 'лгъыстон»), ууыл йæ къух никуы систа.

Фæлæ йын уыдон иууылдæр цæуынц райгуырæн уæзæг, раттæг адæм, Фыдыбæстæйы æгæрон уарзтæй. Уымæн сæ нæ ивы царды цыфæныхуызон цинтæ æмæ лæвæрттыл.

Уый хыгъд «Зæххы катай» амад у бынтон æндæр принципмæ гæсгæ, стæй, куыд уынæм, афтæмæй æндæр, фæлæ тынг ахсджиаг темæйыл:

Æз Зæхх дæн – уе 'нусыккон мад.
Мæ риуыл дидинтау сымах та.
Уæд мыл цы 'фтаут, адæм, арт?
Кæрæдзи тонынæй цы ссардтат?

Æрдуйыл ауындзут мæ уд,

Лæг фесты ‘ппæт сырдтæй тæссагдæр,
Уæ кæрдты фындзтыл мын хæссут
Лæварæн кæлмæрзæнты саудæр.

Æз уыцы тар бонæй тæрсын,
Фæстаг лæджы туг мыл куы ‘ртæдза
Æмæ планетæты æхсæн
Куы зилон номхæссæн идæдзæй!

«Поэт, патриот æмæ, сæйраджыдæр, та мады сагъæстæй равзæрдысты ацы рæнхъытæ Хостыхъоты Зинæйы зæрдæйы»,[1] – дзырдта литературæйы хæлар журналист Ælборты Хетæг. Зæххы цъарыл фидыдадæй стырдæр проблемæ нæй. Зæхх æмткæй хæсты цæхæрæй куы сгуыпп кæна, уæд алцы дæр сæфы æмæ авторæн нæй дардыл дзурыны рæстæг. Уыцы фарст йæ хъуыдыйы æппынæдзух уымæн тæлфыд: «Родина, дружба народов, любовь – главные темы поэзии З. Хостикоевой»,[2] – хуымæтæджы нæ дзырдтой литературæиртасджытæ. Йæ ныхас Зæхх-Мады номæй у комкоммæ, цæмæй мах, адæм, æппæт сырдтæй ма уæм тæссагдæр, нæ дарæг, нæ уромæгыл ма æфтауæм цардсафæг цъæх арт. Æндæра зæхх тæрсы, планетæты ‘хсæн куы зила номхæссæн идæдзæй. Уымæн æмæ зоны, «идæдз – йе ′мкъай мард кæмæн у, уый **вдовец, вдава**»,[3] – нал ын уыдзæнис уæр сæрылхæцæг. Планетæты æхсæн хитдзæнис дзæгъæлæй.

Йæ хъуыды цыбыртæй æнцон радзурæн у, фæлæ йæ нысаниуæгыл не ′ххæссы адæймаджы хъуыды. Уæлдайдæр, автор, цæмæй йæ хъуыды фылдæр адæммæ бахъара, уый охыл поэтиконæй архайы хæст æмæ сабырады нысаниуæг символикон хуызты равдисыныл: Зæхх – не ‘нусыккон мад, йæ риуыл дидинтау – мах та, нæ кæрдты фындзтыл ын лæварæн хæссæм

[1] Æ л б о р т ы Х е т æ г. Агуырдта адæймаджы амонд, адæймаджы рæстдзинад æмæ адæймагдзинад / Рæстдзинад, 2000. – 22 февраль.
[2] К а л о е в Г. З., А р д а с е н о в Х. Н., Г и р е е в Д. А. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992. – 317 ф.
[3] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат 4 т. Т. 2. – М., 2. – 361 ф.

кælмæрзæнты саудæр, планетæты æхсæн куы зила номхæссæн идæдзæй… – æмæ уый уацмысы хъуыды кæны ахадæндæр, зæрдæмæдзæугæдæр, стæй йын йæ нысаниуæг исы бæрзонддæр.

Зинæ хорз зыдта, йе ‘нæрынцой зæрдæ знæт, адæймаг срибарæй кæм не сулæфдзæнис, уыцы дунемæ кæй райгуырд. Æнæзындгонд ын нæ уыдис уый дæр, алы æнæсæрфат митæй, маст мастæй фидынæй цард фехалынæй дарддæр аразæн кæй ницы ис.

Философон зонæдты доктор, профессор Хацырты Анзор дзырдта: «Как известно по Библии, в Эдемском саду особо оберегалось не дерево жизни, а дерево познания **добра** и **зла**, то есть создателя волновала не столько жизнь, сколько познание смысла жизни, способности различать добро и зло, свет и тень – двух основных противоположностей, взаимодействие которых определяло и определяет суть и содержание самого человека и всей его истории и культуры».[1]

Зинæ йæ зæрдæйæн, йæхицæн ныфсæвæрæгау уымæн дзырдта «Мæ зæрдæ»-йы: «Фæлæ уæддæр стыр фæрнджын у а зæхх, – Йæ хъæдгæмттæй та равзæры цъæх бон».

Æфхæрдæн уарзтæй чи дзуапп кæны, кæйдæр мастыл хи мастау чи дзыназы, адæмы фарнæн цырагъау чи судзы, уый йæ адзал, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ зæрдæйæ ссардзæнис. Цгъойты Хазби уымæн зæгъы: «Хостыхъоты Зинæ уыд Ирыстоны чызг, чызгау ын лæггад кодта, мадау æй рæвдыдта, хæстонау æй пъеройы бырынкъæй, аив дзырды фарнæй хъахъхъæдта æмæ хæцæг салдатау æнæнхъæлæджы, æвиппайды æрхаудта».[2]

Зинæ тынг хорз зыдта уыцы хъуыддаг, фæлæ æндæрхуызон цæрын, æндæрхуызон уæвын нæ уыдис йæ бон. Поэт дæр раст уый уый тыххæй уыд. Æмæ дыууæ æнусы иваен дуджы дунейы, раздæры Советон Цæдисы, уæлдайдæр, Ирыстоны, цы æнагъæддаджы цаутæ æрцыд æмæ цæуынц, уыдон тынг карзæй æндæвтой Хостыхъоты Зинæйы æнкъараг зæрдæйыл.

---

[1] Х а ч и р т и А н з о р. Аланика – культурная традиция. – Владикавказ, 2002. – 255 ф.
[2] Ц г ъ о й т ы Х а з б и. Хъарæг кадæгæй баивта / Рæстдзинад, 2007. – 25 декабрь.

Дзыцца йын йæ хъæстытæ куы кæны, адæмы фæллой чи ссивынц, уыдон гæлдæртæ куы рауагътой, ноджы сæхи сай-майтæй адæмы сæрылхæцæг куы скæнынц, «сæ митæ та ызнагæй дæр фыддæр» куы сты, æмæ сæ цæмæннæ сыскъуынут, зæгъгæ, уæд поэт æнæнхъæлæджы нæ зæгъы катайгæнгæ: «Рæмудзынц зæрдæйы Дзыццайы ‘ргом ныхæстæ – Хъуына цъар сæвæрдта ныл мадзурайы фæтк» («Цæмæн»). Æмæ йæ арфæтæй Фсатийы цуанонты дзыхтæ чи баста, дæ уыцы мадмæ дæр фæдис кæн: «Æллæх! Æргæвдынц агъуыд куыйтæ мæн: Кæм дæ? Æви цъæх бирæгъæн цы бæззы, Нæй уымæй сау гæбæр куыдзæн бæттæн?»[1] Бæттæн кæмæн нæй, уыцы «сау гæбæр куыдзæй» та алчи дæр, гæнæн уæвгæйæ», хизы йæхи.

Уыцы мадзурайы фæткæй йæхиуыл, йе сфæлдыстадыл тынгдæр бандæвтой – «æртæ хæсты йын йæ царды бонтæ бирæ фæцыбырдæр кодтой. Хæст Хуссар Иры, хæст Цæгат Иры, хæст Цæцæны зæххыл».[2] Хъусæм дзы «Хæстон Ирыстон – бирæ тохты рафтæг»-ы хъæрзын – «мæ чысылæй мæгуыр дæн» («Иры зæххыл æнæбауырнгæ диссаг»). Поэты катай у, фыдхъысмæтмæ та бирæ зынын куы райдыдтам, æмæ уынæргъы, хæстыты суанг лæппутæ кæй мæлынц, суанг поэттæн та туджы ‘вдылдæй кæй зайынц сæ фæндыртæ. Уымæн æй нал бафарста йæ маст:

Цыма рагæй дымгæмæ нæ дардтай
Мах, фыдхъысмæт, зынæм та дæм бирæ?..
Цал ысуинаг лæппуйы фæмард та
Ацы хæсты дæр, оххай, нæ Ирæй…

Цал ысуинаг поэтæн та баззад
Туджы 'вдылдæй йæ фæндыр дзæгъæлæй,
Охх, цы нын и дæ зæрды, мæстджын зæд,
Охх, цы худыс нæ сæфтыл кæл-кæлæй?!

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 23 ф.
[2] Х о с т ы х ъ о т ы И р и н æ. Мæ хойы рæсугъд зæрдæ // Рæстдзинад, 2011. – 26 октябрь.

Æви нал ферох кодтай, фыдæлтæ
Тых куыд кодтой уæларвон бæстæн дæр…
О, æнхъæлдæн, нæ раг дуджы дзуæрттæ,
Исут махæй Батрадзы мæстытæ!..
(«Цыма рагæй дымгæмæ нæ дардтай»)

Зинæ йæ зæрдыл хорз дардта стыр Гетейы зондджын хъуыды: «Лишь тот, кем бой за жизнь изведан, Жизнь и свободу заслужил».[1] Фæлæ йæ махæн, хъыгагæн, алы хатт нæ бауарзы не скæнæджы цæст.

Иуæй-иу нæлгоймаг-поэтты хъауджыдæр Зинæ сидт, цæмæй кæрæдзимæ фæдзурæм, æмæ нæ Мады – Ирыстоны хынджылæгæн ма раттæм хæддзуйæн.

Уыцы хъуыды йæ дзурын кодта «Хуссар Ирыстоны лигъдæттæй æвзонг чызг цæссыгкалгæйæ адæмæн» цы хабæрттæ кодта, уыдоныл дæр («Ма ку»), гуырдзыйы æлхæд æфсады ныхмæ дæр («Чысыл стæм, фæлæ…»); уыцы хъуыдыйæ хъарæг кодта Гуыцмæзты Алешыл, Бестауты Гиуæргийыл, Калоты Хазбийыл…

Поэты ныхас былалгъæй нæу. Уый бæрæг у «Знæт дæлимон»-æй.

Куы фестæм де знæтæй бындзагъды дугæй дугмæ,
Уæд та цæмæн хъазыс нæ сæрмæ ды дæ кардæй?!
Кæд та ысмондаг дæ Хуыцауы цоты тугмæ,
Уæд айс мæ уд æмæ ныууадз мæ Иры й'адыл.

«Поэтесса своей тонкой душой и редкой интуицией разбрассывала мысли и чувства, проповедуя добро и справедливость. Социально-политические потрясения в нашей стране оказали заметное влияние на идейно-нравственное содержание ее поэзии»,[2] – зæгъы Хозиты Барис.

[1] Г е т е И о г а н н В о л ь г а н г. Избр. произ. в 2 т. Т. 2. – М., 1985. – 610 ф.
[2] Х о з и е в Б. Милосердие души и реальность бытия / Северная Осетия, 2007. – 27 декабрь.

Æндæр хабар у, Зинæ Хуссар Ирыстоны хæсты цаутæ, æцæг куыд уыдысты, афтæ кæй нæ зыдта. Фехъусæггагæй йæм хæццæ кодтой. Цæстæй сæ нæ уыдта. Уый тыххæй, хъыгагæн, йæ хæстон æмдзæвгæтæм æнæрæстагон хабæрттæ фæхæццæ сты.

Æниу æм уыцы хабар уыд уæдмæ дæр. байхъусæм Хадзы-Муратмæ: «Кæддæр Хуссар Ирыстонæй фæстæмæ Цæгат Ирыстонмæ куы \рбаздæхт цæрынмæ, уæд æй мысыд: «Куыд цæрыс, куы, æнæ мæн ныр, Гуырдзыстон? Æви дæуæн дæр сусæгæй зын у?!» («Гуырдзыстон»); «Дæ риуыл м′артуадзæг сæууон бонтæ, Гуырдзыстон, Дæ риуыл байзæрстон мæ сонт уды фæрчытæ», мысын, дам, дæ Ирыстонæй («Уæдæ нæ кæддæры хæлар бонтæ цы фесты»). Диссаг у, æвæдза, дæ «артуадзæг» уарзт цы зæххыл байзæрстай, дæ поэтикон кары кæм бацыдтæ æмæ дæ Фыcджыты цæдисмæ кæм айстой, уый ма зон, Гуырдзыстон æй хон! Иугæр уыцы зæхмæ – Хуссар Ирыстонмæ – гуырдзы куы ′рбабырстой, уæд æй схуыдта йæхи номæй».[1]

«Иры зæххыл æнæбауырнгæ диссаг»-ы, куыйдзыхтау нæм чи лæбурдтой, сабитæ æмæ зæрæдтæ, сылгоймæгтыл тыхмийæ, удхарæй марынæй, судзынæй чи нæ ауæрстой, уыдонæй зæгъы: «Нæ хæлар нæм æрбауырдыг хæрамæй», «Хæлары хæрам афтæ дуды, афтæ!» Кæй нын хуыдта нæ хæлæрттæ? Нæ марджыты? Мах хæлæрттæ аразынмæ кæмæй хъавыдыстæм, афтæмæй нын чъылдымæрдыгæй мæнгардæй нæ бацæбитты нуæрттæ чи лыг кодтой, уыдон? Чи зоны, Зинæйы хъуыдыйы Шекспиры ныхæстæ тæлфыдысты: «Плохие, стало быть, не так уж плохи, Когда есть хуже. Кто не хуже всех, Еще хорош».[2] Фæлæ, сабитæ, сылгоймæгтæ, зæрæтты чи исынц милмæ, чи сæ æргæвдынц, уыдонæй æвзæрдæр ма цы вæййы? Æви нæ зæрдæты ныхмæ цæуæм – уæздан уæвыны тыххæй æвзæры хонæм хорз?

Æмдзæвгæ «Чъреба»-йы Зинæ Чъребайæ зæгъы: «Ныр дын дæ рухс аргъуан – дæ уаз бæллиц фыдгултæ Бынысыгъд бакодтой, дæу амардтой, о Чъреба».

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 268 – 269 ф.
[2] Шекспир Уильям. Пол. соб. соч. в 8 т. Т. 6. – М., 1960. – 488 ф.

Ау, ныртæккæ Республикæ Хуссар Ирыстоны сæйраг сахар Чъреба мард у? Уанцон диссаг нæу. Уæд, афтæ цæуы, цыма мард сахары цæрæм.

Гуыцмæзты Алешыл гуырдзиæгты сармазаны нæмыг фондзуæладзыг хæдзары цармæ комкоммæ сæмбæлд. Æнувыд хæлар, Ирыстоны стыр патриот æмæ стыр фыссæг нæ фыдызнæгты къухæй бабын. Æмæ дзы Зинæ зæгъы: «Мемæ цомут» дæр нæ загътай, Афтæмæй хæстмæ фæцыдтæ», «Махмæ ‘мгары намыс бастъæлд», «Иу нæ не ‘ралæууыд дæ фарсмæ», «Хæсты кæд хæцæн нæй иуæй!»

Кæмæ бастъæлд æмгары намыс? Чи не ′рлæууыд йæ фарсмæ? Кæм кæнæ кæцы хæсты чи федта Алешы иунæгæй хæцгæ? Æмæ раст зæгъы Хадзы-Мурат: «Алеш иуæй (иунæгæй) нæ хæцыд, йæ фарсмæ бирæ æмгæрттæ уыд, фæлæ дзы цæгатæй кæй ничи уыд, уымæй раст зæгъы Зинæ».[1]

Бестауты Гиуæргийы цырты раз, дам, йæ кæддæры æвзæрмæбæлджытæ сæ зонгуылтыл æрлæууынц: «Бамбæрстой, Ираен дæу хуызæттæ куы амæлынц, Гъеуæд, йæ сæрыл ысдзурæг дæр нал вæййы».

Зинæ куыд хъуыды кодта, ома, Бестау удæгас куы уыдаид, уæд, кæй ном нæ дзырдæуы, уыдон ирон адæмæн геноцид аразын нæ бауагътаид, уыдæттæ, адæм куыд акæнынц – Бабуцайы ныхæстæ сты. Чизоны, уæд Бестау Советон Цæдис ныппырх кæнын дæр нæ бауагътаид?

Иры сæрыл сдзурæг куынæуал уыдаид æмæ уаид, уæд раджы фæуыдаиккам кæнæ фæуаиккам не знæгты фæндиаг. Уымæй нæ Хуыцау бахизæд. Фæлæ ахæм æмдзæвгæтæ кæсгæйæ Дзуццаты Хадзы-Мураты хъуыдыимæ ænæ сразы уæвæн нæй, зæгъгæ, Зинæ фыссы: «Нæ хæлар нæм æрбауырдыг хæрамæй… Хæлары хæрам афтæ дуды, афтæ!» («Иры зæххыл ænæбауырнгæ диссаг»). Ау, хæлар тыхгæнæг цæуы хæлармæ? Цы ‘рцыд, уымæн йæ аххос ма ‘мбар!»[2] Стæй ноджы дарддæр: «Гамсахурдиа Звиадмæ дзуры: «Фыдæй-фыртмæ хæларæй, уд-æмуд куы цардыстæм», «нæ дард гыццитæ ‘нусты сæ хæстдзагъд фырттыл хъарæг кодтой иумæ» (ау, 1920 азы

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 270 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 269 ф.

дæр, стæй уымæй размæ дæр бирæ хæттыты, гуырдзы-иу ирон адæмы куы ныццагътой, уæд иумæ хъарæг кодтой?), уыдæттæ, дам, куы ‘мбарис, «уæд нæм, бæгуыдæр, къулбадæг лæппуйау, нæ фæцъортт ласис де ‘мбæхст дур дæ ронæй» («Звиад Гамсахурдиамæ»). Ау, чердыгон къулбадæг лæппу? Гуырдзыйы национ фæтæг, сæ бар æмæ сæ хъомысы хуызæг, уый иннæ «къулбадæг лæппутимæ» дуртæ нæ, – ирон адæмыл сармадзаны нæмгуытæ æмæ ракетæтæ скъæрдта».[1] Æмæ критикы хъуыды раст у.

Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр, Хостыхъоты Зинæйы поэзи цæстæвæрæн фæцис интимон темæйы. Чиныгкæсджытæ йæ иууыл тынгдæр уарзтыл фыст æмдзæвгæтæй айстой сæ зæрдæтæм. Æмæ кæд ныфсджынæй дзырдта: «Мæ туджы арвнæрдæн йæ зынг къубал нылвæстон, Мæхæдæг афтæмæй мæхи æнхъæлын лæг» («Цæмæн»), – уæддæр-иу йæ «туджы арвнæрдæн йæ зынг къубал» алы хатт йæ бон нæ бацис нылвасын. Стæй йæ уый нæдæр хъуыд. Фæлæ Зинæйы лирикон хъайтары йæ Дзыцца хуымæтæджы нæ фæдзæхсы – «сылгоймагыл дзыхбаст ахуыр уыд Ир» æмæ, зæгъы, кæд де ‘ргом дзырд искæмæ хардзау кæсы. Мад æмбары «æндæр рæстæг у ныр»:

Фæлæ уæддæр!
О, ма у афтæ æргом.
Нырма дæр нæм æлгъаг дам-думтæ зонынц,
Дæ зарджыты кæйдæр лæппуйы ном
Куы фæмысыс, уæд дæ, цымæ, цы схонынц?

Æнцайы дыл цыдæр сау масты уæз,
Дзæгъæл-дзæгъæлы не сурс и дæ дзыкку…
(«Мæ ном»)

Зындгонд киноактриссæ Мэрилин Монройы æртыккаг æмкъай уыдис Джо Ди Маджо, бейсболист «столь же известным, как и президент Соединенных

[1] Уый дæр уым.

Штатов»,[1] – фæлæ амондджын нæ разындысты. Ахицæн сты фараст мæйы фæстæ, кæд Джо афтæ загъта: «Я хочу быть похороненным с моей единственной и последней женщиной…»,[2] – уæддæр. Æмæ Дзыцца йæ хивæнд чызджы уымæн фæдзæхсы катæйттæгæнгæ, цæмæй цæттæ уа алы фыдбылызмæ дæр. Æнæнхъæлæджы маст ыл ма æрбамбæла. Æндæра, æнхъæл кæмæй нæ уа адæймаг, ахæм дудгæбонæй æнкъараг зæрдæ риссагдæр вæййы: «Фæндаггонæн зын вæййы, уæдæ цы, Сæ бæттæнтæ дæм тондзысты-иу куыйтæ»… («Дзыццайы писмотæ»).

Лæбурын куыдзæн – йæ сæйраг хæс. Лæбурдтой Плиты Грисмæ. Æмæ нæ фæдзæхста куырыхон хистæр:

Мæ хæлар! Куыйты ахаст зон:
Фæндаггон лæг егъау куы вæййы,
Куы зыны дард ранмæ бæлццон,
Уæд ыл фылдæр куыйтæ фæрæйы.[3]
(«Куыйтæ»)

Дард ранмæ цы бæлццæттæ фæзынынц, уыдонæй уыдис æмæ у Бестауты Гиуæрги, Зинæйы æввахс, чи зоны, иууыл æввахсдæр хæлар. Бирæ бæрцæй бандæвта Хостыхъоны поэтикон рæзтыл. Уый куыд аирвæзтаид агъуыд куыйты рæйд æмæ мæнæ-мæнæйæ:

Дысон та мæм ралæбурдтой куыйтæ,
Алырдыгæй «мæнæ», «мæнæ» кодтой.
Кастæн сын сæ сæтæйдзаг хæмхудтæм,
Аивæй мæ мидрихийы худтæн –
Зонын, циу сæ рæйд æмæ сæ хылы сæр:
Нал быхсынц, куыдз кæй нæ дæн сæ хуызæн.[1]

[1] М у р о м о в И. А. Сто великих любовниц. – М., 2000. – 41 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 184 ф.

(«Дысон та мæм ралæбурдтой куыйтæ…»)

«Куыйтæ» цæрæнбонты лæбурдтой æмæ лæбурынц, тас сын кæмæй æмæ цæмæй вæййы, стæй хæрынмæ кæй фæхъавынц, уыдонмæ. Мæрдты бæстæм дæр æм лæбурынц æмæ лæбурдзысты, фæлæ Зинæ фæндвидар сылыстæг æмæ поэт уыд, æмæ йын йæ лирикон хъайтарæн йæ мад куы зæгъы, зæгъгæ, «Хуыцау адæмыл бынтондæр рахатт, Æндæра куыд цыдтæн зæдбадæнтыл», ома, хæхты сæрты; кувæндæттыл куыд рахызтæн, уæд ын чызг ахæм дзуапп уымæн дæтты:

Дзыцца, дзыцца, мæнг зæдбадæнтыл ма тай,
Æз зонын цунæг зæдбадæн æрмæст,
Уый у зæрдæ… Зæрдæ… Фæлæ йыл хатгай
Фæкæнынц раст къуырма фосы лæгæрст…

Йæ размæ цы тымыгъ сыстад, уый йын кæд йæ базырты тых рæмыгъта, æрхауд-иу йе ‘мгары фыдæхыл, æмæ йæм зæххыл æнхъæлмæ касти хæфсбадæн цыфдзаст, уæддæр сæ ницæмæ дардта, бæрзæндтæм сарæзта йæ ных, бæрзонд хъæлæсæй уымæн зарыд. Уыцы амонд – уарзыны амонд байсын Зинæйæ никæй бон уыди:

Арв мæнау – йæ цъæх амондæй расыг,
Худгæ ‘рфынæй мигъзæлдагыл мæй,
Ныр мæ ныхмæ дун-дуне куы растид, –
Ничи байсид ацы ‘хсæв мæнæй.

(«Арв мæнау – йæ цъæх амондæй расыг»)

[1] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 212 ф.

Шиллер йе ‘мдзæвгæ «Мудрецы» -йы кæрон цæйау загъта: «Царят любовь и голод»,[1] уыйау, Зинæйæн разамынад кодта йæ уарзт, сайдта йæ йæ фæдыл, йæ зæрдæйæ йын ælвæста йе ‘нкъарæнтæ. Йæ уарзты фæрцы-иу хъавыд сылгоймаг уæвгæйæ цæргæсау арвмæ стæхынмæ, тымыгъзæрдæ æврæгътæн хъæбыстæ кæнынмæ, фæлæ та-иу æй йæхимæ нылвæста зæхх «йæ дам-думтæ, йæ фæныкгуыз æгъдæуттæй» йæ бæллиц ын «æнæ тугæй æргæвды». Фæлæ дам-думтæй уарзт тыхджындæр у, поэт уымæн у фæндвидар:

Ныpма нæ зоны йе ‘мбæхст хъару зæхх!–
Нæ исын никуы æз мæ къух мæ сæнттыл, –
Фæцæудзæн иу бон æврæгътыл мæ дзæхст,
Ныххуддзынæн йæ фæныкгуыз æгъдæуттыл.

Æмæ ныххудт, уарзын æй чи нæ уагъта, уыцы «фæныкгуыз æгъдæуттыл», йæ уарзты фæрцы æврæгътыл фæцыд йæ дзæхст. Уымæн æмæ зыдта: «Иууыл рухсдæр дин у уарзын, Зæххыл уарзæг уд у уаз» («Моладзан»), «Уарзæг дæр, дæ кувæндон у, уаз у» («Сау цæстыты кадæг»), æмæ йе ‘мдзæвгæтæй хъал кодта, «Кæй уд нæ зоны уарзын, уыцы ‘взæрты» («Мæй ацауындзæг, бур гæдыйау, бæрзыл»)… Бестау дзы уымæн дзырдта: «…æмдзæвгæты лирикон хъайтар, уарзтæй базырджын æвзонг чызг, йæ судзгæ æнкъарæнты цин æмæ рисæй хæкъуырцгæнгæ, йæ зæрдæйы дзурынты фæцис æмæ чиныгкæсæджы раз, арвы дуарау байгом æнахуыр чызгон дуне, æцæгдæр, сæууон æртæхау, æвæджиаг рæсуг æмæ рухсдзыд; сыгъзæрин хуртæ æмæ дзы æвзист стъалытæ ленчытæ кæнынц».[2]

Æмæ уыцы æрвон чызг бæрзонд мигъты хъæбысы кæй цæры, суадæтты зардмæ кæй æрвиты йæ фын, сæуæхсид раздæр уый уæхскыл кæй æртыхсы, уый тыххæй у сæрыстыр.

[1] Ш и л л е р Ф р и д р и х. Изб. Произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1959. – 127 ф.
[2] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 218 ф.

Сæууон уддзæф мын дидинджытæ ‘ рхæссы,
Бийын мæхицæн дидинджытæй рон,
Æз уæлæ арвмæ къухæй дæр æххæссын,
Фæнды дæ, стъалы раскъæфон дæуæн?

Æви æркæнон кафаг сычъи хъæдæй?
Кæнæ æрцахсон базыртыгъд цæргæс?
Æркæнон дын бæрзонд къæдзæхты сæрæй
Цъæх дзæбидыр – мæ уарзоны æнгæс?

Уый уарзт у. Æгæрон уарзт. Уыцы уарзт æй цæрын кæны, «бæрзонд мигъты хъæбысы», йæ фын уый тыххæй æрвиты суадæтты хъæрмæ, сæуæхсид уый фæрцы æртыхсы йе уæхскыл; сæууон уддзæфæн ын дидинджытæ ‘рвиты; йæхицæн ын бийын кæны хуры тынтæй рон, арвæй скъæфы стъалытæ, ахсы кафаг сычъитæ, базыртыгъд цæргæстæ, йæ уарзоны æнгæс цъæх дзæбидыртæ… В. Брюсов дзырдта: «Любовь по самой своей сущности мистична. Любовь всем, даже чуждым героического, религиозного, художнического одушевления, позволяет хоть раз вздохнуть истинно свободным воздухом, «свежеющей мглой» экстаза, заставляет увидеть бездны у своих ног».[1]

Æмæ диссаг цы у: мах дæр сæ уынæм поэты цæстытæй, уырнынц нæ уыцы диссæгтæ, нæ зæрдæмæ цæуынц. Поэты уыцы романтикон уарзты арф æнкъарæнтæ, хуры рухс тынтау, бахизынц нæ удтæм дæр. Чиныгкæсæджы сисы æнæуынгæ базыртыл æмæ йæ æрфæнды арвы тыгъдады тæхын.

Уыцы уарзт ын у æнæрцæугæ диссаг: «Кæд дæ нæ фæцагуырдтон, м’ аргъауы лæппу?», «Мæ зæххон Чырысти, ныррухс кодтай мæ кувæндон» («Куыд æрæгмæ?..»), «Нæ уыдтæ, ‘вæццæгæн, зæххон лæппутæй иу дæр, Нæ дын уыд аргъæуттæй æрцæуыны фæрæз» («Идеал»); «Нæрæмон Сослан, симдмæ мæ фæхон» («Сослан»); «Æз ницыуал æмбарын м’алыварс цардæн,

[1] Б р ю с о в В. Я. Соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1987. – 236 – 237 ф.

Ærмæст ма дæ удыл Чырыстийау тыгъд дæн» («Æз нал дæн»); «Ныррухс, ныццæхæр калдта, дуне сси æрвнæрын, Ærвнæрын фестади мæ Чырыстимæ фæндаг» («Арвы дуар»); «Афтæ цæрдзынæн мыггагмæ – дæ уарзтæвджид, Ме ‘рвгъуыз кæркуасæн, мæ рагсагъæс – Уастырджи» («Сылгоймаджы мидмонолог»)…

Иугæр ын йæ уарзты кой кæнын нæ уадзынц, иугæр хин æмæ кæлæн, адæмы сæфтмæ бæллæг Сырдонтæ сæ дам-думтæй не ‘фсæдынц, уæд ын йæ уарзон сси аргъæутты лæппу, Чырысти, Уастырджи… Афтæмæй йæ бон йæ тыхы фæрцы зæгъын цы баци, уый дæр, Анна Ахматова куыд загъта: «Успеть записать одну сотую того, что думается, было бы счастьем…»,[1] – уымæй дæр – бузныг.

Фæлæ Зинæмæ романтикон уарзты бындур у зæххон уарзт. Ærвыл бон кæуыл æмбæлæм æцæгæй, табу кæмæн кæны, ахæм уарзт. «Æмгары рухс ном мысгæй»-йы йе ‘мгармæ, Бестауты Гиуæргимæ рынчынфæрсæг куы цæуы, уæд куыд кувы «хæхты бæрзонд дзуæрттæм», хъæды æрдузы дидинæгæн, æгæрыстæмæй, æхгæдзæрд дурæн куыд лæгъстæ кæны: «Кæд удыхос дæ дурриуы æрзад, уæд ын æй цæмæй рынчыны хуынæн ратта, уыдон нæм кæсынц зæххон хъуыддæгтæ, æмæ сæм ныккæрзы, ныдздзыназы цыфæнды адæймаджы зæрдæ:

Цæй, бахуд та ма рагбонты фæхудтау,
Мæ цæстыты дын цард æрхастон æз!
Мæ цæстыты дын рухс изæртæ, хуртæ,
Мæ цæстыты – дæ утæхсæн, дæ рыст…

Куывтон фæндагыл хæхты бæрзонд дзуæрттæм:
Мыггагмæ ут æрдзы ныхыфысты,
Кæд фарнæн уæ ысфæлдыстой фыдæлтæ,
Æмæ тыхсты бон баххуысхъом ыстут…

[1] А х м а т о в а А н н а. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1986. – 253 ф.

Хъæды æрдузы дидинæг ысуади,
Æххуысæнхъæл æм табуйæ куывтон:
Дæ гуырдзы кæд æрдзы сыгъдæг рæстад и,
Дæ чысыл къуск мын уæд уыдзæн куывддон.

Æрзоныг кодтон донбылгæрон дурмæ:
Кæд удыхос дæ дурриуы æрзад,
Нытътъæпп лас уæд, фæхау фæйнæрдæм муртæ
Æмæ мын æй рынчыны хуынæн ратт…

Нæ, тугтæригъæд ма ныууадз дæ фæстæ, –
Цъæхдзаст уалдзæгмæ байтыгътон мæ уд…
О, адæм дæр мын фестадысты зæдтæ,
Æмæ сæм кувын: Баххуыс ын кæнут.

(«Рынчынфæрсæг»)

Зинæйы уарзондзинады æмдзæвгæтæ афтæ алыхуызон, афтæ диссаг сты, æмæ дзы бирæтæ, тынг бирæтæ демæ ныхас кæнынц удæгæстау. «Интимон æнкъарæнты хъуырдухæнтæй, йæ цинтæ æмæ йæ судзæгтæй дыз-дыз кæны»[1] йæ уацмысты буар. Æндæр хуызы фæлдисын сæ нæ уыдис йæ бон. Фысгæ та сæ кодта йæ амæлæты бонмæ. Йæ амæлæты бонмæ уарзт нæ байсыст йæ зæрдæйы. Æууæндыдис ыл кæронмæ:

Æрталынг… нæ фæзындтæ… уаз бæллиц тайы,
Цы сæнттæ сты адон? Цы ‘ууæнк у, мæ бон?!

Æниу, уадз æууæндон. Æнусон, мыййаг, дын
Куы нæ дæн, æрцæудзæн мæнæн дæр кæрон.

[1] Бестауты Гиуæрги. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 217 ф.

Хуыздæр мын у афтæ; цы мæм хауы цардæй
Уый цадз, æмæ де ‘рцыды ныфсæй цæрон.

(«Дæ хæдзары»)

Æууæндыдис ыл, – уарзтыл, – алы кары дæр. Цард уый цæрайæ. А. Пушкин хуымæтæджы нæ загъта: «Любви все возрасты покорны».[1] Ахызт алы «дамты» æмæ «думты» сæрты; йæ курдиат сын нæ фæкодта холыйаг æмæ йын бантыст æцæг поэзи сфæлдисын.

Уый гæнæн нæ уыдис, æмæ уыцы хъуыддаг ма федтаид Джыккайты Шамилы æппæтуынаг цæст. Зинæйы интимон поэзийы тыххæй цæстуарзон, зæрдæрайгæйæ загъта йæ ныхас.[2] Уымæн æмæ уыдта, поэт йе ‘ргом дзырды йæ «туджы арвнæрдæн йæ зынг къубал» куыд ælвæста.

Зинæйæн æмткæй уыцы уарзтæй налхъуыт-налмасау æрттивынц йæ интимон темæйыл фыст дзæвгар аивадон уацмыстæ. «Рудзынджы къæрцц ауади мæ хъустыл» комкоммæ хауы йæ иууыл хуыздæр æмдзæвгæтæм, уæлдайдæр, интимон темæйыл кæй сфæлдыста, уыдон равзаргæдæртæм. Адæймаджы ацахсы йæ фыццаг дзырдтæй: «Рудзынджы къæрцц ауади мæ хъустыл», – æмæ йæ нал суадзы йæ фæстаг сулæфты онг. Уый аивады кусæджы цымыдисон, тынг цымыдисон æмæ стæм курдиатыл дзурæг у. Æмæ, Джыккайты Шамил Брытъиаты Елбыздыхъойы трагеди «Амран»-ы сæйраг хъайтар Бесæйæ цæйау зæгъы: «Кæд ын истæмæй басæттæн ис, уæд æрмæст уарзондзинадæй»,[3] – афтæ зæгъæн ис Зинæйы лирикон хъайтарæй.

Зинæ уыдис уыцы стæм курдиаты хицау. Йæ уацмыстыл ын чиныгкæсæг æвиппайд уымæн æрæвæры йæ цæст. Æмæ ацы æмдзæвгæйы, «Рудзынджы къæрцц ауади мæ хъустыл»-ы, уыцы хъуыддаг зыны ирдæй, ахадгæйæ. Æвиппайд зæрдæйы уымæн ныххауы æмæ дзы æнустæм уый

[1] П у ш к и н А. С. Соб. соч. в 10 т..Т. 4. – М. ,1975. – 151 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сæууон æртæх / Мах дуг,1968. – № 1.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 195 ф.

тыххæй баззайы хъарм фæлмау. Æнтыст ын йæ удæй рацæугæ уарзты кæлæнтæ чиныгкæсæгмæ хæццæ кæнын.[1]

Зинæйы поэзийы уацмысы ахæм архитектоникæ, – æрцæуы цау, авторы-сæйраг архайæджы бафтауы мысинæгтыл, стæй йын скæны зæрдæмæдзæугæ кæрон, – тынг æргомæй зыны. Æмæ уый кæд ног нæу, æрмæст поэзийы нæ, фæлæ литературæйы иннæ жанрты, цы æмдзæвгæты кой йын скодтам, уыдон дæр фылдæр афтæ арæзт сты, уæддæр сæ уд нæ фæллайы, аив, бынтон аив конд кæй сты, уый охыл. Уымæн æмæ рæсугъдыл цæст ахуыр кæны, фæллайгæ – никуы.

Рудзынджы къæрццц куы аныдзæвы хъустыл, уæд лирикон архайæгимæ фестъæлфæм мах дæр – цы ‘рцыдис? Æмæ базонæм, авторы уды кæй фестъæлфыд кæддæры – йе ‘взонджы бонты сусæг уарзт, ома, «дуры къæртт та рудзынгыл ныххуырста». Æмæ сæ кæрæдзийы фæдыл рагæппытæ кæнынц рох уарзтæвдисæг деталтæ:

Рудзынджы къæрццц ауади мæ хъустыл, –
Зæгъын æй нæма ферох йæ хин ми, –
Дуры къæртт та рудзынгыл ныххуырста…
Рох кæсæнмæ бакастæн мæхимæ.

Уадултæ æваст сырх арт ысуагътой,
Донзоныгау нал арæхстæн къахдзæф…
Уый та кæд быдта зæрватыкк ахстон
Уæлрудзынг, йæ базыр авгыл андзæвд.

Ехх, æз та… Мæ зæрдийæ ма, чи у…
Зæгъын, мыл ныртæккæ цин ныууардзæн…
– Атæппал у, – ралгъыстон ма цъиуы,
Уый та мын: «Чызг, уалдзæг æрцыд, уалдзæг!»

[1] Г а ф е з. Уарзондзинады монолог // Мах дуг, 1975. – № 3.

Зæрватыкк ахстон кæй быдта, лирикон архайæг, цин ыл ныууарамæ кæй æнхъæлмæ каст, уыцы фæлмæн, юморхæццæ æнкъарæтæ базонæм зæрватыччы хъарм, ælхынцъгæнæн дзуаппæй: «Чызг, уалдзæг æрцыд, уалдзæг!» – æмæ сæм бахудæнбыл вæййы чиныгкæсæг.

Æмдзæвгæ æнæхъæнæй, зæрватыкк æрмæст удджын, маргъ нæ, фæлæ хъуыды кæнын, дзурын кæй зоны, уыдæттимæ кæрæдзийыл афтæ баст у æмæ дзы иунæг архайдæн нæй йæ бынат фæивæн, уæд æрмæст йæ хуыз нæ фесафдзæнис, фæлæ нал разындзæн йæ мидызмæлд, æнкъарæнты сусæг уарын. Уыдонæй уацмысы алчи дæр у æнæмæнгхъæуæг, алкæмæн дæр сæ ис йæхи фидар æмæ, æнæмæнг чи хъæуы, ахæм бынат.

Æмæ Зинæ æрмæст поэзийы нæ, фæлæ поэзийы тыххæй ныхасы дæр æрвылхатт уыдис иугъæдон æмæ æргомдзырд: «Адæймагæн йæ зæрдæ куы рисса, уæд йæ ныхас эмоционалондæр у. Мæнæй дæр афтæ хъаст кæнынц. Уæдæ, курдиаты хъæстæ кæмæ нæй, уый йæ халбыд æмдзæвгæтæй куы ′ппæла æмæ сæ журналы куы уадзын кæна, уæд мæ цы ′взагыл дзурын кæнут йемæ?!»[1] – æмæ йæ рæстаг дзырд аивады дæр, литературон критикæйы дæр хъуыст адæммæ.

Æмткæй сисгæйæ, Хостыхъоты Зинæйы сфæлдыстад хъæздыг у бирæ алыхуызон аивадон амæлттæй. Йæ алы уацмысы дæр ын, дæ хъус æм лæмбынæг куы ‘рдарай, уæд сæ ссарæн ис бирæ хæдхуыз поэтикон фæзилæнтыл æмæ уыдон фæрцы у дзæвгар хъæздыгдæр, рæсугъддæр, хæдхуыздæр. Уыцы аивадон фæрæзтæ йын фадат лæвæрдта алыхуызон темæтыл зæрдæргъæвдæй дзурынæн.[2]

Уыцы хъуыддаг рахызт поэты прозæмæ дæр. Ацы жанры, æрæджыйау æм кæй æрæвнæлдта, уый тыххæй йын æххæстæй нæ бантыст йæ зæрдæйы фаг йе уæнгтæ айтынг кæнын, уæддæр, йæ уацмыстæй йæ бон баци

[1] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 215 ф.
[2] К о д з а т и А. Я пришла, чтобы петь… // Литературная Осетия, 1975. № 46. – 18 ф.

чиныгкæсджыты зæрдæ ссарын.[1] Ирон литературæйы историйы уымæн ахсы сæрмагонд бынат.

Хостыхъоты Зинæмæ бирæ дзуринæгтæ уыд. Уыдысты сылгоймаджы, стырзæрдæ ирон сылгоймаджы дзуринæгтæ. Æмæ сæ дзырдта йæхирдыгонау. Дзырдта сæ, чи йын сæ куыд тынгдæр агайдта йæ зæрдæ, афтæ.

Йæ фæстæ сæ ирон адæм та дзурдзыстæм, Зинæйы зонды куыд сфыхтысты, йæ зæрдæйæ куыд ратагъдысты, афтæмæй.

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

А б а е в В. И. Нартовский эпос осетин. – Цхинвал, 1982;
А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат 4 т. Т. 2. – М., 2010;
А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
А с а е в Р е в а з. Долг писателей Юго-Осетии // Литературная Грузия, 1972. № 7;
А х м а т о в а А н н а. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1986;
Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985;
Æ л б о р т ы Х е т æ г. Агуырдта адæймаджы амонд, адæймаджы рæстдзинад æмæ адæймагдзинад / Рæстдзинад, 2000. – 22 февраль;
Б е р з е н о в Н. Из записок об Осетии // Кавказ, 1852. – № 67;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004;
Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982;
Б р ю с о в В. Я. Соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1987;
Г а ф е з. Уарзондзинады монолог // Мах дуг, 1975. – № 3;
Г е т е И о г а н н В о л ь г а н г. Избр. произ. в 2 т. Т. 2. – М., 1985. – 610 ф.
Г р и б о е д о в А. С. Горе от ума. – Л., 1987;
Д е р ж а в и н Г. Р. Сочинения. – М., 1985;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Æз райгуырдтæн хохы. – Сталинир, 1960;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сæууон æртæх // Мах дуг, 1968. – № 1;
Д з а б о л а т ы Х а з б и. Зæрдæйы суадон // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964;
Д з а д з и т ы А. Б., Д з у ц ц а т ы Х. В., Х ъ а р а т ы С. М. Ирон адæмы этнографи æмæ мифологи. – Дзæуджыхъæу, 1994;
Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Поэты прозæ / Рæстдзинад, 2010. – 10 апрель.
Д з у у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000;
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;

[1] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Поэты прозæ / Рæстдзинад, 2010. – 10 апрель.

Дзуццаты Хадзы-Мурат. Фыццаг ныхас. – Сталинир, 1956;
Добролюбов Н. А. Литературная критика в 2 т. Т. 2. – Л., 1984;
Дюмезиль Ж. Осетинский эпос и мифология. – М., 1976;
Евтушенко Евгени. Стихотворения и поэмы в 3 т. Т. 3. – М., 1987;
Есенин Сергей. Æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ. – Цхинвал, 1985;
Есенин Сергей. Собр. соч. в 6 т. Т. 1. – М., 1977;
Есенин Сергей. Собр. соч. в 6 т. Т. 2. – М., 1977;
Калоев Г. З., Ардасенов Х. Н., Гиреев Д. А. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992;
Качаева Л. Есенинская поэтика природы и современная поэзия / Коллектив авторов. В мире Есенина. – М., 1986;
Кодзати А. Я пришла, чтобы петь… // Литературная Осетия, 1975. № 46;
Косты Лизæ. Рухс зарæг // Хостыхъоты Зинæ. Табуйаг. – 1998;
Луговской Владимир. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1989:
Михнеева Т. Л. Цветаева Марина Ивановна / Коллектив авторов. Русские писатели в 2 т. Т. 2. – М., 1990;
Мурасты Эльбрус. Ирыстонмæ дардта чызджы зæрдæ / Рæстдзинад, 2007. – 13 март;
Муромов И. А. Сто великих любовниц. – М., 2000;
Плиты Грис. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973;
Прокушев Юри. Поэт века // Коллектив авторов. В мире Есенина. – М., 1986;
Пушкин А. С. Соб. соч. в 10 т..Т. 4. – М., 1975;
Распутин Валентин. Последный срок. – М., 2004;
Санаты Уари. Фыдæлты таурæгътæ. – Дзæуджыхъæу, 1960;
Тыбылты Алыксандр. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
Хæмыцаты Албег. Зинæйæн / Рæстдзинад, 2007. – 25 декабрь;
Хачирти Анзор. Аланика – культурная традиция. – Владикавказ, 2002;
Ходы Камал. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;
Хозиев Барис. Милосердие души и реальность бытия / Северная Осетия, 2007. – 27 декабрь;
Хостыхъоты Зинæ. Бæрзондæй-бæрзонддæр / Фидиуæг, 1966. № 7;
Хостыхъоты Зинæ. Мысинæгтæ // Мах дуг, 1991. № 4;
Хостыхъоты Зинæ. Сæууон æртæх. – Цхинвал, 1967;
Хостыхъоты Ринæ. Мæ хойы рæсугъд зæрдæ / Рæстдзинад, 2011. – 26 октябрь;
Хъамбердиаты Мысост. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2002;
Цæрукъаты Алыксандр. Хостыхъоты Зинæйы мысгæйæ // Рæстдзинад, 1912. – 26 декабрь;
Цæрукъаты Алыксандр. Хостыхъоты Зинæйы мысгæйæ // Рæстдзинад, 2012. – 26 декабрь;
Цгъойты Хазби. Хъарæг кадæгæй баивта / Рæстдзинад, 2007. – 25 декабрь;
Чибиров Л. А. Традиционная духовная культура осетин. – Дзæуджыхъæу, 2008;
Шиллер Фридрих. Изб. Произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1959;
Юрьева Е. Мишин бред: Давид борется с Голиафом / Коллектив авторов. Цхинвал: хроника грузинской агрессии. – М., 2008.

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ЗИУУОНТÆ
ПОЭТЫ ЗОНДАМЫНД

Ирон æмбисонд амоны: «Ныхас хъуырмæ куы ссæуа, уæд й‘ аныхъуырын тæригъæд у».[1] Фæлæ дæм дзуринаг куы ницы уа, уæд дзыхыкъæбæл фестын дæр цас лæгдзинад уыдзæнис. Уæлдайдæр, дæ дзырдæн йæ фæдыл къодæхтæ баст куы уа, уæд.

Поэт Тедеты Ефим кæддæриддæр йæ дзырдæн зыдта æрæвæрæн. Йæ тæккæ тыхыл, йæ тæккæ бадтзондыл куы уыдис, уæд æвдайæм азты æмбисы фыста: «Топпæн йæ мæнгæхст дæр хæхты – тæссаг».

Афтæ у дзырд дæр. Куыд зонæм, афтæмæй дзырдæн Дзодзийы дурау авд æвæрæны ис. Æмæ йын йæ ‘рæвæрынмæ куынæ сарæхсæм, уæд, кæдæм ныццæвдзæнис, уый ничи зоны. Уымæн акæнæм: «Дурæхсын чи нæ зоны, уый дзы йæ фæскъæбут цæвы». Ефим уымæн тыхсы топпы мæнг гæрахыл дæр: «Уымæй йæ хуыкком ныууадзы сæлавыр, Дзидзи даргæйæ дзы фестъæлфы саг».

Æрдзысконд, дунескондæн йæхи барæнтæ ис. Уыдон куы фехæлой, уæд цард хæлы. Æмæ йæм нæй галиу зæрдæ æмæ сындзкъухæй æвналæн. Нæй йæ зыгъуыммæгæнæн. Уæд нæ цард царды ад кæй нал кæндзæнис. Хуры цæст нæм арвæй нал æрттивдзæн. Уымæн нæ фæдзæхсы поэт:

Хæхты бæрзонд рæнхъ хæрдмæ цыд кæм фæци, –
Хъазæн фæз сычъитæн сарæзта æрдз:
Раскъæрынц æмæ ныццæвынц кæрæдз,
Кæмтты ныннæры сæ сыкъаты къæрцц.
Уалдзæг…
Дзæгъæл митæн бар нæй æппындæр,
А хæххон дунетæ ма ‘нхъæл къуытты,
Дагъы дзыгъуыр зымтæ уадзынц лæппынтæ,

[1] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 7 ф.

Даргъкъах хуыргæрчытæ бадынц къуырттыл…
Арвы ныртти вын, йæ сæртæг гæрæхтыл –
Хæхтæ куы нынкъусы тулгæ къæдзæх,
Уыдоныл фæзтæ ‘мæ цъитиджын рæгътыл
Авдæны зарæгау сахуыр ис зæхх.

Æмæ бæргæ А. Пушкины хъуыдымæ гæсгæ: «Кто жил и мыслил, тот не может В душе не презирать людей…»,[1] – фæлæ Ефимы хъуыдымæ гæсгæ адæймаджы фыццаг æмбæлы бафæдзæхсын. Дæ къух ыл æвиппайд сис, уый йæхæдæг фыдракæнд у. Тедейы-фырт хъуыды алкæмæн дæр хурæргом у: «Уый у нæ Райгуырæн» æмæ «топпы нæмыгимæ фидауæн нæй», «балцы транзистртæ сæхгæнут», цæмæй æрдзы ма фæлмæцын кæнæм æмæ нын нæ зæрдæты фаг дара сыгъдæг уæлдæф.

Курын, мæ уайдзæфтæ ма ‘нхъæлут бафхæрд,
Æрдз у нæ зæрдæ, – зæгъон æй æххæст, –
Æмæ куыд аудæм зæрдæтыл мах дæр,
Афтæ нын фиддзысты цардæй нæ хæс.
(«Фæдзæхст дуне»)

Бонзонгæ, æмбаргæ ныхас. Æмæ Ефим уыцы зондахаст рахаста йæ фыццаг поэтикон къахдзæфтæй. Æмбаргæ, раппæлинаг ныхас ын фыдæлты гакк у.[2] Фæлæ аивад, уæддæр, йæхи уон фæдомы æмæ поэт уыцы зондамынд аивады хуызы, ома, поэтиконæй куы аныв кодтаид, уæд та рауадаид ноджы хуыздæр æмæ зæрдæмæдзæугæдæр.

Тедеты Уасилы фырт Ефим райгуырдис 1929-æм азы, хуымгæнæны мæйы 10-æм бон, Ирыстоны хуссар хайы, Хъорсеуы хъæуы зæхкусæг бинонты ‘хсæн. Скъолайы дæр ахуыр кодта Хуссар Ирыстоны. Æмæ Къоста

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975. – 24 ф.
[2] Т е т д з о й т ы Т. Сфæлдыстадон фæндагыл / Рæстдзинад, 1989. – 11 май.

бæргæ фæдзæхста: «Адæмæн зæхх у сæ дарæг…»,[1] – фæлæ зæхх, уæлдайдæр, кусынæнбæзгæ зæхх, фаг кæм нæй, уым зæрдæзæгъгæ цард арвæй никуы æруардзæнис адæмæн.

Ирыстоны хуссар хайы уæды дуджы кусынæнбæзгæ зæхх фаг нæ уыдис. Адæмы æддейæ æрласгæ хойрагæй бафсадынæн нæ амыдтой царды фадæттæ. Стæй æддейæ дæр сæ бæркад ракæл-ракæл никæмæн кодта. Афтæмæй адæм удхарæй мардысты æмæ Ефимы ныййарджытæ, фадат куы фæцис, уæд хуыздæр цардæнхъæл сæхи аппæрстой Ирыстоны цæгат хаймæ 1949-æм азы æмæ æрцардысты Тарскъæйы хъæуы.

Æвзонг лæппуйы царды уавæртæ, йæ авналæнтæ чысыл фæхуыздæр сты. Ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ. Каст фæцис историон-педагогон факультет 1953-æм азы æмæ æрлæууын фæллойы фæндагыл.

Æниу, Тедейы-фыртæн цæргæ-цæрæнбонты кæд нæ уыд куысты, фæллойы рæстæг. Куысты ад йæ сабибонтæй бавзæрста, уæддæр йе ‘цæг царды сæр æрлæууыд хъæууон скъолайы ахуыргæнæджы, хъомылгæнæджы куыст куы райдыдта, уæд. Хъæууон скъолайы фæстæ уыдис Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы зонадон кусæг.

Фæлæ æвзонг лæппуйæн йæ сæнтты, йæ фынты æппынæдзух йæ зæрдæ дзырдта поэзиимæ, уый тыххæй раивта, йæ зæрдæйæн æнцондæр кæм уыдис, литературон архайды уавæртæн йæ авналæнтæ уæрæхдæр кæм уыдысты, ахæм куыстмæ – Цæгат Ирыстоны уæды Фыдджыты цæдисмæ æмæ 1978-æм азæй 1989-æм азмæ, цалынмæ пенсийы нæ ацыд, уæдмæ куыста литературон консультантæй. Йæ поэтикон фæлтæрддзинадыл ахуыр кодта райдайгæ æвзонг фыдджыты. Æххуыс сын кодта, цæмæй фæхæст уыдаиккой аивады сусæгдзинæдтыл, куыд фыдджытæ, афтæ сбадтаиккой сæ гаччы æмæ сын мыхуырмæ байгом уыдаиккой фæндæгтæ.

Тедеты Ефим литературон куыст кодта рагæвзонджы бонтæй. Фæлæ йе ‘мдзæвгæтæ æппæты фыццаг рухс федтой 1947-æм азы журнал

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 24 ф.

«Фидиуæджы». Уыйфæстæ йæ уацмыстæ мыхуыр кæнын райдыдта журнал «Мах дуджы», афтæ – газетты фæрстыл. Поэты тых ис йе ′ргом дзырды:

Комкоммæ дзырд бирæтæн тæрхон у.
Сайæн куыст, цæстмæ митæ – мæ рын.
Царды мидæг ахсджиагдæр хонын
Адæмты 'хсæн растудæй цæрын.
Мадзура дæн – мæргътимæ куыд тæхон?
Бирæ 'нхъæлы, бадомдта мæ мæт,
Фæлæ иугæр худæн дзырд куы зæгъон,
Рисдзысты дæ артæнбынтæ уæд.
Алкæуыл мæ уды хъарм ныхасын,
Хорз фысым – кæрдзын æмæ цæххæй.
Цин мын цин у, зианы бон æрхæссын
Уæлмæрдæй мæ уæхсчытæ цъæхæй.
. . . . . .
Афтæмæй куы бацæуын мæрдадзы,
Уæд вæййы цæссыгджындæр мæ куыд.
Зарынмæ куы ралæууы мæ афон, –
Хистæр загъта: сидты бар у дæу.
Æз, мæ хур, куы ныззарон, куы скафон,
Уæд мæ фæстæ 'нцон ныззарæн нæу.

Уыцы азты тыххæй Джусойты Нафи афтæ зæгъы: «Чизоны, хуыздæр уыдаид, æппындæр куынæ зыдтаин хæсты размæ азты ирон поэзийы бирæ гыбаргыбургæнаг рæнхъытæ æмæ сентименталон, мæнг пафосæй фыст лирикон æмдзæвгæтæ. Науæд, уыдон фæзмгæйæ, уыдон поэтикон авторитетыл æууæндгæйæ, фыстон дунейы политикон проблемæтыл хуымæтæджы газетон койтæ».[1] Фæлæ уæды дуджы сфæлдыстадон куысты

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 10 – 11 ф.

райдайæны уымæн æндæргæнæн нæ уыд. Æвзонг адæймаг цы уыны, уый фæзмы. Æмæ уыцы «гыбаргыбургæнаг рæнхъытæ æмæ сентименталон, мæнг» пафос литературæйы алы ногдзауыл дæр æвæрдта йæ гакк. Сæйраг сты, адæймагæн йæ хъуыдыйы чи сфыцынц, йæхи уды арфæй чи райгуырынц, йæ зæрдæйы хуызтæ кæм рарттивынц, ахæм уацмыстæ. Уыдон имæйагадæмон вæййынц. О. Саривелли Къостайæ уымæн загъта: «…воспев печали, радости и героизм своего народа, поэт… воспевал печали, радости и героизм всех народов».[1] Тедейы-фырт тырны йе ‘мрæстæгоны адæймаджы туджыцæф æрцахсынмæ. Уый дзæвгар æмдзæвгæты йæ къухы æфты.

Афтæмæй Ефимы фыццаг поэтикон æмбырдгонд «Æмдзæвгæтæ» ныммыхуыр 1958-æм азы Цæгат Ирыстоны чингуыты рауагъдады. Æмæ кæд йæ поэтикон хъæлæс нæма сфидар, уæддæр, йæ алыварсуæвæг поэттау, зæрдæбынæй зарыд фæллойыл, патриотизмыл, уарзтыл… Бирæ æмдзæвгæты-иу фæзмыдта йæ размæуæвæг поэты, уæддæр ыл фæзынд, йæ зæрдæмæ хæстæг кæй сты æмбæстагон темæтæ. Уый зын, фæлæ кады хъуыддаг у.

Хъайтыхъты Азæмæт зæгъы: «Тедеты Ефимы поэтикон сагъæсты ахады æхсæнадон царды активон архайд. Уый цард æмæ адæймаджы амонды сæрыл бацæуы лæгæй-лæгмæ тохы».[2] Æмæ уæд æргомæй разыны, поэт цæмæ тырны, йæ царды нысанмæ куыд цæуы æмæ, йæ разы цы хæс æвæры, уый куыд æххæст кæны. Афтæмæй уыцы темæты ирддæрæй разыны поэти позици цардмæ, æмткæй аивады кусæджы сфæлдыстадон фæндаг.

Федтон диссаг: иу хур боны
Арвы рухс дуар фегом.
Расырдтой дзы урс бæлоны
Сау цæргæстæ – федтон…

Ферттывтой сæ туг-цæстытæ,

[1] Х е т а г у р о в К о с т а. Завещание. – Владикавказ, 2014. – 38 ф.
[2] Х ъ а й т ы А з æ м æ т. Йе сфæлдыстады ирдæй зыны цардфидаргæнæг тых / Рæстдзинад, 2014. – 24 апрель.

Аркъæттау – сæ ныхтæ,
Афтæмæй йæм удхæсджытæ
Сарæзтой сæ тыхтæ.

Гъæйтт! Фæцæйхауд сæрсæфæнмæ
Бæлон хæхты фæхстыл,
Удаистæй стахтис æмæ
Абадти мæ уæхскыл.

(«Арвы дуар»)

Бæлоны сау цæргæстæ кæнæ сау хъæрццыгъатæ расырдтой, уый нæ дæр ног у, нæ дæр диссаг – уыдæттæ æрвыл уысм дæр цæуынц; фæлæ поэзии ис, бæлон кæй стахт æмæ поэты уæхскыл кæй абадт, уым.

Ефим сфæлдыстадмæ уыцы поэтикон фæзилæн, – дзур цыдæр хабарыл, стæй йын кæронæй араз резюме, – æмхиц у. Поэтикон аивады мæнæ-мæнæ не ‘рттивы, уæлдайдæр, арæх куы цæуа фæлхат, уæддæр дзы йæ къухы бафты æнтыст. Йе ‘мдзæвгæ «Арты фарсмæ»-йы уыцы дзæбæх «Арты къæрцц-къæрцц хъуысы, – Сугты лыг кæрæттæй Доны урс фынк сысы», «зардæй Сыгъдæг уæлдæф ризы. Стыр цæхæры радæй Хъуыдыдытæ тъизынц… Тæвд фæныкæй хъуысынц Картофты гæрæхтæ…», – фæлæ, пейзаж цардимæ бæттыны тыххæй уайтагъд ахызт, фæллойы адæм кæй стæм æмæ кæй зонæм: «Конд кæй вæййы хойраг Хуры зæлдаг тынтæй», «Стæй лæджы хъуыдытæй». Ахæм философон фæзилæн поэзийы дæр цæуы бирæты зæрдæмæ, уыдонимæ Хъайтыхъты Азæмæт,[1] Едзойты О.[2] æмæ æнд.

Тедеты Ефим бирæ чингуыты автор у: «Цæрæнбоны зарæг» (1968), «Фарн уæм бадзурæд» (1972), «Фæдзæхст дуне» (1979), «Урс доны былыл сау фæрдыг» (1983), «Кадæггæнæг» (1987), «Хæхты дзæнгæрæг» (1989), «Арвы дуар» (1998), «Арвы фæрдгуытæ» (2009) æмæ æнд.

[1] Х ъ а й т ы х ъ т ы А з æ м æ т. Рацæут ма Зилахары фæзмæ / Рæстдзинад, 2004. – 19 май.
[2] Е д з о е в а О. Жизнеутверждающая сила слова / Владикавказ, 2009. – 15 апрель.

УЫДИС ЫН, ЦЫ ЗАГЪТАИД, УЫЙ

Ирон нывæфтыд литературæ, ирон адæмæн зæрдæбын лæггад чи кодта, тынг бирæ рæсугъд хъуыддæгтæ скæнынмæ сын чи хъавыд, ænæмæнг уыдонмæ хауы курдиатджын поэт, тæлмацгæнæг, литературон критик æмæ публицист Гаджиты Георги.

Удхæссæг хивæнд æмæ æгъатыр у – нæ хатыр зоны, нæ тæригъæд. Саудзыдзыдайæ рацæуы æмæ, йæ арм кæуыл фæхæст вæййы, уый, хур кæм нæ кæсы, уыцы дунемæ аскъæфы. Афтæмæй йæ ныхмæ стохгæнæн нæй: «Йæ хъысмæт афтæ уыдис», – дын зæгъдзæнис. Æмæ уыцы фыдхъысмæты азарæй цас æмæ цас ирон æдзард кæнæ, сæ тæккæ сфæлдыстадон хъаруйыл чи уыдысты, афтæмæй цас бабын! Цыма Къостайы пахуымпар дзырд æххæст кæнæм: «Фыдæлтæй нын баззад Зæйы сæфтæн рад»[1] («Зымæг»). Георги дæр хауы, сæ аив дзырд нын хæрз æвзонгæц чи бауарзын кодтой, афтæмæй нæ сæ мæгуыр удты номæй фыдæнхъæл чи фæкодтой, уыцы æдзардтæм.

Гаджиты Барисы фырт Георги райгуырд 1932-æм азы, кæрдæджы мæйы 20-æм бон, Ирыстоны цæгат хайы Къардиуыхъæуы (Кирово). Йæ райгуырæн боныл хъуыдыгæнгæйæ, йæ мад ын афтæ кæй дзырдта, «кæрдæгхæссæны, дам, райгуырдтæ», уый охыл дзургæйæ поэт фæстæдæр йæ фидæныл куы сагъæс кодта, йæ хъысмæтæй йын лæвæрд цы уыдис, уый базонын æй куы фæндыд, уæд зæгъдзæнис:

Кæсынц мæм Иры хæхтæ аргъау –
Цы мын ысныв кодта хъысмæт? –
Сывылдзау калдзынæн фæздæг
Æви æз судздзынæн цырагъау?..
(«Кæрдæгхæссæн»)

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 131 ф.

Æвзонг лæппу йæ сабибонтæ арвыста йæ райгуырæн хъæуы. Чиныджы кæсын æмæ фыссын уым базыдта. Астæуккаг ахуырад куы райста, уæд ссис студент æмæ 1949 – 1954-æм азты ахуыр кодта Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институты. Каст æй фæцис æнтысгæйæ æмæ Ирыстонмæ, Дзæуджыхъæумæ, сырыздæхт цæттæ поэтæй.

Фæлæ уæддæр йæ ахуыр нæ ныууагъта. Бацыд ЦИЗИИ-ы аспирантурæмæ. Куыста журнал «Мах дуджы» критикæ æмæ библиографийы хайады сæргълæууæгæй, Цæгат Ирыстоны музыкалон-драмон театры литературон хайады сæргълæууæгæй, Цæгат Ирыстоны Фыдджыты цæдисы литконсультантæй, стæй та – бæрнон нымæрдарæй. «Уыд цæстуарзон æмæ æргомныхас. Зæрдиагæй æххуыс кодта æрыгон райдайгæ автортæн»,[1] – зæгъы уæды поэзийы ногдзау, ныр – литературон критик æмæ ахуыргонд Хозиты Барис. Æмæ цæстмæ ныхас нæ кæны, мыййаг. Уыцы миниуджытæ Георгийæн йæ туджы уыдысты:

Афтæ ма 'нхъæл маст исынмæ 'мхиц дæн, –
Уæд мæ риуы атонæд мæ маст.
Чи скæндзæнис барæй знаг йæхицæн,
Чи схондзæн æнæраст лæджы раст?

Фæлæ дыл куы фæхуда мæ зæрдæ,
Хорз лæгæй куы зæгъай ды «æвзæр»,
Уæд мæрдтæй дæр сыстдзынæн фæстæмæ,
Æмæ мын уæд сар кæны дæ сæр!
(«Афтæ ма 'нхъæл, маст исынмæ 'мхиц дæн»)

Æвзонг, æргомдзырд фыссæг бирæ сфæлдыстадон æмæ цардуагон фæндтæ нывæста. Æрмæст йæхи тыххæй нæ, ирон аив литературæйы райрæзты сæрвæлтау. Уыдис æм хъару, хотыхджын уыд зонды æмæ зонады

[1] Х о з и т ы Б а р и с. Курдиаты æнæахуысгæ цæхæр / Рæстдзинад, 2012. – 23 май.

тыхæй, фæлæ хъысмæт, уæддæр, йæхион бакодта. Гаджиты Георги цардæй, ирон литературæйæ фæхъуыд 1985-æм азы, æртхъирæны мæйы 3-æм бон.

Георги ирон поэзимæ æрбацыд æвзонг лæппуйæ. Йæ фыццаг поэтикон фæлварæнтæ йе сфæлдыстадон куысты райдайæны ныммыхуыр сты районон газет «Размæ»-йы цыппорæм азты кæрон. Фæлæ литературон куыстмæ бындуронæй æрæвнæлдта 1954-æм азы. «Ирыстоны Цæгат æмæ Хуссары газеттæ æмæ журналты йе ‘мдзæвгæтæ зынын райдыдтой арæхæй-арæхдæр. Бирæтæ дзы уыцы азты дæр уырыссаг æвзагмæ тæлмацæй мыхуыр цыдысты централон газеттæ – «Советская Россия», «Комсомольская правда», «Литературная газета», журналтæ «Дружба народов», «Смена», «Молодая гвардия»-йы».[1] Æвзонджы бонты ахæм æнтыст æвзонг поэтыл фæсадзы æнæуынгæ базыртæ. Исы йæ бæрзонд. Кæны йæ куыстхъом. Нал фæзоны, фæллад цы у, уый. Æмæ Гаджийы-фыртыл хæрз æвзонгæй аныдзæвд поэзийы маргъы уыцы сис. Йæ дзырд уыд хъуыддагыл, зæрдæмæдзæугæ:

Ныр дæр мæ хъысмæтыл фæстохау
Зыны бæзджын фæздæджы тæлм,
Æмæ мæ зæрдæйы фыдохау
Æнусы рис æвæры фæлм.

Фæлæ мæм фæззæджы нысæнттæ
Куы схудынц сабийау рæсугъд,
Уæд цинæй рацæйтоны зæрдæ,
Æмæ ныззæлланг кæны уд.
(«Лыстæг, æнæбазыр хъуыддæгты…»)

Уæд фæсивæдмæ сæйраджы кастысты ахæм цæстæнгасæй: «Главное в эстетическом воспитании – это усвоение основных принципов марксистско-ленинской эстетики, формирование художественных вкусов, приобщение к

[1] К о л л е к т и в а в т о р о в. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992. – 290 ф.

лучшим достижениям социалистической и мировой культуры, раскрытие способностей и дарований»,[1] – дзырдта Советон Цæдисы æппæт фæскомцæдисы ЦК-ы нымæрдар Л. Матвеев.

Георгийы поэзи дзуапп лæвæрдта дуджы домæнтæн. Æрмæст йæ зæрдæйы рыст æмæ уарзт нæ дзырдта, фæлæ йе ‘взаджы алгъыл уыдысты йæ адæмы дзуринæгтæ дæр. Чиныгкæсæг æй уымæн уарзта. Уымæн ын кад кодта йе сфæлдыстадæн. Стæй æрмæст чиныгкæсджытæ нæ, фæлæ фæлтæрд ирон фысджытæ.[2] Стæй, æфсымæрон адæмты литературтæ дæр.[3]

Æвзонг поэты фыццаг поэтикон æмбырдгонд «Æхсæрдзæн» (1950) куы федта рухс, уæд уымæн ничи уал дызæрдыг кодта, ирон поэзимæ йæ къах кæй æрбаваердта ноджы дæр иу суинаг поэт. Уымæн æмæ сын ныв кодта сæ зæрдæты æмбæхст зæгъинæгтæ:

Царди лæг, æнæхинæй куыста,
Галиу ми, хæрамдзинад нæ барста,
Хаттæйхатт ирон арахъ нызта,
Иу чызджы йæхи уды бæрц уарзта.

Сыхæгтæ йæ «мадзура» хуыдтой,
Арæх æй бынтон дзæгъæлы фаудтой.
Йе ‘мбæлттæ «æгуыдзæг у» дзырдтой
Æмæ йæм ысгуыхтдзинад нæ ардтой.

...Иу бон байдзаг адæмæй сæ уынг:
Йе ‘мгæрттæ дзы «саг лæг уыди» загътой,
Сыхæгтæ сæ дам-думтæ нывуагътой,
Уымæн æмæ ахуыссыд йæ зынг.

(«Царди лæг, æнæхинæй куыста…»)

[1] М а т в е е в Л. И песня получилась! // Ко л л е к т и в а в т о р о в. Комсомол республики представляет. – М., 1972. – 7 ф.
[2] У р у м о в П. Первая книга стихов Г. Гагиева / Социалистическая Осетия, 1956. – 23 ноябрь.
[3] О г н е в В. У подножья Казбека / Литературная газета, 1960. – 27 август.

Георги арæхст адæймаджы зæрдæйы сусæгтæ йæ хъайтарты риуы æвæрынмæ, йæ бæллицтæ йын ныв кæнынмæ, йæ зæрдæлæууæнтæн ын аргъ кæнынмæ. «Поэты хæс у рæстæджы ристыл æргом дзурын»,[1] – дзырдта Джыккайты Шамил. Æмæ Гаджийы-фырт уыцы ахсджиаг хæсæй йæхи никуы тылиф кодта. Уыцы хæсы тыххæй-иу фæраст, хæрз сабийæ кæй фыдрыст баййæфта, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уыцы тугкалæн бонтæм. Къоста дæр ын «салдат фæцыд, Поручик Лермонтовы фарсмæ Тарасы цъæх фæхты хæцыд» («Сæрибары салдат»). Испанийы рисæй дæр сыгъд: «Цал хатты фæхъуыдтæн ме ‘мбæлтты рæнхъæй» («Зæрдæйы уылæн»). Уымæн æмæ зыдта поэт, зæрдæйæн нæй басæттæн. Йæхæдæг дæр уымæн никуы ‘взæрста над фæндæгтæ царды.[2] Поэт æмæ мады зæрдæ сæхион куынæ кæной, сæхион куынæ домой, уæд цардæн ænæрлæугæ нæй. Хæсты ænæ бæрæгæй цы хæстон фесæфт, уый мады зæрдæ йæхи риуы къултыл уымæн хойы. Æмæ йемæ риссы поэты ænæрхъæц уд дæр:

Банцад хæст. Ныссабыр и йæ хъæр…
Ферох ысты хъæубæстæй сæ ристæ…
Уарзон чызджы ракуырдта æндæр,
Буц хотæ ызнон сæ саутæ систой.

Фæлæ мад, ныййарæг мад, уæддæр
Не ‘ууæнды йæ хъæбулы мæлæтыл,
Не ‘ууæнды уый писыры гæххæттыл,
Не ‘ууæнды, кæй банцад тохы хъæр.

Бирæ ‘хсæвты не ‘рцъынд кæны цæст,
Иу бон дæр æнæ кæугæ нæ фæци.

[1] Джыккайты Шамил. Цæхх æмæ кæрдзын // Авторты коллектив. Камал. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 187 ф.
[2] Абайты Э. Æз никуы æвзæрстон над фæндæгтæ царды / Рæстдзинад, 2002. – 22 май.

А дунейыл раджы банцад хæст,
Фæлæ мадæн хæст нырма нæ фæци…
(«Мад»)

Нæй поэты æнусон хæстæн дæр фæуæн. Нæ дæр – царды, нæ дæр – йæ сæнтты. Йе сфæлдыстады. Георгийы æппынæдзух уый кодта Ирыстоны хъысмæтыл сагъæс кæнынмæ, Фыдыбæстæйы сæрхъызойты хъысмæтыл тайын æмæ ‘руайынмæ, рæстаг адæймаджы амонд кæнæ æнамондыл дзурынмæ, уарзты æнæфæугæ хъизæмæрттæм…

Æмæ сæйраг у, алы хатт дæр-иу кæй ссардта, цы загътаид, уый. Дард балцæй та куы æрыздæхт хъæмæ, Фыдыбæстæ йæм ныййарæгау худгæйæ куы каст, уæд дзы никъкъæмдзæстыг: «Фыдыбæстæ, мæ зæрдæйы куы дæ, Уæд дын, зæгъ-ма, куыд акæнон хъæбыс?!» («Фыдыбæстæ»).

Къоста Гаджийы-фыртæн сæрмагондæй ссис дзæвгар зарджыты астæумагъз. Йæ фæлтæр Къостайы кармæ кæй фæхæстæг, уый тыххæй: «Фæкъаддæр – цин, фæфылдæр – мæт» (Зæрдыл æрбалæууы Нафийы «Зын кары»[1]): «Фæлæ сæдæ куы уа нæ цард, Уæддæр Къостайау нæй ныффыссæн!» («Къостайы кар»). Къоста йын уыд дзыллæйы тырыса («Къоста»). Къоста йын уыд: «Ироны чи хоны ирон» («Къостайы фарн»)… Цыфæнды темæйыл дзырдтаид, алы хатт дæр бæрæгæй зынд йæхи æрмдзæф. Йæ пьесæ «Нæ усгур алыгъд» æрмæст Ирон музыкалон-драмтеатры сценæйыл не ‘рцыд æвæрд, фæлæ йын тыхджын æмдзæгъд кодтой Уæрæсейы бирæ театрдзаутæ. Йæ бирæ зарджытæм абон дæр адæм хъусынц зæрдиагæй.

Георгийы Нафи банымадта ивгъуыды хуыздæр литературон критиктыл.[2] Афтæ ма уыд дæсны тæлмацгæнæг дæр.

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Поэзи нæу, иууылдæр иухуызон кæм лæууынц, ахæм парад».[1] Гаджиты Георги ахæм «парады» цæуын никуы хаста йæ сæрмæ. Удæй дæр, сфæлдыстадæй дæр уыдис йæхи хуызæн.

---

[1] Джусойты Нафи. Зын кары. – Цхинвал, 1962. – 4 ф.
[2] Джусойты Нафи. Мир спасут книга и преданность идеалу справедливости / Северная Осетия, 2014. – 9 сентябрь.

ИРЫ ЗÆХХЫ УАЦАРЫ

Фыссæг Харебаты Леониды цард æмæ сфæлдыстадон фæндаджы дзæвгар хæрдтæ æмæ уырдгуытæ уыдис. Цъус зынтæ нæ бавзæрста. Йæхæдæг цæйау зæгъы: «Бинонтæ æркодтон 1957 азы æххуырст фатермæ. Уый дæр уыд ныккæнд, бынат нæ бæззыд æмæ ног фатер баххуырстон Хъайтарты уынгыл, фæстæдæр чысыл ацардтæн Ленины уынгыл æмæ та мæ бахъуыд ног фатер агурын. Æмæ та мæнæ Джапаридзейы уынгыл февзæрдыстæм æз, ме ‘мкъай æмæ мæ чысыл фырт Ацæмæз, уæдмæ фæзынд мæ дыккаг фырт Алан дæр. Чи зоны, исчи зæгъа, ома, цавæр ралидз-балидз уыд, фæлæ мæ аххос нæ уыд, уæ сывæллон, дам нæ фæлмæцын кæны, ома, кæуаг у…»[2]

Уæддæр, кæуыл бацин кодтаид, йæ уыцы хъуыддæгтæ цъус нæ уыдысты. Æмæ адæймаг уыдон фарнæй фæцæры æмæ фæцæуы размæ. Уæлдайдæр, сфæлдыстадон кусæг. Æмæ Леонид, йæ бон куыд у, афтæ йæ фыссæн сисæй лæггад кæны Ирыстонæн, ирон адæм æмæ ирон литературæйæн. Йæ фæндаджы райдайæны дзы зынгæ ирон поэт Бестауты Гиуæрги афтæ уымæн загъта: «Кубæйаг стыр фыссæг – поэт Николос Гилен иу ран фыссы: «Æнæбон мæм кæсы манифест æмæ программæйы мидис лирикæйы радæттын чи нæ фæразы, ахæм поэт». Леонид, æвæццæгæн, ахæмтæй нæу. Ууыл дзурæг у йæ аив æмдзæвгæ «Куыройгæсы зарæг».[3]

Харебаты Петрейы фырт Леонид райгуырдис 1932-æм азы цыппурсы мæйы 12-æм бон Къахеты, Лагодехы районы Хуыцъейы хъæуы зæхкусæг бинонты ‘хсæн. Йæ фыдæлтæ уырдæм хуыздæр цардæнхъæл алыгъдысты, фæлæ сæ зæрдæ уадиссаг ницæмæй барухс. Фыдыбæстæй иппæрд адæм сыгъзæринæй цы зæххытæ балхæдтой, уыдоныл дидинæг не ‘фтыдтой. Леонид дæр мадæй хæрз сабийæ баззад сидзæрæй. Фыд дыккаг ус æркодта, фæлæ йæхицæн дæр рацæрын нæ бантыст, фæхъуыд хæрз æвзонгæй – 41-аздзыдæй. Фидæны фыссæг сабийæ фæцух мад æмæ фыды уарзтæй, уыд хиуæтты æвджид. Куы – … «фырæфсæст» дзы нæ уыдис, фырæстонг дæ

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 109 ф.
[2] Харебаты Леонид. Мæ уды хуызтæ. – Цхинвал, 2010. – 273 ф.
[3] Бестауты Гиуæрги. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 101 ф.

уыйбæрц дæр куы хъæуид. Уæддæр ыл алы рæвдауæн дзырд сагъта базыртæ. Æвзæрын æм кодта царды монц. Йе ‘фхæрд зæрдæйыл-иу сæмбæлд хуры тын. Поэтæн йе ‘мдзæвгæ «Фæстаджы хæрзбон»-æй йæ мады æфсымæры рухс ном куы ардта, уæд уарзгæйæ уымæн загъта: «Хæрз сывæллонæй сидзæр куы баззадтæн, уæд-иу мæ мæ мады æфсымæр Джусойты Къиазо йæ уæрагыл сæвæрдта æмæ-иу мæ аргъæуттыл ирхæфста».[1]

Фидæны фыссæджы кæд йæ фадат нæ амыдта, уæддæр зындзинæдты ныхмæ ныллæууыд фидарæй æмæ сын нæ куымдта асæттын. Йæ фадæттæ йæ куыд амыдтой, афтæ йæ уд радта чиныгмæ. Гуырдзы Къахеты цæрæг адæмæн нæ мадæлон æвзагыл ахуыр кæныны бар кæй нæ лæвæрдтой, уый тыххæй астæуккаг скъола каст фæцис гуырдзиаг æвзагыл. Уæддæр æй йæ мадæлон æвзаджы уарзт йæхимæ тынгдæр ælвæста. Йæ мады æхсыримæ фыццаг уый ахъардта йæ туджы, йæ уды уый тæлфыд. Поэзи йыл йæхимæ куыд тынгдæр хæцыд, афтæ йыл мадæлон æвзаджы уарзт йæ Фыдызæххырдæм æнцад тынгæй-тынгдæр. Сæрыстырæй уымæн загъта «Ирыстон»-ы:

Æз Къахетмæ дæ ном хъуыстон мæ фыдæлтæй
Æмæ-иу мыл арт сирвæзтис, уæд цины арт.
О, хурджын Ир, фыдæлты зæхх, фыдæлты къуым,
Æрхастон дæм, цæджджинагау, æхсидгæ уарзт!

(«Ирыстон»)

Ахæм уарзтæй чи уарза йæ фыдæлты зæхх, уый дзы, гæнæн уæвгæйæ никуы фæиппæрд уыдзæнис æмæ уыцы æхсидгæ уарзтимæ бацыд 1952-æм азы Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологон факультеты ирон æвзаг æмæ литературæйы хайадмæ ахуыр кæнынмæ. Каст æй куы фæцис, уæд 1962-æм азмæ куыста ахуыргæнæгæй. Стæй рахызт мыхуыры куыстмæ. Дæс азы бæрц уыд газет «Советон Ирыстон»-ы редакцийы, сырæзт бæрнон нымæрдары хæдивæджы онг. Уыйфæстæ куыста

[1] Харебаты Леонид. Сыгъдысты зæрдæтæ. – Цхинвал, 1983. – 5 ф.

типографы директорæй, чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-ы редакторæй, стæй йæ акодтой Хуссар Ирыстоны драмон театры директорæй. Фæстæдæр раивта рауагъдады сæйраг редакторы бынатмæ, 1992-æм азы та ссис йæ директор. Уыд газет «Хурзæрин»-ы сæйраг редактор, стæй – Республикæ Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг. У культурæйы сгуыхт кусæг. Хицæн рæстæджыты хорзæхджын æрцыд майдан æмæ Кады грамотæтæй… йæ райгуырдыл 70 азы юбилеймæ райста РХИ-йы орден «Кады нысан».

Леонидæн йæ поэтикон дзуринæгтæ сæйраджы раргом сты йæ фыццаг æмдзæвгæты æмбырдгæндт «Æхсæрдзæн» (1961) æмæ «Мæ уарзт»-ы (1964). Ирон чиыгкæсæджы зæрдæмæ уыдон фæрцы ссардта фæндаг. Стыр уырыссаг критик В.Белинский афтæ кæй загъта: «Книга есть жизнь нашего времени»,[1] – уымæй тынг раст уыдис. Чиныг адæмы цард æвдисæг куы уа, уæд æм фæлтæртæ иу æмæ дыууæ хатты нæ æрыздæхынц. Æвзонг поэт уымæн бацархайдта, дæс азы бæрц цы сфæлдыстадон куыст фæкодта, уым йæ къухы зæрдæзæгъгæйæ цы бафтыд, уыдон иу æмбырдгондмæ æркæныныл, адæмы рæгъмæ сæ рахæссыныл. Уый фæстæ дзæвгар чингуыты автор баци.

Харебайы фырт не ‘фсæды йæ Фыдыбæстæйы рæсугъддзинадмæ кæсынæй. Цин ыл кæны, æмæ йемæ цин кæны ирон чиныгкæсæг дæр:

Цомут мемæ, Дзауы кæмтты
Дидинджытæ ‘ртонæм!
Мах нæ уарзон къуымæй хуыздæр
Иу ран дæр нæ зонæм!

Акæсут-ма хуссарвæрстæм,
Гауызтау æрттивынц.
Акæсут-ма зад быдыртæм,
Цæсты тигътæ исынц.

[1] Б е л и н с к и й В. Г. Полн. соб. соч. Т. 4. – М., 1954. 85 ф.

Цомут æмæ хохаг лæгæн
Акувæм нæ сæрæй
Ма раздæхут, – худинаг у, –
Хæдзары къæсæрæй.[1]
(«Мæ хæлæрттæм»)

Фыццаг дыууæ строфæйы рæсугъддзинадыл рæзын цæмæннæ уал бауагъта йæ уацмысы поэт, цæмæн рахызт фæндаджы хабæрттæм, уый йæхи хъуыддаг у. Фæлæ æрдзы рæсугъд нывтæ «цæсты тигътæ исынц». Уыимæ æмдзæвгæйы æвзонг поэты æнтыстыл æнæмæнг дзурæг уыдис, дзырдтæ, рæнхъытæ, хъуыдыйæдты йæ уацмысмæ тыхласт кæй нæ кодта, се ‘рдзон æгъдауæй йæм кæй цыдысты.

Иугæр афтæ у, уæд æмдзæвгæйæ æнæтыхласгæ, сæхихъæдæй цæуынц адæймаджы цардмæ дæр. Цæуынц æм ныфсхастæй, барджынæй. Цæуынц æм хи туг æмæ стæгау. Цæуынц æм хионау.

Уый у поэты, уæлдайдæр, æвзонг поэты æнтыстыл хурæргом дзурæг. Æвдисы йын йе ‘рдзон курдиат.

Леонид, поэтыл куыд æмбæлы, афтæ не ‘фсæды йæ Фыдыбæстæйы рæсугъддзинадмæ кæсынæй. Цин кæны æмæ йемæ цин кæны чиныгкæсæг: «Куыд рæсугъд дæ, куыд гауызхуыз, куыд хурæнгæс? Нæ дæ ‘взарын – зæхх дæ æви сырх арвырон!» Кænæ: «Мæ зæрдæйыл зæйтæ рацыд, цины зæйтæ, Фыды уæзæг, мæ Ирыстон, дæ буц фендæй. Кæм ма уыдзæн, дæуау рæсугъд, дæуау адджын Ирон лæгæн æндæр бæстæ, зæгъут мын æй?!» («Ирыстон»).

Леониды дзуринæгтæн сæ сæйраджы сæйраг уыд æмæ у Фыдызæхх. Æгæрыстæмæй йын йæхи кæны цагъар. Куысты фæллад кæй нæ зоны, æрмæстдæр æй уый ирвæзын кæны («Æз дæ цагъар дæн, Ирыстон»).

Йæ Фыдыбæстæйыл уæлæхох чи нæ кæны, хъæбулы уарзтæй йæ чи уарзы, хъæбулы лæггад ын чи кæны, уымæ амонд æнæмæнг бахуды йæ мидбылты. Леониды хъысмæтæй фæцис уыцы амонд, цæмæй йæ фыдæлты зæххы хъарм

[1] Харебаты Леонид. Æхсæрдзæн. – Сталинир, 1961. – 9 ф.

банкъардтаид ногæй. Йæ фыдæлтæ цардæнхъæл хауæггаг кæмæн фесты, фæстæмæ йæм æрыздæхынмæ сæ былты цъæрттæ чи хордтой æмæ сæ фæдон кæмæ æрцыд, уыцы Фыдызæхх ын у æппæтæй зынаргъдæр – «Дзырдтон: мæ фыдызæххыл ногæй Кæндзынæн хуым, кæндзынæн хуым. Мæ цин мын риуыл арт æфтыдта. Мæ зæрдæйæн йæ худын цыд. Æз хъуыстон хæхты джис-хъус дзурын: «Нæ фырт æрцыд, нæ фырт æрцыд!» («Фыдызæхх»).

Æмдзæвгæйы сæйраг хорздзинад уый у, йæ фыдæлты уæзæгмæ, ногæй дзы билцъ ауадзынмæ кæй æрыздæхт: «кæндзынæн хуым, кæндзынæн хуым», хæхтæн æрмæст йæхæдæг нæ, фæлæ хъуамæ йæ «туджы цъыртт ысуа сæ уарт». Æмдзæвгæйы уый у сæйраг, ногæй та фыдæлты зæххыл ахæм хъуыдыимæ уый тыххæй скодта арт.

Поэты бæллиц у, «хуры тынтау, хæхтыл амонд тауын». Лирикон хъайтар йæ Фыдызæххæн уымæн уырнын кæны: «Уарзын, мыдыбындзау, Иры чыргъæдмæ мыд хæссын» («Уарзын»); «Æз дæ къæбицмæ, Кусæг цъæх мæлдзыгау, Алхатт хæсдзынæн Æргъом» («Ирыстон»).

Алчи дæр зоны, цард фæллойы фæрцы кæй рæзы, фæлæ алкæй нæ фæнды йæхи фæлмæцын кæнын. Аивады кусæг æппынæдзух куысты лæуд куынæ уа, йæ хъуыдыйы фæрцы йæ зæрдæйы арф æвæрæнтæм куынæ æвнала, уæд йæ къухы ницы бафтдзæн. «Æхсæрдзæн»-ы тыххæй Бестау уымæн загъта: «Æмбырдгонды хуыздæр миниуджытæн сæ иу у йæ цардбæллон зæрдæйы уаг. Поэт уарзы цард, хуры рухс, дидинджыты мидбылхудт. Дуджы иумæйаг комулæфт, советон адæймаджы хъæлдзæг зæрдæйы уаг фылдæр хатт фæзыны йæ поэтикон ахорæнтыл, ратты сын цардхъом хуыз».[1] Адæймаг йæ ныхасыл йæхæдæг куы ‘ууæнда, уæд æм исчи дæр æрыхъусы. Æртындæс коммунарæн 1920-æм азы нæ цыфыддæр знæгтæ Згъудеры къуылдымыл сæ хуры рухс куы ахуыссын кодтой, уæд Ирыстоны мады зæрдæ фæцис æртындæс цæфы. Арв ыл æрталынг æртындæс хатты.

Поэты Ирыстоны уарзт дзурын кодта гуырдзиаг-ирон хæсты рæстæджы, гуырдзиаг адæм ирон адæмæн цы фыддзинæдтæ арæзтой, уыдон ныхмæ дæр.

[1] Бе с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 99 ф.

Æмæ æнæсдзургæ цы уыдис, уыдон æнахъинон митæм кæсгæйæ. Æрмæст, сæ ныхмæ чи лæууы, Ирыстонмæ сæ чи нæ уагъта, уыцы хæстонты нæ мардтой. Ирон у: саби уа æви зæронд, нæлгоймаг уа æви сылгоймаг – мардтой алкæй дæр. Поэты зæрдæ баризын кодта, гуырдзиаг куыйдзых Цхинвалы районы Хелцуайы цæрæг зæронд усы къухыл сыгъзæрин къухдарæн куы ауыдта, уæд æм куыд фæлæбурдта: æфтауын ын куыннæ куымдта, уæд æнгуылдз куыд ахауын кодта. Уый тыххæй фæрсы лæгмары мады дисгæнгæ, ома, ау, ахæм тугхор мады гуыбыны сæвзæрд: «Дзидзи йын искуы дардтай?»; «Ныр цы къухдарæн бакæныс, – Никуы дæ судзы й'азар?! Цал дæм æрхаста ахæмтæ, Цалæй дзы кæныс базар?» («Къухдарæн»).

Амонды, стыр амонды хъуыддаг у раттæг адæм, Фыдызæхх, фарны уацары уæвын. Бирæ уарзын чи зоны, уымæн йе 'нæуынондзинад дæр бирæ вæййы. Ирыстоныл сайдæй чи цæуы, йæхи дзыппы, йæ гуыбыны цæстæй йæм чи кæсы, ироны сæфтмæ чи бæллы, «Нæ, æз дæуæй лæгдæр дæн!» – чи хъæр кæны, уыдон, æгæрыстæмæй, поэтæн йæ ахсджиæгтæ куы уой, уæддæр сæм уымæн кæсы æнæуынон цæстæй: «Чи куыдз у, чи хæрæг, чи слæууыд къахыл?! Уайтагъд ын арф ингæн райдайæм къахын…(«Мах хуызæн»).

Æмбæстагон темæйыл фыст уацмыстæ чиныгкæсджыты зæрдæтæм иууыл тынгдæр цæй тыххæй фæарынц фæндаг, уыдонæй иу миниуæг у, адæймаджы уды рис аивады хуызы кæй равдисы йæхи, уый. Фыссæг æнахъом сабийæ кæй фæцух мады, стæй та фыды рæвдыдæй, уый йæ зæрдæйы баззад æргом хъæдгомы хуызæнæй. Æвæццæгæн, иу æмæ дыууæ хатты нæ кастис хæлæггæнгæ, йе 'мкарæнтыл-иу сæ ныййарджытæ куыд узæлыдысты. Уый йын ноджы ныхылдта йæ зæрдæйы хъæдгоммæ, мысыд йæ мад æмæ йæ фыды. Сæ уарзт йæ риуы сыгъд, артыл дымгæ куыд ныдзæва, уыйау. Кæй зæрдæ нæ бангæстæ уыдзæнис «Мад» кæнæ «Фын» кæсгæйæ.

Фыссæджы сфæлдыстады аккаг бынат бацахстой йæ романтæ «Уарзт æмæ денджыз», «Сыгъдысты зæрдæтæ», стæй йæ сабитæн фыст æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, кадджытæ. Йæ уацмыстæ йын уæлдай цымыдисондæр æмæ зæрдæмæдзæугæдæр кæнынц, фæлмæн юмор дзы кæмæ хæццæ кæны, уыдон.

ÆВÆЛЛАЙГÆ ЗИУУОН

Литературæзонады алкæмæн дæр бæлвырд у, алы æцæг фыссæг дæр дзырдаивадмæ æрбацæуы йæхи хъæлæс æмæ йæхи дзуринæгтимæ. Поэт, драматург, тæлмацгæнæг, публицист Уырымты Петяйæн уыд йæхи цæстæнгас цардмæ, литературæмæ, адæммæ. Цард йæхи сагъæстæ æмæ бæллицтæй. Фæлæ уыимæ йæ цард уыдис йе ‘мдугонты цард.

Уырымты Созырыхъойы фырт Петя (Петка) райгуырд Ирыстоны цæгат хайы Алагиры сахары 1932-æм азы. Йæ райгуырæн сахары йæ хæрз сабийæ æрæййæфта Фыдыбæстæйон Стыр хæст. Йæ фыд хæсты фæмард, сæхæдæг – хæсты уацары. Æмæ поэт фæстæдæр поэзийы хуызы йæ тæригъæд хъардзæнис, йæ цъæх-цъæхид арв ыл чи ныттар кодта, йæ «саби-дуг афтæ æртæхдзыд кæрдæгыл бæгъæввадæй» кæй аххосæй азгъордта, уыдонæн; мысдзæнис йæ ивгъуыд, йæ чысыл бинонтæн, – ныййарæгæн, йæ кæстæртæн, – сабийæ «æххормаг, бæгънæгæй» кæй ссис сæ дарæг:

Мæ сабион бонтыл
Арт суагъта фыдызнаг…
Æнахъомæй радæн бындар.
Мæ тæригъæд, уастæн,
Æнустæм фæхæсса,
Мæ цъæх-цъæхид арв мыл ныттар.
Нæ чысыл бинонтæн
Ысдæн æз сæ дарæг,
Хъæддзау æмæ кауби ысдæн.
Хуымгæнæг – мæхæдæг,
Мæхæдæг – йæ тауæг.
Нæ хъæуы уыд ас лæг ыстæм.
Нæ цард мах æрвыстам
Æххормаг, бæгънæгæй,

Хуыздæр нын цы уыдис гæнæн!..

(«Мæ сабидуджы»)

Æмæ ныртæккæ, фыдбон чи нæ бавзæрста, уымæн уыдæттæ йæ цæстытыл ауайын кæнын дæр зын у. Уымæн æмæ сын бафæразæн нæй. Уæд адæм иууыл дæр ахæм уавæры кæй уыдысты, уый сæ ирвæзын кодта.

1951-æм азы Петя йæ райгуырæн сахары 2-аг астæуккаг скъола каст куы фæци, уæд йæ ахуыр адарддæр кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты историон-филологон факультеты. Уæд фæбæрæг, æвзонг лæппу кæй фæцис чиныгæн гуырд. Иста Сталины номыл стипенди. Уæлдæр ахуырад райста сырх дипломимæ. Уæд фæбæрæг, лæппу дзырдаивадæн нывонд кæй у æмæ йæхи сбаста мыхуыримæ. Йæ фæллойадон чиныг байгом фæсивæдон газет «Æрыгон коммунист»-ы редакцийы литкусæджы номимæ æмæ дзы уыд сæрыстыр.

Æвзонг, куыстуарзаг лæппу ænæхъæнæй аныгъуылд йæ куысты. «Журналистикæ æмæ литературон сфæлдыстад ссис йæ царды сæйраг хъуыддаг»,[1] – зæгъы Абайты Арбилянæ.

Адæймаг йæхи кæмæй не ‘мбæхса, йæ уд цы куыстæн нывонд кæна, уым ын æнтысы. Петя æндæр æмæ æндæр рæстæджыты æцæг цæсгомджынæй куыста газет «Рæстдзинад»-ы культурæ æмæ советон арæзтады хайадты сæргълæуджытæй. Алы хатт дæр йæ хъуыддагыл ænувыд кæй уыдис, уый тыххæй йæ фæстæмæ акодтой æмæ йæ сæвæрдтой газет «Æрыгон коммунист»-ы редакторæй. Уыд телеуынынады сæйраг редактор. Равзæрстой йæ республикæйы Журналисты цæдисы бæрнон нымæрдарæй. Æмæ алы ран дæр цыфæнды уавæрты дæр кодта ænæзæрдæхудт куыст.

Куыстуарзаг, адæмуарзаг, иузæрдыг хæлар æмæ сыгъдæгзæрдæ æмбæстаг, куырыхон адæймаг Уырымты Петяйы зæрдæ йæ кусынæй банцад, нырма йæ тæккæ куысты кары куы уыдис, уæд – 1993-æм азы, тæргæйтты мæйы 29-æм бон.

[1] А б а й т ы А р б и л я н æ. Мænæн мæ фæндыр адæймагыл зардзæн / Рæстдзинад, 2007. – 7 август.

Фælæ Петя Ирыстоны иууыл тынгдæр зындгонд уыд курдиатджын фыссæгæй. Ирон литературæйы историйы йæ фæд ныууагъта поэзийы æвæллайгæ зиууонæй. Алы хатт дæр тырныдта, цæмæй йæ поэтикон рæнхъыты бавæрдтаид йæ зæрдæ æмæ уый йæ къухы араех æфтыд:

Мигътæ, мигътæ, сау базырджын мигътæ,
Хæхтимæ гуыррыстытæй хæцут!
Ма уадзут хъуына хæцын уæ тигътыл,
Абухут хæххон дæттау, фыцут!

Фесхъиудта зынджы стъæлфæн – мæ зæрдæ,
Удæнцой нæ фæразы 'мæ стыхст.
Дымгæмæ йын байтындзут йæ тæрттæ,
Галæгон ын бавзара йæ ныфс.

Уырымты Петя ирон поэзимæ æрбацыд 1949-æм азы. Йæ фыццаг æмдзæвгæтæ мыхуыры фæзындысты уæд Алагиры районон газет «Раздзоджы». Уый фæстæ йыл чиныгкæсджытæ арæхæй-арæхдæр æмбæлдысты журнал «Мах дуг» æмæ æрыгон фысджыты иумæйаг æмбырдгæндты фæрстыл. Фælæ йæ ирон чиныгкæсæг æцæгæй базыдта æмæ бауарзта ивгъуыд æнусы 50-æм азты кæрон сабиты фыссæгæй. Йæ сабитæн аив фыст æмдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Сабиты цин» 1958-æм азы Цæгат Ирыстоны чингуыты рауагъдады хур уæд федта. Уыцы хабар ын йæхиуыл дæр базыртæ куынæ басагъта, фælæ сæйраджы-сæйраг балхæдта чысыл сабиты, æнæфыст гæххæттау, сыгъдæг зæрдæтæ.

Цæмæй афтæ уыдаид, уымæн ын уыдис бындур: «Петя бирæ уарзта сабиты, хорз зыдта рæзгæ фæлтæры психологи»,[1] – зæгъы Плиты Гацыр. Æцæгдæр, ацы чиныджы: «…проявились и знании психологии ребят, и

[1] П л и т ы Г а ц ы р. Ирон литературæйы хрестомати скъолайы кары агъонмæйы сывæллæттæн. – Цхинвал, 2010. – 131 ф.

богатый юмор, которым щедро наделялись персонажи произведений, точный, выразительный язык, легкую мелодику стиха, характерные и для последующих книг автора».[1]

Йæ курдиаты уыцы æнæхин миниуджытæ Петяйæн бæрæгæй баззадысты йæ ног чингуытæ «Хæмæт фæсырдта Зивæджы» (1962), «Уый дын диссаг» (1965), «Темыры был куыд фæзылын» (1966), «Гæды мæ фæнадта»(1973), «Хур æмæ сабитæ»(1974) æмæ æндæрты.

Æз куы слæг уон,
Дардзынæн уæд рихитæ.
Æз куы слæг уон,
Араздзынæн стыр хидтæ.

Æз куы слæг уон,
Хъултæй уæд нæ хъаздзынæн.
Æз куы слæг уон,
Хохы суæрттæй ласдзынæн:
Адæмæн æнæниз уа сæ цард.
(«Æз куы слæг уон»)

Петя литературæмæ цыд сыгъдæгзæрдæйæ, хаста йæм хъарм комулæфт, раст цыма Библийы зондамынд дардта йæ зæрдыл: «Уклониса от зла и сотвори благо».[2] Æмæ уыцы хъуыддаг бирæ поэтикон агурæнты йæ къухы æфтгæ дæр кодта. Йе сфæлдыстады тематикæ алыхуызон кæй уыдис: Ирыстоны алæмæтон æрдз ныв кæнын, адæймаджы зæрдæдзурæнтæ дзыллæйы рæгъмæ хæссын, Фыдыбæстæйон Стыр хæсты фыддзинæдтæ æвдисын, цæмæй дыккаг ахæм тугкалæнæй нæхи хизæм, мадæлон æвзаг мадау æнæлазæй бæрзонд æвæрын, нæ удты уарзты цырæгътæ судзын… –

[1] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992. – 292 ф.
[2] Библи. Псал., 36, 27.

æппæт уыдон ын бар лæвæрдтой, цæмæй дзырдтаид ныфсджын æмæ ænæкъæмдзæстыгæй: «Мænæн мæ фæндыр адæймагыл зардзæн, Йæ хъаруйыл, йæ сагъæстыл – мæ фыст» («Ændæр у мæ сагъæс»).

«Поэт æххæст кодта аивады ахсджиагдæр нысан: йе сфæлдыстады фæрцы рох кæнын нæ уагъта, адæймаг адæймаг кæй у æмæ йæ хъуыддæгтæ дæр адæймагон хъуамæ уой. Поэты зæрдæ нæ хатыр кæны адæмы фарн къахыргæнджытæн: фыдгæнæгæй, фæлитойæ, къозбауæй – се ‘ппæтæн дæр тæрхонау сты йæ уацмыстæ»,[1] – рæстагæй зæгъы Абайты Арбилянæ. Уымæн æмæ уыдон сты аивады сæйраг хæстæ æмæ сæ царды, стæй йе сфæлдыстады тынг хорз æмбæрста æмæ зæрдиагæй æххæст кодта Уырымы-фырт. Уæддæр йæ къухы иууыл хуыздæр æфтыд Ирыстоны æрдзы арвыроны хуызтæ цардимæ ныв кæнын («Фыццаг къæвда»):

Хуры цæсгом истугмæ фæтар.
Сифтыгъта йæ сармадзантæ арв.
Сау мигътæ фæллад галтау фæлгæсынц.
Сабитæ сæ хæдзæртты æмбæхсынц.

Раст цыма зæрватыччы лæппын
Ахстонæй йæ бур бырынкъ æвдисы,
Уыйау сыфтæр радардта йæ фындз,
Къуыбырæй йæ бафæндыд æрхизын.

Дуне фендзыг исдугмæ… Æваст
Арв æрцыди Сау хохыл зынг ехсæй,
Цыма къæвда истæмæй фæтарст,
Уыйау фæзты азгъордта цырд ефсау.

[1] А б а й т ы А р б и л я н æ. Мænæн мæ фæндыр адæймагыл зардзæн / Рæстдзинад, 2007. – 7 август.

Петяйы ‘мдзæвгæтæ «Мæ Ирыстон», «Мæ хъæу», «Сагъæс», «Хоры уæз», «Ирон æвзаг», «Ирон фынг» æмæ æнд. агайынц чиныгкæсæджы зæрдæ.

Поэты æмдзæвгæтæй бирæтæ: «Фыййауы зарæг», «Терчы зарæг», «Денджызы нау», «Дзыппи», «Мæди» æмæ æнд. уымæн систы зындгонд зарджытæ. Композитор Цорионты Резванимæ Музыкалон театрæн ныффыста операе-оратори «Зæхх сиды». Йæ пьесæтæй «Сарты фырт», «Мæндзи æмæ Сырхуадул» æвæрд æрцыдысты РЦИ-А драмтеатр æмæ куклæты театры сценæтыл. Уыимæ ирон æвзагмæ æндæр æвзæгтæй уыд дæсны тæлмацгæнæг. Йæхи уацмыстæй дæр дзæвгар æрцыдис ивд æндæр адæмты æвзæгтæм.

Фæлæ ирон литературон критикæйæ Уырымты Петя, йæ царды фæстаг азты æмæ йæ амæлæты фæстæ Тыджыты Ю.,[1] Фардзинов Б.,[2] Уырымты Р.[3] æмæ æндæрты уацтæй куынæ зæгъæм, уæд рæвдыд никуы уыд. Уый тыххæй йе ‘мдзæвгæ «Куыдзæмгад» зæрдæ агайы тынгдæр. Дзæгъæлдзу куыдз ын йæхицæн фæкъахыр кодта йæ бандон. Ноджы йæм кæцæйдæр æрхаста йæ лæппынты. Ænафонмæ кæм вæййы, уый чи зоны. Æмæ поэт зæгъы:

Бынтондæр фæхъали: хæдзары – рæбинаг.
Куы мæ федта а зæр – уыд мыл рæинаг.
Мæхи йыл ысцагътон, ысдзырдтон хъæбæрæй,
Цæуыл, зæгъын, кæныс, мæ лымæн, дзæгъæл рæйд.

Йæ хъуыр-хъуыр ыссыди, цыма мæм хæцыди:
«Мæнæй уæлдай абон дæуæн дæр цæй цыт и?»

Адæймагæн цыт кæнын, йæ ном ын бæрзонд исынæн а-дунейыл нырмæ æрæджы никуы уыдис æмæ никуы дæр уыдзæнис. Уый кæмæнфæнды дæр кады, уымæй дæр стыр кады хъуыддаг у.

[1] Т ы д ж ы т ы Ю р и. Мæ фæндаг Ирыстон – мæ зæрдæйы авдæн / Рæстдзинад, 1992. – 28 август.
[2] Ф а р д з и н о в Б. Его имя будет жить… / Заря, 1997. – 9 сентябрь.
[3] У ы р ы м т ы Р. Мæнæн мæ фæндыр адæймагыл зардзæн / Рæстдзинад, 1998. – 27 январь.

АДÆМÆН ЛÆГГАД КÆНЫ

Дунейы фыдтæ сæйраджы цæуынц, алчи йæхи бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл кæй æнхъæлы, уырдыгæй. Платон куыд дзырдта, афтæмæй рагон Грецийы авд куырыхон (Фалес, Питтак, Биант, Солон, Клеобул, Мисон æмæ Хилон) Аполлоны сыгъдæг бынаты иумæ куы сæмбæлдысты, уæд уымæн ныффыстой: «Познай самого себя».[1] Нæ эрæйы агъоммæ IV–V-æм æнусты цæрæг рагон бердзенаг философ Сократ йæ опоненттæй дзырдта, ома, æз уыдонæй зондджындæр дæн, уымæн æмæ зонын, кæй ницы зонын, уый, уыдон та ницы зонынц, афтæмæй хъуыды кæнынц, цыма алцы дæр зонынц.[2]

Дзырд дæр ыл нæй, адæймаг, дуне ногæй гомгæнæгау, куынæ дзура адæймаджы тыххæй, адæймаджы фæрныгадæн, уæд уый ныхасæй зæххуæлхæдзарыл лæууын пайдадæр у. Ноджы дзурæг поэт куы уа, уæд ыл уæлдай, стæй бæрæг уæлдай бæрндзинад ис, æмæ дын фæндон у æви нæ, уæддæй æй, Чырыстийы дзуарау, хæссын хъæуы кæронмæ.

Уыцы хъуыдытæ æрцæуынц поэт Бахъаты Нугзар æмæ йе сфæлдыстады тыххæй. Кæд томтæ сæ кæрæдзийы фæдыл нæ равæрдта, – нæ ирон фысджытæм сæгъы сыйытъыст цардæй уыцы амонд нæ хауы, – уæддæр цъус нæ ныффыста. У дзæвгар поэтикон æмбырдгæндты автор.

Бахъаты Иликъойы фырт Нугзар райгуырд 1934-æм азы, рухæны мæйы 25-æм бон Ирыстоны хуссар хайы, Знауыры районы, Бахъаты хъæуы зæхкусæг бинонты ‘хсæн. Райдиан скъолайы ахуыр кодта сæхи хъæуы. Йæ сабион æмæ æвзонджы бонтæ æрвыста уым. 1953-æм азы каст фæцис Зиулеты астæуккаг скъола æмæ ахуыр кæнынмæ бацыд Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ирон филологийы факультетмæ.

Каст æй куы фæцис, уæд дыууæ æмæ ссæдз азы куыста хъомылгæнæгæй. Уыд ахуыргæнæг, стæй – Уилда, Уæллаг Чере, Къоркъула, Уалыты хъæу æмæ Сарабукъы 8-азон скъолаты директорæй. Уыдон фæстæ куыста журнал

[1] История греческой литературы. Т. 2. – М., 1955. – 151 ф.
[2] Л а е р т с к и й Д и о г е н. О жизни, учениях и изречениях знаменитых философов. – М., 1986. – 103 ф.

«Фидиуæджы» критикæ æмæ публицистикæйы хайады редакторæй. Уыд рауагъдад «Ирыстон»-ы сæйраг редактор, стæй – йæ директор. 2004æм азæй 2009æм азмæ уыдис Республикæ Хуссар Ирыстоны Парламенты депутат æмæ Парламенты ахуырад, дин æмæ мыхуыры фæрæзты комитеты сæрдар.

Нугзар æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Алы райдайæг фыссæгау уымæн дæр нæ фаг кодта поэтикон фæлтæрддзинад, уый та æрцæуы рæстæгимæ. Æмæ æвзонг поэт ахуыр кодта, архайдта поэзийы сусæгдзинæдтæ рафæлгъауыныл. Уыцы астæ хорзæрдæм сæ фæд ныууагътой Бахъаты Нугзары сфæлдыстадыл.[1] Фыццаг æм хиирхæфсыны хуызæн цы æмæвæрдтытæ фæкастысты, уыдонæн сæ нысаниуæг бамбæрста арфдæр. Фæстæдæр уымæн загъта хъуыдыгæнгæйæ йæ царды нысан æвдисæгау: «Хиирхæфсæн нæу мæнæн поэзи – Кадæнхъæл лæгæн мæ худ нæ исын… Не знагæн йæ марæн нæмыг фестын, Ме ‘мбалæн та риссын æз йæ рисыл» («Чиныгкæсæгмæ»).

Поэзи хъуамæ зона цин кæнын, риссын. Хорзæн у æви фыдæн – нæ зарджытæ хъарджыты хуызæн сты. «Зарæг æмæ хъарæг кæрæдзи ивтой».[2] Мамсыраты Темырболаты «Сагъæстæ» сæ авторы зæрдæйæ хъарæджы хуызы стыдтой. Къостайы «Додой» абон дæр æнкъуысын кæны зæрдæтæ. Уый нын хъысмæты гакк у. Ахæм дуджы поэтæн куыд уыдзæн поэзи хиирхæфсæн?! Нугзарæн дæр у йæ зæрдæйы арф æвæрæнтæ дзурыны хос («Фыды къæс»).

Нугзар у поэт-лирик. Уыцы хъуыддаг фæбæрæг йæ фыццаг чингуытæй: «Уалдзыгон райсом», «Ныстуан», «Æнæрынцой мелоди»-йæ райдыдта æмæ абонмæ цæуы поэзийы уыцы тагыл, ома, зары поэт-лирикы хъæлæсы уагæй. Цыбыр æмдзæвгæ фысса æви кадæг, уæддæр дзы уынæм, лирикон хъайтары номæй йæхи зæрдæйæ чи фæулæфы, йæхæдæг кæуыл фæриссы, уыцы сагъæс.

Æниу, æхсæв æмæ бон, зымæг æмæ уалдзæг, уалдзæг æмæ сæрд æмæ афтæ дарддæр афæдзы афонтæн сæ кæрæдзийæ фæхицæнгæнæн куыннæ ис, афтæ поэты зæрдæйы уыцы иу рæстæджы цæрынц цин æмæ сагъæс, уарзт æмæ

[1] Советон Ирыстон, 1984. – 30 июнь.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 331 ф.

фыдæх. Цинагыл цин фæкæны, сагъæсагыл – сагъæс. Æмæ æндæрхуызон цæрын нæу йæ бон.

Поэты уды хæтæнтæн аргъгæнгæйæ, поэт Козаты Исидор афтæ загъта: «Нугзар у уæзбын, хиуылхæцгæ поэт. Царды дæр æмæ поэзийы дæр. Иу бакастæй афтæ зыны, цыма йе ‘мдзæвгæтæ сты цыдæр «æндзыг!», фæлæ сæм лæмбынæг куы ныхъхъусай, уæд сæ змæлынц арф хъуыды, æцæг поэтикон сагъæс, удагайæг æнкъарæнтæ. Йæ дзырд кæддæриддæр вæййы зæрдæйæ ралæмаргæ, æмæ зæрдæйыл дæр уымæн æмбæлы».[1]

Цъус не сты поэты дзуринæгтæ: Фыдыбæстæ, мадæлон æвзаг, ирон лæджы удыхъæд, нæ ивгъуыд, нæ абон, нæ фидæн, ныййарæджы уарзт, Ирыстоны рæсугъд æрдз, интимон сагъæстæ… Фæлæ поэт фæтырны, чиныгкæсæгмæ сæ фæхæццæ кæна зæрдæмæхъарæг дзырдтæй. Фæкæны конкретон ныхас.

Ирон адæмау ын Ирыстон иу у: «мады риутæ дарынц къуыпп, дыууæ хохау, фæлæ сæ хъæбул нæ кæны хицæнтæ»… Уый тыххæй у æнæхъæн Ирыстон йæ зарæджы сæр («Ирыстон»). Адджын та йын у, сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы Чермен, Хазби, Иссæ æмæ бирæ ирон хъайтарты мад кæй у, йæ авдæны сæ кæй ауызта. Уый цæуы авторы хурæргом æнкъарæнтæй. Нафи уымæн зæгъы: «В статьях Нугзара, лирического поэта по сути своего мироведения и мирочувствования, многое от его человеческого индивида. Идет по земле добрый труженик, с простодушно открытым сердцем, с лицом, озаренным улыбкой доверия миру и человеку, словно ему неведомо, что мир и человек бывают порой злыми и коварными. И по моему разумению лиризм поэзии Нугзара отмечен этими же свойствами. В лучших стихах Нугзара мы видим те же черты – искренность, простоту, не знающую претенциозности, добродушие и доброжелательность. Поэзия Нугзара даже там, где она становится риторичной, где поэтическое мировидение подменяется красноречием, все равно подкупает искренностью и простодушием, словно ему совершенно незнакомы какие-то ни было «хитрости пиитические».[2]

---

[1] К о з а т ы И с и д о р. ??????????????????????????????77 Советон Ирыстон, 1984. – 30 июнь.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. ?????????????????????????? / Южная Осетия, 1999. – 25 декабрь.

«Пиитон» хæйрæгдзинæдтæ Бахъайы-фырт хорз зоны, фæлæ йын уый дæр æнæзындгонд нæу, æргом æмæ зæрдæйы арфæй цы дзырд нæ ратæдза, уый чиныгкæсæджы зæрдæмæ нæ фæцæудзæнис. Поэзи математикæ кæй нæу – иу ныффыссæм, фараст та нæ хъуыдыйы даræм, уый дæр афтæ куы хынцид («Сабыр… Цы сидыс фæдис?»). Æниу, кæд йæ хъуыдыйæдтæ, бирæ хæттыты йæ дзырдтæ дæр кæронмæ нæ ахæццæ кæны, йæ хъуыдытæ æруадзы бынтон ныллæг, кæнæ сæ æнæнхъæлæджы Хуыцауы цъуппыл æвæрынмæ фæхъавы, уæддæр æм чиныгкæсæг хъусы. Уый у аивадон амал. Æмæ æрцахсы йæ поэтикон дзырд чиныгкæсæджы. Уыцы дæсныйад ын фадат дæтты рæстæджыты, цауты сæ кæрæдзийыл, йæхи куыд фæнда, афтæ бæттынæн, йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ уыдон фæрцы чиныгкæсæджы рæгъмæ хæссынæн. Нæ дуджы адæймагадон æмæ социалон проблемæтæ, характерон миниуджытæ æмæ рæстæджы цыд аивадон æгъдауæй цы уацмысты фæцæуы æвдыст, уыдон исы чиныгкæсæджы зæрдæ. Царды ивгъуыд абонимæ чи бæтты, фидæнмæ чи кæсы, уый адæймаджы хъуыды кæныныл æфтауы. Йæ хъусы дзурæгау æй фæдзæхсы, цæмæй ма фæкæла. Æмæ уыцы ныхас æнæкъæлæсытæ, æргом зæрдæйæ куы цæуа, уæд ыл æнæбауудæндгæ нæй. Анахарсис уымæн амыдта: «С неподкупною честостью исследуй дело».[1]

Нугзары хатт бахъæуы цахæмдæр ныв кæнæ штрих, цæмæй бæрæгæй разына, цы зæгъын æй фæнды, уый. Уацмысы композицион арæзт æмæ сæ ритмикæимæ куы сбæтты, уæд чиныгкæсæджы фелвасынц сæхимæ. Ноджы уацмысы кæрон йæ поэтикон дæсныйады фæрцы «æнæнхъæлæджы» аивадон резюме куы ацаразы, уæд йæ дзырд рауайы зæрдæмæдзæугæдæр.

Терк хохайнæгыл цы цъитийы бын райгуырд, уыцы хохæн нырма кæй ницы фæцис, «афтæмæй кæмтты ахаста йæ уис», зæгъгæ, куы дзуры; ноджы къæбæда ныхасыл куы схæцыд: «Мæ фæстæ, урс цъити, æгъгъæд кæс»(аив рифмæ: «æгъгъæд кæс – æвгъæдгæс»), «Дайраны цъæх айнæг къулы» куы ахызт, куы «фæкодта урс цъититы рох», уæд æнхъæлыс, поэт æрдзы ныв аразынмæ хъавы, фæлæ дын йæ дарддæры уавæр фестъæлфын кæндзæнис дæ

[1] К о з а е в А. И. Анахарсис. – Цхинвал, 1982. – 119 ф.

хъуыды: «Бафтыдта æгæндæнг хъæдтыл сагъæс, Катай кодтой цæргæстæ уæлхох…» Уымæн «Æмæ лыгъд… Йæ Райгуырæн къуым уагъта, Сагсимæнтыл ауагъта йæ къух…» («Гъей, бецау, Терк!»).

Райгуырæн къуым ныууадзыны коймæ зæрдæ фестъæлфы. Æрдз поэтæн у йæ хъуыды раргом кæныны амал. Фенæм æй æмдзæвгæты кæрон: «Нæй дæ балцы Райгуырæн ыссарæн, Æмæ уымæн не хъуысы дæ зард!» Махмæ фæстаг дæсгай азты нæ фыдбоны сыхæгтæ уымæн мукара кæнынц, цæмæй нæ удты сæрибар фесафæм. Фæлæ аллон туг-стæгæй – сæ гал æгæвдæс.

Ахæм фыддуджы поэты авд уды, авд сæры хъæуы. Æмæ сæ иууылдæр хъуамæ нывондæн хæсса йæ Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау. Æмæ Нугзары лирикон хъайтар ныфсæнхъæл йæхи кæдæм нæ аппары – историон хъайтар-тæм, фыдæлтæм, нартæм («Ир»). Стыр Фыдыбæстæйон хæсты рæстæджы нæ фысджытæ куыд кодтой, афтæ уый дæр æххуысмæ фæсиды нæ Хуыцауы хай Къостамæ. Бахъæуы йæ уый уынаффæ («Къоста!..»):

Къоста! Нæ зарджытæн сæ райдиан, –
Нæ рохст зæрдæты хъæдгомы хос.
Хуыцауы раз кæд исты фæрæдийæм,
Уæддæр ма-иу нын ацамон хорз.

Уæддæр нæ сбæлццон кæн рæстæрдæм,
Нырма дæр, сонтау, цуды нæ къах.
Бæргæ…
Фæцахуыр ыстæм мастыл дæр
Хызы быдырæй суанг ардæм мах.

Поэт нæ фæсмон кæны, хуыцæуттимæ кæй хæцыдыстæм, ууыл дæр: «куы рæзт, куы кодта нæ тала хус», – уый тыххæй. Зын ын у, нæ арæнтæ нæ рыст фыдæлтæй кæй уыдысты рох æмæ ныр катайаг кæй стæм, не ′гъдау кæй сафæм, фæлæ адзалимæ дæр нæ ныхæй-ныхмæ тохы нæ тæрсы:

Лæууæм адзалимæ ныхæй-ныхмæ –
Нæ фидæныл у абон нæ маст,
Æндæра ирон лæг атомы срæмыгъдæй,
Æмæ…
Æмæ йæ ингæны сау къулæй кæд тарст.

Нæ хуымтæ нæ мады фæндиаг барывтам!
Куы суагътой нæ цъæх æвзартæ тау…
Цæмæй тарстыстæм, уый нæ баййæфта,
Кæнынц нын нæ уæлмæрдтыл дæр дау…

Къоста! – нæ зарджытæн сæ райдиан,
Нæ рохст зæрдæты хъæдгомы хос,
Хуыцауы раз кæд исты фæрæдийæм,
Уæддæр ма-иу нын ацамон хорз.
(«Къоста! Нæ зарджытæн сæ райдиан…»)

Цыфæнды темæйыл фыссæд Нугзар, йæ ныхас вæййы зæрдæбынæй. Йæ уæлмонц ныхас у мелодион. У йæхирдыгон поэт. Йæ дзырд алы хатт, æгæрыстæмæй, грамматикон фæткойтæм дæр нæ хъусы. Кæцæй кæдæм фæтъæбæртт кæндзæн, уый æппынæдзух поэт йæхæдæг дæр нæ фæзоны. Фæлæ уымæй тæрсын нæ хъæуы. Софоклы хъуыды нæхирдыгонау рацаразгæйæ, уыдзæн: тæссагæй дзы ницы ис, адæмæн лæггад кæны.

Нæ ныхасы райдианы æмæ йæ кæрон рагон бердзенаг куырыхонты хъуыдытæ хуымæтæджы не ‘рымысыдыстæм. Нугзар-иу йæ поэзийы раздæр Къоста, Ос-бæгъатыр, Чермен, Хазби, скифтæ, алантæм ахæццæ. Фæстаг рæстæджы та дунейы философтæн нал дæтты удæнцой. Йæ поэзийæ куы кæцæй сдарынц сæ сæртæ, куы – кæцæй. Йе сфæлдыстады йæхи æууындзы философон хъуыдыкæнынадмæ. Хорз райдайæнæн æрæджы никуы у.

ХÆДХУЫЗ ÆМÆ ХÆДБЫНДУР

Зæххы цъарыл алы адæймаг дæр, уæлдайдæр, поэт йæхи стъалыимæ райгуыры. Уый та, В. Маяковскийы загъдау, «если свезды зажигают – значит – это кому-нибудь нужно?»[1] Æмæ поэтæн йе стъалы куыд ферттивы арвы тыгъдадæй, афтæ фæцæуынц йæ цард æмæ йе сфæлдыстад. Йæ амонды стъалы свæййы йæ цардвæндаг æмæ сфæлдыстадæвдисæг.

Поэт Плиты Феликс цардмæ йæхи стъалыимæ фæзынд, кæд æм уыцы стъалы йæ царды райдайæны мæнæ-мæнæ ницы уадиссаг худтис, уæддæр. Афтæ та уымæн зæгъæм, æмæ йæ сабибонты йе ‘нæниздзинадæй йæ зæрдæ, стæй йæ ныййарджыты зæрдæ уадиссаг ницæмæй рухс кодта.

Плиты Есейы (Ясоны) фырт Феликс райгуырд 1936-æм азы Джиуæргуыбайы мæйы 7-æм бон, Ирыстоны хуссар хайы, Рустауы хъæуы мæгуыр колхозон бинонты ‘хсæн. Уыцы фыддуджы, дæ зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ куыстмæ ма рацæуай, уый йæ хъуыдыйы кæронмæ дæр никæмæн æрцыдаид. Иумæйаг куыстæй дæхи тылив кæн, зæгъгæ, уæд дын Сыбыр фæстейæ аззадаид. Алкæмæ, зæхкусджытæм дæр, хаудта «къæрцхъус» нымудзджыты сидт: «…хъуамæ фæбæрзонддæр кæнæм большевикон къæрцхъусдзинад адæмы знæгтимæ æнауæрдон тохы».[2] Фæлæ уыцы иумæйаг колхозон цардæй йæ къахыл фидар ничи лæууыд. Адæм цардысты, сæ гуыбынты хъуыр-хъуырмæ хъусгæйæ.

Хуыздæр уаваер кæцæй уыдис фидæны поэты ныййарджытыл дæр. Ноджы, – кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын – рæхуыст, – лæппу фæндзæм кълас куы ахицæн кодта, уæд фæцис уатон рынчын æмæ ныууагъта йæ ахуыр. Хостæ, рынчындæттæ, дохтыртæ… Сабийæ сæ фæцъæх лæппуйы зæрдæ. Фæлæ йын сæ йе ‘гъатыр хъысмæтæй нæ уыдис фæлидзæн. Æрмæстдæр ын 1964-æм азы бантыст астæуккаг скъола фæуын. Фæстæдæр куыста газет «Советон Ирыстон»-ы редакцийы культурæйы хайады

[1] М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 1. – М., 1978. – 90 ф.
[2] С. Ф. Ирон советон литературæ // Мах дуг, 1938. – № 2.

литературон кусæгæй, стæй – чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-ы редакторæй. Уырдыгæй ахызт Фысджыты цæдисы литкольсунтанты бынатмæ. Фæлæ диссаг куыд нæу, уæнгтæм низ æнцонтæй баирвæзы, фæлæ йæ расурын фæзын вæййы. Æмæ Феликсæн йæ зæрдæйы арфæй йæ поэзимæ уыцы темæ æнæнхъæлæджы рагæпп кæны. Йæхи хуызы йæ асайы йæ фæдыл: «Алкæмæн хицæн – йæ низ, Иу та – нæ уавæр, нæ койаг… Д‘ алыварс цал уды ис, Уал дихы акæн дæ хойраг» («Рынчындоны»).

Æмæ уый афтæ уыдзæнис, кæй зæгъын æй хъæуы. Нæхи Къоста хуымætæджы куынæ загъта, мыййаг: «Рынчынæн, дам, ædзухæй дæр Йæ низы кой – йæ дзуринаг…» («Æхсины лæг»).[1] Фæлæ нæм йæ кой уымæн æрхаудта æмæ поэт уыцы удмаræн уавæрты дæр зæрдæйы сыгъдæг æмæ уарзтыл кæй хъуыды кæны; стæй йæ уыцы цардмæ разæнгардгæнæнтæ йæхи удæй йæ Фыдыбæстæйæн ахсджиагдæræн кæй хъæуынц. Йæ хъуыды æмдзæвгæйы алкæмæн дæр хуræргом у:

Амы рыстæвзарæн, маст
Уадзин мæхи удæн – иуæн,
Æмæ йæ царды фæтк, уарзт
Раттин мæ сæртæгзонд Ирæн!

Поэтæн Иры уарзт йемæ у æмдзæрин. Нæй йын уымæй фæхицæн. Йæхæдæг кæм уа, уым Иры уарзт дæр ис йемæ; Ир кæм ис, уым ис поэты стыр уарзт. Нæй сын сæ кæрædзийæ фæиппæрд уæвæн.

Поэты фидаræй уырны, йæ «риу куы уаид барстæй» Иры «чысыл зæххыййас – егъау», уæддæр йæ уарзт æмæ йæ мастæй «уыдаид надедзаг нырау», фыр уарзтæй йыл уый тыххæй тайы: «О Ир! Кæм фæкæныс дзæгъæлтæ Ды рухсæй талынджы æхсæн, Куы-иу дын уаид уым мæ зæрдæ Æрттиваг хъæндилы хуызæн…» («Æнæбоны бæлццон»). Æмæ раст зæгъы: поэт Фыдыбæстæн хъуамæ уа фæндагрухсгæнæг, Фыдыбæстæ – сæ

[1] Къоста. Ирон фæндр. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 128 ф.

сæрхъызой лæппутæн. Афтæ куыннæ уа, уæд сæ иу дæр æмæ се ‘ннæ дæр рухс фæндæгтыл никуы фæцæуынц. Рæствæндагæй сæ дыууæтæ дæр æрмæст сæхицæн нæ фæбæззынц, фæлæ – алкæмæн дæр. Суанг æнæхъæн дунейæн дæр свæййынц ныфсы хос. Фæлæ поэт фидарæй зæгъы йæ ныхас:

Дуне мын – цыма ыстыр кæрц,
Ир та – æмбуар хæдон…
Цас уарзын Иры, нæу уыйбæрц
Иннæты уарзын мæ бон…
(«Иуæн куы бæззон…»)

Æмæ уыдæттæ поэт уæзданы, гъе, искæй зæрдæ балхæныны тыххæй нæ дзуры. Уыцы дзуринæгтæ, уыцы хъуыдытæ йын сæхæдæг кæнынц йæ зæрдæйы дуæрттæ. Æмæ йæхи зæрдæйы дуæрттимæ кæнынц йæ чиныгкæсджыты зæрдæты дуæрттæ дæр, кæд цыфæнды фæлтæрд поэтæн дæр уый алы хатт æнцон нæ вæййы, уæддæр. Сæ бакæныны дæгъæл ис сæ рæстдзинады. Уыцы рæстдзинадæй йæм цæуынц Къоста æмæ Ирыстоны разагъта хъæбултæн йæ поэзийæн кад кæнын.

Феликс ирон литературæмæ æрбацыд йæхи зæгъинæгтимæ. Кæд аивады уый æнцон хъуыддаг нæу, уæддæр ын ис йæхи хъæлæс. Уый, ома, йæхи поэтикон удыхъæд, уæлдай ирддæрæй разынд, ирон адæмы, стæй æмткæй Ирыстоны хъысмæт карды комыл куы лæууыд, теманы фындзыл æвæрд чи у, уыцы тæбæгъы донау, кæцырдæм фæкъул уыдзæнис, уый Стыр Хуыцауæй дарддæр бæлвырд куы ничи зыдта, уыцы заманы.

Адæймаджы удыхъæд лæгæвзарæн рæстæджы раргом вæййы. Нафи йе ′мдзæвгæ «Зын кары» цæйау зæгъы, лæджы кары куы бацæуай, уæд искæй рæвдыдмæ мауал хъуамæ кæсай, фæлæ æхсон дуры дæр ауадзай дæ уидæгтæ, цæмæй зæххон цард ныррæсугъд кæнай уалдзæгау.[1] Уый æнцон куы уаид, уæд алкæй къухы дæр æфтид. Фæлæ йæм хъæуы тырнын.

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Зын кары. – Цхинвал, 1962. – 3 ф.

Феликс æм тырны. Æмæ йæхæдæг цæйау зæгъы, кæд «ис хуыздæрæй хуыздæртæ», уæддæр æм æмбæлы зæгъа барджынæй: «Хæссын æз нæ Иры лæгдзинады уаргъ». Уый йæ здахы рæстдзинады сæрыл тохмæ:

Æмбæхсы лæджы риу
Йæ мидæг фыдвæнд…
Фыдвæды бæсты-иу
Фæуæд лæг æвæд!

Рæстудæй цæрдзынæн.
Æрдзы сой – æвæуд.
Лæджы фыд хæрынæн
Кæд бæззыдис, кæд?..
……..
Мæ тугдзæфæй зилы
Мæ зæрдæйы цалх.
Уый сиды: уæд Иры
Лæгдзинадæн аргъ!

Поэт былдауæн ныхас нæ кæны. Лæгдзинадæн æм æцæг кæй ис аргъ, уый бæрæг у, Ирыстоны номдзыд хъæбултæн балæггад кæныныл йæ уд кæй хъары, уымæй. Ирон литературæйы йæхи хæсджын цы зæгъинæгты раз хаты, уыдон иу у, нæ уыцы дзыллæйы лæгтæн аккаг аргъ кæнын, сæ ном сын бæрзонд æвæрын. Историон зонæдты доктор Цыбырты Людвиг кæд афтæ зæгъы: «Каждая осетинская фамилия гордится своими лучшими представителями»,[1] – уæд Феликс та сæрыстыр у Ирыстоны разагътатæй. Кæд аивады хи хъæлæс арын æнцон хъуыддаг нæу, уæддæр поэт, нæ разагъды лæгтыл цы уацмыстæ сфæлдисы, уыдоны сын аивадон фæрæзты фæрцы бæлвырдæй раргом кæны, сæ удыхъæды ахсджиагдæр зæгъинæгтæ.

[1] Ч и б и р о в Л. А. Имена. – Владикавказ, 2010. – 8 ф.

Нæ дзырдæн æвдисæн – поэт нæ Ирыстоны сомыгæнæн Хетæгкаты Къоста æмæ йе ‘рдхæрæн сфæлдыстадыл цы хæдхуыз æмдзæвгæты цикл, «Найраг хъуыдытæ», сфæлдыста, уый. Нары кæддæр æрыгон мадæн Хуыцау радта къæбæлдзыгсæр лæппу æмæ æхсæв уылынг рæзт, бон – уыдисны: «Стæй атыдта йæ Ирыстон – Йæ авдæн, Йæ адæмы хæрзбон æмæ Кадæн Фæндырдзæгъдæгæй ахызти Дунемæ…» («Хæрзæбоны гуырд»).

Æмæ уыдæттæ поэт хорз зоны, уæддæр æй йæхинымæры фæфæрсы: «Дæу æрæййæфтон ам – Нæ Иры, – Фæфæрсын дæ афтæ: «Ацы бæстæн – Ирыстонæн Ды йæ хъæбул дæ Æви йæ мад дæ?..» («Мæ уды тас»).

Чи зоны, Ирыстонæн мад куы уыдаид, уæддæр ын йæ ныййарæгæй Къоста стырдæр лæггæдтæ кæй бакодта, уый тыххæй йæ фæрсы афтæ. Æмæ уыцы хъуыддаджы поэт раст у. Ирыстон не ‘ппæтæн дæр иу куыд у, афтæ Къоста дæр Ирыстон æмæ не ‘ппæтæн дæр иу æмæ æнæбаивгæ у. Джусойты Нафи уымæн зæгъы: «Иры хур ыскасти Нарæй».[1] Æмæ æрвылуысм дæр куы дзурæм: «Мады бон нæ бавæййы йæ хъæбулы дунейæн фенын кæнын, уыдон æмсæр æй скæнын, фæлæ Къостайы бон бацис Ирыстоны æд хæхтæ, æд быдыртæ, æд цæугæдæттæ лæджы æмбæрц сисын æмæ йæ дунейæн равдисын. Æвдисгæ та йæ ракодта тыхджынæй, алыварсонæй, цæрдхъомæй. Уымæйдæр – царды æппæт ныхмæвæрдтытимæ», – уæддæр нæ фæрæдидзыстæм.

Поэзи цæхгæр поэтикон фæзилæнтæ æмæ цæстытигътæисæг аивтæй рарттивы æмæ сæ фæагуры Феликс, уырзæй æвзаргæйæ сæ фæхæссы йæ уацмыстæм. Бирæ алыхуызон æмæ зæрдæмæхъаргæ аивадон амæлтты фæрцы нын сныв кодта поэттæ Хъамбердиаты Мысост, Калоты Хазби, Хозиты Яков, Козаты Исидор æмæ æндæрты фæлгонцтæ.

Нæ Иры разагъды адæймæгты фарны хъуыддæгтæм æппынæдзух кæй дары йæ хъус, уый фæрцы бафтыд йæ къухы, нæ Фыдыбæстæйы сæрвæлтау сæ цард нывондæн чи ‘рхастой, уыцы æвзонг лæппуты фæлгæнцтæй æнæхъæн зæрдæсудзгæ, фæлæ алы ирон дæр сæрыстыр кæмæй хъуамæ уа, ахæм хъайтарты æнæхъæн галерейæ сныв кæнын.

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Иры хур ыскасти Нарæй. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 6 ф.

Плиты-фырт дзы бирæты зыдта. Сæ хъæбатыры мæлæтæй йын нынкъуысын кодтой йæ зæрдæ. Цы поэтикон уацмыстæ сыл сфæлдыста, уыдонæй иу егъау циклæй сарæзта хицæн чиныг «Халон уасыди…».[1] Ирыстоны æдзард хъæбултæй Тасойты Инал, Æрсойты Ибрагим, Джиоты Владик, Джиоты Алан, Гæззаты Вадик, Коцты Гри… æдæппæт 27 адæймагæй алкæуыл дæр ныффыста æмдзæвгæ. Нæ дзы ферох сты, Ереды æгъатыры мардæй кæй амардтой, уыцы дыууадæс хъайтары нæмттæ; Зары трагедийы тæригъæддæгтæ; сæ удтæ Ирыстоны сæрвæлтау чи рауæлдай кодтой, уыдон. Чиныгкæсджытæн фенын кодта, Ирыстоны цы уарзтæй уарзтой æмæ, сæр куы бахъуыд, уæд ын куыннæ бавгъау кодтой сæ цард. Ирыстоны цардхъуаг хъæбултыл уыцы æмдзæвгæтæ сты нæлгоймаджы мидхъарæг.

Плиты Феликс сфæлдыстадон куыст райдыдта 1955-æм азæй. Йе ‘мдзæвгæтæ мыхуыры фæзындысты газет «Советон Ирыстон» æмæ «Фидиуæджы», æмбырдгæндтæ «Æвзонджы бонтæ», «Æвзæнгты хъæлæс»-ы. 1965-æм азы та рухс федта йе ‘мдзæвгæты æмбырдгонд «Æрдзы зарæг». Фыццаджы-фыццаг чиныгкæсæджы зæрдæ цæмæй ælхæдтой, уый уыд йæ поэтикон уынынад. Йæ фæлгонцон уынынад, йæ поэзийы фæлмæн ахаст ын йæ фыццаг литературон критиктæ барстой Калоты Хазби æмæ Цæрукъаты Алыксандры поэтикон уынынад æмæ Сергей Есенины лиризмимæ. «Поэт æрдз куыд уыны фæлгонцтæй, уый хæстæг лæууы Калоты Хазби æмæ Цæрукъаты Алыксандры поэтикон уынынадмæ», – дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат. – Уырыссаг поэттæй йын хицон у Есенины лиризм».[2] Уый æвзонг

1 П л и т ы Ф е л и к с. Халон уасыди. – Цхинвал, 2000.

поэты стыр æнтыстыл дзурæг уыдис. Абон дæр уыцы хорз хъуыддагыл йæ къух кæй нæ систа, уый йын æвдисы йæ иугъæдон раст фæндаг. Стæй йын уыцы хъуыддаг тынг стыр æххуыс фæцис бирæ уырыссаг поэты, уæлдайдæр, К. Кольцов, И. Никитин, И. Суриков æмæ С. Есенины уацмыстæй ænæхъæн уæзгæ чиныг «Цыппар булæмæргъы» нæ мадæлон æвзагыл сдзурын кæнын. Уымæй дæр бæрæг у йæ курдиат.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Плиты Феликс // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 183 ф.

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

А б а й т ы А р б и л я н æ. Мæнæн мæ фæндыр адæймагыл зардзæн / Рæстдзинад, 2007. – 7 август;
А б а й т ы Э. Æз никуы æвзæрстон над фæндæгтæ царды / Рæстдзинад, 2002. – 22 май;
А в т о р т ы к о л л е к т и в. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Уалдзыгон райсом.– Сталинир, 1961;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Ёнæрæнцой мелоди.– Сталинир, 1963;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Ныстуан.– Цхинвал, 1966;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Уарзондзинады зарджытæ.– Цхинвал, 1969;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Уæлахизхæссæг.– Цхинвал, 1972;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Фæстаг фыстæг.– Цхинвал, 1975;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Фыдæлты къахвæдтыл.– Цхинвал, 1978;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Мысæн бон.– Цхинвал, 1981;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Уацмыстæ.– Цхинвал, 1984;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Æз мæ рагуалдзæг мысын.– Цхинвал, 1987;
Б а х ъ а т ы Н у г з а р. Æхгæд фыстæг.– Цхинвал, 1990;
Б е л и н с к и й В. Г. Полн. соб. соч. Т. 4. – М., 1954;
Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004;
Библи. Псал., 36, 27.
Г а д ж и т ы Г е о р г и. Æмгары зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1965;
Г а д ж и т ы Г е о р г и. Æхсæрдзæн. – Дзæуджыхъæу, 1956;
Г а д ж и т ы Г е о р г и. Гутон æмæ стъалытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982;
Г а д ж и т ы Г е о р г и. Иуактон пьесæтæ. – Дзæуджыхъæу, 1962;
Г а д ж и т ы Г е о р г и. Лирикæ æмæ базырджын азтæ.– Дзæуджыхъæу, 1963;
Г а д ж и т ы Г е о р г и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2013;
Г а д ж и т ы Г е о р г и. Фыды бæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1997;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. ?????????????????????????? / Южная Осетия, 1999. – 25 декабрь.
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Зын кары. – Цхинвал, 1962;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Иры хур ыскасти Нарæй. – Дзæуджыхъæу, 2009;
Д ж у с о й т ы Н а ф и. Мир спасут книга и преданность идеалу справедливости / Северная Осетия, 2014. – 9 сентябрь;
Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæхх æмæ кæрдзын // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Камал. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 187 ф.
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 109 ф.
Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Плиты Феликс // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967;
Е д з о е в а О. Жизнеутверждающая сила слова / Владикавказ, 2009. – 15 апрель;
Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
История греческой литературы. Т. 2. – М., 1955;
К о з а е в А. И. Анахарсис. – Цхинвал, 1982;
К о з а т ы И с и д о р. ??????????????????????????????77 Советон Ирыстон, 1984. – 30 июнь;
К о л л е к т и в а в т о р о в. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992;
К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;
К ъ о с т а. Ирон фæндр. – Дзæуджыхъæу, 1984;

Л а е р т с к и й Д и о г е н. О жизни, учениях и изречениях знаменитых философов. – М., 1986;
М а т в е е в Л. И песня получилась! // Ко л л е к т и в а в т о р о в. Комсомол республики представляет. – М., 1972;
М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 1. – М., 1978;
О г н е в В. У подножья Казбека / Литературная газета, 1960. – 27 август;
П л и т ы Г а ц ы р. Ирон литературæйы хрестомати скъолайы кары агъонмæйы сывæллæттæн. – Цхинвал, 2010;
П л и т ы Ф е л и к с. Ærдзы зарæг.– Сталинир, 1965;
П л и т ы Ф е л и к с. Хурхæтæн.– Цхинвал, 1986;
П л и т ы Ф е л и к с. Рустауаг зарджытæ.– Дзæуджыхъæу, 1989;
П л и т ы Ф е л и к с. Царды хъулæттæ.– Цхинвал, 2007;
П л и т ы Ф е л и к с. ?????????????????????????7
П л и т ы Ф е л и к с. Халон уасыди. – Цхинвал, 2000;
П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975;
С. Ф. Ирон советон литературæ // Мах дуг, 1938. – № 2;
Советон Ирыстон, 1984. – 30 июнь;
Т е д е т ы Е ф и м. Æмдзæвгæтæ.– Дзæуджыхъæу, 1958;
Т е д е т ы Е ф и м. Цæрæнбоны зарæг.– Дзæуджыхъæу, 1968;
Т е д е т ы Е ф и м. Фарн уæм бадзурæд.– Дзæуджыхъæу, 1972;
Т е д е т ы Е ф и м. Фæдзæхст дуне.– Дзæуджыхъæу, 1979;
Т е д е т ы Е ф и м. Урс доны былыл сау фæрдыг.– Дзæуджыхъæу, 1983;
Т е д е т ы Е ф и м. Кадæггæнæг. – Дзæуджыхъæу, 1987;
Т е д е т ы Е ф и м. Хæхты дзæнгæрæг.– Дзæуджыхъæу, 1989;
Т е д е т ы Е ф и м. Арвы дуар.– Дзæуджыхъæу, 1998;
Т е д е т ы Е ф и м. Бындары кадæг.– Дзæуджыхъæу, 2005;
Т е д е т ы Е ф и м. Арвы фæрдгуытæ.– Дзæуджыхъæу, 2009;
Т е т д з о й т ы Т. Сфæлдыстадон фæндагыл / Рæстдзинад, 1989. – 11 май;
Т ы д ж ы т ы Ю р и. Мæ фæндаг Ирыстон – мæ зæрдæйы авдæн / Рæстдзинад, 1992. – 28 август;
У р у м о в П. Первая книга стихов Г. Гагиева / Социалистическая Осетия, 1956. – 23 ноябрь;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Сабиты цин.– Дзæуджыхъæу, 1958;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Хæмæт фæсырдта зивæджы.– Дзæуджыхъæу, 1962;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Уый дын диссаг. – Дзæуджыхъæу, 1965;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Темыры был куыд фæзылын.– Дзæуджыхъæу, 1966;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Мæ хуымгæнды хай.– Дзæуджыхъæу, 1971;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Гæды мæ фæнадта.– Дзæуджыхъæу, 1973;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Хур æмæ сабитæ.– Дзæуджыхъæу, 1974;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Цъæхдзæст райсомтæ.– Дзæуджыхъæу, 1975;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Цæргæс æмæ Халон.– Дзæуджыхъæу, 1979;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Зынвæд.– Дзæуджыхъæу, 1982;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Амынæт.– Дзæуджыхъæу, 1990;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Дамгъæты хъазт.– Дзæуджыхъæу, 1991;
У ы р ы м т ы П е т к æ. Саузым.– Дзæуджыхъæу, 2002;
У ы р ы м т ы Р. Мæнæн мæ фæндыр адæймагыл зардзæн / Рæстдзинад, 1998. – 27 январь;
Ф а р д з и н о в Б. Его имя будет жить… / Заря, 1997. – 9 сентябрь;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Æхсæрдзæн.– Сталинир, 1961;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Мæ уарзт.– Цхинвал, 1964;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Æндæр у мæ сагъæс.– Цхинвал, 1968;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Уарзт æмæ денджыз.– Цхинвал, 1971;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Фæцис мæ уалдзæг.– Цхинвал, 1974;

Х а р е б а т ы Л е о н и д. Мæ уды сагъæстæ.– Цхинвал, 1981;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Сыгъдысты зæрдæтæ.– Цхинвал, 1983;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Хъуытаз.– Цхинвал, 1984;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Цин æмæ сагъæс.– Цхинвал, 1987;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Къæлætджынæй – къæлætджынмæ (Арвистон).– Цхинвал, 1989;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Мæ мысинæгтæ.– Цхинвал, 2006;
Х а р е б а т ы Л е о н и д. Мæ уды хуызтæ.– Цхинвал, 2010;
Х е т а г у р о в К о с т а. Завещание. – Владикавказ, 2014;
Х о з и т ы Б а р и с. Курдиаты æнæахуысгæ цæхæр / Рæстдзинад, 2012. – 23 май;
Х ъ а й т ы х ъ т ы А з æ м æ т. Йе сфæлдыстады ирдæй зыны цардфидаргæнæг тых / Рæстдзинад, 2014. – 24 апрель;
Х ъ а й т ы х ъ т ы А з æ м æ т. Рацæут ма Зилахары фæзмæ / Рæстдзинад, 2004. – 19 май;
Ч и б и р о в Л. А. Имена. – Владикавказ, 2010.

СÆЙРÆГТÆ

Ф ы ц ц а г с æ р

Æвзист тынтæй быд поэзи 3

Д ы к к а г с æ р

Фыдыбæстæ – йæ уд, йæ дзæцц. 25

Æ р т т ы к к а г с æ р

Рæстдзинад – царды æмæ аивады 87

Ц ы п п æ р æ м с æ р

Романтикæйы хотыхдар 169

Ф æ н д з æ м с æ р

Поэты зæрдæ 255

Æ х с æ з æ м с æ р

Фæллойы руаджы 338

Æ в д æ м с æ р

Сылгоймаджы фарнимæ 401

Поэзийы зиууæттæ 467